New Testament

Nigerian Pidgin Language

Nigerian Pidgin - Bible - New Testament

Matu	3
Mark	58
Luk	93
Jon	152
Apostols	199
Roman	256
Fest Korintians	280
Sekon Korintians	303
Galasha	318
Efisos	326
Filipain	335
Kolosha	341
Fest Tesalonika	347
Sekon Tesalonika	352
Fest Timoti	355
Sekon Timoti	362
Titos	367
Filimon	370
Hibru	372
James	389
Fest Pita	395
Sekon Pita	401
Fest Jon	405
Sekon Jon	412
Ted Jon	413
Jude	414
Revelashon	416

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Nigerian Pidgin - Bible - New Testament

Matu

Matu 1

1Jisos Kraist wey dem born for David and Abraham famili, na em stori bi dis.

2Abraham born Izik, Izik kon born Jakop. Na Jakop born Juda and en brodas,

3Juda born Perez and Zera (wey en mama bi Tamar), Perez born Hezron and Hezron kon born Ram,

4Ram na Amminadab papa, Amminadab born Nahshon, Nahshon kon born Salmon,

5Salmon born Boaz (wey Rahab bi en mama), na Boaz bi Obed papa (wey Rut bi en mama), Obed kon born Jesse,

6Jesse born David wey bi Izrel pipol king. David born Solomon (wey Uria wife bi en mama),

7Solomon born Rehoboam, Rehoboam naim bi Abija papa and Abija kon born Asa,

8Asa born Jehoshaphat, Jehoshaphat kon born Joram, Joram born Uzzia,

9Uzzia born Jotham, Jotham kon born Ahaz, wey born Hezekia,

10Hezekia born Manasse, Manasse naim bi Amon papa and Amon kon born Josia.

11Josia born Jeconia and en brodas for di taim wey dem kari Izrel pipol go bi slave for Babylon.

12Afta dem kari Izrel pipol go Babylon, Jeconia kon born Shealtiel, Shealtiel kon bi Zerubabel papa,

13Zerubabel born Abiud, Abiud naim bi Eliakim papa, Eliakim kon born Azor,

14Azor born Zadok, Zadok naim bi Achim papa, Achim kon born Eliud,

15Eliud born Eleazar wey bi Matthan papa, Matthan kon born Jakop,

16Jakop born Josef wey bi Mary husban, dis Mary naim bi Jisos Kraist mama.

17So, from Abraham go rish David taim, na fourteen generashon dey and from David taim go rish wen dem kari Izrel pipol go Babylon, na fourteen tu and from dat taim go rish wen dem born Jisos Kraist, na fourteen generashon e bi.

18Dis na haw dem born Jisos Kraist. Wen Mary en mama don redi to mari Josef, bifor dem bigin slip togeda, Mary kon si sey e don get bele wit Holi Spirit pawa.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

19Josef wey won mari am, na pesin wey dey fear God wel-wel and bikos e nor won disgrace am, e kon tink for en maind sey e nor go mari Mary again.

20As e dey tink haw e go liv am, God angel show ensef to am for dream kon tel am sey, "Josef, David pikin, mak yu nor fear to mari Mary, bikos di pikin wey dey en bele, na Holi Spirit gi-am.

21"E go born boy and yu go kol am Jisos Kraist, bikos e go save en pipol from dia sin."

22Dis tins go hapun as God profet tok:

23"Si! Di wuman wey neva slip wit man bifor go get bele and e go born boy and dem go kol am, 'Emmanuel' wey min, 'God dey wit us.'"

24Wen Josef wak-up, e kon du wetin God angel tel am. So, e kon mari Mary,

25bot e nor slip wit am ontil Mary born di pikin. Den e kon name am, Jisos Kraist.

Matu 2

1Afta dem born Jisos Kraist for Betlehem wey dey Judea, for di taim wey Herod bi king, som wise men from east, kon go Jerusalem

2dey ask, "Wer di Ju king wey dem jos born dey? Wi si di star wey tok abaut am, so wi kom woship am."

3Wetin dem tok so, ves King Herod and Jerusalem pipol.

4So, di king gada all di prist oga dem and di pipol wey sabi di law, kon ask dem, "Wer una tink sey dem go for born Kraist?"

5Dem kon ansa, "Na for Betlehem, wey dey Judea, jos as Profet Isaia rite sey:

6'Betlehem pipol, una wey smol pas for all di pipol wey dey rule Juda, na from among una di pesin wey go lid all my pipol for Izrel, go from kom.'"

7Den Herod kon kol di wise men go kona, mak dem for tel am wen dem si di star.

8E kon sey, "Mak una go luk for di pikin wel-wel. Wen una don si-am, mak una kom tel mi, so dat mi tu, go-go woship am."

9Wen di king tok finish, di wise men kon dey go and di star wey dem si bifor, kon dey lid dem ontil e stop on-top di haus wer di pikin dey.

10Wen dem si di star, dem kon dey hapi.

11Dem enta di haus, si di pikin wit en mama kon nil dan woship am. Den dem opun dia bag kon gi-am som gifts wey bi, gold, frankincence and myrrh.

12Bikos God warn dem for dream mak dem nor go bak go mit Herod, dem kon pas anoda road go dia haus.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

13Wen di wise men don go, God angel kon tel Josef for dream, "Get up, kari di pikin and en mama run go Egypt, mak una stay der ontil I go tel yu wetin una go du, bikos Herod won kil di pikin.”

14Dat same nite, Josef wak-up, kari di pikin and en mama kon run go Egypt.

15Dem stay der til Herod die. Dis tin mak wetin God profet tok hapun sey, "I kol my pikin komot from Egypt.”

16Wen Herod si sey di wise men disiv am, e ves wel-wel, so e send sojas mak dem go kil all di boys wey don rish tu years kom dan, bikos e don rish tu years wen di wise men kom mit am sey, dem si di star.

17Dis won mak wetin Profet Jeremia tok hapun sey,

18"Pipol hear krai and shaut for Rama. Rashel dey krai for en pikin dem wey don die and nortin wey pipol tok fit mak en heart strong.”

19Afta Herod die, God angel apier to Josef for dream wen e stil dey Egypt,

20kon tel am, "Mak yu get up, kari di pikin and en mama go Izrel, bikos di pesin wey won kil-am, don die.”

21So, e kari di pikin and en mama go bak to Izrel.

22Bot wen e hear sey Arkelaus dey rule for Judea, afta Herod en papa don die, Josef kon fear to go der. Afta God don warn am for dream, e kon go Galili.

23Wen e rish Nazaret, e kon stay der. Dis won mak wetin Profet Jeremia tok hapun sey, "Dem go sey Jisos Kraist, na Nazaret e from kom."

Matu 3

1For dat taim, Jon di Baptist dey prish insaid desert for Judea sey,

2"Mak una turn from sin kom mit God, bikos God Kindom don near.”

3Na dis Jon Profet Isaia tok abaut sey, "Won pesin dey shaut insaid desert sey, 'Mak una mak God road strate.'“

4Jon wear klot wey dem yuz camel hair mak, e yuz leda belt tie waist and na locust and honi for bush, e dey chop.

5Pipol from Jerusalem, Judea and all di tawn wey dey near Jordan kon dey run go mit am

6and e kon baptaiz dem insaid Jordan Riva, afta dem konfes dia sins.

7Bot wen e si meni Farisi and Sadusi pipol dey kom mak e baptaiz dem, e kon tel dem, "Una, snake shildren! Hu warn una abaut God jojment wey dey kom?

8"Naw, mak una du wetin go show sey una don turn from sin kom mit God,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9mak una nor tink sey una don fri bikos una sey, 'Abraham na awa papa.' Mak I tel una, God fit turn all dis stone to Abraham shildren!

10"Naw sef, dem don put di axe for di tri botom and eni tri wey nor bear beta frut, dem go kut am trow insaid fire.

11"I dey baptaiz una wit wota mak una for turn from sin kom mit God, bot di pesin wey go kom afta, strong pas mi. I nor big rish to luz di rope wey dey en shu, na-im go baptaiz una wit Holi Spirit and fire.

12"Di fan wey e go tak blow kanda from corn dey en hand and e go burn di dirti for fire wey nor dey kwensh."

13Jisos kom from Galili mak Jon for baptaiz am for Jordan Riva.

14Bot Jon won kon stop am sey, "Na yu sopoz baptaiz mi, insted yu kom mit mi mak I baptaiz yu?"

15Jisos ansa, "Mak e bi so naw, e beta mak wi du evritin wey God wont." So, Jon kon baptaiz am.

16As Jisos dey kom out from di wota afta Jon don baptaiz am, hevun opun and Jon kon si God Spirit wey bi laik dove, stay on-top Jisos head.

17Naim won vois from hevun kon sey, "Dis na My pikin wey I luv and e dey mak bele swit mi."

Matu 4

1Di Holi Spirit tak Jisos go insaid desert mak devol for tempt am.

2Afta Jisos don fast for forti days and forti nites, e kon dey hungri.

3Den devol kon mit am sey, "If yu bi God pikin, komand dis stone mak e turn to bread."

4Jisos kon ansa, "God wod sey, 'Nor bi onli fud man go tak sovaiv, bot na wit evri wod wey God tok.'"

5Den, devol show Jisos di tawn wey dey holi, kon mak am stand on-top di place wey high pas for di Tempol

6and e tel Jisos, "If yu rili bi God pikin, jump go dan, bikos dem rite for God wod sey, 'God go komand en angels mak dem du evritin for yu and dem go kash yu mak yor leg nor nak stone.'"

7Jisos ansa am, "God wod sey, 'Mak yu nor trai God wey bi yor Oga.'"

8Den devol tak Jisos go won mountin wey high wel-wel, kon show am all di kindom for dis wold and all di beta tins insaid am.

9Devol kon tel am, "I go giv yu all dis tins, if yu go fal for groun woship mi."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

10Jisos ansa, "Komot here, devol! Bikos dem rite for God wod sey, 'Na onli God wi sopoz to serv and woship.'“

11So, devol kon liv Jisos and God angels kon bigin help am.

12Wen Jisos hear sey dem don put Jon insaid prizin, e kon go bak to Galili.

13From der, Jisos komot from Nazaret go Kapanum wey near di sea, wer Zebulun and Naphtali pipol dey stay,

14so dat wetin Profet Isaia tok, go hapun:

15"Zebulun and Naphtali, di place wer riva for kros Jordan go Galili, wer pipol wey nor bi Ju dey stay,

16una wey dey daknes, don si big lite and una wey don nearli die, don get life.”

17From dat taim, Jisos bigin prish sey, "Mak una turn from sin kom mit God, bikos God Kindom don kom mit una.”

18As Jisos dey waka for Galili wotasaid, e si tu brodas: Saimon wey dem dey kol Pita and Andru en broda, dem dey trow net insaid di riva dey kash fish.

19Jisos kon tel dem, "Mak una folo mi and I go mak una kash pipol.”

20At wons, dem liv dia net kon folo Jisos.

21As Jisos komot from der, e kon si tu brodas, James and Jon, wit Zebedi dia papa, dey ripair net insaid dia boat. Den Jisos kol di brodas.

22Kwik-kwik dem run liv dia papa insaid di boat, kon folo Jisos.

23Jisos kon dey waka for Galili dey tish insaid dia sinagog. E prish abaut God Kindom and dey heal pipol wey get difren-difren diziz and siknes.

24So di news abaut Jisos kon spread go evriwer for Syria. Dem kon bring pipol wey nor wel, wey nor fit waka, pipol wey devol dey wori and di pipol wey dim on dey insaid dem, kom mit am and e heal all of dem.

25Meni pipol from Galili, Dekapolis, Jerusalem, Judea and pipol wey dey stay near Jordan Riva, kon folo am.

Matu 5

1Wen Jisos si di pipol, e kon klimb go di mountin top and en disaipols folo am. Afta e sidan,

2e kon bigin tish dem sey;

3"God go bless una wey dey poor for spirit, na una go get hevun.

4"God go bless una wey dey mourn, bikos e go mak una hapi.

5"God go bless una wey nor dey kari bodi up, una go enjoy en promis for dis wold.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

6"God go bless una wey dey laik to du gud tins, e go giv una evritin wey una wont.

7"God go bless una wey dey sori for pipol, una go risiv mesi.

8"God go bless una wey get pure heart, na una go si God.

9"God go bless una wey dey mak peace, pipol go kol una God shildren.

10"God go bless una wey dey sofa bikos una dey du wetin dey rite, na una go enjoy God Kindom for hevun.

11"God go bless una wey pipol dey kos, dey sofa and lai for una head bikos of mi.

12"Mak una hapi and mak bele swit una, bikos na big tin dey wait una for hevun. Mak una rimemba sey, na so di profets wey kom bifor una, sofa tu."

13"Na una bi salt for dis eart. Bot if salt nor get taste; haw e go bi for pipol mout? E beta mak dem trowey-am and mak pipol mash-am.

14"Na una bi lite for dis wold and tawn wey dey on-top mountin, nor dey hide.

15"Pesin nor dey lite lamp kon kova am wit bazin, insted e go put am for wer evribodi wey dey insaid di haus go si-am.

16"Laik dat tu, mak yor lite shine wel-wel for wer pipol dey, so dat dem go si di gud tins wey yu dey du, wey go mak dem praiz yor Papa wey dey hevun."

17"Mak una nor tink sey I kom spoil Mosis Law and di tins wey di profets tish. Nor bi so, misef kom obey dem.

18"I tel una tru wod, bifor dis wold go end, evritin wey dey insaid di Law, ivun di smol-smol won, go hapun.

19"So enibodi wey nor du wetin God komand and dey tish odas to du as e dey du, naim go smol pas for God Kindom. Bot pesin wey obey God and tish odas to du wetin di Law tok, na big pesin e go bi for God Kindom.

20"I tel yu di trut, if di gud wey yu du, nor beta pas wetin di Farisi and di pipol wey dey tish di Law du, yu nor go fit enta God Kindom."

21"Yu hear as God tel awa papa dem bifor-bifor sey, 'Nor kil and enibodi wey kil, God go joj am.'

22"Bot I tel una, enibodi wey ves for en broda, God go joj am tu. Enibodi wey kos en broda, go face di konsol and enibodi wey kol pesin, 'Mumu', go-go hell fire.

23"If yu tak gift go altar and yu kon rimemba sey yor broda get bad bele for yu,

24mak yu liv di gift for di altar, first go setol wit yor broda, den yu go fit kom bak kon giv yor gift.

25"Kwik setol wit hu dey akiuz yu bifor una rish kourt, if not, e go giv yu to di joj and di warda go trow yu insaid prizin.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

26"I tel una di trut, yu nor go komot from dat trobol ontil yu pay all di moni!”

27"Yu hear wey pipol sey, 'Mak yu nor slip wit hu yu nor mari.’

28"Bot I dey tel una naw sey, 'Enibodi wey luk wuman kon get di maind to slip wit am, don alredi komit sin for en heart.’

29"If yor rite eye go mak yu sin, mak yu plok am komot. E beta sey won part for yor bodi nor dey, dan sey all yor bodi enta hell fire.

30"If yor rite hand go mak yu du bad tin, mak yu kut am trowey! E beta sey won part for yor bodi nor dey, dan sey all yor bodi enta hell fire.”

31"Pipol dey sey, 'Enibodi wey driv en wife, must gi-am paper sey e nor won mari am again.’

32"Bot I dey tel una naw sey, enibodi wey driv en wife komot from marage, wey nor bi sey di wuman slip wit anoda man, don mak di wuman komit adultri and eni man wey mari di wuman, don komit adultri tu.”

33"Again, yu don hear sey dem tel pipol bifor-bifor sey, 'Mak yu nor break yor promis, bot du wetin yu promis God.’

34"Bot I dey tel una naw sey, mak una nor eva yuz hevun swear at all, bikos na God throne e bi,

35or wit eart, bikos naim God dey put en leg, or yuz Jerusalem, bikos na di big king tawn e bi.

36"Nor ivun yuz yor head swear, bikos yu nor fit mak won singol hair white or blak.

37"Wen yu sey, 'Yes,' mak yu min am and wen yu sey 'No,' mak yu min am tu. Eni oda tin wey yu tok pas dis, na devol e from kom.”

38"Una hear sey, 'Enitin enibodi du una, mak una du-am bak.’

39"Bot I tel una, mak una nor fite, if enibodi slap yor face, turn di oda side gi-am tu.

40"If enibodi drag yor shirt wit yu, mak yu gi-am yor koat join.

41"And if enibodi fos yu waka won mile, mak yu folo am waka tu mile.

42"Giv pipol enitin wey dem ask from yu and nor driv enibodi wey kom boro somtin from yu.”

43"Una hear sey, 'Mak una luv una nebor and hate una enemi.’

44"Bot I tel una naw sey, 'Mak una luv una enemis and pray for pipol wey dey sofa una,

45so dat una go bi laik una Papa for hevun wey dey alow sun to shine and rain to fal on-top bad and gud pipol.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

46"If una luv onli di pipol wey luv una, wetin una go gain?Na so bad pipol dey du tu, abi nor bi so?

47"If una dey grit onli una brodas, una nor beta pas odas, bikos pipol wey nor no God stil dey du laik dat, abi nor bi so?

48"So mak una dey pafet as una Papa wey dey for hevun, pafet."

Matu 6

1"Mak una nor dey du gud bikos una wont mak pipol si una; if una du so, God nor go pay una for di gud wey una du .

2"Enitiam una giv somtin to pipol, mak una nor show unasef as pritendas dey du for dia sinagog and road, so dat oda pipol go praiz dem. I tel una tru wod, dem don alredi get dia riwod.

3"Bot wen una dey giv, mak una nor let una left hand no wetin una rite hand giv.

4"So dat una gift, go dey sikrit and una Papa wey dey si for sikrit, go riwod una for pipol present."

5"Enitiam wey una dey pray, mak una nor du laik pipol wey dey pritend, wey laik to dey stand pray insaid sinagog and for road, so dat pipol go si dem. I tel una tru wod, dem don alredi get dia riwod.

6"Bot wen una dey pray, mak una go insaid room, klose di door and pray to una Papa for sikrit. And una Papa wey dey si for sikrit, go riwod una for pipol present.

7"Wen una dey pray, mak una nor tok won wod meni taims as pipol wey dey serv juju dey du, bikos dem tink sey dia juju go hear dem wen dia tok plenti.

8"Mak una nor bi laik dem. Una Papa no wetin una nid bifor una bigin ask am.

9"So mak una pray laik dis: 'Awa Papa wey dey for hevun, wi praiz yor name,

10mak yor Kindom kom, mak wetin yu wont, hapun for dis wold as e bi for hevun.

11'Giv us di fud wey wi go chop evriday,

12forgiv us all di bad-bad tins wey wi don du, as wi sef dey forgiv odas di bad tins wey dem du us.

13'Nor alow us enta temtashon bot mak yu save us from bad tins.'

14"If una forgiv oda pipol di bad tins wey dem du una, una Papa wey dey for hevun go forgiv una tu.

15"Bot if una nor forgiv odas, una Papa sef nor go forgiv una."

16"Wen una dey fast, mak una nor skwiz una face laik pipol wey dey pritend, so dat pipol go si sey dem dey fast. I tel una tru wod, dem don alredi get dia ful riwod.

17"Bot wen una dey fast, mak una wosh and rub pomade for una face,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18so dat odas nor go no sey una dey fast, bot onli una Papa wey dey for sikrit go no. And una Papa wey dey si for sikrit, go riwod una for pipol present.”

19"Mak una nor jos gada propati for dis wold, bikos ant go chop dem or dem go rust, or tif fit enta insaid di haus tif dem.

20"Bot mak una gada beta tins for unasef for hevun, wer ant nor go fit chop dem and dem nor go rust and tif nor go fit enta,

21bikos, wer una properti dey, na der una heart go dey tu.

22"Na eye bi di lite for pesin bodi. If pesin eye dey okay, lite go ful en bodi.

23"Bot if pesin eye blind, den daknes go ful en bodi. If di lite wey dey insaid una na daknes, di daknes big wel-wel!

24"Nobodi go fit serv tu oga, e go hate won kon luv di oda won, or e go serv won wit all en heart and nor respet di oda won. Nobodi go fit serv God and moni for di same taim.

25"So I tel una, mak una nor wori abaut una life, wetin una go chop or drink and wetin una go wear for bodi. Life nor big pas fud? Abi bodi nor beta pas klot?

26"Mak una luk di birds wey dey flai for skai, dem nor dey plant or put enitin wey dem gada insaid store, bot una Papa for hevun dey fid dem. Una nor beta pas dem?

27"Hu among una wey dey wori go fit add won hour join en life?

28"Why una dey wori abaut klot wey una go wear? Mak una tink haw flawa dey grow for field; dem nor dey wok or mak klot wey dem dey wear.

29"I tel una tru wod, ivun Solomon, upon all di moni wey e get, e nor wear klot wey fine rish di wons wey dis flawa dem dey wear!

30"If God mak gras fine laik dis, gras wey una go si today and tumoro dem go trow am for fire, E nor go dress una pas dem? Una fate smol wel-wel o-o.

31"So mak una nor wori kon dey sey, 'Wetin wi go chop' or 'Wetin wi go drink?' or 'Wetin wi go wear?’

32"Na dis kaind tins pipol wey nor no God dey porshu and una Papa for hevun no sey una nid dem.

33"Bot mak una first du di gud tins wey God wont and evri oda tin go bi una own.

34"So mak una nor wori abaut tumoro, bikos tumoro get en own wahala. Today trobol don du."

Matu 7

1"Mak una nor dey joj pipol enihaw, so dat God nor go joj una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

2"Bikos, na as una joj, na so God go tak joj una and as una du oda pipol, na so dem go du una tu.

3"Why yu dey si di smol dirti wey dey yor broda eye, bot yu nor dey si di big wud wey dey for yor own eye?

4"Haw yu won tak tel yor broda sey, 'Mak I rimov di dirti wey dey yor eye, wen big wud dey yor own?'

5"Yu wey dey pritend, first rimov di big wud wey dey yor eye, den yu go fit si di smol dirti for yor broda own.

6"Mak una nor giv dog wetin bi God own or trow yor gold giv pig, bikos dem go mash am wit leg, turn face yu, den kon tear yu to pieces.

7"Wen yu ask for somtin, God go giv am to yu; wen yu luk for somtin, yu go si-am and wen yu knok, di door go opun for yu.

8"Enibodi wey ask for somtin, go get-am; enibodi wey dey faind somtin, go si wetin e dey faind and pesin wey knok door, dem go opun for am.

9"E get eni of una wey en pikin ask am for bread and e kon gi-am stone?

10"Or if di pikin ask for fish, yu go gi-am snake?

11"If yu wey bad fit giv yor pikin gud tin, yu tink sey God wey dey hevun nor go giv beta tin to pipol wey ask am?

12"Bikos of dis, mak yu trit pipol as yu wont mak dem trit yu, bikos na so dem rite am for di Profets and for Mosis law.

13"Mak yu pas di smol gate enta, bikos di gate wey pipol go pas go sofa, wide wel-wel and meni pipol dey waka enta.

14"Bot di gate wey pipol dey pas enta life, smol wel-wel and e hard to enta and na onli few pipol go fit si-am.

15"Mak yu shine yor eye, bikos lai-lia profets go kom laik ship, bot for insaid dia heart, dem bi wiked anima wey dey kil.

16"Yu go no dem wit wetin dem dey du. Pipol nor dey gada grape or fig from shuku-shuku.

17"So tu, evri gud tri go bear gud frut, bot bad tri, go bear bad frut.

18"Gud tri nor go fit bear bad frut and bad tri nor go fit bear gud frut.

19"Eni tri wey nor bear gud frut, dem go kut-am dan kon trow am insaid fire.

20"So, yu go no di lai-lia profets wit wetin dem dey du."

21"Nor bi evribodi wey dey kol God, 'Oga, Oga, go enta God Kindom, bot na onli di pipol wey dey du wetin my Papa for hevun wont.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

22"For dat day wey God go joj evribodi, meni pipol go sey, 'Oga, wi yuz yor name prish God mesage, driv meni dimon komot from pipol bodi and du meni mirakol.'

23"Dat taim, I go sey, 'I nor no yu. Mak yu komot from wer I dey, yu wey wiked wel-wel!'"

24"Enibodi wey hear my wod and du wetin I tok, e bi laik wise man wey build en haus on-top rock.

25"Wen rain fal, wota kon ful di groun, den strong briz kon blow di haus, e nor go fal, bikos dem build am on-top rock.

26"Bot enibodi wey hear my wod and e nor du-am, e bi laik foolish man wey build en haus on-top sand.

27"Wen rain fal, wota kon ful di groun, den strong kon briz blow di haus, na wons e go fal skata for groun."

28Afta Jisos don tok all dis tins, di pipol kon sopraiz haw e dey tish,

29bikos e tish dem laik pesin wey get authoriti and nor bi as dia law tishas dey du.

Matu 8

1Afta Jisos kom dan from di mountin, plenti pipol kon folo am.

2Won lepa kon mit am, nil dan for en front, kon sey, 'Oga, if yu wont, yu go fit heal mi, so dat my bodi go wel?

3Jisos tosh di man kon sey, "Yes, I wont mak yu wel!" At wons, di siknes komot from di man bodi.

4Den, Jisos tel am, "Nor tel enibodi, bot go mit di prist, mak e luk yu. Afta, go giv di offrin wey Mosis komand."

5Wen Jisos enta Kapanum, won Roman ofisa kon mit am dey beg mak e help am.

6Di ofisa sey, "Oga, my savant dey wey nor wel for haus, e nor fit get up and en bodi dey pain am wel-wel."

7Jisos kon ansa, "I go kom heal am."

8Bot di ofisa sey, "Oga, I nor big rish hu yu go enta en haus, insted jos tok and my savant go wel.

9"Mi-sef, I bi man wey get oga and I stil get sojas wey dey unda mi. If I komand won sey mak e 'Go', e go-go, if I komand anoda won sey mak e 'Kom', e go kom and if I komand my savant mak e 'Du dis tin', e go du-am."

10Wen Jisos hear wetin e tok, e sopraiz, den e tel di pipol wey dey folo am, "I tel una tru wod, I neva si enibodi wey get dis kaind fate for Izrel!

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11"Meni pipol from east and west go kom folo Abraham, Izik and Jakop chop insaid God Kindom.

12"Bot, dem go trow di pipol wey sopoz enta di Kindom for daknes, wer dem go dey krai and grind dia tit."

13Den Jisos kon tel di ofisa, "Go, since yu biliv, na so e go bi for yu." Na dat same taim di savant wel.

14Wen Jisos enta Pita haus, e kon si sey Pita wife mama nor wel.

15Den e tosh di wuman and di fiva komot from en bodi. So, di wuman get up kon bigin serv dem.

16Wen evenin rish, dem bring meni pipol wey dimon dey insaid dem kom mit Jisos. E driv di wiked spirits komot kon heal all di pipol wey nor wel.

17Dis won mak wetin Profet Isaia tok bi tru, "E rimov awa siknes and kari awa diziz komot"

18Wen Jisos si plenti pipol gada am, e kon komand en disaipols mak dem kros go di oda side for di riva.

19Won law tisha kon tel Jisos, "Tisha, I go folo yu go eniwer wey yu dey go."

20Jisos kon ansa am, "Rabbit and bird get dia own haus, bot Man Pikin nor get wer e go fit res en head."

21Anoda disaipol kon sey, "Oga, mak I first go bere my papa."

22Jisos ansa am, "Folo mi, mak doz wey don die bere dia dead bodi."

23As Jisos enta di boat, en disaipols kon folo am.

24At wons, strong briz kon dey blow for di sea and wave won sink di boat. Bot Jisos Kraist dey slip.

25So en disaipols wak-am kon sey, "Oga, save us! Na die wi dey die so o-o!"

26Jisos ansa dem, "Una fate smol o-o. Wetin mak una dey fear?" Den e get up, komand di briz and di wave sey mak dem stop and evriwer kon kwayet at wons.

27Di men sopraiz wel-wel kon dey ask ish oda, "Wish kaind man bi dis? Ivun briz and wave dey obey am!"

28Wen Jisos rish di oda side wer Gadarene pipol dey stay, tu men wey get dimon, run from di beria groun kom mit am. Nobodi dey fit pas dat road bikos di men wiked wel-wel.

29Di dimons kon hala, "God Pikin, yu nor go liv us, abi yu kom sofa us wen taim neva rish?"

30For wer dem dey, plenti pig dey chop near der.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

31Den di dimons kon beg Jisos, "If yu driv us komot, mak yu send us go enta insaid di pigs.”

32So Jisos tel dem, "Mak una go!" At wons, dem kon komot enta insaid di pigs and all di pigs rush go enta di riva, kon die.

33Di pipol wey dey luk di pigs, run go di tawn kon tel pipol evritin wey hapun to di men wey get dimons.

34Den evribodi for di tawn kon dey faind Jisos. Wen dem si-am, dem kon beg am mak e komot from dia aria.

Matu 9

1Jisos enta boat, kon kros go en home-tawn for di oda side.

2Some pipol kon bring won man wey nor fit waka kom mit am. Wen Jisos si as dia fate strong rish, e kon tel di man wey nor fit waka, "My pikin, mak yu nor fear! God don forgiv yu all yor sins.”

3Den som law tishas kon dey tink for dia maind sey, "Si as dis man dey shalenge God.”

4Wen Jisos no wetin dem dey tink, e kon ask dem, "Wetin mak una dey tink dis kaind bad tin for una maind?

5"Wish won eazi pas to tok, 'I forgiv yu yor sins' or 'Stand up mak yu dey waka?’

6"Bot mak una no sey Man Pikin get pawa for dis wold to forgiv pipol dia sin." So e kon tel di man wey nor fit waka, "Stand up, kari yor bed, mak yu dey go yor haus.”

7Den di man stand up kon waka go en haus.

8Wen di pipol si wetin hapun, dem sopraiz wel-wel, kon bigin praiz God wey giv dis kaind pawa to humanbin.

9As Jisos komot from der, e si won man wey en name bi Matiu, wey sidan for wer dem for dey pay tax. Jisos kon tel am, "Folo mi." At wons, di man kon get up folo am.

10As Jisos dey chop for Matiu haus, meni tax koletors and sinas folo en and en disaipols dey chop tu.

11Wen di Farisi si wetin dey hapun, dem kon bigin ask di disaipols, "Wetin mak una tisha dey folo tax koletors and sinas dey chop?”

12Wen Jisos hear wetin dem dey tok, e kon ansa dem, "Pesin wey wel nor nid doktor to kior am, bot na onli hu nor wel, nid am.

13"Mak una go learn wetin dis wod min, 'Na mesi I wont, nor bi sakrifais, na sinas I kom save, nor bi gud pipol.”

14Jon disaipols kom mit Jisos kon ask am, "Why e bi sey wi and di Farisi pipol dey fast evritaim and yor disaipols nor dey fast?”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

15Jisos kon ansa, "Pipol wey kom marage dey mourn if di man wey dey mari dey wit dem? E nor dey hapun laik dat! Bot di day go kom wen dem go tak di man wey dey mari komot from wer dem dey, dat taim, dem go fast.

16"Nobodi dey tak new klot pash di hole wey dey for old klot, bikos wer dem pash for di old klot go tear more and di hole wey go dey der, go big pas di won wey dey bifor.

17"Nobodi go pour new wine insaid old wine bag, bikos di bag go burst and di wine go pour trowey, den di wine bag go tear. Na dis mak dem dey put new wine insaid new wine bag, so dat di wine nor go trowey and di wine bag nor go tear."

18As Jisos dey tok dis tins, won oga kom nil dan for en front kon sey, "My dota jos die, mak yu kom tosh am and e go wak-up."

19So Jisos and en disaipols kon folo am.

20Won wuman wey blood dey rush komot for en bodi for twef years kon tosh Jisos klot.

21Bikos di wuman tink for en maind sey, "If I go fit tosh en klot kona, I go wel."

22Wen Jisos turn round si di wuman, e kon tel am, "My pikin, mak yu nor wori! Yor fate don mak yu wel." From dat taim, di wuman kon wel.

23Wen Jisos enta di oga haus, e si pipol dey play mizik and plenti pipol dey mak nois for der.

24E kon tel dem, "Mak evribodi komot, di girl nor die, e jos dey slip." Den, dem kon bigin laff am.

25Afta di pipol don go outsaid, Jisos go hol di girl for hand and di girl kon stand up!

26Pipol kon bigin tok wetin hapun so for evriwer.

27As Jisos komot for der, tu blind men kon folo am dey shaut, "David pikin, mak yu sori for us!"

28Wen Jisos don enta di haus, di tu blind men kom mit am. Den e ask dem, "Una biliv sey I fit mak una si?" Dem kon ansa, "Yes, yu fit."

29Den Jisos tosh dia eyes kon sey, "Mak e hapun to una as una fate strong rish."

30At wons, dia eyes kon opun and dem kon bigin si. Jisos kon warn dem sey, "Mak una nor tel enibodi wetin hapun so."

31Bot dem kon go evriwer, bigin tok abaut di tin wey Jisos du for dem.

32As dem komot, som pipol bring won man wey get dimon and e nor fit tok, kom mit Jisos.

33Wen Jisos don driv di dimon komot, di man kon bigin tok. Di pipol wey gada for di place sopraiz wel-wel and dem kon sey, "Nobodi don si dis kaind tin for Izrel bifor."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

34Bot di Farisi pipol sey, "Na devol pawa Jisos dey yuz tak driv dimon komot from piopl bodi.”

35Jisos waka go all di tawn and vilage, dey prish di Gud News abaut God Kindom for dia sinagog and dey heal difren diziz and siknes.

36Wen e si haw pipol plenti rish, e kon sori for dem, bikos nobodi dey to help dem and dem kon dey waka enihaw laik ship wey nor get hu dey luk dem.

37Den e tel en disaipols, "Wetin pipol go havest plenti wel-wel, bot di pipol wey go du di wok nor plenti rish.

38So, mak una pray mak di Oga wey get di farm, send pipol wey go wok for en farm, kom.”

Matu 10

1Jisos kol en twef disaipols kon giv dem pawa to driv dimons and heal all diziz and siknes.

2Dis na di twef disaipols name: Saimon Pita; Andru, wey bi Pita broda; James wey bi Zebedi pikin and en broda Jon.

3Filip and Batlomi; Tomas; Matiu, wey bi tax koletor; James, wey bi Afius pikin and Tadius.

4Saimon wey bi Zilot (pesin wey dey fite for en kontri) and Judas Iskarot wey sel Jisos Kraist.

5Jisos send dem and tel dem, "Mak una nor go Gentai aria go prish and mak una nor enta Samaria pipol tawn,

6bot mak una go mit Izrel pipol, wey bi God ship, wey loss.

7"As una dey go, mak una prish di mesage sey; 'God Kindom don near!’

8"Mak una heal pipol wey nor wel, wak pipol wey don die, kior lepas and driv dimons komot from pipol bodi. Na fri God giv una dis pawa, so mak una gi-am fri to oda pipol tu.

9"Mak una nor kari eni moni folo bodi,

10or kari bag or extra dress, sandal or wokin stick, bikos di pipol wey una go mit, go giv una evritin wey una nid.

11"Wen una enta eni tawn or vilage, mak una luk for pesin wey redi to risiv una for en haus, mak una stay wit am ontil una komot from dat tawn.

12"Eni haus wey una enta, mak una grit di pipol wey dey insaid.

13"And if di pipol insaid di haus welkom una, mak una peace stay wit dem, bot if dem nor welkom una, una peace go kom bak to una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14"If di pipol nor welkom or listin to una mesage, mak una shake dia sand komot from una leg as una dey liv dat haus or tawn.

15"I tel una tru wod, e go beta for Sodom and Gomorra pipol for jojment day, pas di pipol wey dey dat tawn."

16"Si! I dey send una go laik ship for wer plenti wiked animas dey, so mak una dey wise laik snake and gentol laik dove.

17"Mak una redi, bikos pipol go arres una kari go kourt and flog una for dia sinagog.

18"Bikos of mi, dem go drag una go mit rulas and kings, so dat una go tok abaut mi giv dem and di Gentai pipol.

19"Mak una nor wori abaut wetin una go tok wen dem drag una go kourt, bikos God go giv una wetin to tok wen dat taim rish.

20"Nor bi una go dey tok, bot na una Papa spirit go dey yuz una mout tok.

21"Broda go sel en own broda giv pipol mak dem kil-am and na so papa go sel en own pikin tu. Shildren go fite and kil dia papa and mama.

22"Evribodi go hate una bikos of mi. Bot enibodi wey fit bear rish di end, God go save am.

23"Enitiam dem sofa una for won tawn bikos of mi, mak una run go anoda tawn. I tel una tru wod, una nor go run pas all di tawn for Izrel, bifor Man Pikin go kom bak.

24"Nobodi big pas en tisha and no savant big pas en oga.

25"E gud mak disaipol bi laik en tisha and mak savant bi laik en oga. If dem dey kol oga for en haus 'Belzibub (wey min dimon oga),' wot of di pipol wey dey di haus? Dem nor go kol dem bad name tu?"

26"Mak una nor fear man, bikos nortin wey hide wey nor go kom out and no sikrit wey pipol nor go no.

27"Wetin I tel una for daknes, mak una tok am for day taim and wetin I tok for una ear, mak una shaut am mak pipol hear.

28"Mak una nor fear hu go fit kil di bodi and nor fit kil di soul. Insted, mak una fear God wey fit distroi pesin soul and bodi for hell fire.

29"Nor bi won penni dem dey sel tu sparo bird? Bot no-one go fal rish groun, esept God alow am.

30"Si! God no haw meni hair dey for una head.

31"So, mak una nor fear, una beta pas meni sparo.

32"Enibodi wey tok for publik sey en no mi, na so mi tu go tok abaut am giv my Papa for hevun.

33"Bot enibodi wey denai mi for publik, misef go denai am for hevun."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

34"Mak una nor tink sey, I bring peace kom dis wold. No! Na war I bring.

35"I kom mak boy pikin nor gri wit en papa and mak girl nor gri wit en mama. Wife nor go gri wit en husban mama,

36and pesin wos enemi, go bi en own famili pipol.

37"Enibodi wey luv en papa, mama and pikin pas mi, nor go fit bi my disaipol.

38"And enibodi wey nor kari en kros folo mi, nor go fit bi my disaipol.

39"Enibodi wey hol en life tait, go luz am, bot enibodi wey luz en life bikos of mi, go gain am."

40"Enibodi wey welkom yu, welkom mi tu and enibodi wey welkom mi, welkom di Pesin wey send mi.

41"Enibodi wey risiv profet, bikos na profet e bi, go get profet riwod. Enibodi wey risiv gud pesin, bikos na gud pesin e bi, go get gud pesin riwod.

42"And enibodi wey giv kold wota to di pesin wey smol pas among my disaipols, I tel una tru wod, e nor go eva luz en riwod."

Matu 11

1Wen Jisos don tish en disaipols finish, e kon komot from der go tish and prish for difren tawns for Galili.

2Naw, wen Jon hear for insaid prizin abaut di tins wey Jisos dey du, e kon send en disaipols go ask am:

3"Na yu bi di Mesaya wey wi dey espet or mak wi wait for anoda pesin?"

4Jisos kon ansa dem, "Mak una go tel Jon wetin una dey hear and si.

5"Blind pipol dey si, pipol wey nor fit waka dey waka, God dey kior lepa, deaf pipol dey hear, pipol wey don die dey wak-up and poor pipol dey hear di Gud News.

6"God go bless di pesin wey nor dey ves for mi."

7As Jon disaipols dey go, Jisos kon tel di pipol abaut Jon: "Wetin una go desert go si? Na seeds wey briz dey blow?

8"Hu una go outsaid go si? Abi na man wey wear fine dress? Pipol wey dey wear fine dress laik dat, nor bi king palise dem dey stay?

9"Wetin una go si for outsaid? Na profet? Yes! I tel una, e ivun big pas profet.

10"Na Jon bi di pesin wey dem rite for God wod abaut sey: 'Si, I dey send pesin go yor front, mak e go priper di way for yu.'

11"I tel una tru wod, among all di pipol wey wuman born, e nor get enibodi wey big rish Jon di Baptist. Bot di pesin wey smol pas for God Kindom, big pas am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

12"From Jon di Baptist taim kon rish naw, pipol dey strogol to enta God Kindom, bot
na onli doz wey dey strogol wel-wel, dey fit enta.

13"Bifor Jon kom, Mosis law and di profets dey prish abaut wetin go hapun.

14"And if una gri wit wetin I dey tok, Jon, na-im bi Elija wey sopoz to kom.

15"Enibodi wey get ear, mak e hear!

16"Wetin I go sey dis taim pipol bi laik? Dem bi laik shildren for market wey dey hala
for ish oda sey,

17'Wi blow flute for una, bot una nor gri dance, wi dey krai for awa pesin wey die, bot
una nor folo us krai.'

18"Wen Jon di Baptist kom, e nor chop, drink or enjoy life bot una sey, 'E get dimon!'

19"Bot wen Man Pikin kom, e chop and drink and una sey, 'Si-am, long-trot,
drunkaman, tax koletors and sinas frend!' Bot God wisdom dey show by wetin e dey
du."

20Jisos kon dey kos all di tawn wer e for du meni mirakols, bikos di pipol nor gri turn
from sin kom mit God.

21"E nor go beta for Korazin and Betsaida pipol! If to sey di mirakols wey dem du
among una hapun for Tyre and Sidon, dem for don turn from dia sin kom mit God,
kon kari ashes put for head and wear tear-tear klot,

22bot I tel una tru wod, e go eazi for Tyre and Sidon for jojment day pas una.

23"Una wey bi Kapanum pipol, una feel sey una fit kari unasef go hevun? No! God go
trow una for hell fire, bikos if to sey dem du di mirakols wey dem du for una, for
insaid Sodom, di tawn for stil dey til today.

24"Bot I tel una, God go get mesi for Sodom pas una for jojment day!"

25For dat taim, Jisos kon sey, "I praiz yu Papa, Oga wey get hevun and eart, bikos yu
hide dis tins from pipol wey get sense and doz wey no book wel-wel, bot yu show
dem to smol shildren.

26"Yes! Papa, na so yu wont mak e bi.

27"My Papa put evritin for my hand. Nobodi no di pikin, bot na onli en Papa no-am.
Nobodi no di Papa, bot na onli di pikin and enibodi wey di pikin shuz to show.

28"Una wey don taya and kari heavi load, mak una kom mit mi and I go giv una res.

29"Mak una folo mi and learn from mi, bikos I gentol, I nor dey kari bodi up and I go
giv una peace for una maind.

30"My way eazi to folo and my load nor heavi to kari."

Matu 12

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

1Dat taim, Jisos kon waka pas won corn farm for Sabat Day. En disaipols kon dey plok di corn chop, bikos dem dey hungri.

2Bot wen di Farisi pipol si dem, dem kon tel Jisos, "Si, yor disaipols dey break di law for Sabat Day."

3Jisos kon ansa, "Una neva read wetin David du wen en and en pipol dey hungri,

4haw dem enta God haus kon chop di holi bread wey ordinari pipol nor sopoz chop, bikos na onli prists sopoz to chop am?

5"Or una neva read for Mosis law sey, prists dey wok for Sabat Day, bot nobodi dey sey dem komit sin?

6"I tel una, pesin wey big pas di Tempol dey here wit una naw.

7"If to sey una no wetin dis tin min: 'Na mesi I wont, nor bi sakrifais', una nor for kondem pesin wey nor komit sin.

8"Man Pikin na-im bi di Oga for Sabat Day."

9Den Jisos komot der, kon enta dia sinagog.

10Won man wey en hand die dey der. Som pipol wey dey faind as dem go tak akiuz Jisos kon ask, "E dey rite to heal for Sabat Day?"

11Jisos ansa, "If eni of una get ship wey fal insaid pit for Sabat Day, en nor go-go kari am out?

12"Humanbin beta pas ship! So, e dey rite to du gud for Sabat Day."

13Den Jisos tel di man, "Stresh yor hand." Naim di man stresh en hand and di hand kon strong laik di oda won.

14Bot di Farisi pipol kon go plan as dem go tak kil Jisos.

15Wen Jisos hear sey dem dey plan to kil-am, e kon komot from der. Meni pipol folo am and e kon heal all of dem wey nor wel.

16Bot e warn dem sey, mak dem nor tel enibodi hu e bi.

17Dis mak wetin Profet Isaia tok, hapun:

18"Na my Savant wey I shuz bi dis, di Won wey I luv, wey I dey hapi wit. I go put my spirit insaid am and e go joj di wold.

19"E nor go kworel or shaut, nobodi go hear en vois for publik, e nor go tosh pesin wey wik,

20or kwensh di smol hope wey pesin get, ontil dem go stop to opres pipol.

21"And en name go giv hope to Gentai and oda pipol for dis wold."

22So dem kon bring won blind man wey get dimon and nor fit tok kom mit Jisos. Jisos heal am and di man kon dey si and tok.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

23Di pipol sopraiz wel-wel kon dey ask, "Dis nor bi David pikin wey wi dey wait for?”

24Bot wen di Farisi pipol hear wetin dem dey tok, dem kon ansa, "Na Belzibub (wey bi dimon oga) pawa e dey yuz tak driv dimons komot from pipol bodi.”

25Wen Jisos no wetin dem dey tink for dia maind, e kon sey, "Evri kindom wey dey fite wit ensef go skata and no tawn or famili wey dey fite demsef, go fit stand.

26"So if Satan dey driv Satan komot, e don divide ensef bi dat. Haw en kindom go fit stand?

27"And if na Belzibub pawa I dey tak driv dimons komot, na wish pawa una shildren dey tak driv dimon tu? Bikos of dis, una shidren go joj una.

28"Bot if na God Spirit I tak dey driv dimons, naim bi sey God Kindom don alredi kom mit una.

29"Haw pesin go fit break enta strong man haus kon tif en propati, unles e first tie di strong man? Den e go get shanse tif wetin dey di haus.

30"Enibodi wey nor dey wit mi, dey against mi and enibodi wey nor join mi, dey skata my wok.

31"Naim mak mi dey tel una sey, 'God go forgiv pipol dia sin and all di bad wod wey dem tok, bot enibodi wey kos or tok bad wod against di Holi Spirit, God nor go forgiv am.’

32"Enibodi wey tok bad against Man Pikin, God fit forgiv am. Bot enibodi wey tok bad against di Holi Spirit, God nor go eva forgiv am, weda for dis life or di won wey dey kom.”

33"Gud tri dey bear gud frut and bad tri dey bear bad frut. Na di frut wey tri bear, naim pipol tak dey no di kaind tri wey e bi.

34"Una, snake shildren! Haw una won tak tok gud wod, since una wiked? Na wetin ful pesin heart, naim en mout go tok.

35"As gud pesin dey bring gud tins from en heart, na so bad pesin dey bring bad tins from en heart tu.

36"I tel una tru wod, for jojment day, pipol go ansa God for all di yeye wod wey dem tok.

37"Na di wod wey yu dey tok, naim go fit fri or kondem yu for God front.”

38Some of dem wey bi law tisha and Farisi pipol kon tel Jisos, "Tisha, wi wont mak yu show us sign.”

39Jisos ansa, "Si dis bad and wiked pipol for dis taim wey dey ask for sign, I nor go show una eni sign, esept Profet Jona own.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

40"As Jona dey insaid big fish bele for tiri days and nites, na so Man Pikin go dey for grave for tiri days and nites tu.

41"For jojment day, Nineve pipol go kondem di pipol for dis taim, bikos wen Jona prish giv dem, dem turn from sin kom mit God. And naw, sombodi wey big pas Jona dey here wit una!

42"For jojment day, Sheba queen go kondem di pipol for dis taim, bikos e travol from far place kom hear Solomon wisdom. And naw, sombodi wey big pas Solomon dey here wit una!”

43"Wen evil spirit don komot from pesin bodi, e dey pas wer wota nor dey, dey faind wer e go res, bot if e nor si,

44e go tel ensef, 'I go-go bak to di haus wer I from komot.' Wen e go bak kon si sey di haus empti and dem don swip and arange am,

45e go-go bring sevun spirit wey wiked pas am, kom. Dem go enta di pesin kon sidan for der, so di pesin kondishon go kon bad pas as e bi bifor. Na laik dis e go hapun to evil pipol for dis taim.”

46As Jisos stil dey tok, en mama and brodas kon stand for outsaid, bikos dem won si-am.

47So sombodi for der kon tel Jisos, "Si, yor mama and brodas dey outsaid bikos dem won tok to yu.”

48Jisos kon ask di pesin, "Hu bi my mama and brodas?”

49Den Jisos point to en disaipols kon sey, "Si, na dis pipol bi my mama and brodas.

50"Pesin wey du wetin my Papa for hevun wont, na dat pesin bi my broda, sista and mama."

Matu 13

1Dat same day, Jisos komot from di haus go sidan for Galili wotasaid.

2Meni pipol gada round am, so e enta won boat and all di pipol stand for groun near di wota.

3E kon yuz parabol tish dem meni tins: "Si! E get won farma wey go plants for en farm.

4"As e dey plant, som seed fal for road and bird kon chop dem.

5"Some fal for sand wey get big-big stone. Di sids kwik grow bikos di sand nor deep.

6"So wen sun kom out, e burn dem and bikos dia root nor deep wel, dem kon die.

7"Some sid fal for shuku-shuku. Dem grow bot di shuku-shuku, shuk dem die.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

8"Bot som sid fal for beta groun. Dem grow wel kon bear oda sids, som bear rish ondred, som sisti and som tati.

9"Enibodi wey get ear, mak e hear!”

10Den di disaipols kom mit Jisos ask am, "Why yu dey tok to dis pipol wit parabol?”

11Jisos kon ansa dem, "God don mak una no all di sikrit tins abaut en kindom, bot dis pipol nor no.

12"Pesin wey get somtin, dem go gi-am more and wetin e get go kon plenti. Bot pesin wey nor get enitin, ivun di smol won wey e get, dem go tak am from am.

13"Naim mak I dey tok wit parabol sey: Dis pipol get eye, bot dem nor dey si, dem get ear, bot dem nor dey hear or undastand.

14"Na dis tin mak wetin Profet Isaia tok hapun, 'Una go listin wel-wel, bot una nor go undastand. Una go luk wel-wel, bot una nor go si enitin,

15'Dis pipol nor go fit undastand; dem nor won hear enitin, dem klose dia eyes mak dem nor for fit si and hear wit dia ear, dia maind don blok, so dem nor go fit undastand, bot if to sey dem fit turn kom mit mi, I for heal dem.’

16"Bot God go bless una eye, bikos dem dey si wel and una ear, bikos dem dey hear wod.

17"I tel una tru wod, meni profets and gud-gud pipol don wait taya mak dem for hear and si wetin una dey si, bot dem nor si or hear am.

18"So, mak una undastand wetin di farma parabol min:

19'Wen pesin hear God wod and e nor undastand am, di devol go kom tif di wod wey dem plant for en heart, dis na di sid wey fal for road.

20'Di sid wey fal for sand wey get big-big stone, na pesin wey hear di wod kon risiv am wit joy,

21bot di sid nor get root, bikos di wod wey e hear nor strong for en heart, so wen trobol kom, e nor go fit bear-am.

22"Di sid wey fal for shuku-shuku, na pesin wey hear God wod, bot wahala, long-trot and to kwik get moni for dis wold kon shuk di wod die for en heart and e nor kon bear frut.

23'Bot di sid wey fal for beta groun, na pesin wey hear and undastand di wod. E kom bear frut wey rish ondred, sisti and tati."‘

24Jisos kon tel en disapols anoda parabol, "God Kindom bi laik wen pesin plant gud sid for en land.

25"Bot for nite wen evribodi dey slip, di enemi go plant grass join dem.

26"Wen di sids grow kon dey bear frut, di grass kon dey grow tu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

27"So di savants kon tel dia oga sey, 'Nor bi gud sid wi plant for yor farm? Na wer di grass from kom?'

28"Di oga kon ansa, 'Na enemi plant am.' So en savants sey, 'Yu wont mak wi go root dem komot?'

29"Bot e kon tel dem, 'No, if una go pul di grass komot, una fit mak mistak pul som from di gud sids tu.

30"Mak di gud sids and di grass grow togeda ontil havest. Dat taim, I go tel di pipol wey dey havest sey, 'Mak una first root all di grass, tie and burn dem, den gada di gud sids put insaid my store.'"

31Jisos kon tel dem anoda parabol: "God Kindom bi laik mustard sid wey won man plant for en farm.

32Na di sid smol pas bot wen e grow, na di plant big pas oda plants for di farm and difren-defren birds kon build haus for en bransh."

33Jisos stil tel dem anoda parabol: "God Kindom bi laik yist wey won wuman tak bake bread. E mix am wit plenti flawa and di smol yist kon mak di bread raiz wel-wel."

34Jisos tok all dis tins for parabol to di pipol. Evritin wey e tel dem, na parabol e yuz.

35E du-am so dat wetin di profet tok, go hapun: "I go opun my mout tok parabol, I go tok evritin wey bi sikrit since God kreate dis wold."

36Den Jisos kon liv di pipol enta insaid haus. En disaipols kon tel am, "Tel us wetin di grass parabol for farm min."

37Jisos ansa dem, "Di Pesin wey plant di gud sid na God Pikin;

38di farm na di wold and di gud sid na di kindom pipol. Di grass na devol shildren,

39and di enemi wey plant dem, na di devol. Di havest na di last days and di havest wokas na di angels for hevun.

40"Jos as dem gada di grass burn dem for fire, na so e go bi for di last day,

41"God Pikin go send en angels mak dem go rimov evritin insaid en kindom wey dey mak pipol sin and break God law.

42"Dem go trow dem insaid fire wey nor dey kwensh, wer dem go krai and grind dia tit.

43"Den, God pipol go shine laik sun insaid dia Papa Kindom. Enibodi wey get ear, mak e hear!

44"God Kindom bi laik gold wey dem bere for field. Won pesin wey si-am, kon hide am. Wit hapines, e go sel evritin wey e get buy di land.

45"Again, God Kindom bi laik trada wey dey luk for beta gold to buy.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

46"Wen e si won gold wey dear wel-wel, e kon go sel evritin wey e get buy am.

47"Again, God Kindom bi laik net for sea wey kash difren-defren fish.

48"Wen di net ful, dem drag am komot from di wota, kon sidan bigin put di gud fish insaid difren kontaina and trowey all di bad won.

49"Na so e go bi for di day wen di wold go end. Angels go kom seprate evil pipol from di gud won

50and dem go trow di evil pipol insaid hell fire, wer dem go krai and grind dia tit.

51Jisos ask dem, "Una undastand all dis tins?" Dem kon ansa, "Yes."

52Den Jisos kom tel dem, "Enibodi wey dey tisha di law and e bi disaipol for God Kindom, go bi laik pesin wey get haus, kon bring new and old tins kom out from insaid di haus."

53Wen Jisos tok di parabol finish, e kon komot for der.

54Den e rish en vilage kon bigin tish di pipol for dia sinagog. Dem sopraiz wel-wel kon sey, "Wer dis man from get dis kaind sense and pawa wey e tak dey du mirakol sef?"

55"Nor bi di karpenta pikin bi dis? Nor bi Mary bi en mama? James, Josef, Saimon and Judas, nor bi dia broda e bi?

56"Nor bi all en sistas dey stay here wit us so? Na from wer e for get all dis pawa?"

57So dem kon dey ves for am. Bot Jisos tel dem, "Profet dey get respet for evriwer, esept for en own vilage and among en famili."

58So Jisos nor du meni mirakol for der, bikos dem nor biliv am.

Matu 14

1Dat taim, Herod wey dey rule hear abaut Jisos,

2so e kon tel en savants, "Dis na Jon di Baptist wey wak-up from deat! Naim mak am get pawa to du all dis mirakol."

3Bifor dis taim, Herod don arres Jon put for prizin, bikos Jon dey akuiz am sey,

4"E mari Herodias wey bi en broda Filip wife.

5Herod kon get maind to kil Jon, bot e dey fear di pipol bikos dem biliv sey, Jon na profet.

6So, for Herod betday, Herodias dota dance wel-wel kon mak Herod hapi.

7Sotey Herod swear sey e go gi-am enitin wey e ask for.

8Jos as en mama tel am, di girl kon ask, "Giv mi Jon di Baptist head for tray."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9Di tin pain di King wel-wel, bot as e don swear and bikos of di pipol wey kom di parti, e kon komand mak dem go kil Jon.

10So e send en sojas go kut Jon head for insaid prizin.

11Dem bring di head for tray kon giv di girl and e kari am go giv en mama.

12Den, Jon disaipols kon kari en bodi go bere and dem go tel Jisos wetin hapun.

13Wen Jisos hear wetin hapun, e komot der enta boat go wer pipol nor dey. Bot wen pipol from difren-difren tawn hear wer e go, dem kon folo am.

14As e kom dan from di boat, e si plenti pipol, so e sori for dem kon heal all di pipol wey nor wel among dem.

15Wen evenin rish, en disaipols kom mit am sey, "Dis place na desert and day don dey dak. Mak yu send dis pipol go faind fud buy for demsef insaid di vilage."

16Jisos ansa, "Dem nor nid to go, mak una faind somtin giv dem chop."

17Dem kon tel am, "Na onli faiv bread and tu fish wi get for here."

18Jisos ansa dem again, "Mak una bring di bread and fish kom."

19Den e tel di pipol mak dem sidan for di grass. E tak di faiv bread and tu fish face hevun kon tank God. Afta e don tank God, e share di bread giv en disaipols mak dem giv di pipol.

20All of dem chop beleful and wen dem gada di fud wey rimain, e rish twef basket.

21Di pipol wey chop na abaut faiv tazon men, ivun doh dem nor kount wimen and shildren join.

22Afta Jisos send di pipol go dia haus, e kon tel en disaipols mak dem enta boat kros go di oda side.

23Afta di pipol don go, Jisos kon klimb go mountin go pray. E stay der go rish evenin.

24By dis taim, di boat don go far from land. Strong wave kom dey kari di boat up and dan bikos heavi briz dey blow.

25For earli mornin, Jisos kon dey waka go mit en disaipols on-top di wota.

26Wen di disaipols si-am dey waka on-top wota, fear kash dem. Dem kon dey shake dey shaut, "Na ghost-o-o!"

27Bot Jisos kon tel dem, "Mak una heart strong! Na mi, mak una nor fear."

28Naim Pita kon ansa, "Oga, if na yu tru-tru, kol mi mak I kom mit yu for di wota."

29So, Jisos kon tel am, "Kom!" Pita kon komot from di boat, dey waka on-top di wota go mit Jisos.

30Bot wen e si as di briz strong wel-wel, fear kash am and e kon bigin sink. So e shaut, "Oga, save mi o-o!"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

31At wons, Jisos kon stresh en hand kash am. E kon tel am, "Yor fite tu smol. Why yu dey doubt mi?”

32Wen di tu of dem don enta di boat, di briz kon stop.

33Den di oda disaipols for di boat kon bow-down for Jisos front woship am sey, "Tru-tru, yu bi God Pikin.”

34Wen dem don kros di riva go di oda side, dem kon land for Genesaret.

35Wen di pipol for der no sey na Jisos, dem send mesage go all dia vilage, den dem kon bring all dia sik pipol kom mit am,

36dey beg am sey, "Mak di sik pipol tosh yor dress" and all of dem wey tosh am, kon wel.

Matu 15

1Some Farisi pipol and law tishas kom mit Jisos for Jerusalem ask am,

2"Why yor disaipols nor dey obey awa eldas tradishon? Dem nor dey wosh dia hand bifor dem chop.”

3Jisos kon ansa dem, "Why una nor dey obey God komandment, na bikos una won kip una tradishon?

4"God sey, 'Respet yor papa and mama, enibodi wey kos en papa or mama, dem must kil-am.’

5"Bot una sey, 'If enibodi tel en papa or mama, "Wetin I won giv yu bifor, I don gi-am to God",

6den e nor nid to respet en papa again.' Bikos of una tradishon, una don mak God wod yeye.

7"Una wey dey pritend! Tru-tru, na una Profet Isaia tok abaut wen e sey,

8'Dis pipol dey praiz mi wit dia mout, bot dia heart dey far from mi

9and di woship wey dem dey giv mi, dey yuzles, bikos dem dey tish tradishon wey humanbin get.'“

10Den Jisos gada di pipol kon dey tish dem, "Mak una listin so dat una go undastand.

11"Nor bi wetin pesin chop dey mak am dirti, bot na wetin e tok from en mout.”

12Den di disaipols kon mit am sey, "Yu no sey di Farisi pipol dey ves bikos of wetin yu tok?”

13Jisos kon ansa, "Eni plant wey my Papa for hevun nor plant, dem go root am komot.

14"Leav dem! Dem bi blind pipol wey dey show blind pipol road. If pesin wey blind dey show anoda blind pesin road, tu of dem go fal insaid gutta.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

15Bot Pita tel Jisos, "Tel us wetin yu min.”

16Jisos ansa, "Afta evritin wey I don tok so, una nor stil undastand?

17"Una nor no sey enitin wey pesin chop enta bele, e go shit-am kom out?

18"Bot di tins wey dey kom out from pesin mout, dey kom from en heart and na dis tins dey mak di pesin dirti.

19"Na from pesin heart bad-bad tins dey kom out and dis tins dey mak dem kil, slip wit hu dem nor mari, tif, lai and to joj pesin for en bak.

20"Na all dis tins dey mak pesin dirti, nor bi bikos pesin chop wit en hand wey e nor wosh.”

21Afta Jisos komot der, e kon go Tyre and Sidon aria.

22For der, won Kanan wuman krai kom mit am sey, "Oga, David Pikin, mak yu sori for mi! My dota nor wel, bikos dimon dey trobol am!”

23Bot Jisos nor tok. So en disaipols kon beg am, "Driv dis wuman komot for here, bikos e dey disturb us.”

24Jisos kon tel di wuman, "Na di ship wey loss among Izrel pipol, naim God send mi kom faind.”

25Di wuman nil dan for en front kon dey beg am sey, "Oga, mak yu help mi!”

26Jisos kon tel am, "E nor gud to giv dog di bread wey shildren sopoz to chop.”

27Den di wuman ansa, "Yes Oga, Bot di dog demsef dey chop di smol-smol bread wey dey fal from dia oga tabol.”

28So Jisos tel am, "Madam, yor fate big wel-wel! Mak wetin yu dey faind rish yor hand." Dat same taim, di pikin kon wel.

29Jisos komot from der go Galili wotasaid. Den e klimb won mountin go sidan.

30Meni pipol kon kari pipol wey nor fit waka, blind, paralaiz, dumb and odas wey get difren siknes kom en front and e heal all of dem.

31Di pipol kon sopraiz wel-wel wen dem si hu nor fit tok, dey tok, hu nor fit waka, dey waka, hu blind bifor, dey si naw and all of dem kon praiz Izrel pipol God.

32Jisos kol en disaipols kon tel dem, "I dey sori for dis pipol bikos dem don dey here wit mi for tiri days and dem nor get enitin to chop. I nor wont mak dem go bak wit hunga, mak dem nor go faint for road.”

33Di disaipols kon ansa, "As dis pipol plenti so, wer wi go fit get fud wey go rish dem chop for dis desert?”

34Jisos kon ask dem, "Haw meni bread una get?" Dem ansa, "Na sevun and som smol-smol fish.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

35So, Jisos tel di pipol mak dem sidan for groun,

36kon tak di sevun bread and di fish. Afta e don tank God, e divid di bread giv en disaipols mak dem share am for di pipol.

37Di pipol chop kon beleful and di fud wey rimain, ful sevun basket.

38Di men wey chop na for tazon, ivun doh dem nor kount wimen and shildren join dem.

39Afta Jisos Kraist don send di pipol go dia haus, e kon enta boat go Magadan aria.

Matu 16

1Di Farisi and Sadusi pipol kom test Jisos. Dem ask am mak e show dem sign from hevun.

2Bot Jisos tel dem, "Wen evenin rish, una go sey, 'Di weda go gud bikos di skai red,'

3and for mornin, una go sey, 'Rain go fal bikos di skai red and dak.' Una sabi yuz di skai no haw weda go bi, bot una nor fit no di signs abaut di taim wey God tok for en wod.

4"Wiked and evil pipol of dis taim dey ask for sign, bot dem nor go get eni, esept Jona sign." Den Jisos kon waka liv dem.

5Wen di disaipols kros go di oda side, dem forget to tak bread folo bodi.

6Jisos kon tel dem, "Mak una gaid unasef against di Farisi and Sadusi pipol yist."

7So dem kon dey tok among demsef sey, "Na bikos wi nor bring bread, naim mak am dey tok laik dis."

8Wen Jisos no wetin dem dey tok, e kon tel dem, "Una fite smol o! Wetin mak una dey kworel wit unasef sey una nor tak bread folo bodi?

9"So una neva stil undastand? Una nor rimemba di faiv bread wey I tak fid faiv tazon men and haw meni basket una gada afta dem don chop finish?

10"Or di sevun bread for di for tazon men and haw meni basket una gada afta dem don chop finish tu?

11"Why una nor undastand sey I nor dey tok to una abaut bread? Bot na mak una for gaid unasef against wetin di Farisi and Sadusi pipol dey tish!"

12Den di disaipols kon no sey nor bi bikos of bread mak am dey warn dem, bot na bikos of di tins wey di Farisi and Sadusi pipol dey tish.

13Wen Jisos Kraist rish Sizeria for Filippi aria, e kon ask en disaipols, "Na hu pipol sey Man Pikin bi?"

14Dem kon ansa, "Some pipol sey yu bi Jon di Baptist, odas sey yu bi Elija and som dey sey na Jeremia or won oda profet naim yu bi."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

15Jisos kon ask dem, "Hu una sey I bi?”

16Saimon Pita kon ansa, "Yu bi di Mesaya, God Pikin wey dey alaif.”

17Den Jisos tel am, "God go bless yu, Saimon, Jona pikin, bikos na my Papa for hevun show yu dis tin, nor bi humanbin.

18"And I tel yu, yu bi Pita, wey min rock, and on-top dis rock, I go build my shosh and di gate for hell nor go fit skata am.

19"I go giv yu hevun key, so dat enitin wey yor praya tie for eart, dem go tie am for hevun and enitin wey yor praya luz for dis eart, dem go luz am for hevun.”

20Den Jisos orda en disaipols mak dem nor tel enibodi sey, na-im bi di Mesaya.

21From dat taim go, Jisos kon dey tel en disaipols sey, en must enta Jerusalem wer di eldas, prist oga dem and di law tishas go sofa and kil-am, bot for di ted day, e go wak-up.

22So Pita tak Jisos go won kona kon tel am, "Oga! God forbid! Dis kaind tin nor go eva hapun to yu!”

23Bot Jisos turn face Pita kon sey, "Satan, komot for my front! Yu bi stone wey blok road, bikos yor maind nor dey for wetin God wont, bot na wetin man wont.”

24Den Jisos tel en disaipols, "If enibodi won folo mi, e must denai ensef, kari en kros and folo mi.

25"Enibodi wey won save en life, go luz am, bot enibodi wey luz en life bikos of mi, go gain am.

26"Wetin pesin go gain, if di hol wold bi en own, bot e luz en soul? Or wetin pesin go fit giv tak pay for en soul?

27"God Pikin and en angels go kom wit en Papa glori, den e go riwod evribodi akordin to dia wok.

28"I tel una tru wod, som of una dey here wey nor go die, bifor God Pikin go kom bak wit en kindom."

Matu 17

1Afta sis days, Jisos tak Pita, James and Jon (wey bi James broda), go on-top won high mountin.

2Jisos bodi kon shange. En face kon dey shine laik sun and en dress kon white.

3At wons Mosis and Elija kon apier dey tok to Jisos.

4So Pita kon tel Jisos, "Oga, e gud mak wi stay here. If yu laik, I go build tiri canopi-won for yu, won for Mosis and won for Elija.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5As e stil dey tok, won brite kloud kon kova dem and won vois kon sey, "Dis na my Pikin wey I luv. Mak una listin to am!”

6Wen di disaipols hear di vois, dem fear kon fal face groun.

7Bot Jisos tosh dem kon sey, "Stand up! Mak una nor fear.”

8Wen dem luk up, di onli pesin wey dem si, na Jisos.

9As dem dey kom dan from di mountin, Jisos warn dem sey, "Mak una nor tel enibodi dis vishon wey una si ontil God go wak Man Pikin from deat.”

10Di disaipols kon ask am, "Why di law tishas dey tish sey na Elija go first kom?”

11Jisos ansa, "Na tru sey Elija go first kom and e go ripair evritin.

12"And I tel una sey, dat Elija don kom, bot pipol nor no am, insted dem du-am as dem laik. Na so tu, God Pikin go sofa for dia hand.”

13Den di disaipols kon no sey e dey tel dem abaut Jon di Baptist.

14Wen Jisos and en disaipols mit di pipol, won man kon nil dan for Jisos front

15beg am sey, "Oga, mak yu sori for my son, bikos siknes dey sofa am and meni taims, di siknes dey trow-am insaid fire and wota.

16"I bring am kom mit yor disaipols, bot dem nor fit heal am.”

17Jisos kon ansa, "Una wey nor get fate and wey nor no wetin to du! Haw long I go dey wit una? Haw long I go bear wit una? Mak una bring di boy kom here.”

18Den Jisos komand di dimon komot from di boy bodi and at wons, di boy kon wel.

19Wen onli di disaipols dey wit Jisos, dem kon ask am, "Why wi nor fit driv di dimon komot from di boy bodi?”

20Jisos ansa dem, "Na bikos una fate tu smol and I tel una tru wod, 'If una get fate wey smol laik mustard sid, una go tel dis mountin, "Mak yu move from here go yonda" and e go move and nortin go hard una to du.

21"Dis kaind dimon nor go gri komot from pesin bodi esept wit fastin and praya.'“

22Wen dem enta Galili, Jisos kon tel dem, "Sombodi go sel Man Pikin giv wiked pipol.

23"Dem go kil-am and for di ted day, God go wak-am up." Bot di disaipols nor hapi, bikos of wetin Jisos tok.

24Wen Jisos and en disaipols rish Kapanum, di pipol wey dey kolet tax for di Tempol kom mit Pita, kon ask am, "Yor oga dey pay Tempol tax?”

25Pita ansa, "Yes." As Pita enta di haus, Jisos kon ask am, "Wetin yu tink, Saimon? Hu dey pay tax giv kings for dis wold? Na pipol for di kontri or strenjas?”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

26Pita ansa, "Na strenjas dey pay tax." So Jisos kon tel am, "Den dia own kontri pipol dey fri.

27"Bot, mak dem nor for kause trobol, go trow hook for riva. Tak di first fish wey yu go kash, wen yu opun en mout, yu go si moni for insaid. Tak di moni pay di tax for mi and una."

Matu 18

1Dat taim, di disaipols kon ask Jisos, "Na hu big pas for God Kindom?”

2Jisos kon kol won pikin stand for dia front,

3den e ansa, "I tel una tru wod, unles una bi laik smol pikin, una nor go fit enta God Kindom!

4"Enibodi wey bring ensef dan laik dis smol pikin, naim big pas for God Kindom.

5"Enibodi wey welkom won pikin laik dis won for my name, welkom mi.

6"Bot if enibodi mak won of dis smol shildren wey biliv mi komit sin, e beta mak dem tie grindin stone for en neck, mak e for sink insaid riva.

7"Wahala dey for dis wold, bikos of di sin wey pipol dey komit! Na tru sey trobol must kom, bot e go bad for di pesin wey go kause di trobol.

8"If yor hand or leg dey mak yu sin, mak yu kut am trowey. E beta mak yu enta God Kindom witout hand or leg, dan sey God trow yu insaid fire wey nor dey kwensh.

9"If yor eye dey mak yu sin, mak yu pul am trowey. E beta mak yu enta God Kindom wit won eye, dan sey God trow yu enta hell fire wit tu eyes.”

10"Mak sure sey una nor porshu eni of dis smol shildren komot. I tel una di trut, dia angels dey my Papa front for hevun evritaim.

11"Bikos Man Pikin kon save pipol wey loss.

12"Wetin yu tink? If pesin get ondred ship and won waka loss, e nor go liv di ninety-nine for di bush go faind di won wey loss?

13"I tel una tru wod, wen e si-am, e go hapi for dat won pas di ninety-nine wey nor loss.

14"Na laik dis tu yor Papa for hevun nor wont mak eni of en shildren loss.”

15"If yor broda du yu bad, mak yu go tel am wetin e du. If e asept wetin yu tel am, yu don win yor broda bak bi dat.

16"Bot if e nor asept wetin yu tok, tak won or tu pipol folo bodi go mit am, bikos mata wey tu or tiri pipol tok put, naim beta pas.

17"If e nor asept wetin dem tok, mak yu tel di shosh lidas. If e nor gri listin to wetin di shosh lidas tok, den mak una trit am laik sina or tax koletor.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18"I tel una tru wod, enitin wey una tak praya tie for eart, God go tie am for hevun and
enitin wey una tak praya tie luz for eart, God go luz am for hevun.

19"Again, I tel una tru wod, if tu of una for dis wold gri and pray for enitin, my Papa
for hevun go du-am for una.

20"Eniwer tu or tiri pipol gada for my name, I go dey der wit dem."

21Den Pita kon ask Jisos, "Oga, haw meni taims I go forgiv my broda wey du mi bad?
Na sevun taims?"

22Jisos ansa am, "Nor bi onli sevun taims I tel yu, bot na for-ondred and ninety
taims!"

23"God Kindom bi laik wen won king won no haw en savants dey manage en biznes.

24"As di king dey shek di account, dem kon bring won savant, wey dey hol ten tazon
koins kom.

25"Bikos e nor fit pay wetin e hol, di king kon orda mak dem sel di man, en wife, en
shildren and evritin wey e get, to pay di debt.

26"So, di savant fal for di king front dey beg, 'Oga, mak yu dey patient wit mi, I go
pay yu evritin.'

27"Di king sori for di savant, kon riliz am sey mak e nor pay again.

28"Afta, di same savant kon si anoda savant wey dey hol am ondred silva koins. E kon
seize am for trot nearli kil-am, kon tel am, 'Pay mi my moni.'

29"Di savant wey e seize for trot kon fal for groun dey beg am, 'Mak yu dey patient
wit mi, I go pay yu yor moni.'

30"Bot e nor gri. Insted e kari am go put for prizin, ontil e go pay wetin e hol.

31"Wen di oda savants si wetin hapun, dem nor hapi at all, so dem kon go tel di king
evritin wey hapun.

32"So di king kol di first savant kon tel am, 'Yu wiked savant! I forgiv yu di big debt
wey yu hol mi, bikos yu beg!

33'Wetin mak yu nor sori for anoda savant laik yu, jos as I sori for yu?'

34"Wit vesnashon, di king kon giv di savant to polis mak dem sofa am wel-wel, ontil e
pay evritin wey e dey hol.

35"So, na laik dis my Papa for hevun go du una, if una nor forgiv una brodas from una
heart."

Matu 19

1Wen Jisos tok finish, e kon komot from Galili go Judea aria for di oda side for Jordan
Riva.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

2Plenti pipol folo am and e heal all of dem.

3Some Farisi pipol kom test and ask am sey, "E dey rite for man to driv en wife at all?”

4Jisos kon ansa, "Yu neva read am from di biginin sey na man and wuman God mak

5and bikos of dat, "Man go liv en papa and mama go join en wife and di tu of dem go kon bi won?

6"So dem nor bi tu again, bot won. Diafor, wetin God don join togeda, mak enibodi nor skata am.”

7Di Farisi pipol kon ask am again, "Wetin mak Mosis sey mak wi driv awa wife?”

8Jisos ansa, "Mosis sey mak una driv una wife, bikos una heart dey wiked, bot nor bi so God plan am from biginin.

9"Naw I tel una, enibodi wey driv en wife, wey nor bi sey e slip wit anoda man, bot kon mari anoda wuman, don komit adultri.”

10Di disaipols kon tel Jisos, "If na so husban and wife mata bi, e beta mak pesin nor mari at-all?”

11Jisos ansa dem, "Nor bi evribodi go fit asept dis wod, bot na onli di pipol wey God giv di pawa.

12"Meni men nor fit slip wit wuman, bikos na so dem born dem, som na humanbin du dem laik dat, bot odas na bikos of God Kindom. Enibodi wey fit asept wetin I tok, mak e tak am laik dat.”

13Some pipol bring shildren kon mit Jisos mak e put hand for dia head pray for dem. Bot di disaipols kon bigin kworel wit di pipol wey bring di shildren.

14Bot Jisos tel di disaipols, "Mak una liv di smol shildren mak dem kom mit mi, nor stop dem, bikos na dem get God Kindom.”

15So e put en hand for dia head, bless dem, den e waka komot der.

16Won man kom mit Jisos, ask am, "Tisha, wetin I go du mak I for fit enta God Kindom.

17Jisos ansa am, "Why yu dey ask mi abaut wetin gud? Na onli God gud. So if yu wont enta hevun, mak yu kip God komandments.”

18Di man kon ask, "Wish won for di komandment?" Jisos ansa, "Mak yu nor kil, nor slip wit pesin wey nor bi yor wife, nor tif, nor tok wetin yor eye nor si,

19respet yor papa and mama and mak yu luv yor nebor as yu luv yorsef.”

20Di young man kon ansa, "I dey obey all dis law wit my heart. Wetin stil rimain wey I go du?”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

21Jisos kon tel am, "If yu won dey pafet, go sel evritin wey yu get, den giv di moni to poor pipol and yu go get beta tins for hevun. Wen yu don du so, mak yu kom folo mi."

22Wen di young man hear wetin Jisos tok, e kon ves waka komot, bikos e get moni wel-wel.

23Den Jisos tel en disaipols, "I tel una tru wod, e go hard for pesin wey get moni wel-wel to enta God Kindom!

24"Again I sey, e go eazi for camel to pas tru nido hol, dan for pesin wey get moni wel-wel to enta God Kindom."

25Di disaipols sopraiz wen dem hear dis tins and dem kon ask, "Den hu go fit dey save?"

26Jisos luk dem kon ansa, "E nor posibol for humanbin, bot evritin dey posibol wit God."

27Den Pita kon tel Jisos, "Luk, wi don liv evritin wey wi get, kon folo yu! Wetin dey for us naw?"

28Jisos ansa am, "I tel yu tru wod, for dat taim wen evritin go dey new, Man Pikin go sidan for en throne wey get glori and una wey dey folo mi, go sidan for twef thrones, dey joj di twef tribes wey dey Izrel.

29"And enibodi wey liv en haus, brodas, sistas, papa or mama and land bikos of mi, go get am bak ondred taims and e go get life wey nor dey end.

30"So meni pipol wey bi first naw, go bi last and dem wey bi last, go bi first."

Matu 20

1"God Kindom bi laik wen pesin komot for earli mornin go hire pipol wey go wok for en farm.

2"Afta en and di wokas don agri haw mush dem go get for dia wok, e kon send dem go wok for en farm.

3"Wen nain o' klok rish for mornin, e kon si pipol wey nor get wok stand for market.

4"E kon tel dem, 'Mak una go wok for my farm, I go pay una wel.'

5"So dem kon go. Wen e go out around twef and tiri o' klok for aftanun, e stil tel oda pipol mak dem go wok for di farm.

6"Wen faiv o' klok for evenin don nearli rish, e si som pipol wey nor get wok and e kon ask dem, 'Why una nor dey wok and today don nearli finish?'

7"Dem ansa am, 'Na bikos nobodi hire us.' E kon tel dem, 'Mak una enta my farm go wok.'

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

8"Wen evenin rish, di owna of di farm tel en managa, 'Kol di wokas mak yu pay dem, start from di last pipol wey I hire.

9"Pipol wey dem hire for faiv o' klok, kolet ful day salari.

10"And wen di pipol wey dem first hire kom, dem tink sey di oga go pay dem pas laik dat. Bot dem get di same amount.

11Wen di first pipol kolet dia moni, dem bigin komplain to di farm owna,

12'Dis last pipol wok for onli won hour and wi wok for di hol day insaid hot sun, bot yu pay all of us di same amount.'

13"Di farm owna kon ansa won of dem, 'My frend, I nor du yu bad. Nor bi wetin wi agri, dem pay yu?'

14'Mak yu tak yor moni dey go. I laik giv dis last pipol di same amount wey I giv yu.

15'I nor fit yuz wetin bi my own as I laik? Or yu dey jelos bikos I dey du gud tin?'

16"So, di pesin wey bi last, go bi first and di first, go bi last."

17As Jisos dey go Jerusalem, e tak en twef disaipols go won kona kon tok to dem.

18"Mak una luk, wi dey go Jerusalem and dem go sel Man Pikin giv di prist oga dem and di law tishas. Dem go sey mak dem kil-am

19and dem go gi-am to Gentai pipol mak dem laff and flog am wel-wel, den dem go nail am for kros. Bot for di ted day, God go wak-am up."

20Den Zebedi wife wit en shildren- James and Jon kom mit Jisos. Dia mama kon nil dan dey beg Jisos.

21Jisos kon ask am, "Wetin yu wont?" Di wuman ansa, "Mak yu alow dis my tu boys sidan for yor kindom, won for yor rite side and di oda for yor left."

22Jisos ask dem again, "Una no wetin una dey ask for so? Una go fit drink from di cup wey I won drink from?" Dem ansa am, "Wi go fit."

23Jisos kon tel dem, "Na tru sey una go fit drink from my cup, bot e nor dey my hand to shuz hu go sidan for my rite and left. Bot na pipol wey my Papa don shuz."

24So wen di oda ten disaipols hear dis mata, dem kon dey ves wit di tu brodas.

25Bot Jisos kon kol and tel dem, "Una no sey Gentai pipol oga and pipol for big posishon dey kontrol and opres dia pipol.

26"Mak e nor bi laik dat among una! Insted, enibodi wey won bi oga among una, must serv di res pipol

27and enibodi wey wont bi first among una, must bi savant to di odas,

28jos as Man Pikin nor kom mak pipol serv am, bot mak e for serv and giv en life to save meni pipol."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

29As Jisos dey komot from Jeriko, meni pipol kon dey folo dem.

30Tu men wey blind sidan for di road kona. Wen dem hear sey Jisos dey pas, dem kon bigin shaut, "David Pikin, mak yu sori for us!”

31Pipol kon dey shaut for dem mak dem kwayet. Bot dem kon dey shaut more-more, "David Pikin, mak yu sori for us.”

32Jisos kon stop, kol and ask dem, "Wetin una wont mak I du for una?”

33Dem ansa, "Oga, mak awa eye opun again.”

34Jisos sori for dem, so e tosh dia eye. At wons, dem bigin si and dem kon folo Jisos.

Matu 21

1As Jisos and en disaipols near Jerusalem, dem kom rish Betpage for Mount Olives, so Jisos kon send tu disaipols

2kon tel dem, "Mak una go di vilage wey dey una front. Una go si won donkey and en pikin wey dem tie for der. Luz dem and bring dem kon mit mi.

3"If enibodi ask, 'Why una dey luz di donkey dem?' Mak una ansa, 'Di oga nid dem and e go riton dem bak naw naw.'“

4Dis hapun so dat wetin di profet tok go bi tru:

5"Tel Zion pipol, 'Si! Una king dey kom mit una, e humbol ensef kon sidan on-top donkey.'“

6Di disaipols kon go du as Jisos tel dem.

7Dem bring di donkey kon put dia klot mak Jisos for sidan on-top.

8Meni pipol spread dia klot for di road. Odas kut palm leaf kon spread dem for di road tu.

9Pipol wey dey go for Jisos front and dem wey dey folo am kon dey shaut, "Praiz David Pikin! Di pesin wey kom wit God name, God go bless am! Mak wi praiz God wey dey hevun!”

10As Jisos enta Jerusalem, di tawn skata and pipol kon dey ask, "Hu bi dis?”

11Pipol wey dey folo Jisos kon sey, "Dis na Jisos, di profet from Nazaret for Galili.”

12Den Jisos enta di Tempol aria kon driv all di pipol wey dey buy and sel insaid di Tempol, e skata di tabol and chair wey di pipol dey tak shange moni and sel dove.

13Jisos kon tel dem, "God wod sey, 'Dem go kol my haus, 'Praya Haus', bot una don turn am to wer tif dey hide put!”

14Jisos heal pipol wey blind and doz wey nor fit waka insaid di Tempol yard.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

15Bot wen di prist oga dem and di law tishas si di wondaful tins wey Jisos dey du and hear shildren dey shaut, "Praiz, David Pikin" for insaid di Tempol, dem kon dey ves.

16So di prist oga dem and di tishas kon ask Jisos, "Yu dey hear wetin dem dey tok?" Jisos ansa dem, "Yes! Una neva read sey, 'Na shildren and smol pikin wey dey suck breast go praiz God?”

17Jisos kon liv dem go Betani kon stay der til day break.

18For earli mornin, as Jisos dey go bak to di tawn, e kon dey hungri.

19E si won fig tri for di road kon waka go wer e dey, bot e nor si enitin plok, bikos na onli leaf di tri get. So e kon tel di tri, "Yu nor go eva bear frut again!" At wons, di fig tri kon bigin die.

20Wen di disaipols si wetin hapun, dem sopraiz kon sey, "Haw dis fig tri kwik die laik dis?”

21Jisos ansa dem, "I tel una tru wod, if una get fite and una nor doubt, una nor go onli du wetin hapun to dis fig tri, bot if una tel dis mountin, 'Mak yu move go insaid di sea, e go-go.’

22"If una biliv, una go get enitin wey una ask for, wen una pray.”

23Afta Jisos enta di Tempol, di prist oga dem and di eldas kon ask am wen e dey tish sey, "Na wish pawa yu tak dey du all dis tins and hu giv yu di pawa?”

24Jisos ansa dem, "I won ask una won kweshon. If una ansa mi, den misef go tel una wish pawa I tak dey du dis tins.

25"Wer Jon baptism from kom? Na from hevun or pipol?" Dem kon dey tok abaut di mata among demsef sey, "If wi sey, 'Na from hevun,' E go sey, 'Den why una nor biliv am?’

26Bot if wi sey, 'Na from man,' wi dey fear di pipol, bikos dem biliv sey na profet Jon bi.”

27So dem kon ansa Jisos, "Wi nor no." Jisos kon tel dem, "Misef nor go tel una wish pawa I tak dey du all dis tins.

28Wetin una tink? Won man get tu boys. E tel won, 'My pikin, go wok for my farm today.’

29"Di boy ansa, 'I nor go-go.' Bot afta, e shange en maind kon go.

30"Di papa kon tel di oda boy di same tin. Dis won kon ansa, 'I go-go sir,' bot e nor go.

31"Wish of di tu shildren du wetin dia papa wont?" Dem ansa, "Di first won." Jisos kon tel dem, "I tel una tru wod, tax koletors and ashawo dem go first una enta God Kindom!

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

32"Jon di Baptist kom show una di tru road and una nor biliv am. Bot tax koletors and ashawo dem biliv am. Ivun wen una si all dis tins wey I du, una stil nor shange una maind kon biliv God.”

33"Mak una hear anoda parabol: Won man plant vine for en farm, fence am round, dig pit wer dem go for press di frut wey dem go tak mak wine and build wer securiti go stay. Den e rent di farm giv farmas kon travol go far place.

34"Wen havest taim don rish, e send en savants go mit di farmas mak dem gi-am en own share.

35"Bot di farmas seize di savants, beat won, kil won and stone di oda won.

36"Den di man kon send oda savants wey plenti pas di first one go mit di farmas and dem du di same tin to dem.

37"At last, e send en own pikin go, dey tink sey, 'May-bi dem go respet my pikin.’

38"Bot wen di farmas si di boy, dem kon tel ish oda, 'Di landlord pikin wey go inherit en papa propati, afta e don die, na-im dey kom so. Mak wi kil-am and kolet wetin go bi en own.’

39"So dem seize am, trow am komot from di farm kon kil-am.

40"Wen di owna of di farm go kom, 'Wetin una tink sey e go du doz farmas?'“

41Dem kon ansa Jisos, "E go distroi doz evil pipol! Den e go hire di farm giv oda farmas wey go gi-am wetin bi en own, wen havest taim rish.”

42Jisos kon tel dem, "Una neva read God wod wey sey: 'Di stone wey di buildas rejet don bikom di pila? Dis na God wok and e dey wondaful for awa eye.’

43"Na dis mak mi tel una sey, 'Dem go tak God Kindom from una and dem go gi-am to pipol wey go bear di kaind frut wey E wont.’

44"Di pesin wey fal for dis stone go skata and di pesin wey dis stone go fal on-top, go grind to powda.

45"Wen di prist oga dem and di Farisi pipol hear Jisos parabols, dem kon no sey e dey tok abaut dem.

46"So dem kon dey trai to arres Jisos, bot dem dey fear, bikos di pipol biliv sey na profet e bi."

Matu 22

1Jisos kon tok to dem again for parabol sey:

2"God Kindom bi laik wen won king du marage for en son.

3"E send en savant go kol di pipol wey dem invite kom di parti, bot dem nor gri kom.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4"Den e send oda savants sey, 'mak una go tel di pipol wey wi invite sey, "Si! Di parti go soon start. I don kil big melu and oda animas and evritin don redi, so mak una kom for di marage."‘

5"Bot di pipol nor gri listin to wetin di savants tok, insted won go en farm and di oda kon go du en biznes.

6"Di oda wons seize di savants, beat dem enihaw and kil som of dem.

7"Di king ves wel-wel kon send en sojas mak dem go kil di pipol wey kil en savants and mak dem burn evritin for di tawn.

8"Den e kon tel en savants. 'Di marage don start,' di pipol wey I invite bifor, nor bi di pipol wey sopoz kom.

9"So mak una go di streets and invite evribodi wey una si kom di parti.

10"So di savants go di streets kon gada all di pipol wey dem si, both bad and gud, kom di marage and di hal kon ful.

11"Wen di king si di pipol wey kom di parti, e kon si won man wey nor wear marage klot.

12"So di king kon ask am, 'My frend, haw yu tak enta here wen yu nor wear marage klot?' Bot di man nor fit ansa am.

13"Den di king kon tel en savants, 'Mak una tie en hand and leg trow am outsaid for daknes, wer e go krai and grind en tit.’

14"Na onli few pipol God shuz from di meni wey e kol.”

15Den di Farisi pipol komot go plan haw dem go tak kash Jisos wit wetin e go tok.

16So dem kon send dia disaipols, wit som pipol wey dey sopot Herod, go mit Jisos sey, "Tisha, wi no sey yu dey tok trut wel-wel and yu dey tish wetin God wont. Yu nor dey favor enibodi, bikos yu nor dey play wayo.

17"Wetin yu tink? E gud mak wi pay tax giv Caesar?”

18Bot Jisos no dia wiked plan, so e kon tel dem, "Una wey dey pritend! Why una won set trap for mi?

19"Mak una show mi di moni wey una dey tak pay tax." So dem kon bring di moni kom.

20Jisos kon ask dem, "Wish pesin face and name dem stamp put for di moni?”

21Dem ansa, "Na Caesar own." Jisos kon tel dem, "Den, mak una giv Caesar wetin bi Caesar own and giv God, wetin bi God own.”

22So wen dem hear wetin e tok, dem kon waka liv am.

23For di same day, di Sadusi pipol (wey biliv sey resureshon nor dey) kom mit and ask Jisos,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

24"Tisha, Mosis tok sey, 'If man wey nor get pikin die, en broda must mari en wife, so dat e go fit born pikin for en broda wey don die.'

25"Yu si, e get sevun brodas wey dey stay here wit us. Di first won mari, lata e kon die, since e nor get pikin, en broda kon mari en wife.

26"Di same tin hapun to di sekon broda and di ted won, go rish di numba sevun.

27"At last, di wuman kon die tu.

28"Wen piopl wey don die go kom bak to life, wish pesin wife di wuman go bi out of di sevun brodas wey mari am?"

29Jisos kon ansa dem, "Una dey mak mistak, bikos una nor no God wod and en pawa.

30"For resureshon day, pipol nor dey mari or giv wuman out for marage, bikos dem go bi laik angel for hevun.

31"Konsanin weda pesin wey don die go kom bak to life, una neva read wetin God tel una?

32"God sey, 'I bi Abraham, Izik and Jakop God. I nor bi God for pipol wey don die, bot I bi God for pipol wey dey alaif!'"

33Wen di crowd hear as Jisos dey tok, dem sopraiz for wetin e dey tish.

34Wen di Farisi pipol hear sey Jisos don mak di Sadusi pipol kwayet, dem kon gada.

35Won of dem wey bi law tisha kon ask Jisos won kweshon to tak trai am.

36"Tisha, wish komandment big pas?"

37Jisos kon ansa, "Mak pesin luv God wit all en heart, wit all en soul and wit all en maind.

38"Na dis bi di first komandment and naim big pas.

39"Di sekon won bi laik di first won: 'Mak pesin luv en nebor as e luv ensef.'

40"Na dis tu komandments, Mosis law and wetin di profets tish, dey folo."

41As di Farisi pipol gada, Jisos kon ask dem won kweshon.

42"Wetin una tink abaut Kraist, wey bi di Mesaya? Wish pesin pikin e bi?" Dem kon ansa, "Na David Pikin."

43Jisos kon ask dem again, "Den, haw kom David kol am, 'Oga', tru God Spirit, wen e sey,

44"Di OGA tel my Oga sey,'Sidan for my rite hand, ontil I go put all yor enemis unda yor leg.'

45"If David kol am, 'Oga,' den, haw e kom tak bi en pikin?"

46Non of dem fit ansa Jisos, so from dat day go, nobodi trai to ask am kweshon again.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Matu 23

1Jisos kon tel di pipol and en disaipols sey,

2"Na di law tishas and Farisi pipol dey tok wetin Mosis law min.

3"So mak una listin to wetin dem dey tel una and du-am. Bot nor du wetin dem dey du, bikos dem nor dey du wetin dem dey tish.

4"Dem dey put heavi load for pipol shoulda and dem nor redi to help dem.

5"All wetin dem dey du, na mak pipol for si dem. Dem dey tie tins wey dem rite God wod put for dia forehead and hand, mak pipol for si dem.

6"Dem laik beta place for parti and beta chair for insaid sinagog.

7"Dem laik mak pipol dey grit dem wit respet for market and mak pipol dey kol dem, 'Tisha.'

8"Nor let enibodi kol yu 'Tisha,' bikos na onli won tisha una get and all of una na brodas.

9"Mak una nor kol enibodi for dis wold "Papa", bikos na onli won ril Papa una get and e dey for hevun.

10"Mak yu nor let pipol kol yu 'Leada,' bikos na onli won lida una get and na-im bi Kraist.

11"Di pesin wey big pas among una, go bi una savant.

12"Enibodi wey dey kari bodi up, God go bring am dan and enibodi wey nor dey kari bodi up, God go raiz-am up.

13"Bot e go bad for una wey dey tish di law and una Farisi pipol, una wey dey pritend! Una klose door mak pipol nor for fit enta God Kindom! Unasef nor go enta and una nor won mak odas enta.

14"E go bad for una wey dey tish di law and una Farisi pipol, una wey dey pritend! Una dey yuz long praya shit wimen wey dia husban don die, bikos of dis, God go ponish una wel-wel."

15"E go bad for una wey dey tish di law and una Farisi pipol, una wey dey pritend! Una dey travol go evriwer jos to win won pesin kon mit God and afta una don win am, una go kon mak am bad wel-wel laik devol pikin, jos as una bi!

16"E go bad for una, lidas wey blind, una sey, 'Enibodi wey tak di Tempol swear, nortin go du-am. Bot if e tak di gold for Tempol swear, kos go dey for en head.'

17"Una bi fools wey blind! Wish won big pas, na di gold or di Tempol wey mak di gold holi?

18"Una dey tish sey, 'Enibodi wey tak di altar swear, nortin go du-am, bot if pesin tak wetin dey for di altar swear, e must du wetin e tok.'

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

19"Una blind o-o! Wish won big pas, na di gift or di altar wey mak di gift holi?

20"So, enibodi wey tak di altar swear, na both di altar and evritin wey dey insaid, e tak swear.

21"And enibodi tak wey di Tempol swear, na both di Tempol and God wey dey stay insaid, e tak swear.

22"Enibodi wey tak hevun swear, na both God throne and di Pesin wey sidan put, e tak swear.

23"E go bad for una wey dey tish di law and una Farisi pipol, una wey dey pritend! Una dey giv won out of evri ten tins wey una get, bot una nor dey du di important tin wey di law tok, wey bi to giv koret jojment, to trit pipol wel and to du wetin dey gud! Una sopoz to dey du dis tins join di oda wons.

24"Una wey bi oga wey blind! Una dey rimov flai from una drink, bot una dey swalow melu!

25"E go bad for una wey dey tish di law and una Farisi pipol, una wey dey pritend! Una dey wosh cup and plate bodi mak dem for klin, bot bad bele and long trot ful insaid una.

26"Una Farisi pipol wey blind! Mak una first wosh insaid di cup, den di outsaid go klin tu!

27"E go bad for una wey dey tish di law and una Farisi pipol, una wey dey pritend! Una bi laik grave wey fine for outsaid, bot di pesin bodi for insaid, don rotin.

28"Na so e bi wit una tu, for outsaid, una bi laik gud pipol, bot for insaid, na wayo and sin ful una life.

29"E go bad for una wey dey tish di law and una Farisi pipol, una wey dey pritend! Una build grave for di profet wey don die kon dekorate coffin for pipol wey fear God.

30"And una sey, 'If to sey wi dey alaif for awa gran-gran papa dem taim, wi nor for help dem wen dem dey kil di profets.'

31"So na una gran-gran papa dem kil di profets.

32"Mak una go finish di wok wey una gran-gran papa start!

33"Una bi snake! Wiked snake shildren! Haw una go tak eskape hell?

34"I go send profets, wise pipol and law tishas kom mit una and una go kil and nail som for kros, flog som insaid una sinagog, den porshu di odas from won tawn go anoda.

35"So all God pipol blood wey una kil for dis wold, go dey una head. From Abel blood go rish Zecharia wey bi Barachia pikin, wey una kil for insaid di Tempol.

36"I tel una tru wod, pipol for dis generashon go sofa di ponishment for dis tins wey una du!"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

37"O! Jerusalem pipol, O! Jerusalem pipol! Una wey kil di profets and stone di pipol wey God send kom mit una! I don dey trai to gada una shildren as fawo dey gada en shildren unda am, bot una nor let mi du-am.

38"Si, from today go, una go skata and una haus go empti.

39"Mak una no sey, una nor go si mi again ontil una go sey, 'Mak God bless di pesin wey kom wit God name!'"

Matu 24

1As Jisos dey komot from di Tempol, en disaipols kon show am haw di Tempol buildin bi.

2Jisos kon tel dem, "Una dey si all dis tins? I tel una tru wod, wen di taim rish, won blok nor go dey on-top anoda won, bikos di buildin go skata finish!”

3As Jisos sidan for Mount Olives, en disaipols kom mit am for kona ask am, "Mak yu tel us wen dis tins go hapun? Haw wi go tak no sey di taim wen yu go kom, don rish?”

4Jisos ansa dem, "Mak una shine una eye, so dat nobodi go fit disiv una.

5"Meni pipol go kom wit my name dey sey, 'I bi Kraist wey bi di Mesaya' and dem go disiv meni pipol.

6"Una go dey hear rumor sey war dey hapun for difren place. Mak una nor fear, bikos e must hapun, bot di taim wey I go kom, neva rish.

7"Won kontri go fite wit anoda kontri and won kindom go fite wit anoda kindom. Hunga go dey evriwer and eart-quake go hapun for difren place.

8"Wen dis tins go dey hapun, e go bi laik wen bele dey pain wuman wey won born.”

9"Dem go kari una wey bi my disaipols giv pipol wey go sofa and kil una. Bikos of mi, pipol for difren tawn wey nor no God, go hate una.

10"Meni pipol nor go gri folo mi again and dem go dey lai and hate ish oda.

11"Meni wayo profets go kom and dem go disiv meni pipol.

12"Bikos pipol nor go obey God law, di luv wey meni pipol get for God, nor go strong again.

13"Bot God go save di pesin wey go bear go rish end.

14"Bifor di wold go end, my pipol go prish abaut God Kindom go rish evriwer.”

15"As Profet Daniel tok, 'Bad tins go hapun for di holi place, insaid di Tempol' (Enibodi wey hear dis wod, mak e undastand wetin e min).

16"Pipol for Judea go run go on-top mountin.

17"Pesin wey dey on-top roof, mak e nor kom dan kon tak enitin from en haus

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18and pesin wey dey farm, mak e nor go bak to en haus go tak en klot.

19"For dis taim, e go hard wel-wel for wimen wey get bele and doz wey get smol pikin for hand.

20"Mak una pray sey, e nor go bi for Sabat Day or Rainin Season naim all dis tins go hapun,

21bikos for dat taim, di sofa wey go dey, go strong pas eni sofa wey don hapun since wen God kreate di wold kom rish naw and dis kaind sofa, nor go dey again.

22"And if God nor reduce di days wen dis tins go hapun, evribodi go die finish. Bot bikos of di pipol wey God shuz, e go reduce di days.

23"So if enibodi kon tel una sey, 'Luk o-o, Kraist dey here or e dey der!' Mak una nor biliv am.

24"Lia-lia mesayas and profets go kom du big-big mirakols tak disiv pipol. If e posibol sef, dem go disiv pipol wey God shuz.

25"Mak una rimemba wetin I dey tel una so, bifor dem go hapun.

26"So if enibodi tel una sey, "Luk, Kraist dey insaid bush,' mak una nor go, or 'Luk, e dey insaid haus,' mak una nor biliv.

27"Jos as thunda lite dey kom from east go west, na so e go bi wen Man Pikin go kom.

28"Bikos na wer dead bodi dey, na der vultures dey gada put."

29"Afta di wahala wey go hapun for dat taim, di sun go kon dak and di moon nor go shine; stars go fal from hevun and hevun go dey shake.

30"Den Man Pikin sign go apier for hevun and all di tribes for dis wold, go krai. Dem go si God Pikin dey kom from insaid di kloud for hevun wit pawa and beta glori.

31"God go send en angels go blow loud trumpet and dem go gada di pipol wey e shuz from evriwer for di wold."

32"Mak una hear di parabol abaut fig tri: Enitaim en bransh dey bring leaf kom out, pipol go no sey dry season don near.

33"So wen una si all dis tins dey hapun, mak una no sey di taim don rish and e dey near una domot.

34"I tel una tru wod, di pipol wey dey di wold for dis taim, nor go die finish bifor all dis tins go hapun.

35"Hevun and eart go vanish, bot my wod go stil dey.

36Nobodi no dat day or di taim, ivun di angels for hevun nor no am, esept my Papa.

37"Jos laik e hapun for Noah taim, na so Man Pikin go tak kom.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

38"For Noah taim, bifor di flood kom, pipol dey chop and drink, dey mari and dey giv dia pikin out for marage, ontil di day wen Noah enta di ark.

39"Dem nor no wetin dey hapun ontil wota kom kari dem go. Na laik dat e go bi wen Man Pikin go kom.

40"Dat taim, tu men go dey for farm; won go vanish liv di oda won.

41"Tu wimen go dey grind corn for engine, won go vanish liv di oda won.

42"So, mak una shine una eye, bikos una nor no di day wen Kraist go kom.

43"Bot mak una rimemba sey: If pesin wey get haus no di taim wen tif go kom for nite, e go redi ensef mak di tif nor for enta en haus.

44"So, mak una dey redi, bikos Man Pikin go kom for di taim wen una nor tink sey e go kom."

45"Hu bi di savant wey wise and gud? Na di pesin wey en oga mak lida among di oda savants, to giv dem fud for di koret taim.

46"E go gud for dat savant wen en oga go kom bak and e si-am dey wok.

47"I tel una tru wod, di oga go sey, 'Mak yu kare for di hol haus.'

48"Bot if na wiked savant, e go tel ensef, 'My oga nor go kwik kom bak',

49so e go bigin beat di oda savants and e go dey chop and drink wit drunkards.

50"Wen di oga go kom bak for di day wen di savant nor espet and di taim wen e nor no,

51e go kut di savant to pisis kon trow am put for wer pritendas dey, wer e go dey krai and grind en tit."

Matu 25

1"God Kindom bi laik wen ten virgins kari dia lamps go mit man wey won mari wife.

2"Faiv get sense and faiv nor get sense.

3"Wen di wons wey nor get sense kari dia lamps, dem nor tak extra kerosine folo bodi.

4Bot di wons wey get sense kari extra kerosine.

5"E kon hapun sey di man wey won mari, nor kwik kom, so all di virgins kon slip.

6"For mid-nite, sombodi kon shaut, 'Mak una wak-up, di man wey won mari dey kom-o-o! Mak una kom mit am.'

7So all di virgins wak-up, kon inkrease dia lite.

8Bot di wons wey nor get sense kon tel di wise wons sey, 'Mak una giv us som kerosine, bikos awa lite won kwensh.'

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9Bot dem ansa, 'No! Wetin wi get nor go rish wi share, insted mak una go buy for unasef.’

10"Wen dem go buy, di man wey won mari kon kom and di wons wey dey redi kon enta di parti wit am and dem kon lock di door.

11"Afta, di oda virgins kon kom dey sey, 'Oga, Oga! Mak yu alow us enta.

12"Bot e ansa dem, 'No -o -o!, I nor no una!’

13So, mak una dey redi, bikos una nor no di day or taim wen Kraist go kom.”

14"Won man wey dey travol kon kol all en savants divide en propati giv dem.

15"E giv won faiv koins, giv anoda tu koins and di last, won koin. E giv ish savant wetin e go fit yuz, den e kon travol.

16"Di savant wey get faiv koins kwik-kwik go yuz en moni trade kon gain faiv koins join wetin e get.

17"Di same way, di savant wey get tu koins, gain tu extra koins join en own.

18"Bot di savant wey get won koin kon go dig hol for outsaid, hide di moni wey en oga gi-am.

19"Afta, dia oga kon kom bak mak e for no haw dem yuz di moni wey e giv dem.

20"Di savant wey e giv faiv koins, kon bring anoda faiv koins join en own, sey, 'Oga yu giv mi faiv koins. Si, I don gain faiv koins join dem.’

21"En oga kon tel am, 'Yu bi gud and wise savant and yu du wel! Since yu fit yuz di smol tins wey I giv yu, e show sey yu go fit kontrol big-big tins. Mak yu kom enjoy wit mi!’

22"Di won wey dem giv tu koins stil sey, 'Oga yu giv mi tu koins. Si, I don get tu koins join dem.’

23"En oga kon tel am, 'Yu bi gud and wise savant and yu du wel! Since yu fit yuz di smol tins wey I giv yu, e show sey yu go fit kontrol big-big tins. Mak yu kon enjoy wit mi!’

24"Den di savant wey e giv won koin kon sey, 'Oga, I no sey yu bi wiked man, yu dey havest wetin yu nor plant and dey pack fruts wey yu nor plok,

25so fear kash mi and I kon hide yor moni for groun. So oga, mak yu tak wetin yu giv mi’

26En oga kon tel am, 'Yu wiked and lazi savant! Since yu no sey I dey havest wetiin I nor plant and dey pack fruts wey I nor plok,

27yu for put my moni for bank, so dat wen I kom bak, I go kolet my moni bak wit intres.

28Mak una tak di moni from am and gi-am to di savant wey get ten.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

29Bikos di pesin wey get somtin go get more and wetin e get go plenti. Bot di pesin wey nor get, ivun di smol won wey e get, dem go tak am from am.

30Mak una trow dat wiked savant insaid daknes for outsaid, wer e go krai and grind en tit.

31"Wen Man Pikin and en angels go kom wit en glori, e go sidan for en king throne .

32"Evribodi for di wold go gada for en front ande go seprate pipol as shepad dey seprate ship from goat.

33"E go kip di ship for en rite hand and di goat for en left.

34"Den di king go tel di pipol wey dey en rite hand, 'Mak una kom, una wey my Papa don bless and mak una inherit di kindom wey God priper for una bifor di wold start.

35"Wen I dey hungri, una giv mi fud, wen I dey thirsti, una giv mi somtin drink and wen I bi strenja, una let mi enta una haus.

36"I dey naked and una giv mi klot wear, wen I nor wel, una kare for mi, wen I bin dey prizin, una kom visit mi.'

37"Den di raitious pipol go ansa, 'Oga, wish taim wi si yu hungri and dey thirsti, kon fid and giv yu somtin drink?

38"Wish taim wi si yu as strenja, kon tak yu enta awa haus, or naked, kon giv yu klot wear?

39"Wish taim wi si yu wen yu nor wel or dey for prizin kon visit yu?'

40"Den di king go ansa, 'I tel una tru wod, jos as una du-am giv di pesin wey smol pas among my brodas and sistas, una don du-am for mi.

41"Di king go tel di pipol wey dey en left hand, 'Mak una komot from my side, una wey God don kos! Mak una enta hell fire wey dem priper for devol and en wiked angels.

42"Bikos di taim wey I dey hungri and thirsti, una nor giv mi fud and wota drink.

43"Di taim wen I bi strenja, una nor let mi enta una haus, wen I dey naked, una nor giv mi klot wear, wen I sik and dey for prizin, una nor kom visit mi."

44Den, dem go ansa, "Oga, wish taim wi si yu dey hungri or won drink and wi nor giv yu fud or somtin to drink, wish taim yu bi strenja or naked or sik or dey for prizin and wi nor giv yu wetin yu wont?"

45Den, di king go ansa dem, "I tel una tru wod, jos as una nor du-am for di pesin wey smol pas among my brodas and sistas, una nor du-am for mi."

46So wiked pipol go enta ponishment wey nor go end, bot raitious pipol go get life wey nor go end tu."

Matu 26

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

1Wen Jisos tish finish,e kon tel en disaipols,

2"Mak una no sey na tu days remain bifor di Passova go start and dem go giv Man Pikin to pipol wey go nail am for kros."

3Di prist oga dem and di eldas kon hol mitin wit Kaifas, di High Prist, for en palise.

4Dem kon plan for sikrit to arres Jisos mak dem for kil-am.

5Bot dem kon sey, "Mak wi nor du-am wen di Fist don start, so dat pipol nor go mak trobol."

6Naw, as Jisos dey Betani for Saimon, wey bi lepa, haus,

7won wuman bring kontaina wey get oil wey dear wel-wel, kon pour di oil for Jisos head as e sidan for tabol dey chop.

8Wen di disaipols si wetin hapun, dem kon ves wel-wel, ask di wuman, "Why yu dey waste dis oil?

9"E for beta pas sey dem sel am kon giv di moni to poor pipol!"

10Wen Jisos hear wetin dem tok, e kon sey, "Why una dey trobol dis wuman? Na beta tin e du for mi -o-o!

11"Poor pipol dey wit una evritaim, bot mi, I nor go dey wit una always!

12"Wen di wuman pour dis oil for my bodi, e dey priper mi for my beria.

13"I tel una tru wod, eniwer dem go dey prish di gospol, dem go tak dis tin wey di wuman du so tak rimemba am for di hol wold.

14Den Judas Iskarot, wey dey among di twef disaipols go mit di prist oga dem,

15kon tel dem, "Wetin una go giv mi, if I sel Jisos Kraist giv una?" So dem kon kount tati (30) silva koins gi-am.

16From dat taim, Judas kon dey faind haw e go tak sel Jisos Kraist.

17For di day wen dem start di Fist for di Bread wey nor get yist, di disaipols kom mit Jisos Kraist tel am, "Tel us wer yu for wont chop di Passova Fud, so dat wi go-go priper di place."

18Jisos tel dem, "Mak una go insaid di tawn and una go mit won man. Mak una tel am, 'Di tisha sey, "My taim don rish. I go chop di Passova Fud wit my disaipols for yor haus."'

19So di disaipols du as Jisos tel dem, den dem kon go priper di Passova Fud.

20Wen evenin rish, Jisos sidan for di tabol wit en twef disaipols.

21As dem dey chop, e kon sey, "I tel una tru wod, won of una go sel mi"

22Wetin e tok kon wori dem wel-wel, so dem kon bigin ask am, "Oga, na mi?"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

23Jisos kon ansa, "Na di pesin wey go put hand insaid plate wit mi, na-im go sel mi.

24"Man Pikin go die as dem rite abaut am, bot kos dey di pesin head wey go sel am! E for beta sey dem nor born di pesin at-all."

25Den Judas, di pesin wey go sel am, kon sey, "Tru-tru, Oga, na mi yu dey tok abaut?" Jisos kon ansa am, "Yu don tok am."

26As dem dey chop, Jisos tak bread kon tank God, afta e divide am, e giv en disaipols, kon sey, "Mak una chop, dis na my bodi."

27Afta, e tak di cup kon tank God, e giv dem, kon sey, "Mak all of una drink from am,

28bikos dis na my blood, wey bi di kovenant wey go mak God forgiv pipol dia sins.

29I tel una, from naw go, I nor go drink dis wine ontil di day wey I go drink di new wine wit una for my Papa kindom.

30Afta dem sing won hymn, dem komot kon go Mount Olives.

31Den Jisos kon tel dem, 'Dis nite all of una go run liv mi, bikos dem rite for God wod sey, 'I go kil di shepad and di ship go skata.'

32Bot afta God don raiz mi up from deat, I go-go Galili, go wait for una."

33Pita kon ansa am, "If odas run liv yu, mi, I nor go eva liv yu!"

34Jisos kon tel am, "I tel yu di trut, for dis nite, bifor fawo go du 'Kukuruku', yu go denai mi tiri taims."

35Pita stil ansa, "Ivun if I go die, I nor go eva denai yu". And all di disaipols tok di same tin.

36Den Jisos kon go Getsemani wit en disaipols, kon tel dem, "Mak una sidan here bikos I wont kros go di oda side go pray."

37E tak Pita, James and Jon, wey bi Zebedi tu shildren, wit am. Bot bikos of wetin won hapun, bele nor swit am.

38Den e tel dem, "My heart heavi and e bi laik sey I won die. Mak una stay here and wosh wit mi."

39E waka go front smol, kon laidan face groun, den kon pray, "My Papa, if yu wont, yu go fit rimov dis deat from mi! Bot nor bi as I wont, na as yu wont am."

40Wen Jisos kom bak, e kon si sey all en disaipols dey slip. Den e ask Pita, "So yu nor fit stay mak yu nor slip for won hour?

41"Opun yor eye mak yu pray, so dat yu nor go fal insaid temtashon. Yor spirit won du-am, bot yor flesh dey wik."

42Jisos kon go pray for di sekon tiam, "My Papa, if Yu nor won tak dis deat komot unles I die, den mak wetin Yu wont hapun."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

43E kom bak kon si en disaipols dey slip again; dem nor fit opun dia eyes.

44So e liv dem, go pray di same way for di ted taim.

45Den e kon mit di disaipols ask dem, "Una stil dey slip and res? Si, di taim don dey rish wen dem go sel Man Pikin giv sinas.

46"Mak una stand up, mak wi dey go. Si! Di pesin wey won sel mi, don dey kom!”

47As Jisos stil dey tok, Judas wey bi won of di disaipols, kon kom. Plenti pipol wey di prist oga dem and eldas send and wey kari gun and big stick folo am kom.

48(Naw, di pesin wey sel am, don giv dem sign sey, "Di pesin wey I go kiss, naim bi di man. Mak una arres am!")

49At wons, e go mit Jisos, grit am, kon sey, "Tisha", den e kon kiss am.

50Jisos kon tel am, "My frend, du wetin mak yu kom". Den dem hol Jisos kon arres am.

51Bot won of di disaipols wey dey wit Jisos draw en sword kom out, kon kut di High Prist slave ear komot.

52Den Jisos tel am, "Put yor sword for wer e dey bifor! Bikos enibodi wey dey kari sword, na sword go kil-am.

53"Yu tink sey, I nor fit kol my Papa sey mak e send meni angels kom help mi naw-naw?

54"Bot if I du-am, wetin dem rite for God wod abaut dis mata, nor go hapun?”

55By dis taim, Jisos tel di pipol, "Una kari sword and stick kon arres mi laik sey I bi tif? I dey tish insaid di Tempol evriday, bot una nor arres mi.”

56Dis won hapun so dat wetin di profets rite for book go bi tru. Den all di disaipols kon run liv am.

57Naw di pipol wey arres Jisos tak am go mit Kaifas di High Prist, wey di law tishas and eldas don gada for en haus.

58Bot Pita folo dem go rish di High Prist yard. E kon sidan wit di gaids to si wetin go hapun.

59Di prist oga dem and di Sanhedrin kon dey faind wetin dem go tak hol Jisos, mak dem for fit kil-am.

60Bot dem nor si enitin to tak hol am, ivun doh meni pipol kom lai against am. At last, tu pipol kom out

61kon sey, "Dis man sey, 'I go fit distroi God Tempol and build am again for tiri days'".

62So, di High Prist kon stand up ask am, "Yu nor get eni ansa? Wetin bi dis wey dem dey tok against yu so?”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

63Bot Jisos kwayet. Den di High Prist kon tel am, "I tak God name komand yu to tel us if yu bi Kraist, wey bi God Pikin.”

64Jisos ansa am, "Yu don tok am. Bot I tel yu, from naw go, yu go si Man Pikin sidan for God rite hand dey kom dan for kloud from hevun.”

65Den di High Prist tear en klot, kon sey, "E don tok against God! Why wi stil nid anoda witnes? Una don hear as e tok against God!

66Wetin una tink?" Dem kon ansa, "E du bad and e sopoz to die.”

67Dem kon spit for en face, beat am and som slap am,

68dey sey, "Mak yu tel us wetin go hapun, Yu wey bi Kriast! Na hu beat yu?”

69As Pita sidan outsaid for di yard. Won girl wey bi savant kon tel am, "Yu sef bin dey wit Jisos Kraist wey kom from Galili.”

70Bot Pita denai am for evribodi front kon sey: "I nor no wetin yu dey tok abaut!”

71Wen e komot go outsaid, anoda girl wey bi savant si-am, kon tel di pipol wey dey der, "Dis man sef dey wit Jisos wey kom from Nazaret".

72Pita kon swear denai again, "I nor no di man!”

73Afta somtaim, pipol wey stand for der, kom mit Pita tel am, "Yu rili bi won of dem, ivun di way yu dey tok show sey yu dey wit am!”

74As e hear dis won, Pita kon dey swear, "I nor no di man!" Dat same taim, fawo kon mak "Kukuruku".

75Den Pita kon rimemba wetin Jisos tel am, "Bifor fawo go mak 'Kukuruku', yu go denai mi tiri taims." Den Pita kon go outsaid bigin krai.

Matu 27

1For earli mornin, di prist oga dem and di eldas kon dey plan as dem go tak kil Jisos.

2Dem tie am kon tak am go mit Pilate, wey bi di govnor.

3Wen Judas wey sel Jisos si sey dem kondemn am, en maind kon dey joj am for wetin e du, so e riton di tati silva koins giv di prist oga dem and eldas,

4e kon sey, "I don sin as I sel dis inosent man mak dem kil-am!" Bot dem sey, "Haw dat won tak konsan us? Na yor biznes bi dat.”

5So Judas kon trow di silva koins insaid di Tempol, den e komot go hang ensef.

6Di prist oga dem tak di moni kon sey, "Mosis law sey mak dem nor put blood moni for di Tempol purse.”

7Afta dem don tok di mata, dem kon tak di moni buy won land wey di name bi "'Potta" and na strangas dem dey bere for der.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

8Na bikos of dis mak dem dey kol di land "Blood Field" kon rish today.

9So wetin profet Jeremia tok kon hapun: "Dem tak tati silva koins, di moni wey Izrel pipol don agri to tak sel Jisos,

10den dem yuz di moni tak buy 'Di Potta land', jos as God tel mi.”

11As Jisos stand for di govnor front, di govnor kon ask am, "Na yu bi di Ju pipol king?" Jisos ansa, "Na as yu tok!

12Wen di prist oga dem and di eldas dey akiuz Jisos, e nor ansa dem.

13Den Pilate kon tel Jisos, "Yu nor hear all di tins wey dem dey tok sey yu du?”

14Bot Jisos nor ansa and di govnor kon sopraiz wel-wel.

15For Passova Fist, di govnor dey always riliz won prizina giv di pipol.

16Dat taim, e get won wiked prizina wey en name na (Jisos) Barabbas.

17So, wen dem don gada, Pilate ask dem, "Hu una wont mak I riliz giv una? (Jisos) Barabbas or Jisos Kraist?”

18(Bikos Pilate no sey na jelosi mak dem bring Jisos Kraist kom mit am.)

19As Pilate sidan for di jojment sit, en wife send mesage go mit am sey, "Nor put hand for dat inosent man mata, bikos last nite, I dream bad dream abaut am.”

20Bot di prist oga dem and di eldas sey mak di pipol ask for Barabbas, so dat dem go fit kil Jisos Kraist.

21Di govnor kon ask dem, "Wish won for dis tu pipol una wont mak I riliz giv una?" Dem ansa, "Barabbas!”

22So, Pilate ask dem again, "Den wetin I go du wit Jisos wey dem dey kol Kraist?" All of dem kon ansa, "Nail am for kros!”

23Pilate kon ask, "Why? Wish bad tin e du?" Bot dem kon dey shaut more-more, "Nail am for kros!”

24Wen Pilate si sey di pipol nor gri and trobol won start, e kon tak wota, wosh en hand for di pipol front dey sey, "Dis man blood nor dey my head. Mak onli una go kil-am!”

25Di pipol kon ansa, "Mak en blood dey awa head and awa shildren own!”

26Den Pilate riliz Barabbas giv dem. Afta dem flog Jisos Kraist, Pilate kon giv-am to dem mak dem nail am for kros.

27Di sojas tak Jisos Kraist enta di govnor haus and all of dem kon gada am.

28Dem rimov en klot, kon wear am klot wey mak-am bi laik king.

29Dem kon tak shuku-shuku mak krawn wear-am for en head, kon put wokin stick for en hand, den nil dan for en front kon dey laff am dey sey: "Mak una hail Ju pipol king -o-o!”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

30Dem spit for en bodi, kon tak wokin stick nak en head meni taims.

31Wen dem laff am finish, dem rimov di king klot wey dem wear am kon wear am en own klot. Den dem kon tak am go nail for kros.

32As dem dey go outsaid, dem si won man from Syrene wey en name na Saimon and dem kon fos am mak e kari Jisos Kraist kros.

33Wen dem rish won place wey dem dey kol Golgota (wey min "Skul Place"),

34dem kon giv Jisos Kraist bita wine mak e drink. Bot wen e taste am, e nor gri drink am.

35Wen dem don nail am for kros, dem kon gambol tak davaid en klot.

36Dem kon sidan der dey luk mak enibodi nor tosh am.

37On-top of en head for di kros, dem rite wetin dem tak akiuz am: "Dis na Jisos Kraist, Ju pipol king."

38Dem stil nail tu tif near Jisos Kraist for kros, won for en rite and di oda for in left hand.

39So di pipol wey dey pas wer Jisos Kraist dey kon laff am and dey shake dia head

40dey sey, "Yu wey sey yu go distroi di Tempol kon build am bak for tiri days, mak yu save yorsef! If yu rili bi God Pikin, mak yu kom dan from di kros!"

41Na laik dis tu, di prist oga dem, di law tishas and di eldas dey laff am sey,

42"E save oda pipol bot e nor fit save ensef! If e kom dan naw from di kros, wi go biliv sey, Na-im bi Izrel King!!

43Since e trust God, mak God kon save am naw, bikos e sey, "I bi God Pikin!"

44Di tu tif wey dem nail for kros near Jisos Kraist stil dey kos am tu.

45E kon hapun sey, from twef go rish tiri o' klok for aftanun, daknes kon kovadi hol land.

46Wen tiri o' klok won rish, Jisos Kraist kon shaut, "Eli, Eli, lama Sabachthani?", wey min, "My God, My God, wetin mak Yu abandon mi?"

47Some of di pipol wey hear di wod kon sey, "Dis Man dey kol Elija mak e kom help am."

48At wons, won of dem run go bring sponge kon soak am for wine wey don sawa, put am for stick, den kon giv Jisos mak e drink.

49Bot di rimainin pipol sey, "Leav am! Mak wi si weda Elija go kom save am".

50So Jisos Kraist krai again, den e kon die.

51At wons, di Tempol kotin kon tear from up go rish botom. Di groun bigin shake and rocks kon skata for evriwer.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

52Graves kon opun God pipol wey don die kom wak-up.

53Afta Jisos raiz from grave, God pipol wey don die folo am raiz, den dem kon enta di Holi Tawn wit am and meni pipol si dem

54Wen di soja oga and di pipol wey dey gaid Jisos Kraist si di eart-quake and wetin hapun, dem fear wel-wel kon sey, "Tru-tru dis man na God Pikin."

55Meni wimen wey folo Jisos Kraist from Galili and wey dey help am, dey der tu. Dem dey luk wetin dey hapun for der.

56Mary Magdalene, Mary, wey bi James and Josef mama and Zebedi shildren mama, dey der tu.

57Wen evenin rish, Josef, won rish man from Arimatia, wey bi Jisos Kraist disaipol

58go mit Pilate, kon ask am for Jisos Kraist bodi. So Pilate kon sey mak dem gi-am di bodi.

59Josef kon tak di bodi, wrap am wit klin white klot.

60E put am insaid en own new grave wey e dig insaid rock. Den e rol won big stone kova di grave mout.

61(Mary Magdalene and di oda Mary sidan for di oda side wey face di grave).

62Di next day (wey bi Sabat) di prist oga dem and di Farisi pipol kon gada for Pilate front

63kon sey "Oga! wi rimemba sey wen dat wayo man stil dey for dis wold, e tok sey, 'Afta tiri days, e go wak-up.'

64"So mak yu giv orda mak dem gaid di grave ontil di tiri day rish. If not, en disaipols go-go tif en bodi kon tel pipol sey, 'E don wak-up from deat' and dis go mak di last wayo wors pas di first won."

65So Pilate tel dem, "Mak una tak plenti sojas go gaid di place as una wont."

66So dem kari sojas go gaid di grave and dem kon blok di grave mout, so dat Jisos Kraist nor go fit kom out.

Matu 28

1Wen day break for Sabat Day, wey bi di first day for di wik, Mary Magdalene and di oda Mary kon go luk di grave.

2At wons, strong eart-quake kom hapun, bikos God angel kom dan from hevun, rol di stone komot, kon sidan on-top am.

3En face bi laik thunda lite and en klot white laik snow.

4Di gaids kon dey shake and dem kon bi laik pipol wey won die, bikos fear kash dem wel-wel

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5Bot di angel kon tel di wimen, "Mak una nor fear, I no sey una dey luk for Jisos Kraist, wey dem nail for kros.

6"E nor dey here, bikos God don wak-am up, jos as God promis. Mak una kom si di place wer e laidan bifor.

7"Den mak una kwik go tel en disaipols sey, 'God don raiz-am from deat and e dey go wait for una for Galili. Una go si-am for der.' Mak una rimemba sey I tel una so!”

8So fear mak dem run komot for di grave and dem kon dey hapi go tel en disaipols.

9Bot Jisos Kraist mit dem for road kon tel dem, "I grit una o-o!" Dem kon dress near am, hol en leg kon woship am.

10Den Jisos Kraist tel dem, "Mak una nor fear, bot tel my brodas mak dem go Galili and dem go si mi for der".

11As dem dey go, som of di gaids go insaid di tawn go tel di prist oga dem evritin wey hapun.

12Afta dem don gada and plan wit di eldas, dem kon giv di sojas plenti moni,

13kon tel dem, "Mak una tok sey, 'Jisos Kraist disaipols kom tif en bodi for nite wen wi dey slip.’

14If di govnor hear abaut dis mata, wi no wetin to tel am and una nor go enta trobol.”

15So dem tak di moni and dem du as di eldas tel dem. Pipol stil dey tok dis stori for evriwer wey Ju pipol dey, kom rish today.

16So di ilevun disaipols kon go Galili for di mountin wey Jisos Kraist tel dem.

17Wen dem si-am, dem woship am, bot som of dem kon dey doubt.

18Den Jisos Kraist waka near kon tel dem, "God don giv mi all di pawa wey dey hevun and eart.

19"So mak una go mak pipol my disaipols for di hol wold, dey baptaiz dem wit di Papa, di Pikin and di Holi Spirit name,

20dey tish dem to du evritin wey I tish una. I go always dey wit una ontil di wold go end."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Mark

Mark 1

1Na so di gospol abaut Jisos Kraist, God Pikin tak start.

2As Profet Isaia tok for di book wey e rite, "I dey send my mesenja for front, go priper di way for yu."

3Won pesin dey shaut insaid desert sey, "Mak una priper Oga way for am, mak una mak en road strate."

4For insaid desert, Jon di Baptist kon bigin prish sey, mak pipol liv di bad tins wey dem dey du, mak e for baptaiz dem, so dat God go forgiv dem dia sins.

5Pipol for Judea and all di aria wey near am and doz wey dey Jerusalem, dey go mit Jon and e kon baptaiz dem for Jordan Riva afta dem konfes dia sins.

6Jon wear klot wey dem tak kamel hair mak, tie leda belt for waist and e dey chop lokust and honi for insaid bush.

7E kon sey, "Pesin wey big pas mi dey kom for my bak and I nor big rish hu go luz di rope wey dey en shu.

8"I dey yuz wota baptaiz una, bot e go baptaiz una wit di Holi Spirit."

9Dat taim, Jisos kom from Nazaret wey dey for Galili and Jon kon baptaiz am for Jordan Riva.

10As Jisos dey kom out from di wota, hevun opun and God Spirit kom dan laik dove kon land for en head.

11Den won vois tok from hevun sey, "Yu bi My Pikin wey I luv and yu dey mak bele swit Mi wel-wel."

12At wons, God Spirit kon tak am go insaid di desert.

13E stay insaid di desert wer Satan tempt am for forti days. E dey der wit wiked animas and God angels kon gi-am evritin wey e wont.

14Afta dem don put Jon for prizin, Jisos kon enta Galili dey prish di Gud News sey,

15"Di taim wey God promis sey en kindom go kom don rish. So mak una liv di sins wey una dey du kon biliv di Gud News."

16As Jisos dey waka for Galili wotasaid, e kon si Saimon and en broda Andru wey dey trow net insaid riva, (bikos dem bi fishamen.)

17Jisos kon tel dem, "Mak una folo mi and I go giv una pawa to kash pipol."

18At wons, dem liv dia net kon folo Jisos.

19As dem waka go front smol, dem si James and Jon, wey bi Zebedi shildren insaid boat dey ripair dia net.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

20At wons, Jisos kol dem, so dem liv dia papa, Zebedi, wit di men wey dem haya for insaid di boat, kon folo Jisos.

21Jisos wit en disaipols kon go Kapanum. Wen Sabat Day rish, Jisos kon enta di sinagog bigin tish.

22Di pipol sopraiz, bikos e sabi tish pas di law tishas.

23For insaid di sinagog, won man wey evil spirit dey insaid en bodi kon shaut dey sey,~

24"Mak yu liv us o-o, Jisos wey kom from Nazaret! Abi, yu don kom distroi us? I no hu yu bi. Yu bi God Pikin wey dey holi."

25Bot Jisos komand am, "Shut up and kom out from di man!"

26Afta di evil spirit don shake di man wel-wel, e shaut kon kom out from di man bodi.

27Evribodi sopraiz dey ask ish oda, "Wish won bi dis? Dis new tishin strong o-o! Ivun wiked spirit dey obey en komand."

28So, di stori abaut wetin Jisos dey du kon spread kwik-kwik for evriwer for Galili.

29As Jisos, James and Jon komot from di sinagog, dem kon enta Saimon and Andru haus.

30Saimon wife mama nor wel, so dem kon tel Jisos abaut am.

31Jisos go mit am, hol en hand and di wuman kon stand-up. Den di fiva komot from en bodi and e kon dey serv dem.

32Wen sun don dey go dan for evenin, dem kon bring all di pipol wey nor wel and wey get dimon kom mit Jisos.

33Di hol tawn kon gada for di domot.

34So, Jisos heal meni pipol wey nor wel wit difren-difren diziz and e driv meni dimon komot from pipol bodi. Bot e nor let di dimons tok, bikos dem no hu e bi.

35For earli mornin wen evriwer stil dak, Jisos kon liv di haus go won kwayet place go pray.

36Saimon and di pipol wey dey wit am kon dey faind am.

37Wen dem si-am, dem kon sey, "Evribodi dey faind yu."

38Jisos tel dem, "Mak wi go anoda vilage, so dat I go prish for der tu. Bikos na wetin I kom du, bi dat."

39So e kon go evriwer for Galili dey prish for dia sinagog and dey driv dimon komot from pipol bodi.

40Won man wey bi lepa kom mit Jisos, nil dan for en front dey beg am sey, "If yu wont, yu go fit mak mi wel."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

41Jisos sori for di man, so e tosh am kon sey, "I wont, so mak yu wel!”

42At wons, di leprosi komot from di man bodi and e kon dey okay.

43So Jisos warn di man wel-wel as e dey go sey,

44"Mak yu nor tel enibodi abaut wetin hapun so, bot go show yorsef to di prist. And mak evribodi for no sey yu don klin, mak yu tak di ofrin wey Mosis komand, folo bodi.”

45Bot as di man dey go, e kon bigin shaut for evriwer dey spread di stori, sotey Jisos nor fit enta eni tawn again, so e kon dey stay wer pipol nor dey. Bot pipol stil dey kom mit am from evriwer.

Mark 2

1Afta som days, wen Jisos go bak to Kapanum, news spread sey e dey haus.

2Meni pipol kon gada and di haus ful sotey space nor dey to enta or stand near di door. So Jisos kon bigin prish God wod giv dem.

3Som pipol kon kari won man wey paralaiz kom.

4As dem nor si road pas kom mit Jisos, bikos pipol plenti der, dem kon rimov di zink on-top di haus for wer Jisos sidan, den dem kon smol-smol drop di bed wey di man laidan put til e rish groun.

5Wen Jisos si as dia fate strong rish, e kon tel di man wey paralaiz, "My pikin, I forgiv yu all yor sins.”

6So som law tishas wey sidan der kon dey tink wetin Jisos tok for dia maind dey sey,

7"Why dis man dey tok laik dis? E dey shalenge God! Hu fit forgiv sins esept God?”

8At wons, Jisos no wetin dem dey tink for dia maind, so e kon ask dem, "Why una dey tink laik dis?

9"Wish won eazi pas to tok? 'I forgiv yu yor sins,' or 'Get up, kari yor bed mak yu waka?’

10"Bot mak dem for no sey Man Pikin get pawa for dis wold to forgiv sins, Jisos kon tel di man wey nor fit waka,

11'I tel yu, get up, kari yor bed, mak yu go yor haus.'“

12At wons, di man get up, kari en bed kon waka komot for dia front. Dem sopraiz wel-wel kon dey praiz God dey sey, "Wi neva si dis kaind tin bifor!”

13Jisos kon go di wotasaid again and pipol kom mit am for der, so e kon start to tish dem.

14As e dey waka for road, e kon si Levi, Afius pikin, sidan for wer dem dey kolet tax. E tel am, "Mak yu folo mi." So Levi get up kon folo Jisos.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

15As Jisos dey chop for Levi haus, meni tax koletors and sinas dey chop wit en and en disaipols, bikos di pipol wey folo am, plenti.

16Wen di law tishas and di Farisi pipol si sey e dey chop wit sinas and tax koletors, dem kon ask en disaipols, "Why una oga dey chop wit tax koletors and sinas?”

17Wen Jisos hear dis, e kon tel dem, "Pipol wey wel nor nid doktor, bot na doz wey nor wel nid am. Nor bi gud pipol I kom kol, bot na sinas I kom for.”

18Naw, Jon di Baptist disaipols and di Farisi pipol dey fast. So dem kom mit Jisos sey, "Why Jon disaipols and di Farisi pipol dey fast, bot yor disaipols nor dey fast?”

19Jisos ansa dem, "Pipol wey kom marage nor sopoz to fast wen di man wey dey mari dey wit dem, abi dem sopoz to? So-far di man wey dey mari dey wit dem, dem nor nid to fast.

20"Bot di taim dey kom wen dem go tak di man wey dey mari from dem, by dat taim, dem go fast.

21"Nobodi dey tear new klot tak pash old won, oda-wise di pash go tear di klot more and di hol go big pas as e bi bifor.

22"Nobodi dey pour new wine insaid wine bag wey don old; if not, di new wine go tear di bag, di wine go trowey and di bag go spoil. Insted, na insaid new wine bag dem dey pour new wine put.”

23Jisos kon dey waka pas di farm wer dem plant corn put for Sabat Day and en disaipols kon plok som corn as dem dey pas.

24So di Farisi pipol kon tel am, "Si, why yor disaipols dey break awa law for Sabat Day?”

25Jisos ansa dem, "Una neva read wetin David doh wen en and en men nor si fud chop?

26"Haw en and en men enta God haus wen Abiata bi High Prist kon chop di holi bread wey onli prists sopoz chop?”

27Jisos kon tel dem, "God mak Sabat Day to help pipol, bot nor bi sey mak Sabat kontrol pipol life.

28So, na God Pikin bi Sabat Oga."

Mark 3

1Wen Jisos enta di sinagog again, won man wey en hand die, dey der.

2Di Farisi pipol kon dey luk Jisos wit kona eye weda e go heal di man for Sabat Day, so dat dem go si wetin dem go tak akuiz am.

3So Jisos tel di man, "Mak yu stand for senta mak evribodi si yu.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4Jisos kon ask, "E gud mak wi du gud or bad tin for Sabat Day? Mak wi save or distroi pesin?" Bot dem nor ansa.

5So Jisos ves kon luk dem roun, bikos dia heart strong wel-wel, den e tel di man, "Stresh yor hand." So di man stresh en hand and di hand kon wel again.

6Den di Farisi and Herod pipol kon kwik-kwik go outsaid go plan haw dem go tak kil Jisos.

7Den Jisos komot wit en disaipols go di wotasaid and plenti pipol from Galili folo am. Pipol from Judea,

8Jerusalem, Idumia, som from akros Jordan Riva and aroun Tyre and Sidon kom mit am wen dem hear abaut di tins wey e dey du.

9Bikos of di pipol, Jisos kon tel en disaipols mak dem priper won smol boat for am, so dat pipol nor go push am enihaw.

10Jisos kon heal meni pipol, so all di pipol wey nor wel kon dey push ish oda, so dat dem go fit tosh am.

11And enitaim evil spirit wey dey insaid som pipol bodi si Jisos, dem go fal for en front dey shaut, "Yu bi God Pikin."

12Bot Jisos kon warn dem wel-wel mak dem nor let pipol no hu e bi.

13Jisos klimb go on-top mountin kon kol di pipol wey e wont, mak dem kom mit am for der.

14E kon shuz twef (wey e kol apostols), so dat dem go dey wit am and e go fit send dem go prish.

15E kon giv dem pawa to driv dimons komot.

16Na di twef wey e shuz bi dis: Saimon wey e kol Pita,

17James and en broda Jon wey bi Zebedi shildren wey Jisos dey kol "Boanerges (wey min 'Thunda shildren');"

18plus Andru, Filip, Batlomi, Matiu, Tomas, James wey bi Afius pikin, Tadius, Saimon wey dem dey kol Zilot (pesin wey dey fite for en kontri),

19and Judas Iskarot, wey sel Jisos giv en enimis.

20Jisos go haus and plenti pipol kon gada am sotey en and en disaipols nor fit chop.

21Wen Jisos famili hear wetin dey hapun, dem kon go hol am, bikos pipol dey sey, "E don dey krase."

22Di law tishas wey kom from Jerusalem sey, "Belzibub dey insaid am" and "Na dimon pawa e tak dey driv dimons komot from pipol bodi."

23So Jisos kon tok to di pipol for parabol sey: "Haw Satan go fit tak driv Satan komot?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

24"Eni kindom wer pipol dey fite ish oda, nor go fit stand.

25"And eni famili wey dey fite demsef, go skata.

26"So, if Satan kindom divide against ensef, e nor go fit stand and en end don rish.

27"Nobodi go fit enta strong man haus tif en propati, unles e first tie di strong man, bifor e go fit tif en tins.

28"I tel una tru wod, God go forgiv pipol di sins wey dem komit and all di bad wod wey dem tok.

29"Bot enibodi wey tok bad wod against di Holi Spirit, God nor go eva forgiv am, bikos e don komit sin wey go last foreva."

30Jisos tok so, bikos som pipol sey, "Evil spirit dey insaid am."

31Jisos mama and en brodas kom mit am. Dem stand for outsaid kon send pesin go kol am.

32Di pipol wey sidan near Jisos kon tel am, "Yor mama and yor brodas dey outsaid, dem won si yu."

33Bot Jisos ansa dem, "Hu bi my mama and my brodas?"

34Den e kon luk di pipol wey sidan roun am, tel dem, "Na my mama and my brodas bi dis pipol!

35"Bikos enibodi wey du wetin God wont, na-im bi my broda, sista and mama."

Mark 4

1Again, Jisos kon bigin tish pipol for di wotasaid. Since pipol wey gada roun am meni, e kon enta boat dey tish di pipol as dem sidan for groun near di wota.

2E kon tish dem meni tins for parabol sey:

3"Mak una Listin! Won farma go plant sid for en farm.

4"As e dey plant, som sid fal for road and birds kom chop dem.

5"Odas fal for wer stones and sand dey. Dem kwik grow kom out, bikos gud soil nor dey der.

6"Wen sun kom out, e burn di plant, bikos dem nor get deep root, dem kon die.

7"Odas fal for wer shuku-shuku dey and wen dem grow kom out, di shuku-shuku, shuk dem die.

8"Bot odas fal for beta groun. Dem grow wel kon bear oda sids, som bear rish tati, som sisti and som ondred."

9Jisos kon sey, "Enibodi wey get ear, mak e hear wetin I dey tok!"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

10Wen Jisos dey alone, pipol wey dey wit am and en twef disaipols kon ask am abaut di parabol.

11E kon tel dem, "God don show una di kindom sikrit. Bot doz wey dey outsaid God Kindom, na parabol e bi for dem,

12so dat dem go dey luk, bot dem nor go si, dem go dey hear, bot dem nor go undastand and dem nor go fit turn from dia sin kom mit God mak E forgiv dem."

13Jisos kon ask dem, "Una nor undastand dis parabol? Den haw una go tak undastand eni oda parabol?

14"Na God wod di farma dey plant.

15"Som pipol bi laik di sid wey fal for road: enitaim dem hear God wod, Satan go kom tif-am from dem kwik-kwik.

16"Som bi laik di sids wey fal for wer stones and sand dey: as dem hear God wod, dem go risiv am wit hapines,

17and bikos dem nor get root and patient, wen trobol or wahala kom bikos of di wod, dem go forget God wod.

18"Odas bi laik di sids wey fal for wer shuku-shuku ful: dem hear di wod,

19bot trobol for life, big eye for moni and di way dem dey run folo oda tins, go kon blok di wod and e nor go bear enitin for dia life.

20"Bot di wons wey fal for beta groun, na doz wey hear di wod kon risiv am and bear meni fruts, som bear rish tati, som sisti and som ondred."

21Jisos stil ask dem, "Pipol dey hide lamp for unda basket? Nor bi on-top di place wer dem dey kip lamp, dem sopoz put am?

22"E nor get wetin pipol hide wey God nor go show and e nor get wetin dey for sikrit naw, wey nor go kom out for opun.

23"If enibodi get ear, mak e hear wetin I dey tok!"

24Jisos kon tel dem, "Mak una dey kareful for wetin una dey hear, bikos na wetin yu yuz tak measure giv oda pipol, na-im God go tak measure for yu tu and E go add join am.

25"Bikos enibodi wey get, God go gi-am more, bot enibodi wey nor get, ivun di smol won wey e get, God go tak am from am."

26Jisos kon sey, "God Kindom bi laik pesin wey skata sid for groun.

27"Di pesin go dey slip and dey wak-up day and nite, di sid kon grow kom out, ivun doh di man nor no haw e hapun.

28"As plant dey grow from groun, di bodi go first kom out, den di head go bear frut and sid go kom out from insaid.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

29"Wen e ripe, di farma go kut am, bikos di taim to plok wetin e plant, don rish."

30Jisos kon ask dem, "Wetin wi go tak kompare God Kindom? Wish parabol wi go fit yuz tak show as e bi?

31"E bi laik mustard sid wey bi di sid wey smol pas for di wold, wey pesin plant for groun.

32"Afta dem don plant am, e go grow kon big pas all di oda plants and en bransh go big and birds go land kon build dia nest for der."

33Na wit meni parabol laik dis won, Jisos tak prish God wod to dem, so dat dem go fit undastand.

34E nor get wetin e tel dem wey e nor yuz parabol. Bot wen onli en and di disaipols dey, e dey explain evritin giv dem.

35Wen evenin rish dat day, Jisos kon tel en disaipols, "Mak wi kros go di oda side for di riva."

36So afta dem liv di pipol, dem kon enta di boat wey Jisos sidan and oda boats stil dey der wit dem.

37Den, strong briz kon dey blow and wota dey enta di boat, so di boat kon dey won sink.

38Bot Jisos put en head for pilow dey slip insaid di boat. Dem kon kol am dey sey, "Tisha, yu nor ivun kare sey wi won die?"

39So Jisos get up kon komand di briz, den e tel di riva, "Mak yu kwayet!" Di briz stop and evriwer kon kwayet at wons.

40Den Jisos tel dem, "Why una dey fear? Una stil nor get fate?"

41Fear kash dem wel-wel and dem kon dey ask ish oda, "Hu dis man bi sef? Ivun briz and riva dey obey am!"

Mark 5

1So Jisos and en disaipols kon kros go di oda side for di riva for Gerasenes aria.

2As Jisos jos dey kom dan from di boat, won man wey get evil spirit kon kom out from di beria groun, run kom mit am.

3Na insaid beria groun di man dey stay and nobodi dey fit tie am, ivun wit chain.

4Bikos dem don tie en hand and leg meni taims wit chain and handkoff, bot e kut dem trowey. Nobodi strong rish to hol am.

5Evriday and nite for di beria groun near wer mountin dey, e dey shaut, dey yuz stone dey kut en bodi.

6Wen e si Jisos dey kom from far, e run go mit am kon bow dan for en front.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Den e kon shaut, "Mak yu liv mi, Jisos, yu wey bi Almighti God Pikin! I tak God beg yu, nor sofa mi!”

8(Bikos Jisos don tel di dimon bifor sey, "Komot from dat man bodi!")

9Jisos ask am, "Wetin bi yor name?" E ansa, "My name na 'Legion,' bikos wi plenti.”

10E kon beg Jisos mak e nor driv dem komot from di aria.

11For di mountin-side, plenti pig dey der dey chop.

12So di dimon kon beg Jisos sey, "Oga, mak yu alow us enta di pig dem bodi.”

13So Jisos kon alow dem. So di evil spirit kom out from di man kon enta di pig dem. Den di pig dem run pas won low place enta di riva and dem rish tu tazon (2000) wey die insaid di wota.

14So, di men wey dey gaid di pigs for der kon run go spread di news for di tawn and pipol for di aria kon go luk wetin hapun.

15Wen dem kom mit Jisos, dem kon si di man wey dimon dey insaid am bifor sidan for der, e wear klot and en head koret, so fear kash dem.

16Pipol wey si wetin hapun to di man wey get dimon bifor kon tel odas wey kom.

17Den dem beg Jisos mak e komot for dia aria.

18As Jisos dey enta boat, di man wey get dimon bifor kon ask weda e fit folo am.

19Bot Jisos nor gri mak di man folo dem. Insted e tel am, "Go yor haus go mit yor pipol and mak yu tel dem wetin God don doh for yu, bikos God don sori for yu.”

20So di man kon go, bigin tok for di hol vilage abaut wetin God du for am and evribodi wey hear am, sopraiz wel-wel.

21Wen Jisos don kros go di oda side wit boat, plenti pipol kon gada roun am for di wotasaid.

22Den, won oga for di sinagog wey en name bi Jairus kon kom and wen e si Jisos, e fal for en front

23dey beg am sey, "My smol dota don nearli die. Mak yu kom tosh am, so dat e go wel again.”

24Jisos and plenti pipol kon folo am and di pipol dey push Jisos from evri kona.

25E get won wuman among dem wey don dey mestrate for twef years naw.

26Dis wuman don sofa wel-wel for meni doktor hand and e don spend all di moni wey e get, bot insted of am to wel, di siknes kon dey wos more-more.

27Wen e hear abaut Jisos, e waka go wer Jisos dey kon manage tosh en klot.

28Bikos e tok for en maind sey, "If I go fit tosh en klot, I go wel.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

29At wons, di blood kon stop and e feel am for en bodi sey e don wel.

30Na wons, Jisos no sey pawa komot for en bodi. E kon turn roun ask di pipol, "Hu tosh my klot?”

31En disaipols kon ansa am, "Yu si all dis plenti pipol dey push yu and yu dey ask, 'Hu tosh mi?"“

32Bot e kon dey luk evriwer mak e for si di pesin wey tosh am.

33Fear kash di wuman wen e no wetin hapun to am, so e kom mit Jisos, nil dan for en front kon tel am evritin wey hapun.

34So Jisos tel am, "My pikin, yor fate don mak yu wel. Mak peace folo yu and mak yu wel finish.”

35As Jisos stil dey tok, pipol from Jairus haus kon kom, tel am sey, "Yor dota don die. Why yu stil dey wori di Tisha?”

36Jisos nor listin to dem, bot e kon tel di man, "Mak yu nor fear, bot mak yu jos biliv.”

37Jisos nor let enibodi folo am esept Pita, James and Jon, wey bi James broda.

38Dem kon rish Jairus haus kon si plenti pipol dey mak nois, dey krai.

39Wen Jisos enta, e tel dem, "Why una dey krai laik dis? Di pikin neva die, e jos dey slip.”

40Dem kon dey laff am. Jisos driv dem go outsaid, kon tak di pikin mama and papa wit di disaipols wey folo am, go insaid di room wer di pikin dead-bodi dey.

41Den e hol di pikin hand smol-smol, kon tel am, "Talita kumi," wey min "Smol girl, get up.”

42Di girl (wey bi twef years dat taim) kon get up at wons bigin waka roun di haus. Evribodi sopraiz for wetin hapun.

43Bot Jisos warm dem wel-wel sey, mak dem nor let enibodi no wetin hapun so, den e kon tel dem mak dem giv di pikin fud chop.

Mark 6

1Jisos kon komot for dat place go en home tawn wit en disaipols.

2Wen Sabat Day rish, e kon start to tish for di sinagog. Meni pipol wey hear am sopraiz, dey sey, "Wer e for get dis kaind sense? Wish kaind wisdom God gi-am? And wetin bi all dis mirakol wey e dey doh so?

3"Nor bi di kapinta pikin, wey bi James, Joses, Judas and Saimon broda? Nor bi en sistas dey wit us so? Nor bi Mary bi dia mama?" So dem kon dey ves for am.

4Den Jisos kon tel dem, "Na onli for profet tawn, among en own pipol and for en own famili na-im di profet nor dey get respet.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5Jisos nor fit doh eni mirakol for der, so e onli tosh som sik pipol kon heal dem.

6Jisos sopraiz, bikos dem nor biliv am. So e komot from der go oda vilage wey near der kon tish dem.

7Jisos kol di twef disaipols kon send dem tu-tu go out. E giv dem pawa to driv evil spirits komot from pipol bodi.

8E tel dem mak dem onli tak dia wokin stick for di joni. E sey mak dem nor kari bread, bag or moni folo bodi.

9E stil sey, "Una fit wear shu, bot mak una nor kari extra klot

10and eni haus wey una enta, mak una stay der ontil una komot for di place.

11"If dem nor welkom una or listin to wetin una dey tok for eni place, mak una shake di sand komot from una leg as una dey liv der, to show sey dem rejet di mesage."

12So, dem go out kon prish sey mak evribodi turn from sin kom mit God .

13Dem driv meni dimon komot from pipol bodi and pour oil for meni pipol wey nor wel head kon heal dem.

14King Herod kon hear wetin dey hapun, bikos pipol don no Jisos name wel-wel. Som pipol sey, "Jon wey dey baptaiz don wak-up from deat and bikos of dis, e don get pawa to doh mirakols."

15Odas sey, "Na Elija e bi." Som kon sey, "E bi laik won profet wey dey bifor."

16Bot wen Herod hear am, e sey, "Jon wey I sey mak dem kut en head komot, don wak-up from deat!"

17Na Herod send men go arres Jon put for prizin, bikos of Herodias, en broda Filip wife wey e mari.

18Bikos Jon don tel Herod plenti taims sey, "E nor gud as yu mari yor broda wife."

19So Herodias kon get bad bele for Jon and e won kil-am, bot e nor fit.

20Herod dey fear Jon wel-wel, so e dey protet am, bikos e no sey Jon na holi man wey dey du wetin God laik. Enitaim Herod hear Jon dey prish, en maind go dey wori am, bot e stil dey laik to listin to am.

21Bot won day wen Herod dey du en betday, en ofisas, en sojas oga dem and di lidas for Galili, dey der wit am.

22Wen Herodias dota kom dance, Herod and di pipol wey e invait kon dey hapi wel-wel. So di king kon tel di girl, "Mak yu ask mi for enitin wey yu wont and I go giv yu."

23Herod kon swear sey, "Mak yu ask mi for enitin wey yu wont and I go giv yu, ivun if e go rish haf of my kindom."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

24So di girl go outsaid go ask en mama, "Wetin I go ask for?" Di mama ansa am, "Mak yu ask for Jon di Baptist head.”

25Kwik-kwik e rush go mit di king kon tel am wetin e wont, "I wont Jon di Baptist head for plate naw.”

26Ivun doh e pain di king wel-wel, e nor won rejet wetin di girl ask, bikos e don swear for di present of di pipol wey e invait.

27So di king send di soja wey dey kil kriminas, mak e go bring Jon head kom. So di man go insaid di prizin, go kut Jon head komot.

28E put di head for plate kon giv di girl and di girl go gi-am to en mama.

29Wen Jon disaipols hear wetin hapun, dem kom kari en bodi go bere.

30Den di disaipols gada roun Jisos kon tel am evritin wey dem don du and tish.

31Jisos kon tel dem, "Mak una folo mi mak wi go res for somtaim", (Bikos meni pipol dey-kom-dey-go and taim nor dey to chop).

32So onli dem kon enta boat go won place wer pipol nor dey.

33Bot meni pipol si dem wen dem dey go, so di pipol kon run wit leg from all di tawns kon first Jisos and en disaipols rish di place.

34Wen Jisos kom dan from di boat, e si plenti pipol and e kon sori for dem, bikos dem bi laik anima wey nor get hu dey luk afta dem. So e kon tish dem meni tins.

35Wen day don dey dak, en disaipols kom mit am sey, "Dis na place wey pipol nor dey stay and day don dey dak.

36"Mak yu send dis pipol go buy wetin dem go chop for di tawn and vilage wey near here.”

37Bot Jisos ansa, "Mak una giv dem somtin chop." Dem kon sey, "Mak wi go tak tu ondred silva koins buy bread giv dem chop?”

38Jisos kon ask dem, "Haw meni bread una get? Mak una go shek." Wen dem don shek, dem kon ansa, "Na faiv bread wit tu fish.”

39Jisos kon tel di pipol mak dem share diasef into grup, sidan for grass.

40So dem sidan for difren-difren grup, ondred-ondred, fifti-fifti.

41Jisos tak di faiv bread and tu fish, e luk hevun kon tank God, den e divide di bread. E giv en disaipols mak dem-share am for di pipol and e kon divide di tu fish among dem tu.

42All of dem chop beleful

43and wen dem gada di fish and bread wey rimain, twef basket ful.

44Di pipol wey chop di bread, rish faiv tazon men.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

45So Jisos tel en disaipols mak dem enta boat kros go di oda side for Betsaida, den e send di pipol go haus.

46Afta e don tel dem bye-bye, e kon go pray for won mountin.

47Wen evenin rish, di boat don rish di sea senta, bot Jisos stil dey alone for land.

48E si en disaipols dey yuz all dia pawa dey padol di boat, bikos di briz strong wel-wel. As mornin won rish, Jisos waka kom mit dem, laik sey e won pas dem.

49Wen dem si-am dey waka on-top di wota, dem tink sey na ghost. Dem kon dey shaut,

50bikos as dem si-am, fear kash dem. Bot Jisos tel dem, "Mak una heart nor shake! Na mi. Mak una nor fear."

51Den Jisos enta di boat wit dem, den di briz kon stop. Dem kon sopraiz wel-wel,

52bikos dem konfuz and dem nor undastand haw Jisos tak fid faiv tazon pipol.

53Afta Jisos and en disaipols don kros di riva, dem kon rish Genesaret, den dem tie dia boat for der.

54As dem kom dan from di boat, pipol kon si sey na Jisos bi dat.

55Di pipol run pas all di aria, kari di pipol wey nor wel for mat go wer dem hear sey Jisos dey.

56Eniwer wey Jisos go, weda na vilage or tawn or farm, dem go kari di pipol wey nor wel for dia market place kon ask Jisos weda dem go fit tosh en klot and evribodi wey tosh am, kon wel.

Mark 7

1Di Farisi pipol and som law tishas, wey kom from Jerusalem gada for wer Jisos dey.

2Dem kon si sey Jisos disaipols dey chop bread wen dem neva wosh dia hand.

3(Bikos di Farisi and Ju pipol, nor dey chop unles dem wosh dia hand akordin to dia tradishon.

4And wen dem kom bak from market, dem nor dey chop unles dem first wosh dia hand. Dem stil dey folo meni oda tradishons, laik to wosh cup, ketol and chair wey dem dey sidan put chop.)

5Di Farisi pipol and di law tishas kon ask Jisos, "Why yor disaipols nor dey du akordin to awa tradishon, bot insted dem dey chop wit dirti hand?"

6Jisos ansa dem, "Di tin wey Isaia profesai abaut una, na tru, bikos una dey pritend, as dem rite for God wod, 'Dis pipol dey praiz Mi wit dia mout, bot dia heart dey far from Mi.

7'Dem dey woship Mi for nor-tin, dey tish sey mak pipol obey humanbin law.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

8'Dem nor dey respet God law, bot dem dey obey humanbin law.'“

9Jisos stil tel dem, "Una rejet God komandment, so dat una go fit kip una own.

10"Bikos Mosis sey, 'Mak yu respet yor papa and mama' and 'Enibodi wey kos en papa or mama, dem must kil-am.’

11"Bot if enibodi tel en papa and mama sey, 'Di moni wey I sopoz giv yu, I don giv God,’

12so una nor go let di pesin du gud tin for en mama or papa.

13"Na so una dey yuz una tradishon wey una dey tish pipol tak dey spoil God wod. And una stil dey du meni tins laik dis.”

14Den Jisos kol di pipol again sey, "Evribodi, listin to mi mak una for undastand wetin I dey tok.

15"Nor bi wetin enta insaid pesin bodi go mak am dirti for God eye, insted na wetin kom out from en mout, dey mak am dirti.

16"Enibodi wey get ear, mak e hear wetin I dey tok.”

17Wen Jisos liv di pipol enta haus, en disaipols kon ask am abaut di parabol.

18E kon tel dem, "Na so una fool rish? Una nor no sey enitin wey from outsaid enta pesin bele nor go fit mak am dirti for God eye?

19"Bikos nor bi di pesin heart e dey enta, na en bele and e go shit am komot. (Dis won min sey all fud dey klin.)”

20Jisos kon sey, "Wetin kom out from insaid pesin, naim dey mak am dirti.

21"Bikos to slip wit hu yu nor mari, to tif, to kil pesin,

22to slip wit anoda pesin husban or wife, longtrot, evil tins, to disiv pesin, to dey misbihav, jelosi, to spoil anoda pesin, to kari bodi up and to du foolish tins, na from insaid pesin heart all dis bad-bad tins dey from kom.

23"All dis evil tins dey kom from insaid pesin and na dem dey mak pesin dirti for God eye.”

24Afta Jisos komot from der, e kon go di aria wey dem dey kol Tyre. Wen e enta won haus, e nor wont mak enibodi no sey e dey der, bot e nor fit hide.

25Won wuman wey evil spirit dey wori en dota kon hear abaut Jisos and e kom mit am kon fal for en front.

26Di wuman na Greek wey kom from Fonicia for Syria. E kon beg Jisos mak e driv di dimon komot from en pikin bodi.

27Bot Jisos tel am, "Mak di shildren chop beleful first, bikos e nor gud to tak shildren fud giv dog.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

28Di wuman ansa, "Yes, Oga, bot ivun dogs dey chop di smol-smol fud wey dey fal from shildren plate."

29Jisos kon tel am, "Since yor fate strong rish to tok laik dis, mak yu dey go. Di dimon don komot from yor pikin bodi."

30Wen di wuman rish haus, e kon si en pikin slip for bed and di dimon don liv am.

31Den Jisos komot from Tyre kon pas Sidon go Galili Sea for Decapolis aria.

32Som pipol kari won man wey nor dey hear or tok kom mit am sey mak e tosh di man wit en hand.

33Wen Jisos don tak di man go kona for wer pipol nor dey, e kon put en tu fingas insaid di man ear, e spit for en hand kon tosh di man tongue.

34Den e luk hevun kon sey, "Effata" (wey min, "Mak yu opun").

35At wons, di man ear opun, en tongue luz and e kon start to tok.

36Jisos kon sey mak dem nor tel enibodi wetin hapun. Bot dem kon dey tok am for evriwer.

37Pipol sopraiz wel-wel dey sey, "Jisos don du evritin wel. E ivun mak di pipol wey nor dey hear, hear and pipol wey nor fit tok, e don mak dem dey tok."

Mark 8

1Dat taim, plenti pipol gada and nor-tin dey for dem to chop. So Jisos kon kol en disaipols tel dem,

2"I dey sori for dis pipol, bikos dem don dey here wit mi for tiri days naw and dem nor get enitin to chop.

3"If I send dem go wit hunga, dem go faint for road and som of dem kom from far place."

4Jisos disaipols kon sey, "Wer pesin go fit si bread buy wey go rish dis pipol chop, since pipol nor dey stay dis place wey bi desert?"

5Jisos ask dem, "Haw meni bread una get?" Dem ansa, "Na sevun."

6Den Jisos sey mak di pipol sidan for groun. Afta e tak di sevun bread tank God, e kon divide am giv en disaipols, sey mak dem share am for di pipol.

7Dem stil get som smol-smol fish tu and afta Jisos don tank God, e kon tel en disaipols mak dem share am for di pipol tu.

8Evribodi chop beleful and di won wey dem gada, ful sevun basket.

9All di pipol wey chop rish for tazon men. Den, Jisos kon send dem go haus.

10En and en disaipols kon enta boat go Dalmanuta aria.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11Di Farisi pipol kon dey argue wit Jisos sey mak e show dem sign from hevun, bikos dem won trai am.

12Jisos kon ask dem, "Why pipol for dis wold naw dey ask for sign? Mak I tel una tru wod, dem nor go get eni sign".

13Den e kon liv dem enta boat go di oda side.

14Jisos disaipols forget to tak bread join di wons wey dey wit dem insaid di boat.

15Jisos kon tel dem, "Mak una shine una eye, so dat una go gaid unasef against di Farisi pipol and Herod yist!”

16So, dem kon dey tok to ish oda abaut di bread wey dem nor tak folo bodi.

17Wen Jisos no wetin dem dey tok, e kon tel dem, "Why una dey tok abaut bread wey una nor tak? Una nor dey si or undastand? Na so una foolish rish?

18"Una get eye, bot una nor fit tak am si? Una get ear, bot una nor fit tak am hear? Una nor dey rimemba enitin at-all?

19"Wen I divide faiv bread for faiv tazon pipol, haw meni basket una gada wen di pipol don chop finish?" Dem ansa, "Na twef.”

20"Den, wen I divide sevun bread for for tazon pipol, haw meni basket una gada wen di pipol don chop finish?" Dem ansa, "Na sevun.”

21Den Jisos tel dem, "Una neva stil undastand?”

22Wen dem rish Betsaida, dem bring won man wey nor dey si kom mit Jisos mak e tosh am.

23E hol di man for hand kon tak am go outsaid di vilage. Jisos spit for di man eye kon tosh am, den ask am, "Yu dey si enitin?”

24Di man luk up kon sey, "Yes, I dey si pipol, bot dem bi laik tri wey dey waka abaut.”

25Jisos tosh di man eye again. Di man eye kon opun and e kon dey si wel-wel.

26E kon tel di man mak e dey go en haus, bot e warn am sey, "Mak yu nor go insaid di vilage again.”

27Jisos and en disaipols kon go di vilage dem wey dey Sizeria Filipai. As dem dey go for road, e kon ask en disaipols, "Na hu pipol dey sey I bi sef?”

28Dem kon sey, "Som sey yu bi Jon di Baptist, odas sey, yu bi Elija and som stil sey, yu bi won for di profets.”

29Jisos kon ask dem, "Bot hu una sey I bi?" Pita kon ansa, "Yu bi di Mezaya.”

30Den e warn dem mak dem nor tel enibodi hu e bi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

31Den Jisos bigin tish dem sey, "Man Pikin must sofa meni tins, bikos di eldas, prist oga dem and di law tishas go kil-am and afta tiri days, e go wak-up from deat.

32As e nor hide dis tins from dem, Pita kol am go kona kon tel am, "Wetin yu dey tok so nor gud o-o.”

33Bot Jisos turn luk en disaipols kon shaut for Pita, "Satan! Mak yu go my bak, bikos yu nor put yor maind for wetin God wont. Na wetin humanbin wont, na der yor maind dey.”

34Den Jisos kol di pipol wit en disaipols kon tel dem, "If enibodi won folo mi, e must denai ensef, kari en kros, den kon folo mi.

35"Bikos enibodi wey won save en life, go luz am and enibodi wey luz en life bikos of mi and dis gospol, go save am.

36"Wetin pesin go gain if e get di hol wold and e luz en soul?

37"Wetin pesin fit yuz tak eshange en life?

38"If enibodi shame for mi and wetin I dey tish for dis wold wey wiked and ashawo pipol dey, Man Pikin go shame for am tu, wen e go kom bak for en Papa and en holi angels glori.

Mark 9

1Jisos kon tel dem, "I tel una tru wod, som pipol dey here wey nor go die ontil dem don si God Kindom and en pawa.”

2Afta sis days, Jisos, Pita, James and Jon kon go won high mountin. E kon shange for dia front,

3en klot kon dey shine wel-wel and e white pas haw eni dry-klina go fit wosh am.

4Den Elija and Mosis kon apier for dia front dey tok wit Jisos.

5So, Pita tel Jisos, "Tisha, e gud mak wi stay here. Mak wi build tiri canopi, won for yu, won for Mosis and won for Elija.”

6(Dem dey fear and dem nor no wetin to tok.)

7Den, kloud kon kova dem and won vois kon tok from di kloud sey, "Dis na My onli pikin wey I luv. Mak una listin to am!”

8Wen dem luk roun, dem nor si enibodi esept Jisos.

9As dem dey kom dan from di mountin, Jisos kon tel dem mak dem nor tel enibodi wetin dem si, ontil Man Pikin go don wak-up from deat.

10Den dem kon dey tok wit ish oda abaut wetin dis "Wak-up from deat" min.

11Dem kon ask Jisos, "Wetin mak di law tishas dey sey Elija go first kom?”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

12Jisos ansa dem, "Tru-tru, Elija go first kom, mak e for priper evritin. Naim mak dem rite for God wod sey, 'Man Pikin must sofa meni tins and dem must hate am?'

13"Bot I dey tel una naw sey, Elija don kom tru-tru and dem don du-am wetin dem laik, jos as God tok for en wod.

14Wen Jisos, Pita, James and Jon kom mit di oda disaipols, dem si meni pipol and di law tishas gada, dey argue wit dem.

15Wen di pipol si Jisos, dem sopraiz kon run kwik-kwik go grit am.

16Jisos ask dem, "Wetin una dey argue abaut?"

17Won pesin among di pipol kon ansa, "Tisha, I bring my pikin wey get dimon wey dey mak am nor fit tok, kom mit yu.

18"Enitaim di spirit seize am, e go trow am dan and e go dey bring foam from en mout, dey grind en tit and en bodi go kon strate. I tel yor disaipols mak dem driv di dimon komot, bot dem nor fit."

19Jisos kon ask en disaipols, "Una wey nor biliv! Haw long I go stay wit una? Haw long I go dey bear wit una? Mak una bring di boy kom mit mi."

20So, dem tak di boy go mit am. Wen di spirit si Jisos, e kwik-kwik trow di boy for groun kon mak am dey shake. Di boy fal for groun, dey rol and foam dey komot from en mout.

21Jisos ask di boy papa, "Since wen dis tin don dey du-am?" Di papa kon ansa, "Na since e bi smol pikin.

22"Di spirit dey always trow am insaid fire or wota mak e for die. Bot if yu go fit du enitin, mak yu sori for am and help us."

23Den Jisos ask am, "Yu min, 'If I fit?' Evritin dey posibol for di pesin wey biliv."

24Kwik-kwik di boy papa kon shaut, "I biliv o-o! Help mi mak I biliv more-more!"

25Wen Jisos si sey pipol dey gada, e kon tel di evil spirit, "Yu deaf and dumb spirit, I komand mak yu kom out from di boy and nor enta en bodi again."

26Di dimon shaut, shake di boy wel-wel kon komot from en bodi. Di boy slip for groun sotey meni pipol kon dey sey, "E don die!"

27Bot Jisos hol di boy hand smol-smol, kari am up and di boy kon stand-up.

28Wen e enta haus, en disaipols kon ask am, "Why wi nor fit driv di dimon komot?"

29Jisos ansa dem, "Na onli wit praya and fastin dis kaind won dey tak komot."

30Jisos and en disaipols kon komot from der pas Galili. Bot Jisos nor wont mak enibodi no,

31bikos e dey tish and tel en disaipols sey, "Dem go sel Man Pikin giv humanbin. Dem go kil-am and afta tiri days, e go wak-up again."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

32Bot di disaipols nor undastand wetin Jisos tok and fear nor let dem ask am wetin e
min.

33Dem kon rish Kapanum. So, wen Jisos don enta haus, e kon ask en disaipols,
"Wetin una dey tok for road?”

34Bot dem nor ansa, bikos wen dem dey kom for road, na hu big pas among dem, dem
dey argue abaut.

35Afta Jisos sidan, e kol en twef disaipols kon tel dem, "If enibodi among una won bi
first, e go bi di last and e go bi evribodi savant.”

36E kon kol won smol pikin stand for dia front. Den e hol di pikin hand, kon sey,

37"Enibodi wey welkom won of dis smol pikin bikos of mi, na mi e welkom and
enibodi wey welkom mi, nor bi mi alone e welkom, bot na my Papa wey send mi.”

38Jon kon tel am, "Tisha, wi si won man wey yuz yor name dey driv dimon komot
from insaid pipol bodi and wi kon trai to stop am, bikos e nor dey folo us waka.”

39Bot Jisos ansa dem, "Mak una nor stop am, bikos nobodi wey yuz my name du
mirakol go fit tok bad tin abaut mi.

40"Bikos enibodi wey nor dey against us, dey for awa side.

41"I tel una tru wod, enibodi wey giv yu cup of wota bikos yu dey folo mi, nor go eva
luz en riwod.

42"If enibodi mak won of dis smol pikin wey biliv mi komit sin, e go beta mak dem
tie big stone for en neck kon trow am insaid riva.

43"If yor hand go mak yu sin, mak yu kut am komot! E beta mak yu enta insaid God
Kindom wit won hand, dan to get tu hand kon enta hell fire wey nor go eva kwensh,

44di place wey get worm wey nor dey die and di fire nor dey kwensh.

45"If yor leg go mak yu sin, mak yu kut am komot. E beta mak yu enta God Kindom
wit won leg, dan to get tu leg kon enta hell fire wey nor dey eva kwensh,

46di place wey get worm wey nor dey die and di fire nor dey kwensh.

47"If yor eye go mak yu sin, mak yu pul am komot! E beta mak yu enta God Kindom
wit won eye, dan to get tu eye kon enta hell fire wey nor dey eva kwensh,

48di place wey get worm wey nor dey die and di fire nor dey kwensh.

49"God go trai evribodi wit fire.

50"Salt gud, bot if e nor get taste again, haw pesin go fit tak mak am swit? Mak una
get salt insaid una and mak una dey liv for peace wit ish oda."

Mark 10

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

1Jisos kon komot for dat place go Judea and Jordan Riva aria. Plenti pipol stil gada kom mit am. E kon bigin tish dem as e dey du evritaim.

2Den, som Farisi pipol wey won test am kon ask am, "E bad mak man driv en wife at-all?”

3Jisos ask dem, "Wetin Mosis komand una?”

4Dem ansa, "Mosis sey mak man rite leta to daivos en wife.”

5Bot Jisos tel dem, "E tel una to du so, bikos una heart strong wel-wel.

6"Bot from di taim God kreate di wold, na man and wuman naim E mak.

7"Na dis mak man dey liv en papa and mama go join en wife

8and di tu of dem go bikom won. So dem nor go bi tu again, bot dem go bi won bodi.

9"So, wetin God don join togeda, mak nobodi seprate am.”

10Wen dem enta di haus again, en disaipols kon ask am abaut di mata.

11Jisos ansa dem, "Enibodi wey driv en wife, den e go mari anoda wuman, don komit adultri.

12"And eni wuman wey liv en husban, den e go mari anoda man, don komit adultri tu.”

13Pipol kon dey bring shildren kom mit Jisos mak e tosh dem, bot en disaipols dey shaut for di pipol wey bring dem kom.

14Bot wen Jisos si wetin dey hapun, e ves kon tel en disaipols, "Mak una alow smol-smol shildren kom mit mi, nor stop dem, bikos na pipol laik dem, go enta God Kindom.

15"I tel una tru wod, enibodi wey nor risiv God Kindom laik smol shildren, nor go eva enta insaid.”

16Afta, Jisos draw di shildren near bodi kon bless dem.

17As Jisos dey waka for road, won man run kom mit am sey, "Gud Tisha, wetin I go du mak I for get life wey nor dey end?”

18Jisos ansa am, "Why yu dey kol mi gud? Nobodi gud esept God.

19"Yu no di komandment; nor kil pesin, nor slip wit pesin wey yu nor mari, nor tif, nor lai for pesin head, nor shit pesin, respet yor papa and mama.”

20Di man kon tel Jisos, "Tisha, I dey obey all dis law wit all my heart since I bi smol pikin.”

21As Jisos luk am, e kon feel for am, den e tel am, "E get won tin wey yu neva du. Go sel all wetin yu get, giv poor pipol di moni and yu go get plenti propati for hevun. Den mak yu kom folo mi.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

22Wen di man hear dis wod, e ves komot der, bikos e get plenti moni.

23Den Jisos luk roun kon tel en disaipols, "E go hard wel-wel for pipol wey get moni wel-wel to enta God Kindom!”

24Di disaipol sopraiz for wetin Jisos tok. Bot Jisos tel dem again, "My shildren, e go hard wel-wel to enta God Kindom o-o!

25"E go dey eazi for kamel to pas needo hol, dan for pipol wey get moni wel-wel to enta God Kindom.”

26Dem sopraiz more-more kon dey ask ish oda, "Den, hu God go save?”

27Jisos luk dem kon ansa, "Dis tins hard wel-wel for humanbin, bot nor bi for God, bikos evritin dey posibol for God.”

28Pita kon tel am, "Si! Wot of wi wey don liv evritin wey wi get, kon folo yu?”

29Jisos ansa, "I tel una tru wod, e nor get enibodi wey liv en haus, brodas, sistas, papa, mama, shildren or land bikos of di gospol,

30wey nor go risiv ondred taims more dan di haus, brodas, sistas, papa, mama, shildren and land wey e liv for dis wold. Aldoh e nor go eazi for dem, bot di life wey nor go end for di wold wey dey kom, go bi dia own.

31"Bot meni pipol wey bi first naw, go bi last and pipol wey bi last naw, go bi first.”

32Jisos and en disaipols kon dey go Jerusalem. As Jisos dey waka for dia front, di disaipols konfuz and doz wey dey folo dem kon dey fear, bikos dem nor no wetin go hapun for der. Jisos kol en twef disaipols go kona again kon bigin tel dem wetin go hapun to am.

33"Si, wi dey go Jerusalem and dem go sel Man Pikn giv di prist oga dem and di law tishas. Dem go kondem am and dem go giv am to di Gentai pipol.

34"Dem go laff am, spit for en bodi, flog am wel-wel kon kil-am, bot afta tiri days, e go wak-up.”

35Zebedi shildren, James and Jon, kom mit Jisos sey, "Tisha, wi wont mak yu du wetin wi won beg yu.”

36Jisos kon ask dem, "Wetin una wont mak I du for una?”

37Dem ansa, "Mak yu alow us sidan wit yu for yor kindom, won for yor rite and di oda for yor left hand.”

38Jisos ask dem, "Una no wetin una dey ask for so? Una go fit drink from di cup wey I go drink from? Abi una go fit bear di baptism wey dem go baptaiz mi?”

39Dem ansa, "Wi go fit." Den Jisos tel dem, "Una go rili drink from di cup wey I go drink from and una go fit bear di baptism wey dem go baptaiz mi,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

40bot nor bi mi go tok hu go sidan for my left or rite side, bikos e get di pipol wey God priper am for.”

41Wen di oda ten disaipols hear wetin Zebedi shildren tel Jisos, dem kon dey ves for dem.

42Jisos kon kol and tel dem, "Una no sey pipol wey dey rule di Gentai pipol dey du oga for dem and pipol wey dey high place dey yuz dia posishon dey opres pipol.

43"Bot nor bi so e sopoz bi among una. Enibodi wey won bi oga among una, must bi una savant

44and enibodi wey won bi first among una, must bi evribodi savant.

45"Bikos ivun Man Pikin nor kom mak dem serv am, bot e kom serv pipol and to giv en life mak meni pipol for dey save.”

46Dem kon go Jeriko. As Jisos and en disaipols wit plenti pipol dey komot for der, Bartimaeus wey bi Timaeus pikin, won begga wey blind, sidan for road dey beg.

47Wen e hear sey na Jisos wey kom from Nazaret dey pas, e kon bigin shaut, "Jisos Kraist, David pikin, mak yu sori for mi o-o!”

48Meni pipol kon dey shaut for am mak e kwayet, bot e kon dey shaut more-more sey, "David pikin, sori for mi o-o!”

49Jisos stop kon sey, "Kol am kom." So, dem tel di blind man, "Mak yu hapi! Get up bikos Jisos dey kol yu.”

50Bartimaeus trowey di klot wey e tak kova bodi kon jump-up go mit Jisos.

51Den Jisos ask am, "Wetin yu wont mak I du for yu?" Di blind man ansa, "Tisha, mak my eye opun, mak I for fit si again.”

52So, Jisos tel am, "Go, yor fate don heal yu." At wons, di man kon dey si and e kon folo Jisos.

Mark 11

1As Jisos and en disaipols won enta Jerusalem, dem kon rish Betpage and Betani wey near Mount Olives, so Jisos send en tu disaipols go for dia front

2kon tel dem, "Mak una go di vilage wey dey for front. As una enta, una go si won smol donkey wey dem tie for der, wey enibodi neva ride bifor. Mak una luz am kom.

3"If enibodi ask una, 'Why una dey luz am?' Mak una sey, 'Di oga nid am naw. Wi go bring am bak leta.'“

4So dem go kon si smol donkey wey dem tie near won door for road and dem kon luz am.

5Som pipol wey stand for der kon ask dem, "Why una dey luz dat smol donkey?”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

6Dem kon tok as Jisos sey mak dem tok, so di pipol kon let dem go.

7Dem bring di smol donkey kom mit Jisos kon spread dia klot on-top am, den Jisos kon sidan put.

8Meni pipol spread dia klot for road and som oda pipol spread palm leafs wey dem kut from bush.

9Di pipol wey dey front and di wons wey dey folo am for bak kon dey shaut, "Hosanna! God don bless di King wey dey kom wit en name.

10"God don bless awa papa David kindom wey dey kom. Hosanna, wi hail o-o!”

11Jisos enta Jerusalem kon go insaid di Tempol. Afta e don luk evritin wey dey der, e kon go Betani wit en twef disaipols, bikos day don dey dak.

12Di next day, as dem dey komot for Betani, Jisos kon dey hungri.

13E si won fig tri from far wey get plenti leafs, so e kon waka go luk weda frut dey for di tri. Wen e rish der, e si sey nor-tin dey di tri, na onli leafs e get, bikos fig season neva rish.

14E kon tel di tri, "Pipol nor go eva chop yor frut again." And en disaipols hear wetin e tok.

15Wen dem rish Jerusalem, Jisos enta di Tempol kon driv all di pipol wey dey sel and buy for di Tempol varanda. E trowey di pipol wey dey shange moni tabol and di pipol wey dey sel bird, e trowey dia chair tu.

16Jisos nor let enibodi tak enitin wey dem dey sel pas di Tempol varanda.

17Den e tel dem, "Dem rite am sey; 'Pipol go kol My haus, "Praya haus" for di hol wold. Bot una don turn am to tifi-tifi haus.'“

18Wen di prist oga dem and di law tishas hear wetin e tok, dem kon dey plan haw dem go tak kil Jisos, bot dem dey fear, bikos di pipol sopraiz for wetin e dey tish dem.

19Wen evenin rish, Jisos and en disaipols kon komot for di tawn.

20For mornin, wen Jisos and en disaipols dey pas, dem kon si sey di fig tri don dey die from en root.

21Pita rimemba kon tel Jisos, "Tisha, luk! Di fig tri wey yu kos yestiday don dey die.”

22Jisos kon tel dem, "Mak una get fate for God.

23"I tel una tru wod, if enibodi tel dis mountin, 'Komot from here go enta di sea' and di pesin nor get doubol maind, bot biliv sey wetin e tok go hapun, God go du-am for am.

24"Na dis mak mi dey tel una sey, enitin wey una pray and ask God for, mak una biliv sey una don get-am and e go bi una own.

25"Enitaim una dey pray, if una get enitin for maind against enibodi, mak una forgiv am, so dat una Papa wey dey hevun go forgiv una tu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

26"Bot if una nor gri forgiv oda pipol, una Papa wey dey hevun nor go forgiv una.”

27Jisos and en disaipols go Jerusalem again. Wen Jisos dey waka for di Tempol varanda, di prist oga dem, di law tishas and di eldas kom mit am sey,

28"Na wish rite yu get to tak dey du all dis tins? Hu giv yu di pawa?”

29Jisos ansa dem, "I go ask una won kweshon. If una ansa mi, den I go tel una wish rite I get to dey du dis tins.

30"Jon baptism, na from God, abi na from pipol e from kom? Mak una ansa mi.”

31Dem kon dey tok to ish oda, "If wi sey, 'Na from God,' e go sey, 'Den why una nor biliv am?’

32"Bot wi nor fit sey, 'Na from pipol', bikos wi dey fear dis pipol, (since dem biliv sey Jon na profet)".’

33So dem ansa Jisos, "Wi nor no." Den, Jisos sey, "Mi tu nor go tel una hu giv mi di pawa to du all dis tins."

Mark 12

1Jisos kon tok to dem wit parabol: "Won man plant grape for en farm. E fence am roun, dig wer dem go dey press di wine put, den kon build big haus wey gaid go dey stay. E haya am giv tenants wey go dey kare for di place kon travol go far.

2"Wen havest taim rish, e send won of en savant go mit di tenants mak dem gi-am en own share for di havest.

3"Bot di tenants seize di savant, beat am kon send am go bak wit empti hand.

4"Di man stil send anoda savant go mit dem. Dem nak en head kon beat am enihaw.

5"E send anoda won again, dem kon kil-am. Na so dem beat and kil oda savants wey e send tu.

6"Di man get won pikin wey e luv wel-wel and na dis won rimain for am to send. At last, e kon send am go mit dem dey tok for en maind sey, 'As dis won bi my pikin, dem go respet am.’

7"Bot wen di tenants si-am dey kom, dem kon sey, 'Na di owna pikin dey kom so. Mak wi kil-am, so dat wi go get all di propati for awasef.’

8"So dem seize am, kil-am kon trow en bodi outsaid di farm.

9"Na wetin una tink sey di farm owna go du? E go distroi doz tenant kon giv di farm to oda pipol.

10"Una neva read God wod wey sey, 'Di stone wey di buildas rejet, don turn to di main stone?’

11"Dis na wetin God du and e gud for awa eye wel-wel.'“

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

12Naw, dem won kon arres am, bot dem dey fear di pipol, bikos dem no sey Jisos tok dis parabol against dem. So dem kon waka liv am.

13Dem send som Farisi and Herod pipol, mak dem faind way to kash Jisos wit wetin e go tok.

14Wen dem mit am, dem kon ask am, "Tisha, wi no sey yu dey tok trut, yu nor dey du wayo and yu dey tish di trut abaut God way. E gud mak wi dey pay tax giv Caesar, abi mak wi nor pay?”

15Bot Jisos no dia wayo, so e tel dem, "Why una dey test mi? Mak una bring won koin mak I si.”

16So dem bring won koin and Jisos ask dem, "Wish pesin face and name dey di moni so?" Dem ansa, "Na Caesar own.”

17Jisos tel dem, "Mak una giv Caesar di tins wey bi Caesar own and mak una giv God di tins wey bi God own." Dem sopraiz wel-wel for wetin Jisos tok.

18Di Sadusi pipol (wey nor biliv sey pipol go wak-up from deat) kom mit Jisos tel am,

19"Tisha, Mosis rite giv us sey: 'If man broda die and en wife nor born for am, en broda must mari di wuman, mak dem for born shildren for di broda wey don die.’

20"E get sevun brodas. Di first won mari and wen e die, e nor get shildren.

21"Di sekon won kon mari di wuman and e nor stil get pikin bifor e die and na so e hapun for di ted won.

22"No won for di sevun brodas wey mari di wuman get pikin. At last, di wuman tu kon die.

23"For di taim wey pipol go wak-up from deat, na wish pesin wife di wuman go kon bi, as e bi sey all di sevun brodas mari am?”

24Jisos ansa dem, "Una nor no sey una dey disiv unasef, bikos una nor no God wod and en pawa.

25"Wen pipol wak-up from deat, dem nor go mari again, insted dem go bi laik angels for hevun.

26"Naw, for di mata abaut pipol wey go wak-up, una neva read for di book wey Mosis rite abaut di bush wey fire dey burn and haw God tel Mosis, 'Na Mi bi Abraham, Izik and Jakob God'?

27"God nor bi God for di pipol wey don die, bot na for di pipol wey dey alaif. Na big mistak una dey mak so!”

28So, won man wey sabi di law kon dey hear dem dey argue. Wen e si sey Jisos dey ansa dem wel, e kon ask am, "Wish komandment big pas?”

29Jisos ansa am, "Na dis bi di komandment wey big pas: 'Mak una listin, Izrel pipol, di Oga, awa God na won e bi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

30'Mak una luv God una Oga wit all una heart, soul and all una pawa.’

31"Di sekon won na, 'Mak una luv una nebor as una luv unasef.' E nor get eni komandment wey big pas dis tu.”

32Di man wey dey tish di law kon tel Jisos, "Na tru, Tisha. Yu dey koret for wetin yu tok, na onli God bi Oga and no oda god dey apart from am.

33"To luv God wit all awa heart, maind and pawa and to luv awa nebor as awasef big pas all di sakrifais and ofrins wey pesin fit giv God.”

34Wen Jisos si sey di man tink wel bifor e ansa, e kon tel di man, "Yu nor dey far from God Kindom." From dat taim, nobodi get di maind to ask am eni kweshon again.

35As Jisos dey tish for di Tempol varanda, e kon sey, "Why e bi sey di law tishas dey sey Kraist na David pikin?

36"Di Holi Spirit pawa mak David tok sey, 'God tel my Oga, sidan for my rite hand ontil I go put yor enimis unda yor leg.’

37"If David ensef kol Kraist, 'Oga,' haw Kraist go kon tak bi en pikin again?" Di pipol wey gada kon dey listin to am wit hapines.

38Wen Jisos dey tish, e kon sey, 'Mak una dey kareful abaut di pipol wey sabi di law. Dem laik to dey waka abaut wit long klot and dem laik loud gritin for market,

39di chair wey beta pas for sinagog and high tabol for parti, na der dem dey laik sidan put.

40"Wuman wey en husban don die, dem dey kolet en propati and dem dey pray long praya mak pipol for si dem. Na dia ponishment go wos pas.”

41Den, Jisos sidan face di ofrin box, dey luk as pipol dey put moni insaid. Meni rish pipol kon dey put plenti moni insaid.

42Won poor wuman wey e husban don die kon kom, put tu koins wey nor rish won penni for insaid di box.

43Jisos kon kol en disaipols sey, "I tel una tru wod, dis poor wuman wey e husban don die put moni wey pas di oda pipol own.

44"Bikos di oda pipol giv dia ofrin from di plenti moni wey dem get, bot dis wuman, as e poor rish, put evritin wey e get for life."

Mark 13

1As Jisos dey komot from di Tempol varanda, won of en disaipol kon sey. "Tisha, si dis fain-fain stone wey dem tak build dis haus!”

2Jisos kon ansa, "Una dey si all dis big haus? Dem nor go ivun liv won stone on-top anoda. All of dem go skata!”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

3As Jisos sidan for Mount Olives wey face di Tempol, Pita, James, Jon and Andru kom mit am wen odas nor dey and dem kon sey,

4"Mak yu tel us wish taim dis tins go hapun and wetin go bi di sign to show sey di taim for dis tins to hapun, don rish?”

5Jisos ansa dem, "Mak una tak kare, so dat nobodi go disiv una.

6"Meni pipol go kom wit my name sey dem bi Jisos and dem go disiv meni pipol.

7"Wen una hear abaut war wey dey hapun and rumor sey war won hapun, mak una nor fear. All dis tins must hapun, bot di end for di wold neva rish.

8"Difren kontris and kindoms go fite ish oda. Eartquake and hunga go dey for meni place. Bot wen di wahala won start, e go bi laik wen wuman won born.

9"Mak una shine una eye. Dem go tak una go kourt and dem go beat una for sinagog. Bikos of mi, una go stand for front of govnors and kings mak una for fit tel dem abaut mi.

10"Bifor di wold go end, pipol must first prish di gospol for evri kontri for dis wold.

11"Wen dem arres una kari go kourt, mak una nor wori abaut wetin una go tok. God go giv una wetin to tok for dat taim, bikos nor bi una go tok, bot na di Holi Spirit go du-am.

12"Broda go betray en broda mak dem kil-am. Papa go sel en pikin giv dem tu. Shildren go betray dia papa and mama and dem go kil dem.

13"Evribodi go hate una bikos of my name. Bot di pesin wey go fit bear rish end, go dey save.”

14"Wen una si wetin nor sopoz hapun dey hapun for di Holi Place (mak di pesin wey dey read, no wetin dis wod min), den doz wey dey Judea, must run go mountin.

15"Mak di pesin wey dey on-top haus nor kom dan or go insaid en haus go kolet enitin.

16"Mak di pesin wey dey farm nor go bak to en haus go kolet klot.

17"For dat taim, e go bad wel-wel for wimen wey get bele and doz wit pikin wey stil dey suck breast!

18"Mak una pray sey dis tins nor go hapun for di taim wen kold dey wel-wel.

19"Bikos wen dis tins go dey hapun, di kaind sofa wey go dey, neva dey since wen God kreate dis wold and dat kaind sofa, nor go dey again.

20"If God nor kut doz days short, nobodi go save. Bot bikos of di pipol wey God don shuz, E don mak doz days short.

21"Dat taim, if enibodi tel una, 'Luk! Mak una si Jisos for here!' or 'Si-am for der!', mak una nor biliv dem.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

22"Bikos fake kraists and profets go kom and dem go du signs and mirakols wey bi laik majik to disiv pipol. If to sey e posibol, dem go disiv di pipol wey God don shuz.

23"Mak una tak kare! I don tel una evritin bifor di taim go rish."

24"Bot for dat taim, afta di sofa, di sun go dak and di moon nor go shine again.

25"Di stars go fal from hevun and di pawa wey dey hol di skai, go shake.

26"Den evribodi go si Man Pikin dey kom from insaid kloud wit strong pawa and glori.

27"Den, God go send en angels go gada di pipol wey E don shuz from di for kona for di wold go rish hevun."

28"Mak una learn wetin dis fig tri parabol min: Wen en bransh don dey soft and en leaf dey fal komot, mak una no sey dry season don near.

29"So wen unasef si dis tins dey hapun, mak una no sey di taim wey Man Pikin go kom, don near.

30"I tel una tru wod, di pipol for dis taim nor go die finish bifor all dis tins go hapun.

31"Hevun and eart go vanish, bot my wod go dey foreva."

32"Di day or di taim wen dis tins go hapun, nobodi no am, ivun angels for hevun nor no and God Pikin sef nor no tu. Na onli di Papa, for hevun no am.

33"Mak una dey wosh and shine una eye, bikos una nor no wen di taim go rish.

34"E go bi laik wen man dey travol go far. E liv en haus mak en savant luk am, giv dem wok to du kon tel di gateman mak e wosh en haus.

35"So mak una shine una eye, bikos una nor no wen di haus owna go kom bak- weda na for evenin, nite, mornin or wen day don break.

36"If not, e go fit kom bak wen una nor espet and e go mit una dey slip.

37"Wetin I dey tel una so, I dey tel evribodi. So mak una shine una eye!"

Mark 14

1Tu days bifor Passova and di Bread wey nor get yist Fist, di prist oga dem and di law tishas kon dey faind as dem go tak arres Jisos, mak dem for kil-am.

2Dem sey, "Mak wi nor du-am naw wen dem dey du di Fist, so dat pipol nor go rayot."

3Wen Jisos dey Betani for Saimon haus (wey get leprosi bifor), e sidan wit dem to chop, naim won wuman bring oil insaid alabasta box kom, di oil dear wel-wel and dey sent fine. Afta e don opun di kontena, e pour di oil for Jisos head.

4Bot som pipol wey dey der kon dey ves, dey tel ish oda, "Why dis wuman dey waste oil wey dear wel-wel laik dis?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5"Dem for sel am pas tiri ondred (300) silva koins and giv di moni to poor pipol!" So, dem kon ves dey tok to di wuman enihaw.

6Bot Jisos ansa dem, "Mak una liv di wuman alone. Why una dey wori-am? Na gud tin e du for mi so -o-o!

7"Poor pipol go always dey wit una and una go fit du gud for dem enitaim una laik. Bot mi, I nor go dey wit una always!

8"Dis wuman don du wetin e fit du. E anoint my bodi to priper mi for beria, bifor di taim go rish.

9"I tel una tru wod, eniwer wey dem go prish dis gospol for di hol wold, pipol go tok abaut dis tin wey dis wuman don du so."

10Den Judas Iskarot, wey dey among Jisos disaipols, kon go mit di prist oga dem sey e won sel Jisos giv dem.

11Wen dem hear am, dem hapi wel-wel kon promis am moni. So, Judas kon bigin faind haw e go fit tak sel Jisos giv dem.

12Di day wen dem start di Bread wey nor get yist fist and wey dem dey sakrifais smol ship, Jisos disaipols kon ask am, "Wer yu wont mak wi priper for yu to chop Passova fud?"

13Jisos send tu disaipols go for front kon tel dem, "Wen una enta di tawn, una go si won man wey kari wota kontena. Mak una folo am.

14"Di haus wey e go enta, mak una tel di pesin wey get-am sey, 'Di Tisha sey mak wi ask, "Wer di room wey mi and my disaipols go for chop Passova fud?"'

15"E go show una won big room for upstair wer tabol and chairs dey. Mak una priper evritin for der."

16So en disapols go di tawn and dem si evritin jos as Jisos tel dem sey e go bi, dem kon priper di Passova fud for der.

17Wen evenin rish, Jisos kon go di haus wit en twef disaipols.

18As dem dey chop for di tabol, Jisos kon sey, "I tel una tru wod, won of una wey dey chop wit mi, go sel mi giv my enimis."

19Wetin Jisos tok kon dey wori di disaipols for maind, so dem kon dey ask am won by won, "Oga! Na mi?"

20Jisos ansa, "Na won of una wey dey folo mi chop for di same plate.

21"Man Pikin go die as dem rite for God wod abaut am, bot kos dey di pesin head wey go sel am. E for beta sey dem nor born dat pesin at-all."

22As dem dey chop, Jisos tak bread, tank God, den divide am giv en disaipols kon sey, "Mak una tak and chop, bikos dis na my bodi."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

23Afta, e tak cup, tank God, den e giv en disaipols and all of dem, drink from insaid.

24E kon tel dem, "Dis na my blood, di kovenant blood wey I pour for evribodi.

25"I tel una tru wod, I nor go drink wine again, ontil di day wen I go drink di new wine for God Kindom."

26Afta dem don sing won hymn, dem kon enta insaid Mount Olives.

27Jisos kon tel en disaipols, "Una go run liv mi, bikos God wod sey, 'I go kil di pesin wey dey luk di ship and di ship go skata.'

28"Bot afta God don wak mi up from deat, I go-go una front, go wait una for Galili."

29Pita kon sey, "Ivun if odas run liv yu, I nor go run liv yu-o-o!"

30Jisos ansa am, "I tel yu di trut, today, for dis nite, bifor fawo go du 'Kukuruku' tu taims, yu go don denai mi tiri taims."

31Bot Pita stil sey, "Ivun if I go die wit yu, I nor go eva denai yu." All of dem stil tok di same tin.

32Jisos and en disaipols kon go won place wey dem dey kol Getsemani and Jisos tel dem, "Mak una sidan for here, bikos I won go pray."

33E tak Pita, James and Jon folo bodi. E maind kon dey trobol am and e nor dey hapi.

34E kon tel dem, "My heart dey heavi wel-wel laik sey I won die. So, mak una stay here dey wosh."

35E waka go front smol kon fal face groun, bigin pray, "Papa! If yu wont, mak yu let dis sofa pas mi."

36Jisos kon pray, "My Papa, e nor get wetin Yu nor fit du. Mak Yu tak dis sofa cup from mi. Bot nor bi as I wont am, bot na as Yu wont."

37Wen Jisos kom bak, e mit en disaipols dey slip, so e tel Pita, "Saimon, yu dey slip? Yu nor fit stay mak yu nor slip for won hour?

38"Mak yu nor slip, bot dey pray mak yu nor for fal enta temtashon. Man spirit won pray, bot en bodi dey wik."

39E komot again, go pray as e pray bifor.

40Wen e kom bak again, e si sey dem stil dey slip; dem nor dey pray, so dem nor no wetin to tel am.

41E kom di ted taim kon ask dem, "Una stil dey slip? Di slip don du, bikos taim don rish! Mak una si, dem don sel Man Pikin giv sinas.

42"Mak una get up mak wi dey go. Si, di pesin wey won sel mi, dey kom!"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

43As Jisos stil dey tok, Judas, won of di twef disaipols, kon kom wit plenti pipol wey di prist oga dem, di law tishas and di eldas send and all of dem kari sword and big-big stik.

44(By dis taim, di man wey won sel Jisos don giv dem sign sey, "Di pesin wey I go kiss, naim bi di man. Mak una arres and hol am wel-wel.")

45Wen Judas kom, e go mit Jisos kon sey, "Tisha!", Den e kiss am.

46So, di pipol kon seize and arres Jisos.

47Won pesin wey stand for der kon tak en sword kut di High Prist savant ear komot.

48Jisos kon tel dem, "Na mi una kari sword and big-big stik kom arres laik sey I bi tif?

49"I dey wit una evriday for di Tempol dey tish, bot una nor arres mi den." Dis tin hapun so dat wetin dem rite for God wod, go bi tru.

50Den all en disaipols kon run liv am.

51Won young man wey tie smol klot for waist, dey folo Jisos. So dem won kon arres di man join,

52bot e kon run komot wit nakednes and liv en klot for der.

53Den, dem tak Jisos go mit di High Prist, so all di prist oga dem, di eldas and di law tishas kon gada.

54Pita folo Jisos from far til e rish di High Prist varanda. E sidan wit di gaids dey warm en bodi near fire.

55Di prist oga dem and di Sanhedrin dey faind wetin dem go tak akuiz Jisos, so dat dem go fit kil-am, bot dem nor si enitin.

56Meni pipol lai for Jisos head and dem dey tok difren-difren tins, bot dia stori nor agri wit ish oda.

57Som pipol stand-up kon lai against am sey,

58"Wi hear wen e sey, 'I go distroi dis Tempol wey dem build wit hand and afta tiri days, I go build anoda won wey dem nor yuz hand build.'“

59All dia stori nor mak sense, bikos dem nor agri wit ish oda.

60Den di High Prist stand for dia front kon ask Jisos, "Yu nor get ansa? Wetin bi dis wey dem dey tok against yu so?”

61Bot Jisos kwayet and e nor ansa dem. Den di High Prist kon ask am again, "Na yu bi Kraist wey bi God Pikin?”

62Jisos ansa, "Na mi and yu go si Man Pikin sidan for God rite hand, wen e dey kom insaid di kloud from hevun.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

63Den di High Prist tear en own klot kon sey, "Why wi dey faind more pipol to tok for dis mata?

64"Una don hear di wod wey e tok against God! Wetin una tink sey mak wi du-am?" Dem kon ansa, "E sopoz to die.”

65Den som bigin spit for Jisos bodi, dem tie en eye kon dey nak am dey sey, "Profesai naw!" Di pipol wey dey gaid di place stil join beat am.

66For dis taim, Pita dey for di varanda, den di High Prist girl savant kom der.

67Wen e si Pita sidan dey warm ensef, e luk am wel-wel kon sey, "Yu sef dey folo dat man wey kom from Nazaret, wey dem dey kol Jisos Kraist.”

68Bot Pita denai kon sey, "I nor ivun no wetin yu dey tok abaut!" Den e waka go di gate and fawo kon du, 'Kukuruku’

69Wen di savant girl si-am, e kon dey tel di pipol wey stand der sey, "Dis man dey among dem.”

70Bot e denai again. Smol taim, di pipol wey stand for kona kon tel Pita, "Tru-tru, yu dey among dem, bikos na Galili yu from kom.”

71Pita kon bigin kos and swear sey. "I nor no dis man wey una dey tok abaut so-o-o!”

72At wons, fawo kon du, 'Kukuruku' di sekon taim. So Pita kon rimemba wetin Jisos tel am sey: "Bifor fawo go du 'Kukuruku' tu taims, yu go denai mi tiri taims." Den Pita kon bigin krai wel-wel.

Mark 15

1For earli mornin afta dem don plan wetin dem go du Jisos, di prist oga dem wit di law tishas and di Sanhedrin, tie am kon tak am go mit Pilate.

2So Pilate ask Jisos, "Na yu bi di Ju pipol king?" Jisos ansa, "Na as yu tok.”

3Den di prist oga dem stil dey akuiz am,

4so Pilate ask Jisos again, "Yu nor get enitin to tok? Yu dey hear all dis tins wey dem sey yu du?”

5Bot Jisos nor tok enitin and dis tin kon sopraiz Pilate wel-wel.

6Enitaim wen dem dey du di Passova Fist, Pilate always dey fri won prizina wey di pipol ask for.

7Barabbas, won man wey kil pesin for di taim wey dem dey rayot, dey prizin wit pipol wey nor dey obey govment law.

8Den di pipol kom mit Pilate kon ask am sey, mak e fri won prizina for dem, as e dey du bifor.

9So Pilate ask dem, "Una wont mak I fri Ju pipol king for una?”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

10(Pilate no sey di prist oga dem bring Jisos to am, bikos dem dey jelos).

11Bot di prist oga dem tel di pipol mak dem ask Pilate mak e fri Barabbas.

12So Pilate ask dem again, "Den wetin una wont mak I du to dis man wey una kol Ju pipol king?”

13Dem kon shaut, "Kil am trowey!”

14Pilate ask dem, "Why? Wish bad tin e du?" Bot dem kon dey shaut more-more, "Kil am trowey”

15Bikos Pilate won du wetin di pipol wont, e kon fri Barabbas for dem, den afta e tel en sojas mak dem flog Jisos, e kon giv Jisos to di pipol mak dem go kil-am.

16So di sojas push Jisos enta di varanda for di govnor palise kon kol evribodi gada.

17Dem wear am purpol klot kon tak shuku-shuku mak krawn wear for en head.

18Dem kon dey salot am, "Wi hail yu o-o, Ju pipol king!”

19Dem tak stik nak am for head kon spit for en bodi. Dem kon nil dan for en front dey bow for am.

20Wen dem don laff am finish, dem pul di purpol klot komot from en bodi kon wear am en own klot. Den, dem kon go kil-am.

21Di sojas kon fos Saimon, won man from Syrene, wey jos dey enta di tawn, mak e kari Jisos kros. (Di man na Alexander and Rufus papa.)22Dem tak Jisos go di place wey dem dey kol Golgota (wey min, "Skul Place").

23Dem gi-am wine wey dem mix wit myrrh, bot Jisos nor gri drink am.

24Dem nail am for kros kon divide en klot, dey trow dice mak dem for no wetin go rish ish pesin.

25Na nain o' klok for mornin dem nail Jisos for kros.

26Dem kon rite sey, "Dis na Ju pipol king.”

27Dem nail tu tif wit am for kros, won for en left and di oda for en rite side.

28Wetin dem rite for God wod kon hapun sey, "Dem kount Jisos join bad pipol.”

29Pipol wey dey waka pas kon dey shake dia head and dey tok bad abaut am sey, "Eehen! Yu wey sey, yu go fit distroi di Tempol kon build am again for tiri days.

30"O-ya! Save yorsef mak yu kom dan from di kros!”

31Ivun di prist oga dem and di law tishas dey laff Jisos for wer dem sidan, dey sey, "E save oda pipol, bot e nor fit save ensef!

32"Kraist, wey sey e bi Izrel king, mak e kom dan from di kros naw mak wi si-am, so dat wi go biliv!" Doz wey dem nail for kros wit am kon dey kos am tu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

33Wen twef o' klok for aftanoon rish, daknes kon kova di kontri ontil tiri o' klok for aftanoon.

34Aroun tiri o' klok, Jisos kon shaut sey, "Eloi! Eloi! Lama Sabaktani?" Wey min, "My God! My God! Wetin mak Yu abandon mi?”

35Wen som pipol wey stand near der hear wetin e tok, dem kon sey, "Listin. E dey kol Elija!”

36Den won pesin run kom wit foam kon soak am insaid bita wine, den e put am for stik giv Jisos mak e drink, den e kon sey, "Mak una liv am! Mak wi si weda Elija go kom save am.”

37Bot Jisos shaut again, den e kon die.

38So di kurtain for di Tempol kon tear into tu from top go rish botom.

39Wen di soja wey stand for Jisos front si haw e tak die, e kon sey, "Tru-tru dis man na God Pikin!”

40Som wimen dey der dey luk from far. Dem bi Mary Magdalene, Mary wey bi Joses, James and Salome mama.

41For di taim wen Jisos dey Galili, dis wimen dey folo and help am. Meni oda wimen wey folo am kom from Jerusalem, dey der tu.

42Wen evenin don rish for di day bifor di Sabat,

43Josef wey kom from Arimatia, wey bi Ju kansol memba, wey dey wait for God Kindom and pipol dey respet am wel-wel, go mit Pilate kon ask for Jisos bodi.

44Pilate sopraiz sey Jisos don die. So e kol di soja kon ask am weda e don tey wen Jisos die.

45Wen Pilate hear wetin di soja tok, e kon sey mak Josef go kari di bodi.

46Josef buy linen klot, bring Jisos bodi kom dan from di kros kon tak di klot rap am, den e put am for grave wey dem dig insaid rock. Den e rol big stone kova di grave mout.

47Mary Magdalene and Mary wey bi Joses mama dey luk and dem si wer dem bere Jisos put.

Mark 16

1Wen Sabat Day don pas, Mary Magdalene, Mary wey bi James and Salome mama kon buy spices wey dey sent wel-wel, mak dem go rub am for Jisos bodi, mak e nor for smel.

2For earli mornin on Sunday, as sun jos dey kom out, dem kon go di place wey dem bere Jisos put.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

3Dem kon dey ask ish oda as dem dey go sey, "Hu go help us rol di stone komot from di grave mout?”

4Bot wen dem luk, dem si sey, dem don alredi rol di stone komot.

5As dem enta, dem si won man wey wear white klot sidan for di rite side and fear kon kash dem.

6Bot e tel dem, "Mak una nor fear. Una dey faind Jisos wey kom from Nazaret, wey dem kil. God don raiz-am from deat! E nor dey here again. Mak una luk di place wey dem put am bifor.

7"Mak una go tel en disaipols and Pita sey, Jisos don go Galili go wait for dem. Una go si-am for der, as e tel una bifor.”

8Dem kom out kon run from di grave side, bikos dem sopraiz and fear kon kash dem. Dem nor fit tel enibodi enitin, bikos dem stil dey fear.

9[For earli mornin on Sunday, afta Jisos don wak-up, e first apier to Mary Magdalene wey e driv sevun dimon komot for en bodi.

10For wer di pipol wey dey folo Jisos dey mourn and krai dey, Mary Magdalene kon go tel dem wetin hapun.

11Wen dem hear sey Jisos don wak-up from deat and Mary Magdalene don si-am, dem nor biliv.

12Afta, Jisos stil apier to tu pipol as dem dey waka go tawn.

13Dem go bak go tel di res pipol, bot di pipol nor stil biliv dem.

14Den Jisos kon apier to di ilevun disaipols wen dem dey chop. E kon shaut giv dem, since dem nor biliv, bikos of dia strong heart.

15Jisos komand dem sey, "Mak una enta evriwer for di wold go prish di gospol giv evribodi.

16"Enibodi wey biliv and dem baptize am, God go save am, bot enibodi wey nor biliv, God go kondem am.

17"Dis signs go folo pipol wey biliv: Wit my name, dem go driv dimon komot from pipol bodi; dem go speak new language wey dem nor learn;

18dem go fit hol snake and if dem drink poison, e nor go du dem enitin; dem go put dia hand for sik pipol bodi and di pipol go wel.”

19Afta Jisos don tok to dem finish, God kon kari am go hevun and e kon sidan for God rite side.

20Den, di disaipols kon go evriwer for di aria dey prish di gospol and Jisos kon dey du meni mirakols tru dem, so dat pipol go no sey, wetin dem dey prish, na tru.]

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Luk

Luk 1

1Meni pipol don rite di stori abaut di tins wey hapun among us,

2as di pipol wey si dem wen dem hapun, tel us.

3My oga Teofilos, since I folo evritin from biginin, I kon tink am sey e gud mak I rite wetin rili hapun giv yu,

4so dat yu go undastand di tins wey dem tish yu wel-wel.

5For di taim wen Herod bi King for Judea, won prist dey wey en name na Zekaraya from Abija famili and en wife name na Elizabet, wey kom from Aaron famili.

6Dem dey du wetin God laik, dey folo all di tins wey God tok for en wod.

7Dem nor get pikin, bikos Elizabet nor fit get bele and dem don old wel-wel.

8E kom rish Zekaraya famili turn to du prist wok for di Tempol

9and as dia kustom bi, dem kon shuz Zekaraya mak e enta insaid God Tempol go burn insent.

10Wen di taim to burn insent don rish, all di pipol kon gada for outsaid dey pray.

11God angel apier to Zekaraya for di alta side wer dem dey burn insent.

12As Zekaraya si di angel, fear kash am wel-wel and e kon dey shake.

13Bot di angel tel am, "Mak yu nor fear Zekaraya, bikos God don hear yor praya. Yor wife Elizabet go born boy pikin for yu and yu go kol am, 'Jon.'

14"Di pikin go bring joy and hapines for yu and meni pipol go hapi wel-wel wen dem born am,

15bikos God go yuz am wel-wel. E nor go drink wine or strong drink, bot di Holi Spirit go dey insaid am, ivun bifor dem go born am.

16"E go mak meni pipol folo God.

17"E go first kom wit Elija spirit and pawa, bifor di Oga ensef go kom. E go mak papa setol wit dia shildren and pipol wey nor dey obey God bifor, e go mak dem obey am naw, so dat dem go dey redi to mit am for hevun."

18Zekaraya ask di angel, "Haw I go tak no sey wetin yu tok so go hapun? Bikos mi and my wife don old wel-wel."

19Di angel ansa, "I bi Gabriel, wey dey stand for God present and na-im send mi kom tel yu dis Gud News.

20"Bot bikos yu nor biliv wetin I tok so, yu nor go fit tok again, ontil di day wen dis tins go hapun."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

21So di pipol wey dey wait for Zekaraya kon bigin wonda why e stay tey insaid di Tempol.

22Wen e kom outsaid, e nor fit tok again. Dem kon no sey e don si vishon for insaid di Tempol, bikos e yuz hand tak mak sign for dem.

23Wen en taim to wok insaid di Tempol finish, e kon go haus.

24Wen e don tey smol, Elizabet, wey bi Zekaraya wife kon get bele and e kon hide ensef insaid haus for faiv monts.

25So Elizabet kon sey, "God don du big tin for mi for my old age, E don favor mi for pipol present and E don komot shame for my face."

26Wen Elizabet bele don rish sis monts, God kon send angel Gabriel go Nazaret, won smol tawn for Galili,

27go mit Mary. Dis Mary neva eva slip wit man bifor and na-im Josef wey kom from David famili, won mari.

28Di angel kon tel am, "I salot yu o-o! Yu wey God don favor, bikos E dey wit yu."

29Bot Mary dey fear, bikos of wetin di angel tok and e bigin wonda wetin di gritin min.

30Den di angel tel am, "Mak yu nor fear, Mary, bikos God don favor yu!

31"Mak yu listin, yu go get bele kon born boy and yu go name am, 'Jisos.'

32"E go big wel-wel and dem go kol am God wey dey for hevun pikin and God go gi-am en papa David throne.

33"Na-im go rule Jakop haus foreva and en kindom nor go eva end."

34Mary tel di angel, "Haw dis tins go fit hapun, as e bi sey I neva slip wit man bifor?"

35Di angel ansa am, "Di Holi Spirit pawa go kova yu. So di pikin wey yu go born, go dey holi and dem go kol am God Pikin.

36"Si, yor kozin Elizabet don get bele for sis monts naw and e go born boy for en old age, ivun doh dem tok sey e nor go fit get bele.

37"Bikos e nor get enitin wey God nor fit du."

38Mary kon sey, "Yes, I bi God savant, mak wetin yu tok so, hapun to mi." Den di angel kon liv am.

39Afta tu days, Mary kon get up rush go Juda

40and e enta Zekaraya haus go grit Elizabet.

41Wen Elizabet hear as Mary dey grit am, di pikin for en bele jump and di Holi Spirit kon enta Elizabet bodi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

42So Elizabet kon sey, "God don bless yu pas evri wuman and E don bless di pikin wey dey yor bele!

43"Hu I bi wey mak my Oga mama kom visit mi?

44"Bikos as yor gritin rish my ear, di pikin wey dey my bele kon hapi bigin jump.

45"And God don bless yu, bikos yu biliv sey wetin E tok, go hapun."

46Mary kon sey, "My heart go praiz God

47and my spirit dey hapi bikos God, my Savior,

48don si en savant kondishon. From today go, evribodi go sey God don blees mi,

49bikos E don du big-big tins for mi and en name dey holi.

50"E dey show en mesi to evribodi wey dey fear am for evri generashon.

51"E don du meni big-big tins wit en pawa and E don skata proud pipol maind.

52"E don rimov rulas from dia throne and pipol wey bring demsef dan, E don kari dem go up.

53"E don mak doz wey dey hungri beleful wit gud fud and pipol wey get moni wel-wel, E don mak dem poor.

54"E help en savants, Izrel pipol rimemba en mesi,

55wey E promis awa gran-gran papa dem and E go show mesi to Abraham and en shildren foreva."

56Mary stay wit Elizabet for abaut tiri monts, den e kon go bak to en haus.

57Di taim kon rish for Elizabet to born, so e kon born boy.

58En nebor and rilashons hear sey God don du big tin for am, so dem kom hapi wit am.

59Wen di pikin rish ate days, dem sekonsaiz am won kon gi-am en papa name, Zekaraya.

60Bot en mama sey, "No, dem must kol am Jon."

61Dem kon sey, "Bot e nor get eni of una rilashon wey en name bi Jon."

62So dem mak sign giv Zekaraya ask sey, "Wetin wi go kol di pikin."

63Zekaraya ask for somtin mak e rite put, den e kon rite, "En name na Jon." So, all of dem kon sopraiz wel-wel.

64Den Zekaraya mout opun and e kon bigin praiz God.

65Fear kash all dia nebor and for evriwer for Judea, na di mata dem kon dey tok abaut.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

66So evribodi wey hear wetin hapun, kip am for insaid en maind dey sey, "Wish kaind pikin dis won go bi sef?" Bikos God dey wit am tru-tru.

67Den di Holi Spirit enta Zekaraya and e kon bigin profesai, dey sey,

68"Mak wi praiz Izrel God, bikos E don help and fri en pipol.

69"E send di Savior wey get pawa kom mit us, from David famili.

70"God promis en profet bifor-bifor

71sey, wi go dey save from awa enimi and from pipol wey hate us.

72"E du dis tins to show en luv for awa gran-gran papa dem and to rimemba di promis wey E giv dem.

73"Ivun awa papa Abraham sey,

74'E go save us from awa enimi hand, so dat wi go fit tak all awa heart serv am

75and wi go dey holi and gud for en eye as long as wi dey for dis wold.'

76"And yu, my pikin, pipol go kol yu God profet and na yu go-go priper di road for di Oga,

77wey go mak pipol no sey, God go save dem, bikos E go forgiv dem dia sins.

78"Since God luv and en kindnes strong wel-wel, E go let en salvashon rish us,

79so lite go shine for di pipol wey sidan for daknes and wer deat dey and God go giv us peace."

80Di pikin kon dey grow and strong for spirit. E stay for widanes ontil di day wen God show am to Izrel pipol.

Luk 2

1Dat taim, Caesar Augustus kon giv orda mak evribodi wey dey Rome go regista dia name mak dem for pay tax.

2Dis na di first taim wey pipol go regista, since di tiam wen Kwirinus bi govnor for Syria.

3Evribodi kon go en home-tawn go regista.

4So Josef wey dey stay for Nazaret for Galili kon travol go Betlehem, David tawn for Judea, bikos na David famili e from kom.

5Josef and Mary, wey e won mari and wey get bele, go regista togeda.

6As dem dey for Betlehem, taim kon rish for Mary to born.

7So e born en first son, wrap am kon put am for wer dem dey kip anima, bikos no oda place dey for dem to stay.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

8Som shepads dey for dat aria, dey kare for dia ship for nite.

9God angel apier to dem and God glori kon dey shine for evriwer, den fear kon dey kash dem.

10Di angel tel dem, "Mak una nor fear! Mak una listin wel, bikos I kom tel una news wey go mak pipol hapi.

11"Today, dem born una Savior for dis tawn wey David from kom, en name na Kraist, wey bi di Oga.

12"Na dis go bi sign wey una go tak no am: Una go si pikin wey dem yuz klot wrap insaid wer dem dey kip anima."

13At wons, meni angels apier for hevun kon stand wit di first angel dey praiz God sey,

14"Na onli God get Glori for hevun and eart, mak peace and favor dey wit evribodi."

15Wen di angels go bak to hevun, di shepads kon tel ish oda, "Mak wi go Betlehem go si wetin hapun, wey God don show us so."

16Dem kon go si Mary, Josef and di pikin for insaid di anima haus.

17Wen dem si-am, dem kon tok haw di angel tak tel dem abaut di pikin.

18Evribodi wey hear wetin dem tok, sopraiz wel-wel.

19Bot Mary kip wetin e hear for en maind kon dey tink abaut am.

20So di shepads kon go bak, dey praiz God, bikos of all di tins wey dem hear and si. Evritin jos bi as di angel tel dem sey e go bi.

21Wen di pikin rish ate days, dem sekonsaiz am kon kol am, 'Jisos', di name wey di angel tok bifor en mama ivun get bele.

22Wen taim rish for Mary to present ensef to God, as Mosis law tok, Josef and Mary kon kari Jisos go Jerusalem, go dedikate am giv God,

23(as dem rite am for God wod, "Evri first born wey bi boy, dem go gi-am to Mi"),

24and dem go offa sakrifais wit tu dove or pigin.

25Won man dey Jerusalem wey en name bi Simeon and di Holi Spirit dey insaid am. Di man dey fear God and dey du wetin God laik and e dey wait for di taim wen God go fri Izrel.

26Di Holi Spirit don show am sey e nor go die bifor e go si di Mezaya wey God promis.

27So di Spirit kon tak Simeon enta di Tempol and wen Jisos papa and mama bring am to du wetin Mosis law tok,

28Simeon kon kari Jisos for en hand dey praiz God sey,

29"Naw, as yor wod tok, Yu, God wey dey rule evritin, mak Yu let yor savant go res.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

30"Bikos my eye don si di pesin wey Yu won mak e save Izrel pipol,

31di Won wey Yu don priper for evribodi present:

32"Na-im bi di lite wey go show Gentai pipol road kon bring onor to yor pipol, Izrel."

33So di pikin papa and mama kon sopraiz for wetin Simeon tok abaut am.

34Den Simeon bless dem kon tel Mary, "Listin wel-wel: God don shuz dis pikin to mak som pipol for Izrel fal and raiz odas up and e go bi sign wey meni pipol nor go asept.

35"Tru-tru, bikos of am, di sikrit tins for meni pipol maind go kom out and vesnashon, laik sword, go shuk dia yor heart!"

36Won profetess dey, wey en name bi Anna, Fanuel dota, wey kom from Asher famili. E don old wel-wel and e mari en husban for sevun years, bifor di man die.

37E don rish eti-for years since en husban die. E nor dey komot for di Tempol, e dey serv God and dey fast and pray day and nite.

38For dat taim, e kom mit Josef, Mary, di pikin and Simeon kon bigin tank God, dey tok abaut di pikin giv evribodi wey dey wait for di taim wen God go fri Jerusalem.

39So, wen Josef and Mary don du all di tins wey God law sey mak dem du, dem kon go bak to dia haus for Nazaret for Galili.

40Di pikin kon grow, dey strong, e get sense and God favor, dey wit am.

41Evri year, Jisos papa and mama dey go Jerusalem for Passova Fist.

42Wen Jisos bi twef years, dem kon go as dem dey du bifor

43and as dem dey go bak to dia haus, Jisos nor folo dem, bot en mama and papa nor no;

44bikos dem tink sey e dey wit dem wey dey travol togeda. Wen dem don travol for won ful day, dem kon dey faind Jisos among dia rilashons and frends.

45As dem nor si-am, dem kon go bak to Jerusalem go faind am.

46Afta tiri days, dem kon si-am insaid di Tempol, wer e sidan wit di tishas dey listin and dey ask dem meni kweshon.

47Evribodi wey hear wetin Jisos dey tok kon dey sopraiz for di way e undastand and di ansa wey e dey giv.

48Wen en mama and papa si-am, dem sopraiz wel-wel. Naim en mama sey, "My pikin, why yu du us laik dis? Si, mi and yor papa dey faind yu for evriwer since."

49Jisos ansa dem, "Why una dey faind mi? Una nor no sey I go dey my Papa haus?"

50Bot en mama and papa nor undastand wetin Jisos min.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

51Den Jisos folo dem go Nazaret kon dey du wetin dem tel am. Bot en mama kip all dis tins for maind.

52Jisos kon get sense more-more as e dey grow, so God and pipol kon laik am wel-wel.

Luk 3

1Tiberius Caesar don dey rule for fiftin years wen Pontius Pilate bi govnor for Judea and Herod dey rule Galili, en broda Filip dey rule Iturea and Trakonitis aria and Lysanias dey rule Abilene.

2For dat taim, na Annas and Kaifas bi di High Prists. So God kon tok to Jon, wey bi Zekaraya pikin, for insaid desert.

3Jon kon go all di aria wey dey roun Jordan Riva dey prish sey mak pipol turn from dia sin kom mit God and mak dem baptaiz, so dat God go forgiv dem.

4As Profet Isaia tok for di book wey e rite sey, "Won vois dey shaut for insaid desert sey: 'Priper di way for di Oga and mak en road strate.

5"Evri place wey low, God go mak am high and evri place wey high, God go mak am low, ben-ben road go strate, di road wey bad, go gud

6and evribodi for dis wold go si God savashon.'“

7So Jon tel di pipol wey kom mak e for baptaiz dem sey, "Una wey bi snake shildren! Hu warn una mak una run komot from God ponishment wey dey kom?

8"Naw, mak una bear frut wey go show sey una don rili turn from sin kom mit God, mak una nor start to sey, 'Abraham na awa papa.' Bikos God fit tak dis stones wey dey for groun tak mak pikin for Abraham!

9"Ivun naw sef, di axe don redi to kut di tri wey nor dey bear beta frut, dem go kut am dan kon trow am insaid fire.”

10So di pipol kon ask am, "Wetin wi go du naw?”

11Jon ansa dem, "Di pesin wey get tu klot must giv won to pesin wey nor get at-all and di pesin wey get fud must share wit pesin wey nor get.”

12Tax koletors tu waka kom mak Jon for baptaiz dem and dem kon ask am, "Tisha, wetin wi go du?”

13Jon tel dem, "Mak una nor kolet moni pas di won wey di law tok.”

14Den som sojas kon stil ask am, "Wot of us? Wetin wi go du?" E tel dem, "Mak una nor yuz fos kolet moni from enibodi hand or lai for enibodi head and mak una salari, rish una.”

15All di pipol kon dey wonda weda Jon, naim bi di Mezaya wey dem dey wait for.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

16Jon ansa dem, "Na ordinari wota I tak dey baptaiz una, bot di pesin wey big pas mi, dey kom, I nor rish hu go luz di rope wey dey en shu. E go baptaiz una wit di Holi Spirit and fire.

17"E hol shovel for hand to havest di corn kip for en store, bot e go burn di corn kanda wit fire wey nor dey kwensh."

18Na so Jon prish di Gud News for di pipol.

19Bot wen Jon tel Herod wey bi govnor sey, God dey ves wit am, bikos of en broda wife, Herodias, wey e mari and all di bad-bad tins wey e du,

20Herod tak all dis join di vesnashon wey e get for Jon, so e kon lock am for prizin.

21So wen all di pipol don baptaiz, Jisos ensef kon baptaiz tu. Wen e dey pray, hevun opun,

22di Holi Spirit kon kom dan for en head laik dove. Den won vois tok from hevun sey, "Yu bi my Pikin wey I luv wel-wel and yu dey mak bele swit mi."

23Jisos start en ministri wen e bi tati years. Evribodi no am as Josef pikin, wey Heli born.

24Heli na Mattat pikin, wey Levi born. Levi na Melchi pikin, wey bi Jannai pikin and na Josef bi Jannai papa.

25Josef na Mattatias pikin wey bi Amos pikin, wey bi Nahum pikin, wey bi Esli pikin, wey bi Naggai pikin.

26Naggai na Maat pikin, wey bi Mattatias pikin, wey bi Semein pikin, wey bi Josec pikin, wey bi Joda pikin.

27Joda na Joanan pikin, wey bi Rhesa pikin, wey bi Zerubabel pikin, wey bi Shealtiel pikin, wey bi Neri pikin.

28Neri na Melchi pikin, wey bi Addi pikin, wey bi Kosam pikin, wey bi Elmadam pikin, wey bi Er pikin.

29Er na Joshua pikin, wey bi Eliezer pikin, wey bi Jorim pikin, wey bi Mattat pikin, wey bi Levi pikin.

30Levi na Simeon pikin, wey bi Juda pikin, wey bi Josef pikin, wey bi Jonam pikin, wey Eliakim born.

31Eliakim na Melea pikin, wey bi Menna pikin, wey bi Mattata pikin, wey bi Natan pikin, wey bi David pikin.

32Jesse wey Obed born, naim bi David papa. Obed papa na Boaz, wey bi Salmon pikin, wey bi Nashon pikin.

33Aminadab wey bi Admin pikin, naim born Nashon. Admin papa na Arni, wey bi Hezron pikin, wey bi Perez pikin wey Juda born.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

34Jakop wey Izik born, naim bi Juda papa. Abraham born Izik and na Tera wey Nahor
born, bi Abraham papa.

35Nahor na Serug pikin, wey bi Reu pikin, wey bi Peleg pikin, wey bi Eber pikin, wey
bi Shela pikin.

36Kainan wey Afazad born, naim bi Shela papa. Afazad na Shem pikin, and Noah wey
Lamek born, naim bi Shem papa.

37Lamek na Metusela pikin, wey bi Enok pikin, wey bi Jared pikin and Mahalalel wey
Kenan born, naim bi Jared papa.

38Kenan na Enos pikin, wey bi Set pikin, wey bi Adam pikin and na God kreate
Adam.

Luk 4

1Di Holi Spirit enta Jisos bodi kon kari am from Jordan Riva go insaid widanes.

2For der, devol kon tempt am for forti days. Dat taim, Jisos dey fast, so e nor chop
fud, bot afta e fast finish, e kon dey hungri.

3Devol kon tel am, "If na tru sey yu bi God Pikin, mak yu komand dis stone mak e
turn to fud."

4Den Jisos ansa, "God wod sey, 'Nor bi onli fud man sopoz to chop for dis wold, bot
na evri wod wey God tok.'"

5Den devol tak Jisos go on-top won mountin kon show am all di kindom wey dey dis
wold.

6den e tel am, "I go giv yu all dis place and all di onor wey folo am as yor kindom,
bikos dem don giv am to mi and I fit gi-am to enibodi wey I wont.

7"So, if yu bow dan woship mi, I go giv yu evritin."

8Jisos ansa, "God wod sey, 'Na onli God yu must woship and serv.'"

9Den devol tak Jisos go Jerusalem kon mak am stand on-top di place wer high pas for
di Tempol kon tel am, "If yu rili bi God Pikin, mak yu jump go dan,

10bikos God wod sey, 'God go tel en angels mak dem gaid yu'

11and, 'Dem go kari yu for dia hand, so dat yu nor go yuz yor leg nak stone.'"

12Jisos ansa am, "God wod sey, 'Mak yu nor test God wey bi yor Oga.'"

13So wen devol don tempt Jisos finish, e kon liv am ontil anoda taim.

14As di Holi Spirit pawa ful Jisos bodi, e kon go bak to Galili and en stori bigin spread
for di hol aria.

15E bigin tish for dia sinagog and evribodi kon dey praiz God.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

16Afta, Jisos go Nazaret wer e for grow up, e enta di sinagog for Sabat Day as e dey always du and e kon get up mak e read.

17Dem gi-am di book wey Profet Isaia rite. Jisos kon opun am rish di place wey dem rite sey,

18"God Spirit dey my bodi, bikos E don anoint mi mak I prish Gud News giv poor pipol. E send mi mak I prish fridom giv pipol wey dey prizin and mak blind pipol for si. E stil sey mak I fri doz wey dem dey opres

19and mak I annouce sey di taim wen God won save en pipol, don rish."

20Jisos klose di book kon gi-am bak to di pesin wey dey hol am, den e go sidan. So evribodi wey dey di sinagog kon dey luk am.

21Den Jisos tel dem, "Today, di tins wey dem rite for God wod for wer I read, don hapun, jos as una hear am wen I dey read am."

22Evribodi dey tok gud abaut Jisos, dem sopraiz for di swit-swit wod wey kom out from en mout. So dem kon ask, "Dis nor bi Josef pikin?"

23Jisos tel dem, "I no sey una go kwote proverb for mi sey, 'Doktor, mak yu kior yorsef!' And una go sey, 'For here wey bi yor home-tawn, wi won mak yu du wetin wi hear sey yu du for Kapanum.'"

24Jisos stil sey, "Mak I tel una tru wod, profet nor dey get respet for en home-tawn.

25"Bot I tel una di trut, wimen wey dia husban don die meni for Izrel for Elija taim, wen God stop rain for tiri and haf years and beta hunga kon dey evriwer.

26"Bot God nor send Elija go mit eni of doz wimen, esept won wuman wey en husban die for Zarepat insaid Sidon.

27"Pipol wey get leprosi meni for Izrel for profet Elisha taim, bot God nor heal eni won esept Naaman, wey kom from Syria."

28Wen dem hear dis tins, all di pipol for di sinagog kon dey ves.

29Dem push Jisos komot from di tawn kon tak am go di hil wey dia tawn dey on-top, mak dem for trow am dan.

30Bot Jisos pas dia senta, waka komot.

31So Jisos kon go Kapanum, wey dey Galili and e bigin tish pipol for Sabat Day.

32Dem sopraiz wel-wel for en tishin, bikos e dey tok wit autoriti.

33Insaid di sinagog, won man wey evil spirit dey en bodi kon dey shaut,

34"Abeg, mak yu liv us alone, Jisos wey kom from Nazaret! Yu don kom distroi us? I no hu yu bi, yu bi God savant wey holi."

35Bot Jisos tel am: "Mak yu shut up! Yu dimon, komot for en bodi." Di dimon trow di man for groun for dia front kon komot for en bodi, bot di man nor wound.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

36Di pipol sopraiz kon dey ask ish oda, "Wetin dey hapun so? Dis man dey yuz God pawa tak komand dimon and dem dey obey am!”

37So di news abaut Jisos kon spread enta di hol aria for Galili.

38Afta Jisos komot for di sinagog, e enta Saimon haus. Saimon wife mama get fiva and dem kon beg Jisos make e heal am.

39So Jisos stand near di wuman kon komand di fiva komot for en bodi. Kwik-kwik, di wuman get up, bigin kare for Jisos and di odas wey dey di haus.

40As day dey dak, evribodi wey get pipol wey nor wel kon bring dem kom mit Jisos. E tosh dem for head and dem kon wel.

41Dimons dey shaut dey komot from meni pipol bodi, dey sey, "Yu bi God Pikin!" Bot Jisos warn dem mak dem nor tok, bikos dem no sey, naim bi di Mezaya.

42Wen day break, Jisos komot go won place wer nobodi dey. Bot pipol faind am rish der and dem kon dey trai to hol am mak e nor for liv dem.

43Bot Jisos tel dem, "I must prish dis Gud News abaut God Kindom giv pipol wey dey oda tawns, bikos na wetin God send mi kom du, bi dat.”

44So e kontinu to prish for di sinagogs wey dey Judea.

Luk 5

1Jisos stand near Genesaret and pipol gada mak dem for hear God wod.

2E si tu kenu for di wotasaid, bot di fishamen wey get dem, don kom dan dey wosh dia net.

3E enta insaid won kenu wey bi Saimon Pita own kon tel am mak e push di kenu enta wota smol. Den Jisos kon sidan dey tish di pipol from di kenu.

4Wen e don tok finish, e kon tel Saimon, "Push di kenu go wer deep pas for di wota, mak una for fit kash fish.”

5Saimon ansa, "Oga, wi dey here from nite til day-break and wi nor kash enitin. Bot as yu tok, wi go put awa net insaid wota.”

6So, dem trow dia net insaid wota and dem kash meni fish sotey dia net kon start to tear.

7So, dem kon du sign giv di oda pipol wey dey folo dem wok, mak dem kom help dem. Wen dem put all di fish insaid di tu kenu, di kenu dem kon dey won sink.

8Wen Saimon si wetin hapun, e kon nil dan for Jisos front dey sey, "Abeg, nor near mi Oga, bikos I bi sina.”

9Pita and all di pipol wey dey wit am sopraiz wel-wel wen dem si all di fish wey dem kash.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

10James and Jon, wey bi Zebedi shildren, wey dey folo Pita wok, sopraiz tu. Den Jisos tel Saimon Pita, "Mak yu nor wori, from today go, na pipol yu go dey kash.”

11So wen dem don push dia kenu rish groun for di wotasaid, dem liv evritin kon folo Jisos.

12Wen Jisos dey for won tawn, won man wey get leprosi kom mit am. Wen di man si Jisos, e fal face groun kon beg-am sey, "Oga, if yu laik to du-am, yu go fit heal mi.”

13So Jisos tosh di man kon sey, "I laik to du-am. 'Oya! Mak yor bodi klin naw!'" At wons, di leprosi komot for di man bodi.

14Jisos tel di man, "Mak yu nor tel enibodi, bot go show yorsef to di prist and pay di ofrin wey Mosis komand sey, pipol wey dia leprosi don komot for dia bodi go bring, so dat di prist go no sey yu don rili wel.”

15Bot di news abaut Jisos kon spread pas bifor and meni pipol kom mit am mak dem for fit hear en wod and mak e for heal dem.

16Bot Jisos komot go pray for widanes, wer pipol nor dey.

17Won day, wen Jisos dey tish, som Farisi pipol and di law tishas kon kom from all di vilage wey dey Galili, Judea and Jerusalem, dem sidan near Jisos and God pawa dey wit am to heal pipol.

18Som men kari won man for bed wey nor fit waka, kom. Dem kon dey trai to kari am enta di haus kom mit Jisos,

19bot bikos pipol meni, dem nor fit kari am pas, so dem kon opun di zink for di haus top, drop di man wit di bed smol-smol, til e rish Jisos front for di pipol senta.

20Wen Jisos si haw dia fate big rish, e kon tel di man, "My frend, I forgiv yu all yor sins.”

21So di law tishas and di Farisi pipol kon dey tink for dia maind sey, "Hu bi dis man wey dey shalenge God laik dis? Hu fit forgiv sin esept God?”

22Jisos no wetin dem dey tink, so e ask dem, "Why una dey tink laik dis sef?

23"Wish won eazi to tok? 'I forgiv yu yor sin?' or 'Get up mak yu waka?’

24"Bot mak una for no sey Man Pikin get pawa for dis wold to forgiv sin, e kon tel di man wey nor fit waka, 'I tel yu, get up, kari yor bed mak yu dey go haus.'“

25At wons, di man kon get up for dia present, kari di bed wey e laidan put bifor kon dey praiz God as e dey go haus.

26Evribodi for der sopraiz wel-wel. Fear kash dem and dem kon dey wonda dey sey, "Na wondaful tin awa eye si today so -o-o!”

27Afta dis won, Jisos go out and e kon si won tax koletor sidan for wer e for dey kolet tax, en name na Levi. Jisos kon tel am, "Mak yu folo mi.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

28Levi get up, liv evritin kon folo am.

29Den Levi du parti for en haus bikos of Jisos, so meni tax koletors and oda pipol kom chop wit dem for di parti.

30Bot di Farisi pipol and som law tishas kon dey ves for Jisos disaipols sey, "Why una dey chop and drink wit tax koletors and sinas?”

31Jisos ansa dem, "Pipol wey wel nor nid doktor, na onli doz wey nor wel, nid am.

32"I nor kom kol gud pipol to turn from sin kom mit God, bot na sinas, I kom kol.”

33Den som pipol kon tel Jisos, "Jon disaipols dey fast and pray and di Farisi disaipols dey du di same tin, bot yor own jos dey chop and drink enihaw.”

34So Jisos ansa dem, "Yu espet sey mak pipol wey kom marage dey hungri wen di man wey dey mari dey der?

35Bot taim go rish wen di man wey dey mari nor go dey wit dem, dat taim, dem go fast.”

36E stil tel dem won parabol: "Nobodi dey tear new klot tak pash old won. If e du laik dat, e go fit spoil di new klot and di new klot pisis nor go mash di old won.

37"And nobodi dey pour new wine insaid old wine bag. If e du laik dat, di new wine go tear di bag, di wine go trowey and di bag go skata.

38"Insted, pipol sopoz pour new wine insaid new wine bag.

39"Nobodi go laik to drink new wine afta e don drink old wine. Bikos e go sey, 'Na di old wine beta pas.'"

Luk 6

1Jisos dey waka pas wer dem plant corn put and en disaipols kon plok som corn dey chop.

2Som of di Farisi pipol kon sey, "Why una dey du wetin awa law tok sey mak wi nor du for Sabat Day?”

3Jisos ansa dem, "Una neva read wetin David du wen en and en men dey hungri?

4"E enta God haus kon tak di bread wey holi wey onli prists sopoz chop and en and en men chop am.”

5So Jisos kon tel dem, "Na Man Pikin bi Sabat Oga.”

6For anoda Sabat day, Jisos enta di sinagog dey tish. Won man wey en rite hand don die dey der.

7Di law tishas and di Farisi pipol dey luk Jisos wit kona eye weda e go heal pipol for Sabat Day, so dat dem go si wetin dem go tak akiuz am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

8Bot Jisos no wetin dem dey tink, so e kon tel di man wey en hand die, "Get up, mak yu kom stand for here", so di man get-up, go stand near am.

9Den Jisos ask dem, "E dey rite to du gud for Sabat" or "to save or distroi enibodi life?”

10Afta Jisos luk dem roun, e kon tel di man, "Stresh yor hand out." So di man stresh en hand and di hand kon wel.

11Bot di Farisi pipol and di law tishas kon ves sotey dem nor dey si road again, so dem kon bigin tel diasef wetin dem go du Jisos Kraist.

12Jisos go mountin go pray kon stay der til day break dey pray to God.

13Wen day break, Jisos kol en disaipols kon shuz twef among dem wey e kol apostols:

14Saimon (wey bi Pita) and en broda Andru and James, Jon, Filip, Batlomi

15Matiu, Tomas, James (Afius pikin) Saimon wey bi Zilot, (pesin wey dey fite for en kontri).

16Judas (James pikin) and Judas Iskarot wey leta sel Jisos giv en enimis.

17Den Jisos kom dan wit en apostols kon stand for groun wey level. Meni disaipols from Judea, Jerusalem and all di smol tawns wey near Tyre and Sidon gada kon hear am dey prish and e heal doz wey nor wel

18and odas wey evil spirit dey wori.

19Evribodi dey trai to tosh am, bikos pawa wey dey komot from en bodi, dey heal pipol.

20Den Jisos luk en disaipols, tel dem, "Mak una hapi, una wey dey poor, bikos na una get God Kindom.

21"Mak una hapi, una wey dey hungri, bikos una go beleful. Mak una hapi, una wey dey krai naw, bikos una go laff.

22"Una wey pipol hate, dey rejet, kos and dey kol bad pipol bikos of Man Pikin, God go blees una

23and una go dey hapi for dat day. Mak una hapi wel-wel, bikos di riwod wey una go get for hevun, go big wel-wel. Na so dia gran-gran papa dem tok abaut di profets tu.

24"Bot kos dey una head, una wey get moni wel-wel naw, bikos una don alredi get una riwod.

25"Kos dey una head, una wey don ova beleful, bikos una go hungri. Kos dey una head, una wey dey laff naw, bikos una go krai wel-wel.

26"Kos dey una head, una wey pipol dey tok gud tins abaut, bikos na so dia gran-gran papa dem tok abaut di fake profets tu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

27"Bot I dey tel una wey dey listin, 'Mak una luv una enimi and du gud to pipol wey hate una.'

28"Mak una bless doz wey kos una and pray for doz wey dey trit una enihaw.

29"If enibodi slap una for face, mak una turn di oda side gi-am tu. If enibodi yuz fos kolet una koat, mak una gi-am una shirt join tu.

30"Mak una giv evribodi wey ask una for somtin and if enibodi tak wetin bi una own, mak una nor ask for am bak.

31"Mak una du for pipol as una wont mak dem du for una.

32"If una luv onli di pipol wey luv una, wetin go mak God bless una? Ivun sinas sef luv doz wey luv dem.

33"And if una du gud for onli doz wey dey du gud for una, wetin go mak God bless una? Ivun sinas dey du di same tin tu.

34"And if una borow pesin moni wen una no sey e go fit pay una bak, wetin go mak God bless una? Sinas sef dey borow moni giv sinas, so dat dem go pay dem bak dia koret moni.

35"Bot mak una luv una enimis kon du gud and mak una nor espet enitin bak wen una borow enibodi somtin. Na dis go mak God pay una bak and una go bi en shildren, bikos God ensef dey du gud for wiked pipol and doz wey nor dey sey tank yu.

36"So, mak una dey show mesi, jos as una Papa dey show mesi.

37Mak una nor joj oda pipol, so dat God nor go joj una. Mak una nor kondem odas, so dat God nor go kondem una. Mak una forgiv odas and God go forgiv una.

38"Mak una giv pipol wey nor get and God go giv una wetin rili big, E go pack am wel-wel and di tins go ova ful. God go pour all dis tins for una life. Bot na as una tak giv odas, na so God go tak giv una tu."

39Jisos stil tel dem anoda parabol, "Pesin wey blind nor dey fit show anoda blind man road, abi e go fit? No! If na so, dem tu go fal insaid gutta.

40"No student go fit big pas en tisha, bot wen e don learn finish, e go bi laik en tisha.

41"Why yu dey luk di smol dirti wey dey yor broda eye, bot yu nor dey si di big wud wey dey yor own eye.

42"Haw yu go tak tel yor broda sey, 'Broda, mak I rimov di dirti wey dey yor eye, bot yu nor dey si di wud wey dey yor own eye? Yu wey dey pritend, mak yu first komot di wud for yor eye, den yu go si wel to fit rimov yor broda own.'

43"Bikos no beta tri dey bear bad frut and no bad tri dey bear gud frut,

44bikos na frut wey tri bear, naim pipol dey tak no di kaind tri wey e bi. Pipol nor dey plok fig or grape from shuku-shuku tri.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

45"Wen pesin dey gud, na di gud tins wey dey insaid am, dey mak am bear gud fruts, bot bad pesin, na di bad tins wey dey insaid am, dey mak am bear bad fruts, bikos na from wetin ful insaid pesin maind, naim en mout dey tok.

46"Why una dey kol mi, 'Oga' and una nor dey du wetin I tel una?

47"Enibodi wey kom mit mi and listin to my wod kon du-am; I go show una wetin di pesin bi laik.

48"E bi laik man wey dey build haus, wey dig groun kon lay di foundashon on-top strong rock. Wen big wota rush kom, e nor go fit shake di haus, bikos dem build am for beta rock.

49"Bot di pesin wey hear my wod and e nor du-am, e bi laik man wey build haus wey nor get strong foundashon. Wen big wota kom, di haus go fal skata."

Luk 7

1Afta Jisos tish di pipol all dis tins, e kon go Kapanum.

2For der, won Roman soja get won savant wey e laik wel-wel, bot di savant nor wel and e nearli die.

3Wen di soja hear abaut Jisos, e kon send som Ju eldas go mit am sey, mak e kom heal en savant.

4Wen dem si Jisos, dem beg am wel-wel sey, "E gud mak yu kom help am,

5bikos e luv awa pipol and e ivun build sinagog for us."

6So Jisos folo dem go. As Jisos near di haus, di soja kon send som of en frends go mit am sey, "Oga, nor trobol yorsef, bikos I nor big rish hu yu go enta en haus.

7"Naim mak mi nor waka kom mit yu, insted, mak yu jos giv orda and my savant go wel.

8"Bikos mi tu get pipol wey big pas mi and I get di won wey I big pas. If I tel won, 'Go!' E go-go' and anoda won, 'Kom!' E go kom and if I tel my savant, "Do dis tin!' E go du-am."

9Wen Jisos hear dis, e sopraiz and bele swit am, naim e luk di pipol wey dey folo am kon tel dem, "I tel una tru wod, I neva si dis kaind fate bifor, ivun for Izrel."

10So, wen doz wey di soja send go bak to di haus, dem kon si sey di savant don wel.

11Afta, Jisos go won tawn wey dem dey kol Nain, en disaipols wit meni pipol folo am.

12Near di tawn gate, dem mit pipol dey kari won deadbodi go bere. Di man mama na widow and naim bi di wuman onli pikin, so plenti pipol from di tawn kon folo am.

13Wen Jisos si di wuman, e sori for am kon tel am, "Mak yu nor krai again."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14Den e waka go tosh di kofin and di men wey kari am kon stop. Jisos kon sey, "Young-man, get up!”

15So di young-man get up kon start to dey tok. Jisos kon gi-am bak to en mama.

16Fear kash all of dem and dem kon dey praiz God sey, "Na big profet kom mit us so-o!" and "God don kom help en pipol!”

17Di news abaut Jisos kon spread roun Judea and all di place wey near der.

18Jon disaipols kon tel Jon abaut di tins wey dey hapun. So e kol tu of en disaipols

19kon send dem go ask Jisos sey, "Na yu bi di pesin wey wi dey espet, abi mak wi wait for anoda pesin?”

20Wen dem si Jisos, dem kon sey, "Jon di Baptist send us mak wi ask sey, 'Na yu bi di pesin wey wi dey espet, abi mak wi wait for anoda pesin?'“

21For dat same taim, Jisos heal meni pipol wey get difren siknes, pipol wey get evil spirit and pipol wey nor fit si, kon dey si.

22So, Jisos ansa dem, mak una go tel Jon wetin una don si and hear: "Blind pipol dey si, pipol wey nor fit waka bifor, dey waka, pipol wey get leprosi, dia bodi don klin, pipol wey nor dey hear, don dey hear naw, pipol wey don die, don wak-up and ivun poor pipol, don hear di Gud News.

23"God go bless pipol wey nor dey doubt mi.”

24Wen Jon mesenjas don go, Jisos kon bigin tok to di pipol abaut Jon: "Wetin una go faind for insaid desert? Na grass wey briz dey blow?

25"Wetin una go out go si? Na man wey wear fine klot? No! Bikos pipol wey dey wear fine klot and dey enjoy life, na king palise dem dey stay.

26"Wetin una go out go si? Na profet? Yes! I tel una, e ivun big pas profet.

27"Dis na wetin dem rite abaut am, 'I dey send my mesenja go yor front, wey go-go priper yor road for yu.’

28"I tel una tru wod, among all di pipol wey wuman born, nobodi big rish Jon di Baptist, bot di pesin wey smol pas for God Kindom, big pas am.”

29(Naw, evribodi wey hear dis tins, ivun di tax koletors, no sey God dey du wetin dey rite, bikos Jon di Baptist baptaiz dem.

30Bot di Farisi pipol and di law tishas rejet wetin God plan for dem, bikos Jon nor baptaiz dem.)

31"Haw I won tak tok abaut pipol wey dey for dis wold naw?

32"Dem bi laik shildren wey sidan for market dey tel ish oda, 'Wi play musik for una, bot una nor gri dance; wi sing beria song for una, bot una nor gri krai.’

33"Wen Jon di Baptist kom, e nor chop fud or drink wine, bot una sey, 'E get dimon!’

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

34"God Pikin kom, dey chop and drink and una sey, 'Si-am, longtrot, drunkad, na tax koletors and sinas bi en frend.'

35"Bot doz wey get wisdom, no sey evritin abaut am, na trut."

36Won Farisi kon invait Jisos kom chop for en haus, so Jisos enta di Farisi haus kon sidan.

37Den, wen won wuman from dat tawn wey bi sina hear sey Jisos dey chop for di Farisi haus, e kon bring won fine oil botol, wey dey sent wel-wel, kom.

38E nil dan for Jisos front dey krai and e kon dey wet Jisos leg wit di tears from en eye. E klin Jisos leg wit en hair kon kiss dem, den e pour di oil put.

39Wen di Farisi wey invait Jisos si wetin dey hapun, e kon tok for en maind sey, "If dis man na profet tru-tru, e for no sey dis wuman wey dey tosh am so, na sina e bi."

40Jisos kon tel di Farisi, "Saimon, e get wetin I won tel yu." Saimon kon sey, "Tisha, I dey listin."

41"E get won man wey get tu savant wey dey hol am moni, won dey hol am faiv tazon and di oda won, faiv ondred.

42"Wen tu of dem nor fit pay di moni bak, e kon sey mak dem forget abaut di moni. Afta dat, wish of dem go laik di man pas?"

43Saimon ansa, "Na di won wey en moni big pas." Jisos kon tel am, "Wetin yu tok, koret."

44Den Jisos luk di wuman kon ask Saimon, 'Yu dey si dis wuman? I enta yor haus, yu nor giv mi wota wosh leg, bot di wuman don wosh my leg wit en tears kon tak en hair klin am.

45"Wen I enta yor haus, yu nor kiss or grit mi as awa tradishon bi, bot since I enta, dis wuman neva stop to kiss my leg.

46"Yu nor pour oil for my head, bot dis wuman don anoint my leg wit oil wey dey sent wel-wel.

47"Mak I tel yu, I don forgiv dis wuman en meni sins, so en luv don big wel-wel, bot di pesin wey dem forgiv smol sin, en luv go smol."

48Den Jisos tel di wuman, "I forgiv yu all yor sins."

49Bot di pipol wey sidan dey chop wit Jisos kon dey tel ish oda, "Hu bi dis man wey dey forgiv sin?"

50So, Jisos tel di wuman, "Yor fate don save yu; mak peace folo yu go."

Luk 8

1Afta som taim, Jisos kon travol go all di tawn and vilage dey prish di Gud News abaut God Kindom. Di twef apostols

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

2and som wimen wey Jisos driv evil spirit and difren siknes komot for dia bodi, go wit
am: Mary (wey dem dey kol Magdalene), wey Jisos driv sevun dimon komot for en
bodi,

3Joanna, Shuza wife (wey bi managa for Herod haus), Susanna and meni oda wimen
wey dey yuz dia own moni sopot Jisos and en disaipols.

4Meni pipol gada roun Jisos and som stil dey kom from difren place, so e kon tel dem
dis parabol:

5"Won man go plant sid for en farm. As e dey plant, som fal for road, pipol mash dem
pas and birds kon chop dem.

6"Som wey fal for wer stones dey kon grow and die, bikos wota nor dey dat groun.

7"Odas fal for wer shuku-shuku dey and wen dem grow, di shuku-shuku grow tu, kon
shuk dem die.

8"Bot di wons wey fal for beta groun, grow kon bear pas ondred sid." Den Jisos sey,
"Enibodi wey get ear, mak e hear!”

9Den en disaipols ask am wetin di parabol min.

10Jisos ansa dem, "Una get di shanse to no God Kindom sikrit, bot dis oda pipol, na
onli parabol dem go tak hear am, so dat as dem dey luk, dem nor go si and as dem
hear, dem nor go undastand.

11"Na wetin di parabol min bi dis: Di sid na God wod.

12"Di won wey fal for road, na di pipol wey hear God wod, bot devol kon tif am from
dia heart, so dat dem nor go biliv and God nor go save dem.

13"Di won wey fal for wer stones dey, na di pipol wey hear God wod kon risiv am wit
hapines, bot dem nor get root. Dem biliv smol, bot wen wahala kom, dem nor biliv
again.

14"Di sid wey fal for shuku-shuku, na di pipol wey hear God wod, bot wahala, plenti
propati and jolli-jolli for dis wold kon shuk dem, so di frut nor ivun ripe.

15"Bot di sid wey fal for beta groun, na di pipol wey hear God wod, hol am wit beta
maind, dey obey God and bear wahala, so dem kon bear plenti frut.”

16"Pesin nor go lite kandol kon tak bucket kova am or hide am unda bed, bot e go put
am for wer pipol go si-am wen dem enta di haus.

17"Bikos e nor get wetin pipol hide naw, wey God nor go bring out and wetin dey
sikrit naw, God go bring am out for wer lite dey.

18"So mak una listin wel-wel, bikos pesin wey get, God go gi-am more, bot pesin wey
nor get, ivun di smol won wey e tink sey e get, God go tak am from en hand.”

19Jisos mama and en brodas kom mit am, bot dem nor fit go near am, bikos pipol
plenti for der.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

20So pipol tel am, "Yor mama and brodas dey outsaid, dem won si yu."

21Jisos ansa, "My mama and brodas na pipol wey dey hear and obey God wod."

22Won day, Jisos and en disaipols enta kenu, den e tel dem, "Mak wi kros go di oda side for di riva." So dem kon go.

23As dia kenu dey move for di wota, Jisos dey slip den strong briz start to dey blow and dem kon dey fear, bikos wota dey enta di kenu.

24Dem kon tel Jisos, "Oga! Oga! Na die wi dey so!" Jisos get up, kon komand di briz mak e stop and di wota wey rof bifor, stop and evriwer kon kwayet.

25Den Jisos ask dem, "Wer una fate dey?" Bot dem dey fear and sopraiz dey tel ish oda, "Wish kaind man bi dis sef? Ivun briz and wota dey obey am!"

26Dem kon rish Gerasenes aria wey face Galili.

27As Jisos kom dan from di kenu, won man wey get dimon wey dey di tawn kom mit am. E don tey wen dis man stop to wear klot or stay insaid haus, bot e dey stay for beria groun.

28Wen e si Jisos, e fal for en front kon shaut, "Mak yu liv mi! Jisos, God Pikin, I beg yu, nor ponish mi!"

29E shaut, bikos Jisos don first komand di evil spirit mak e komot for en bodi (bikos di evil spirit don disturb di man wel-wel and dem dey chain and gaid am. Bot e dey break di chain and di dimon go driv am go insaid desert.)

30Jisos ask am, "Wetin bi yor name?" E ansa, "Na Legion, bikos wi plenti insaid am."

31Di dimons bigin beg Jisos mak e send dem go insaid di riva.

32Near di riva, meni pig dey togeda dey chop and di evil spirits beg Jisos mak dem enta insaid di pigs. So Jisos alow dem.

33Di dimons komot for di man bodi go enta di pigs and all of dem kon rush enta di riva go die.

34Wen di pipol wey dey kip di pigs si wetin hapun, dem run go insaid tawn bigin spread di news.

35So di pipol run kom si wetin dey hapun and dem mit Jisos for der. Di man wey Jisos driv dimon komot for en bodi, don wel and e wear klot sidan near Jisos leg, so fear kon kash di pipol.

36Pipol wey si wetin hapun, tel di tawn pipol haw Jisos heal di man wey get dimon bifor.

37Den all di pipol for Gerasenes and di aria wey near der, kon tel Jisos mak e liv dem, bikos dem dey fear wel-wel. So Jisos and en disaipols enta kenu kon komot for der.

38Di man wey dimon komot for en bodi beg Jisos mak e folo am, bot Jisos tel am,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

39"Mak yu go yor haus go tel dem wetin God don du for yu." So di man kon go, dey
tel pipol for di tawn wetin Jisos du for am.

40Wen Jisos go bak for di oda side for di riva, pipol welkom am for der, bikos e don
tey wey dem dey wait for am.

41Den Jairus wey bi oga for di sinagog kon kom. E fal for groun near Jisos leg, dey
beg am mak e kom en haus,

42bikos e onli dota wey don rish twef years, dey die. As Jisos dey go di man haus,
pipol kon dey waka jam am enihaw bikos dem plenti.

43Won wuman dey among dem wey don dey mestrate for twef years naw, bikos
nobodi fit heal am.

44E waka kom Jisos bak kon tosh Jisos klot kona and at wons, di blood kon stop.

45Den Jisos ask, "Na hu tosh mi?" Wen evribodi sey dem nor no, Pita kon tel Jisos,
"Oga, plenti pipol gada roun yu and all of dem bodi dey tosh yu!”

46Bot Jisos sey, "Sombodi tosh mi, bikos pawa komot for my bodi.”

47Wen di wuman si sey e nor go fit hide again, e kom out dey shake kon fal for Jisos
front. For evribodi present, e tok wetin mak am tosh Jisos and haw e kon wel at wons.

48Jisos kon tel di wuman, "My pikin, yor fate don heal yu. Mak peace folo yu.”

49As Jisos stil dey tok, sombodi run kom from Jairus haus, kon tel Jairus sey, "Yor
pikin don die, so mak yu nor wori di tisha again.”

50Bot wen Jisos hear am, e tel Jairus, "Mak yu nor fear, jos biliv and yor pikin go
wel.”

51Wen dem rish di haus, Jisos nor let enibodi folo am enta, esept Pita, Jon and James
wit di pikin papa and mama.

52Evribodi for der dey krai tak bodi nak groun, bot Jisos tel dem, "Mak una nor krai,
bikos di girl neva die, na slip e dey slip.”

53Dem kon bigin laff am, bikos dem no sey di girl don die.

54Bot Jisos hol di girl hand kon sey, "My pikin, get up.”

55Naim di girl spirit enta di bodi bak and e kon get up at wons. Den Jisos tel dem mak
dem giv di pikin fud chop.

56Di papa and mama sopraiz wel-wel, bot Jisos komand dem mak dem nor tel enibodi
wetin hapun.

Luk 9

1Afta Jisos don kol di twef disaipols togeda, e giv dem pawa and autoriti to driv
dimon and to heal pipol wey nor wel.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

2Den e kon send dem go prish abaut God Kindom and heal pipol wey nor wel.

3E tel dem, "Mak una nor tak wokin-stik, bag, bread, moni or extra klot folo bodi.

4Mak una stay for eni haus wey una enta ontil una komot for dat aria.

5Wer dem nor welkom una, mak una shake di sand from una leg as una dey komot and dis go bi witnes against dem.”

6Di disaipols kon travol go all di vilage dem, dey prish di Gud News and heal pipol for evriwer.

7Wen Herod wey bi rula hear abaut evritin wey dey hapun, e konfuz, bikos som pipol sey Jon don wak-up from deat

8and odas sey Elija don apier, som stil sey won old profet don wak-up.

9Herod kon sey, "I orda mak dem kut Jon head komot, bot hu bi dis won wey I dey hear all dis tins abaut so?" Bikos of dat, Herod kon trai to faind out more abaut Jisos.

10Wen di apostols kom bak, dem tel Jisos evritin wey dem don du. Den Jisos tak onli dem folo bodi go Betsaida.

11Bot wen pipol no, dem kon folo Jisos and en disaipols go der. E welkom dem, den tel dem abaut God Kindom and e heal doz wey nor wel.

12Wen day don dey dak, di disaipols kon tel Jisos, "Tel dis pipol mak dem go, so dat dem go-go di vilage and farm wey near dis aria go fine fud chop, kon slip for der, bikos dis place na desert.”

13Bot Jisos ansa, "Mak una giv dem fud chop." Dem kon sey, "Na onli faiv bread and tu fish wi get, unles yu wont mak wi go buy fud for all of dem.

14(Di men wey dey der alone rish faiv tazon). Jisos tel en disaipols, "Tel di pipol mak dem sidan fifti-fifti.”

15Di disaipols du as Jisos tok and all di pipol kon sidan.

16Den Jisos tak di faiv bread and tu fish, e luk hevun, tank God, den e kon divide dem. E giv di bread and fish to en disaipols, mak dem share am for di pipol.

17Evribodi chop beleful and wen dem gada di fud wey rimain, e ful twef basket.

18As Jisos dey pray alone and en disaipols dey near am, e kon ask dem, "Na hu pipol dey tok sey I bi?”

19Dem ansa, "Som sey yu bi Jon di Baptist, odas sey yu bi Elija and odas stil sey yu bi won old profet wey wak-up from deat.”

20Den Jisos ask dem, "Bot hu una tok sey I bi?" Pita kon ansa, "Yu bi di Mezaya wey God send.”

21Bot Jisos warn dem wel-wel, mak dem nor tel enibodi abaut am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

22Den Jisos tel dem, "God Pikin go sofa meni tins: di eldas, prist oga dem and di law tishas go rejet am, dem go kil-am and afta tiri days, God go wak-am up."

23So Jisos tel all of dem, "If pesin won folo mi, e must forget ensef, kari en kros evriday, dey folo mi.

24"Bikos enibodi wey won save en life, go luz am and enibodi wey luz en life bikos of mi, go save am.

25"Wetin pesin go gain if e get di hol wold, bot e luz en soul?

26"Enibodi wey dey shame for mi and my wod, Man Pikin go shame for am wen e go kom bak for en glori and di glori wey en Papa and di angels get.

27"Bot I tel una tru wod, som pipol wey stand for here nor go die, bifor dem go si God Kindom."

28Won wik afta Jisos tok all dis tins, e kon tak Pita, Jon and James go on-top won mountin go pray.

29As e dey pray, en face shange and en klot kon dey shine laik lite.

30At wons, Mosis and Elija kon dey tok wit am.

31As dem apier wit glori, dem kon tel Jisos haw e go sofa and die for Jerusalem, as dem rite for God wod.

32Pita and di odas wey dey wit am dey slip bifor, bot at wons slip komot from dia eye and dem si Jisos glori and di tu men wey stand wit am.

33Den as Mosis and Elija won go, Pita kon tel Jisos, "Oga, e gud mak wi stay here. Mak wi build tiri kanopi, won for yu, won for Mosis and won for Elija.' (Pita nor ivun no wetin e dey tok.)

34As e stil dey tok, won kaind kloud suroun dem, fear kon kash di disaipols, as Mosis and Elija enta di kloud.

35Won vois from di kloud kon sey, "Dis na my pikin wey I shuz. Mak una listin to am!"

36Afta di vois don tok finish, Jisos kon dey alone for di place, bot di disaipols kwayet and dem nor tel enibodi wetin dem si.

37Di next day wen dem kom dan from di mountin, meni pipol kom mit Jisos.

38Den won man among di pipol krai kom, "Tisha, I beg yu, si my pikin, na-im bi di onli boy wey I get!

39"Evil spirit dey wori am and e dey mak am shaut. Di spirit dey mak am get konvoshon and foam dey komot for en mout. Di spirit nor gri liv am and e dey trobol am wel-wel.

40"I beg yor disaipols mak dem driv di dimon komot, bot dem nor fit."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

41Jisos kon tel dem, "Una wey dey du bad tins and nor gri biliv, haw long I go stay wit una?" Den e tel di man, "Bring yor pikin kom here.”

42As di boy dey kom, di dimon trow am for groun and konvoshon kon hol am. Den Jisos komand di dimon mak e komot and e heal di boy, kon gi-am to en papa.

43Den evribodi wey dey der kon sopraiz as dem si God pawa. Bot as di pipol stil dey sopraiz, Jisos kon tel en disaipols,

44"Mak una nor forget wetin I won tel una, dem go sel God Pikin giv humanbin.”

45Bot dem nor undastand dis wod, bikos God hide am from dem mak dem for nor no wetin di wod min. Di disaipols demsef dey fear to ask Jisos abaut di mata.

46Di disaipols kon dey ask demsef, "Hu big pas among us for God Kindom?”

47Wen Jisos no wetin dem dey tok, e bring won smol pikin near am

48kon tel dem, "Enibodi wey welkom dis smol pikin bikos of mi, don welkom mi and enibodi wey welkom mi, don welkom God wey send mi, bikos di pesin wey smol pas among una, na-im big pas for God Kindom.”

49Jon tel Jisos, "Oga, wi si won man dey driv dimon wit yor name and wi tel am mak e stop, bikos e nor dey wit us.”

50Jisos kon ansa am, "Nor stop am, bikos enibodi wey nor dey against us, dey awa side.”

51Wen di taim wey God go tak Jisos go hevun don near, Jisos tink for en maind sey, e go-go Jerusalem.

52E kon send mesenjas go for front and dem enta won vilage for Samaria go priper evritin bifor e go rish der,

53bot di villagas nor gri welkom am, bikos dem si sey, e won go Jerusalem.

54Wen James and Jon si wetin hapun, dem kon sey, "Oga, yu wont mak wi kol fire dan from hevun kon kil dis pipol?”

55Bot Jisos turn warn dem,

56den en and dem kon go anoda vilage.

57As Jisos dey go for road, won man kon tel am, "I won folo yu go eniwer wey u dey go.”

58Jisos kon tel am, "Rabbits get hol, birds get nest, bot Man Pikin nor get eniwer to put en head!”

59Jisos kon tel anoda man, "Mak yu folo mi," bot di man sey, "Oga, mak I first go bere my papa.”

60Jisos kon tel am, "Mak doz wey don die, bere hu don die. Bot mak yu go prish abaut God Kindom.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

61Anoda pesin kon sey, "Oga! I go laik to folo yu, bot mak I first go tel my famili bye-bye."

62Jisos tel am, "Pesin wey put hand for dis wok, den kon dey luk bak, nor get part for God Kindom."

Luk 10

1Afta, Jisos shuz sevunti-tu men kon send dem tu by tu go all di tawn and oda place wer e won go leta.

2E tel dem, "Di frut wey dem won plok, plenti, bot pipol wey go plok dem, nor plenti rish. Mak una pray mak di Oga wey get di farm send wokas kon gada en frut.

3"Mak una go! I dey send una laik smol-smol ship go mit wiked anima.

4"Mak una nor tak bag or shu and nor grit enibodi for road.

5"Wen una enta eni haus, mak una first sey, 'Mak peace dey dis haus!'

6"If enibodi wey wont peace dey der, una peace go stay wit am, bot if e nor dey, una peace go kom bak to una.

7"Mak una stay for dat haus, chop and drink enitin wey dem giv una, bikos enibodi wey dey wok, sopoz to get en pay. Mak una nor dey waka from won haus go anoda.

8"Wen una enta eni tawn and dem welkom una, mak una chop di fud wey dem giv una

9and heal di sik pipol for dat tawn, den tel di pipol wey dey der sey, 'God Kindom don kom mit una.'

10"Bot wen una enta eni tawn and dem nor welkom una, mak una go road kon sey,

11'Ivun di sand for una tawn wey dey awa leg, wi shake am komot mak e bi witnes against una. Bot mak una no sey: God Kindom don kom mit una.'

12"I tel una tru wod, e go beta for Sodom for jojment day pas dat tawn!

13"Korazin and Betsaida pipol, kos dey una head! Bikos if to sey na for Tyre and Sidon dem for du di mirakols wey dem du for una tawn, di pipol der for don turn from sin kom mit God since, dem for don sidan, wear sack-klot and put ashes for dia head kon dey beg God mak E forgiv dem.

14"Bot e go beta for Tyre and Sidon pipol pas una for jojment day!

15"Una Kapanum pipol, una tink sey God go jos kari una go hevun? No, E go trow una for hell fire."

16Jisos tel en disaipols, "Enibodi wey listin to una, don listin to mi and enibodi wey rejet una, don rejet mi and God wey send mi."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

17Di sevunti-tu men kon kom bak wit hapines, dey sey, "Oga, ivun dimons dey obey us wen wi komand dem wit yor name!”

18Jisos tel dem, "I si Satan wen e fal laik tunda-lite from hevun.

19"Mak una listin, I don giv una pawa to waka on-top snake and skorpion and to ova kom all di enimi pawa, so nor-tin go fit wound una.

20"Mak una nor onli dey hapi sey evil spirit dey obey una, insted mak una hapi sey God rite una name for hevun.”

21For dat taim, di Holi Spirit kon mak Jisos dey hapi, so e kon sey, "I praiz Yu, Papa wey bi Oga for hevun and eart, bikos Yu don hide dis tins from pipol wey get sense and wise, bot Yu show dem to yor shildren. Yes, Papa, na so Yu wont mak e bi.

22"My Papa don giv mi evritin. Nobodi no hu di pikin bi esept di Papa and nobodi no hu di Papa bi esept di pikin and pipol wey di pikin won show.”

23Den Jisos kon face en disaipols tel dem smol-smol, "God don bless di pesin wey en eye si wetin una dey si so -o -o!

24"I tel una tru wod, 'Meni profets and kings don trai to si wetin una dey si so, bot dem nor fit si-am and dem don won hear wetin una dey hear so, bot dem nor fit hear-am.”

25Won man wey sabi di law wel-wel kon get up test Jisos, "Tisha, wetin I go du to tak get life wey nor dey end?”

26Jisos kon ask am, "Wetin yu undastand abaut Mosis law?

27Di man ansa, "Mak yu luv God yor Oga wit all yor heart, yor soul, yor pawa and maind, den luv yor nebor as yu luv yorsef.”

28Jisos kon tel am, "Yor ansa koret, mak yu du dem and yu go get koret life.”

29Bot di man won show sey en no wel-wel, so e kon ask Jisos, "Hu bi my nebor?”

30Jisos tel am dis stori, "Won man dey travol from Jerusalem go Jeriko and tif kon atak am for road, dem naked am, beat am til e nearli die, den kon waka liv am.

31"Afta, won prist dey pas der, wen e si di man, e waka pas for di oda side for di road.

32"Na so tu, won woka for di tempol stil waka rish wer di man dey, bot e waka pas di oda side for di road.

33"Bot won Samaria man wey dey travol for dat road kon rish wer di man dey, as e si di man, e sori for am.

34"E waka go mit di man kon rob wine and olive oil for en sore and bandage am. Den e put di man on-top en horse kon kari am go won hotel and e kare for am dat nite.

35"Di next day, di Samaria man giv di hotel manaja tu silva koins kon tel am, 'Mak yu kare for dis man, wen I kom bak, I go pay yu eni extra moni wey yu spend.'“

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

36Jisos kon ask di man wey e dey folo tok sey, "Among dis tiri men, wish won yu tink sey bi nebor to di man wey tif atak?”

37Di man wey sabi di law wel-wel kon ansa, "Na di won wey kare for di man." So, Jisos kon tel am, "Mak yu go du di same tin.”

38As Jisos and en disaipols stil dey travol, dem rish won vilage and won wuman wey en name bi Marta kon welkom dem for en haus.

39Mary, wey bi Marta sista, sidan near Jisos leg dey listin to wetin e dey tish.

40Bot Marta nor hapi, bikos of all di wok wey e dey du, so e mit Jisos kon sey, "Oga! Si, my sista don liv all di wok for mi. Abeg, tel am mak e kom help mi.”

41Jisos ansa am, "Marta! Marta! Yu dey tu wahala yorsef abaut meni tins,

42na onli won tin dey important and Mary don shuz di koret tin and nobodi go fit tak am from am."

Luk 11

1Won day Jisos dey pray for won place. Wen e pray finish, won of en disaipols kon tel am, "Oga! Mak yu tish us haw to pray, jos as Jon tish en disaipols.

2So Jisos kon tel dem, "Wen una dey pray, mak una sey: 'Awa Papa wey dey for hevun, wi grit Yu, Mak yor kindom kom.

3'Giv us di bread wey wi go chop today,

4Mak Yu forgiv us awa sins, as wi dey forgiv doz wey du us bad. Nor let us enta temtashon.'“

5Den Jisos tel dem, "Laik sey won of una go mit en frend for mid-nite sey, 'My frend, abeg giv mi tiri bread,

6bikos won of my frend wey dey travol stop for my place and I nor get enitin to giv am chop.’

7"Den yor frend kon ansa from insaid haus, 'Mak yu nor disturb mi. I don lock my door and mi and my shildren dey slip. I nor go fit get up giv yu enitin naw.’

8"I tel yu tru wod, ivun if di man insaid, nor won get up bikos yu bi en frend, e go get up giv yu enitin wey yu wont, bikos yu nor let am res.

9"So, I tel yu tru wod: Mak yu ask and God go giv yu, faind and yu go si wetin yu dey luk for, mak yu nok and di door go opun for yu.

10"Bikos pesin wey ask, go get, pesin wey faind, go si wetin e dey faind and di pesin wey nok, di door go opun for am.

11"Wish of una wey bi papa go giv en pikin snake, if e ask for fish?

12"Or if di pikin ask for egg, una go gi-am skorpion?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

13"Since una fit giv una pikin gud tins, as una bad rish, wot of una Papa for Hevun wey go giv di Holi Spirit to enibodi wey ask am!”

14Won day, Jisos kon driv dimon wey dey mak pesin nor fit tok komot for won man bodi. Wen di dimon don komot, di man bigin tok and di pipol sopraiz wel-wel.

15Bot som of dem sey, "Belzibub wey bi dimon oga, na en pawa Jisos dey yuz tak driv dimons.”

16Bot oda pipol kon dey ask for sign from hevun, bikos dem won test Jisos.

17Jisos no wetin dey dia maind, so e kon tel dem, "Eni kindom wer pipol dey fite ish oda nor go last and famili wey divide, go fal.

18"So, if Satan kindom divide, haw en kindom go tak last? I dey ask una dis tin, bikos una dey sey na Belzibub pawa I tak dey driv dimons.

19"If na Belzibub pawa I tak dey driv dimons, den na wish pawa una pikin dem dey yuz? So, na una pikin go joj una.

20"Bot if na God pawa I tak dey driv dimon komot, naim bi sey God Kindom don rish wer una dey.

21"Wen pesin wey get pawa redi wel-wel gaid en own haus, all en tins go dey safe.

22"Bot wen pesin wey get pawa pas am atak and win am, di pesin go kari all di tins wey di man tak dey protet ensef kon divide di propati wey rimain.

23"Enibodi wey nor dey wit mi, dey against mi and enibodi wey nor dey help mi gada, dey skata.

24"Wen evil spirit komot for pesin bodi, e go dey waka enihaw, dey fine wer e go res, bot e nor go si. Den e go tel ensef, 'Mak I go bak to di haus wey I from komot.’

25"Wen e kom bak kon si sey dem swip evriwer klin, arange am and nobodi dey stay der.

26"E go-go bring sevun oda spirits wey wiked pas am join ensef and dem go stay for der, so di pesin kondishon go wos pas as e bi bifor.”

27As Jisos tok dis tins, won wuman for der kon shaut, "God go bless di bele wey born yu and di breast wey yu sok!”

28Den Jisos sey, "Pipol wey hear God wod and du wetin e tok, na dem God don bless!”

29As pipol dey plenti more-more, Jisos kon sey, "Pipol wey dey dis wold naw wiked wel-wel; dem dey luk for sign, bot God nor go show dem eni sign, esept di tin wey hapun for Jona taim.

30"Jos as Jona bi profet for Nineve pipol, na so Man Pikin go bi sign for di pipol wey dey dis wold naw.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

31For Jogment Day, Sheba Queen go bear witnes against pipol wey dey dis wold naw and God go kondem dem, bikos di queen travol from far place kom hear di wise tins wey Solomon tish. Bot naw, pesin wey big pas Solomon dey here!

32For Jogment Day, na so tu Nineve pipol go bear witnes against pipol wey dey dis wold naw, bikos dem turn from sin kom mit God, wen Jona prish giv dem. Bot naw, pesin wey big pas Jona dey here.”

33"Nobodi dey lite lamp put for unda basket or for wer pipol nor go fit si-am, bot dem go put am for wer pipol go si-am wen dem enta di haus.

34"Na eye bi di lamp wey bodi get. If yor eye wel, lite go ful yor hol bodi, bot wen yor eye nor wel, na daknes go ful yor bodi.

35"So mak sure sey wetin dey insaid yu, na lite, nor bi daknes.

36"If lite ful yor bodi and daknes nor dey insaid at-all, e go shine wel-wel laik wen lamp dey shine for yor face.”

37As Jisos dey tok, won Farisi kol am kom en haus kon chop, so Jisos go sidan for wer dem go for chop.

38Di Farisi sopraiz wel-wel wen e si sey Jisos nor first wosh hand, bifor e bigin chop.

39Bot Jisos tel am, "Una wey bi Farisi pipol dey wosh outsaid cup and plate, bot insaid una bele, longtrot and wikednes ful am.

40"Una bi fool! Nor bi God wey mak di outsaid stil mak insaid?

41"Bot mak una from una heart giv to pipol wey nor get, so dat evritin go dey klin for una.

42"Kos dey una head! Una wey bi Farisi pipol! Una dey giv God won out of evri ten tins wey una get! "Bot una dey forget pipol wey nor get.

43"Kos dey una head! Una wey bi Farisi pipol! Una dey won sidan for beta chair for sinagog and una dey laik mak pipol dey grit una for market.

44"Kos dey una head! Una bi laik grave wey pipol dey mash pas and dem nor no sey na grave.”

45Won of di men wey no di law wel-wel kon ansa, "Tisha, yu dey kos us as yu dey tok laik dis so o-o.”

46Bot Jisos ansa am, "Kos dey una head! Una wey sabi di law wel-wel! Una kari heavi load put for pipol bak and una nor won ivun tak hand tosh di load!

47"Kos dey una head! Una dey build profets grave, di profets wey una gran-gran papa kil.

48"Dis show sey una sopot di tins wey una gran-gran papa dem du, bikos dem kil di profets and una build dia graves!

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

49"Na dis won mak God tok wit en wisdom sey, 'I go send profets and apostols go mit dem and dem go sofa and kil som of dem.'

50"So di profets blood wey dem don kil since di wold start, di pipol wey dey dis wold naw, go tak dia head kari am.

51"From wen dem kil Abel go rish di taim wen dem kil Zekaraya for di alta insaid di Tempol, dia blood dey dis pipol head and God go joj dem.

52"Kos dey una head! Una wey no di law wel-wel! Una don sieze di key wey dey mak pipol no di trut! Since una nor gri enta, una nor wont mak oda pipol enta tu."

53Wen Jisos komot from der, di pipol wey no di law wel-wel and di Farisi pipol kon dey ves, so from dat taim, dem kon bigin ask Jisos yeye kweshon abaut meni tins

54and dem kon dey plan, so dat dem go fit faind wod for en mout, wey dem go tak hol am.

Luk 12

1Plenti pipol gada aroun Jisos kon dey waka jam won anoda, so Jisos kon tel en disaipols, "Mak una shine una eye wel-wel, bikos of di Farisi pipol wey dey pritend.

2"Enitin wey pipol hide naw, go kom out for publik and enitin wey dey sikrit naw, God go bring am out.

3"So enitin wey pesin du for daknes, go kom out for lite and enitin wey pesin tok for sikrit, pipol go shaut am from on-top haus.

4"I tel una wey bi my frends, mak una nor fear pipol wey fit kil pesin, bot dem nor fit du pas dat.

5"Bot mak I tel una hu una must fear: Mak una fear di Pesin wey get pawa to trow una insaid hell fire afta E don kil una. Yes, I tel una tru wod, na-im una must fear!

6"Nor bi tu koins dem dey sel faiv sparo bird? Bot God nor dey forget eni won of dem.

7"Si, God no di numba of hair wey dey una head. So mak una nor fear, bikos una beta pas meni sparo bird.

8"I tel una tru wod, enibodi wey stand-up for publik sey en no mi, mi tu go stand-up for am, for wer God angels dey.

9"Bot pesin wey rejet mi for wer pipol dey, mi tu go rejet am for wer God angels dey.

10"And enibodi wey tok bad abaut Man Pikin, God go fit forgiv am, bot pesin wey tok bad abaut di Holi Spirit, God nor go forgiv am.

11"Wen dem kari una go sinagog or go mit govnors and pipol wey get pawa to joj una kase, mak una nor wori abaut haw una go difend unasef or wetin una go tok,

12bikos di Holi Spirit go tel una wetin to tok, wen dat taim rish."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

13Den won pesin among di pipol kon sey, "Tisha, tel my broda mak e divide di propati wey awa papa die liv for us.”

14Bot Jisos ask am, "My frend, na hu mak mi joj for una tu mata?”

15Den Jisos tel dem, "Mak una gaid against longtrot, bikos nor bi wetin pesin get for dis life go save am.”

16So Jisos kon tel dem won parabol: "Won rish man plok plenti fud from en farm,

17so e kon tink for en maind sey, 'Wetin I go du naw? Bikos I nor get eniwer to kip all dis fud wey I plok so.’

18'Den di man sey, 'I no wetin I go du: I go skata my stores kon build new big-big won wey I go kip all my fud and oda tins wey I plok.’

19'Den I go tel mysef, "Yu get plenti fud wey go last yu for meni years, so mak yu go slip, chop and drink, dey enjoy yorsef!"“

20"Bot God kon tel di man, 'Yu bi fool! Dis nite, yu go die, den hu go kon get all dis tins wey yu don gada for yorsef?’

21"Na so e go bi wit pesin wey dey gada moni kip for ensef, bot en heart nor dey wit God.”

22Jisos tel en disaipols, "Naw I dey tel una, mak una nor wori abaut una life, wetin una go chop or klot wey una go wear for bodi.

23"Bikos life gud pas fud and awa bodi beta pas klot.

24"Mak una tink haw birds bi: Dem nor dey plant or plok, dem nor get wer dem dey kip fud put, bot God dey giv dem fud chop. If God dey kare for dem, wot abaut una wey beta pas dem?

25"Wish of una go fit add won hour join en life, bikos e dey wori?

26"So, if una nor fit du dis simpol tin, why una dey wori abaut di odas?

27"Mak una tink of haw flawas dey grow: Dem nor dey wok or mak klot for demsef. Bot I tel una tru wod, ivun Solomon for all di glori wey e get, nor dress fine rish flawas!

28"If God dey dress grass, wey dey today and pipol go kut am trow for fire tomoro, dat God nor go fit kare for una? Una fate smol wel-wel-o-o!

29"Mak una nor dey wori abaut wetin una go chop or drink.

30"Na bikos of all dis tins, pipol wey nor no God dey wori demsef, bot una Papa for hevun no sey una nid dem.

31"Insted mak una first strogol to enta God Kindom and God go giv una all di oda tins.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

32"Mak una nor fear, una wey bi smol ships, bikos una Papa go hapi to giv una di kindom.

33"Mak una sel evritin wey una get and giv di moni to poor pipol. Bag wey nor go tear, mak una tak am gada beta tins for hevun, wer tif nor go fit rish and ant nor go fit spoil dem.

34"Bikos na wer yor propati dey, na der yor heart go dey tu.

35"Mak una redi to serv God and mak una lite dey shine evritaim.

36"Mak una bi laik pipol wey dey wait for dia oga to kom bak from parti, so dat wen e nok, una go kwik opun door for am.

37"Di savant wey en oga go kom bak kon mit am dey wok, mak e hapi wel-wel bikos di oga go priper ensef mak e for serv di savant fud for tabol.

38"Mak doz savant hapi wel-wel, ivun if di oga kom for nain or tiri o'klok for nite kon si sey dem neva slip.

39"Bot mak una no dis. If di owna of di haus no wen tif dey kom, e nor go let di tif break enta en haus.

40"Una must dey redi tu, bikos Man Pikin go kom wen nobodi dey espet am."

41Den Pita kon ask, "Oga na onli wi yu dey tel dis parabol, abi na evribodi?"

42Jisos ansa, "Hu bi di manaja wey get sense and nor dey du wayo? Na pesin wey di oga put mak e kare and giv di oda savants dia fud for di rite taim?

43"Di savant wey en oga kom bak kon mit am dey du en wok, mak e hapi wel-wel.

44"I tel una tru wod, di oga go sey make e kare for all en propati.

45"Bot if dat savant tink for en maind sey, 'My oga go tey smol and e bigin beat di oda savants, weda na man or wuman; e kon dey chop, dey drink enihaw,

46den di oga kon kom bak for di day wen di savant nor tink sey e go kom. Di oga go ponish di savant kon lock am for wer dem dey kip wiked pipol.'

47"Di savant wey no wetin en oga wont and e nor du-am, dem go flog am wel-wel.

48"Bot di savant wey nor no wetin en oga wont and e du tins wey go mak dem beat am, dem go beat am smol. Pesin wey God giv plenti tins to, E go ask plenti tins from am and di won wey God giv plenti, E go ask doubol from dem."

49"I bring fire kom dis wold and I wish sey di fire don dey kash!

50"E get won baptizim wey dem go baptaiz mi and my maind nor go fit res ontil e hapun!

51"Una tink sey na peace I bring kom dis wold? No, I kom divide una!

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

52"From naw go, famili wey bi faiv go divide, tiri go dey against tu, tu go dey against tiri.

53"Papa go dey against en son and son go dey against en papa, mama go dey against en dota and dota go dey against en mama, husban-mama go dey against en pikin wife and wife go dey against en husban-mama."

54Jisos tel di pipol, "Enitaim una si sey di kloud dey go West, una dey no sey, heavi rain won fal and tru-tru, e go fal.

55"And wen una si briz dey blow from East, una go sey, 'Heat go dey today' and na so e go bi.

56"Una wey dey pritend! Una fit tok haw di weda go bi, bot why una nor fit tok wetin dey hapun so?"

57"Why una nor dey tok wetin dey gud for pipol to du?

58"If yu and pesin get kase and una dey go kourt, mak yu trai setol wit am for road, so dat e nor go drag yu go mit di joj, wey go giv yu to polis and dem go trow yu insaid prizin.

59"I tel una tru wod, yu nor go komot for der ontil yu pay all di moni wey yu dey hol!"

Luk 13

1Som pipol wey dey der wen Jisos dey tok kon tel am haw Pilate kil som Galili pipol kon mix dia blood wit dia sakrifais.

2Jisos ansa dem, "Una tink sey na doz Galili pipol sin pas evribodi, bikos dem sofa all dis tins?

3"I tel una tru wod, nor bi so e bi! Unles una turn from sin kom mit God, all of una go die tu!

4"Doz etin pipol wey die wen towa fal for dia head for Siloam, una tink sey na dia sin big pas for Jerusalem?

5"I tel una tru wod, nor bi so e bi!? Unles una turn from sin kom mit God, all of una go die tu!"

6Jisos tel dem dis parabol; "Won man plant fig tri for en farm, so e kon dey luk for frut from di tri, bot e nor si.

7"Naim e kon tel doz wey dey wosh di farm sey, 'Since tiri years naw, I dey fine frut for dis tri, bot wen I luk, I nor dey si. So, mak una kut am dan! Why wi stil let am dey tak space?'

8"Bot di farma ansa, 'Oga, stil liv am for dis year mak I put fertaliza,

9"Den if e bear frut next year, wi go liv am, bot if e nor bear, yu fit kut am trowey.'"

10Wen Jisos dey tish for won sinagog for Sabat Day,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11won wuman wey evil spirit bend en bodi for etin years dey der.

12Wen Jisos si-am, e kol di wuman kon tel am, "Wuman, yu don fri from yor trobol."

13Jisos tosh di wuman and at wons, en bodi kon strate and e start to praiz God.

14Bot di oga for di sinagog ves sey Jisos heal pesin for Sabat day, so e kon tel di pipol, "Wi get sis days wen pipol sopoz wok, so mak una kom mak dem heal una for doz sis days, bot nor bi for Sabat day."

15Den Jisos ansa am, "Yu wey dey pritend! Una nor dey luz una melu or donkey from rope go drink wota for Sabat day?

16So mak I nor fri dis wuman, wey bi Abraham pikin, wey dey Satan prizin for etin years, bikos today na Sabat?"

17Wen Jisos tok dis tin, shame kon kash all en enimis, so di pipol kon dey hapi, bikos of wetin Jisos dey du.

18Jisos ask di pipol, "Wetin God Kindom bi laik? Haw I won tak diskribe am?

19"E bi laik mustard sid wey pesin plant for en farm. Di sid grow kon turn to big tri and birds build dia haus for di tri."

20Jisos tok again sey, "Wetin I go tok sey God Kindom bi laik?

21"E bi laik yist wey wuman mix wit tiri basket of flawa so dat di bread go raiz."

22Jisos kon travol pas tawns and vilage dem dey tish as e dey go Jerusalem.

23Sombodi kon ask am, "Oga, na onli few pipol God go save?" Jisos tel dem,

24"Mak una strogol wel-wel so dat una go fit pas di smol door, bikos meni pipol go trai to enta God Kindom, bot dem nor go fit.

25"If di Oga wey get di haus go lock di door, una go stand for outsaid dey nok and beg sey, "Oga, mak yu let us enta! Bot e go ansa, 'I nor no wer una from kom.'

26"Den una go sey, 'Wi chop and drink wit yu and yu tish for awa tawns tu.'

27"Bot e go sey, 'I nor no wer una from kom! Mak una nor near mi, una bi wiked pipol!'

28"Una go krai dey grind tit wen una si Abraham, Izik, Jakop and all di profets insaid God Kindom, bot God go trow una for outsaid.

29"Pipol go from east, west, nort and sout kon sidan for di parti for God Kindom.

30"Den doz wey bi last, go bi first and doz wey bi first, go bi last."

31Dat taim, som Farisi pipol kom mit Jisos tok sey, "Run komot for here, bikos Herod won kil yu."

32Bot Jisos tel dem, "Mak una go mit dat yeye man tel am, 'Si, for today, tomoro and next tomoro, I go stil dey driv dimons dey heal pipol, ontil my wok go finish.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

33"Bot for today, tomoro and next tomoro, I go-go my way, bikos e nor fit hapun sey dem go kil profet outsaid Jerusalam.

34Jerusalem pipol! Jerusalem pipol! Una wey kil profets and stone pipol wey God send kom mit una! E don tey wey I won gada una shildren as fawo dey gada en pikin unda en feda, bot una nor gri!

35"Mak una luk, una shildren don skata! And I tel una tru wod, una nor go si mi again ontil una go sey, 'God don bless di pesin wey kom wit en name!'"

Luk 14

1For won Sabat day, wen Jisos go chop for won Farisi oga haus, di pipol kon dey luk am,

2bikos won man wey en hand and leg swel-up, stand for en front.

3Jisos kon ask di pipol wey sabi di law wel-wel and di Farisi pipol sey, "E dey rite to heal for Sabat day?”

4Dem nor tok enitin. Naim Jisos hol di man, heal am kon sey mak e dey go.

5Den Jisos tel dem, "If eni of una get pikin or melu wey fal insaid wel for Sabat day, una nor go kwik-kwik draw am kom out?”

6Bot dem nor fit ansa.

7Wen Jisos si haw di pipol wey dem invait dey rush to sidan for beta chair, e kon tel dem won parabol:

8"Wen dem invait yu go parti, nor rush go sidan for beta chair, bikos di pesin wey dey du di parti fit don invait pesin wey big pas yu.

9"Den di pesin wey invait tu of una go tel yu, 'Get up mak dis man sidan.' Den wit shame, yu go-go sidan for bak.

10"Bot wen dem invait yu, mak yu sidan for bak chair, so dat wen di pesin wey dey du di parti si yu, e go sey, 'My frend, kom sidan for dis beta place for front.' Den all di pipol wey dey folo yu chop, go giv yu respet.

11"Enibodi wey dey kari bodi up, dem go bring am dan and enibodi wey put en bodi for groun, dem go kari am up.”

12Jisos stil tel di man wey invait am, "Wen yu dey du parti, nor invait yor frends, brodas, rilashons and nebors wey get moni, so dat wen dem dey du dia own parti, dem go invait yu tu.

13"Insted wen yu dey du big parti, mak yu invait poor pipol, pipol wey dia leg or hand kut komot, pipol wey nor fit waka and pipol wey nor dey si.

14"Den, God go bless yu, bikos dem nor go fit pay yu bak, bot na God go pay yu, wen E go raiz en pipol from deat; di pipol wey du wetin E laik.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

15Wen won of di pipol for di parti hear wetin Jisos tok, e kon tel Jisos, "God don bless evribodi wey go chop for di parti for en kindom!”

16Bot Jisos tel am, "Won man du big parti kon invait meni pipol kom.

17"Wen di parti taim rish, e kon tel en savant mak dem go tel evibodi wey e invait sey, 'Mak una kom, bikos evritin don redi.’

18"Bot, all of dem kon dey komplain won by won. Di first won sey, 'I jos buy land and I won go si-am. Abeg, mak yu nor ves.’

19"Anoda won sey, 'I jos buy faiv melu and I dey go luk haw dem bi. Abeg, mak yu nor ves.’

20"Di last won kon sey, 'I nor go fit kom, bikos I jos mari new wife.’

21"So di savant kom bak kon tel en oga evritin wey dem tok. Di oga ves wel-wel kon tel di savant, 'Mak yu go all di strit and kona-kona wey dey dis tawn, go bring poor pipol: pipol wey dia leg or hand kut komot and pipol wey nor fit waka kon di parti.’

22'Afta, di savant sey, 'Oga, I don du wetin yu tok and di parti neva stil ful.’

23"So di oga tel di savant, 'Mak yu go main road and enta evriwer for di aria, tel pipol mak dem kom, so dat my haus go ful.’

24"Bikos I tel yu, non of doz pipol wey I first invait, go taste my fud!”

25Plenti pipol dey waka folo Jisos for road, so e turn luk dem kon sey:

26"If enibodi kom mit mi and e nor luv mi pas en papa, mama, wife, pikin, brodas and sistas, ivun en ownsef, e nor go fit bi my disaipol.

27"Enibodi wey nor gri kari en kros folo mi, nor fit bi my disaipol.

28"Wish of una wey won build big haus, nor go first kakulate weda di moni wey e get go rish to finish am?

29"If e nor du so, wen e don lay di foundashon and e nor fit finish di haus, evribodi wey si wetin hapun, go kon dey laff am.

30"Dem go sey, 'Dis man start to build haus and e nor fit finish am!’

31"Abi wish king wey won go fite anoda king, nor go first sidan tink weda di ten tazon men wey e get go fit fite di twenti tazon wey di oda king get?

32"If e si sey e nor go fit win, e go send mesenja wen di oda king stil dey far, go ask am haw dem go tak setol.

33"Laik dis tu, nobodi fit bi my disaipol if e nor komot en maind from evritin wey e get.

34"Salt gud, bot if e nor get taste, haw dem go fit mak am swit again?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

35"Pipol nor go fit yuz am du enitin, na trowey dem go trowey am. Enibodi wey get ear, mak e hear wetin I dey tok!"

Luk 15

1Enitaim Jisos dey prish, tax koletors and sinas dey kom listin to am.

2Bot di Farisi pipol and di law tishas dey komplain sey, "Dis man dey folo sinas chop."

3So, Jisos kon tel dem dis parabol:

4"If yu get ondred ship and won kon loss, yu nor go liv di nainti-nain wey rimain go faind dat won til yu si-am?

5"Den wen yu si-am, yu go kari am for shoulda, dey hapi.

6"Wen yu rish haus, yu go kol yor frends and nebors sey, 'Mak una kom folo mi hapi, bikos I don si my ship wey loss bifor.'

7"I tel una tru wod, na so hapines dey for hevun wen won sina turn from sin kom mit God, pas nainti-nain gud pipol wey don alredi dey wit God.

8"Or, if won wuman get ten koins and won loss, wetin e go du? E nor go lite lamp, swip di hol haus ontil e si-am?

9"Wen e don si-am, e go kol en frends and nebors gada kon sey, 'Mak una kom folo mi hapi, bikos I don si my moni wey loss bifor.'

10"I tel una tru wod, na so God angels dey hapi, wen won sina turn from sin kom mit God."

11Den Jisos sey, "Won man dey wey get tu sons.

12Di younga won kon tel en papa, 'Giv mi my own share for awa propati.' So en papa kon gi-am.

13"Afta som taim, di young boy kari evritin wey e get travol go won far kontri kon waste all en moni for yeye life.

14"Wen e don finish all wetin e get, e nor si enitin to chop, bikos hunga dey for dat kontri, so e kon dey sofa.

15"Naim e kon dey wok for won man for der, di man dey send am go en farm go giv pig fud.

16"Di hunga kon mak am dey won chop di fud wey di pig dem dey chop, bikos nobodi gi-am fud.

17"Bot wen en eye klear, e kon sey, 'All my papa wokas get fud wey dem nor fit chop finish, bot hungri don nearli kil mi for here!

18'I go get up go mit my papa tel am, "Papa I don sin against hevun and against yu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

19"I nor rish mak dem kol mi yor pikin again. Mak yu tak mi as won of yor wokas.'“

20"So e get up kon go mit en papa. Bot wen en papa si-am dey kom from far, e sori for am, run go mit am, hol am near bodi kon kiss am.

21"Den di pikin tel am, 'Papa, I don sin against hevun and yu. I nor rish mak dem kol mi yor pikin again. Mak yu tak mi as won of yor wokas.’

22"Bot di papa kol en savants kon tel dem, 'Mak una bring di best klot, ring and shu and mak una wear dem for my pikin.

23'Den, mak una go tak di melu wey fat pas, kil-am mak wi du parti,

24bikos dis my pikin die bifor, bot naw, e don kom bak to life, e loss bifor, bot naw, I don si-am!' So di parti kon start.

25"By dat taim, di senior son dey kom from farm wer e go wok. Wen e don near haus, e kon dey hear muzik and si pipol dey dance.

26"So e kol won savant kon ask am, "Wetin dey hapun?’

27"Di savant ansa, 'Yor broda don kom bak and yor papa don kil di melu wey fat pas, bikos e kom bak wel and nor-tin bad hapun to am.’

28"Di senior broda kon dey ves and e nor gri enta haus, so en papa kon beg am mak e enta.

29"So, e tel en papa, 'Si, all dis meni years I dey wok laik slave for yu and e nor get eni taim wey I disobey yu, bot yu neva giv mi ivun won smol goat mak I du parti wit my frends.

30'Bot wen dis yor pikin kom bak afta e don waste all yor moni wit ashawo, yu kon kil di melu wey fat pas for am!’

31"Den di papa tel am, 'My pikin, yu always dey here wit mi and evritin wey I get na yor own.

32'Bot e gud mak I du parti, bikos yor broda die bifor, bot naw, e don kom bak to life, e loss bifor, bot naw, wi don si-am.'"

Luk 16

1Jisos tel en disaipols, "E get won rish man wey hear sey en manaja dey waste en moni.

2"So e kol di manaja kon tel am, 'I nor laik wetin I dey hear abaut yu. Mak yu go rite haw yu tak dey spend all my moni, bikos yu nor go bi my manaja again.’

3"Den di manaja tel ensef, 'Wetin I go du naw? My oga won sack mi and I nor strong rish to dig and na shame for mi to go beg.

4'I no wetin I go du, so dat wen my oga sack mi, I go get frends wey go welkom mi for dia haus.’

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5"So e gada all di pipol wey dey hol en oga moni. E kon ask di first won, 'Haw mush yu dey hol my oga?'

6"Di man ansa, 'Won ondred gallon olive oil.' Di manaja kon sey, 'Tak dis paper, sidan kwik-kwik mak yu rite fifti.'

7"Den e ask anoda won, 'Haw mush yu dey hol?' Di sekon man sey, 'Won ondred basket flawa.' Di manaja tel am, 'Tak dis paper, mak yu rite eti.'

8"Di oga praiz di wayo manaja, bikos of di wayo sense wey e yuz. Bikos dis wold pipol sabi yuz dia wayo sense for biznes pas pipol wey dey for lite.

9"So I tel una tru wod, mak una yuz una moni wel, so dat una go mak frends for unasef and wen di moni finish, God go welkom una for en kindom wey go dey foreva.

10"Enibodi wey fit handol smol tins, go fit handol big tins tu and enibodi wey du wayo for smol tins, go stil du wayo for big wons tu.

11"If pipol nor trust yu wit moni for dis wold, God nor go fit giv yu en rishis for hevun.

12"And if pipol nor fit trust yu wit dia propati, na hu go giv yu yor own?

13"No savant go fit serv tu oga, bikos e must hate won kon luv di oda won, or e go serv won wit all en bodi dan di oda won. So, yu nor go fit serv God and moni for di same taim."

14Wen di Farisi pipol (wey laik moni) hear dis won, dem kon dey tak Jisos mak yeye.

15Bot Jisos tel dem, "Na una dey mak unasef gud for pipol eye, bot God no una heart. Bikos wetin humanbin value wel-wel, naim God nor laik.

16"Mosis law and di tins wey di profets rite, naim pipol dey folo, bifor Jon di Baptist kom. Bot since e kom, dem don dey prish di Gud News abaut God Kindom and evribodi won fos ensef enta.

17"E beta mak hevun and eart vanish, dan mak ivun di smol-smol laws dey yuzles.

18"Eni man wey driv en wife, den mari anoda wuman, don komit adoltri and di man wey mari wuman wey liv en husban, don komit adoltri tu."

19"E get won rish man wey dey wear dear-dear klot and e dey enjoy life evriday.

20"Bot for en gate, won poor man wey en name bi Lazarus and sore ful en bodi, laidan for der,

21e dey wait to chop wetin fal from di rish man tabol. Dogs sef dey kom lick di sore for en bodi.

22"Di poor man kon die and angels kari am go wer Abraham dey. Di rish man stil die tu and dem bere am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

23"As di rish man dey for hell fire dey sofa, e kon luk up si Abraham for far wit Lazarus for en kona.

24"Naim e shaut, 'Papa Abraham, mak yu sori for mi, abeg send Lazarus mak e put en finga for wota kon tosh my mout, bikos I dey sofa insaid dis fire.'

25"Bot Abraham ansa, 'My pikin, rimemba sey wen yu dey alaif, yu dey enjoy gud tins, bot Lazarus nor enjoy at-all. Bot naw, e dey enjoy for here and yu dey sofa for der.

26'Nor bi onli dat won sef, bot dem blok di senta, so dat pipol wey won kros from here go mit una, nor go fit and nobodi go fit from una side kros kom mit us.'

27"So di rish man kon sey, "I beg yu papa, mak yu send Lazarus go my papa haus for di wold,

28(bikos I get faiv brodas), so dat e go warn dem, mak dem nor for kom sofa for dis place.'

29"Bot Abraham ansa, 'Mosis and di profets dey wit yor brodas for di wold, so mak dem listin to dia wod.'

30"Di rish man kon sey, 'No, sir! Bot if pesin wey don die go mit dem, dem go turn from sin kom mit God.'

31"Abraham ansa am, 'If dem nor gri listin to Mosis and di profets, dem nor go stil listin, ivun if pesin wey don die go bak go mit dem.'"

Luk 17

1Jisos tel en disaipols, "Tins wey go mak pipol komit sin must hapun, bot e go bad wel-wel for di pesin wey go mak dem hapun!

2"E beta mak dem tie big stone for di pesin neck, trow am for riva, dan sey e mak eni of dis smol-smol wons komit sin.

3"Mak yu shine yor eye! If yor broda sin, mak yu tel am. If e turn from sin kom mit God, den, mak yu forgiv am.

4"Ivun if e sin against yu sevun taims for won day and e kon tel yu sevun taims sey, 'I don shange', yu must forgiv am."

5Di disaipols kon tel Jisos, "Wi beg! Mak yu mak awa fate strong."

6Jisos ansa, "Ivun if una fate smol laik mustard sid, una go fit tel dis big tri sey, 'Mak yu komot from here go enta riva' and e go obey una.

7"Wish of una go tel en savant wen e kom from farm afta e don fid di ship and melu finish sey, 'Kom sidan, mak yu folo mi chop'?

8"No! Insted una go tel am, 'Priper my evenin fud and serv mi, mak I chop and drink. Wen I don finish, yu fit go chop yor own.'

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9"Di oga nor go tank di savant sey e du wetin e send am, abi e go du so?

10"Na so tu e go bi wit una. Wen una don du all wetin dem send una, mak una sey, 'Na savant wi bi, wi nor rish mak dem praiz us, bikos wi jos du wetin wi sopoz to du.'"

11As Jisos dey go Jerusalem, e kon pas di place wey divide Samaria and Galili.

12As e dey enta won vilage, ten men wey get leprosi mit am for road. Dem stand for far,

13kon dey shaut, "Oga Jisos! Wi beg, mak yu sori for us."

14Wen Jisos si dem e kon sey, "Mak una go show unasef to di prists." And as dem dey go for road, dia bodi kon wel.

15Wen won of dem si sey e don wel, e kon turn bak dey shaut dey praiz God.

16E fal face groun for Jisos front kon dey tank am. (Di man na from Samaria.)

17Den Jisos ask, "Nor bi ten pipol l heal? Wer di oda nain?

18"Na onli dis man wey bi strenja fit kom bak kon praiz God?"

19Den Jisos tel di man, "Get up mak yu dey go. Yor fate don mak yu wel."

20Won day, di Farisi pipol kon ask Jisos wen God Kindom go kom. Jisos ansa, "God Kindom nor go kom wit sign wen pipol go si

21and nobodi go fit sey, 'Si-am for here!' Or 'Si-am for der!' Bikos tru-tru, God Kindom don alredi dey wit una."

22Den Jisos tel en disaipols, "Di taim dey kom wen una go won si Man Pikin, bot una nor go si-am.

23"Dat taim, pipol go tel una, 'Si-am for der!' or 'Si-am for here!' Mak una nor folo dem.

24"Bikos as thunda lite dey flash from won side go anoda for skai, na so Man Pikin go kom for en taim.

25"Bot e must first sofa meni tins and di pipol for dis generashon go rejet am.

26"As e bi for Noah taim, na so e go stil bi for Man Pikin taim.

27"Dat taim, pipol dey chop and drink, ivun for di day wen Noah enta di ark, men and wimen stil dey mari, ontil wota kon distroi all of dem.

28"Na so e stil bi for Lot taim, pipol dey chop and drink, dey buy and sel, dey plant and build haus;

29bot di day wen Lot komot from Sodom, fire and sulfur fal laik rain from hevun kon kil all of dem.

30"Na so e go bi for di day wen Man Pikin go show ensef.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

31"Dat day, enibodi wey dey on-top root for en haus, mak e nor go insaid haus go kari enitin and enibodi wey dey farm, mak e nor go bak to en haus.

32"Mak una rimemba wetin hapun to Lot wife!

33"Enibodi wey won kip en life, go luz am and enibodi wey luz en life, go save am .

34"I tel una tru wod, dat nite, tu pipol go dey won bed, God go tak won kon liv di oda won.

35"Tu wimen go dey grind pepper togeda; God go tak won kon liv di oda won.

36"Tu pipol go dey farm dey wok; God go tak won kon liv di oda won."

37Den di disaipols ask Jisos, "Oga, for wer dis tins go for hapun?" Jisos ansa, "Yu si, na wer dead bodi dey, na der vultures dey gada put."

Luk 18

1Den Jisos tel dem won parabol to show sey, e gud mak pipol dey always pray.

2E sey, "Won joj dey for won tawn wey nor dey fear God and e nor dey respet enibodi.

3"For dat tawn, e get won wuman wey en husban don die. E kon go mit di joj kon beg am, 'Mak yu help mi, bikos som pipol dey shit mi.'

4"Di joj nor first listin to am, bot afta, e tok for en maind sey, 'Aldoh I nor dey fear God and respet enibodi,

5bot bikos dis wuman dey disturb mi, I go mak sure sey e get wetin e sopoz get, oda-wise e nor go let mi res wit dis en beggi-beggi wey nor dey finish.'"

6Jisos sey, "If di wiked joj tok laik dis,

7una nor tink sey God go help en pipol wey dey krai to am for day and nite? Abi, God go wait tey bifor E help dem?

8"I tel una tru wod, God go help dem kwik-kwik. Bot, wen Man Pikin kom bak, e go si pipol wey get fate?"

9Jisos kon tel dis parabol to som pipol wey biliv and feel sey, na dem holi pas and nobodi gud rish dem.

10"Tu men go insaid Tempol go pray. Won na Farisi and di oda won na tax koletor.

11"Di Farisi kon stand dey pray abaut ensef sey: 'God, I tank yu sey I nor bi laik oda pipol wey dey play wayo, dey sin, pipol wey dey komit adoltri or ivun laik dis tax koletor.

12'I dey fast tu taims a wik and I dey pay won out of evri ten tins wey I get, giv Yu.'

13"Bot di tax koletor stand for far place and e nor ivun luk hevun, bot kon nak en chest dey sey, 'God, mak yu sori for mi, bikos I bi sina!'

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14"I tel una tru wod, na di tax koletor God go forgiv, nor bi di Farisi. Bikos enibodi wey kari ensef go up, God go bring am dan, bot di pesin wey put ensef dan, God go kari am up."

15Som pipol kon bring dia pikin mak Jisos tosh dem. Bot wen di disaipols si dem, dem kon bigin shaut for di pipol wey bring di shildren.

16Bot Jisos kol di shildren kon sey, "Mak una alow di smol-smol shildren kom mit mi, nor stop dem, bikos na pipol laik dem get God Kindom.

17"I tel una tru wod, enibodi wey nor risiv God Kindom laik smol pikin, nor go enta insaid."

18Won day, won Ju oga ask Jisos, "Gud tisha, wetin I go du to get life wey nor dey end?"

19Jisos kon tel am, "Why yu dey kol mi gud? Nobodi gud esept God.

20"Yu no di komandment dem wey sey, 'Mak yu nor slip wit pesin wey nor bi yor husban or wife, nor kil pesin, nor tif, respet yor papa and mama.'"

21Di man ansa Jisos, "I dey obey all dis law wit all my heart since I bi smol boy."

22Wen Jisos hear wetin di man tok, e kon tel am, "E stil get won tin wey yu neva du, mak yu sel evritin wey yu get, giv di moni to poor pipol, den yu go get rishis for hevun. Afta dat, mak yu kom folo mi."

23Wen di man hear dis won, e kon dey ves, bikos e rish wel-wel.

24Wen Jisos no sey di man dey ves, e kon tel di pipol wey dey wit am, "E go hard wel-wel for pesin wey rish wel-wel to enta God Kindom!

25E dey ezi for kamel to pas nido hol dan for pesin wey rish wel-wel to enta God Kindom."

26Pipol wey hear dis wod kon sey, "Den hu God go save?"

27Jisos ansa, "Wetin nor posibol for humanbin, dey posibol wit God."

28Den Pita sey, "Oga, wi don liv evritin wey wi get kon folo yu!"

29Jisos kon tel dem, "I tel una di trut, enibodi wey liv en haus, wife, brodas, papa, mama or pikin bikos of God Kindom,

30God go bless am wit wetin pas all di tins wey e liv, both for dis wold and for di life wey dey kom."

31Jisos kol di twef disaipols go kona kon tel dem, "Si, wi dey go Jerusalem and evritin wey di profets rite abaut Man Pikin go hapun for der.

32"Bikos dem go gi-am to Gentai pipol and dem go laff, kos and spit for en bodi.

33"Dem go flog am wel-wel and dem go kon kil-am. Bot for di ted day, e go wak-up."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

34Bot di twef disaipols nor undastand wetin Jisos tok, bikos God hide wetin e min from dem.

35As Jisos near Jeriko, won man wey blind sidan for di road kona dey beg.

36Wen e hear plenti pipol dey pas, e kon ask wetin dey hapun.

37Dem kon tel am sey Jisos wey kom from Nazaret dey pas.

38So di man kon dey shaut, "Jisos, David pikin, mak yu sori for mi -o-o!”

39So di pipol wey dey en front kon dey shaut for am mak e kwayet, bot e kon dey shaut more-more, "David pikin, mak yu sori for mi -o-o!”

40So Jisos stop kon sey mak dem bring di bega kom mit am. Wen di man kom, Jisos kon ask am,

41"Wetin yu wont mak I du for yu?" Di man sey, "Oga, I won si again.”

42Jisos kon tel am, "Mak yu si naw, yor fate don heal yu.”

43At wons, di man bigin si and e kon folo Jisos, dey praiz God. Wen di pipol si wetin hapun, dem kon bigin praiz God.

Luk 19

1Jisos enta Jeriko kon waka go insaid di tawn.

2For der, e get won man wey en name bi Zakius. E get moni wel-wel, bikos e bi tax koletors oga. E don tey wey e

3dey won si Jisos, bot e nor fit si-am, bikos e bi short man and pipol too plenti.

4So e run go klimb won sikamore tri mak e for fit si-am, bikos Jisos go pas dat road.

5Wen Jisos rish dat place, e luk up kon sey, "Zakius, kom dan kwik-kwik, bikos I must stay for yor haus today.”

6So Zakius kom dan kon welkom Jisos wit hapines.

7Wen di pipol si wetin hapun, dem kon dey komplain dey sey, "Jisos don go visit dat man wey bi sina.”

8Bot Zakius stop kon tel Jisos, "Oga si, I go giv haf of wetin I get to poor pipol and evribodi wey I don shit bifor, I go pay am bak for taims!”

9Den Jisos sey, "Salvashon don kom dis haus today, bikos dis man na Abraham pikin tu.

10"Man Pikin kom faind and save pipol wey loss bifor.”

11As Jisos dey waka near Jerusalem, e kon tel di pipol won parabol to show sey God Kindom nor go jos kom laik dat.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

12Jisos kon sey, "Won big man travol go won far kontri wer dem for won mak am king and afta, e kom bak.

13Bifor e go, e kol ten of en savant kon giv ish won moni sey, 'Mak una tak dis moni trade and mak profit til I kom bak.’

14"Bot e own pipol nor laik am, so dem kon send mesage folo am sey, 'Wi nor wont dis man to bi awa king!’

15"Wen e kom bak afta e don get di kindom, e kon kol en savants wey e giv moni mak e for no haw mush dem don gain.

16"So di first won stand for en front sey, 'Oga, I don gain ten koins join di wons wey yu giv mi.’

17"Di oga kon tel am, 'Yu du wel, yu bi gud savant! Bikos yu dey fateful wit smol tin, I go mak yu oga ova ten tawns.’

18"Den di sekon won sey, 'Oga, I don gain faiv koins join di wons wey yu giv mi.’

19"So di oga tel am, 'Yu go bi oga for faiv tawns.’

20"Den anoda savant kon sey, "Oga, si di moni wey yu giv mi. I kip am insaid klot.

21"Bikos I dey fear and no sey yu hash wel-wel. Yu dey chop fud wey nor bi yor own and yu dey plok frut wey yu nor plant!’

22"Di oga kon tel am, 'Na yor wod I go tak joj yu, yu wiked savant! So yu no sey, I bi hash man, dey chop fud wey nor bi my own and I dey plok frut wey I nor plant?

23'Den why yu nor put my moni for bank, so dat wen I kom, I go kolet am wit intres wey go dey on-top?’

24"Den di oga tel di oda savants, 'Mak una tak di moni from am, gi-am to di savant wey get ten.’

25"Dem ansa, 'Oga, di man don alredi get ten!’

26Di oga kon sey, "I tel una, enibodi wey get, God go gi-am more, bot di pesin wey nor get, ivun di smol won wey e get, God go tak am from am.’

27"Bot doz my enimi wey nor wont mak I bi dia king, mak una go bring and kil dem for my front!”

28Afta Jisos tok dis wod, e kon go Jerusalem.

29Wen e rish Betpage and Betani, for di place wey dem dey kol Mount Olives, e kon send tu of en disaipols sey,

30"Mak una go di vilage wey dey front. Wen una enta, una go si won smol donkey wey nobodi don sidan put bifor, wey dem tie for der. Mak una luz am kom giv mi.

31"If enibodi ask una, 'Why una dey luz am?' Mak una ansa, 'Di oga nid am.'“

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

32So di pipol wey dem send go, kon rish di place wey Jisos tel dem.

33As dem dey luz di donkey, di owna kon ask dem, "Why una dey luz am?”

34Dem kon ansa, "Di oga nid am.”

35Dem tak di donkey kon put dia klot on-top am, den Jisos sidan put.

36As Jisos dey ride dey go, pipol kon spread dia klot for road.

37As e dey enta di road wey go Mount Olives, all di disaipols kon dey hapi, dey praiz God wit loud vois for all di mirakols wey dem si.

38"God don bless di king wey dey kom wit en name! Mak peace dey for hevun and mak all di glori bi God own!”

39Bot som Farisi pipol wey dey among di pipol kon tel Jisos, "Tisha, mak yu tel yor disaipols mak dem kwayet.”

40Jisos kon ansa, I tel una tru wod, if dem kwayet, ivun stones go start to dey shaut!”

41Wen Jisos near Jerusalem, e luk di tawn kon dey krai,

42den e kon sey, "I wish sey una no wetin go giv una peace today! Bot naw, God don hide am from una.

43"Taim go kom wen una enimis go suroun una for evri kona kon blok una road.

44"Dem go distori una and una shildren and dem nor go liv won blok on-top anoda, bikos di taim wen God kom visit una, una nor no.”

45Jisos enta di Tempol kon driv all di pipol wey dey sel tins for der,

46e kon sey, "God wod sey, 'My haus na praya haus', bot una don turn am to haus wer tif dey hide put!”

47Jisos kon dey tish evriday for di Tempol. Di prist oga dem, di law tishas wit di big lidas among di pipol kon dey faind haw dem go tak kil Jisos.

48Bot dem nor get eni shanse, bikos pipol dey listin to wetin Jisos dey tish.

Luk 20

1Won day wen Jisos dey tish pipol for di Tempol, di prist oga dem and di law tishas kon mit am,

2dey sey, "Mak yu tel us, na wish pawa yu tak dey du dis tins? Na hu giv yu di pawa sef?”

3Jisos ansa dem, "Mak I stil ask una won kweshon and mak una ansa mi.

4Jon baptism kom from hevun, abi na from pipol?”

5Dem kon dey tok wit ish oda sey, "If wi sey na from hevun, e go sey, 'Den why una nor biliv am?’

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

6"Bot if wi sey, 'Na from pipol', dis pipol go stone us, bikos dem biliv sey, Jon na profet.”

7So dem kon tel Jisos sey dem nor no wer di baptism from kom.

8Den Jisos tel dem, "Mi tu nor go tel una hu giv mi di pawa to du all dis tins.”

9Jisos kon tel di pipol won parabol: "Won man rent en grape farm giv tenants, den e travol.

10"Wen havest taim rish, e kon send won savant go mit di tenants mak dem gi-am en share from di havest. Bot di tenants beat di savant kon send am go bak wit empti hand.

11"So e send anoda savant and dem stil beat and du-am enihaw, den dem kon send am bak wit empti hand.

12"Di man kon send di ted savant go, bot di tenants wound am kon trow am outsaid tu.

13"So di owna of di grape farm kon sey, 'Wetin I go du naw? I go send di onli pikin wey I get, may bi dem go respet am.”

14"Bot wen di tenant si di pikin, dem kon sey, 'Na di owna pikin dey kom so, mak wi kil-am, so dat-all di propati go bi awa own!’

15"Dem kari di pikin go outsaid, kon kil-am. So, wetin una tink sey di owna go du di tenants?

16"E go kom distroi all dis tenant, den giv di grape farm to new tanants. Wen di pipol hear dis, dem kon sey, 'Mak dis tin nor hapun o-o!'“

17Bot Jisos luk dem for face kon ask, "Wetin God wod min wen e sey: 'Di stone wey di buildas rejet, don turn to di main stone?’

18"Enibodi wey fal for dis stone, go break into pisis and di pesin wey di stone fal press, go die.”

19Den di Farisi pipol and di law tishas won kon arres Jisos for dat place, bikos dem no sey Jisos dey tok against dem. Bot dem dey fear di pipol.

20Den di Farisi pipol and di law tishas kon dey wosh Jisos wel-wel. Dem send som pipol go pritend laik sey dem dey folo Jisos, so dat dem go fit yuz en wod against am, kon ripot am to di Roman Govnor.

21So dem ask am, "Tisha, wi no sey wetin yu dey tok koret and yu nor dey du wayo, bikos yu dey tish di trut abaut God.

22"Mak yu tel us, 'E gud mak wi pay tax giv Caesar?'“

23Bot Jisos no sey na trap, so e kon tel dem,

24"Mak una show mi di moni. Wish pesin face and name dey?" Dem ansa, "Na Caesar own.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

25So Jisos tel dem, "Den mak una giv Caesar wetin bi Caesar own and mak una giv God wetin bi God own.”

26So dem nor fit get-am wit en wod for di pipol present. Dem sopraiz for di ansa wey e giv and dem nor fit tok again.

27Den som Sadusi pipol (wey nor biliv sey pipol go wak-up from deat) kom mit Jisos,

28dey sey, "Tisha, Mosis law sey, 'If pesin die liv en wife and di wuman nor born for am, en broda must mari di wuman wey en husban don die, so dat e go born shildren for di broda wey don die.’

29"E get won famlili wey get sevun brodas. Di first won mari, bot dem nor born bifor di man die.

30"Den di sekon won kon mari di wuman,

31den di ted won, ontil numba sevun die tu, bot di wuman nor stil born for eni of dem.

32"At last, di wuman kon die tu.

33"For di day wey pipol go wak-up from deat, wish pesin wife di wuman go bi, since all di sevun brodas mari am?”

34So Jisos ansa dem, "Pipol for di wod naw dey mari.

35"Bot di pipol wey God go wak-up from deat kari go hevun, nor go mari.

36En short, dem go bi laik angels, dem nor go die again. Dem go bi God shildren, bikos dem don wak-up from deat.

37"Bot ivun Mosis tok sey pipol wey don die go wak-up. Mosis tok laik dis wen e rite abaut haw e kol God, Abraham, Izik and Jakop God, wen e dey di bush wey dey burn.’

38"Awa God nor bi God for dead pipol, bot na God wey dey alaif, bikos for God eye, evribodi dey alaif.”

39Den som law tishas ansa, "Tisha, yu don tok wel!”

40So dem nor dare ask Jisos kweshon again.

41Jisos kon tel dem, "Wetin mak dem sey Mezaya na David pikin?

42"Bikos David ensef tok for Psalm Book sey, 'Di OGA tel my oga sey, "Sidan for my rite hand,

43ontil I go put yor enimis unda yor leg. "‘

44"If David kol am 'Oga,' haw e kon tak bi David pikin?”

45As all di pipol dey listin, Jisos kon tel en disaipols,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

46"Mak una gaid unasef from di law tishas. Dem laik to dey waka wit long klot mak pipol dey shaut dia name for market and chairs wey beta pas for singog, na der dem dey laik to sidan.

47Dem dey sofa wimen wey dia husban don die and kolet dia tins kon dey pray long praya mak pipol for si dem. Na dia ponishment go big pas."

Luk 21

1For insaid di Tempol, Jisos kon si rish pipol dey put dia moni for ofrin box.

2E stil si won poor wuman wey en husban don die dey put tu koins insaid di box.

3Jisos kon sey, "I tel una tru wod, di moni wey dis poor widow put so, big pas all di oda pipol own;

4bikos di rish pipol giv dia ofrin from di plenti moni wey dem get, bot as dis wuman poor rish, e put evritin wey e get."

5As som pipol dey tok abaut haw di Tempol fine rish, bikos of di stones wey dem tak build am and di ofrin wey pipol dey giv, Jisos kon sey,

6"Di day dey kom wen all di stones wey una dey si so, go skata and won nor go dey on-top anoda again."

7So, dem kon ask am, "Tisha, wen dis tins go hapun? And wetin go bi di sign sey di taim for dis tins to hapun don rish?"

8Jisos ansa, "Mak una shine una eye, so dat nobodi go disiv una. Bikos meni pipol go kom prish wit my name sey, 'Na mi bi Jisos' or 'Di taim don near.' Mak una nor folo dem!

9"And wen una hear rumor abaut war and wahala, mak una nor fear. Bikos all dis tins go first hapun, bot dat nor min sey di end don rish."

10Den Jisos tel dem, "Kontri go fite kontri, kindom go fite kindom.

11"Strong eartquake, hunga and siknes go dey evriwer; difren-difren tins and bad signs go dey hapun and fear go kash evribodi.

12"Bot bifor dem go hapun, dem go arres and ponish una for wetin una nor du, dem go kari una go joj for insaid sinagog, den dem go trow una insaid prizin. Dem go kari una go mit kings and govnors, bikos of my name.

13"Dis na di taim for una to spread di Gud News.

14"So mak una redi una maind bifor di taim rish. Mak una nor tink haw una go tak difend unasef,

15bikos I go giv una di wod wey una go tok and wisdom wey una enimi nor go fit opoz.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

16"Una papa, mama, brodas, rilashons and frends go sey dem nor no una and dem go ivun kil som of una.

17"Evribodi go hate una bikos of my name.

18"Bot God eye go always dey wosh una.

19"So, if una stand rish di end, God go save una."

20"Bot wen una si sey sojas don suroun Jerusalem, mak una no sey di taim wey dem go distroi Jerusalem, don near.

21"So, mak di pipol wey dey Judea run go mountin and doz wey dey insaid tawn must komot der. Mak doz wey dey outsaid, nor enta di tawn again,

22bikos na dat taim God go joj di wold, since evritin wey dem rite for God wod, must hapun.

23"Dat taim, e go bad wel-wel for wimen wey get bele or get smol pikin for hand! Strong wahala go kom for dis land and God ponishment go fal for pipol head.

24"Dem go yuz sword kil som, kari som as prizina go anoda kontri and di Gentai pipol go destroi Jerusalem, ontil di taim wey God sey Izrel must sofa, go end.

25"Difren-difren signs go show for sun, moon and star. For insaid dis wold, pipol for difren kontris go dey wori and fear, bikos of di way rivas go dey move and wota go dey rush from sea enta land.

26"Pipol go dey fent and fear go dey kash som, bikos of wetin dey hapun for di wold and difren pawas insaid di skai, go shake komot for wer dem dey.

27"Den, dem go si Man Pikin dey kom insaid kloud wit pawa and glori.

28"So, wen dis tins dey hapun, mak una stand and dey redi, bikos una salvashon don near."

29Den, Jisos kon tel dem dis parabol: "Mak una tink abaut di fig tri and all di oda tris.

30"Wen dia leaf start to fal komot, mak una no sey dry season don near.

31"Na so una go stil no tu. Wen una si all dis tins dey hapun, una go no sey God Kindom don near.

32"I tel una tru wod, di pipol for dis wold naw nor go die finish bifor all dis tins go hapun.

33"Hevun and eart go vanish komot, bot my wod go dey foreva.

34"So, mak una shine una eye! Nor let parti and wahala for dis life ful una maind, if not, dat Day go kom wen una nor espet,

35bikos dat Day go sopraiz evribodi wey dey for dis wold.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

36"Bot mak una dey shine una eye evritiam, dey pray mak God giv una pawa tak pas all dis tests wey go hapun, so dat una go fit stand for Man Pikin front."

37So, Jisos kon dey tish for di Tempol evriday, bot wen nite rish, e go-go Mount Olives.

38For earli mornin, all di pipol dey go listin to am insaid di Tempol.

Luk 22

1Taim kon rish for Bread (wey nor get yist) Fist, wey dem dey kol Passova.

2Di prist oga dem and di law tishas dey fine haw dem go tak kil Jisos, bot dem dey fear di pipol.

3So, Satan kon enta insaid Judas Iskarot, won of Jisos twef disaipols.

4E kon go tel di ofisa wey dey gaid di Tempol sey e go sel Jisos giv dem.

5Dem hapi wel-wel kon promis am sey dem go giv am moni.

6Judas gri and e kon bigin faind sikrit way to sel Jisos giv dem, so dat pipol nor go no.

7Di day for di Bread (wey nor get yist) Fist, wen dem dey kil ship for sakrifais, kon rish.

8Jisos tel Pita and Jon, "Mak una go priper di Passova fud wey wi go chop."

9Dem kon ask, "Na for wer yu wont mak wi priper am?"

10Jisos ansa dem, "Listin, wen una enta di tawn, una go mit won man wey kari wota pot, mak una folo am enta di haus wey e go enta,

11mak una tel di pesin wey get di haus sey, "Di Tisha sey mak wi ask yu, 'Wer di room wey mi and my disaipols go for chop di Passova fud?'

12"E go show una won big room wer tabol and chair dey for upstairs. Mak una priper evritin for der."

13Wen dem go, dem kon si evritin as Jisos tel dem sey e go bi, so dem priper di Passova fud for der.

14Wen di taim rish, Jisos sidan for wer dem dey chop and en disaipols kon join am.

15Jisos tel dem, "I rili won chop dis Passova fud wit una bifor I go sofa.

16"Bikos I tel una, I nor go chop am again, ontil evritin don komplit for God Kindom."

17Den Jisos tak won cup wey get wine, afta e tank God, e kon sey, "Mak una tak dis cup and divide am among unasef.

18"Bikos I tel una, from naw go, I nor go drink dis wine again, ontil God Kindom go kom."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

19Den Jisos tak bread, afta e tank God, e divide am kon gi-am to dem sey, "Na my bodi bi dis, wey God don giv una. Mak una dey always du dis tin to tak rimemba mi."

20Laik dat, Jisos stil tak di cup afta dem don chop finish kon sey, "Dis cup wey God giv una, na di new agriment wit my blood."

21"Una si, di pesin wey go sel mi giv my enimi dey chop wit mi for dis tabol.

22"Bikos Man Pikin go die as God plan am, bot kos dey for di pesin head wey go sel am!"

23So di disaipols kon bigin ask ish oda wish of dem go sel Jisos.

24Dem kon dey kworel among diasef sey wish of dem big pas.

25So Jisos tel dem, "Gentai kings dey giv dia pipol orda, yet di pipol stil dey kol dem, 'Pipol Frends.'

26"Bot una nor sopoz to bi laik dat; di pesin wey important among una, must du laik sey naim smol pas and di lida, go bi laik savant.

27"Na hu big pas? Di pesin wey sidan for tabol dey chop or di pesin wey dey serv am? Nor bi di won wey sidan for tabol? Bot I dey du laik savant among una.

28"Na una stay wit mi wen I dey pas tru wahala.

29"So, I giv una pawa to rule, jos as my Papa don giv mi.

30"For my kindom, una go sidan chop and drink for my tabol and una go sidan for difren thrones dey joj di twef tribes for Izrel.

31"Saimon! Saimon! Mak yu listin! God don alow Satan mak e test all of una, so dat God go fit seprate bad pipol from di gud wons.

32"Bot Saimon, I don pray for yu mak yor fate nor for fail. Wen yu don turn bak kom mit God, mak yu help yor brodas tu."

33Pita kon ansa, "Oga, I dey redi to folo yu go prizin and ivun die wit yu."

34Jisos sey, "Pita, mak I tel yu di trut, fawo nor go du 'Kukuruku' dis nite ontil yu don tok tiri taims sey yu nor no mi."

35Den Jisos tel dem, "Wen I send una go out, witout moni, bag or sandals, e get enitin wey una nid wey una nor get?" Dem ansa, "No!"

36E kon tel dem, "Bot naw, pesin wey get moni or travolin bag must kari am. And pesin wey nor get sword must sel en klot kon yuz di moni by won. .

37"Bikos I tel una, wetin dem rite for God wod abaut mi must hapun sey, 'Dem kount am join kriminas.' Bikos wetin God rite abaut mi dey hapun naw."

38Di disaipols kon sey, "Oga, si tu sword for here." Jisos ansa, "E don du."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

39Den Jisos komot, kon waka as e dey always du, go Mount Olives and en disaipols folo am.

40Wen dem rish der, Jisos kon tel dem, "Mak una pray so dat una nor go fal enta temtashon."

41Den e liv dem, waka go far smol, kon nil dan dey pray,

42"Papa, if Yu laik to du-am, mak Yu let dis sofa-cup pas mi. Bot mak e bi as Yu wont, nor bi as I wont am."

43Won angel apier from hevun kon giv Jisos pawa.

44Bikos Jisos dey strogol wel-wel for maind, e kon pray sotey en sweat kon bi laik blood.

45Wen e pray finish, e go mit en disaipols kon si sey dem dey slip, bikos dem don taya wel-wel.

46So Jisos tel dem, "Why una dey slip? Mak una get up pray, so dat una nor go fal enta temtashon!"

47As Jisos stil dey tok, at wons som pipol kom and na Judas lid dem. E waka go mit Jisos kon kiss am for face.

48So Jisos ask am, "Judas, na kiss yu tak sel Man Pikin?"

49Wen doz wey dey near Jisos si wetin won hapun, dem ask, "Oga, mak wi yuz awa sword?"

50Den won of dem atak di prist savant kon kut en rite ear komot.

51Bot Jisos shaut for am mak e stop, den tosh di man ear kon heal am.

52Den Jisos ask di prist oga dem, di offisas wey dey gaid di Tempol and di eldas wey kom mit am sey, "Una kari sword and wud laik sey una dey kom arres tif?

53"Since wen I dey wit una for di Tempol una nor arres mi. Bot na una taim bi dis, di taim wey daknes pawa go rule."

54Den dem arres Jisos, kari am go di High Prist haus. Bot Pita dey folo dem for bak-bak.

55Wen dem don mak fire for di kompon senta kon sidan togada, Pita sidan wit di pipol tu.

56Won savant girl si Pita sidan near di fire, e luk am for eye kon sey, "Dis man bin dey wit Jisos tu o-o.'

57Bot Pita sey, "Wuman! Nor bi mi, I nor no am."

58Afta somtaim, anoda pesin si-am kon sey, "Yu bi won of dem, nor bi so?" Bot Pita sey, "My frend! I nor bi won of dem o-o."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

59Wen won hour don pas, anoda pesin kon sey, "I sey dis man dey wit dem, bikos en tu kom from Galili.”

60Bot Pita sey, "Oga! I nor no wetin yu dey tok." At wons, as e stil dey tok, naim won fawo du, 'Kukuruku'.

61Den Jisos turn luk Pita for eye and Pita kon rimemba di wod wey Jisos tel am, "Bifor fawo go du 'Kukuruku' dis nite, yu go don tok tiri taims sey yu nor no mi.”

62Den Pita kon go outsaid, bigin krai.

63Di gaids bigin laff Jisos kon beat am enihaw.

64Dem tie en eye kon dey ask am, "Oya profesai! Na hu nak yu so?”

65Dem stil kos am wit difren wods.

66Wen morinin rish, di eldas wit di prist oga dem and di law tishas kon gada. Den dem tak Jisos go dia kansol

67kon tel am sey, "If yu no sey na yu bi Kraist, mak yu tel us." Bot Jisos ansa, "If I tel una, una nor go biliv mi

68and if I ask una kweshon, una nor go gri ansa.

69"Bot from naw go, Man Pikin go sidan for God rite hand wer pawa dey.”

70All of dem kon ask, "So, yu bi God Pikin?" Jisos ansa, "Na una tok am.”

71Den dem kon sey, "Why wi nid anoda witnes? Wi don hear am from en own mout!"

Luk 23

1Den di Farisi pipol and di oda pipol tak Jisos go mit Pilate,

2dey akius am sey, "Wi hear dis man wen e dey disiv and tel awa pipol sey mak dem nor pay tax giv Caesar and e dey tok sey naim bi Kraist, wey bi king.”

3Pilate kon ask Jisos, "Na yu bi di Ju pipol king?" Jisos ansa, "Na as yu tok.”

4Den Pilate tel di prist oga dem and di pipol, "I nor si enitin wey go mak mi kondem dis man.”

5Bot dem stil sey, "E dey kause wahala wit wetin e dey tish pipol for Judea. E start am for Galili and naw e don kom here!”

6Wen Pilate hear dis won, e kon ask weda Jisos na Galili pesin.

7Wen e hear sey Jisos kom from Jerusalem, wer Herod dey rule for dat taim, e kon sey mak dem tak Jisos go mit am.

8Wen Herod si Jisos, e hapi wel-wel, bikos e don tey wen e won si-am since e hear abaut am. E dey hope sey Jisos go du mirakol for en present.

9Herod kon ask Jisos meni kweshon, bot Jisos nor ansa am at-all.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

10Di prist oga dem and di law tishas dey akius Jisos wit vesnashon.

11Herod wit en sojas tu dey tak Jisos mak yeye and dey laff am. Den Herod sey mak dem wear fine klot for Jisos bodi, den tak am go bak go mit Pilate.

12Dat day, Herod and Pilate kon bi frends, bikos bifor dis taim dem bi strong enimi.

13Den Pilate kol di prist oga dem, di eldas and di pipol for dat place

14kon tel dem, "Una bring dis man kom mit mi sey e dey disiv pipol. Wen I ask am kweshon for una present, I nor si eni bad tin wey una sey e du.

15"Ivun Herod nor stil si enitin tu, so e sey mak dem bring am kom mit us. Dis man nor du enitin wey go mak am die.

16"So I go giv orda mak dem flog am, den I go fri am."

17(Na dia tradishon sey Pilate must riliz won prizina enitaim wen dem dey du Passova Fist.)

18Bot all of dem kon dey shaut, "Tak dis man komot! Na Barabbas wi wont!"

19(Barabbas na pesin wey dem put for prizin bikos e kause wahala and kil pesin for di tawn.)

20Pilate kon tok to dem again, bikos e won fri Jisos.

21Bot dem stil dey shaut, "Kil-am trowey, Kil-am trowey!"

22Again Pilate kon ask dem, "Why? Wish bad tin e du? I nor si eni bad tin wey e du wey go mak am die, so I go giv orda mak dem flog am, den I go fri am."

23Bot dem kon shaut more-more dey sey, "Kil-am trowey." Dem shaut sotey Pilate kon du wetin dem wont.

24So Palite kon orda mak en sojas giv Jisos to di pipol mak dem kil-am.

25E kon fri Barabbas, wey di pipol wont, wey dem bin put for prizin, bikos e kause wahala and kil pesin for di tawn.

26As dem dey tak Jisos komot, dem kon kash won man wey dey kom from Syrene and en name na Saimon. Dem put di kros for en bak mak e kari am folo Jisos.

27Meni pipol folo Jisos and di wimen among dem kon dey krai.

28Bot Jisos turn luk dem sey, "Jerusalem wimen, mak una nor krai bikos of mi, bot mak una krai for unasef and for una shildren.,

29"Bikos tru-tru, di taim dey kom wen pipol go sey, 'E gud wel-wel for wimen wey nor born or fid pikin at-all!'

30"Den, dem go tel di mountins, 'Mak yu fal on-top us!' And tel di hills, 'Mak yu kova us!'

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

31"Bot if dem du dis kaind tin for wud wen e stil fresh, wetin go hapun wen di wud don dry?”

32Dem stil tak tu oda men wey bi tif, wey dem wont kil, folo Jisos.

33Wen dem rish di place wey dem dey kol, "Di Skul," dem kon nail Jisos for kros wit di tu tif, won for en left and di oda for en rite side.

34(Den Jisos kon sey, "Papa, mak Yu forgiv dem, bikos dem nor no wetin dem dey du.") So, di sojas kon gambol to no hu go tak Jisos klot.

35Di pipol stil stand der dey luk, bot dia ledas dey laff Jisos sey, "E save oda pipol. Mak e save ensef if e bi di Mezaya wey God shuz!”

36Di sojas stil dey laff Jisos and dem kon gi-am wine wey don sawa mak e drink,

37den sey, "If yu bi di Ju pipol king, mak yu save yorsef!”

38Dem kon rite on-top en kros sey, "Dis na, 'Ju Pipol King.'“

39Won of di tif dey shaut for Jisos, "Nor bi yu bi di Mezaya? Mak yu save yorsef and us naw!”

40Bot di oda tif kon shaut for di first tif, "Yu nor dey fear God as e bi sey na di same ponishment wi dey sofa?

41"Na dis ponishment fit us, bikos na wetin wi du naim mak dem dey ponish us so. Bot dis man nor du eni bad tin.”

42Den e kon tel Jisos, "Wen yu rish yur kindom, mak yu rimemba mi!”

43Jisos ansa am, "I tel yu di trut, today yu go dey wit mi for paradaiz.”

44By naw, twef o' klok don nearli rish for aftanun and daknes kon kova di hol kontri ontil tiri o' klok for dat aftanun,

45bikos sun stop to shine. Di Tempol kurtain kon tear into tu.

46So, Jisos shaut, "Papa, I put my spirit for yor hand!" Afta e tok finish, e kon die.

47Wen di soja oga si wetin hapun, e kon praiz God sey, "Tru-tru, dis man na gud pesin!”

48So wen all di pipol wey gada dey luk si wetin hapun, dem kon dey krai go dia haus.

49And evribodi wey no Jisos bifor, stand for far and di wimen wey folo Jisos kom from Galili, si di tins wey hapun.

50E get won man for di kansol, wey bi Josef and e kom from Arimatia wey dey Judea. E bi beta pesin wey dey du wetin God laik and e dey wait for di taim wen God Kindom go kom.

51(E nor gri wit di oda kansol membas wit dia plan and for wetin dem du so.)

52E go mit Pilate kon ask for Jisos dead bodi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

53Den e kari di bodi from di kros, wrap am wit linen klot kon put am for di grave wey
e dig insaid rock and dem neva bere enibodi for der bifor.

54Dat day na Friday wen dem dey redi for Sabat serimoni.

55Di wimen wey folo Jisos from Galili kon folo Josef go si di grave. So dem put Jisos
bodi insaid.

56Den di wimen go haus go priper beta perfume. Bot for Sabat Day, dem kon res as
Mosis law tok.

Luk 24

1For earli mornin for di first day for di wik, di wimen kari di perfume wey dem priper
go di grave wer dem bere Jisos put.

2Dem kon si sey dem don rol di stone komot from di grave mout,

3bot wen dem enta insaid, dem nor si Jisos bodi for der.

4As dem dey konfuz bikos of dis tin, dem kon si tu men wey dia klot dey shine laik
lite and dem stand for kona.

5Fear kash di wimen and dem kon face groun. Bot di men tel dem, "Why una dey
faind pesin wey dey aliaf for wer dead bodi dey?

6"E nor dey here again, God don wak-am! Una rimemba wetin e tel una wen e dey
Galili sey,

7'Dem must sel Man Pikin giv wiked pipol and dem go kil-am trowey and for di ted
day, e go wak-up.'"

8Den di wimen kon rimemba wetin Jisos tel dem,

9so dem komot from di grave kon go tel di ilevun apostols and di res pipol wetin
hapun.

10Na Mary Magdalene, Joana, Mary wey bi James mama and di oda wimen wey dey
wit dem, na dem tel di apostols all dis tins.

11Bot dia wod nor min enitin to di apostols, so dem nor biliv di wimen.

12Bot Pita kon get-up, run go di grave. E ben-dan luk insaid and e si onli di klot, den e
kon go haus dey wonda wetin hapun.

13Dat day, tu Jisos disaipols dey waka go won vilage wey dem dey kol Emmaus, wey
nor tu far from Jerusalem.

14Dem dey tok to ish oda abaut di tins wey hapun.

15As dem dey tok, Jisos kon bigin waka wit dem,

16(bot Jisos nor let dem no hu e bi.)

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

17Den Jisos kon ask dem, "Na wetin mak una dey tok laik dis for road?" Dem kon stand for won place, dey sopraiz for am.

18Den won of dem, wey en name bi Kleopas, kon ask am, "Na onli yu bi strenja for Jerusalem wey nor no di tins wey dey hapun since?”

19Jisos ansa dem,"Wish tins?" Dem ansa, "Di tins abaut Jisos wey kom from Nazaret, won man wey wetin e dey tok and du show sey en na God profet

20and haw awa prist oga dem and di pipol wey dey rule us kil-am trowey.

21"Bot wi bin hope sey naim go fri Izrel and dis tins don hapun for tiri days naw.

22"Som wimen wey dey wit us kon ivun sopraiz us. Dem go wer dem bere am put dis morning

23and dem nor si en bodi for der. Dem kom bak dey tok sey dem si angels wey tel dem sey Jisos dey alaif.

24"Den som pipol wey dey wit us kon go di grave and dem si evritin as di wimen tok, bot dem nor si Jisos.”

25So Jisos tel dem, "Una nor get sense and una nor dey kwik biliv wetin all di profets tok.

26"Dem nor tok sey di Mezaya go must sofa all dis tins and den e go enta en glori?”

27Den e kon yuz wetin Mosis and all di profets rite tak tel dem wetin God tok abaut am for en wod.

28As dem near di vilage wey dem dey go, Jisos kon du laik sey e won waka go front,

29bot dem kon tel am, "Mak yu stay wit us, bikos evenin don nearli rish and day go soon dak." So Jisos enta di vilage kon folo dem stay.

30E sidan for wer dem dey chop, tak bread, bless am kon divide am giv dem.

31At wons dia eye opun and dem kon no am. Den e vanish from dia front.

32Dem kon tel ish oda, "No wonda e bi laik sey fire dey burn insaid awa heart wen e dey tok wit us for road abaut God!”

33So dem get up at wons go bak to Jerusalem. Dem kon si di ilevun apostols and di oda pipol wey dey wit dem

34kon tel dem, "Jisos don rili wak-up and e don apier to Saimon!”

35Den dem kon tok wetin hapun for road and haw dem tak no Jisos wen e divide di bread.

36As dem stil dey tok, Jisos kon stand wit dem, tel dem, "Mak peace dey wit una.”

37Bot dem shok and fear kash dem, bikos dem tink sey na spirit dem dey si.

38Den Jisos kon sey, "Why una dey fear and nor biliv?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

39"Mak una luk my hand and leg and mak una tosh mi: spirit nor get flesh and bone as una si sey I get."

40Wen Jisos don tok dis won, e kon show dem en hand and leg.

41And as dem neva stil biliv (bikos of dia hapines) and stil dey sopraiz, Jisos ask dem, "Una get enitin to chop for here?"

42So dem kon gi-am fish wey dem don kook,

43e kon tak am chop for dia front.

44Den Jisos tel dem, "Na di wod wey I tel una wen I stil dey wit una bi dis, evritin wey dem rite abaut mi for Mosis law, di profets books and Psalm, must hapun."

45Den e opun dia maind so dat dem go fit undastand God wod

46kon tel dem, "Na wetin dem rite bi dis, 'Di Mezaya go sofa and e go wak-up from deat for di ted day

47and dem go yuz en name prish giv pipol mak dem for turn from dia sin kom mit God and di prishin go start from Jerusalem.

48"Una bi witnes for dis tins.

49"I dey send wetin my Papa promis kom mit una. So mak una stay for dis tawn ontil pawa go kom from hevun kon kova una."

50Den Jisos tak dem go Betani kon lift en hand and bless dem.

51As e dey bless dem, God kon kari-am go hevun.

52So, dem woship am kon go bak to Jerusalem dey hapi wel-wel

53and dem kon dey go di Tempol evritaim, dey praiz God.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Jon

Jon 1

1From wen taim bigin naim di Wod dey and di Wod dey wit God and na God ensef bi di Wod.

2Di Wod dey wit God from wen taim bigin.

3Naim mak evritin and if to sey E nor mak dem, dem nor for dey dis wold at-all.

4Na insaid am life dey and na dat life bi di lite wey pipol get.

5Di lite dey shine insaid daknes, bot daknes nor gri wit am.

6E get won man wey en name bi Jon, wey God send kom dis wold.

7E kom bear witnes for di lite, mak evribodi for fit get di shanse to biliv wetin God tok tru en wod.

8Nor bi Jon ensef bi di lite, bot e kom tel pipol abaut Jisos wey bi di lite.

9Na Jisos bi di tru lite wey go shine for evribodi for dis wold.

10E kom insaid di wold wey ensef mak, bot di pipol nor no am.

11E kom mit en own pipol, bot dem nor wont am.

12Bot evribodi wey risiv and biliv en name, e go giv dem di rite to bi God pikin.

13Dem go bi God shildren, nor bi as dia mama and papa tak born dem from bele, or bikos sombodi mak dem so, bot bikos God ensef mak dem en own shildren.

14Den di Wod kon shange to pesin and e stay wit us for dis wold. Wi si en glori wey show sey, naim bi di onli pikin wey get koret favor and trut, wey God send kom mit us.

15Jon kon bigin shaut sey, "Dis na di pesin wey I tel una abaut sey, 'Di pesin wey go kom afta mi, big pas mi, bikos e dey bifor mi.'"

16Evribodi for dis wold don risiv plenti gud tins from am.

17Na tru Mosis God giv us di law, bot God giv us favor and trut, tru Jisos Kraist.

18Nobodi don fit si God face bifor. Bot Jisos, wey bi God ensef, wey en and en Papa bi tait frend, na-im kom show us haw God bi.

19Di Ju oga dem send prists and Levi pipol mak dem go ask Jon sey, "Hu yu bi sef?"

20E ansa dem, "I nor dey lai, bikos nor bi mi bi di Kraist."

21Den dem ask am, "So, na hu yu bi? Abi yu bi Elija?" E kon sey, "No, I nor bi Elija." Dem kon ask am again, "Yu bi di profet?" E ansa, "No-o-o!"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

22Again, dem ask am, "Hu yu bi sef? Mak yu tel us, so dat wi go no wetin to tel di pipol wey send us. Hu yu sey yu bi?”

23Jon kon sey, "Na mi bi dat vois wey dey shaut insaid widanes sey, 'Mak una mak di road wey pipol go pas go mit God strate wel-wel', as Profet Isaia tok bifor.'“

24(Na di Farisi pipol send dis pipol go mit Jon).

25Dem kon ask Jon sey, "Why yu dey baptize pipol, if yu nor bi di Kraist or Elija or di Profet?”

26Jon kon tel dem, "I dey baptize pipol wit wota, bot among una, won pesin dey wey una nor no.

27"E go kom afta mi. I nor rish to luz di rope wey dey en shu.”

28All dis tins hapun for Betani wer pipol dey kros Jordan Riva kom mit Jon, mak e baptize dem.

29Wen day break, Jon si Jisos dey waka kom mit am, den Jon sey, "Mak una luk! Dis na di Ship wey God send kom die, mak God for forgiv us awa sins".

30Na dis pesin I tel una sey, "Afta mi, won man wey big pas mi go kom, bikos e dey bifor mi.

31"Misef nor no am bifor, bot I dey baptize pipol wit wota, so dat God go show Izrel pipol hu Jisos bi.”

32Den Jon bear witnes sey, "I si God Spirit wey kom dan laik dove from hevun kon stay for Jisos head.

33"I nor no am bifor, bot di pesin wey send mi kom baptize wit wota tel mi sey, 'Di pesin wey yu go si God Spirit kom stay on-top en head, na-im go baptize pipol wit Holi Spirit.’

34"I don si-am and I bear witnes sey, 'Dis man na di pesin wey God shuz.'“

35Wen day break, Jon wit en tu disaipol stand for outsaid.

36Dem kon dey luk Jisos wen e dey waka pas, den Jon kon sey, "Mak una luk! Na dat pesin bi God Ship.”

37Wen Jon tu disaipols hear wetin e tok, dem kon folo Jisos.

38Jisos luk bak kon si di disaipols dey folo am. Den e ask dem, "Wetin una wont?" Dem ansa am, "Oga, (wey min Tisha) wer yu dey stay?”

39Jisos ansa dem, "Mak una kom si-am." So dem go si di place wey e dey stay kon stay wit am dat day. Dat taim na abaut for o' klok for aftanun.

40Andru, Saimon Pita broda, na won of di disaipols wey hear wetin Jon tok and wey folo Jisos.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

41E first go faind en broda Saimon kon tel am, "Wi don si di Mezaya", (wey min Kraist).

42Andru kon bring Saimon kom mit Jisos. Wen Jisos si-am, e kon tel am, "Yu bi Saimon, Jon pikin, na Sefas (wey min Pita) pipol go dey kol yu from today go.”

43Wen day break, Jisos kon plan to go Galili. Wen e si Fillip, e tel am, "Mak yu folo mi.”

44Fillip na from Betsaida, wey bi Andru and Pita home-tawn.

45Wen Fillip si Nataniel, e tel am, "Wi don si di pesin wey Mosis and di profets rite abaut for dia book sey, 'En name na Jisos, wey en home-tawn bi Nazaret and na Josef pikin e bi.'“

46Nataniel kon sey, "Beta tin go fit kom out from Nazaret?" Fillip ansa am, "Mak yu kom si.”

47Wen Jisos si Nataniel dey waka kom mit am, e kon sey, "Mak una luk! Dis na beta pesin wey kom from Izrel, wayo nor dey en bele.”

48Nataniel kon ask am, "Haw yu tak no mi." Jisos ansa, "Bifor Fillip kol yu wen yu dey unda di tri, I don si yu.”

49Nataniel sey, "Tisha, tru-tru, yu bi God Pikin and na yu bi Izrel king.”

50Jisos kon tel am, "Bikos I tel yu sey I si yu unda di fig tri, yu biliv wetin I tok? Bikos yu biliv, yu go si wetin big pas dis won.”

51Den e kon sey, "Wetin I dey tel una na tru wod, una go si hevun opun and God angels go dey waka up-and-dan on-top God Pikin."

Jon 2

1Wen tiri days don pas, Mary, wey bi Jisos mama, go won marage for Kana, wey dey for Galili.

2Dem invait Jisos and en disaipol for di marage tu.

3Wen wine finish, Jisos mama kon tel am, "Dia wine don finish.”

4Jisos ansa am, "Mama, why yu dey tel mi dis? My taim neva rish.”

5So en mama kon tel di savants sey, "Enitin wey e tel una, mak una du-am.”

6For dat place, sis big wota pot dey and ish won fit kontain abaut twenti to tati gallon for wota, wey di Ju pipol dey yuz wosh leg as dia tradishon tok.

7Jisos kon tel di savants, "Mak una ful di pots wit wota." So dem kon ful all di pot wit wota.

8Jisos tel dem, "Mak una tak som wota from di pot go giv di chairman for di parti." So, dem kon du as e tok.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9Wen di chairman taste di wota wey don turn to wine, bikos e nor no haw e hapun
(bot di savants wey draw di wota no), e kon kol di man wey dey mari tel am sey,

10"Wen pesin dey du parti, na beta wine e dey first serv pipol, den wen di pipol don
drink taya, naim e dey serv cheap wine. Bot yu kon kip di gud wine ontil di parti don
won finish."

11Dis na di first mirakol wey Jisos du and e hapun for Kana wey dey Galili. Dis na
haw e show en onor, so en disaipols kon biliv am.

12Den Jisos wit en mama, brodas and en disaipols kon go Kapanum. Dem kon stay der
for som days.

13By dis taim, di Ju Passova Fist don near wel-wel, so Jisos kon go Jerusalem.

14E si di pipol dey sel melu, ship and dove insaid di Tempol yard, e stil si pipol wey
dey shange moni, sidan near dia tabol.

15E yuz koboko wey e mak, tak driv dem wit dia ship and melu komot from di
Tempol yard. E trowey di tabol wey di pipol dey tak shange moni and dia moni kon
skata.

16E kon tel di pipol wey dey sel dove, "Mak una kari all dis tins komot for here. Mak
una nor turn my Papa haus to market."

17Den en disaipols kon rimemba as den rite for Psalm Book sey, "Di luv wey e get for
en Papa haus dey burn for en heart laik fire."

18Di Ju oga dem kon ask am, "As yu dey du all dis tins, na wish sign yu go show us
mak wi for fit biliv yu?"

19Jisos ansa dem, "Ivun if una distroi dis Tempol, for tiri days taim, I go build am
again."

20Den di Ju oga dem tel am, "Na forti-sis years dem tak build dis Tempol and yu dey
sey yu go fit build am for tiri days?"

21Bot na di Tempol for Jisos bodi naim e dey tok abaut.

22So wen Jisos don wak-up from deat, en disaipols kon rimemba sey, e tok so bifor.
Den dem kon biliv wetin dem rite for God wod and wetin Jisos tel dem.

23Jisos dey for Jerusalem by di taim wey dem dey du di Passova Fist. For der, meni
pipol kon biliv am, bikos dem si di mirakols wey e du.

24Bot Jisos nor gri opun en maind giv di pipol, bikos e no dem wel-wel.

25E nor nid enibodi to tok abaut am, bikos e no wetin dey insaid pipol bele, so e nor fit
trust dem.

Jon 3

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

1E get won man wey bi Farisi, en name na Nikodimos and e bi memba for di konsol wey dey rule Ju pipol.

2E hide go mit Jisos for nite kon tel am, "Tisha, wi no sey yu bi di pesin wey God send kon mit us, bikos nobodi fit du di mirakols wey yu dey du, unles God dey wit am.”

3Jisos tel am, "Mak I tel yu tru wod, unles dem born pesin di sekon taim, e nor go fit si God kindom.”

4Den Nikodimos kon ask am, "Haw dem go fit tak born pesin wey don old for di sekon taim? Abi di pesin go enta en mama bele mak di mama born am again? E fit hapun laik dat?”

5Jisos ansa am, "I tel yu di trut, unles God born pesin wit wota and en Spirit, di pesin nor go fit enta God kindom.

6"Wetin flesh born, na flesh e bi, bot wetin God Spirit born, na spirit e bi.

7"So, mak yu nor konfuz bikos I tok sey, 'God go born yu for di sekon taim.’

8"Wen briz dey blow, e dey go eniwer e wont, yu dey hear di sound wey e dey mak, bot yu nor fit no wer e dey kom from or wer e dey go. Na so e bi wit evribodi wey God Spirit born.”

9Nikodimos kon ask am, "Haw dis tins go fit hapun?”

10Jisos ansa, "Yu bi tisha for Izrel, yet yu nor fit undastand dis tins?

11"Mak I tel yu di trut, wi dey tok wetin wi sabi and dey bear witnes for wetin wi don si wit awa eyes, bot una nor gri asept wetin wi tok.

12"Naw, if I dey tel una abaut di tins wey dey for dis wold and una nor fit biliv wetin I tok, haw una go fit tak biliv mi, if I bigin dey tel una abaut di tins wey dey for hevun?

13"Nobodi don go hevun bifor, esept Man Pikin wey kom dan from hevun and e go-go bak der.

14"Yu si, as Mosis kari di snake go up wen dem dey insaid desert, na so tu dem go kari Man Pikin up,

15so dat enibodi wey go biliv am, go get life wey nor dey end.

16"Bikos God luv di pipol wey dey dis wold wel-wel, E kon send di onli pikin wey E get to us, so dat enibodi wey biliv am, nor go die, bot e go get life wey nor dey end.

17"God nor send en pikin kom kondem di pipol wey dey insaid di wold, bot mak e kom save dem.

18"Enibodi wey biliv am, God nor go kondem am. Bot di pesin wey nor biliv am, God don kondem am alredi, bikos di pesin nor biliv God Pikin name.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

19"Na dis bi di rizin why God go joj di wold, bikos lite don kom insaid di wold, bot pipol laik to stay for daknes insted of lite, bikos dem dey du tins wey nor gud.

20"Yu si, evribodi wey dey du bad tin dey hate lite and dem nor go gri kom out for wer lite dey, mak pipol nor for si di bad tins wey dem dey du.

21"Bot di pesin wey dey du gud tins, dey kom out for lite, so dat pipol go si di tins wey e dey du, bikos na as God wont, naim e dey du.''

22Leta, Jisos and en disaipols go Judea aria and dem kon stay der for som taim dey baptize pipol.

23Jon dey baptize for Aenon, won tawn wey near Salim, bikos plenti wota dey der and pipol dey kom mit am mak e baptize dem.

24(For dis taim, dem neva put Jon for prizin).

25Den won Ju man kon dey argue wit Jon disaipols abaut haw dem sopoz to wosh dia bodi as dia tradishon tok.

26Som of dem go mit Jon kon tel am, "Oga, di pesin wey dey wit yu for di oda side for Jordan Riva, wey yu tok abaut bifor, en tu, dey baptize pipol and evribodi dey rush go mit am."

27Jon ansa dem, "Nobodi go fit get enitin unles God wey dey hevun, gi-am."

28Unasef go fit bear witnes sey, I tok sey I nor bi di Kraist, bot God send mi kom, bifor Kraist go kom.

29"Di pesin wey won mari new wife naim bi di bridegroom. En frend, wey bi di bestman, dey listin to am. E go dey hapi wel-wel wen e hear di bridegroom dey tok. Na dis dey mak mi hapi and my joy don ful.

30"Pipol must no Kraist pas as dem no mi.

31"Di pesin wey kom from hevun beta pas evribodi wey dey for dis wold. And hu dey dis wold, dey tok abaut di tins wey dey insaid di wold.

32"Bot di pesin wey kom from hevun dey tok abaut wetin e si and hear for hevun, bot pipol nor gri listin to am.

33"Bot pesin wey biliv wetin e tok abaut God, biliv sey wetin God tok, na tru.

34"Di pesin wey God send dey tok God wod, bikos God dey giv en Spirit to pipol.

35"God luv en pikin wel-wel and E gi-am pawa to kontrol evritin.

36"Pesin wey biliv di onli pikin wey God get, go get life wey nor dey end. Bot pesin wey nor biliv Man Pikin, nor go get life at-all. God go always dey ves wit dat kaind pesin.''

Jon 4

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

1Jisos kon no sey di Farisi pipol don hear sey e dey baptize plenti pipol pas Jon and di pipol dey folo am,

2(aldo nor bi Jisos ensef dey baptize pipol, bot na en disaipols dey du-am).

3Jisos kon komot for Judea dey go Galili.

4For am to rish der, e go must pas tru Samaria.

5E kon rish won tawn for Samaria wey dem dey kol Sykar, wey near di land wey Jakop giv Josef, wey bi en pikin.

6Jakop wel dey der tu. Dat aftanun, bikos Jisos don taya to waka, e kon sidan near di wel.

7So won wuman for di tawn kom draw wota for di wel. Jisos tel am, "Abeg giv mi wota mak I drink".

8By dis taim, en disaipols don go insaid di tawn go buy fud.

9Den di wuman kon tel Jisos, "Haw yu wey bi Ju kon dey ask mi wey bi Samaria pesin, sey, "Mak I giv yu wota drink?"' (E tok dis won bikos Ju and Samaria pipol nor dey agri at-all.)

10Jisos ansa am, "If yu no wetin God gift bi and di pesin wey dey ask yu for wota so, yu for ask am and e go giv yu di wota wey dey mak pesin liv foreva.”

11Di wuman ask am, "Oga, yu nor get bucket and di wel deep wel-wel, wer yu go fit get dat kaind wota?”

12"Yu big pas awa gran papa Jakop wey giv us dis wel, wer en famili and animas dey drink from?”

13Jisos ansa, "Pesin wey drink from dis wota go always dey hungri for wota.

14"Bot enibodi wey go drink from di wota wey I go gi-am, nor go hungri for wota again, bikos di wota wey I go gi-am, go turn to riva wey nor dey dry insaid en bele and di wota go gi-am life wey nor dey end.”

15Di wuman kon tel am, "Oga, giv mi dis wota, so dat I nor go hungri for wota or kom here kon draw wota again.”

16Jisos tel am, "Go kol yor husban, mak tu of una kom mit mi.”

17Di wuman ansa, "I nor get husban." Den Jisos kon tel am, "Yu tok tru wen yu sey 'I nor get husban.’

18"Bikos yu don mari faiv husban bifor and di man wey yu dey stay wit naw, nor bi yor ril husban. Na tru yu tok.”

19Di wuman kon tel am, "Oga, I si sey yu bi profet wey dey tok wetin go hapun.

20"Awa papa dem serv God for dis mountin, bot una kon tok sey, di place wey pipol sopoz to woship God, na Jerusalem e dey.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

21Jisos kon sey, "Wuman, mak u biliv mi, di taim dey kom, wen pipol go woship God
for eniwer dem dey, nor bi onli for dis mountin or for Jerusalem.

22"Una dey serv wetin una nor no, bot wi dey serv wetin wi no, bikos na Ju pipol,
naim God first kol to ensef.

23"Bot di taim dey kom and e don ivun rish, wen di pipol wey won rili serv God, go
serv am for di tru way, wey God Spirit go show dem.

24"God na Spirit and di pipol wey won serv am, must serv am for di tru way wey God
Spirit go show dem."

25Di wuman ansa, "I no sey di Mezaya (di won wey dem dey kol Kraist), wey go save
evribodi, go kom and enitaim wen e kom, e go tel us evritin."

26Jisos kon tel am, "Na mi wey dey tok to yu so, bi di Mezaya."

27Wen Jisos dey tok to di wuman, en disaipols kon kom bak. Dem sopraiz sey e dey
tok wit won wuman, bot dem nor fit ask am, "Wetin e wont?" or "Why e dey tok to di
wuman?"

28By dis taim, di wuman don liv en pot wey e tak kom draw wota kon run go insaid di
tawn go tel pipol sey,

29"Mak una kon si won man wey tel mi all di tins wey I don du. Dis man nor bi di
Mezaya so?"

30So di pipol kom out for di tawn go mit Jisos.

31By dis taim, di disaipols kon beg am, "Tisha, mak yu chop somtin naw."

32E tel dem, "I get fud wey I go chop wey una nor no abaut."

33Di disaipols kon dey ask demsef, "Abi sombodi don bring somtin for am to chop
wen wi nor dey here?"

34Jisos kon tel dem, "My fud na to du wetin my Papa tok and mak I finish di wok wey
E send mi.

35"Nor bi una dey tok sey, 'Na for monts rimain bifor dem go plok frut wey dem plant
for farm?' Mak una luk roun and una go si sey frut don ripe rish to plok.

36"God go riword di pesin wey plok plenti frut from wetin odas plant and e go get life
wey nor dey end. So, di pesin wey plant and di pesin wey plok wetin dem plant, go
hapi togeda.

37"Dis won show sey, di tin wey pipol dey tok sey, 'Won pesin plant and anoda pesin
plok di friut', na tru wod.

38"I send una go plok wetin una nor plant, oda pipol don sofa plant dem, bot una kon
enjoy wetin dem sofa for."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

39By dis taim, meni pipol from Samaria tawn kon biliv am, bikos of di tins wey di wuman tok, "E tel mi all di tins wey I don du."

40Wen Samaria pipol kom mit am, dem kon dey beg am sey, mak e stay wit dem. So e kon stay der for tu days,

41and bikos of wetin e tok, meni pipol kon biliv am.

42Den dem kon tel di wuman, "Nor bi wetin yu tel us mak us biliv, bot bikos wi don tak awa own ear hear and wi don no sey, dis pesin tru-tru, na-im go save all di pipol wey dey dis wold."

43Wen tu days pas, Jisos komot from der go Galili.

44(Bikos Jisos don tok am sey, "Pesin wey bi profet nor dey get respet for en home-tawn").

45Wen e rish Galili, di pipol wey dey der kon welkom am, bikos dem don si all di tins wey e du for Jerusalem for di taim wen dem dey du Passova Fist.

46Again, e go Kana wey dey Galili, for wer e first turn wota to wine. For Kapanum, won soja-man wey dey wok for di king palise dey der and en pikin wey nor wel.

47Wen e hear sey Jisos don kom bak to Galili, e go mit am kon beg am sey mak e kom heal en pikin wey won die.

48So Jisos ask am, "If una nor si signs and wondas una nor go biliv mi?"

49Di man ansa, "Oga, abeg mak yu kom bifor my pikin go die."

50Jisos kon tel am, "Mak yu go haus, yor pikin nor go die." Di man biliv wetin Jisos tel am, so e kon komot go en haus.

51Wen e don near haus, en savants kon mit, tel am sey, "Yor pikin don wel, e nor die."

52So, e ask dem di taim wen di pikin bigin dey beta. Dem kon tel am, "Na yestaday for won o' klok for aftanun naim e wel."

53Bikos of wetin dem tok, di pikin papa kon rimemba sey dat na di taim wen Jisos tel am sey, "Yor pikin nor go die." Bikos of dis, di man and evribodi wey dey en haus kon biliv Jisos.

54Dis na di sekon mirakol wey Jisos du for Galili, afta e kom bak from Judea.

Jon 5

1Jisos kon go won fist wey dem dey du for Jerusalem.

2Won pool dey der wey near di Ship Gate, di name na Betsaida for Aramaic language. Na faiv roads pipol tak dey enta insaid.

3Pipol wey nor wel, wey blind and wey nor fit waka dey laidan for di difren roads.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4From taim-to-taim, won angel dey kom shake di wota and enibodi wey first enta di wota afta di angel don shake am, go wel.

5Won man dey der wey nor fit waka for tati-ate years.

6Wen Jisos si-am laidan for der, e kon no sey di man neva fit waka for long taim. So, Jisos kon ask am, "Yu won waka?”

7Di man ansa am, "Oga, I nor get enibodi wey go put mi insaid di pool wen di wota dey shake. Enitaim I dey trai to enta di wota, anoda pesin go kwik enta bifor I rish der.”

8Jisos tel am, "Mak yu get up! Kari yor mat mak yu bigin waka.”

9At wons, di man get up, kari en mat kon bigin waka. (Dat day na Sabat).

10Den di Ju oga dem kon tel di man wey dey waka naw sey, "Today na Sabat, yu nor sopoz to kari yor mat dey waka.”

11Naim e ansa dem, "Di man wey mak mi wel, tel mi sey, 'Mak I kari my mat and mak I bigin waka.'“

12Dem kon ask am, "Hu bi di man wey sey, 'Mak yu kari yor mat, mak yu dey waka?'“

13Bot di man nor no hu e bi, bikos Jisos don komot der and plenti pipol dey for dat place.

14Afta dis, Jisos kon si di man insaid di Tempol. So e kon tel am, "Luk, yu don wel naw, mak yu nor komit sin again, oda-wise, di tin wey bad pas wetin du yu bifor, go hapun to yu.”

15Di man kon go tel di Ju oga dem sey, "Na Jisos bi di pesin wey mak mi wel.”

16Bikos Jisos dey du all dis tins for Sabat Day, di Ju oga dem kon dey mak trobol wit am.

17So e tel dem, "My Papa dey wok evritaim and na so mi tu dey wok.”

18Bikos of dis, di Ju oga dem kon dey trai to kil-am, bikos dem sey e dey break di Sabat law and e dey kol God en papa, laik sey en and God na mate.

19Naim Jisos ansa dem, "Mak I tel una tru wod, di Pikin nor fit du enitin wit en own maind, esept di tins wey e si en Papa dey du. And na enitin wey e si en Papa dey du, naim e dey du tu.

20"Bikos di Papa get strong luv for en pikin, e dey always show am evritin wey e dey du and e go show am plenti tins wey pas dis won and una go sopraiz.

21"As di Papa get pawa to tak wak pesin wey don die, na so tu di pikin get pawa to giv life to enibodi wey en won giv.

22Di Papa nor dey joj enibodi, bot e don giv en pikin pawa to joj evribodi,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

23so dat evribodi go bow dan for di pikin as dem dey bow dan for di Papa. If enibodi nor bow show respet for di pikin, e nor go get di maind to respet di Papa wey send di pikin kom.

24"I tel una tru wod, di pesin wey tak wetin I tok and biliv sey na di Papa send mi, go get life wey nor dey end and e nor go enta hell fire, bot e go get life wey nor dey end.

25"I tel una tru wod, di taim dey kom and e don ivun rish groun naw, wen doz wey don die go hear Man Pikin vois and wen dem hear am, dem go wak-up and dem nor go die again.

26"Bikos as di Papa get life for insaid am, na so e giv en pikin life tu.

27"Di Papa don giv en pikin di pawa to joj pipol.

28"So, mak dis wod nor sopraiz una, bikos di taim dey kom, wen all doz wey dey insaid grave go hear di pikin vois,

29and di angels go kon seprate di pipol wey du gud tins, mak dem enta life wey nor dey end, bot God go kondem di pipol dem wey dey du bad tins.

30"I nor go fit du enitin wit my own pawa, bot na wetin I dey hear from my Papa, naim I dey yuz tak joj. Eni jojment wey I giv, na tru won, bikos I nor dey du my own tin, bot I onli dey du as my Papa send mi.

31"If I tok abaut mysef, e fit bi sey wetin I tok nor bi tru",

32bikos anoda pesin dey wey go tok abaut mi and I no sey wetin e tok abaut mi, na tru.

33"Una don send mesage go mit Jon and e don tel una tru wod.

34"(I nor dey trust wetin pipol tok, bot I dey tel una dis wod mak God for save una.)

35Jon lite shine wel-wel for smol taim and una hapi wen una si en lite."

36Bot I get pesin wey go bear witnes abaut mi wey big pas Jon, bikos di wok wey my Papa giv mi mak I du, naim I dey du so; so di wok dey bear witnes sey, na my Papa send mi.

37And my Papa wey send mi, en ensef don bear witnes abaut mi. Una neva hear my Papa vois or si-am bifor.

38En wod neva stil dey insaid una, bikos una nor biliv sey na-im send mi.

39Una dey read God wod wel-wel, bikos una biliv sey na wetin una read go giv una life wey nor dey end and na dis same wod dey tok abaut mi,

40bot una nor redi to kom mit mi, so dat una go get life wey nor dey end.

41"I nor laik mak pipol dey praiz mi,

42bikos I no sey, una nor luv God for insaid una heart.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

43"I kom wit my Papa name and una nor gri asept mi, bot if anoda pesin kom wit en own name, una go asept am.

44"Haw una go fit biliv wen una dey praiz ish oda and una nor kare for di praiz wey onli God fit giv.

45"Mak una nor tink sey I go akiuz una bifor my Papa. Di tin wey go stand against una na di law wey Mosis rite, wey una dey put hope for.

46"If una biliv wetin Mosis rite for di law, una sopoz to biliv mi tu, bikos na mi e rite abaut.

47"Bot if una nor biliv wetin Mosis rite, haw una go tak biliv wetin I dey tel una naw?"

Jon 6

1Wen Jisos don tok finish, e kon kros go Tiberias wey dey di oda side for Galili wotasaid.

2Plenti pipol kon dey folo am, bikos dem si wen e heal sik pipol.

3Jisos kon komot for der go di mountin side kon sidan der wit en disaipols.

4(Dat taim, Passova Fist don rish.)

5And wen Jisos luk up, e si plenti pipol dey kom mit am. Den e kon ask Filip, "Na wer wi go fit si bread buy wey all dis pipol go chop?

6Jisos tok dis won mak e for si wetin Filip go du, bikos en ensef no wetin e won du.

7Filip ansa, "Ivun if wi buy bread wey rish tu ondred silva koins and if dem share am smol-smol, e nor go rish evribodi chop.".

8Anoda disaipol wey en name bi Andru, wey bi Saimon Pita broda kon tel Jisos sey,

9"Won boy dey here wey get faiv bread and tu fish, bot dis won nor go rish dis plenti pipol chop beleful?”

10Jisos ansa, "Tel all di pipol mak dem sidan (as plenti grass dey di place wey dem go fit sidan put). Di men wey sidan, rish faiv tazon.

11Jisos tak di bread kon tank God. Den e divide am giv di pipol wey sidan. E du di same tin wit di fish. All of dem chop as dem wont, kon beleful wel-wel.

12Wen evribodi don beleful, Jisos kon tel en disaipols, "Mak una gada wetin rimain, mak enitin nor waste.”

13Wen dem gada wetin dem chop rimain for di faiv bread, e ful twef basket.

14So wen di pipol si di mirakol wey Jisos du, dem kon dey tok among demsef sey, "Tru-tru, dis man na di profet wey God send kom dis wold.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

15Since Jisos no sey dem go won tak am by fos go mak am dia king, e kon komot go on-top di mountin alone.

16Wen evenin rish, en disaipols kon go wotasaid go wait am,

17dem enta won kenu, kros go Kapanum (by dis taim, evriwer don dey dak and Jisos neva kom mit dem.)

18Den strong briz bigin blow and di riva kon dey ruff wel-wel.

19Wen dem don padol di kenu go rish abaut tiri or for miles, dem si Jisos dey waka on-top di wota dey kom near dem. Fear kon kash dem wel-wel.

20Jisos kon tel dem, "Na mi, mak una nor fear."

21As dem dey trai mak e enta insaid di kenu, dem kon si sey di kenu don rish wer dem dey go.

22Wen day don break, di pipol wey dey di oda side for di riva no sey na onli won smol kenu dey der. Dem stil no sey Jisos enta di kenu wit dem.

23So som kenu wey kom from Tiberias kon rish di wotasaid near di place wey dem for chop bread, afta Jisos don pray.

24So wen di pipol si sey Jisos and en disaipols nor dey der, dem enta di kenu kon go luk for Jisos for anoda tawn wey dem dey kol Kapanum.

25Wen dem si Jisos for di oda side for di riva, dem ask am, "Tisha, wish taim yu kom here?"

26Jisos ansa dem, "Mak I tel una tru wod, na bikos of di bread wey una chop naim mak una dey faind mi, nor bi bikos of di mirakols wey una si.

27"Mak una nor wok for fud wey nor dey last, bot for fud wey go giv una life wey nor dey end and dat kaind fud, na onli Man Pikin go fit giv una, bikos na-im God send kom."

28Dem kon ask am, "Wetin wi go du to mak God hapi wit us?"

29Jisos ansa, "God wont sey mak una biliv di pesin wey E send."

30Dem stil ask Jisos, "Wish kaind mirakol yu go du mak wi si, mak wi for biliv yu?

31"Awa gran papa dem chop manna for widanes as dem rite for God wod sey, 'God giv dem bread from hevun to chop.'"

32Den Jisos kon tel dem, "Mak I tel una tru wod, nor bi Mosis giv una bread from hevun, bot God, wey bi my Papa, na-im giv una di tru bread from hevun.

33God bread na di pesin wey kom dan from hevun kon giv beta life to di pipol wey dey dis wold."

34So dem tel am, "Oga, from naw go, mak yu giv us dis bread."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

35Jisos kon tel dem, Na mi bi di bread wey dey giv life. Pesin wey kom mit mi nor go hungri lia-lai and di pesin wey biliv mi, nor go hungri for wota again.

36As I don tel una, una dey si mi, bot una nor biliv.

37"Enibodi wey my Papa giv mi, go kom mit mi and wen e kom, I nor go eva driv am.

38"Nor bi to du wetin I wont mak mi kom dan from hevun, bot na to du wetin my Papa wont.

39"Wetin my Papa wey send mi wont, na mak I nor luz enibodi wey e giv mi, bot mak I for tak dem go up for di last day.

40"Wetin my Papa wont bi sey, enibodi wey biliv en pikin, go get life wey nor dey end and I go wak-am up for di last day."

41Den di Ju pipol bigin ves and komplian abaut Jisos, bikos e tok sey, "Na mi bi di bread wey kom dan from hevun."

42Den dem kon sey, "Dis Jisos sef nor bi Josef pikin, wey wi no en papa and mama? Na haw e kon dey tok sey, 'I kom dan from hevun?'"

43Jisos ansa, "Mak una nor komplain abaut mi to won anoda.

44"Nobodi go fit kom mit mi wit en own pawa, unles my Papa wey send mi draw am kom mit mi and I go tak am go up for di last day.

45"Na so di profets rite sey, 'God go tish evribodi.' Enibodi wey hear wetin my Papa tok, go kom mit mi.

46(Nor bi sey enibodi don si di Papa bifor, esept mi wey kom from hevun).

47"I dey tel una tru wod, enibodi wey biliv mi, don get life wey nor dey end.

48"Na mi bi di bread wey dey giv pesin life.

49"Una gran-gran papa dem chop manna for widanes, bot dem stil die.

50"Dis na di bread wey kom from hevun, so dat enibodi wey chop am, go get life wey nor dey end.

51"Na mi bi di bread wey kom dan from hevun. Enibodi wey chop dis bread go liv foreva. Na my flesh bi di bread wey I go giv di pipol wey dey for dis wold."

52Den di Ju pipol wey dey ves wit Jisos kon bigin dey argue wit won anoda dey sey, "Haw dis man go giv us en flesh mak wi chop?"

53Jisos tel dem, "I dey tel una tru wod, unles una chop Man Pikin flesh and drink en blood, una nor go get life for insaid una.

54"Di pesin wey go chop my flesh and drink my blood, don get life wey nor dey end and I go tak am up for di last day.

55"My flesh na di ril fud and my blood na di koret drink.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

56Di pesin wey chop my flesh and drink my blood, go stay insaid mi and I go dey insaid am tu.

57"Na my Papa wey dey for hevun send mi and as I dey for dis life bikos of am, na so di pesin wey chop my flesh go get life, bikos of mi.

58"Dis na di bread wey kom dan from hevun, e nor bi laik di bread wey una gran papa dem chop and afta, dem stil die. Di pesin wey go chop dis bread nor go eva die, bot e go liv foreva."

59Jisos tok dis tins wen e dey tish dem for insaid di Tempol for Kapanum.

60Wen Jisos meni disaipols hear wetin e tok, dem kon sey, "Dis tin wey Jisos dey tok so hard wel-wel-o-o! Na hu go fit undastand dem?"

61Wen Jisos no sey en disaipols dey komplain abaut wetin e tok, e kon ask dem, "Wetin I tok so dey mak una ves tu?

62"Wetin go hapun if una si Man Pikin go bak to hevun wer e dey bifor?

63"Na di Spirit go fit giv pesin life; humanbin pawa nor fit du-am. All dis wod wey I dey tel una so, dem bi Spirit and dem dey giv pesin life.

64"Bot som of una nor biliv." (From biginin, Jisos don no di pipol wey nor go biliv and di pesin wey go sel am giv en enemi.)

65So Jisos kon sey, "Na bikos of dis I tel una sey, nobodi go fit kom mit mi wit en own pawa, unles my Papa let am kom."

66Afta dis, Jisos meni disaipols kon stop to folo am.

67Den Jisos kon ask en twef disaipols, "Una won go tu?"

68Den Saimon Pita ansa am, "Oga, na hu wi go kon go mit? Na yu get di wod wey dey giv pipol di life wey nor dey end.

69"Wi don biliv and no sey, 'Na yu bi di Holi Won wey God send kom mit us.'"

70Jisos kon ansa, "Nor bi twef of una I shuz? Bot won pesin among una na devol pikin."

71(E tok dis won abaut Judas, wey bi Saimon Iskarot pikin, bikos na dis Judas, wey bi won of en twef disaipols, naim go sel am giv en enemi.)

Jon 7

1Afta, Jisos kon travol go evriwer for Galili. Den e komot for Judea, bikos di Ju oga dem won kil-am.

2Di taim kon rish wen Ju pipol dey du dia fist wey dem dey kol Tabanakol Fist.

3Jisos brodas kon dey tel am, "Komot for here go Judea, mak yor disaipols si di mirakols wey yu dey du.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4"Bikos enibodi wey wont mak pipol sabi hu e bi, nor go du enitin for kona. Since yu dey du dis tins, e gud sey mak yu show yorsef to evribodi."

5(Ivun en brodas nor biliv wetin Jisos dey du.)

6Jisos ansa dem, "Taim neva rish for mi to go, bot una fit go enitaim una laik.

7"Pipol laik una, bot dem nor laik mi, bikos I dey tel dem sey wetin dem dey du nor gud.

8"Mak una go di fist, I nor go-go, bikos my taim neva rish."

9Afta e don tok finish, e kon stay for Galili.

10Bot wen en brodas don go di fist, Jisos kon go der tu, bot e nor let enibodi no sey e dey der.

11Di Ju oga dem kon dey ask pipol, "Wer e dey?"

12Dem kon dey tok among demsef. Som sey, "Jisos na gud pesin", bot odas sey, "E dey play pipol wayo."

13Bot nobodi fit tok out, bikos dem dey fear di Ju oga dem.

14Wen di fist don rish haf, Jisos enta di Tempol kon dey tish.

15Di Ju oga dem sopraiz and dem kon dey sey, "Haw e tak no dis tins wey e dey tish so, as e bi sey e nor go school at-all?"

16Jisos ansa dem, "Wetin I dey tish nor bi my own, bot na di Pesin wey send mi, na-im giv mi.

17"Enibodi wey redi to du wetin God wont, di pesin go no weda wetin I dey tish na from God or na my own.

18"Enibodi wey dey tok wit en own pawa, go wont mak pipol praiz am, bot di pesin wey won onor hu send am, naim dey du wetin koret and sin nor dey insaid am.

19"Mosis nor giv una di law? Bot una nor gri obey am. Why e bi sey una won kil mi sef?"

20Di pipol ansa Jisos, "Dimon don enta yor bodi! Hu won kil yu?"

21Den Jisos ansa, "Na won mirakol wey I du so, mak una dey sopraiz?

22"Na tru sey Mosis tel una to sekonsaiz una son, (nor bi Mosis start am, na from Abraham taim e start) and una dey sekonsaiz una son for Sabat Day.

23"Since una dey sekonsaiz for Sabat so dat una nor go break Mosis law, why una dey ves wit mi, bikos I heal dis sik man for Sabat Day?

24"Mak una nor dey joj pesin, bikos of wetin una si wit una eye, bot mak una giv koret jojment as e sopoz to bi."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

25Som pipol wey dey stay for Jerusalem kon dey sey, "Dis nor bi di man wey dem won kil?

26"Naim dey here dey tok for publik so and dem nor fit tel am enitin. Abi di oga dem don gri sey naim bi di Kraist?

27"Wi sef no di place wer dis man from kom and wi no sey enitaim wey Kraist go kom, nobodi go fit no wer e go kom from."

28As Jisos dey tish for di Tempol, e kon shaut sey, "Una no mi and di place wey I from kom, nor bi my pawa I tak kom, na God wey send mi naim bi di koret Pesin. Bot una nor no am.

29"Bot I no am wel-wel, bikos na from am, I kom and naim send mi."

30Dem kon trai to kash Jisos, bot nobodi fit tosh am, bikos en taim neva rish.

31Meni pipol for der biliv am kon sey, "Enitaim di pesin wey bi di Kraist kom, e go fit du mirakol wey pas wetin dis won dey du so?"

32Wen di Farisi pipol hear pipol dey tok abaut Jisos, dia oga and di prists kon send sojas go arres am.

33Jisos kon tel dem, "I go onli stay wit una for smol taim and afta, I go-go mit di Pesin wey send mi.

34"Una go dey luk for mi, bot una nor go si mi and una nor go fit kom mit mi for wer I dey."

35Den di Ju oga dem kon dey ask ish oda, "Wer e won go wey wi nor go fit si-am, abi e won go tish Ju pipol wey dey stay wit Greek pipol?

36"Wetin e min wen e tok sey, 'Una go luk for mi, bot una nor go si mi and wer I dey, una nor go fit kom der?'"

37For di last day for di fist, wey bi di biggest day, Jisos stand kon shaut, "If wota dey hungri enibodi, mak e kom mit mi.

38"Di pesin wey biliv mi and wetin I tok, mak e kom drink, jos as God wod sey, 'Plenti wota wey dey giv life, go flow from insaid en bele.'"

39(E tok dis tin abaut di Spirit wey di pipol wey biliv am go get, bikos by dis taim, God neva giv en Spirit to pipol, bikos E neva onor Jisos Kraist.)

40Wen pipol hear wetin e tok, som of dem kon sey, "Tru-tru, dis man naim bi di Profet!"

41Som stil sey, "Na-im bi di Kraist", bot odas sey, "Na lai, Kraist nor fit kom from Galili.

42"Abi God wod nor sey, 'Kraist go kom from David famili wey dey Betlehem, di vilage wey David from kom?'"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

43So di pipol kon divide bikos of Jisos.

44Som of dem kon dey trai to kash am, bot nobodi fit tak hand tosh am.

45Wen di sojas go bak, di prist oga dem and Farisi pipol kon ask dem, "Why una nor kash Jisos kom?”

46Di sojas ansa, "Wi neva si enibodi wey tok laik dis man bifor!”

47Den di Farisi pipol kon ask di sojas, "Abi, e don disiv una tu?

48"Abi eni of us wey bi Farisi pipol or prists don biliv Jisos?

49"Kos dey dis pipol head, bikos dem nor no di law.”

50Den won man wey en name bi Nikodimos, wey don first go mit Jisos and wey bi won of di big oga dem kon sey,

51"Awa law nor dey kondem pesin unles wi don hear wetin di pesin tok or si wetin e dey du, abi nor bi so?”

52Dem kon ask am, "Abi na Galili yu tu from kom? If yu luk wel, yu go si sey no profet go fit kom from Galili.”

53Afta dis, evribodi bigin go en haus.

Jon 8

1Den Jisos waka enta Mount Olives.

2For earli mornin, e enta di Tempol. Plenti pipol gada for der and e kon sidan dey tish dem.

3Di pipol wey sabi di law and di Farisi pipol kon bring won wuman wey dem kash, sey e slip wit man wey nor bi en husban. Dem kon mak am stand for dia front,

4den dem tel Jisos, "Tisha, wi kash dis wuman wen e dey slip wit won man wey nor bi en husban.

5"Mosis law sey, 'Mak dem stone dis kaind wuman til e die.' Wetin yu get to tok for dis mata?”

6(Dem ask am dis kweshon to set trap for am, mak dem for fit kash am). Bot Jisos bend dan kon tak en finga dey rite somtin for groun.

7Wen dem kontinu to dey wori am, e kon get up tel dem, "Eni of una wey neva komit sin bifor, mak e bi di first pesin to stone dis wuman.”

8E kon bend dan again bigin rite for groun.

9Wen dem hear wetin e tok, dem kon dey komot for der won by won. Na di old pipol first start to komot, til e kon rimain onli Jisos and di wuman wey stand for en front.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

10Den Jisos stand-up kon ask am, "Wuman, wer di pipol wey bring yu? Nobodi rimain to kondem yu?”

11Di wuman ansa, "Oga, nobodi rimain." Den Jisos tel am, "Mi tu nor go kondem yu. Bot from naw go, mak yu nor sin again.”

12Den Jisos kon sey, "Na mi bi di lite wey dey di wold, enibodi wey folo mi, nor go waka for daknes lai-lai, bot e go get di lite wey go gi-am life.”

13Di Farisi pipol kon dey argue wit am dey sey, "Yu dey tok abaut yorsef and wetin yu tok, nor bi tru".

14Jisos ansa dem, "Ivun if I dey tok abaut mysef, wetin I dey tok na tru, bikos I no wer I from kom and wer I dey go. Bot una nor no wer I from kom or wer I dey go.

15"Una dey joj pesin wit wetin una si wit una eye, bot I nor dey joj pipol laik dat.

16"Bot, if I sey pesin du bad, di tins wey I si and tok abaut, na tru, as e bi sey nor bi onli mi dey tok am. Na mi and my Papa wey send mi, dey tok am togeda.

17"God wod sey, 'Wetin tu pipol bear witnes abaut, na tru.’

18"I dey bear witnes abaut mysef and my Papa wey send mi, dey bear witnes abaut mi tu.”

19Dem kon bigin kweshon am, "Hu bi yor Papa sef?" Jisos ansa dem, "Una nor no mi or my Papa, if to sey una no mi, una for no my Papa tu.”

20Jisos dey tok to dem near di box wer dem dey put ofrin moni, wey dey insaid di Tempol. Nobodi fit kash am, bikos en taim neva rish.

21Den Jisos kon tel dem again, "I dey go and una go luk for mi, bot una go die insaid una sin. Wer I dey go, una nor go fit kom der.”

22So di Ju oga dem kon dey ask, "Abi e won go kil ensef? As e dey tok sey, 'Wer I dey go, una nor go fit kom der?'“

23Jisos ansa dem, "Na groun una from kom, bot mi, na hevun I from kom. Una kom from dis wold, bot I nor kom from dis wold.

24"Na dis mak mi sey una go die insaid una sin. Unles una biliv sey, 'Na mi bi di pesin wey I tok sey I bi', una go die insaid una sin.”

25Den dem ask am, "Hu yu bi sef?" Jisos ansa, "Na wetin I tel una from di biginin.

26"I get plenti tins to tok abaut wetin una dey du, bot my Papa wey send mi, nor dey lai and na wetin E tel mi I dey tel pipol wey dey dis wold.”

27(Bot dem nor undastand sey e dey tok abaut en Papa for hevun).

28Den Jisos sey, "Wen una don kari mi put for kros, una go no hu I bi. I nor jos dey du enitin wey I laik, bot I dey always du wetin my Papa tel mi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

29"And di Pesin wey send mi dey wit mi. E nor dey liv mi, bikos I dey always dey du di tins wey E wont.”

30As e dey tok, meni pipol kon biliv am.

31Jisos kon tel di pipol wey kom from Judea wey biliv am, "If una obey wetin I dey tish una, den una go bi my disaipols

32and una go no di trut and di trut go fri una.”

33Dem tel am, "All of us na Abraham pikin, wi neva bi slave to enibodi bifor. Why yu dey sey, wi go dey fri?”

34Jisos kon ansa dem, "Na tru wod I dey tel una, enibodi wey dey komit sin, na sin bi di masta wey dey rule am.

35"Pesin wey bi slave nor dey stay for insaid dat famili foreva, bot pesin wey bi pikin for di famili, naim dey stay foreva.

36"So wen Man Pikin fri una, una don dey fri bi dat.

37"I no sey una kom from Abraham famili, bot una won kil mi bikos una nor won hear wetin I dey tok.

38"Na wetin I si wen I dey wit my Papa, naim I dey tel una, so mak una dey du di tins wey una hear from my Papa.”

39Dem tel am, "Abraham naim bi awa papa." Den Jisos ansa dem, "If una bi Abraham pikin, una for dey du di tins wey Abraham du.

40"Bot una won kil mi, bikos I tel una di ril trut wey I hear from God. Abraham nor du wetin una dey du so -o-o.

41"Una dey du di tins wey una papa du." Dem kon tel Jisos, "Awa papa nor born us for outsaid marage. Na God ensef bi di papa wey wi get.”

42Den Jisos ansa, "If to sey na God bi una Papa, una for laik mi, bikos I kom from God and as I dey so, I nor kom du my own tins, bikos na-im send mi.

43"Na bikos una nor won asept wetin I dey tish, naim mak una nor fit undastand wetin I dey tok.

44"Na devol bi una papa and na di tin wey una papa wont, naim una dey du. E dey kil pipol from di biginin and e nor dey sopot wetin gud, as e nor get eni gud tin insaid am. Enitaim e dey tok, na di lai wey dey insaid am, na-im e dey tok, e bi lai-lai pesin, bikos naim bi lai-lai papa.

45"Na bikos I dey tel una tru wod, naim mak una nor gri biliv mi.

46"Eni of una go fit show sey I komit sin? Since I dey tel una tru wod, why una nor won biliv mi?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

47"Di pesin wey bi God pikin, dey listin and du wetin dem rite for God wod. Una nor dey listin and una nor dey du wetin dem rite for God wod, bikos una nor bi God Pikin."

48So di pipol kon sey, "E bi laik sey yu bi Samaria pesin and dimon dey insaid yu."

49Jisos kon tel dem, "I nor get dimon. I dey respet my Papa, bot una nor gri respet mi.

50"I nor wont mak una praiz mi, bot God, di Won wey dey hevun, na-im wi sopoz praiz and E go joj evribodi for di koret way.

51"I dey tel una tru wod, if enibodi folo wetin I dey tish, e nor go die again."

52Den di pipol kon sey, "E-hen! Wi don no naw sey dimon dey insaid yu. Abraham and di profets don die, yu kon dey tel us sey, 'Enibodi wey folo wetin I dey tish nor go die.'

53"Yu big pas awa papa Abraham and all di profets wey don die? Hu yu tink sey yu bi sef?"

54Jisos ansa, "If I dey praiz mysef, my praiz na yeye won. Di pesin wey dey praiz mi na my Papa, wey una dey sey, 'Na-im bi awa God.'

55"Una nor no am, bot I no am and if I sey I nor no am, I dey lai laik una. I no am and I dey folo wetin e dey tok.

56"Una papa Abraham hapi wel-wel wen e hear sey I dey kom. E si-am and e hapi wel-wel."

57Den di pipol ask am, "Yu neva old rish fifti years and yu sey yu don si Abraham?"

58Jisos ansa dem, "Na tru wod I dey tel una so, bifor dem born Abraham, I don alredi dey!"

59Den, dem kon dey pick stone to stone am, bot Jisos hide kon komot from di Tempol aria.

Jon 9

1Wen Jisos dey waka pas, e kon si won man wey blind from di taim wey en mama born am.

2Naim en disaipols ask am, "Tisha, na wish pesin sin, wey mak dis man blind since di taim en mama born am? Na di man or na en papa and mama?"

3Jisos ansa dem, "Nor bi di man or en papa and mama sin, bot e blind since dem born am, bikos God won yuz dis won show en pawa wit wetin go hapun to am.

4"I must du di wok for di Pesin wey send mi bifor day go dak, bikos nite dey kom wen nobodi go fit wok.

5"As far as I dey insaid dis wold, na mi bi di lite for di wold.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

6Afta e tok finish, e spit for groun kon tak di san-san wey e spit put tak rub di blind man eye.

7Den e tel am, "Mak yu go wosh yor face insaid di pond wey dem dey kol Siloam (dis name min 'Send'). So di blind man kon go wosh en face as Jisos tel am. As e dey kom bak, e kon bigin si.

8Den en nebors and oda pipol wey dey si-am dey beg bifor, kon dey ask sey, "Dis nor bi di man wey dey sidan dey beg for moni?”

9Som pipol ansa, "Na-im o-o!" Odas tok sey, "Nor bi en, bot e luk laik am." Di man ensef kon sey, "Na mi bi di pesin.”

10Dem ask am, "Wetin hapun wey mak yu bigin si?”

11E kon ansa dem, "Na di man wey dem dey kol Jisos tak san-san wey e spit put rub my eye. Den e tel mi sey, 'Mak yu go Siloam go wosh yor face.' Afta I go wosh my face for di pond, I kon bigin si."‘

12Naim dem ask am, "Wer di man dey?" E kon ansa dem, "I nor no-o-o.”

13Dem kon tak di man wey blind bifor go mit di Farisi pipol.

14(bikos na for Sabat Day Jisos spit for san-san tak rub di blind man eye).

15Naim di Farisi pipol ask am again, "Haw yu tak bigin si?" E kon ansa dem, "E tak di san-san wey e spit put rub my eye and afta I don wosh my face, I kon bigin si.”

16Som Farisi pipol kon sey, "Nor bi God send dis man, bikos e nor sopoz to du eni wok for Sabat Day." Bot odas sey, "Haw pesin wey dey komit sin go fit du dis kaind mirakol?" Dis argument kon mak di pipol divide.

17Dem kon ask di man wey blind bifor sey, "Wetin yu tink abaut di man wey mak yu dey si?" Di man ansa, "Na profet e bi.”

18Di Ju oga dem nor gri biliv sey, tru-tru di man blind bifor, so dem kon kol en papa and mama.

19Dem kon ask dem, "Na una pikin bi dis? Na tru sey e blind wen una born am? Haw e kon tak dey si naw?”

20So en papa and mama ansa, "Wi no sey dis na awa pikin and e blind wen wi born am.

21"Bot wi nor no haw e tak bigin si or ivun hu opun en eye. Mak una ask am, e don big rish to tok for ensef.”

22(En papa and mama tok laik dis, bikos dem dey fear di Ju oga dem wey don tok sey, "Enibodi wey tok sey na Jisos bi di Kraist, dem go driv am komot from di sinagog.”

23Na dis won mak en papa and mama sey, "Mak dem ask am, bikos e don big rish to tok for ensef)".

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

24So dem kol di man again kon tel am, "Mak yu promis bifor God sey yu go tok di trut, bikos wi no sey di man na sina.”

25E kon ansa dem, "Weda na sina e bi, I nor no! Bot wetin I no bi sey, bifor I blind, bot naw, I don dey si.”

26So dem ask am again, "Wetin e du? Haw e tak mak yu dey si sef?”

27E kon ansa dem, "I don tel una bifor, bot una nor gri. Why una won hear am again? Abi, una won bi en disaipols tu?”

28Dem shaut for di man kon sey, "Na yu bi en disaipol. Wi bi Mosis disaipols.

29"Wi no sey God tok to Mosis, bot wi nor no wer dis man from kom.”

30Di man kon sey, "I sopraiz for una o-o. Una nor no wer e from kom, bot na-im opun my eye!

31"Wi no sey God nor dey listin to enibodi wey dey sin, bot if pesin dey du wetin God tok, God go hear en praya.

32"Wi neva hear bifor sey, enibodi don fit mak pesin wey blind si.

33'If God nor send dis man, e nor go fit du dis kaind tin.”

34Dem kon tel di man, "Na for insaid sin dem born yu, yu tink sey yu go fit tish us enitin?" So dem driv am komot from di place.

35Wen Jisos hear sey dem don driv di man komot, e go luk for am kon ask am, "Yu biliv hu Man Pikin bi?”

36Di man kon sey, "Oga, tel mi hu e bi, mak I for fit biliv am?”

37Jisos ansa am, "Na-im dey here dey tok to yu so.”

38Di man kon sey, "Oga, I biliv." Den e nil dan kon woship Jisos.

39Jisos tel am, "I kon joj pipol for di wold, so dat di pipol wey nor dey si, go bigin si and doz wey tink sey dem dey si, dia eye go blind.”

40Wen di Farisi pipol wey dey der hear wetin Jisos tok, dem kon ask am, "Yu tink sey wi sef blind?”

41Jisos ansa dem, "If una gri sey una blind, God nor go kondem una bikos of una sin, bot as una tok sey una dey si so, una sin dey for una head."

Jon 10

1"Na tru wod I dey tel una, pesin wey nor pas door enta di place wey dem dey kip ship, bot klimb pas anoda side enta di place, na big tif.

2"Di pesin wey pas di door enta, na-im bi di shepad wey dey gaid di ship.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

3"Di gateman go opun di door for am and en ship go hear en vois wen e kol dia name and e go lid dem kom out.

4"Wen e don bring all en ship kom out, e go-go dia front and di ship go folo am, bikos dem no en vois.

5"Dem nor go gri folo stranja, bot dem go run from am, bikos dem nor no di stranja vois."

6Jisos tel dem dis parabol, bot dem nor undastand wetin e tok.

7So Jisos kon tel dem again, "I dey tel una tru wod. Na mi bi di door wey di ship go must pas enta.

8"All di pipol wey kom bifor mi, na big tif dem bi and di ship nor go gri listin to dem.

9"Na mi bi di door, enibodi wey enta tru mi, God go save am. E go-go insaid and out and e go si beta grass chop.

10"Di tin wey tif dey du, na to tif, kil and distroi pipol, bot mi, I kom so dat pipol go get life, di kaind life wey ful wel-wel.

11"Na mi bi di gud shepad. Di gud shepad redi to die for di ship.

12"Di pesin wey dem haya nor bi di shepad and bikos nor bi en get di ship, e go run wen e si lion dey kom, so di lion go skata di ship, kon kil di won wey e kash.

13"Bikos di pesin nor kare for di ship, naim go mak am run liv dem.

14"Na mi bi di gud shepad, I no di ship wey bi my own and dem no mi tu.

15bikos my Papa no mi and I no am, naim mak mi redi to die for di ship.

16"I get oda ship wey nor dey here. I must gada dem tu and dem go listin to my vois, all of dem go dey togeda and na won shepad go lid dem.

17"Na dis bi di rizin wey mak my Papa laik mi, bikos I redi to sakrifais my life, so dat I go fit tak am bak again.

18"Nobodi go fit tak my life from mi, bot na mi go put am dan by mysef and I get di pawa to tak am bak again. Dis na wetin God komand mi to du."

19Anoda big kworel kon hapun bitwin di Ju pipol bikos of wetin Jisos tok.

20Meni of dem kon dey sey, "Dimon dey insaid am and en head nor koret. Why una dey listin to am sef?"

21Odas kon sey, "Di pesin wey get dimon nor go fit tok laik dis. No dimon fit mak blind pesin si."

22Di taim for di Dedikeshon Fist for Jerusalem kon rish.

23Dat na di taim wey rain dey fal (and kold dey strong wel-wel) and Jisos kon dey waka insaid di varanda wer Solomon for dey tak briz, wey dey insaid di Tempol yard.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

24Di Ju oga dem gada roun Jisos, kon ask am, "Haw long yu go mak us dey wait? If
na yu bi di Kraist, mak yu tel us."

25Jisos ansa dem, "I don tel una and una nor biliv. Di tin wey I tak my Papa name dey
du, dey bear witnes for mi.

26"Bot una nor biliv mi bikos una nor bi my ship.

27"My ship dey hear my vois and I no dem and dem dey folo mi.

28"I don giv dem life wey nor dey end and dem nor go eva die. Nobodi go fit tak dem
komot from my hand.

29"My Papa wey giv dem to mi big pas evribodi and nobodi go fit tak dem komot
from my Papa hand,

30bikos mi and my Papa, na won."

31Di Ju oga dem kon pick stone again, to tak stone am.

32So Jisos tel dem, "I don du meni gud tins wey una si from my Papa, wish won mak
una won stone mi so?"

33Di Ju oga dem kon ansa, "Wi nor won stone yu bikos of di gud tins, bot na bikos yu
wey bi ordinari pesin, dey mak mout sey, yu bi God."

34Jisos kon ansa dem, "Una law nor tok sey, I sey, 'Una bi gods?'

35"If dem kol di pipol wey God send en wod go mit, sey, 'Dem bi gods' and God wod
nor go eva shange,

36'Why una dey tel di pesin wey God shuz for ensef and wey E send kom dis wold,
"Yu dey tok against God", bikos I sey, "I bi God Pikin?"'

37"If I nor du di tins wey my Papa send mi, mak una nor biliv mi.

38"Bot if I dey du dem, ivun if una nor biliv mi, mak una biliv di tins wey I dey du, so
dat una go no and undastand sey, I dey insaid my Papa and my Papa dey insaid mi
tu."

39So dem trai again to kash am, bot e kon waka liv dem.

40Jisos go bak kon kros Jordan Riva, wer Jon for baptize pipol and e kon stay for der.

41Meni pipol kon mit Jisos for di place. Dem bigin dey sey, "Ivun doh Jon nor du eni
mirakol, bot evritin wey e tok abaut Jisos, na tru."

42And meni pipol for di place kon biliv Jisos.

Jon 11

1Won man wey en name bi Lazarus wey nor wel. En wit Mary and Marta, en sistas
kom from Betani.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

2Dis Mary naim pour perfume for Jisos leg, kon klin dem wit en hair.

3So di sistas kon send mesage go mit Jisos sey, Oga, yor frend wey yu luv wel-wel wey nor wel.

4Wen Jisos hear di mesage, e kon sey, "Dis siknes nor go kil Lazarus. E go mak God and en pikin get onor."

5(E klear sey Jisos luv Marta, Mary and Lazarus wel-wel.)

6Afta e don hear sey Lazarus nor wel, e stay wer e dey for anoda tu days.

7Den e kon tel en disaipols, "Mak wi go bak to Judea."

8Bot en disaipols kon ask, 'Tisha, nor bi di place wer di Ju pipol won for kil us yu sey mak wi go again so?

9Jisos ansa, "Evriday get twef hours wey lite dey tak shine, so pipol nor dey fear to waka, bikos dem dey si wel-wel, as e bi sey lite dey.

10Bot pesin wey waka for nite, go fit fal, bikos e nor get lite to si road."

11Den Jisos tel dem, "Awa frend Lazarus dey slip, bot I won go wak-am up."

12Di disaipols sey, "Oga, if e jos dey slip, den e go wak-up."

13(Dem tink sey, wetin Jisos min bi sey, Lazarus jos dey slip, bot wetin e min bi sey, Lazarus don die.)

14So e kon tel dem sey, "Lazarus don die.

15"I hapi sey I nor dey der, so dat una go get anoda shanse to biliv mi. Mak una kom mak wi go si-am."

16So Tomas, (wey bi Twins) kon tel di oda disaipol, "Mak wi folo am go, so dat wi go die wit am."

17Wen Jisos rish Betani, dem kon tel am sey e don rish for days wey dem bere Lazarus.

18(Betani na abaut tu miles from Jerusalem,

19and from der, meni Ju pipol kon salot Mary and Marta, bikos of dia broda wey die.)

20So wen Marta hear sey Jisos dey kom, e kon waka go mit am, bot Mary sidan for haus.

21Marta kon tel Jisos, "Oga, if to sey yu dey here, my broda for nor die."

22Bot I no sey, "God go giv yu enitin wey yu ask am."

23So Jisos tel am, "Yor broda go wak-up again."

24Den Marta sey, I no sey e go wak-up again for di resureshon day."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

25Jisos ansa am, "Na mi bi di resureshon and na mi dey giv life. Enibodi wey biliv mi
go get life ivun if e don die,

26and di pesin wey biliv mi for dis life, nor go eva die. Marta, yu biliv wetin I tok so?”

27Marta kon ansa, "Yes! Oga, I biliv sey yu bi Kraist, God Pikin, wey kom dis wold.”

28Den Marta go mit Mary, en sista, kon tok for en ear sey, "Di tisha dey here and e
won si yu.”

29Wen Mary hear wetin e tok, e kon get up go mit Jisos.

30Jisos stil dey outsaid di vilage wen Marta go mit am.

31Di pipol wey kom salot Mary kon si haw e waka komot kwik-kwik, dem tink sey na
Lazarus grave e for dey go krai, so dem folo am.

32Wen Mary si Jisos, e fal for en front kon sey, "Oga, if to sey yu dey here, my broda
nor for die.”

33Jisos kon si as Mary and di oda pipol dey krai. So e sori for dem and di tin pain am
wel-wel.

34E kon ask dem, "Wer una bere am?" Den dem tel am, "Oga, kom mak wi show yu.”

35Jisos kon krai.

36Di pipol wey kom salot dem kon sey, "Jisos luv dis man wel-wel o-o.”

37Bot som of dem sey, "Dis man wey mak blind man si, e nor fit du mak Lazarus nor
for die?”

38Jisos kon sori for dem again, den e waka go di grave. (Dis grave na big hol insaid
rock wey dem tak big stone kova).

39Jisos kon sey, "Mak una rimov di stone." Marta wey bi Lazarus sista kon sey, Oga,
by dis taim e go don dey smel, bikos e don rish for days wey dem bere am.”

40Jisos tel am, "I nor tel yu bifor sey, 'Yu go si God pawa, if yu biliv mi?'“

41So, dem kon rol di stone komot from di grave mout. Den Jisos luk hevun, kon sey,
"Papa, I tank yu sey Yu dey always hear mi and dey du di tins wey I ask from Yu.”

42I no sey Yu dey always hear mi, bot I dey tok laik dis, bikos of di pipol wey stand
here naw, so dat dem go biliv sey na Yu send mi.”

43Wen e don tok dis finish, e kon shaut, "Lazarus, kom out!”

44Den Lazarus kon kom out, bot di klot wey dem tak bere am stil kova en bodi. So,
Jisos tel dem, "Mak una luz di klot komot for en bodi, mak e dey go.”

45Den meni of di Ju pipol wey folo Mary go di gravside biliv Jisos, wen dem si wetin
hapun.

46Bot som of dem go mit di Farisi pipol kon tel dem wetin Jisos du.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

47Den di prist oga dem and Farisi pipol kon kol di kansol memba dem togeda, ask dem, "Wetin wi go du, since di man dey du plenti mirakols?

48"If wi let am kontinu laik dis, evribodi go biliv am and di Roman govnor go kom tak di place wey wi dey woship and awa kontri.”

49Den won of dem wey en name bi Kaifas, wey bi di High Prist dat year, kon sey, "Una bi fool wey nor undastand wetin dey hapun.

50"Una nor no sey e beta mak won man die for evribodi, dan sey mak evribodi for dis kontri die?”

51(Dis man tok laik dis, bikos naim bi di High Prist dat year. E tok tru sey, Jisos go die for di hol Ju pipol, bot e nor no wetin e tok,

52and nor bi for onli di Ju pipol, bot mak all God shildren, wey dey di wold for gada togeda.)

53So from dat day, dem kon dey plan to kil Jisos.

54Bikos of dis, Jisos nor kon dey waka for Judea as e dey du bifor, bot en and en disaipols kon go stay for di tawn wey dem dey kol Efraim, wey near desert.

55Wen Passova Fist don near, meni pipol for di kontri go Jerusalem, kon dey mak demsef klin for di fist, as dia tradishon tok.

56Dem bigin dey luk for Jisos kon dey ask ish oda insaid di Tempol yard, "Wetin yu tink, e go kom for di fist?" Abi yu nor tink so?

57(By dis taim, di prist oga dem and di Farisi pipol don giv orda sey, enibodi wey no wer Jisos dey, mak e kon tok, so dat dem go-go kash am).

Jon 12

1Sis days bifor Passova Fist rish, Jisos go Betani, wer Lazarus, di pesin wey e wak-up from deat, dey stay.

2So dem kon du parti for Jisos dat evenin. Marta kon dey serv dem fud and Lazarus dey among di pipol wey sidan for tabol wit Jisos.

3Mary tak perfume wey dear wel-wel, wey plenti rish quota galon kon pour am for Jisos tu leg. Den e yuz en hair tak klin dem. (Di perfume sent kon ful evriwer for insaid di haus).

4Bot Judas Iskarot, won of Jisos disaipol (di pesin wey go sel am giv en enemis), kon sey,

5"Why wi nor sel dis perfume for tiri ondred koins (moni wey pas wetin wokas go get for won year) kon giv di moni to poor pipol?”

6(Judas tok laik dis, nor bi sey e kare for poor pipol, bot bikos na tif e bi. As e bi sey naim dey kip di moni, e dey tif from am.)

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Den Jisos ansa, "Mak yu nor trobol di wuman, e du dis tin dey wait di day wen dem
go bere mi.

8"Poor pipol go always dey wit una, bot I nor go dey wit una all di taim."

9For dis taim, plenti pipol wey dey Judea hear sey Jisos dey for dia tawn, so dem kon
gada, nor bi bikos of Jisos alone, bot dem won si Lazarus tu, di pesin wey die bifor,
wey Jisos wak-up.

10Di prist oga dem kon plan to kil Lazarus tu,

11bikos naim mak plenti Ju pipol for Jerusalem, biliv Jisos.

12Wen day break, plenti pipol wey kom di Fist kon hear sey Jisos dey kom Jerusalem.

13Di pipol tak palm tri leaf go wait am for road. Dem kon bigin shaut, "Hosanna, mak
God bless di pesin wey E send kom mit us. Mak God bless Izrel king!"

14Jisos si won smol donkey and e kon sidan put, jos as God wod sey,

15"Pipol wey dey Zion, mak una nor fear; mak una si una king sidan on-top donkey
dey kom!"

16(En disaipols nor undastand dis tins wey dey hapun, ontil wen Jisos don wak-up
from grave, naim dem kon rimemba wetin God wod sey go hapun.)

17So di pipol wey dey wit am wen e wak Lazarus from grave kon tel odas abaut am.

18And dem gada go mit Jisos, bikos dem hear sey na-im wak Lazarus from grave.

19Den di Farisi pipol kon tel ish oda, "Una dey si sey wetin wi dey du so nor get head!
Si o-o, evribodi don bigin folo am."

20Som Greek pipol go woship God for di fist for Jerusalem.

21Dem kon mit Filip wey kom from Betsaida for Galili kon tel am, "Oga, wi go laik to
si Jisos."

22Filip tel Andru, den dem kon go tel Jisos.

23Jisos tel dem, "Di taim don kom wen God go onor en own pikin.

24"I tel una tru wod, if won corn sid fal for groun and e nor die, e nor go grow, bot if e
die, e go grow kon bear plenti sid.

25"Enibodi wey luv en life for dis wold, go luz am, bot di pesin wey nor luv en life for
dis wold, go get life wey nor dey end.

26"Enibodi wey redi to serv mi, go must folo mi and wer I dey, na der my savant go
dey tu. Enibodi wey serv mi, my Papa go onor am.

27"My heart heavi wel-wel. Wetin I go tok? 'Papa, mak yu save mi from dis tin wey
won hapun'? No! Na dis tin mak mi kom dis wold.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

28"Papa, mak yu onor yor name." Den won vois tok from hevun sey, "I don onor am bifor and I go onor am again.”

29Wen di pipol wey dey di place hear di vois, som kon sey, "Di vois sound laik thunda", bot odas sey, "Na angel dey tok to am.”

30Jisos kon sey, "Dis vois nor tok bikos of mi, bot na bikos of una.”

31Di taim to joj di pipol for dis wold don rish and God go driv Satan, wey dey kontrol dis wold komot.

32Bot as for mi, if una kari mi go up for kros, I go draw evribodi kom mit mi.”

33(E tok laik dis, mak pipol for no di way e go tak die).

34Den di pipol ask, "Wi no sey God law sey, 'Kraist go liv foreva.' Why yu kon dey tok sey dem go kari Man Pikin put for kros? Na hu bi dis Man Pikin sef?”

35Jisos ansa dem, "My lite nor go dey wit una tey. Naw wen di lite dey, mak una tak am waka, so dat daknes nor go kova una. Bikos di pesin wey dey waka for daknes, nor dey si wer e dey go.

36"As una get di lite naw, mak una biliv am, so dat una go bi lite shildren. Wen Jisos don tok dis tin finish, e kon komot der go hide.

37Aldoh Jisos don du meni mirakol for dia front, dem nor stil biliv am.

38Dis mak wetin Profet Isaia tok hapun, wen e sey, "Oga, wish pipol don biliv wetin wi tok and hu God don show en pawa?”

39As di pipol nor fit biliv, naim mak Isaia tok anoda wod sey,

40"God don blind dia eye and mak dia heart strong laik stone, so dat dem nor go si wit dia eye and undastand wit dia heart, so dem nor go fit kom mit mi, mak I for heal dem.”

41Isaia tok dis tins, bikos e si haw God onor and tok abaut Kraist.

42Meni pipol and meni Ju oga kon biliv Jisos, bot bikos of di Farisi pipol, doz wey biliv nor fit tok for publik abaut Jisos Kraist, so dat dem nor go driv dem komot for di sinagog.

43Bikos Ju pipol laik mak pipol dey praiz dem pas wetin God tink abaut dem.

44Jisos kon shaut sey, "Di pesin wey biliv mi, nor bi mi e biliv, bot na my Papa wey send mi.

45"And di pesin wey si mi, don si God wey send mi.

46"I kom as lite for dis wold, so dat enibodi wey go biliv mi nor go waka insaid daknes.

47"Enibodi wey hear wetin I tok and nor obey am, nor bi mi go joj am, bikos I nor kom joj di wold, bot I kom save pipol for di wold.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

48"Enibodi wey rejet mi and nor du wetin I tok, God go yuz dis my wod joj am for di last day.

49"Bikos nor bi my pawa I tak dey tok, bot na my Papa wey send mi dey tel mi wetin I dey tok.

50"I no sey enitin wey God komand, dey giv life wey nor dey end, so I dey tok wetin E send mi."

Jon 13

1Bifor dem du di Passova Fist, Jisos no sey en taim don rish wen e go komot for dis wold go mit en Papa. Bikos e luv di pipol wey dey di wold, e kon show dem haw en luv for dem strong rish.

2Bifor dem start to chop evenin fud, devol don alredi enta Judas Iskarot maind, wey bi Saimon pikin, sey, mak e sel Jisos giv en enemi.

3Bikos Jisos no sey en Papa don gi-am pawa to kontrol evritin and as e bi sey e kom from God and e dey go bak go mit am,

4e kon stand-up for wer dem dey chop, rimov en big koat kon tie towel for en waist.

5E kon pour wota for basin, bigin dey wosh en disaipols leg and dey dry dem wit di towel wey dey en waist.

6Wen e rish Saimon Pita turn, Pita kon tel am, "Oga, yu won wosh my leg?”

7Jisos ansa, "Yu nor go fit undastand wetin I dey du naw, bot yu go undastand am leta.”

8Pita kon tel am, "I nor go gri mak yu wosh my leg!" Den Jisos ansa, "If I nor wosh yor leg, mi and yu nor go get enitin togeda again.”

9So Saimon Pita tel am, "Oga, mak yu nor wosh onli my leg, bot mak yu wosh my hand and head tu!”

10Jisos ansa, "Di pesin wey don baff, onli nid to wosh en leg, bikos e don dey klin. Una dey klin, bot nor bi all of una.”

11(Bikos Jisos no di pesin wey go sel am, naim mak am sey, "Nor bi all of una dey klin.")

12So wen Jisos don wosh dia leg finish, e kon wear en big koat bak. Den e go sidan for di tabol kon ask dem, "Una undastand wetin I du for una so?

13"Una dey kol mi 'Tisha' and 'Oga', una koret, bikos na so I bi.

14"So, if mi, wey bi una oga and tisha, wosh una leg, e gud mak una wosh ish oda leg tu.

15"I don giv una ezampol wey una go folo. So mak una du for ish oda as I don du for una.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

16"Mak I tel una tru wod, savant nor dey big pas en oga, jos as di pesin wey bi mesenga nor dey big pas di oga wey send am.

17"Since una no wetin I dey tok, God go bless una, if una du dem."

18"Wetin I dey tok so nor konsan all of una, bikos I no di pipol wey I shuz. Dis show sey God wod na tru, sey, 'Di pesin wey folo mi chop don turn to my enemi.'

19"I don tel una bifor e go hapun, so dat wen e hapun, una go biliv sey na mi bi Kraist.

20"I dey tel una tru wod, enibodi wey risiv di pesin wey I send, don risiv mi and enibodi wey risiv mi, don risiv God wey send mi kom."

21Wen e don tok dis tin finish, en heart kon heavi wel-wel, den e sey, "I dey tel una tru wod, won of una go sel mi giv my enemi."

22Di disaipols luk ish oda kon dey wori and tink for dia maind sey, "Wish pesin e dey tok abaut?"

23Jon, di disaipol wey Jisos luv wel-wel, sidan for en rite hand wen dem dey chop.

24So, Saimon Pita kon yuz eye tel am sey mak e ask Jisos wish pesin e dey tok abaut.

25Den Jon bend en head near Jisos chest kon ask am, "Oga, hu yu dey tok abaut?"

26Jisos ansa, "Na di pesin wey I go giv dis bread afta I don shuk-am insaid di pot." Den e shuk di bread insaid di pot kon gi-am to Judas Iskarot, wey bi Saimon pikin.

27Afta Judas tak di bread, devol enta en maind. Jisos kon tel am, "Di tin wey yu won du, mak yu go du-am kwik-kwik."

28(None of dem wey sidan for di tabol undastand why Jisos tok to Judas laik dat.

29Som of dem tink sey, since na Judas dey kip di moni, Jisos tel am sey mak e go buy wetin dem go yuz for di fist or mak e giv poor pipol moni).

30Wen Judas don tak di bread, e huri komot for di place. (By dis taim, day don dak.)

31Wen e don komot, Jisos kon sey, "Naw, di taim don rish wen God go onor en pikin and en pikin go onor am tu.

32"Wen di pikin don onor God, God sef go onor am bak.

33"My shildren, na smol taim rimain wey I go dey wit una. Leta, una go dey faind mi and as I tel di Ju oga dem bifor sey, 'Wer I dey go una nor go fit kom der', na di same wod I dey tel una naw.

34"I dey giv una new komand: Una must luv ish oda, as I luv una,

35so dat evribodi go no sey una bi my disaipols, if una luv ish oda."

36Saimon Pita kon tel am, "Oga, wer yu dey go?" Jisos ansa, "Una nor go fit folo mi go di place wey I dey go naw, bot una go kom mit mi for der leta."

37Pita ask am, "Oga, why wi nor go fit folo yu naw? I redi to die bikos of yu!"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

38Jisos ansa am, "Yu rili redi to die for mi? Mak I tel yu tru wod, bifor fawo go du
'Kukuruku' dis nite, yu go tok tiri taims sey, yu no mi."

Jon 14

1"Mak una nor let enitin wori una maind. Since una biliv God, mak una stil biliv mi.

2"Meni rooms dey for my Papa haus and I dey go priper place for una to stay, if nor bi
so, I for tel una.

3"Wen I don finish, I go kom tak una, so dat una go stay wit mi for wer I dey.

4"And una go no di place wey I dey go and haw una go tak rish der."

5Tomas kon ask am, "Oga, wi nor no wer yu dey go, haw wi go tak no road?"

6Jisos ansa am, "Na mi bi di road, di trut and life. Nobodi go fit go mit my Papa, unles
e pas tru mi.

7"Bot since una don no mi, una go no my Papa tu. Naw wey una don no am, una don
si-am."

8Filip kon sey, "Oga, show us yor Papa and wi go dey okay."

9Jisos ansa am, "So Filip, I don dey wit una all dis taim and yu stil nor no mi? Di
pesin wey don si mi, don si my Papa! Why yu kon dey sey, 'Show us yor Papa?'

10"Yu nor biliv sey mi and my Papa na di same? As e dey insaid mi, na so I dey insaid
am. Di wod wey I dey tel una so, I nor dey tok am wit my own pawa, bot na my Papa
wey dey insaid mi, dey du all dis mirakol tru mi.

11"Mak una biliv sey I dey insaid my Papa and my Papa dey insaid mi, bot if una nor
fit biliv mi, mak una biliv bikos of di mirakols wey I dey du.

12"I tel una tru wod, di pesin wey biliv mi, go du di kaind mirakol wey I dey du and e
go ivun du di wons wey big pas dem, bikos I dey go mit my Papa.

13"And enitin wey una yuz my name ask, I go du-am, so dat pipol go onor di Papa
bikos of en pikin.

14"If una ask enitin wit my name, I go du-am for una.

15"If una luv mi, una go du wetin I tok.

16"Den I go ask my Papa and E go send una anoda Pesin wey go help and stay wit una
foreva.

17"Naim bi di Spirit wey dey tok trut, wey pipol for dis wold nor go fit risiv, bikos
dem nor fit si-am or no am, bot una no am, bikos e dey stay insaid una.

18"I nor go liv una laik pikin wey nor get papa and mama, bikos I go kom mit una
again.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

19"Afta somtaim, di pipol for dis wold nor go si mi, bot una go si mi and bikos I dey alaif, una go dey alaif tu.

20"Dat taim, una go no sey I dey insaid my Papa and una dey insaid mi, as I dey insaid una.

21"Enibodi wey hear and du wetin I tok, luv mi. Di pesin wey luv mi, mi and my Papa go luv am tu and I go show am hu I bi."

22Judas (dis nor bi Judas Iskarot) kon sey, "Oga, why yu won show yorsef giv us and yu nor won show oda pipol for di wold?"

23Jisos ansa am, "Enibodi wey luv mi, go du wetin I tok and my Papa go luv am, wi go kon mit and stay wit am.

24"Di pesin wey nor luv mi, nor go du wetin I tok. Wetin una dey hear so nor bi my wod, bot na my Papa own.

25"I don dey tel una all dis tins since I dey wit una.

26"Bot di pesin wey go help una na di Holi Spirit, wey my Papa go send kom for my name. E go tish una evritin and e go help una rimemba evritin wey I don tel una.

27"Mak una maind res, bikos na my peace I giv una. My peace difren from di won wey di wold dey giv. Mak una nor fear or alow enitin wori una maind.

28"Una rimemba wen I tel una sey, 'I dey komot and I go kom bak kon mit una?' If una luv mi, una go hapi wen I tok sey, 'I dey go mit my Papa', bikos my Papa big pas mi.

29"I don tel una naw bifor e hapun, so dat wen e hapun, una go biliv mi.

30"I nor go tok tu mush naw, bikos di devol wey dey rule dis wold, dey kom and e nor get pawa for my bodi.

31"Since I dey du wetin my Papa tel mi, di wold go no sey I luv my Papa. So mak una get up mak wi dey go."

Jon 15

1"Na mi bi di koret vine and na my Papa bi di gardina.

2"E dey kut evri bransh wey nor dey bear frut for my bodi komot and e dey ripair evri bransh for my bodi wey dey bear frut, so dat e go bear more frut.

3"Una dey klin alredi, bikos of di wod wey I tel una.

4"Mak una dey insaid mi, so dat I go dey insaid una tu. As di bransh nor fit bear frut wit en own pawa, unles e dey insaid di vine plant, na so una nor go fit bear frut, unles una dey insaid mi.

5"Na mi bi di vine and na una bi di bransh dem. Di pesin wey stay insaid mi and I stay insaid am, go bear plenti frut, bikos witout mi, una nor go fit du enitin.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

6"Enibodi wey nor stay insaid mi, go dry and pipol go gada en bransh dem, trow dem insaid fire kon burn dem.

7"If una stay insaid mi and my wod dey insaid una, enitin wey una ask, I go du-am for una.

8"My Papa go get big onor if una bear plenti frut, wey go show sey una bi my disaipols.

9"As my Papa luv mi, na so I luv una tu, so mak una liv di kaind life wey go let mi fit luv una more-more.

10"If una du wetin I tok, I go luv una, jos as I dey obey wetin my Papa tok and E luv mi.

11"I don tel una all dis tins, so dat my joy go dey insaid una and una joy go ful wel-wel.

12"Dis na di komand wey I giv una sey, 'Mak una luv ish oda di way I luv una.'

13"E nor get luv wey big rish di won wey mak pesin die for en frend.

14"Una go bi my frend if una du wetin I tok.

15"I nor go kol una savant again, bikos savant nor dey undastand wetin en oga dey du, bot I dey kol una my frend, bikos I don show una evritin wey I hear from my Papa.

16"Nor bi una shuz mi, bot na mi shuz una. Bikos of dat, I don giv una pawa to bear frut wey go last, so dat my papa go giv una enitin wey una ask am for my name.

17"Wetin I dey tel una bi sey, 'Mak una luv ish oda.'"

18"If pipol for dis wold hate una, mak una rimemba sey na mi dem first hate.

19"If una bi frend wit di pipol for dis wold, dem go luv una as dia own pipol. Bot una nor bi dia frend, bikos I don shuz una from di wold, naim mak dem nor laik una.

20"Mak una rimemba wetin I tel una, 'Savant nor dey big pas en oga.' If dem sofa mi, den dem go sofa una tu. If to sey dem obey my wod, dem go obey una own tu.

21"Since dem nor no di Pesin wey send mi kom, dem go du all dis tins to una bikos of my name.

22"If to sey I nor kom tok to dem, dem for nor dey guilti for dia sin. Bot naw, dem nor get eni eskius for dia sin.

23"Di pesin wey hate mi, hate my Papa tu.

24"If to sey dem nor si di mirakol wey I du, wey nobodi don du bifor, dem nor for dey guilti for dia sin. Bot afta dem don si di mirakols, dem stil hate mi and my Papa.

25"All dis tins hapun, so dat wetin God law tok, go bi tru sey, 'Dem nor get rizin to tak hate mi.'

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

26"Bot wen di tru Spirit wey I go send from my Papa to help una don kom, e go tok abaut mi.

27"And unasef go tok abaut mi, bikos una dey wit mi from di biginin."

Jon 16

1"I dey tel una all dis tins, so dat nobodi go fit disiv una.

2"Dem go driv una komot for di sinagog and di taim dey kom wen di pesin wey go kil una, go tink sey e dey du God wok.

3"Dem go du all dis tins, bikos dem nor no mi and my Papa.

4"Bot I tel una all dis tins, so dat wen di taim rish, una go rimemba sey I tel una abaut dem bifor. I jos dey tel una all dis tins, bikos I dey wit una since.

5"Naw, I dey go mit di Pesin wey send mi kom, bot una dey ask mi, 'Wer yu dey go?'

6"Bot una nor hapi as I dey tel una all dis tins.

7"I tel una tru wod, na for una own gud naim mak mi won go, bikos if I nor go, di Pesin wey go help una nor go kom, bot if I go, I go send am kom mit una.

8"Wen e kom, e go show pipol for dis wold wetin sin, God raitiousnes and God jojment, bi.

9"Di Spirit go show dem sey dem dey wrong abaut sin, bikos dem nor biliv mi.

10"Dem dey wrong abaut God raitiousnes, bikos I dey go mit my Papa and dem nor go si mi again.

11"And dem dey wrong abaut jojment, bikos God don kondem di pesin wey dey rule dis wold.

12"I get plenti tins wey I won tel una, bot una nor go fit bear dem naw.

13"Bot wen God Spirit kom, e go show una di trut. E nor go tok wetin dey en maind, bot e go tok wetin e hear from God and wetin go hapun afta I don go.

14"E go dey giv mi glori wen e dey tel una di tins wey e dey hear from mi.

15"Evritin wey my Papa get, na my own, naim mak mi tok sey di Spirit go tel una wetin e dey hear from mi.

16"Taim go soon kom wen una nor go si mi, bot afta som taim, una go si mi."

17Den som of di disaipol kon dey ask ish oda, "Wetin e min wen e sey, 'Taim go soon kom wen una nor go si mi, bot afta som taim, una go si mi bikos I dey go mit my Papa?'"

18Som of dem stil sey, "Wetin e get for maind wen e sey, 'Taim go soon kom?' Wi nor undastand wetin e dey tok."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

19Jisos si sey dem won ask am abaut wetin e tel dem, naim e ask dem, "Una dey ask ish oda wetin I min wen I sey, 'Taim go soon kom wen una nor go si mi, bot afta som taim, una go si mi?'

20"I tel una tru wod, una go krai and mourn, bot di wold go dey hapi; una go dey sad wel-wel, bot una sadnes go turn to hapines.

21"Wen wuman won born pikin, e dey sofa strong pain, bikos en taim to born don rish, bot wen e don born, e go hapi and e nor go rimemba di pain again, bikos e go si sey e don born pikin.

22"Na so e bi to una naw, bikos una heart dey heavi, bot I go si una again and for dat taim, una go dey hapi and nobodi go fit tak di hapines from una.

23"By dat taim, una nor go ask mi enitin again. I tel una tru wod sey, enitin wey una ask my Papa wit my name, E go giv una.

24"Bifor naw, una neva tak my name ask for enitin. Naw mak una yuz my name ask for enitin wey una wont and una go get-am, so dat una joy go ful wel-wel.

25"Since I dey yuz parabol tok to una; bot di taim dey kom wen I nor go yuz parabol again, bot I go tel una abaut my Papa for di way wey una go undastand.

26"By dat taim, una go fit ask enitin wit my name and God go du-am for una.

27"My Papa luv una, bikos una luv mi and biliv sey na-im send mi.

28"Na my Papa send mi kom dis wold, bot naw, I dey go bak go mit am."

29En disaipols kon sey, "Yu si, na naw yu dey tok for di way wey wi undastand and nor bi wit parabol.

30"Naw wi no sey yu no evritin and yu nor nid enibodi to ask yu eni kweshon. Bikos of dis, wi biliv sey na God send yu kom."

31Jisos kon tel dem, "So una don biliv naw?

32"Luk, di taim dey kom and e don ivun rish, wen una go skata and evribodi go-go en own way and I go stay alone. Bot I nor dey alone, bikos my Papa dey wit mi.

33"I don tel una all dis tins, so dat my peace go stay wit una. Wahala ful insaid di wold and sofa dey tu, bot mak una heart dey strong, bikos I don alredi win di wold."

Jon 17

1Wen Jisos don tok all dis tins finish, e luk up go hevun kon sey, "My Papa, di taim don kom wen Yu go giv glori to yor pikin, so dat yor pikin go giv Yu glori tu.

2"Jos as Yu don giv mi pawa ova all di pipol for di wold, na so tu I go giv life wey nor dey end to evribodi wey Yu giv mi.

3"Life wey nor dey end, dis na wetin e min, 'Na mak pipol no yu wey bi di onli tru God and Jisos Kraist, wey Yu send.'

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4"I don giv Yu glori for dis wold and I don finish di wok wey Yu send mi.

5"And naw, Papa onor mi, mak Yu draw mi near Yu, jos as wi dey bifor di wold start."

6"I don mak di pipol wey Yu giv mi for dis wold no yor name. Na yor own dem bi bifor Yu giv dem to mi and dem don obey yor wod.

7"Naw, dem don no sey evritin wey Yu giv mi kom from Yu,

8bikos I don tel dem di mesage wey Yu giv mi. Dem don asept wetin I tel dem and dem no and biliv sey na Yu send mi.

9"I dey pray for di pipol wey Yu giv mi, bikos dem bi yor own, bot I nor dey pray for di oda pipol wey dey insaid di wold.

10"Evritin wey I get, na yor own and evritin wey Yu get, na my own and dem don onor mi.

11"I nor go dey di wold again, bot dem go stil dey insaid di wold, since I won kom mit Yu. Holi Papa, mak yor name protet di pipol wey Yu giv mi, so dat dem go bi won, jos as mi and Yu na won.

12"Wen I dey wit dem, I kip dem wit yor name. No won loss, esept di won wey yor wod sey e go perish.

13"Since I dey kom mit Yu, I dey tok all dis tins for di wold, so dat dia joy go ful wel-wel.

14"I don giv dem yor wod and bikos of dat, di pipol for wold hate dem, since dem nor bilong to di wold, as misef nor bilong to di wold.

15"I nor sey mak Yu rimov dem from di wold, bot mak Yu protet dem from di devol.

16"Dem nor bilong to di wold, jos as misef nor bilong to di wold.

17"Mak Yu protet dem wit di trut, bikos na yor wod bi di trut.

18"Jos as Yu send mi kom insaid dis wold, na so tu I send dem go insaid di wold.

19"I don seprate mysef from di wold for dia sake, so dat dem go fit seprate diasef from di wold tu."

20"I nor dey pray for dem alone, bot I also dey pray for oda pipol wey go biliv mi tru di wod wey dem go tok abaut mi.

21"Papa, I dey pray, so dat all of dem go get won maind, jos as mi and Yu bi won. I stil dey pray mak dem dey wit us, so dat di wold go biliv sey na Yu send mi.

22"I don giv dem di onor wey Yu giv mi, so dat dem go bi won jos as wi bi won:

23"I dey wit dem and Yu dey wit mi, so dat dem go rili bi won, jos as wi bi won and di wold go no sey na Yu send mi and Yu luv dem, as Yu luv mi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

24"Papa, I wont mak di pipol wey Yu giv mi stay wit mi for wer I dey, so dat dem go
si di glori wey Yu giv mi, bikos Yu luv mi bifor Yu mak di wold.

25"Holi Papa, ivun if di pipol for di wold nor no Yu, I no Yu and dis wons no sey na
Yu send mi.

26"I don help dem no yor name and I go dey trai to mak oda pipol no am tu, so dat di
luv wey Yu get for mi, go dey wit dem, as I dey wit dem.

Jon 18

1Afta e don tok finish, Jisos and en disaipols komot kros go Kidron Vali kon enta won
big farm.

2(Judas, wey sel Jisos, no di place, bikos Jisos don go der wit en disaipols meni
taims).

3So Judas kon eskot meni soja, som Tempol polish and Farisi pipol enta di farm. Dem
hol lamp, tosh and som hol sword and stick for hand.

4Bikos Jisos no evritin wey go hapun to am, e kon ask dem, "Hu una dey faind?”

5Dem ansa am, "Na Jisos wey kom from Nazaret." E kon tel dem, "Na mi bi di pesin."
(Judas wey sel am, stand der wit dem).

6So wen Jisos don tel dem sey, "Na mi bi di pesin", dem dress go bak kon fal for
groun.

7Den Jisos ask dem again, "Hu una sey una dey faind?" Dem ansa, "Na Jisos wey kom
from Nazaret.”

8Jisos kon sey, "I don tel una sey na mi bi di pesin. Since na mi una dey faind, mak
una alow dis men go.”

9(E tok dis wod mak e bi sey wetin dem rite for God wod na tru, "I nor loss enibodi
wey Yu giv mi.")

10Den Saimon Pita bring en sword out kon kut di High Prist savant rite ear komot. (Di
savant name na Malkus).

11Jisos kon tel Pita, "Mak yu put yor sword bak for wer e dey bifor! Yu nor no sey I
go drink from di sofa cup wey my Papa giv mi?”

12Den di sojas wit dia oga and di Ju oga dem tak Jisos kon tie-am wit rope.

13Dem tak am go mit Annas, Kaifas fada-en-law, wey bi di High Prist for dat year.

14(Dis na di Kaifas wey advise di Ju oga dem sey, "E gud mak won man die for
evribodi").

15Saimon Pita wit anoda disaipol kon folo dem as dem dey tak Jisos go mit Annas.
(Di oda disaipol no di High Prist wel-wel, so e folo Jisos enta insaid di High Prist
kompoun).

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

16Bot Saimon Pita stand outsaid di kompoun near di door. Den di oda disaipol wey no di High Prist kom out tok to di savant girl wey dey gaid di gate and e kon alow Pita enta insaid.

17Di girl wey dey di gate kon ask Pita, "Yu nor bi won of dis man disaipol?" At wons, Pita kon ansa, "I nor bi won of dem."

18For dis taim, all di savant and gaids gada roun shakol fire wey dem mak to warm demsef, bikos kold strong wel-wel. Pita folo dem stand der dey warm ensef tu.

19As dem dey der, di High Prist bigin dey ask Jisos kweshon abaut en disaipols and wetin e tish.

20Jisos kon ansa am, "Na for publik I tok wetin I tish. Na insaid sinagog and Tempol wer all di Ju pipol dey gada, na der I for dey tish. I nor tok enitin for sikrit.

21"Why yu dey ask mi? Mak yu ask di pipol wey hear mi. Dem no wetin I tok."

22Afta Jisos don tok finish, won of di High Prist savant, wey stand near am slap am for face kon ask am, "Na di High Prist yu dey tok to laik dis?"

23Den Jisos sey, "If wetin I tok nor koret, mak yu tel mi, bot if e koret, why yu slap mi?"

24Den Annas kon send am as dem stil tie am wit rope, go mit Kaifas, wey bi di High Prist.

25As Saimon Pita stand for insaid di kompoun dey warm ensef, dem kon ask am, "Yu tu nor bi won of en disaipol?" Pita denai sey, "I nor dey among dem."

26Won High Prist savant, wey bi di same famili wit di man wey Pita tak sword kut en ear kon sey, "I nor si yu wit am for insaid di farm?"

27Pita denai again for dia front and fawo kon du "Kukuruku."

28Den, dem tak Jisos komot from Kaifas place go di Roman Govnor palise. (By dis taim, mornin don rish). Dem nor gri enta insaid di govnor haus, mak dem nor for dirti as dia tradishon tok, so dat dem go fit chop di Passova fud.

29So Pilate kom mit dem for outsaid kon ask dem, "Wetin una sey dis man du?"

30Dem ansa, "If to sey dis man nor bi krimina, wi nor for bring am kom mit yu."

31Den Pilate tel dem, "Mak una go joj am as una law tok." Di Ju Oga dem kon sey, "Awa law nor giv us pawa to kil enibodi."

32(Dis tin hapun to show sey wetin Jisos tok abaut haw e go die, na tru).

33So Pilate go insaid en haus for di palise, kon kol Jisos ask am, "Na yu bi di Ju pipol king?"

34Jisos ansa am, "Na from yor maind yu ask dis kweshon, abi pipol don tel yu abaut mi?"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

35Pilate ansa am, "Yu no sey I nor bi Ju, abi? Na yor pipol and prist oga dem bring yu kom mit mi. Wetin yu du sef?”

36Jisos ansa, "My kindom nor dey dis wold. If to sey my kindom dey dis wold, my savants for fite mak I nor for kom mit di Ju oga dem. Bot as e bi so, my kindom nor dey here.”

37Den Pilate ask am, "So yu bi king?" Jisos ansa, "Na yu tok so and yu dey koret sey, I bi king." Na dis mak dem born mi and naim mak mi kom dis wold kon tok di trut. Enibodi wey wont hear di trut, go listin to wetin I dey tok.”

38Pilate stil ask am, "Wetin bi di trut?" Den e go outsaid again go mit di Ju oga dem kon tel dem, "I nor si eni bad tin wey dis man du o-o.

39"Bot as una kustom sey mak I fri won prizina for una for Passova, una wont mak I fri Jisos, wey bi di Ju king?”

40Den, dem kon dey shaut, "Wi nor wont dis man, na Barabas wi wont." (Na krimina dis Barabas bi).

Jon 19

1Den Pilate kon sey mak dem flog Jisos wit koboko.

2Den di sojas go kut tri bransh wey get shuku-shuku mak krawn put for en head and dem kon wear am klot wey dear wel-wel.

3Dem kon dey laff am, dey tak am mak ye-ye, dey sey, "Mak una kon si di Ju pipol king." Dem slap am for face meni taims.

4Pilate kom out again kon tel di Ju oga dem sey, "I won bring am kom out for una, to let una no sey I nor si enitin bad wey e du.”

5So Jisos kom outsaid, wit di shuku-shuku krawn for en head and di fine klot wey dem gi-am wear. Den Pilate kon sey, "Na di man bi dis!”

6Wen di prist oga dem and di Tempol polish dem si-am, dem kon dey shaut, "Nail am for kros! Nail am for kros!" Den Pilate sey, "Mak onli una go nail am. Bot as for mi, I nor si eni bad tin wey e du.”

7Di Ju oga dem ansa, "Wi get law and di law sey, e sopoz to die, bikos e sey en na God Pikin.”

8Wen Pilate hear wetin dem tok, fear kon kash am wel-wel.

9So e enta di haus bak kon ask Jisos, "Na wer yu from kom sef?" Bot Jisos nor ansa am.

10So Pilate kon sey, "Yu nor won tok to mi? Yu nor no sey I get pawa to fri or kil yu?”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11Jisos ansa, "Yu nor get pawa at-all for my life, esept God gi-am to yu. So, na di pipol wey bring mi kom mit yu, na dia sin big pas yor own."

12From dat taim, Pilate kon bigin faind way to fri Jisos, bot di Ju oga dem kon dey shaut, "If yu fri dis man, yu nor bi Caesar frend. Enibodi wey sey en bi king, na Caesar enimi e bi."

13Wen Pilate hear wetin dem tok, e bring Jisos kom out kon sidan for di chair for wer e dey joj kase, (dem dey kol di chair, 'Di Stone Pavement', bot na Gabata dem dey kol am for Aramaic language.)

14(Dat taim na aftanun for di day wen dem dey priper for Passova Fist). So, Pilate kon tel di Ju oga dem, "Mak una luk, na una king bi dis!"

15Den, dem kon bigin dey shaut, "Kil am trowey! Kil am trowey! Mak yu kil-am!" Pilate kon ask dem, "Una wont mak I nail una king for kros?" Di High Prist dem kon sey, "Di onli king wey wi get na Caesar."

16So Pilate kon gi-am to dem mak dem go kil-am. Den dem kon tak Jisos komot for der.

17As Jisos kari en kros dey go, e kon rish di place wey dem dey kol "Di Skul" (na Golgota dem dey kol di place for Aramaic language.)

18For der, dem kon nail Jisos for kros. Dem stil nail tu oda pipol for kros, won for en rite and di oda for en left.

19Pilate kon rite for sign-board wey dem nail on-top Jisos kros, wey sey, "Dis na Jisos wey kom from Nazaret, wey bi di Ju pipol king."

20Since di place wer dem kil Jisos near tawn, meni of di Ju pipol wey dey for Jerusalem kom read di sign-board, bikos dem rite am for tiri language wey bi Aramaic, Latin and Greek.

21Den di chief prists kon tel Pilate, "Mak yu nor rite sey, dis na Ju pipol king", bot rite sey, dis man sey, 'I bi Ju pipol king.'"

22Bot Pilate ansa dem, "Wetin I don rite finish, na so e go bi."

23Wen di sojas don nail Jisos for kros, dem tear en klot and dem for kon divide am. Bot dem liv di fine koat (bikos e nor get wer dem join am, since dem weave-am from top go rish botom).

24So di sojas tel ish oda sey, "Mak wi nor tear am, bot mak wi gambol to si hu go tak am. Dis tin hapun to show sey, wetin dem rite for God wod na tru sey, "Dem go divide my klot, afta dem don gambol for am".

25By dis taim, di onli pipol wey stand near di kros wer dem nail Jisos, na-im mama; en aunti, Mary wey bi Klopas wife and Mary Magdalin.

26So wen Jisos si en mama and Jon, di disaipol wey e luv wel-wel stand for der, e kon tel en mama, "Mama, luk, dis na yor pikin."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

27Den e tel di disaipol, "Mak yu luk, dis na yor mama." From dat taim, di disaipol kon tak Jisos mama go en own haus.

28Wen Jisos si sey evritin don finish, e kon sey, "Wota dey hungri mi", (dis show sey wetin God tok, rili hapun).

29Di sojas soak sponge insaid wine wey bita, wey dey won kontena for der kon put am for di bransh of won plant wey dem dey kol hyssop kon stresh am put for Jisos mout.

30Wen e don taste di wine, Jisos kon sey, "Evritin don finish." Den e bend en head dan, kon die.

31Dis tin hapun for di day wen dem dey priper for di Passova Fist and bikos dem nor wont mak di dead bodi dem stay for kros for Sabat Day, (bikos dat Sabat Day na special won for dem), di Ju oga dem kon tel Pilate mak dem break dia leg, to mak sure sey dem don die, so dat dem go fit bring dia dead bodi kom dan.

32So di sojas break di oda tu pipol leg wey dem kil wit Jisos.

33Bot wen dem rish di kros wey Jisos dey and si sey e don die, dem nor kon break en leg.

34Bot won soja kon tak spear shuk di kona of en bele, den blood and wota kon dey rush kom out.

35All dis stori na tru, (bikos na di pesin wey si dem hapun, naim tok abaut dem and wetin e tok na tru), so dat una go fit biliv.

36All dis tin hapun to show sey, wetin dem rite for God wod na tru sey, "Dem nor go break won singol bone for en bodi."

37And God wod stil sey, "Dem go stand dey sopraiz as dem dey luk di pesin wey dem shuk en bodi."

38Afta dis taim, Josef wey kom from Arimatia, wey bi Jisos sikrit disaipol, (bikos e dey fear di oda Ju oga dem), kon ask Pilate mak e alow am kari Jisos dead bodi komot for der. Pilate gri for am and e go kari Jisos bodi komot.

39Nikodimos, di man wey hide go si Jisos for nite, kon folo Josef. E kari perfume wey heavi rish sevunti-faiv pounds, wey dem tak myrrh and aloe spice mak.

40Den dem pour di perfume for Jisos bodi kon rap am wit linen klot akordin to di way Ju pipol dey priper dead bodi for beria.

41Won garden dey near di place wer dem kil Jisos and won new grave wey dem neva bere enibodi put bifor, dey insaid di garden.

42Since dat day na di day wey Ju pipol dey priper for di Passova Fist and bikos di new grave dey near der, dem kon bere Jisos insaid di grave.

Jon 20

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

1For di first day for di wik, wen day neva break wel, Mary Magdalin kon go wer di grave dey. E si sey dem don rimov di stone wey dem tak kova di grave mout.

2Den e run go mit Saimon Pita and Jon kon tel dem, "Sombodi don kari Jisos bodi komot from di grave and wi nor no wer dem put am."

3So Pita and Jon kon go wer di grave dey.

4Di tu of dem kon dey run togeda, bot Jon run pas Pita kon first am rish di grave.

5E nor enta insaid di grave, bot e bend dan kon si di linen klot wey dem tak wrap Jisos bodi for groun insaid di grave.

6Wen Saimon Pita rish der, e enta insaid di grave kon si di linen klot for groun tu.

7Bot di smol klot wey dey for Jisos head nor dey for di same place wer di oda klot dey, e dey on en own for won kona.

8Den Jon kon enta insaid and wetin e si kon mak am biliv.

9(Bikos dem undastand God wod wey sey, Jisos go wak-up afta e die).

10So di tu disaipol kon go bak to dia haus.

11Bot Mary stand for outsaid di grave dey krai. As e stil dey krai, e kon bend dan luk insaid di grave.

12Den e si tu angel wey wear white klot sidan for wer dem put Jisos bodi. Won dey for wer di head dey and di oda dey for wer di leg dey.

13Dem kon ask am, "Wuman, why yu dey krai?" Mary ansa, "Dem don kari my oga komot and I nor no wer dem kari am go."

14Afta e tok finish, e turn roun kon si Jisos stand for der, bot e nor no sey na Jisos bi dat.

15Jisos tel am, "Wuman, why yu dey krai? Na hu yu dey faind?" Bikos Mary tink sey naim bi di gardina, e kon sey, "Oga, if na yu kari am komot, mak yu tel mi wer yu kari am go, so dat I go-go kari am."

16Den Jisos kon kol am, "Mary". So, Mary turn roun face am kon kol am for Hebrew language, "Raboni" (wey min Tisha).

17Jisos ansa am, "Mak yu neva tosh mi, bikos I neva go mit my Papa for hevun. Go mit my brodas, tel dem sey, "I dey go hevun go mit my Papa, wey bi yor Papa tu, my God, wey bi yor God tu."

18Den Mary Magdalin go mit di disaipols for wer dem dey kon tel dem, "I don si di Oga!" Den e tel dem wetin Jisos tel am.

19Dat evenin, for di first day for di wik, en disaipols kon gada togeda. Dem lock di door for di haus wey dem dey, bikos dem dey fear di Ju oga dem. Jisos stand among dem kon sey, "Mak peace dey wit una."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

20Wen e don tok finish, e show dem en hand and di kona of en bele wey dem tak spear shuk. Den di disaipols kon hapi wel-wel, wen dem si Jisos.

21Den Jisos tel dem again, "Mak peace dey wit una. As my Papa send mi, na so I send una tu."

22Wen e tok finish, e breat for dia bodi kon sey, "Mak una risiv di Holi Spirit.

23"If una forgiv enibodi en sin, God go forgiv am, bot if una nor forgiv enibodi en sin, God nor go forgiv am."

24For dis taim, Tomas (wey bi twins), won of di twef disaipols, nor dey der wen Jisos show ensef to dem.

25Di oda disaipols kon tel am, "Wi don si Jisos." Bot e ansa dem, "Unles I si en tu hand wey dem nail kon put my finga insaid di hol wey di nail mak and shuk my hand insaid di hol wey dey en bele, I nor go eva biliv una."

26Afta ate days, wen all di disaipols gada again insaid di haus and Tomas dey der wit dem dis taim, aldo dem lock all di doors, Jisos show ensef stand among dem sey, "Mak peace dey wit una."

27Den e tel Tomas, "Put yor finga for my hand, mak yu tosh am. Stresh yor hand put insaid di kona for my bele. Mak yu nor dey doubt again, bot mak yu biliv."

28Tomas kon ansa am, "O! My Oga and my God."

29Den Jisos tel am, "So yu biliv naw, bikos yu don si mi? God go bless pipol wey neva tak eye si mi, bot dem biliv mi."

30Jisos du meni mirakols wen e dey wit en disaipols wey dem nor rite for dis book.

31Bot dis tins wey dem rite so, na mak una for biliv sey na Jisos bi di Kraist and naim bi Man Pikin and if una biliv am, una go get life tru en name.

Jon 21

1Afta dis, Jisos show ensef again to en disaipols near Tiberias Sea. Dis na haw e du-am.

2Saimon Pita and Tomas (wey bi twins), wit Nataniel (wey en tawn bi Kana for Galili), wit Zebedi pikin and tu oda Jisos disaipols, kon gada togeda.

3Saimon Pita kon tel dem, "I dey go kash fish." Dem sey, "Wi tu go folo yu go." Den dem komot go enta won kenu. Bot dat nite dem nor kash eni fish.

4Wen day break, Jisos stand for di wotasaid, bot di disaipols nor no sey naim dey der.

5Jisos kon ask dem, "My shildren, una kash eni fish?" Dem ansa, "No o-o."

6E kon tel dem, "Mak una trow una net go di rite side for di kenu and una go kash som fish." Wen dem don trow dia net insaid di riva, dem nor fit draw am komot from di wota, bikos di fish wey dem kash, plenti wel-wel.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Den, Jon, di disaipol wey Jisos luv kon tel Pita, "Dis man na Jisos o-o." Wen Saimon Pita hear sey di man na Jisos, e kon kwik-kwik tie en klot wel (bikos e nor wear enitin unda), den e kon jump insaid di riva.

8By dis taim, di oda disaipols dey insaid di kenu dey pul di net wit di plenti fish go rish groun for di wotasaid (bikos wer dem dey, na abaut won ondred yard from di wotasaid).

9Wen dem don kom dan from di kenu, dem kon si shakol fire wit fish and som bread on-top am.

10Jisos tel dem, "Mak una bring som of di fish wey una kash kom."

11Den Saimon Pita enta di kenu kon pul di net kom groun. Di net kash plenti big-big fish wey rish won ondred and fifti-tiri and di net nor tear.

12Jisos kon tel dem, "Mak una kom chop." Bot dem nor fit ask am, "Hu yu bi"? bikos dem biliv sey na Jisos e bi.

13Den Jisos kon giv dem bread and fish.

14Dis mak am di ted taim wen Jisos show ensef to en disaipols, afta e don kom out from grave.

15Wen dem don chop finish, Jisos kon ask Saimon Pita, "Saimon, Jon pikin, yu luv mi pas all dis tins?" E ansa, "Yes, Oga! Yu no sey I luv yu". Jisos kon tel am, "Mak yu fid my ship."

16Jisos ask am again, "Saimon, Jon pikin, yu rili tink sey yu luv mi?" Pita ansa, "Yes, oga! Yu no sey I luv yu." Jisos kon tel am, "Mak yu kare for my ship."

17Jisos ask am di ted taim, "Saimon, Jon pikin, yu sure sey yu luv mi so?" Pita heart kon heavi, bikos e pain am wel-wel, as Jisos ask am di same kweshon tiri taims, "Yu sure sey yu luv mi so?" Den Pita kon sey, "Oga, yu no evritin, yu no sey I rili luv yu." So, Jisos kon sey, "Mak yu fid my ship.

18"I tel yu tru wod, wen yu dey smol, yu dey du as yu laik, dey dress as yu laik and dey go eniwer wey yu wont, bot wen yu go kon old, yu go spread yor hand and oda pipol go help yu tie yor klot and kari yu go wer yu nor won go."

19(Jisos tok dis to show haw Pita go die, so dat God go get onor). Afta Jisos tok finish, e kon tel Pita, "Mak yu folo mi."

20Wen Pita turn roun, e kon si Jon, (di disaipol wey Jisos luv wel-wel), dey folo dem. (Dis na di disaipol wey bend en head near Jisos chest wen dem dey chop kon ask am, "Oga, hu bi di pesin wey go sel yu giv yor enemi?")

21Wen Pita si-am, e kon ask Jisos, "Oga, wot abaut dis man?"

22Jisos ansa am, "Mak yu maind yor own biznes. If I wont sey mak e stay ontil I kom bak, wish won konsan yu insaid? Mak yu yorsef folo mi."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

23Den di rumor kon dey spread among di brodas and sistas sey, di disaipol nor go die. Bot Jisos nor rili tel Pita sey di oda disaipol nor go die, bot e tok sey, "If I wont sey mak e stay ontil I kom bak, wish won konsan yu insaid?”

24Na dis bi di disaipol wey bear witnes abaut all dis tins and wey rite dem and wi no sey wetin e rite, na tru.

25Jisos du meni oda tins wey dem nor rite dan. If to sey dem rite all of dem, di wold nor go get space wey go kontain all di books, wer dem rite dem put.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Apostols

Apostols 1

1My frend Teofilos, for di book wey I first rite giv yu, I tok abaut all di tins wey Jisos
Kraist start to dey du and tish,

2ontil di day wen God kon kari am go hevun, afta e giv orda to di apostols, wey e shuz
wit di Holi Spirit.

3Na di same apostols e show ensef meni taim sey, e stil dey alaif, afta di sofa wey e
sofa. Dem si-am for forti days and e tel dem abaut God kindom.

4Den wen e folo dem sidan dey tok, e kon komand dem sey, "Mak una nor liv
Jerusalem, bot mak una wait for di tin wey my Papa promis wey I don tel una bifor.

5"Jon dey baptaiz wit wota, bot e nor go tey wen God go baptaiz una wit en Holi
Spirit (wey go kontrol una life foreva)".

6So wen dem gada, dem kon start to ask Jisos Kraist, "Oga! Na naw yu go start to rule
Izrel?”

7Jisos ansa dem, "Di taim wey God plan nor konsan una,

8bot una go get pawa wen di Holi Spirit don enta una life and una go tel pipol abaut
mi for Jerusalem, for evriwer for Judea and Samaria go rish all di far place wey dey
dis wold.”

9So afta e don tok wit dem, God kon kari am up ontil kloud kova am and dem nor fit
si-am again.

10As dem stil dey luk up as e dey go, tu men wey wear white klot stand near dem

11kon sey, "Galili pipol, na wetin mak una stand der dey luk hevun laik dat? Dis Jisos
Kraist wey God don kari go hevun today, go stil kom bak di same way wey una si-am
dey go hevun.”

12So dem waka go bak to Jerusalem from Mount Olives (wey dey near Jerusalem and
di place wey dem waka so, far pas haw di law dey alow pipol waka for Sabat Day).

13Wen dem enta Jerusalem, dem kon go di room for upstair wer dem dey stay. Pita
and Jon; James and Andru; Filip and Tomas; Batlomi and Matiu; James wey bi Afius
pikin, Saimon wey dem dey kol Zilot and Judas wey bi James pikin, na all of dem
gada for der.

14Dem kon dey pray togeda evriday wit won maind, wit all di wimen, plus Mary,
Jisos Kraist mama and en brodas.

15Di pipol wey dey pray, plenti rish won ondred and twenti. So Pita stand-up for di
pipol front kon sey,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

16"My brodas, di wod wey di Holi Spirit yuz David tok abaut Judas, wey show road to
di pipol wey arres Jisos Kraist, must hapun,

17bikos e dey awa grup bifor and e dey folo us du di wok."

18(Dis Judas buy won land wit di moni wey e kolet for di wiked tin wey e du and na
der e hang ensef til en bele burst and all en intestine kon skata kom out,

19sotey all di pipol for Jerusalem hear di stori and naim mak dem dey kol di place for
dia language, 'Akeldama, wey min, Blood Land). '

20"For Psalm book, God wod sey, 'Mak en haus empti, mak nobodi stay der again and
mak anoda pesin tak en place. '

21"So, mak won pesin from di men wey dey folo us since di taim wey Oga Jisos
Kraist dey wit us,

22from wen dem baptaiz am, ontil e go up liv us, mak e kon join us tel pipol di trut
sey, Jisos Kraist don raiz-up from grave."

23So dem shuz tu men, won na Josef wey dem dey kol Basabas (bot oda pipol dey kol
am Justus) and di oda won, na Matias.

24Den dem kon pray, "Oga Jisos Kraist, na yu no wetin dey insaid evribodi maind.
Mak yu show us di pesin wey yu wont among dis tu pipol,

25so dat e go tak Apostol Judas, wey kil ensef, place."

26Naim dem kon vote to shuz bitwin di tu men and di pesin wey dem shuz, na Matias.

Apostols 2

1Wen Pentecost Day rish, di disaipols kon gada for won place.

2At wons, won kaind nois wey bi laik heavi briz kom from hevun kon ful di hol haus
wer dem sidan.

3Dem kon si smol-smol fire wey bi laik kando lite dey fal kom from hevun on-top dia
head, won-by-won.

4Den di Holi Spirit enta dia bodi and as di Spirit giv dem pawa, dem kon start to tok
for difren language.

5Dat taim, Ju and oda pipol dey stay for Jerusalem.

6Wen pipol hear di nois, dem sopraiz kon gada, bikos evribodi dey hear di disaipols
dey tok wit difren language, wey demsef dey tok for dia kontri.

7As di pipol dey sopraiz, dem kon dey ask ish oda, "All dis pipol wey dey tok so, nor
bi Galili dem from kom?

8"Haw e bi sey dem dey speak awa difren language?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9"Wi wey kom from Partia, Medes, Elam, Mesopotamia, Judea, Kapadosia Pontus and all di aria wey dey for Asia,

10Frigia and Pamfilia, ivun di pipol from Egypt and di aria for Libya near Syrene, plus all di strenjas wey kom from Rome,

11weda dem bi Ju or Gentai, wey dey serv God wit dem, laik pipol from Krete and Arabia, all of us dey hear, as dem dey yuz awa language praiz God!”

12All of dem sopraiz and di tin konfuz dem wel-wel. So dem kon dey ask ish oda wetin dis kaind tin min.

13Bot som of dem dey laff di pipol wey dey speak di difren language kon dey sey, "Dis pipol don drink wel-wel!”

14Bot Pita stand-up wit di ilevun apostols kon shaut: "Judea pipol and una wey dey Jerusalem, mak una put ear dan for wetin I won tel una so. Mak una no sey

15dis men neva drink enitin as una tink, bikos na jos nain o' klok for mornin and e tu earli to drink.

16"Bot na as Profet Joel tok sey:

17'Wen di last day don rish, God sey, "I go pour my Spirit insaid evribodi and all una shildren, both boys and girls go dey profesai, una young men go dey si vishon and una old men go dey dream plenti dreams.

18"For dat taim, I go giv my Spirit to all di pipol wey dey serv mi and dem go dey profesai.

19"I go show plenti wondas for hevun and meni mirakols for dis wold, blood and fire go apier for insaid di skai laik smoke.

20"Di sun go blak and di moon go red laik blood, bifor di big day wen God tok abaut, go rish.

21"For dat taim, evribodi wey kol God name, God go save am."“

22"Izrel pipol, mak una hear wetin I dey tok, Jisos Kraist wey kom from Nazaret, di man wey God shuz and wey e send to una, wey God yuz du meni mirakols and oda wondaful signs for una front, as all of una no,

23na Judas sel dis man giv Ju pipol, bikos na so God plan am from biginin. Una no sey una kil-am, wen una gi-am to di sojas mak dem nail am for kros.

24"Bot God kon raiz-am up afta E don giv am pawa to konka deat, bikos deat nor get pawa to hol am.

25"Dis na wetin David tok abaut sey, 'God always dey near mi and bikos e dey for my rite hand, I nor go fear enitin.’

26"Bikos of dis, bele swit mi and my mout kon dey tok beta-beta tins and I kon get hope sey tins go rili gud for mi,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

27bikos I no sey God nor go alow mi stay for grave or mak my bodi rotin for groun.

28"Tru-tru, Yu don show mi di way wey dey giv life and Yu go mak mi hapi wel-wel wen I dey for wer Yu dey.”

29My pipol, "Nor bi tru sey awa gran-gran papa David don die since, dem bere am and en grave dey awa land til today?

30"Wi no sey en na profet, bikos God don promis am sey, naim pikin dem go always bi king for Izrel.

31"Bikos of dis vishon wey David si, e kon sey, 'Di Mezaya go get up from grave, bikos God nor go liv am der mak en bodi rotin for groun.' As all of us no,

32God don raiz dis Jisos Kraist up and evribodi si-am.

33"Bikos God don promote am mak e dey en rite hand and e don risiv di Holi Spirit wey en Papa promis, e kon pour di Holi Spirit for awa bodi, as una si-am dey hapun so.

34"Wi no sey David neva go hevun, bot onli en tok wit en mout sey, 'God tel Jisos Kraist sey, "Sidan for my rite hand,

35ontil I go mak all yor enemis serv yu."‘

36"So Izrel pipol, mak una no sey, God don turn dis Jisos Kraist wey una kil, to bi Oga and Mezaya.”

37Wen di pipol hear dis prishin, e trobol dem for maind wel-wel and dem kon ask Pita and di res apostols, "Awa brodas, wetin wi go du naw?”

38Pita ansa dem, "Mak una turn from sin kom mit God won-by-won and mak dem baptaiz una wit Jisos Kraist name, so dat God go forgiv una, den una go fit risiv di Holi Spirit.

39"Bikos dis promis na for una, all una pikin, pipol wey dey far place and all di pipol wey God go draw near ensef.”

40As Pita dey tok to di pipol, e kon warn dem, "Mak una save una head from di ponishment wey dey kom mit wiked pipol.”

41So, dem baptaiz all of dem wey biliv wetin e prish and dem rish tiri tazon pipol wey join dem dat day.

42Dem kon dey yuz all dia taim dey learn wetin di apostols dey tish. Dem dey waka, help, chop and pray togeda.

43Di apostols du meni wondas and mirakols and bikos of dis, pipol kon dey respet and fear God.

44All di pipol wey biliv, dey share dia propati wit won anoda and stay togeda.

45Dem dey sel wetin dem get kon yuz di moni dey help ish oda.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

46Dem dey stay togeda evriday laik won big famili. Dem dey gada go di Tempol
togeda and dem dey go from haus to haus, dey chop togeda wit hapines.

47Dem kon dey praiz God and dey feloship wit won anoda. So God kon dey add more
pipol join dem evriday.

Apostols 3

1Won day, Pita and Jon dey go di Tempol go pray for tiri o' klok for aftanun.

2Som pipol dey always kari won man, wey nor fit waka since en mama born am, kom
di Tempol domot wey dem dey kol, "Beautiful Gate", so dat e go dey beg for moni
from pipol, wey dey enta insaid di Tempol.

3As di man si Pita and Jon wen dem won enta di Tempol, e kon dey beg dem for
moni,

4bot dem luk am strate for eye kon sey, "Mak yu luk us!”

5So di man wey nor fit waka kon luk dem wel-wel, bikos e tink sey dem won gi-am
moni.

6Pita kon tel am, "I nor get silva or gold to giv yu: bot na wetin I get, I go giv yu. Wit
Jisos Kraist name wey kom from Nazaret, stand-up mak yu bigin waka!”

7Pita hol di man for en rite hand kon drag-am up and at wons, di man legs kon strong.

8Di man jump up kon bigin waka, e folo dem enta di Tempol dey waka, dey jump up
and dan, dey praiz God.

9Pipol si-am dey waka dey praiz God

10and dem rimemba en face kon sey, dis na di man wey dey sidan for di Tempol
domot dey beg moni, bifor. Di pipol sopraiz wel-wel, bikos of wetin hapun.

11Di man stil dey jump folo Pita and Jon wit hapines and di pipol stil dey sopraiz. Den
di pipol run go mit Pita and Jon for di place wey dem dey kol "Solomon Porsh".

12Wen Pita si sey all di pipol gada, e kon start to dey prish, "Izrel pipol, wetin mak dis
mirakol dey sopraiz una laik dis? Why una dey luk us laik sey na wit awa own pawa
or holines wi tak mak dis man waka?

13"Na Abraham, Izik, Jakop and awa gran-gran papa dem God, naim kari en savant
Jisos Kraist go up, di won wey una rejet kon gi-am to Pilate mak e joj am, ivun wen e
won fri am.

14"Una sey una nor wont Jisos Kraist, di Holi and Raitious Pesin, insted una sey mak
dem riliz anoda pesin wey dey kil pipol giv una.

15"Una kil di pesin wey dey giv pipol life, bot God raiz-am from deat and wi bear
witnes sey dis na tru.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

16"Dat Jisos Kraist name wey wi biliv, naim mak dis man wey una dey si and no wel-wel, strong. Yes! Naim name don heal dis man as una dey si so.

17"So my brodas, I no sey una and una oga dem nor no wetin una du.

18"God don tok bifor-bifor tru all en profet sey, di Mezaya go sofa and E don mak am hapun, tru wetin una du.

19"So mak una turn from sin kom mit God, mak E for forgiv una,

20so dat una go fit get fridom wey God dey giv and E go send Jisos Kraist, di Mezaya wey E don priper dan, kom mit una.

21"Dis Jisos Kraist go stay for hevun til di taim wey God go mak evritin beta again as E don tok tru en holi profets.

22"Ivun Mosis sef tok bifor sey, "Jehova wey bi una God go send won profet to una, jos as E send mi and e go bi una famili memba. Una must obey evritin wey e sey mak una du.

23"Enibodi wey nor obey dat profet, dem go distroi am and dem go rimov am from God famili.

24"God don tok abaut all dis tins wey dey hapun so, from Profet Samuel taim go rish di profets wey kom afta am.

25"All of una get share for insaid di promis wey God mak wit una gran-gran papa dem tru di profets. Na so E tel Abraham sey, 'Na tru di pikin wey yu go born, naim I go tak bless all di famili wey dey di wold.'

26"So God don raiz en savant and E don send am giv una, mak e for bless and help una turn from sin kom mit am."

Apostols 4

1As Pita and Jon stil dey tok, di prists, di Tempol gaid oga and di Sadusi pipol waka kon mit dem.

2Dem dey ves, bikos Pita and Jon dey tish di pipol sey, na onli tru Jisos Kraist, pipol go fit wak-up from deat.

3So dem arres dem put for prizin til di next day, bikos nite don rish.

4Bot pipol wey hear wetin dem tok kon biliv Jisos Kraist and di pipol wey biliv, rish faiv tazon.

5Di next day, all di rulas, eldas and lawyas kon gada go Jerusalem.

6Annas, wey bi di High Prist dey der wit Kaifas, Jon, Alexanda and som membas for di High Prist famili.

7Dem drag Pita and Jon enta dia senta kon bigin ask dem, "Hu giv una pawa to du dis tins? Na wish pesin name una dey yuz so?"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

8Pita wey di Holi Spirit dey yuz wel-wel kon ansa, "Awa rulas and eldas,

9na bikos of di gud wey wi du for dis pesin wey nor wel, naim mak una dey kweshon us today sey, 'Haw dis man tak wel?'

10"My pipol and di oga dem for Izrel, mak una no sey, Jisos Kraist wey kom from Nazaret, di pesin wey una kil and God raiz-am from deat, naim name mak dis man wey una dey si so, wel.

11"Dis Jisos Kraist, di gud stone wey una trowey, God don mak am di main pila wey dey hol di haus.

12"And na en pawa God dey yuz save pipol, bikos for di hol wold, e nor get eni oda name wey get pawa to save pipol, laik Jisos Kraist own."

13Di oga dem sopraiz wen dem si haw Pita and Jon tak tok ivun doh dem nor go school. So dem kon no sey dis na di pipol wey don folo Jisos Kraist waka.

14And as dem si sey di man wey God heal stand der wit Pita and Jon, dem nor fit denai wetin hapun.

15So dem sey mak Pita and Jon komot for wer dem dey, den dem bigin ask ish oda,

16"Wetin wi go du abaut dis pipol? Bikos evribodi wey dey for Jerusalem don no sey na big mirakol naim God yuz dem du so and wi nor go fit denai am.

17"Bot mak di mata nor for kontinu dey spread among di pipol, mak wi warn dem mak dem nor tok abaut dis name again."

18So dem kol dem go insaid kon tel dem mak dem nor tok or tish abaut Jisos Kraist name again.

19Bot Pita and Jon ansa, "Mak una joj wetin gud pas for dis mata; mak wi obey una or mak wi obey God,

20bikos wi nor go fit sey mak wi nor tok abaut wetin wi don si and hear."

21Afta dem warn Pita and Jon wel-wel, di Ju pipol kon liv dem mak dem dey go, as dem nor fit ponish dem for di pipol front, bikos dem gada dey praiz God for wetin hapun so.

22Di man wey risiv dis big mirakol, don pas forti years.

23As dem fri dem, Pita and Jon go mit dia pipol kon tel dem evritin wey di High Prist and di eldas tok.

24Wen dem hear wetin hapun, dem kon pray to God sey, "God wey dey for hevun, Yu wey mak hevun, eart, di sea and evritin wey dey insaid dem.

25"Yor Spirit tok tru yor savant David, awa gran-gran papa dem sey, 'Wetin dey mak pipol wey dey woship juju dey mak nois? Wetin mak dem dey plan bad-bad tins?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

26"All di kings wey dey di wold stand and di rulas gada togeda against Jehova and di pesin wey E shuz.

27"Tru-tru, Herod, Pontius Pilate, Izrel pipol and doz wey nor bi Ju kon gada for di tawn against Jisos Kraist, yor holi savant wey Yu shuz

28and dem dey doh wetin yu don alredi plan sey go hapun.

29"Papa God, mak Yu si haw dem dey treaten us. Wi wey bi yor savants, mak Yu giv us pawa to tak prish yor wod,

30enitaim wen wi kol Yor holi pikin Jisos Kraist name, mak Yu heal pipol and du meni wondaful mirakols."

31Wen dem pray finish, di place wey dem gada put kon dey shake. Di Holi Spirit enta all of dem and dem kon dey prish God Wod wit pawa.

32All di pipol wey biliv Jisos Kraist kon dey du tins togeda wit won maind and nobodi sey e go yuz wetin e get for ensef alone, so dem kon dey share dia propati togeda.

33Wit God pawa, di apostols kon dey bear witnes sey Jisos Kraist wak-up from deat and God favor kon dey show for dia life wel-wel.

34Nobodi among dem sofa, bikos di rish pipol among dem wey get land and haus, dey sel dia propati and bring di moni wey dem sel

35kon giv di apostols mak dem kip am, so dat dem go gi-am to enibodi to tak buy wetin e wont.

36So Josef wey kom from Levi tribe and wey di apostols dey kol Banabas (wey min pesin wey dey enkorage pipol) and en hometawn na Syprus,

37sel won land wey e get kon giv di moni to di apostol mak evribodi yuz.

Apostols 5

1Won man wey dem dey kol Ananias wit en wife Safaira kon sel dia land.

2Dem kon gri sey dem go kip som of di moni for demsef. So Ananias tak di rimainin moni go giv di apostols.

3Bot Pita tel am, "Ananias, why yu alow Satan enta yor heart and yu kon dey lai giv di Holi Spirit? Why yu kip som of di moni wey una sel di land, for unasef?

4"Bifor una sel di land, nor bi una own propati? Naw wen una sel am finish di moni nor stil bi una own to spend as una laik? Wetin mak una get dis kaind maind? Dis lai wey yu tok so, nor bi pesin yu du-am to, bot na God!"

5Wen Ananias hear di wod wey Pita tok, e fal for groun at wons kon die. Dis tin mak fear kash evribodi wey hear wetin hapun.

6So di young men wey dey der tak rapa kova en bodi kon kari am go bere.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Wen tiri hours don pas, en wife, Safaira waka kom, bot e nor no wetin don hapun to en husban.

8Den Pita ask am, "Madam, tel mi di trut. Na dis bi di price wey una sel di land? Safaira ansa, 'Yes, na-im.'"

9So Pita tel am, "Wetin mak yu and yor husban decide to trai God Spirit laik dis? Luk! Na di pipol wey go bere yor husban dey kom so and dem go kari yu go bere tu!"

10At wons, di wuman fal for groun kon die for Pita front. So wen di young men enta insaid di haus kon si sey di wuman don die, dem kari am go bere near wer dem bere en husban put.

11Fear kash pipol for di shosh and odas wey hear wetin hapun.

12Na dis kaind mirakol and wonda God du tru di apostols for di pipol front and dem kon dey mit for Solomon Porsh.

13Fear nor let enibodi wey nor dey among dem go join dem enihaw and e kon mak all di pipol dey respet dem wel-wel.

14Bot plenti men and wimen wey biliv Jisos Kraist kon join dem,

15sotey dem ivun dey kari sik pipol put for bed and mat for road, so dat as Pita dey pas, en shadow go heal dem.

16Dem bring sik pipol and doz wey get evil spirit from all di tawns and vilage wey near Jerusalem and God heal all of dem.

17Bot jelosi kon ful di High Prist and di Sadusi pipol maind,

18so dem kon arres di apostols put for prizin.

19Bot for dat nite, God angel opun di prizin door kon bring dem kom out and tel dem,

20"Mak una go stand for di Tempol varanda bigin prish God wod wey dey giv pipol life."

21Afta dem hear dis, dem enta di Tempol varanda for mornin kon start to dey tish di pipol. Den di prist oga dem and di pipol wey dey folo am kon kol di Sanhedrin, wey bi di big kansol for Izrel pipol. Dem kon send pipol go di prizin mak dem go bring di apostols kom, bikos dem won joj dia kase.

22Bot di savant wey dem send go, nor si dem for di prizin, so dem go bak go ripot sey,

23"Wi si sey dem lock di prizin wel and all di sojas stand for di front, bot wen wi opun di gate, wi luk insaid, bot wi nor si enibodi."

24So wen di soja oga wey dey di Tempol and di prist oga dem hear dis tin, dem kon sopraiz wel-wel kon dey wonda wetin hapun to di apostols.

25Na dat taim won pesin kon tel dem sey, "Si o-o, di men wey una put for prizin dey for di Tempol varanda dey tish pipol!"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

26So di soja oga wey dey di Tempol kon eskot di savant go bring di apostols, bot dem nor yuz fos, bikos dem dey fear sey di pipol wey gada der, fit stone dem.

27Wen dem don bring dem insaid, dem kon sey mak dem stand for di kansol front and di prist oga dem kon dey kweshon dem.

28E ask dem, "Wi komand una sey mak una nor tish pipol abaut dis name, bot si naw, di hol Jerusalem don ful wit di tins wey una dey tish. Una won put dis man blood for awa head?”

29Bot Pita and di apostols ansa, "Wi go must obey God insted of humanbin”

30"Di God wey awa gran-gran papa dem serv naim raiz-up Jisos Kraist wey una hang for tri.

31"Bot God don promote am sey mak e sidan for en rite hand kon gi-am big posishon as Oga and di Pesin wey go save di wold, so dat Izrel shildren go turn from dia sin kom mit God mak e forgiv dem.

32"All of us no sey dis tin na tru and di Holi Spirit wey God don giv to pipol wey dey obey am, dey stil bear witnes sey, dis tin na tru.”

33Wen di prist oga dem hear dis tin, dem kon ves wel-wel and won kil di apostols.

34Den won Farisi wey dem dey kol, Gamaliel, wey dey tish di law and wey di pipol dey respet wel-wel kon stand-up tok, "Mak una send dis men go outsaid first.”

35Den e kon tok to di kansol, "Una Izrel oga, mak una tink wel bifor una du enitin to dis men.

36"Bikos na so Teudas stil kom up bifor, dey tok sey en na pesin wey dey impotant and na abaut for ondred pipol folo am. Wen dem kil-am, all di pipol wey dey folo am skata and evritin kon end.

37"Afta am, Judas wey kom from Galili kom out wen dem dey du census. E push pipol to join am opoz wetin dem dey du. Dem stil kil-am and all di pipol wey dey folo am skata tu.

38"Naim mak I sey for dis mata so, mak una rimov una hand and liv all dis men alone, bikos if all di tins wey dem dey plan and du, na from dia maind, dem nor go succeed,

39bot if na from God, una nor go fit stop dem, esept una won fite God.”

40So dem bring di apostols kom bak kon tel dia savant mak dem flog dem. Afta dem riliz dem, dem kon warn dem sey mak dem nor yuz Jisos Kraist name tak prish again.

41So di apostols komot from der dey hapi wel-wel sey God don giv dem di shanse to sofa, bikos of Jisos Kraist.

42So evriday for di Tempol kompond and from haus to haus, dem kontinu to dey tish and prish di Gud News sey, "Jisos Kraist naim bi di Mezaya."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Apostols 6

1As taim dey go, wen di disaipols don plenti, di Ju pipol wey dey tok wit Greek language kon dey kworel wit di oda kontri men wey dey tok Hebrew. Dem kon dey komplain sey, "Wen dem dey share fud, di Hebrew men dey sofa wimen wey dia husban don die.”

2So di twef apostols gada evribodi kon sey, "E nor gud mak wi liv God wod wey wi dey prish kon put hand for fud mata.

3"So mak una luk roun kon shuz among una, sevun men wey una no sey dey bihav wel, di Holi Spirit dey yuz wel-wel and wey get sense, so dat dem go du dis wok for us.

4"So dat wi go fit put awa maind for praya, as wi dey prish God wod.”

5Evribodi laik wetin di apostols tok, so dem kon shuz won man wey en name na Steven, bikos di Holi Spirit dey yuz am wel-wel. Di odas wey dem shuz, na Filip, Prokorus, Nikanor, Timon, Parmenas and Nikolas wey kom from Antiok and e dey serv God laik Ju pipol.

6Dem kon show dem to di apostols. Di apostols put hand for dia head kon pray for dem.

7Na so God wod start to spread and di disaipols wey dey Jerusalem kon plenti wel-wel. And meni prists kon biliv Jisos Kraist.

8God bless Steven wel-wel kon gi-am pawa to tak du meni wondas and mirakols among di pipol.

9Bot som men kon dey argue wit am. Dis men dey woship God for won place wey dem dey kol "Di Freedmen Sinagog." Som of dem kom from Alexandria, Syrene, Silicia and Asia.

10Bot dis pipol nor fit stand di wisdom and pawa wey Steven tak dey tok.

11So, dem kon bribe som men mak dem lai sey, "Wi hear wen dis man tok tins wey dey against Mosis and God law.”

12Dem lai for Steven head, so di pipol, di eldas and di oga dem for di law kon hate am. So dem arres Steven kon kari am go di kansol.

13Dem bring pipol kon lai sey, "E don tey wey dis man dey tok bad-bad tins abaut Mosis law and dis Tempol.

14"Wi hear wen e dey tok sey Jisos Kraist wey kom from Nazaret go skata dis place and e go shange all di tradishon wey Mosis giv us.”

15Evribodi wey dey di kansol dey luk Steven kon si sey en face dey shine laik angel own.

Apostols 7

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

1Di prist oga dem kon ask Steven, "All dis tins wey dem tok abaut yu so, na tru?”

2Steven ansa, "My brodas and fadas, mak una listin to wetin I won tok so. Na wen Abraham, awa gran-gran papa dem dey for Mesopotamia, bifor e go stay for Haran, naim God wey get pawa, apier to am

3kon tel am sey, "Mak yu liv yor kontri and yor pipol kon go di land wey I go show yu.

4"So Abraham liv Kaldian kontri kon go stay for Haran. Afta en papa die, God kon tel am mak e stay for dis land wey una dey naw.

5"Dat taim, God neva giv am eni part for di land and e neva born eni pikin, bot God promis am sey E go gi-am di land and en and en shildren go stay der foreva.

6"God tel am, 'Di shildren wey yu go born go bi strenja for anoda kontri and di pipol for dat kontri go sofa dem kon yuz dem as slave for for ondred years.’

7"Bot God sey, 'I go ponish di pipol wey go yuz dem as slave and afta all dis tins, dem go komot for der kon woship mi for dis place.’

8"So God mak kovenant wit Abraham tru sekonsishon. Abraham kon born Izik and sekonsaiz am afta ate days. Izik born Jakop and Jakop born di twef brodas, wey bi awa gran-gran papa dem.

9"Jakop shildren wey bi awa gran-gran papa dem, bikos dem dey jelos Josef dia broda, dem kon sel am as slave go Egypt, bot God dey wit am

10kon save am from all en wahala and from Fero wey bi Egypt king, E gi-am favor wit wisdom and Fero kon mak am oga for di hol Egypt and ova evritin wey e get.

11"Hunga kon dey for di hol Egypt and Kanan and awa gran-gran papa dem nor si fud chop.

12"So wen Jakop hear sey fud dey for Egypt, e kon send awa gran-gran papa dem go shek if na tru.

13"Afta dem don go tu taims, Josef show ensef giv en brodas and Fero kon no Josef famili.

14"Josef send mesage go giv en papa Jakop sey mak en and all di pipol wey dey wit am kom Egypt and dem bi sevunti-faiv wey go.

15"So Jakop and awa gran-gran papa dem go Eygpt and dem die for der.

16"Dia bone dey der til dem kari dem go bere for Shekem for di grave wey Abraham buy from Hamor shildren.

17"Bot as taim dey near wen God go fulfil di promis wey e mak wit Abraham; Izrel pipol kon dey meni insaid Egypt,

18til anoda Fero wey nor no Josef kon dey rule.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

19"E disiv and sofa awa pipol sotey e fos dem to liv dia shildren mak dem die.

20"Na dat taim dem born Mosis and God kon laik am wel-wel. Mosis stay for en papa haus for onli tiri monts

21and wen dem trowey am for riva, Fero dota kon tak and train am as en own pikin.

22"So dem tish Mosis all di wise tins wey Egypt pipol dey du and e kon get wisdom for haw e dey tok and wetin e dey du.

23"Bot wen forti years don rish, e kon tink am sey e gud mak e go visit en own Izrel pipol.

24"Wen e si won man from Egypt dey opres won Izrel pesin, Mosis kon difend and kil di Egypt man.

25"E tink sey en own pipol go undastand sey God won yuz am tak save dem, bot dem nor undastand.

26"Di next day, Mosis si tu Izrel men dey fite and e won trai setol dem. So e tel dem, 'My pipol, una bi brodas, why una kon dey fite unasef laik dis?'

27"Bot di man wey dey opres en broda kon sey, 'Hu giv yu pawa to rule and joj us?

28'Hope yu nor won kil mi di way yu kil dat Egypt man yestiday?'

29"Wen di man tok laik dis, Mosis run go Midian, anoda land wer e stay as strenja kon born tu boys for der.

30"Afta forti years don pas, won angel apier to am for insaid desert for Mount Sinai, wer won bush for dey burn.

31"As Mosis si dis tins, e sopraiz wel-wel and wen e waka near mak e si-am wel, e hear God vois wey sey,

32'Na mi bi di God wey yor gran-gran papa Abraham, Izik and Jakop dey woship.' Mosis start to shake and fear nor let am luk tu mush.

33"Bot God tel am, 'Mak yu pul yor shu komot from yor leg, bikos di place wey yu stand so, na Holi Groun.

34'I don si as my pipol dey sofa for Egypt and I don hear as dem dey krai, so I don kon save dem. Mak yu kom, bikos I won send yu go Egypt bak. '

35"Dis Mosis wey dem rejet and ask sey, 'Hu mak yu awa oga and joj', naim God kon send mak e bi oga and savior tru di angel wey apier to am for bush.

36"Na dis Mosis lid dem komot from Egypt. E stil du plenti mirakols for Egypt, di Red Sea and insaid di widanes for forti years.

37"Na dis Mosis tel Izrel pipol sey, 'Na from among una God promis sey, E go raiz-up won profet wey go lid una. '

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

38"Na dis same man dey wit di pipol for widanes, wit di angel wey tok to am for Mount Sinai, wit awa gran-gran papa dem and e kon risiv God wod for una.

39"Bot una papa nor gri obey am. Insted, dem nor ansa am, bot dem shange dia maind sey dem won go Egypt bak.

40"Dem kon tel Aaron, 'Mak yu du juju for us wey go lid us bikos, wi nor no wetin don hapun to Mosis!'

41"So dem mak image wey bi laik melu, sakrifias gi-am kon bigin serv di melu wey dem tak dia own hand mak.

42"God liv dem mak dem woship stars to mak wetin Profet Amos tok, hapun sey, 'Izrel pipol, una tink sey na mi una dey serv wen una dey sakrifais anima for insaid widanes for forti years? '

43'Na bikos of di haus wey una build for "Molech and Refan", wey bi una god and juju wey una dey woship, naim mak mi send una go bi slave for Babylon. '

44"God giv di tabanako to awa gran-gran papa dem, di haus wer dem go for woship am, jos as E sey mak Mosis build am.

45"Afta, awa gran-gran papa dem kari di tabanako wey God giv dem wit Joshua kon driv all di oda tribes and tak dia land til di taim wey David bigin rule Izrel.

46"God favor David wel-wel and e sey e go build haus for God

47bot na Solomon en pikin kon build am.

48"Wi no sey God nor dey stay for haus wey humanbin build, jos as di profet tok,

49'Hevun na my chair and na di eart I dey put my leg, so wish kaind haus una go fit build for mi or wish kaind place I go stay?

50'Nor bi mi mak all dis tins by mysef?'

51"Si haw una stuborn! Jos as una gran-gran papa dem bi, na so una stil bi tu, bikos una don mak una heart strong to disobey God!

52"E get eni profet wey una gran-gran papa dem nor kil? Dem ivun kil di mesenja wey tok bifor sey, 'Di Raitious Man go kom and una go gi-am to wiked pipol and dem go kil-am.

53"Na una risiv God law wey E send tru en angels, bot una nor obey am."

54As di kansol membas hear all di tins wey Steven tok, dem kon dey ves wel-wel.

55Bot Steven, wey God dey yuz wel-wel, luk strate go hevun kon si God glori and Jisos Kraist wey stand for God rite hand.

56Naim e shaut, "Luk! I si hevun wey opun and I si Jisos Kraist, God Pikin, stand for en rite hand."

57Bot di pipol klose dia ear bigin shaut and all of dem kon rush am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

58Wen dem don drag am go outsaid for di Tempol, dem kon start to dey stone am, den dem kon pul all dia klot giv won man wey dem dey kol Sol, mak e hol.

59As dem dey stone Steven, e kon pray, "Oga, Jisos Kraist, mak yu risiv my spirit."

60So e fal for groun kon shaut, "My Papa, abeg, mak Yu nor kount dis sin against dem." Wen e tok so finish, e kon die.

Apostols 8

1Sol hapi wen dem dey kil Steven. Na from dat day trobol start for di shosh wey dey Jerusalem and all di bilivas kon skata go Judea and Samaria, bot na onli di apostols nor run.

2Som men wey dey holi, kari Steven go bere, afta dem don mourn am.

3Bot Sol trai to distroi di shosh; e dey go from haus to haus dey arres men and wimen put for prizin.

4So di pipol wey skata kon dey go from place to place dey prish di gospol.

5Filip travol go Samaria main tawn kon dey prish abaut di Mezaya giv dem.

6Di pipol wey gada, put dia maind for wetin Filip dey tok, bikos dem don hear and si all di mirakols wey e du.

7Wiked spirit dey shaut and dey komot from pipol bodi as dem hear God wod and God heal meni pipol wey nor fit waka.

8So all di pipol wey dey di tawn kon dey hapi wel-wel, bikos of wetin dey hapun.

9E get won strong man for di tawn wey dem dey kol Saimon and e dey du magic wey dey mak Samaria pipol sopraiz.

10Evribodi, both smol pikin and big pipol, dey biliv wetin e dey du and dem biliv sey, "Na God gi-am pawa!"

11Dem dey listin to am bikos, e don tey wen e dey yuz magic tak dey du wondas.

12Bot wen dem biliv di Gud News wey Filip prish abaut God Kindom and abaut Jisos Kraist, dem kon baptaiz di pipol wey biliv.

13Ivun Saimon sef biliv and afta dem don baptaiz am, e kon dey waka wit Filip, bikos all di mirakols wey God dey du tru Filip, dey sopraiz am.

14Wen di apostols wey dey Jerusalem hear sey Samaria pipol don risiv God wod, dem kon send Pita and Jon go mit dem,

15so dat dem go pray for di pipol, mak dem for risiv di Holi Spirit.

16Bikos for dat taim, dem neva risiv di Holi Spirit. Na onli Jisos name dem tak baptaiz dem.

17Pita and Jon put hand for di pipol head and dem kon risiv di Holi Spirit.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18Wen Saimon si sey pipol dey risiv di Holi Spirit as di apostols put hand for dia head, e kon giv di apostols moni

19kon sey, "Abeg, mak una giv mi dis pawa mak I for fit put my hand for pipol head mak dem for risiv di Holi Spirit tu."

20Bot Pita ansa am, "Mak yu and yor moni go die! Yu tink sey yu fit buy God gift wit moni?

21"Yu nor get share for insaid dis tin wey God dey giv, bikos God don si sey na bad tin yu won tak am du.

22"So mak yu turn from sin kom mit God and from di bad tins wey dey yor maind and pray mak God forgiv yu.

23"Bikos I si sey na long-trot and bad bele dey wori yu and sin stil ful yor maind."

24Saimon kon ansa, "Mak yu pray to God for mi, so dat di tin wey yu tok so, nor go hapun to mi."

25Afta Pita and Jon don tel dia stori and prish God wod finish, dem kon go bak to Jerusalem, dey prish God wod for insaid Samaria, as dem dey go.

26God angel kon tel Filip, "Get up mak yu waka for di desert road wey dem dey pas from Jerusalem go Gaza."

27So Filip kon dey waka dey go wer di angel tel am. As e dey go, e mit won unok wey kom from Ethiopia, e bi ofisa for Kandace, Ethiopia queen and na-im dey kip dia moni. E kon woship God for Jerusalem

28and e dey go haus bak. E sidan for en horse dey read di book wey Profet Isaia rite.

29Naim di Holi Spirit tel Filip, "Mak yu waka go mit di man."

30So Filip run go mit am kon hear am dey read wetin Profet Isaia rite. So e kon ask di man, "Yu undastand wetin yu dey read so."

31Di man ansa, "Haw I won tak undastand, unles pesin tish mi!" E kon tel Filip sey mak e kom sidan wit am.

32Na di place wey e dey read for God wod bi dis, "Dem lid am laik ship go kil and as ship pikin dey kwayet wen dem dey shave-am, na so tu e nor opun en mout.

33"Dem disgrace am kon tak pawa from en hand. Nobodi go fit tok abaut en shildren or en gran shildren, bikos dem kil-am wen e stil dey young."

34So di man ask Filip, "Abeg tel mi, na hu dis profet dey tok abaut? Na ensef, abi na anoda pesin?"

35Filip kon start to prish di Gud News abaut Jisos Kraist giv di man from di place wey e dey read.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

36As dem dey go, dem kon rish wer wota dey, naim di man sey, "Si, wota dey here! Wetin go mak mi nor baptaiz naw?”

37Filip ansa, "If yu biliv, I go baptaiz yu." Di man kon sey, "I biliv sey Jisos Kraist na God Pikin.”

38So e tel di driva mak e stop, Filip wit am waka go wer di wota dey and e kon baptaiz am.

39Wen dem kom out from di wota, God Spirit kari Filip komot from der and di man nor si-am again, bot e kon dey hapi as e dey go.

40Filip si ensef for Azotus and as e dey waka pas for di aria, e kon dey prish di Gud News for all di tawns til e rish Sizeria.

Apostols 9

1As all dis tins dey hapun, Sol stil dey tel di disaipols sey e go kil dem. E go mit di High Prist

2kon tak pamishon to tak go Damaskus, so dat if e si enibodi wey dey folo Jisos Kraist wey bi di Way, weda na man or wuman, e go arres dem kom Jerusalem.

3As e dey go, won lite from hevun kon shine roun wer e dey.

4E fal for groun kon hear won vois wey kol en name, "Sol, Sol, wetin mak yu dey ponish mi?”

5So e ansa, "Oga, na hu dey tok so?" Di vois ansa am, "I bi Jisos Kraist wey yu dey ponish!

6"Naw, mak yu get up go insaid di tawn and dem go tel yu wetin yu go du.”

7Di men wey dey folo am travol, sopraiz dey luk, bikos dem hear vois dey tok, bot dem nor si enibodi.

8So Sol get up from groun, en eye opun, bot e nor dey si. En frends hol en hand kon eskot am enta Damaskus.

9E nor si at-all for tiri days and for dat taim, e nor chop or drink enitin.

10Dat taim, e get won disaipol for Damaskus and en name na Ananias. God kol am for insaid vishon, "Ananias", e kon ansa, "Na mi bi dis, Oga.”

11God kon tel am, "Get-up mak yu go di strit wey dem dey kol 'Strate' and wen yu rish Judas haus wey dey der, mak yu luk for won man, en name na Sol and e kom from Tarsus. You go mit am dey pray for der.

12"I don show am for vishon sey won man wey dem dey kol Ananias go kom mit am and e go put hand for en head, pray for am, mak e for fit si again.”

13Bot Ananias ansa, "Oga, meni pipol don tel mi abaut dis man and all di wiked tins wey e don du to yor pipol for Jerusalem.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14"E ivun kolet leta from di prist oga dem, wey e go tak kash and trow pipol wey biliv yu, for prizin."

15Bot God tel Ananias, "Mak yu go mit am, bikos I don shuz am mak e kari my name to Gentai pipol, kings and all Izrel pipol.

16"Tru-tru I go show am haw e go sofa, bikos of my name."

17So Ananias go di haus and wen e enta, e put en hand for Sol head kon sey, "Broda Sol, di Oga wey show ensef to yu for road wen yu dey kom here, na en send mi kom mit yu, so dat yu go fit si again kon risiv di Holi Spirit."

18At wons, somtin wey bi laik fish scale fal komot from Sol eye and e kon dey si. E get up and dem kon baptaiz am.

19Afta e chop finish, en bodi kon strong again.

20At wons, e kon start to dey prish for di sinagog sey Jisos Kraist na God Pikin.

21Evribodi wey hear am kon dey sopraiz dey ask demsef sey, "Dis nor bi di man wey dey kil pipol wey biliv Jisos Kraist? Wi tink sey e kom here kon arres pipol kari go giv di prist oga dem."

22Bot Sol stil dey prish wit pawa. E dey show sey na Jisos Kraist bi di Mezaya and di Ju pipol wey dey for Damaskus, nor fit ansa am.

23Afta som days, di Ju pipol kon dey plan to kil-am,

24bot Sol hear wetin dem dey plan. Som pipol dey wosh for di tawn gate day and nite mak dem for fit kil-am wen dem si-am.

25Bot won nite, di pipol wey dey folo Sol kon put am for basket, drop am dan smol-smol from won smol window wey dey near di tawn fence.

26Wen e rish Jerusalem, e kon trai to join di disaipols, bot dem dey fear am, bikos dem nor biliv sey e don bi Jisos Kraist disaipol.

27So Banabas tak Sol go mit di apostols, den e tel dem haw Sol tak si Jisos Kraist for vishon wen e dey go Damaskus and haw e bigin dey prish wit boldnes abaut Jisos Kraist.

28Sol stay and waka wit dem for Jerusalem and e dey tok wit boldnes abaut Jisos Kraist.

29E bigin dey tok and argue wit di Ju pipol wey dey speak Greek, bot som pipol kon dey trai to kil-am.

30Wen di brodas no abaut wetin dem dey plan, dem kon tak am go Sizeria and from der, dem send am go Tarsus.

31Dat taim, di shosh wey dey Judea, Galili and Samaria get res and dis kon mak dem strong as dem dey stay togeda, dey woship God wit all dia heart and as di Holi Spirit dey tok to dem. So pipol wey dey di shosh kon dey plenti more-more.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

32Pita dey travol from won place go anoda and e stil go wer di bilivas dey for Lydda.

33E kon mit won man for der, en name na Aeneas wey nor fit waka since wen e bi ate years.

34Pita kon tel am, "Aeneas, Jisos Kraist, wey bi di Mezaya, won heal yu naw. So mak yu stand-up, kari yor bed!" At wons, e get up kon kari en bed.

35All di pipol wey dey Lydda and Sharon si wetin hapun and dem kon bigin folo Jisos Kraist.

36Won wuman dey for Jopa wey bi Jisos Kraist disaipol and en name na Tabita (wey min Dorkas for Greek language). E dey du gud tins and dey help poor pipol.

37E sik and e kon die. Wen di pipol don wosh en dead bodi, dem kon kari am put for won room for upstair.

38Bikos Lydda dey near Jopa, so wen di disaipols hear sey Pita dey der, dem kon send tu men go kol am sey, "Mak yu kom mit us at wons."

39So Pita get up folo dem and wen e rish der, dem kon tak am go di room for up. All di wimen wey dia husban don die stand near Pita dey krai and dey show am all di dress wey Dorkas mak for dem, wen e dey wit dem.

40Bot Pita driv all of dem go outsaid, den e nil dan kon pray. E turn face di dead bodi kon sey, "Tabita, get up!" Naim di wuman opun en eye and wen e si Pita, e kon sidan.

41Pita kon hol en hand stand-up. Den e kol di bilivas and all di wimen wey dia husban don die and e kon giv di wuman to dem.

42Wen evribodi for Jopa hear dis tin wey hapun, meni of dem kon biliv Jisos Kraist.

43Pita kon stay for Jopa for meni days wit won man wey dem dey kol Saimon, wey dey du leatha wok.

Apostols 10

1Won man wey en name bi Konilios dey stay for Sizeria and e bi ofisa for Itali armi.

2E dey holi and en and en famili dey woship God. E dey help di pipol wel-wel and dey pray to God evritaim.

3Won day, aroun tiri o' klok for aftanun, e kon si vishon and God angel kol am, "Konilios."

4Fear kash am as e dey luk di angel, so e ansa, "Oga, Wetin yu wont?" Di angel tel am, "God don hear yor praya and si all di gud tins wey yu dey du for poor pipol.

5"So, send som men go Jopa mak dem go kol won man wey en name bi Saimon Pita.

6"Di man dey stay wit Saimon wey dey du leatha wok and di haus dey near di sea."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Wen di angel don go, Konilios kon kol tu of en haus boys wit won soja wey dey serv am

8and wen e don tel dem evritin wey hapun, e kon send dem go Jopa.

9For aftanun for di next day, as di men dey near di tawn, Pita kon go di haus top go pray,

10afta som taim, e kon dey hungri, bot di fud neva redi. As e dey wait, e kon si vishon.

11E si sey hevun opun and somtin wey bi laik tray, wey dem hol for en for kona kon dey kom dan smol-smol.

12Difren-difren animas wey get for legs and di wons wey dey krip for groun and difren birds dey insaid di tray.

13Den won vois tel am, "Pita, get up, kil mak yu chop."

14Bot Pita ansa, "Oga, I nor go fit, bikos yu no sey since dem born mi, I neva chop enitin wey get blood or wey nor klin."

15Bot di vois tel am, "Wetin God don mak klin, mak yu nor forbid am."

16Dis tin hapun tiri taims and di tray kon go bak to hevun.

17As Pita stil dey wonda wetin di vishon min, di men wey Konilios send kon rish Saimon haus.

18Dem ask if enibodi wey bi Saimon Pita dey di haus.

19As Pita stil dey tink abaut di vishon, di Holi Spirit kon tel am, "Luk!, tiri men dey faind yu.

20"Mak yu get up go mit dem and mak yu folo dem, bikos na Mi send dem kom."

21So Pita go dan go mit di men kon sey, "Na mi bi di pesin wey una dey luk for. Wetin bring una kom?"

22Dem ansa, "Konilios, di armi ofisa, wey dey du gud tins and dey woship God wel-wel, wey all di Ju pipol dey respet, na-im send us kom. Won angel komand am sey mak e invait yu kom prish giv am."

23So Pita sey mak dem enta haus and e welkom dem wel-wel. Di next day, e kon folo dem go and som brodas for Jopa, folo am go tu.

24Afta dem don travol for won ful day, dem kon rish Sizeria. Konilios don gada all en famili and frends dey wait for dem.

25So as Pita enta di kompound, Konilios nil dan for en front kon dey woship am.

26Bot Pita hol am kon sey, "Stand up, bikos I bi ordinari humanbin laik yu."

27As Pita stil dey folo am dey tok wen e enta di haus, e kon si sey meni pipol gada dey wait am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

28E kon tel dem, "Una no sey di law nor alow us, wey bi Ju pipol, to visit Gentai pipol
or folo dem du enitin, bot God don show mi sey mak I nor sey enibodi nor dey klin.

29"Na dis mak wen una send pipol kom kol mi, I nor sey 'No'. So mak una tel mi,
'Why una kol mi?'"

30Konilios ansa, "For days ago, for dis kaind taim for aftanun, as I dey pray for my
haus, won man wey en dress dey shine kon stand for my front.

31"E kon sey, 'Konilios, God don hear yor praya and E don rimemba all di gud tins
wey yu dey du.

32'So mak yu send pipol go Jopa go kol Saimon, wey dem dey kol Pita. E dey stay as
visitor wit Saimon wey dey du leatha wok, wey e haus dey near di sea.'

33"So, I kon send pipol go kol yu and yu du wel as yu kom. Na wi bi dis for God
front, wi redi to hear wetin E sey mak yu tel us."

34Den Pita tel dem, "Naw, I don undastand sey God nor dey opres enibodi,

35bot for evri tribe, di pesin wey fear am and dey du wetin gud, na dat pesin, E dey
laik.

36"Una no di mesage wey E send to Izrel pipol, wen E tok abaut di Gud News wey
dey giv peace, tru Jisos Kraist, di ril Oga.

37"Una no wetin hapun from Galili go rish Judea afta Jon prish sey,

38Jisos Kraist wey kom from Nazaret, na-im God giv di Holi Spirit and pawa. Haw e
kon du gud for evriwer kon heal pipol wey devol dey opres, bikos God dey wit am.

39"All of us si di tins wey e du for Judea and Jerusalem. Dem hang am for tri kon kil-
am,

40bot God raiz-am for di ted day kon alow pipol si-am.

41"Nor bi evribodi si-am, bot na di wons wey God don shuz, wey folo am chop and
drink afta e don wak-up from deat.

42"E kon komand us mak wi prish and warn pipol sey, na en ensef bi di Pesin wey
God shuz mak e joj pipol wey dey alaif and di wons wey don die.

43"All di profets tok abaut am sey, 'Evribodi wey biliv am, tru en name, God go forgiv
dem.'"

44As Pita stil dey tok, di Holi Spirit kon enta insaid all di pipol wey dey hear di
mesage.

45Di bilivas wey bi Ju wey folo Pita go Jopa kon sopraiz wel-wel sey Gentai pipol tu,
fit risiv di Holi Spirit,

46bikos dem dey hear wey dem dey yuz difren-difren language tak dey praiz God. Den
Pita sey,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

47"Enibodi go fit sey mak wi nor baptaiz all dis pipol wey don risiv di Holi Spirit, jos laik di res of us?”

48So e sey mak dem baptaiz dem for Jisos Kraist name. Den di pipol sey mak e stay wit dem for som days.

Apostols 11

1Di apostols and di brodas wey dey Judea kon hear sey Gentai pipol tu don risiv God wod.

2So wen Pita rish Jerusalem, di bilivas wey bi Ju kon bigin argue wit am sey,

3"Yu go chop wit pipol wey dem nor sekonsaiz.”

4Bot Pita tel dem evritin wey hapun. E kon sey,

5"As I dey pray for Jopa I kon si vishon. For insaid di vishon, I si somtin wey bi laik tray dey kom dan smol-smol from hevun, dem hol am for for kona and e kon stop for my front.

6"As I luk insaid, I kon si animas wey get for leg, bush meat, di wons wey dey krip and difren-difren birds.

7"I stil hear won vois wey tel mi sey, 'Get up Pita, kil som, mak yu chop.’

8"Bot I ansa, 'Oga, I nor fit, bikos since dem born mi, I neva chop enitin wey nor dey klin.’

9"Bot di vois from hevun kon tel mi again, 'Wetin God don mak klin, mak yu nor forbid am!’

10"Dis tin hapun tiri taims, den di tray kon go hevun bak.

11"Na dat same taim tiri men wey dem send kom mit mi from Sizeria kon rish di haus wer wi dey stay.

12"Di Holi Spirit kon tel mi sey mak I folo dem go. Sis brodas for Jopa folo mi go tu and wi kon enta di man haus.

13"Di man tel us haw e si angel wey stand for en haus kon tel am, 'Send pipol go Jopa go kol Saimon wey dem dey kol Pita.

14'Wen e kom, e go giv yu di mesage wey God go yuz tak save yu and yor famili.’

15"And wen I start to tok, di Holi Spirit kon enta dem, jos as e enta us for di first taim.

16"So I kon rimemba wetin di Oga don yuz en own mout tel us bifor sey, 'Jon yuz wota baptaiz pipol, bot God go baptaiz una wit di Holi Spirit.’

17"So my pipol, if God fit giv doz Gentai pipol di same gift wey E giv us afta wi biliv Jisos Kraist, hu I bi to stop God?”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18Wen dem hear wetin Pita tok, dem nor argue wit am again, so dem kon start to praiz God. Den dem sey, "Naim bi sey God don giv Gentai pipol di shanse to tak turn from sin kom mit am, so dat dem go get di life wey nor dey end.”

19All di pipol wey skata komot from Jerusalem di taim wey dem kil Steven kon travol go far place laik Fonicia, Syprus and Antiok, dey prish giv onli Ju pipol.

20Bot som of dem wey kom from Syprus and Syrene kon go Antiok dey tok to di Greek pipol abaut di Gud News wey konsan Jisos Kraist.

21God pawa dey wit dem and meni pipol wey biliv kon bigin dey folo Jisos Kraist.

22Wen di pipol for di shosh wey dey Jerusalem hear di news, dem kon send Banabas go Antiok.

23Wen e rish der kon si haw God don bless di pipol, e hapi wel-wel kon enkorage dem sey mak dem kontinu to woship God wit all dia heart.

24Banabas na beta pesin, di Holi Spirit dey insaid am and e get fate wel-wel, so meni pipol kon bigin folo Jisos Kraist.

25Banabas komot from der go faind Sol for Tarsus

26and wen e si-am, e kon tak am go Antiok. Banabas and Sol stay der for one year dey tish di pipol wey dey di shosh and na for der dem for first kol di disaipols, "Kristens.”

27For di same taim, som profets kon go Jerusalem from Antiok.

28Won of dem wey en name bi Agabush, get up and di Holi Spirit kon put wod for en mout sey, "Heavi hunga go hapun for di hol wold." Dis tin hapun di taim wen Klaudios dey rule.

29So di disaipols, evribodi akodin to haw e fit du rish, kon sey dem go send moni go giv di brodas wey dey Judea.

30Afta dem don kontribute, dem kon send Banabas and Sol go giv di eldas di moni wey dem gada.

Apostols 12

1For dat taim, King Herod kash som pipol wey dey go shosh kon sey e go kil dem.

2E kil James, wey bi Jon broda, wit sword.

3Wen e si sey di Ju pipol hapi wit wetin e du, e kon arres Pita tu. (Dis tin hapun for di taim wey dem dey du di bread wey nor get yist fist.)

4Wen e don kash Pita put for prizin, e put for sojas for for difren grups, mak dem gaid am. Herod plan na to bring Pita out mak e joj am for di hol tawn front wen Passova don finish.

5So as Pita dey prizin, di pipol wey dey di shosh dey pray to God for am, day and nite.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

6Bot for di nite bifor dem go joj am, dem tie Pita wit tu chains and e slip for tu sojas senta. Oda sojas stil dey di prizin front, dey gaid am.

7God angel apier and lite kon shine for di prizin. Di angel wak Pita kon tel am, "Get up kwik-kwik!" At wons, di chains fal komot from Pita hand.

8Di angel sey, "Wear yor klot and yor sandal." So Pita du wetin di angel tel am. Den di angel sey, "Wear yor koat mak yu folo mi."

9Pita folo am go outsaid. E biliv sey wetin dey hapun so na tru, e tink sey na dream e dey dream.

10Afta, en and di angel kon pas di first and di sekon sojas grup, den dem kon rish di iron gate wey go di tawn. Di gate opun by ensef and dem go outsaid kon waka pas won smol strit, den di angel kon liv am for der.

11Wen Pita si sey all dis tins wey dey hapun, nor bi dream, e kon sey, "Naw I no sey, 'Tru-tru, God send en angel kon save mi from Herod hand and from all di tins wey di Ju pipol tink sey go hapun."

12Wen Pita eye don klear, e kon waka face Mary haus wey bi Jon Mark mama, wer meni pipol gada dey pray for am.

13Wen e nok di door, Rhoda, won savant girl, kon ansa.

14Wen di girl hear Pita vois, e kon dey hapi sotey e nor rimemba to opun di door, bot e run go tel dem sey Pita dey for outsaid.

15Dem ansa di girl, "Yu nor no wetin yu dey tok!" Bot di girl stil dey sey na Pita, so dem kon sey, "E go bi en spirit!"

16Bot Pita stil dey nok and wen dem opun di door si-am, dem kon sopraiz.

17E yuz en hand tak tel dem mak dem kwayet and e kon tel dem haw God tak fri am from prizin. E tel dem, "Mak una tel James and all di brodas dis stori," den e liv dem kon go anoda place.

18Wen day break, di sojas wey dey gaid Pita sopraiz wel-wel and fear kash dem wen dem nor si-am again.

19Wen Herod send pipol go faind am and dem nor si-am, e kweshon di sojas wey dey gaid Pita kon komand sey mak dem kil all of dem. Den Herod komot from Judea go Sizeria go stay.

20Herod kon dey ves wel-wel for Tyre and Sidon pipol. So dem gada go si-am. Bot dem kon first beg Blastus wey bi di king ofisa, mak e help dem beg am, bikos na di king kontri dey suppli fud giv dia kontri.

21Wen di day wey dem gri to mit am don rish, Herod kon wear en king dress and e kon sidan for en throne dey folo dem tok.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

22Bot as e dey tok, di pipol wey gada kon dey shaut, "Na god dey tok so-o, nor bi man!”

23At wons God angel kon nak Herod fal for groun, bikos e nor giv God glori and plenti worm kon chop en bodi til e die.

24Bot God wod kontinu to dey spread.

25Banabas and Sol kon go bak to Jerusalem wen dem don finish dia wok and dem tak Jon Mark folo bodi.

Apostols 13

1Dis na di profets and tishas wey dey di shosh for Antiok: Banabas, Saimon wey dem dey kol Niger, Lucius wey kom from Syrene, Manaen (wey bi Herod di Tetrak frend from smol pikin) and Sol.

2As dem dey fast and woship God, di Holi Spirit kon tel dem, "Mak una seprate Banabas and Sol for di wok wey I want mak dem du.”

3Afta dem don fast and pray finish, dem pray for Banabas and Sol kon send dem go.

4So Banabas and Sol wey di Holi Spirit send kon go Seleucia and from der, dem enta ship go Syprus.

5Wen dem rish Salamis, dem kon dey prish God wod for di Ju sinagog, (Jon dey der dey help dem.)

6Wen dem don kros di hol Island go rish Pafos, dem kon si won magician wey bi Ju and na wayo profet. En name na Bar-Jisos,

7e dey wit Sergius Paulus, wey bi Roman ofisa and e no book wel-wel. Di ofisa invait Banabas and Sol kom en haus, bikos e won hear God wod.

8Bot "Elymas" wey bi magician, (bikos na wetin en name min bi dat) kon dey opoz dem, so dat di Roman ofisa nor go biliv wetin dem dey prish.

9Bot Sol (wey dem dey kol Pol) wey get di Holi Spirit, luk Elymas for face

10kon tel am, "Yu devol pikin wey nor laik gud tin, na so-so wayo and bad tins yu sabi du, yu nor go stop to dey opoz God?

11"Naw, God don raiz en hand against yu. Yor eye go blind and yu nor go fit si for somtaim!" At wons, e eye jos blind and daknes kova en face and e kon dey tak hand faind pipol mak dem show am road.

12So wen di Roman ofisa si wetin hapun, e kon biliv, bikos e sopraiz wel-wel for wetin dem tish abaut Jisos Kraist.

13Pol and di pipol wey folo am kon travol from Pafos go rish Perga wey dey for Pamfilia, bot Jon Mark liv dem kon go bak to Jerusalem.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14Wen dem komot for Perga, dem rish Antiok for Pisidia for Sabat Day kon enta di sinagog go sidan.

15Afta dem don read from di law and di profets book, di oga for di sinagog kon send mesage go mit dem sey, "Awa brodas, if una get eni mesage to tak enkorage di pipol, mak una kon tok naw."

16So, Pol stand-up raiz en hand kon sey, "Izrel and Gentai pipol wey dey fear God, mak una hear wetin I won tok:

17"Na from Izrel pipol God shuz awa gran-gran papa dem and E kon mak dem great for di taim wey dem stay for Egypt as strenja and E kari dem komot from Egypt wit en own hand.

18"For forti years, E stay wit dem for insaid widanes.

19"Afta E don destroi sevun tribes for Kanan, E kon dash en pipol di land.

20"All dis tins hapun for for ondred and fifti years. Afta dis, E kon giv dem profet wey go joj dem, ontil Profet Samuel taim rish.

21"Di pipol kon ask for king and God giv dem Sol, wey bi Kish pikin, wey kom from Benjamin tribe and e rule dem for forti years.

22"Afta God rimov am, E kon mak David dia king. Na dis man God tok abaut sey, 'I don si David, Jesse pikin, di man wey I laik wel-wel and e go du evritin wey I wont.'

23"Na from dis man famili God giv Izrel, Jisos Kraist, di savior wey E promis dem bifor.

24"Bifor Jisos kom, Jon don prish to all Izrel pipol sey mak dem turn from sin kom mit God and mak e baptaiz dem.

25"Bot as Jon dey finish en wok, e kon tok meni taims sey, 'Wetin una tink sey I bi? Nor bi mi bi di Mezaya. Mak una si, sombodi dey kom afta mi. I nor rish to rimov shu from en leg!'

26"So my brodas, wey bi Abraham shildren and una wey bi Gentai pipol wey dey fear God, na di mesage abaut haw God go tak save pipol, naim wi kom tel una so.

27"Bikos di pipol wey dey stay for Jerusalem and all di rulas nor no am, so dem kon yuz wetin dem dey read for Sabat, wey di profets tok, tak kil-am.

28"Dem nor si enitin wey go mak dem kondem am, bot dem stil tel Pilate mak e kil-am.

29"Wen dem don du evritin wey Bibol tok abaut am, dem bring am dan from di kros kon put am for grave.

30"Bot God raiz-am from deat

31and for meni days, e apier to di pipol wey dey folo am from Galili go rish Jerusalem. Na dis pipol kon dey bear witnes sey, dis tins na tru.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

32"And wi dey tel una di Gud News abaut dis tins wey God promis awa gran-gran papa dem.

33"E don du wetin E promis us and dia shildren, wen E raiz Jisos Kraist, as dem rite am for Psalm sey, 'Yu bi my Son and today, I don bi yor Papa.'

34"Bot bikos E don raiz Jisos Kraist from deat mak e nor for rotin, God kon sey: 'I go giv yu di holi promis wey una fit trust, wey I promis David.'

35"E stil tok for anoda Psalm sey, 'Yu nor go alow yor Pikin wey dey holi, mak e rotin.'

36"Bikos David, afta e don du wetin God send am kon du among en pipol, e kon die and dem bere am wit en gran-gran papa dem and e rotin,

37bot di pesin wey God raiz-up, nor rotin.

38"So my pipol, mak una no sey, na tru dis Pesin wi dey prish sey, 'God go forgiv una.'

39"Tru am, evribodi wey biliv, go dey fri from evritin wey Mosis law nor fit fri dem from.

40"So mak una mak sure sey wetin di profets tok for groun, nor hapun to una:

41"Una wey dey laff; mak una hear, una go sopraiz til una die! Bikos I go du somtin for una taim, somtin wey una nor go biliv ivun if dem tel una."

42As Pol and Banabas dey komot, di pipol kon dey beg dem mak dem stil kon tok abaut all dis tins for di next Sabat Day.

43Wen di mitin for di sinagog don finish, meni Ju and Gentai pipol wey dey fear God kon folo Pol and Banabas, dey enkorage dem sey, mak dem kontinu for di grace wey God giv dem.

44Di next Sabat Day, nearli evribodi for di tawn gada mak dem for hear God wod.

45Bot wen di Ju pipol si as di pipol plenti rish, jelosi kon ful dia maind, so dem start to opoz wetin Pol dey tok kon dey kos am.

46Pol and Banabas kon yuz boldnes tak ansa dem, "E gud sey na una wi first prish God wod giv. Bot since una rejet am and una nor redi to get life wey nor dey end, wi go-go prish giv Gentai pipol.

47"Bikos dis na wetin God don alredi komand us sey: 'I don shuz una to bi lite for Gentai pipol, mak una bring salvashon kom dis wold.'"

48Wen di Gentai pipol hear wetin e tok, dem start to hapi kon dey tank God for en wod and evribodi wey God don shuz to get life wey nor dey end, kon biliv.

49So God wod kon dey spread roun di hol kontri.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

50Bot di Ju pipol tok bad tins abaut Pol and Banabas giv all di big wimen wey dey fear God and di big-big men for di tawn, so dem sofa dem and driv dem komot from di aria.

51So wen dem don shake di land san-san wey dey dia leg komot, dem kon go Ikonium.

52So di disaipols begin hapi and di Holi Spirit kon ful dia life.

Apostols 14

1For Ikonium, Pol and Banabas go insaid di Ju sinagog and dem prish sotey meni Ju and Greek pipol kon biliv God wod.

2Bot di Ju pipol wey nor gri biliv, gada di Gentai pipol kon spoil dia maind against Pol and Banabas.

3Di apostols stay der tey wel-wel and dem tok wit boldnes abaut God, wey show sey dia mesage abaut en gudnes na tru, bikos E kon giv dem pawa to du meni mirakols and wondas.

4Bot di pipol wey dey di tawn kon divide; som dey di Ju side and som dey di apostol side.

5Wen di Gentai and di Ju pipol (wit di oga dem wey dey rule dem) kon trai to sofa and stone di disaipols,

6Pol and Banabas kon no abaut am, so dem kon run go Lystra and Derbe wey dey for Lycaonia and all di aria wey dey near der

7and dem kontinu to dey prish for der.

8For Lystra, dem mit won man wey nor fit waka since wen dem born am.

9Di man dey listin to Pol as e dey tok. Wen Pol kon luk am for eye kon si sey e get fate wey go fit heal am,

10e tel am, "Stand up." Di man kon jump up and e bigin waka.

11Wen di pipol si wetin Pol du, dem kon shaut for Lycaonian language sey, "Awa gods don turn to humanbin kom mit us."

12Dem start to kol Banabas, "Zeus" and Pol, "Hermes", bikos na Pol dey lid dem.

13Di prist wey dey woship di god wey dem dey kol Zeus wey en shrine dey outsaid di tawn kon bring melu and flawas kom di tawn gate; so dat en and all di pipol go sakrifais giv di apostols.

14Wen Banabas and Pol hear abaut di tin wey di pipol won du, dem shaut, tear dia klot kon run go mit di pipol sey,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

15"Why una won du dis kaind tin? Wi tu na humanbin laik una! Wi kon tel una di Gud
News, wey go mak una turn from sin kom mit God, wey mak hevun, eart, sea and all
di tins wey dey insaid dem.

16"Bifor-bifor, E let difren tribes dey du as dem laik,

17bot E nor stop to du gud for una, E dey giv una rain from hevun and fud from groun,
so dat una go chop and bele go swit una."

18Upon all dis tins wey Pol and Banabas tok, dem nor fit stop di pipol mak dem nor
du di sakrifias.

19Bot afta som Ju pipol wey kom from Antiok and Ikonium don win di pipol maind,
dem kon stone Pol, drag am komot from di tawn, bikos dem tink sey e don die.

20And as di disaipols gada roun am, e get up kon waka go bak to di tawn. Di next day,
en and Banabas kon komot go Derbe.

21Afta dem don prish God wod for dat tawn and meni pipol don turn from sin kom mit
God, dem kon go bak to Lystra, Ikonium and Antiok.

22Dem enkorage di disaipols sey mak dem get heart and mak dem kontinu to dey biliv
sey, "Wi go must sofa wel-wel for pipol hand, bifor wi go fit enta God Kindom."

23Wen dem don shuz eldas wey go lid di bilivas for di difren-difren shosh, dem kon
pray and fast sey, mak God protet dem.

24Dem kon liv Pisidia go Pamfilia

25and wen dem don prish for Perga, dem kon go Attalia.

26From der, dem enta ship go Antiok, wer dem for first pray for dem, for di wok wey
dem jos finish naw.

27Wen dem rish Antiok, dem gada di pipol kon tel dem all di tins wey God yuz dem
du and haw E opun road for Gentai pipol to biliv.

28So dem stay der for somtaim wit di bilivas.

Apostols 15

1Som men kom from Judea kon dey tish di brodas sey, "Unles dem sekonsaiz una di
way Mosis tok for di law, una nor go fit get salvashon."

2Wen Pol and Banabas don argue wit di pipol wel-wel, di shosh pipol kon send Pol
and Banabas wit som oda pipol go Jerusalem go mit di apostols and di eldas, so dat
dem go ask dem abaut di mata.

3So di shosh send dem go and as dem dey go, dem pas Fonicia and Samaria kon tel
pipol wey dem mit for der haw Gentai pipol tak turn from dia sin kom mit God and di
stori mak all di brodas wey hear am, hapi wel-wel.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4Wen dem rish Jerusalem, di hol shosh wit di apostols and di eldas kon welkom dem, den dem tel dem evritin wey God don yuz dem du.

5Bot som Farisi wey don biliv Kraist stand-up kon sey, "E gud mak wi tel Gentai pipol mak dem sekonsaiz and du evritin wey Mosis law tok."

6Di apostols and di eldas kon hol mitin to tok abaut di mata.

7Afta dem don argue wel-wel abaut di mata, Pita kon stand-up sey, "My brodas, una no sey bifor-bifor, na mi God shuz mak e go prish giv Gentai pipol mak dem hear and biliv en wod.

8"And God, wey no wetin dey insaid pipol maind, don show ensef to dem wen E giv dem di Holi Spirit, jos as E giv us

9and E nor du wayo bitwin wi and dem bikos, E mak dia heart klin by fate.

10"So why una won kon trai God? Load wey wi and awa gran-gran papa dem nor fit kari, why una dey put am for dis disaipols head?

11"Wi biliv sey God save us tru grace wey kom from Jisos Kraist, jos as E du for dis Gentai pipol tu."

12Evribodi wey dey for der kon kwayet dey hear wetin Banabas and Pol dey tok and dem tel dem abaut di mirakols and wondas wey God yuz dem du among Gentai pipol.

13Afta dem don tok finish, James ansa, "Awa brodas, mak una hear wetin I won tok.

14"Simeon don tel us haw God first shuz som pipol from Gentai wey go dey tok abaut am.

15"Dis tins gri wit wetin di profets tok bifor sey:

16'Afta all dis tins, I go kom bak and I go build David haus wey don fal; I go build am wit all di sand wey skata for groun and e go strong again,

17so evribodi go kom mit God, plus Gentai pipol wey I don kol to bi my pipol.' God wey mak all dis tins, na so E tok

18and E no sey na so e go bi.'

19"So, I go sey mak wi nor mak tins hard for Gentai pipol wey jos start to serv God,

20bot insted, mak wi rite leta go giv dem sey, mak dem nor chop fud wey dem sakrifias giv juju and mak dem nor slip wit hu dem nor mari, anima wey dem kil and di blood nor tosh groun, mak dem nor chop or drink en blood.

21"Bikos na since awa gran-gran papa dem taim dem don dey prish Mosis law for di sinagog for evri Sabat Day."

22So di apostols, eldas and di hol shosh kon gri sey dem go send som men folo Pol and Banabas go Antiok. Den shuz Judas, wey dem dey kol Basabas and Silas and dem bi ledas among di brodas.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

23Na wetin dem rite for di leta, bi dis, "From di apostols and eldas wey bi una brodas, to all di brodas and sistas wey bi Gentai wey dey Antiok, Syria and Silicia. Wi grit una o-o!

24"Wi hear sey som pipol kom mit una sey dem kom from us, ivun doh wi nor send dem. Dem dey konfuz and tel una wetin go disturb una maind.

25"So all of us kon gri sey mak wi shuz pipol wey go folo Banabas and Pol, wey bi awa frend, kom mit una.

26"Dis men dey risk dia life, bikos of awa Oga Jisos Kraist name.

27"So wi send Judas and Silas wey go tel una all this tins by demsef.

28"Bikos wi and di Holi Spirit nor won put heavi load for una head, so na dis smol advise wi dey giv una:

29'Wi advise sey mak una forbid meat and blood wey dem don sakrifias giv juju and eni anima wey una kil wey en blood nor tosh groun. And mak una nor slip wit hu una nor mari.' If una forbid all dis tins, una go du wel!”

30So wen dem don send dem go, dem kon go Antiok and afta dem gada evribodi, dem kon giv dem di leta.

31Bikos of wetin dem rite put for di leta, all di pipol hapi wen dem read am out.

32Bot Judas and Silas, wey bi profet, enkorage di pipol and wetin dem tok kon mak di pipol heart strong.

33Afta dem don stay der tey smol, di brodas kon send dem bak wit peace to di pipol wey send dem kom.

34Bot Silas sey e go stil stay der for somtaim.

35Pol, Banabas and odas kon stil stay for Antiok dey tish and prish God wod.

36Afta som days, Pol kon tel Banabas, "Mak wi go bak go visit di brodas for all di tawn wey wi for prish God wod, so dat wi go no haw dem dey.”

37Banabas won kon kari Jon Mark folo bodi,

38bot Pol sey mak dem nor kari am, bikos na so e tak liv dem for Pamfilia bifor and e nor folo dem du di wok.

39Dis mata kon kause serious kworel, sotey dem kon seprate. Banabas tak Mark folo bodi and dem kon enta ship go Syprus,

40bot Pol shuz Silas and dem go mit di brodas and sistas kon pray mak God bless dem.

41Pol pas tru Syria and Silicia dey enkorage di pipol wey dey di shosh dem for der.

Apostols 16

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

1Pol kon stil go Derbe and Lystra. Won disaipol wey dem dey kol Timoti dey der. En mama na Ju wey biliv Kraist, bot en papa, na Greek.

2Di brodas wey dey Lystra and Ikonium dey tok gud abaut am.

3Pol wont mak Timoti folo am, so e sekonsaiz am, bikos di Ju pipol wey dey for di aria, no sey en papa na Greek.

4As dem dey go from tawn to tawn, dem kon dey pas di mesage wey di apostols and eldas for Jerusalem send to all di Gentai pipol wey biliv Kraist sey, mak dem obey.

5So di pipol for di shosh dey strong more-more for fate and dem kon dey plenti evriday.

6Dem pas tru Frigia and Galatia aria, bikos di Holi Spirit warn dem sey mak dem nor prish di mesage for Asia.

7Wen dem rish Mysia, dem kon trai to enta insaid Bitinia, bot Jisos Kraist Spirit nor alow dem enta,

8naim dem pas tru Mysia kon face Troas.

9Pol si dis vishon for nite: Won man wey kom from Masidonia stand dey beg am sey, "Mak yu kom help us for Masidonia!”

10Wen Pol si dis vishon finish, wi kon trai to go Masidonia. Wi kon biliv sey God don kol us mak wi go prish di Gud News to di pipol wey dey der.

11Wi travol for wota from Troas and awa ship kon from der go Samotrace and di next day, wi go Neapolis

12and from der, to Filipai wey bi numba won tawn for Masidonia, wey Rome dey rule. Wi stay for dis tawn for som days.

13Wen Sabat Day rish, wi komot from di tawn go di wotasaid, wer wi tink sey wi go si wer dem for dey pray, naim wi sidan kon start to dey tok to di wimen wey gada for der.

14E get won wuman wey dey listin to us, en name na Lydia and e kom from Tiatira. E dey fear God wel-wel and dey sel purpol klot. God opun en heart to biliv evritin wey Pol tok.

15Afta en and en famili don baptize, e kon beg us sey, "If una don asept mi as pesin wey biliv Kraist, mak una kon stay for my haus." So e beg us ontil wi gri.

16Won day, as wi dey go di place wer dem for dey pray, won slave girl wey get spirit wey dey mak am si vishon, kon si us. Di girl oga dey yuz am mak plenti moni, enitaim e tel pipol wetin go hapun.

17Di girl kon dey folo mi and Pol for bak kon dey shaut sey, "Dis pipol na God savants -o-o, dem dey prish to una abaut haw una go tak dey save.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18E kontinu to dey shaut laik dis for meni days. So di tin ves Pol wel-wel, naim e turn face di girl kon tel di spirit, "I komand yu wit Jisos Kraist name, komot for dis girl bodi!" At wons, di spirit komot from di girl bodi.

19Bot wen di pipol wey get di girl si sey wetin dem tak dey mak moni done go, dem seize Pol and Silas kon drag dem go mit di tawn oga dem for di market senta.

20Den dem drag dem go mit di joj dem kon sey, "All dis men dey kause wahala for dis tawn. Dem bi Ju

21and dem dey tish law wey nor bi awa own, since wi bi Rome pipol."

22All di pipol wey gada for der kon join put mout against dem and di joj dem kon giv orda sey, mak dem rimov Pol and Silas klot komot for dia bodi and flog dem wit heavi stick.

23Afta dem don flog dem wel-wel, dem put dem for prizin kon tel di warda mak e gaid dem wel-wel.

24Bikos of dis strong orda, di warda put dem for insaid-insaid di prizin kon hook dia leg wit big-big chains..

25Wen mid nite rish, Pol and Silas kon dey pray and sing song giv God and all di pipol wey dey di prizin dey listin to dem.

26At wons, di groun start to shake, sotey all di wall and pilas wey dey di prizin kon dey shake tu. Na wons di door opun and di chains wey dem tak hook di pipol wey dey di prizin, kon luz.

27Wen di warda wak-up kon si sey all di doors for di prizin opun, e bring en sword kom out, won kon kil ensef, bikos e tink sey all di prizinas don run.

28Bot Pol kon shaut, "Mak yu nor kil yorsef, all of us stil dey for here!"

29Naim di warda sey mak dem bring lite and e rush enta insaid di prizin kon fal for Pol and Silas front dey shake.

30E bring dem kom outsaid kon ask, "My oga dem, wetin I go du to dey save?"

31Dem ansa am, "Biliv Jisos Kraist and yu go dey save, both yu and all yor famili."

32Den, dem prish God wod giv en and all di pipol wey dey en haus.

33Dat nite, di warda kon wosh all dia sore; den en and en famili kon baptaiz.

34Di warda bring dem enta en haus kon put fud for tabol mak dem chop. E hapi wel-wel sey en and en famili don biliv God.

35Wen day break, di joj dem kon send polis men sey, "Mak una go riliz doz men."

36Di warda kon tel Pol, "Di joj dem don giv orda sey mak wi fri una. So mak una kon dey go."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

37Bot Pol tel di polis men, "Dem sey mak dem beat us for publik ivun wen dem neva joj awa kase, ivun doh sey wi bi Rome pipol, dem stil trow us for prizin. Naw, dem won fri us from bak mak pipol nor for no? Wi nor gri! Mak dem kom here by demsef kon riliz us!”

38Di polis men kon ripot wetin Pol tok giv di joj dem. Fear kash dem wen dem hear sey Pol and Silas na Rome pipol,

39so dem kon beg dem sey mak dem nor ves. Afta dem bring dem kom out, dem kon beg dem wel-wel sey mak dem liv di tawn.

40Wen dem don komot for prizin, dem enta Lydia haus and wen dem si di brodas, dem enkorage dem bifor dem liv di tawn.

Apostols 17

1Afta dem pas Amfipolis and Apollonia, dem kon rish Tesalonika wer won Ju sinagog dey.

2Pol go mit di Ju pipol for di sinagog as e dey du bifor and for tiri Sabat Day, e kon dey tish dem God wod,

3dey show dem haw God wod sey Kraist must sofa and e go raiz from grave. E tel dem, "Dis Jisos Kraist wey I dey tel una abaut so, naim bi di Kraist.”

4Som of dem wey biliv kon join Pol and Silas and meni Greek pipol wey dey fear God and som big-big wimen, join dem tu.

5Bot di Ju pipol kon dey jelos, naim dem gada aria boys wey dey waka abaut for market, tak form gang to skata di tawn. Dem atak Jason haus, bikos dem tink sey Pol and Silas dey der, so dat dem go bring dem out kon tak dem go di tawn hall.

6Wen dem nor si dem, dem kon drag Jason and som of en brodas go mit di tawn oga, dey shaut, "All dis pipol wey don start wahala for di wold, don rish here tu

7and Jason put dem for en haus laik visitor! Dem dey du wetin dey against Caesar law, dey tok sey anoda king dey wey en name bi Jisos Kraist!”

8Dem kause konfushon among di pipol wey gada and di tawn oga dem wey hear all dis tins.

9Afta di oga dem don kolet moni from Jason and di brodas, dem kon alow dem go.

10At wons, di brodas send Pol and Silas go Berea for nite. Wen dem don rish der, dem kon go di Ju sinagog.

11Dis Ju pipol get beta maind pas di wons wey dey for Tesalonika, bikos dem opun maind tak biliv di mesage and dem dey read God wod evriday to shek weda all di tins wey dem hear, na tru.

12Na so meni of dem tak biliv, ivun wit som big-big men and wimen wey bi Greek.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

13Bot wen di Ju pipol wey dey for Tesalonika hear sey Pol don rish Berea dey prish God wod, dem kon go der go kause wahala and spoil di pipol maind.

14Naim di brodas send Pol go di wotasaid, bot Silas and Timoti stil stay for Berea.

15Di pipol wey folo Pol, eskot am go rish Atens and afta, e orda dem sey mak Silas and Timoti kom mit am kwik-kwik for der, so dem kon go bak.

16As Pol dey Atens dey wait for dem, e kon dey ves for en spirit, bikos e si sey na so-so juju ful di tawn.

17So e tok to di Ju and Gentai pipol wey dey fear God wey dey insaid di sinagog and e stil tok to evribodi wey dey di market.

18Na so som wise men wey dey folo Epikorian and di wons wey bi Stoik dey folo am tok and som dey ask ish oda, "Wetin dis mumu and toku-toku tink sey e no wey e won tel us?" som stil sey, "E bi laik sey e dey prish abaut som gods from anoda tribe." (Dem tok so, bikos e dey prish di Gud News abaut Jisos Kraist and en resureshon.)

19So dem tak Pol go Areopagus kon tel am, "Wi beg, mak yu tel us abaut dis new tin wey yu dey tish so?

20"Bikos di tins wey yu dey tok, wi neva hear am bifor and wi laik to no wetin dem min."

21(Atens pipol and odas wey dey der, nor get eni oda wok pas mak dem sidan dey tok stori abaut eni new tin wey dey hapun.)

22So Pol stand for Areopagus front kon sey, "My pipol wey dey for Atens, I si sey una laik God mata wel-wel.

23"Bikos as I waka roun dey luk all di tins wey una dey woship, I ivun si won shrine wey dem rite put sey: 'To di god wey pipol nor no.' So wetin una dey woship wey una nor no, naim I kon tel una abaut today.

24"God wey mak di wold and evritin wey dey insaid, wey bi di Oga for hevun and eart, nor dey stay insaid haus wey humanbin build

25and E nor wont mak humanbin gi-am somtin laik sey E nid enitin, bikos naim dey giv life and air wey wi dey breat.

26"Na tru won man E mak all di tribes wey dey for di wold and E tok di taim and boundari wer dem go stay rish,

27so dat dem go luk for God kon si-am, ivun doh E nor dey far from all of us.

28"Bikos na insaid am wi dey liv, waka, get life and som of una wey dey rite poem tok sey, 'Wi tu na God pikin.'

29"So, as e bi sey wi bi God pikin, mak wi nor tink sey God bi laik image wey humanbin yuz gold, siliva or stone tak mak.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

30"God don forgiv us for di taim wen wi nor no wetin wi dey du, bot naw, E dey komand pipol for evriwer sey mak dem turn from sin kom mit am,

31bikos E don shuz won day wey E go tak joj di wold wit raitiousnes tru di man wey E shuz and show evribodi wen E raiz-am from deat."

32Wen di pipol hear sey pipol go raiz from deat, som kon dey laff, bot odas kon sey, "Wi go hear dis mata from yu anoda day."

33So Pol kon komot from Areopagus.

34Bot som pipol wey biliv Kraist kon join am. Insaid dis pipol wey biliv so, na Dionysius wey bi memba for Areopagus and won wuman wey dem dey kol Damaris, wit oda pipol wey join dem.

Apostols 18

1Afta dis tins, Pol komot from Atens go Korint.

2For der, e kon si won Ju wey dem dey kol Akwila, wey kom from Pontus and e jos kom bak from Itali wit en wife Prisila, bikos Klaudios orda sey mak all Ju pipol komot from Rome. Pol go mit dem

3and bikos dem dey du di same wok, e kon stay wit dem dey folo dem wok (na tent dem dey mak sel).

4E dey tok to both Ju and Greek pipol for di sinagog evri Sabat, so dat dem go biliv.

5Wen Silas and Timoti kom from Masidonia, Pol kon yuz all en maind dey prish di wod, dey bear witnes giv di Ju sey, na Jisos bi di Kraist.

6Wen dem opoz and kos am, e shake en dress kon sey, "Mak una blood dey una head, bikos I nor du eni bad tin and from today go, I go-go prish for Gentai pipol!"

7Den Pol komot for di sinagog go Titus Justus haus; di man na Gentai wey dey woship God and en haus dey near di sinagog.

8Krispus, di oga for di sinagog and en famili, plus meni Korint pipol wey hear abaut Jisos Kraist, biliv and dem kon baptaiz dem.

9Jisos kon tel Pol for vishon for nite, "Mak yu nor kwayet bikos of fear, bot mak yu opun yor mout dey tok,

10I dey for yor side and nobodi go fit du yu enitin, bikos I get plenti pipol for dis tawn."

11So e stay der for won year and sis monts dey tish di pipol God wod.

12Wen Gallio dey rule for Akaya, Ju pipol join togeda atak Pol kon kari am go di jojment seat.

13Dem sey, "Dis man dey bribe pipol to woship God and dat tin dey against awa law!"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14Bot jos as Pol won start to tok, Gallio kon tel di Ju pipol sey, "If na bikos of won offens or serious wayo, I for listin to una komplain,

15bot since na mata abaut wod, name and una own law, mak una go setol am by unasef. I nor go joj all doz kaind tins!”

16So e driv dem komot from di jojment seat.

17Dem kon sieze Sostenes, wey bi oga for di sinagog kon start to beat am for di jojment seat front. Bot Gallio du laik sey all dis tins nor konsan am.

18Afta e don stay meni days for Korint, Pol kon tel all di brodas bye-bye, den e enta ship go Syria and Prisila and Akwila folo am go. For Senkria, e kon kut en hair bikos e mak vow.

19Wen dem rish Efisos, Pol kon liv Prisila and Akwila for der, bot en ensef enta di sinagog go folo di Ju pipol tok.

20Wen dem sey mak e stay wit dem smol, e nor gri,

21bot e tel dem bye-bye kon sey, "If God wont, I go kom again kon si una." Den e enta ship from Efisos

22and wen e rish Sizeria, e pas go Jerusalem go salot di pipol for di shosh wey dey der, bifor e go Antiok.

23Afta e don stay smol for der, Pol komot kon travol pas all di aria wey dey Galatia and Frigia, dey enkorage all di disaipols.

24E get won Ju man, en name na Apollos and e from Alexendria go Efisos. Apollos sabi tok and e no di Bibol wel-wel.

25Dem don tish am abaut Jisos and na wit high spirit e tak dey tok and tish abaut Jisos Kraist, bot na onli Jon baptism, e no rish.

26E kon dey tok wit boldnes for di sinagog, bot wen Prisila and Akwila hear am dey tok, dem kol am go kona kon explain God wod giv am wel-wel.

27Wen Apollos won kros go Akaya, di brodas enkorage am kon giv am leta mak e giv di disaipols, so dat dem go welkom am. Wen e rish der, e kon join dey help di bilivas,

28bikos e nor gri wit wetin di Ju pipol dey tok for publik and e show dem from di Bibol sey na Jisos Kraist, bi di Mezaya.

Apostols 19

1For di same taim wen Apollos dey Korint, Pol travol pas insaid tawn ontil e rish Efisos. For der, e mit som disaipols

2kon ask dem, "Una don risiv di Holi Spirit, since una don biliv Kraist?" Dem ansa, "No! Wi neva ivun hear sey Holi Spirit dey.”

3Pol ask dem, "Na haw dem kon tak baptaiz una?" Dem ansa, "Na Jon baptism.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4Pol kon tel dem, "Jon baptaiz pipol wey turn from sin kom mit God wit wota kon tel dem mak dem biliv di pesin wey go kom afta am and na dat pesin, bi Jisos Kraist.”

5Wen dem hear wetin Pol tok, dem kon baptaiz dem wit Jisos Kraist name

6and as Pol put hand for dia head, di Holi Spirit enta dem and dem kon start to speak difren language, dey profesai.

7(Na twef disaipols Pol folo tok.)

8So Pol enta di sinagog kon dey tok wit boldnes for tiri monts. E dey show di pipol haw dem go tak biliv God Kindom.

9Bot wen som of di stuborn pipol nor gri biliv, dem kon dey spoil Jisos Kraist name for all di pipol front, so Pol wit en disaipols kon liv dem. Pol kon dey tak en disaipols folo bodi evriday, go tish for Tiranus Hall.

10Dis tin kontinu for tu years ontil evribodi wey dey stay for Asia aria, weda na Ju or Greek, hear God wod.

11Dat taim, God yuz Pol dey du meni wondaful mirakols,

12ivun handkachef and klot wey dem tak tosh Pol bodi, dey heal sik pipol and driv evil spirit from pipol bodi, wen dem yuz am tosh dem.

13Bot som Ju wey dey waka abaut kon trai to kol Jisos Kraist name for pipol wey evil spirit dey disturb dey sey, "I kommad yu wit Jisos Kraist name wey Pol dey prish.”

14(So, Skeva wey bi Ju prist, get sevun sons wey dey du dis kaind tin.)

15Bot di evil spirit ansa dem, "Yes! I no hu Jisos Kraist bi, I stil no Pol tu, bot hu una bi?”

16Naim di man wey di evil spirit dey insaid en bodi kon jump for dia bodi beat dem wel-wel, ontil dem start to beg. E beat dem til dem run komot from di haus wit nakednes and all dia bodi ful wit sore.

17Wen evribodi wey dey stay Efisos, both Ju and Greek, hear di stori, fear kash dem and Jisos Kraist name kon dey reign.

18Meni pipol wey nor biliv, kom out kon dey konfes all di bad tins wey dem dey du.

19Som wey dey du magic, bring all dia books kon burn dem to ashes for evribodi front. Wen dem add di price for all di books, e rish fifti tazon silva koins (50,000).

20So God wod kon dey grow more-more and dem kon dey win meni souls.

21Afta all dis tins hapun, Pol kon sey e go-go Jerusalem tru Masidonia and Akaya. E plan sey, "Afta I don rish der, I go stil go Rome.”

22So, afta e send tu men wey dey help am, Timoti and Erastus go Masidonia, e kon stil stay Asia smol.

23Dat taim serious wahala hapun bikos of "Kraist Way" wey dem dey prish.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

24E get won man, en name na Demetrius and e dey mod silva image. Na dis man mod Artemis shrine and dey help pipol wey dey mod, mak plenti moni.

25Di man kon gada all di pipol wey dey mod, wit oda men wey dey du dat kaind wok, den e tel dem, "My pipol, una no sey na dis biznes wi tak dey chop.

26And una don si and hear sey dis Pol don tak meni pipol komot from awa hand. Nor bi onli for dis Efisos, bot for di hol Asia, bikos e dey tel dem sey di gods wey dem mod, nor bi god at-all.

27"So, if wi nor du somtin, awa biznes go spoil and nor bi onli dat won, bot pipol nor go respet di tempol wey awa juju, Artemis, dey stay again and dis wuman wey di hol Asia dey woship, nor go get pawa again."

28Wen di pipol hear dis tins, dem ves wel-wel kon start to shaut, "Artemis wey dey Efisos, na yu bi awa god!"

29Di hol tawn kon dey shake wit nois and all di pipol rush go di stadium dey drag Gaius and Aristakus and di Masidonia pipol wey dey eskot Pol.

30Bot wen Pol won enta di stadium, di disaipols nor alow am.

31Ivun som of di oga dem wey bi en frend, send mesage go mit am sey, mak e nor enta di stadium.

32Na so all di pipol dey shaut enihaw and konfushon kon ful evriwer, meni pipol wey gada dey shaut, nor ivun no why dem gada.

33Som pipol sey na abaut Alexander, bikos di Ju pipol don push am go front. Alexander wave en hand kon sey, mak dem kwayet, mak e for fit tok to difend di Ju pipol.

34Bot wen dem si sey na Ju e bi, dem kon start to shaut again, "Artemis wey dey Efisos, na yu bi awa god!" Dem shaut laik dis rish tu hours."

35Afta di tawn secretary don mak di pipol kwayet, e kon sey, "My pipol wey dey Efisos, wish pesin dey among una wey nor no sey na Artemis bi Efisos god wey fal from hevun?

36"So bikos nobodi fit argue dis mata, mak una kwayet and mak una nor du enitin wey nor get head.

37"Una don bring dis men kom here, nor bi bikos dem spoil di tempol or kos awa goddess.

38"If Demetrius and di pipol wey dey wit am get eni komplain against enibodi, kourt dey and joj dem dey der tu. So mak dem tak dia kase go der.

39"Bot if una wont enitin wey pas dis won, na kourt dem go for setol am.

40"Bikos dem fit tak all of us go kourt today sey wi dey riot, bikos wi nor get eni rizin for dis konfushon wey dey hapun so."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

41Afta e tok finish, e kon sey mak evribodi go dia haus.

Apostols 20

1Afta di wahala for Efisos, Pol send for di disaipols and afta e enkorage dem, e tel dem bye-bye kon komot der go Masidonia.

2Afta e waka roun di aria, e enkorage di bilivas wey dey der kon go Greece.

3E stay for der for tiri monts. Bikos Ju pipol don plan to wait mak dem kash am, as e won enta ship go Syria, e kon go bak tru Masidonia.

4Pipol wey folo Pol go, na Sopater, wey bi Frius pikin wey kom from Berea; Aristakus and Sekondus wey kom from Tesalonika; Gaius from Derbe; Timoti wit Tikikus and Trofimus wey kom from Asia.

5All dis pipol don go for front go wait us for Troas.

6Wi enta ship from Filipai afta di Passova Fist and afta faiv days, wi mit dem for Troas kon stay der for sevun days.

7For di first day for di wik, wen wi hol mitin to break bread togeda, Pol kon start to tok wit di pipol and bikos e won go di next day, e kon prish til mid-nite.

8(For di room for upstair wer wi for dey mit, lamp meni for der),

9won boy wey dem dey kol Eutikus, sidan for di window kon dey slip as Pol dey prish. Di slip kari am go, so e fal from di tiri storey and wen dem rush go kari am, dem si sey e don die.

10Bot Pol go dan, laidan on-top di boy, kon put en hand roun am sey, "Mak una nor wori, bikos e stil dey alaif!”

11Den Pol go upstair and afta e don break bread wit dem, e folo dem tok til day break. Den e kon komot from der.

12Dem tak di boy go haus kon dey hapi sey e dey alaif.

13Wi waka go wer di ship dey kon go Assos, so dat wi go kari Pol for der, bikos e plan sey e go pas land go der.

14Wen e mit us for Assos, wi kari am for di ship kon go Mitilene.

15From der, wi move and di next day, wi kon rish Miletus.

16Pol don sey e go travol pas Efisos mak e for nor spend taim for Asia, bikos e dey hurri mak e for kwik rish Jerusalem for Pentecost Day.

17From Miletus, e send mesanga go Efisos sey mak di eldas wey dey di shosh kon mit am der.

18Wen dem kom, e tel dem, "All of una no haw I dey liv my life since di taim wey I dey wit una and from di first day wey I enta Asia,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

19haw I nor dey kari bodi up as I dey serv Jisos wit pain and wahala wey I dey face,
bikos of wiked plan wey Ju pipol get for mi.

20"Una no sey I nor stop to dey tel una enitin wey go help una and I tish una for
publik and for una haus.

21"I dey prish giv Ju and Greek pipol sey mak dem turn from sin kom mit and serv
God and put dia fate for awa Oga Jisos Kraist.

22"Naw, di Spirit dey lid mi go Jerusalem, ivun doh I nor no wetin go hapun to mi for
der,

23esept sey di Holi Spirit dey warn mi sey, from tawn to tawn, na prizin and sofa dey
wait for mi.

24"Bot I nor kount my life to min enitin, so dat I go fit finish my wok and di ministri
wey I risiv from Jisos Kraist, wey bi to prish abaut di Gud News wey go mak pipol
undastand God grace.

25"Naw, I no sey non of una wey I prish God kindom giv, go si mi again.

26"So, I won tel una naw sey, nobodi blood dey for my head.

27"Bikos I nor hide enitin from una, as I dey tel una abaut God plan.

28"Mak una tak kare of unasef and all di pipol wey di Holi Spirit don put unda una,
bikos na una bi di lidas for God shosh, wey E buy wit en onli pikin blood.

29"I no sey afta I don go, wiked pipol wit bad maind go kom join una. Pipol wey nor
go sori for di ship.

30"Ivun among una, som men go stand dey tish lai-lai tins kon draw pipol folo bodi.

31"So mak una shine una eye and rimemba sey, for day and nite for tiri years, I nor
stop to dey krai, as I dey warn una.

32"Naw, I liv una for God hand, so mak en wod wey get grace, kip una. Dis wod wey
get grace fit mak una grow and get share wit all God pipol.

33"Since una no mi, I nor put eye for enibodi gold, silva or koat.

34"Una no sey na dis my hand I tak dey wok and get evritin wey I wont and ivun dey
help pipol wey dey wit mi.

35"Laik dis, I don show una sey wi must help oda pipol wey wik and una rimemba
wetin Jisos Kraist tok, wen e sey, 'E beta mak pesin dey giv pipol tins, dan mak e dey
kolet from dem.'"

36Wen e tok all dis tins finish, e nil dan wit all of dem kon pray.

37All of dem start to krai, as dem draw Pol near bodi kon dey kiss am.

38Wetin Pol tok kon mak dem wik, bikos e sey, "Una nor go si mi again." So dem folo
am go rish wer di ship dey.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Apostols 21

1Afta wi don liv dem, wi enta ship kon travol go Kos. Di next day, wi go Rhodes and
from der, wi kon go Patara.

2Wi si won ship dey kros go Fonicia, so wi kon enta am.

3Afta wi rish Syprus, wi kon liv der travol go Syria, kom stop for Tyre, bikos di ship
won put load dan.

4Wi kon go faind di disaipols wey dey for di tawn, wen wi si dem, wi stay wit dem for
sevun days. Dem kon tel Pol meni taims sey mak e nor go Jerusalem.

5Wen wi don stay der for somtaim, wi kon travol komot der. All of dem wit dia wife
and pikin eskot us go outsaid di tawn. Wi nil dan pray for di riva

6kon tel dem bye-bye and as wi enta ship, dem kon go bak to dia haus.

7Wi kontinu awa joni from Tyre go rish Ptolemais and wen wi don grit di brodas, wi
stay wit dem for won day.

8Di next day, wi liv der kon go Sizeria. For der, wi enta Filip haus. Dis Filip na
evangelist and e dey among di sevun dikins wey dem shuz for Jerusalem, den wi kon
stay der wit am.

9(E get for dotas wey neva mari, wey dey profesai.)10As wi stay der for som days,
won profet wey en name na Agabush kom from Judea.

11E waka kon mit us, tak Pol belt tie en hand and leg kon sey, "Di Holi Spirit sey, 'Na
so di Ju pipol wey dey Jerusalem go tie di man wey get dis belt kon kari am giv
Gentai pipol.'"

12Wen wi hear wetin e tok, wi and di pipol wey dey der kon beg Pol sey mak e nor go
Jerusalem.

13Bot Pol ansa, "Wetin una dey du so, una dey krai dey won break my heart? I redi,
nor bi onli mak dem tie mi, bot to die for Jerusalem, bikos of Jisos Kraist name."

14Bikos wi nor fit stop am again, wi kon kip kwayet and onli en kon sey, "Wetin God
wont mak e hapun, go hapun."

15Afta dat day, wi priper kon go Jerusalem.

16Som disaipols from Sizeria folo us go, dem kon bring us kon Mnason for Syprus
haus, wey bi won of di first disaipols and wi stay der wit am.

17Wen wi rish Jerusalem, di brodas welkom us wit hapines.

18Di next day, Pol kon folo us go si James and all di eldas wey dey der.

19Wen Pol don grit dem, e kon start to tok di stori abaut wetin God don du for Gentai
pipol tru en ministri.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

20Wen dem hear dis, dem kon dey praiz God. Den, dem tel am, "Yu si, awa broda, haw meni tazon Ju don biliv and dem stil dey obey di law?

21"Dem hear sey yu dey tish Ju pipol wey dey stay wit Gentai pipol, sey mak dem trowey Mosis law; mak dem nor sekonsaiz dia shildren again and mak dem nor folo awa laws again.

22"So, wetin wi go du? Bikos dem go rili hear sey yu don kom.

23"So mak yu du wetin wi won tel yu: For men dey wit us here wey mak vow;

24tak dem folo bodi mak una go du wetin Mosis law tok and mak yu pay all di moni wey dem spend tak shave dia head. Den, evribodi go no sey all di stori wey dem hear abaut yu, nor bi tru and dem go si sey yu yorsef dey obey di law.

25"Bot konsanin Gentai pipol wey don biliv, wi don rite leta go giv dem sey, mak dem forbid meat wey dem sakrifais giv juju, anima wey dem kil and e blood nor tosh groun and mak dem nor slip wit hu dem nor mari."

26Di next day, Pol tak di men and afta e don join dem du wetin Mosis law tok, e go di Tempol kon sey, dem don obey di law and dem redi to offa di sakrifais.

27Wen di sevun days don dey finish, di Ju pipol wey kom from Asia kon si-am for di Tempol, naim dem start wahala and pipol kon gada. Dem seize Pol

28dey shaut sey, "Izrel pipol, mak una kom o-o! Dis na di man wey dey tish pipol for evriwer, abaut tins wey dey against awa pipol, awa law and against dis Tempol. Ivun sef e don bring Greek dem enta insaid di Tempol kon mak dis holi place dirti."

29(Bikos dem si Trofimus wey kom from Efisos for di tawn wit am bifor, so dem kon tink sey, Pol don kari am enta di Tempol.)

30Di hol tawn start to shake and all di pipol kon gada. Dem seize Pol, drag am komot from di Tempol kon klose di door.

31As dem dey trai to kil-am, news kon rish di komandin ofisa for di Roman armi wey dey gaid di tawn sey, di hol Jerusalem don skata.

32At wons, e kari plenti sojas and offisas kon run go wer di pipol gada. Wen dem si di komandin ofisa and di sojas, dem kon stop to beat Pol.

33Den di komandin ofisa arres am kon giv orda sey mak dem tie am wit tu chain. E ask am hu e bi and wetin e du.

34Som pipol for di crowd kon dey tok difren-difren tins and wen di komandin ofisa nor fit no wetin kause di wahala, e kon giv orda sey, mak dem kari Pol go barrak.

35Wen e rish di step for di Tempol, di sojas kon kari Pol, bikos of di crowd wey won kil-am.

36So dem folo di sojas for bak kon dey shaut, "Kil am!"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

37As dem won kari Pol enta di barrak, e kon ask di komandin ofisa, "I go fit tok to yu first?" Di ofisa ansa, "So yu dey hear Greek language?

38"So nor bi yu bi dat Egypt man wey start wahala kon kari for tazon men wey dem dey kol 'Assasins' go insaid desert?”

39Pol ansa, "I bi Ju wey kom from Tarsus wey dey Silicia. I bi citizin for dis tawn and dem no mi wel-wel. Abeg alow mi folo di pipol tok.”

40Wen di komandin ofisa alow am, Pol kon stand for di step, wave en hand sey mak dem kwayet. Wen evriwer don kwayet, e kon yuz Aramaic language folo dem tok.

Apostols 22

1"My brodas and fadas, mak una hear mi as I dey difend mysef.”

2(Wen dem hear sey e dey tok to dem wit Aramaic language, dem kon kwayet wel-wel.) Den Pol sey,

3"I bi Ju wey dem born for Tarsus wey dey Silicia, bot na for dis tawn I for grow, I go school and learn awa gran-gran papa dem law wel-wel unda Gamaliel and I get maind to serv God wel-wel, jos as una bi today.

4"I sofa Kristens and I dey kil pipol wey dey serv God, dey tie pipol trow for prizin, weda dem bi man or wuman

5and ivun di High Prist and di kansol eldas no abaut mi. From dem, I kolet leta go giv dia brodas wey dey for Damaskus, so dat I go arres pipol wey biliv Kraist kon bring dem kom Jerusalem put for prizin.

6"As I dey go, near Damaskus, aroun aftanun, won kaind lite from hevun kon shine roun mi.

7"Den I fal for groun kon hear won vois wey sey, 'Sol, Sol, why yu dey ponish mi?’

8"I ansa, 'Hu yu bi Oga?' E kon sey, 'I bi Jisos Kraist wey kom from Nazaret, wey yu dey ponish.’

9"Di pipol wey folo mi si di lite, bot dem nor undastand di vois wey dey tok to mi.

10"So I ask am, 'Oga! Wetin yu wont mak I du?' Di Oga ansa, 'Get up mak yu go Damaskus; for der, dem go tel yu evritin wey God don shuz sey yu go du.’

11"Bikos of haw di lite shine for my eye, I nor fit si again, so di pipol wey dey folo mi kon hol my hand go Damaskus.

12"Won man wey dem dey kol Ananias, wey dey holi and dey serv God akordin to di law and di Ju pipol wey dey stay der, dey tok gud abaut am.

13"Na di man kom mit mi, stand near mi sey, 'Broda Sol, mak yu bigin si again!' So for dat same taim, I luk up kon si-am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14"Den e sey, 'God wey awa gran-gran papa dem serv don alredi shuz yu to du wetin e
wont and to tak yor eye si di Raitious Pesin. So mak yu hear and listin to am,

15bikos yu go bi en witnes to all di pipol, abaut wetin yu don si and hear.

16'Naw, wetin yu dey wait for? Get-up, mak dem baptaiz yu, so dat God go forgiv yu
yor sin, as yu kol en name.

17"Wen I go Jerusalem bak and dey pray for di Tempol, I kon si vishon

18and Jisos Kraist sey, 'Mak yu komot for Jerusalem kwik-kwik, bikos dem nor go
asept wetin yu dey tok abaut mi.'

19"I ansa, 'Oga, dem diasef no sey I dey beat and trow pipol wey biliv yu put for
prizin.

20"And wen dem kil yor savant Steven, I stand der sopot dem kon kip dia klot for
dem.'

21"Bot di Oga sey, 'Go, bikos I go send yu go far-far go mit Gentai pipol.'"

22As e tok finish, pipol wey gada dey listin to am kon dey shaut, "Kari dis man
komot! Mak dem nor alow am liv!"

23As dem dey shaut dey ves pul shirt and trowey san-san,

24di komandin ofisa kon giv orda sey mak dem tak Pol go insaid barrak. E sey mak
dem flog and ask Pol kweshon, so dat dem go fit no why di pipol dey shaut for Pol
head laik dat.

25Wen dem don put am for groun mak dem start to flog am, Pol kon ask di soja wey
stand near am, "E dey rite mak una flog pesin wey bi Roman citizin, wen dem neva joj
en kase?"

26Wen di soja hear dis, e go tel di komandin ofisa, "Wetin yu won du so? Dis man
kom from Rome o-o."

27So di komandin ofisa ask Pol, "Tel mi, yu bi Roman citizin?" Pol ansa, "Yes."

28Di komandin ofisa kon sey, "Na big moni I spend to bi Roman citizin." Pol ansa,
"Bot dem born mi for Rome."

29Den doz men wey bi won ask am kweshon kon komot and fear kash di komandin
ofisa wen e no sey Pol, wey dem tie, na Roman citizin.

30Di next day, bikos di komandin ofisa won no di rizin wey mak di Ju pipol dey akiuz
Pol, e riliz am kon orda di prist oga dem and di hol kansol mak dem gada. So e bring
Pol kon stand for dia front.

Apostols 23

1Pol luk di kansol pipol kon tel dem, "My brodas, I dey liv my life wit klin maind for
God eye kon rish today."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

2Bikos of wetin e tok, Ananias wey bi di High Prist kon orda di pipol wey stand near Pol sey mak dem slap am for mout.

3So Pol tel am, "God go slap yu tu, yu wey dey pritend! Yu sidan dey joj mi wit di law, yu nor dey disobey di law wen yu sey mak dem slap mi?”

4Di pipol wey stand near am kon sey, "Yu dey kos God High Prist?”

5Pol ansa, "I nor no bifor sey naim bi di High Prist, bikos God wod sey, 'Mak yu nor tok bad abaut di pesin wey dey rule yor pipol.'“

6Den wen Pol no sey som pipol wey dey der na Sadusi and odas na Farisis, e kon shaut mak di hol kansol hear, "My brodas, I bi Farisi, na Farisi pesin born mi. Dem dey joj mi today, bikos I put hope sey pipol wey don die go wak again!”

7Wen e tok dis tin, kworel kon start bitwin di Farisi and di Sadusi pipol and di kansol kon divide.

8(Bikos Sadusi pipol biliv sey pipol wey don die, nor go wak again and dem nor biliv sey enitin laik angel or spirit dey sef, bot Farisi pipol biliv all dis tins.)

9So kworel kon start bitwin dem and som oga for law mata wey bi Farisi pipol kon stand-up dey opoz di Sadusi pipol sey, "Wi nor si enitin bad wey dis man du. Una no weda na spirit or angel tok to am?”

10Wen di arguement kon tu mush and di komandin ofisa dey fear sey dem go tear Pol to pisis, e kon orda en sojas mak dem enta di mitin and kari Pol komot for der by fos.

11For nite for di next day, Jisos kon stand near Pol tel am for vishon, "Mak yu nor fear, bikos as yu don testifi abaut mi for Jerusalem, na so yu go stil du for Rome.”

12Wen mornin rish, som Ju pipol kon gada dey mak bad plan and dem swear sey dem nor go chop or drink enitin ontil dem kil Pol.

13Di pipol wey mak dis bad plan pas forti.

14Dem go mit di prist oga dem and di eldas tel dem sey, "Wi don swear sey wi nor go chop enitin ontil wi kil Pol.

15So mak una and di kansol tel di komandin ofisa mak e bring Pol kom mit una, laik sey una won joj en kase again. Wi redi to kil-am, bifor e go rish dis place.”

16Bot wen Pol sista pikin hear abaut dis plan, e run go insaid di barrak go tel Pol.

17Pol kon kol won soja oga tel am, "Tak dis boy go mit di komandin ofisa, bikos e get somtin wey e won tel am.”

18So di soja oga tak di boy go mit di komandin ofisa kon sey, "Pol, wey dey prizin, sey mak I bring dis boy kon mit yu, bikos e get somtin wey e won tel yu.”

19Di komandin ofisa hol di boy for hand go won kona kon ask am, "Wetin yu won tel mi?”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

20Di boy ansa, "Ju pipol dey plan sey dem go ask yu mak yu bring Pol kom di kansol tumoro, laik sey dem won ask am kweshon again.

21"So mak yu nor alow dem disiv yu, bikos dem pas forti wey hide for bush won kil-am. Dem don swear sey dem nor go chop or drink enitin, ontil dem don kil Pol. Naw, dem dey wait for yu to gri for wetin dem won ask yu."

22So di komandin ofisa tel di boy mak e dey go kon warn am sey, "Nor tel enibodi sey yu don ripot dis mata giv mi."

23Den e kol tu soja oga kon tel dem, "For nain o' klok dis nite, mak una redi tu ondred sojas wey go-go Sizeria, plus sevunti, wey go ride horse and tu ondred, wey go kari spear.

24"Mak una arange horse wey Pol go sidan put, so dat una go fit gaid am wel-wel go mit Felix wey bi di govnor.

25E rite leta laik dis:

26"From Klaudios Lysias to Govnor Felix, I salot yu!

27"Di Ju pipol seize dis man and dem nearli kil-am bifor I rish der wit my sojas. Wi kon save am from dia hand, bikos I faind out sey, e bi Roman citizin.

28"Bikos I won no di offence wey e komit, I kon kari am go dia kansol.

29"I kon si sey en offence, na abaut wetin dem dey argue abaut for dia law, bot e nor du enitin wey rish to kil-am or put am for prizin.

30"Wen won pesin tel mi sey dem dey plan to kil-am, naim I send am kon mit yu at wons and I stil orda di pipol wey dey akuiz am mak dem kom tok wetin e du for yor front."

31So di sojas kari Pol for nite ontil dem rish Antipatris, jos as dia oga komand dem.

32Di next day, di tu soja oga liv di men wey dey ride horse folo Pol and dem kon go dia barrak bak.

33Wen di men wey dey ride horse rish Sizeria, dem kon tak Pol and di leta giv di govnor.

34Wen di govnor don read di leta, e ask dem wer Pol from kom. Wen e hear sey e kom from Silicia,

35e kon sey, "I go hear yor kase wen di pipol wey akuiz yu rish here." Den e orda sey mak dem gaid Pol for insaid Herod palise.

Apostols 24

1Wen faiv days don pas, Ananias, wey bi di High Prist, kom wit som eldas and won lawya wey dem dey kol Tertullus and dem read wetin dem sey Pol du, giv di govnor.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

2Wen dem orda mak dem bring Pol kom out, Tertullus tel di govnor sey, "E don tey wen wi dey enjoy peace, bikos of haw yu dey rule and all di beta-beta tins wey yu dey du tak shange di kontri.

3"Oga Felix, wi dey si all dis tins wey yu dey du for evriwer. Na evriday wi dey tok abaut am and dey tank yu.

4"Bot mak my stori for nor long tu mush, I beg mak yu hear us wel-wel as yu dey always du.

5"Bikos wi don si dis man sey e faind trobol and kause wahala among all di Ju pipol for di wold and naim dey lid di gang wey dem dey kol, 'Di Nazarenes'.

6"E ivun tak Greek pipol enta di Tempol, so wi kon arres am.

7"Bot Lysias, di komandin ofisa kon tak am komot from awa hand wit fos.

8"So wen yu ask am kweshon, yu go fit hear by yorsef all di tins wey wi sey e du."

9As e dey tok, di Ju pipol tu dey sopot sey, wetin e tok, na tru.

10Wen di govnor sey mak Pol tok, e kon sey, "I no sey yu don bi joj for dis kontri for meni years naw, so I nor go fear dey tok as I dey difend mysef.

11"As yu go fit shek for yorsef, e neva pas twef days naw wey I go Jerusalem go woship.

12"Dem nor si mi dey argue wit enibodi or dey gada crowd for di Tempol veranda or insaid di sinagog or ivun for di hol tawn,

13dem nor fit show yu di offence wey dem akuiz mi sey I komit.

14"Bot I go let yu no sey I dey woship di God wey awa gran-gran papa dem dey woship, as dia tradishon tok (wey dis pipol sey na won kaind gang). Dem biliv evritin wey di law tok and wey di profets rite dan.

15"I get hope for God (di kaind won wey dis men get tu) sey won day, pipol wey don die, weda na bad or gud pipol, go wak-up.

16"Na bikos of dis I dey always trai my best to get klin bele for God and pipol front.

17"Afta meni years, I kom Jerusalem bak kon giv gift to poor pipol and offa sakrifas.

18"Dis na wetin I dey du wen dem si mi for di Tempol; I dey klin and I nor gada eni crowd or disturb enibodi.

19"Bot som Ju from Asia sopoz dey here dey tok di tin wey dem get against mi, if dem get enitin to tok at-all.

20"Or mak dis men wey dey here tok di krime wey I komit as I face di kansol,

21bikos if e pas dis won, I go shaut as I stand for dia front sey, 'Una dey joj mi today, bikos I biliv sey pipol wey don die, go wak-up.'"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

22Den Felix, wey bi sey e no di tru stori abaut di Way, prospone di kase kon sey, "Wen Lysias, di komandin ofisa kom, I go joj yor kase."

23E kon orda di soja oga mak e gaid Pol, bot mak e gi-am smol fridom and mak e nor driv en frends if dem won gi-am enitin.

24Afta somdays, wen Felix wit en wife Drusilia wey bi Ju, sidan togeda, dem kon sey mak dem bring Pol, so dat dem go listin to am, as e dey tok abaut haw pesin go fit tak biliv Jisos Kraist.

25Fear kash Felix, as Pol dey tok abaut di Gud News, sef kontrol and haw God jojment go tak kom, so e kon tel Pol, "Mak yu go first, wen I get taim, I go sey mak dem bring yu kom again."

26Bikos e dey hope sey Pol go bribe am, naim mak am sey mak dem bring Pol kom mit am meni taims.

27Afta tu years, Porcius Festus tak ova from Felix and bikos Felix won mak di Ju pipol hapi, e kon liv Pol for prizin.

Apostols 25

1Wen tiri days don pas, Festus komot from Sizeria go Jerusalem.

2So di prist oga dem and all di big men among di Ju pipol kon tel am wetin dem sey Pol du.

3Dem beg am sey mak e giv orda sey mak dem bring Pol kom Jerusalem bak, bikos dem plan to atak and kil-am for road.

4Den Festus ansa, Pol dey for Sizeria and mi mysef go soon go der.

5So e sey, "Mak yor lidas folo mi go der and if dis man du enitin wey bad, mak dem akiuz am."

6Festus nor stay rish ate or ten days wen e go Sizeria and di next day, e sidan for di jojment seat kon giv orda sey mak dem bring Pol kom.

7Wen Pol rish der, di Ju pipol wey kom from Jerusalem kon stand roun am, dey akiuz am sey e komit sin wey dem nor fit show.

8Pol difend ensef sey, "I nor komit eni offence against di Ju law or di Tempol or against Caesar."

9Bikos Festus won mak di Ju pipol hapi, e kon ask Pol, "Yu redi to go Jerusalem mak I joj yor kase for der?"

10Pol ansa, "I stand for Caesar jojment seat, na here dem go joj my kase. I nor komit eni offence to Ju pipol and ivun yu yorsef no.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11"I nor du bad and I nor komit eni offence wey dem fit tak kil mi, I nor dey trai to run sey mak dem nor kil mi, bot if evritin wey dem tok against mi nor bi tru, nobodi go fit kari mi, giv dem. I sey mak dem kari my kase go giv Caesar!”

12Festus kon sey, "Yu don tok sey mak Caesar joj yor kase, so, na Caesar yu go-go mit!”

13Afta som days, King Agrippa and Bernice go Sizeria, go salot Festus.

14As dem dey der for meni days, Festus kon tel dem abaut Pol kase, so dat e go hear wetin dem go tok abaut di mata, so e kol Agrippa kon sey, "Won man dey for here wey Felix liv for prizin.

15"Wen I dey Jerusalem, di prist oga dem and di eldas kon tel mi abaut am sey mak I kil-am.

16"Bot I ansa dem, 'Rome law nor gri mak dem kondem enibodi wen e neva face and difend ensef bifor pipol wey dey akiuz am.’

17"So afta dem folo mi kom here, I kon prospone di kase, bot di next day I sidan for jojment seat kon orda mak dem bring di man kom.

18"Wen pipol wey dey akiuz am stand-up, dem nor tok eni bad tin against am as I bin suspet.

19"Insted, dem dey argue mata wit am, abaut haw dem dey serv God and won man wey dem dey kol Jisos Kraist wey don die, wey Pol sey e stil dey alaif.

20"Bikos I nor no haw I go tak joj di mata, I kon ask am weda e go laik go Jerusalem mak dem joj am der.

21"Bot Pol sey mak dem tak am go Rome, so dat Caesar go joj en kase, so I kon orda sey mak dem kip am for prizin, ontil I go fit send am go mit Caesar.”

22Agrippa kon tel Festus, "Mi tu go laik hear from di man." So Festus tel am, "Yu go hear from di man tumoro.”

23So di next day, Agrippa and Bernice kon dey mak yanga enta di hall, wit all di big men wey dey di tawn. Afta Festus don giv orda, dem kon bring Pol.

24Den Festus sey, "King Agrippa and all of una wey dey here wit us, mak una si dis man wey di hol Ju pipol dey beg mi both for here and for Jerusalem sey, mak I kil.

25"Bot I kon si sey e nor du enitin wey go mak dem kil-am and wen e sey e won mak di emperor joj en kase, I gri sey I go send am go mit Caesar.

26"Bot I nor no wetin I go rite go giv di emperor abaut am. So naim mak mi bring am kom all of una and king Agrippa front, so dat afta una don kweshon am finish, I go get somtin wey I go fit rite.

27"Bikos for my maind, e nor dey rite to send prizina go kourt, wen yu nor rite wetin e du."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Apostols 26

1So Agrippa tel Pol, "Mak yu tok for yorsef naw." Den Pol raiz en hand kon start to tok.

2"King Agrippa, abaut all dis tins wey di Ju pipol dey akuiz mi sey I du, I tank God sey I won difend mysef giv yu today,

3bikos yu no all awa tradishon and di mata wey di Ju pipol dey akuiz mi abaut. So, I beg, mak yu listin to wetin I won tok.

4"Naw, all di Ju pipol no sey na from smol pikin I dey liv my life wit my own pipol for Jerusalem.

5"Since dem no mi, if dem go gri kon tok, dem go gri sey na haw wi dey serv God, naim I tak liv as Farisi.

6"Naw, I stand mak dem joj mi, bikos I put hope for di promis wey God mak giv awa gran-gran papa dem

7sey, awa twef tribes go gain as dem dey yuz all dia maind dey serv God, both day and nite. My king, na bikos of dis hope wey I get, naim mak di Ju pipol dey akuiz mi so!

8"Why una tink sey God nor fit raiz pipol wey don die?

9"Ivun mi mysef, I biliv bifor sey mak wi fite Jisos Kraist wey kom from Nazaret.

10"And na wetin I du for Jerusalem bi dat. Nor bi onli sey I put meni of di bilivas for prizin wit di pawa wey di prist oga dem giv mi, bot I ivun dey sopot wen dem sey mak dem kil dem.

11"I ponish dem meni taims for all di sinagog and I trai to fos dem mak dem kos God. Bikos dat taim, I dey ves for dem wel-wel, I ivun travol go oda tawns go sofa dem, bikos of wetin dem biliv.

12"Bot won day, as I dey du all dis tins, I kon dey go Damaskus wit ful pawa wey di prist oga dem giv mi.

13"My king, aroun aftanun for road, I kon si won kaind lite from hevun wey shine pas di sun. Di lite shine roun mi and di pipol wey dey folo mi travol.

14"Wen wi don fal for groun, I hear won vois wey yuz Aramaic language tel mi, 'Sol, Sol, why yu dey ponish mi? Yu dey fite yorsef, bikos na stone yu dey kick so.'

15"So I ask am, 'Oga! Hu yu bi?' Di Oga ansa, 'I bi Jisos Kraist wey yu dey ponish.

16'Bot mak yu get up, bikos I don show mysef to yu and don shuz yu as my savant and witnes to di tins wey yu don si and di wons wey I go show yu.

17'I go save yu from yor own pipol and from Gentai pipol wey I dey send yu go mit, so dat

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18yu go opun dia eyes mak dem for waka komot from daknes enta lite. Mak dem komot from Satan hand, go mit God, so dat God go forgiv dem dia sins and dem go folo di pipol wey God don mak klin, bikos dem biliv am.’

19"So King Agrippa, I nor du strong head wen I risiv dis vishon wey kom from hevun,

20bot I first go Damaskus, go tel di pipol wey dey der and den, I kon go mit di pipol wey dey for Jerusalem and Judea. Afta, I go mit Gentai pipol sey, mak dem turn from sin kom mit God and mak dem du tins wey go show sey, dem don rili turn from sin kom mit God.

21"Bikos of dis, di Ju pipol seize mi for di Tempol front, won kon kil mi.

22"Bot God don dey help mi til today, so I stand dey tel evribodi, weda dem bi smol pikin or big pesin. So, wetin di profets and Mosis tok sey go hapun, naim I dey tel una so,

23sey Kraist sofa and e go bi di first to raiz from deat, so dat e go show di lite to awa pipol and ivun Gentai pipol.”

24As Pol dey difend ensef, Festus kon shaut, "Yu dis Pol, yu don dey krase o! All di plenti book wey yu no don dey won mak yu mad!”

25Bot Pol ansa am, "I nor dey mad oga Festus, bot na beta wod wey mak sense naim I dey tok so.

26"Ivun di king wey I dey tok to so, I biliv sey e no abaut all dis tins, bikos dem nor hapun for sikrit.

27"King Agrippa! Yu biliv di tin wey di profets tok?”

28So Agrippa ask Pol, "So yu tink sey jos naw-naw, yu fit turn mi to Kristen?”

29Pol ansa, "I pray to God sey, weda na naw or leta, nor bi onli yu, bot evribodi wey dey here, go bi laik mi, bot mak una nor sofa, as I dey sofa so.”

30So di king, di govnor and Bernice kon get up

31and as dem dey go, dem kon tel ish oda, "Dis man nor du enitin wey go fit mak dem kil-am or put am for prizin.”

32Agrippa kon tel Festus, "Wi for fit riliz dis man, if to sey e nor sey mak Caesar joj en kase."

Apostols 27

1Wen dem don gri sey wi go travol insaid ship go Itali, dem kon kari Pol and som oda prizinas giv Julius, won komanda wey dey Augustan grup.

2Wi enta won ship from Adramyttium wey won travol go difren place for Asia sea kon bigin travol go Aristakus and won Masidonia man wey dey stay Tesalonika, folo us.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

3Di next day, wi enta Sidon and Julius kon du gud giv Pol, e alow am go mit en frends
mak dem giv am all di tins wey e nid.

4From der, wi enta wota travol again face Syprus island, bikos briz dey blow di ship.

5Afta wi don travol enta di opun sea wey dey insaid Silicia and Pamfilia, wi kon stop
for Myra, wey dey Lycia.

6For der, di soja komanda kon si won ship wey kom from Alexandria dey driv go Itali
and e kon put us for insaid.

7Wi dey go smol-smol for meni days and nor bi smol wahala bifor wi fit rish Cnidus.
Bikos di briz nor mak us fit go front again, wi kon driv smol-smol dey go Krete, wey
dey oposite Salmone.

8Bifor wi rish Krete wotasaid, e hard us wel-wel and wi kon rish won place wey dem
dey kol, "Fair Havens" wey dey near Lasea tawn.

9As e bi sey taim don go wel-wel and di joni don hard laik dis, bikos di taim wey dem
dey fast don pas, Pol kon advise dem sey,

10"My pipol, I dey si sey dis joni na wit wahala e go tak end and nor bi onli di load
and di ship go loss, bot meni pipol go die tu."

11Bot di komanda nor listin to am and na wetin di kaptain and di ship owna tok, naim
e biliv.

12Bikos di place wer ship dey park put wen dem si, nor gud for kold weda; som of di
pipol kon gri sey mak wi dey go. Dem dey hope sey wi go fit rish Finix, wey dey
Krete, wey face soutwest and nortwest, so dat wi go fit spend kold season for der.

13Wen won kaind kwayet briz blow kom from sout, dem tink sey dem go fit du wetin
dem plan, so dem kon dey go smol-smol pas Krete wotasaid.

14Afta di kold briz, won strong briz wey dem dey kol, "Hurricane", kon dey blow kom
from di Island.

15Wen dis briz trap di ship and wi nor fit si wel-wel again, wi liv di ship giv di briz
and e kon dey kari us go wer e laik.

16As wi dey run go hide unda won smol island wey dem dey kol Kauda, nor bi smol
wahala, bifor wi fit kontrol di ship.

17Afta dem don drag di ship komot from di wota, dem kon tak rope tie am. Wi dey
fear sey wi go run aroun for Syrtis, so wi hook di ship for groun kon liv di briz mak e
kari us go.

18Di next day, bikos di briz wori us wel-wel, wi kon dey trow awa load put for wota

19and wen di ted day rish, dem yuz dia hand trow wetin dem tak dey kontrol di ship
put for wota.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

20Wen wi nor si sun or star for meni days and di briz stil dey wori us, wi kon luz hope sey wi don die bi dat.

21Afta dem don stay witout fud for meni days, Pol stand for dia front kon sey, "My pipol, if to sey una listin to mi wen I sey mak wi nor komot for Krete, wi for nor si all dis wahala.

22"Naw, I won mak una heart strong, bikos nobodi go die among us, bot na onli di ship go skata.

23"Bikos yestiday nite, God wey I dey serv, en angel apier to mi

24kon sey, 'Mak yu nor fear Pol! Yu must face Caesar and God go save yu and evribodi wey dey folo yu travol.'

25"So, my pipol, mak una heart strong, bikos I biliv sey na as God tel mi, na so e go bi.

26"Bot wi go sureli rish land."

27Afta fortin days, as di briz dey kari us pas di Adriatic Sea for midnite, di sailors kon dey suspet sey wi don dey near land.

28Dem trow long rope wey dem tie somtin put insaid di wota to measure haw e deep rish and dem si sey di wota stil deep rish 40 metres. Afta e don tey smol, dem trow am again kon si sey e don bi 30 metres.

29Dem dey fear sey di ship go jam rock for di land, so dem trow for big-big chain from di ship bak kon dey pray mak day kwik break.

30Den di sailor trai to run liv di ship, dem tak di smol boat for di ship, put am for wota kon dey play wayo sey dem won go put big chain dan for di ship front,

31bot Pol tel di ofisa and sojas, "Unles all dis men stay insaid di ship, all of us go die."

32So di sojas kon kut di rope for di boat mak e float go.

33As day won break, Pol enkorage dem mak dem chop kon sey, "Today mak am fortin days wey una dey wori, sotey una nor gri chop.

34"So naw, I dey beg una to chop, bikos una nid am to sovaiv. And nobodi among una go luz ivun won hair for en head."

35Wen Pol tok finish, e tak bread kon tank God for dia front mak all of dem si and e start to chop.

36All of dem get strong heart kon tak fud chop.

37(Wi bi 276 wey dey insaid di ship.)

38Wen dem don chop beleful, dem kon trowey all di rimainin bread insaid di wota mak di ship nor for heavi again.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

39Wen day break, dem nor no wer dem dey, bot dem si won smol land wey near di sea and dem tok for dia maind sey, if e dey posibol dem go yuz di ship tak enta.

40So dem kut all di chains wey hol di ship kon let dem fal insaid di sea. Dem stil luz di wons wey dey hol wetin dey kontrol di ship. Dem let briz blow di ship go front and wi kon move face land.

41Bot dem mit san-san for di sea. So di ship front kon hook and e nor fit move again, di bak skata, bikos of di way di wave dey blow am.

42Di sojas kon plan to kil all di prizinas mak dem nor for fit swim kon eskape.

43Bot bikos di soja ofisa won save Pol life, e nor kon let dem du wetin dem plan. E komand di pipol wey fit swim, mak dem first jump komot from di ship swim go land

44and di res pipol kon folo for bak, som hol di wud and odas hol di ship bodi wey break. Na so all of dem tak rish land and nobodi die.

Apostols 28

1Afta wi don rish land and nobodi die, wi kon hear sey, na Malta dem dey kol di island.

2Di pipol wey dey stay for der trit us wel. Dem mak fire for us, bikos rain don start to dey fal and kold dey kash us.

3Wen Pol dey gada plenti stick mak e put insaid di fire, won snake wey dem dey kol, "Viper", kom out bikos of di heat kon put e mout for Pol hand.

4Wen di pipol wey dey stay der si sey di snake put e mout for Pol hand, dem kon dey tel demsef, "E bi laik sey dis man hand nor klin! Ivun doh e nor die insaid sea, hand don stil tosh am for here!”

5Bot Pol shake di snake komot from en hand enta di fire and nor-tin du-am at-all.

6Bot dem dey tink sey en bodi go swel-up or e go fal for groun die. So afta dem don wait for somtaim kon si sey nor-tin hapun to am, dem kon shange maind sey, “Pol na god. ’’

7Dat taim for dat aria, Publius, wey bi di oga, get som land. E welkom us kon giv us fud for tiri days.

8Publius papa kon get fiva and en bele dey pain am. Pol go si-am kon heal am.

9Afta dis don hapun, meni pipol wey nor wel for der kon stil kom and e heal dem.

10Dem kon dey praiz us wel-wel and wen wi won go, dem giv us evritin wey wi nid.

11Afta wi don dey der for tiri monts, wi kon enta ship from Alexandria wey stop for di island for kold taim and sign wey dey di ship front, na "Twins god".

12Wi stop for Syracuse kon stay der for tiri days.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

13From der wi kon rish Regium and afta won day, won kaind briz from sout kon start to dey blow and di sekon day, wi kon rish Puteoli.

14For der, wi si som brodas and dem kon beg us to stay wit dem for sevun days. Na so wi tak rish Rome.

15Wen di brodas for Rome hear abaut us, dem waka ontil dem rish "Appius Forum" and di "Tiri Taverns" kom mit us. Wen Pol si dem, e tank God and di tin kon mak en heart strong wel-wel.

16Wen e enta Rome, dem alow Pol stay e own haus wit di sojas wey dey gaid am.

17Afta tiri days, Pol kol all di Ju pipol oga dem togeda. Wen dem don gada, e kon tel dem, "My pipol, ivun doh I nor du enitin against awa pipol or awa gran-gran papa dem tradishon, from Jerusalem naim dem turn mi to prizina kon kari mi giv Rome pipol.

18"Wen dem don kweshon mi, dem won riliz mi, bikos dem nor si enitin wey go mak dem kil mi.

19"Bot wen di Ju pipol nor gri mak dem fri mi, di tin kon mak mi sey, I won go Rome mak Caesar for joj my kase, nor bi bikos I get enitin wey I dey komplain against my pipol.

20"Bikos of dis, I kon sey I won si and folo una tok first sey, na bikos of di hope wey Izrel get, naim mak dem yuz dis chain tie my hand so."

21Di pipol ansa, "Dem nor send us eni leta abaut yu from Judea and no won for awa brodas don kom from der kon sey yu dey du bad tins.

22"Bot wi go laik to hear wetin yu dey tish from yor own mout, bikos wi no sey evribodi for di hol wold dey tak mout kondem dis grup wey yu dey insaid."

23Dem kon gri for di day wen dem go mit am and dem plenti wey kom en haus kon mit am. So, from mornin til evenin, Pol kon dey explain tins giv dem. E dey tok abaut God kindom and dey trai to show dem wetin Mosis law and di profets tok abaut Jisos Kraist.

24Som of dem biliv wetin e tok, bot som nor biliv.

25So dem kon go, bot dem nor gri among demsef afta Pol sey, "Di wod wey di Holi Spirit tok tru di Profet Isaia na tru

26sey, 'Una go mit and tel dis pipol sey, "Una go dey hear, bot una nor go undastand, una go dey luk, bot una nor go fit si.

27'Una heart nor dey undastand, una ear nor dey hear wel again. Devol don klose una eye, mak una nor for fit si; hear wit una ears or undastand wit una heart, so dat una nor go fit turn kom mit God, mak E for heal una.'

28"So mak una no sey, dis salvashon wey God bring, dem don kari am go mit Gentai pipol, bikos dem go asept am!"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

29Wen e tok finish, di Ju pipol kon liv der dey ves among demsef.

30So for tu ful years, Pol stay der for en own haus wey e rent and e welkom all di pipol wey kom mit am

31kon dey tel dem abaut God Kindom. E tish dem wit strong heart abaut Oga Jisos Kraist and nobodi fit stop am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Roman

Roman 1

1Pol wey bi Jisos savant and apostol wey e shuz mak e prish God wod, na en rite dis leta.

2Na dis gospol God promis us for en Holi Book tru en profets sey,

3my Pikin kom dis wold from David famili

4and naim bi my onli Pikin wey I wak-up from deat wit di Holi Spirit pawa.

5Na tru am, God giv us favor and pawa to bi apostols and na dis pawa wi dey yuz tak dey kol Gentai pipol, mak dem obey and biliv en name.

6Unasef dey among di pipol wey God kol to bi Jisos Kraist own.

7Rome pipol wey God luv and kol mak dem bi en own, na una I dey rite dis leta giv. Mak God awa Papa for hevun and Jisos awa Oga giv una grace and peace.

8Today, I tank my God tru en pikin Jisos Kraist for all of una, bikos na for di hol wold dem dey tok abaut haw una fate for God strong rish.

9God wey I dey serv and prish en pikin gospol, na-im fit bear mi witnes sey I dey always rimemba una

10and I always dey pray dey ask God if E go let mi kom si una again.

11Bikos I dey hungri to si una, so dat I go giv una di Holi Spirit blessin wey go mak una strong,

12so dat mi and una go dey hapi and Jisos Kraist wey wi biliv, go giv us res for awa maind.

13My brodas and sistas, I wont mak una no sey I don plan to kom visit una meni taims, bot God nor let mi kom ontil naw. Bikos I won gain from una fate as I don du wit Gentai pipol.

14Bikos God sey mak I prish to evribodi, weda na Greek or Gentai pipol or weda dem wise or foolish.

15Na dis mak mi won kom prish God wod giv una wey dey Rome.

16I nor dey shame to prish God wod, bikos na-im bi di pawa wey God tak dey save doz wey biliv am, weda dem bi Ju or Gentai pipol.

17Bikos na di Gospol dey show haw God dey tak mak pipol klin for en eye. From di biginin go rish di end, God sey, "Na onli fate go mak pesin dey klin for my eye."

18Bikos of all di sins and bad tins wey wiked pipol dey du, God vesnashon dey show from hevun and di sins dey kova di trut.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

19So God kon ponish dem, since dem no evritin wey dem sopoz to no abaut God, bikos na-im show dem.

20From di taim wen God kreate di wold, E don show us di tins wey odinari eye nor dey fit si; en pawa and life, tru di tins wey E kreate. So wiked pipol nor get eskuze at-all.

21Ivun doh dem no sey God dey, dem nor dey gri gi-am glori as God. Dem nor dey tank am for all di tins wey E dey du. Insted, na nonsense tins dem dey du and dia wiked maind nor fit undastand di trut again.

22Ivun doh dem tink sey dem wise, dem bi fools;

23bikos insted mak dem woship God wey dey hevun, dem kon dey woship image wey dem mold or karve laik pesin, bird, anima or snake.

24So God don liv wiked pipol mak dem dey du di bad tins wey dia maind, wey bi sey man dey slip wit man and wuman dey slip wit wuman.

25Dem don turn di trut abaut God to lai. Dem dey woship di tins wey E kreate, insted for dem to serv God wey deserv all di praiz foreva! Amen.

26Bikos of dis, God liv dem for dia yeye life. Ivun di wimen shange and dem kon dey du tins wey nor gud.

27And na so tu, men nor kon laik wimen again, bot dem kon dey laik to slip wit oda men. So, God kon ponish dem bikos of wetin dem dey du.

28Since dem nor gri put God for maind and serv am, E kon liv dem mak dem yuz dia bad maind dey du tins wey dem nor sopoz du.~

29Wetin ful dia maind na wikednes, evil tins, long-trot, bad bele, bad-bad tins; jelosi, to kil and fite, to lai, to kip enemi wit pipol, to joj pipol waka,

30to tok bad abaut odas and hate God. Dem dey kari bodi up, dem nor get respet and na bad tins ful dia maind. Dem nor dey respet dia papa and mama.

31Dem nor get sense, dem dey promis and fail, dem nor dey du gud or sori for pipol.

32Aldoh dem no sey God law sey, pipol wey dey liv laik dat go die, yet dem nor onli dey du dis tins, bot dem ivun dey sopot pipol wey du-am.

Roman 2

1Pesin wey dey joj odas nor get eskuze for wetin e dey du and e nor mata hu e bi. Bikos wen yu joj odas and yu dey du di same tin wey dem dey du, yu dey kondem yorsef.

2Wi no sey God nor dey lai wen E dey joj pipol wey dey du bad tins.

3Yu wey dey du tins wey yu sey mak odas nor du! Yu tink sey yu go eskape God jojment?.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4May bi una dey tak God kindnes, patient and endurance as yeye tins. Una nor no sey God dey kaind, bikos E wont mak una turn from sin kom mit am?

5Bot una stubornes and strong heart nor let una turn from sin kom mit God, so una dey mak una ponishment meni more-more, for di Day wen God go joj di wold, bikos en na joj wey nor dey sopot bad tins.

6God go pay evri man akordin to wetin e du.

7God go giv life wey nor dey end to di pipol wey dey du gud, wey wont glori, onor and long life.

8Bot E go show en vesnashon and ponish doz wey bikos of long-trot rejet di trut kon dey du bad tins.

9Enibodi wey dey du bad tin, weda e bi Ju or Gentai, must sofa and risiv ponishment.

10Bot God go giv glori, onor and peace to enibodi wey dey du gud, weda e bi Ju or Gentai,

11bikos God go joj evribodi di same way.

12Ivun doh Gentai pipol nor get Mosis law, God stil dey ponish dem wen dem sin, so Ju pipol wey get di law, wen dem sin, na di law go joj dem.

13Bikos yu dey hear di law nor min sey yu gud for God eye, bot na wen yu du wetin di law tok.

14Gentai pipol nor get di law, bot dem dey yuz dia sense du wetin di law tok and dat won don turn law for dem, ivun doh dem nor no Mosis law.

15Di way dem dey bihav show sey wetin Mosis rite for di law, dey dia heart and dia maind dey tel dem sey, "Dis tins dey rite and e go kondem or fri us from wetin wi du."

16So jos as I prish giv una, na so e go bi for dat day, wen God go joj all di sikrit tins wey dey pipol heart tru Jisos Kraist wey bi en pikin.

17Wot of yu wey sey yu bi Ju? Yu wey put yor hope for di law kon dey yuz God dey boast;

18yu no wetin God wont mak yu du and yu don learn haw to du gud tins, bikos yu no di law.

19Yu dey show blind pipol road and dey help doz wey dey for daknes si lite,

20and yu dey tish foolish pipol and smol shildren wey nor no enitin, bikos yu no sey, di trut and evritin wey man nid to no, dey for di law.

21Why e bi sey yu wey dey tish odas nor fit tish yorsef? Yu wey dey prish sey mak pipol nor tif, yu sure sey yu nor dey tif?

22Yu wey sey mak pipol nor komit adultri, yu nor dey komit adultri? Yu wey sey yu hate juju, yu nor dey tak tins wey dem kip for juju haus?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

23Yu wey dey tak di law boast, yu dey bring shame to God name, bikos yu dey disobey di law!

24Jos as God wod sey, "Bikos of una wey bi Ju pipol, Gentai pipol kon dey tak God name mak yeye."

25Sekonsishon get value onli if yu dey du wetin di law tok, bot if yu nor dey obey di law, yu and di pesin wey dem neva sekonsaiz na di same.

26So if Gentai pipol wey dem nor sekonsaiz dey obey evritin for di law, yu nor tink sey God go tak dem as pipol wey dem sekonsaiz?

27Yu nor no sey di pesin wey dem nor sekonsaiz go joj yu wey bi Ju, since yu dey break di law?

28Pesin nor bi Ju bikos of wetin pipol si from outsaid. Di ril sekonsishon nor bi wetin pipol dey si,

29bot di ril Ju na pesin wey bi Ju for insaid en heart, bikos sekonsishon nor dey tosh pesin heart. Na di Holi Spirit dey du dis kaind wok, nor bi di law wey dem rite dan and dat pesin go dey risiv praiz from God, ivun doh humanbin nor praiz am.

Roman 3

1Haw Ju pipol tak beta pas Gentai pipol sef? Or beta tin dey bikos dem sekonsaiz pesin?

2E rili dey gud to sekonsaiz pesin! And wi no sey na Ju pipol God first giv en mesage.

3Bot wot if som of dem nor gri biliv? Dat min sey God dey lai?

4Ivun doh evri humanbin dey lai, God nor fit lai. God wod sey: "Mak yu dey tok wetin bi trut; so dat yu go fit win yor kase wen dem dey joj yu."

5If God nor ponish us for di bad tins wey wi dey du, e min sey God dey sopot us? No! So if God ponish us, wi go sey E dey wiked? (Na so som pipol dey tok).

6Wi nor fit tok so at-all! If God nor dey rite, na haw E go kon tak joj di wold?

7If my lai-lai life dey show sey God wod na trut, wetin go mak am kondem mi sey I bi sina?

8Den e go dey rite if wi sey, "Mak wi dey du bad tins so dat gud tins go kom out from wetin wi dey du?" Bot som pipol dey lai for my head, bikos of wetin I tok and God go ponish dem.

9So wetin wi go tok? Wi go sey na wi wey bi Ju beta pas? Dat na lai! Bikos as I don alredi show una, Ju and Gentai pipol dey komit sin.

10Jos as God wod sey, "Nobodi dey raitious.

11"Nobodi dey wey wise or undastand God.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

12"Evribodi don turn liv God, all of dem don bi yeye for God eye. Nobodi dey du wetin gud at-all.

13"Na lai wey fit kil pesin ful dia mout and wiked wods ful dia tongue.

14"Bad bele dey dia maind and na so-so swear dem dey swear.

15"Dem go fit kwik kil pesin.

16"Eniwer dem go, dem must fite skata di place

17and dem nor no haw to dey kwayet.

18"Dem nor dey fear God at-all."

19Wi no sey wetin di law tok, na for di pipol wey dey unda di law. Di law tok laik dis, so dat nobodi go get eskuze wen God go joj di wold.

20Nobodi dey gud for God eye, bikos e dey obey di law. Bot na tru di law, wi tak no wetin sin min.

21Naw, God don show us haw wi go tak dey gud for en eye and nor bi tru di law, ivun doh na so Mosis law and di profets tok.

22Na di fate wey pesin get for Jisos Kraist go mak am dey gud for God eye. Enibodi wey biliv Jisos, God dey mak en fate strong, weda e bi Ju or Gentai pesin.

23Evribodi don sin and wi don fal komot from God glori,

24bot God don mak us dey rite wit am tru en fri gift wey E giv us, bikos of Jisos Kraist wey save us.

25Na God giv us Jisos Kraist, so dat tru en blood, E go forgiv us awa sins wen wi biliv Kraist. God du dis to show sey bifor-bifor, E dey patient to forgiv pipol dia sins.

26Dis stil show sey God dey rite wen E asept pipol wey biliv Jisos Kraist. E dey ponish sinas, so dat wi go no sey en na God wey nor laik sin. Laik dis, God show sey en dey rite and enibodi wey biliv Jisos Kraist, E dey mak dem dey rite tu.

27So, wetin mak us dey boast? Wi nor fit boast at-all! Why e bi laik dis? Na bikos wi dey obey di law? No! Na bikos wi biliv Jisos Kraist.

28So, na tru fate pesin go dey rite wit God, nor bi as e obey di law rish.

29Abi na onli Ju pipol God dey dia side? E nor dey Gentai pipol side tu? Tru-tru, God dey Gentai pipol side.

30Since na onli won God dey, E dey for Ju and Gentai pipol, bikos of dia fate.

31So mak wi trowey di law bikos of fate? No way! E nor go wok! Insted, wi go mak di law strong wel-wel.

Roman 4

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

[1]Na wetin Abraham awa gran papa learn from dis mata?

[2]If na di gud tins wey e du mak am dey gud for God eye, den e sopoz to dey boast for pipol, bot e nor go eva fit boast for God.

[3]Wetin dem rite for God wod? "Abraham biliv God tru fate and God kon si-am as raitious pesin."

[4]Wen pesin wok, dem must pay am en moni, nor bi dash e bi, bot na moni wey e wok for.

[5]Doz wey nor depend on wetin dem dey du, bot dem get fate and biliv sey God dey forgiv sinas, na dis fate God dey yuz tak forgiv dem dia sins.

[6]David tok di same tin wen e tok abaut di blessin wey pesin dey get wen God don asept am, ivun doh dem nor deserv dat kaind blessin. David stil sey,

[7]"God don bless pipol wey E forgiv kon tak dia sins komot.

[8]"God don bless di pesin wey E don forgiv en sins!"

[9]Dis blessin wey David dey tok abaut so, na onli Ju pipol e tok am for, bikos dem sekonsaiz dem? No! Na stil for Gentai pipol wey dem nor sekonsaiz. Bikos wi read for God wod sey, "Abraham biliv God and bikos of en fate, God kon asept am as raitious pesin."

[10]Na wen all dis tins tak hapun? Na bifor dem sekonsaiz Abraham or afta dem sekonsaiz am? Na bifor, nor bi afta dem sekonsaiz am!

[11]Bot lata, dem kon sekonsaiz am. Dis sign show sey, bikos of en fate, God don si-am as raitious pesin, so dat e go bi papa to evribodi wey biliv God, pipol wey God don asept, ivun doh dem neva sekonsaiz.

[12]Doz wey don sekonsaiz, na Abraham bi dia papa and dia fate bi laik en own, afta dem sekonsaiz am.

[13]Wen God promis Abraham and en shildren sey dem go inherit di hol wold, E du-am, nor bi bikos Abraham dey obey di law, bot bikos e biliv God and God si-am as raitious pesin.

[14]If God promis na for onli doz wey dey obey di law, den fate nor min enitin and God promis go dey yuzles.

[15]Di law dey bring God vesnashon, bikos wer sin nor dey, law nor go dey.

[16]Na dis won mak God promis dey kom by fate and wi dey get-am tru favor. Nor bi onli pipol wey dey obey di law bi Abraham shildren, bot pipol wey biliv God laik Abraham, na en shildren dem bi tu, bikos na Abraham bi awa spiritual papa.

[17]God wod sey, "I don mak yu papa for meni nashons." So for God eye, Abraham na awa papa, bikos e get fate for God wey get pawa to raiz pipol wey don die and to komand tins wey nor dey bifor, laik sey dem dey.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18Ivun wen tins hard, Abraham stil biliv God and e hope sey God go du-am, ivun wen e bi laik sey, nor-tin go hapun. Bot naw, e don bikom, "Papa for meni nashons." Jos as God tel am, "Yor shildren go meni laik di stars wey dey hevun.”

19Abraham nor komplain for won day, ivun wen e don old nearli rish ondred years. Ivun doh E no sey en bodi don nearli die and en wife Sarah nor go fit born again,

20e nor doubt God promis. En fate mak am strong and e tank God for evritin.

21E dey sure sey God go du wetin E promis.

22Na dis mak God kol am raitious pesin.

23Ivun doh God kol am 'Raitious pesin', E tok dis wod bikos of onli Abraham?

24No! E tok am for wi tu wey God go stil asept as raitious pipol; wi wey biliv sey God raiz Jisos Kraist from deat.

25Na awa sins mak God giv Jisos Kraist to dem mak dem kil-am and God raiz-am from deat, so dat e go mak us raitious pipol.

Roman 5

1Since fate don mak us dey gud for God eye, wi don get peace tru awa Oga Jisos Kraist.

2Na fate e tak buy us so dat wi go enta God grace, di place wer wi dey naw. So wi fit boast wit God glori wey wi dey enjoy.

3Wi stil dey hapi insaid di wahala wey wi dey face, bikos wi no sey trobol go mak us endure,

4and endurance dey bring gud karata, wey go mak us get hope.

5Dis hope nor dey disappoint pesin at-all, bikos God pour en luv laik riva wey dey flow insaid awa heart, tru di Holi Spirit wey E giv us.

6For di taim wen wi nor fit help awasef, Kraist kon die for us wey bi sinas.

7Nobodi go won die for anoda pesin wey dey gud for God eye, aldoh sombodi go fit die for pesin wey gud wel-wel.

8Bot God show haw en luv for us big rish, wen E send Kraist kom die for us, ivun doh wi stil dey sin.

9Naw, wi dey rite bikos of Kraist blood and na dis blood go save us from God vesnashon.

10Wi bi God enimis bifor, bot E don mak us en frends tru en Pikin deat. Naw, since wi don bi God frends, E go save us tru di life wey en pikin get.

11Nor bi onli dis won mak us dey hapi, bot wi stil dey hapi bikos of wetin God don du tru awa Oga Jisos Kraist wey mak us bi God frends.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

12Na tru won man sin enta dis wold and deat kom tru sin. So wi must die, bikos evribodi don sin.

13Sin dey di wold bifor di law kom, bot if law nor dey, wi nor go fit joj pipol sin.

14From Adam kon rish Mosis taim, na deat dey rule for dis wold, ivun doh nor bi evribodi disobey God komand laik Adam. Dis Adam bi laik Kraist wey kom leta.

15Bot tu of dem nor bi di same, bikos God fri gift nor bi laik Adam sin. Na tru sey meni pipol die, bikos of won man sin. Bot God grace big wel-wel and e dey giv fri gift to pipol tru en pikin Jisos Kraist!

16God gift and won man sin nor bi di same. Jojment folo di won man sin kon kondem evribodi, bot na God gift dey fri us, ivun doh wi bi sinas.

17Bot if na bikos of won man sin deat kil evribodi, naim bi sey, doz wey don get favor and Kraist gift, dey gud for God eye and dem go enjoy life tru Jisos Kraist!

18God go ponish evribodi bikos of Adam sin. Bot bikos of di gud tins wey Jisos du, God don asept and giv us di gift wey dey giv life.

19Bikos Adam nor obey God, meni pipol bigin sin. Bot since Jisos obey God, meni pipol go obey God tu.

20Di law kom so dat sin go inkrease, bot wer sin get pawa, God grace strong pas am

21and as sin dey kontrol us tru deat, na so God grace dey rule tru raitiousnes wey dey bring life wey nor dey end, bikos of Jisos Kraist wey bi awa Oga.

Roman 6

1So wetin wi go tok? Mak wi kontinu to dey sin so dat God grace go dey wit us?

2No! Why wi wey don turn from sin go stil dey liv insaid am?

3Abi una nor no sey all di pipol wey dem baptaiz insaid Kraist don die wit am?

4Dem bere us wit am wen wi baptaiz, so as God raiz Kraist from deat tru en pawa wit glori, na so wi tu go get life wey nor dey end.

5Bikos if wi don die wit Jisos Kraist tru baptism, God go raiz us up wit am.

6Wi no sey di pesin wey wi bi bifor, dem don nail am for kros wit Jisos. So awa bodi nor bi sin savant again.

7Bikos pesin wey don die, don fri from sin.

8As wi die wit Kraist, wi biliv sey wi go liv wit am.

9Wi no sey since God don raiz Kraist up, e nor go die and deat nor get pawa for en bodi again.

10Bikos as e die, e don ovakom sin foreva, so di life wey e dey liv naw, e dey liv am for God.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11So mak una no sey, una don ovakom sin tu and una get life tru Jisos Kraist.

12Derfor, mak una nor alow sin kontrol una bodi again, so dat una nor go dey du bad tins.

13Mak una nor let Satan yuz una bodi tak du bad tins, bot mak una kari unasef giv God as pipol wey don wak-up from deat, so dat una go dey du gud tins.

14Sin nor go fit kontrol una, bikos una nor dey unda di law again, bot na God grace dey kontrol una naw.

15So na wetin wi go tok? Mak wi stil dey sin, bikos wi get God grace and wi nor dey unda di law again? God forbid!

16Yu nor no sey wetin yu giv yor bodi to, na-im go kontrol yu? If na sin, e go kause deat, bot if na God, E go mak yu dey liv raitious life.

17Bot wi tank God sey, ivun doh una bi slave to sin bifor, una don yuz una heart dey obey all di tins wey wi dey tish una.

18And as e bi sey una don fri from sin, una don bikom slave to gud tins.

19(I dey tok wit humanbin sense, bikos I no sey una dey wik.) Bifor, una dey giv una bodi laik slave to bad tins, bot naw, una must yuz una ful bodi tak serv God, so dat una go dey du onli wetin God wont.

20Bikos wen una bi sin savant, una nor nid to dey raitious.

21So wetin una gain from all doz bad tins wey una du? Na shame and deat doz tins dey bring.

22Bot naw, una don dey fri from sin kon bi God savant. Dis go mak una dey holi and God go giv una life wey nor dey end.

23Bikos, di riwod for sin, na deat, bot God gift wey Jisos Kraist dey giv us, na life wey nor dey end.

Roman 7

1My brodas and sistas, I no sey I dey tok to pipol wey no di law. Na onli wen pesin stil dey for life, naim di law dey get pawa for en bodi.

2As di law tok, wuman wey don mari dey unda en husban as long as di man dey alaif. Bot if di man die, di wuman don fri.

3So if wuman mari anoda man wen en husban stil dey alaif, e min sey e don komit adultri. Bot if en husban die, e don fri from wetin di law tok and e go fit mari anoda man again.

4So my brodas and sistas, na so e bi wit una tu. Una don bikom part for Jisos Kraist bodi and una don die to di law pawa. Naw, una dey fri to bi Kraist own; di pesin wey God raiz from deat mak una for dey serv am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5Wen wi stil dey di wold, di law dey mak us du bad tins wey awa bodi wont and all dis tins dey bring deat.

6Bot naw, wi don fri from di law. Wi bi laik deat bodi and di law nor get pawa for awa bodi again. Naw wi sopoz to serv God wit di new life wey di Spirit dey giv, nor bi di old life, wey bi to obey di law wey pesin rite.

7Dis min sey di law nor gud? No! Bot na di law mak mi no wetin sin bi. If to sey di law nor sey, "Nor get long-trot for anoda man tin," I nor for no sey I nor sopoz to du dat kaind tin.

8Bot bikos of di law, di sin pawa wey dey insaid mi kon dey mak mi tink abaut tins wey nor gud and if law nor dey, sin nor for get pawa for my life.

9Bifor I no di law, I dey alaif, bot wen I hear God komandment, sin jos enta my life

10and I kon die. So di law wey sopoz giv mi life, don kil mi!

11Since sin pawa yuz di law disiv mi, I kon die.

12Bot di law dey holi, rite and gud.

13So dis min sey na wetin gud kil mi? No! Bot na sin pawa wey dey insaid mi, na-im kil mi; bikos e yuz wetin gud bring deat and naw, wi dey si haw sin bad and wiked rish.

14Wi no sey di law dey spiritual. Bot I bi humanbin and dem don sel mi giv sin.

15I nor undastand wetin I dey du; bikos I nor dey du wetin I won rili du. Insted na wetin I nor laik, I dey du.

16Since I dey du wetin I hate to du, e show sey di law dey koret.

17Nor bi mi rili dey du wetin I dey du, bot na di sin pawa wey dey insaid mi.

18I no sey wetin dey insaid mi nor go let mi du gud. Ivun wen I won du gud, I nor dey fit.

19Insted of mak I du wetin dey gud, na bad tins I dey du.

20So if I du wetin I nor won du, e show sey nor bi mi dey du-am again, bot na di sin pawa wey dey insaid mi.

21So I si sey dis law dey wok, bikos wen I won du gud, na onli bad tins dey enta my maind.

22I dey laik to obey God law wit my hol maind,

23bot insaid mi, I kon undastand sey somtin dey fite against my maind and e dey mak mi bi sin savant, bikos e dey kontrol my bodi.

24I nor dey hapi at-all! Hu go save mi from dis bodi wey dey push mi go die?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

25Tank God! Jisos Kraist don save mi. So, I go obey God law wit my maind, ivun doh sin pawa stil dey insaid mi.

Roman 8

1So, God nor go kondem pipol wey biliv Jisos Kraist.

2Since di Holi Spirit don giv una life wey kom from Jisos Kraist, e go fri una from sin and deat.

3Mosis law nor fit du dis tins, bikos di yeye life wey wi dey liv don mak di law wik. Bot God don fri us wen E send en pikin kom laik humanbin wey bi sina, mak e for sakrifais ensef for awa sins.

4God du so, so dat wetin di law tok, go hapun wen wi obey di Spirit, insted of awa own maind.

5Bikos pipol wey dey liv by dia own maind, dey tink of onli demsef. Bot evribodi wey di Holi Spirit dey rule, dey tink of tins wey di Spirit wont.

6If wi let sin rule awa maind, wi go die. Bot if na di Spirit dey rule us, wi go get life and peace.

7Pipol wey dey sin, na God enemi dem bi, bikos dem nor obey en law, since dem nor fit obey am.

8Doz wey dey obey sin, nor go fit mak God hapi.

9Bot una nor dey obey sin, insted, na as di Spirit sey mak una liv, na so una dey liv.

10Kraist dey liv insaid una. So una dey alaif, bikos God don asept una, ivun doh una bodi must die, bikos of una sins.

11If God Spirit wey raiz Jisos Kraist from deat dey insaid una, den en wey raiz Kraist from deat, go giv una bodi life, bikos of en Spirit wey dey insaid una.

12So my brodas and sistas, wi get wok to du for God, so mak wi nor liv as awa bodi wont.

13Bikos if una dey folo sin, una go die. Bot di Spirit pawa go kil all di bad tins wey una dey du, so dat una go get life.

14Na doz wey God Spirit dey lid, bi God shildren.

15Di Spirit wey God giv us nor go mak us fear laik slave, insted, wi bi God shildren and wi dey kol am, "Awa Papa!”

16Na God Spirit mak us no sey wi bi God shildren.

17And if wi bi God shildren, den wi go inherit God propati. Yes, wi go folo Kraist inherit God propati, bikos if rili wi sofa wit am, wi go folo am enjoy.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18I dey sure sey, wi nor go fit kompare all di sofa wey wi dey sofa naw, wit di glori
wey God go giv us.

19Evritin wey God kreate for dis wold, dey wait for God to show en shildren to di
wold.

20Bikos of sin, di wold dey sofa from God kos naw and nor bi bikos dem wont am laik
dat. Bot di wold dey hope

21sey won day, God go fri dem from deat and wahala and dem go-go join en shildren
wey E don save.

22Wi no sey evritin wey God kreate, dey krai, jos laik di way wuman wey won born
dey krai.

23Di Holi Spirit don mak us dey sure of haw tumoro go bi. Bot naw, wi dey strogol as
wi dey wait mak God show sey wi bi en shildren, den E go kon save us.

24Na dis hope save us. Bot if wi don alredi get wetin wi dey hope for, den wi nor nid
to dey hope again. Abi hu dey hope for wetin e don alredi get?

25Bot if wi put hope for wetin wi nor fit si, wi go tak all awa maind wait for am wit
patient.

26Na so tu di Holi Spirit dey help us bikos wi dey wik. Bikos wi nor no wetin wi
sopoz to pray for, di Spirit by ensef dey krai beg God, for di way awa wod nor go fit
esplain.

27And God wey dey si evritin insaid awa bele, no wetin dey di Spirit maind, bikos di
Spirit dey pray for all God pipol, as God wont.

28And wi no sey evritin dey wok for awa gud, bikos wi luv God and dey du wetin E
wont.

29God no doz wey E don shuz, so E don mak dem bi laik en Pikin, so dat en pikin go
bi di first born.

30Doz wey God don asept, na dem E kol; doz wey E kol, na dem E mak raitious and E
kon share en glori wit dem.

31Wetin wi go tok abaut all dis tins? If God dey for awa side, hu go fit dey against us?

32Tru-tru, if E let dem kil en own pikin for awa sins, den E go fit giv us evritin wey wi
ask from am fri of charge!

33Hu go fit akiuz pesin wey God don shuz? Na God no hu gud or bad.

34Hu bi di pesin wey go kondem us? Na Jisos Kraist wey die for us; di pesin wey God
raiz from deat and naw, e dey for God rite hand side dey pray for us.

35Na hu go fit seprate us from Kraist luv? Na trobol or opreshon; hunga or poverti;
wahala or deat; or na bikos klot nor dey to wear?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

36As dem rite am, "Bikos of una, wi dey face deat from mornin go rish nite, wi bi laik ship wey dem won go kil.”

37Insaid all dis tins, awa joy don dey ful, bikos Jisos luv us!

38Bot I dey sure sey, weda na deat or life; angels or wiked pawas; tins wey dey naw or di wons wey dey kom;

39tins wey dey hevun; tins for unda dis eart or enitin wey God kreate, non of dem go fit seprate us from God luv, bikos of Jisos Kraist wey bi awa Oga.

Roman 9

1Na di trut I dey tok, na Jisos get mi and di Holi Spirit dey bear witnes for my maind sey, I nor dey lai wen I sey,

2e dey pain mi for maind and sorrow ful my heart,

3bikos I for laik sey God go kos and seprate mi from Kraist, so dat my own flesh and blood,

4wey bi Izrel pipol, go fit asept Kraist. Na dem God shuz as en own shildren, E mak agriment wit dem kon giv dem en law. Na dem get di Tempol and wetin God promis.

5Awa gran-gran papa dem wey folo God waka bifor, na from dem dis pipol from kom. So I dey pray mak dem praiz God wey dey rule evritin foreva and eva! Amen.

6Nor bi sey God promis don fail; bikos nor bi evribodi wey dey Izrel rili bi God pipol.

7And nor bi all Abraham pikin bi God shildren. Insted, God tel Abraham, "Na tru Izik yu go get di shildren wey I promis yu.”

8Dis min sey di pikin wey Abraham born (Hagar pikin, Ishmael) bifor God promis am, nor bi di won wey God shuz. Insted, di pikin wey e born tru God promis, na dat won bi Abraham tru pikin.

9Bikos na so God tok for en promis, "Wen di taim don rish, I go kom bak and Sarah go born boy.”

10Nor bi onli dat, bikos Rebeka shildren na won papa dem get and naim bi awa gran papa, Izik.

11Ivun bifor dem born di shildren or sey dem du eni bad or gud tin, God tel Rebeka, "Di senior pikin go serv en junior broda, so dat my promis go stand:

12nor bi bikos of wetin dem du, bot na as I wont mak e bi.”

13Jos as God wod sey, "I luv Jacob, bot I hate Esau.”

14Wetin wi go tok? God dey show parsha? No!

15Bikos E tel Mosis sey, "I go sori for hu I won sori for and I go show mesi to hu I laik show mesi to.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

16Derfor, evritin dey for God hand, nor bi by wetin pipol won du.

17God tel Fero for en wod sey, "I mak yu king, so dat I go yuz yu show my pawa and pipol go fear my name for di hol wold.

18So, God dey sori for hu E won sori for and dey ponish hu E won ponish.

19I no sey yu go ask sey, "Wetin mak God dey faind fault for pipol bodi, since na-im mak us dey du as wi dey du?”

20Bot, my frend, I dey ask, "Hu yu tink sey yu bi, wey mak yu dey ask God kweshon? Pot wey dem mold fit ask di pesin wey dey mold am sey, 'Why yu dey mold mi laik dis?"“

21Di man wey mold di pot fit yuz di clay as e laik. E fit yuz di clay mak tu pot, won for big parti and di oda won for haus.

22Bot God won show sey E dey ves, so E kon yuz en pawa against doz wey E won ponish.

23E dey du laik dis to show en glori wen E piti for pipol wey E shuz to show en glori.

24Weda wi bi Ju or Gentai pipol, E don shuz us.

25As E tok for Hosea book sey; "Doz wey nor bi my pipol bifor and di pipol wey nobodi luv bifor, I go kol dem, 'Di pipol wey I luv.’

26"For wer God for tel dem sey, 'Una nor bi my pipol, na der dem go stil kol dem God shildren."“

27And dis na wetin Isaia tok abaut Izrel pipol, "Izrel shildren meni laik san-san wey dey wotasaid. Bot na few of dem, God go save.

28"Bikos God go kwik du wetin E sey E wont du for dis wold, E go kom joj di wold.”

29Jos as Isaia tok bifor sey, "If to sey Almighti God nor save som for awa shildren, wi for don die finish laik Sodom and Gomora.”

30Wetin wi go tok? Ivun doh Gentai pipol nor dey raitious bifor, dem don dey raitious naw, bikos of fate.

31And Izrel pipol wey dey trai to du wetin God wont, nor fit du-am.

32Why dem nor fit du-am? Na bikos dem dey trai to du gud laik sey na by wok, nor bi wit fate. Na dis mak dem dey strogol kon dey fal on-top stone.

33God wod sey, "Si, for Zion, I dey arange stones wey go mak pipol fal, yet doz wey biliv am, E nor go disapoint dem.

Roman 10

1My brodas and sistas, I dey wish and pray to God from my heart evriday sey, mak God save dem wey kom from Izrel.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

2I no sey dem luv God, bot dem nor undastand am,

3as e bi sey dem nor no haw God dey tak mak pipol gud, insted, dem dey trai to mak demsef gud by dia own pawa, since dem nor gri du wetin God wont.

4Since Jisos Kraist kom, di law nor get pawa again and enibodi wey biliv God, go dey raitious.

5Na dis raitiousnes wey di law tok, naim Mosis rite abaut sey: "Di pesin wey folo di law must du evritin wey di law tok."

6Bot di raitiousnes wey fate dey giv pesin na sey: "Nor tok for yor maind sey, 'Hu go-go hevun go bring Jisos kraist kom dan?

7or Hu go-go bring Kraist kom out from hell wer deat bodi dey?'"

8Bot wetin e tok? "God wod dey near yu. Di wod wey wi dey prish near yu, e get fate and e dey yor mout and heart."

9Bot if yu konfes wit yor mout sey, "Jisos Kraist na Oga and yu biliv for yor heart sey, God raiz-am from grave, yu go dey save."

10If yu biliv and prish wit yor heart giv pipol sey Jisos Kraist na Oga, God go save yu.

11Bikos God wod sey, "Enibodi wey biliv am, nor go shame."

12Ju and Gentai pipol nor dey difren for God eye and E dey bless evribodi wey dey pray to am,

13bikos E go save doz wey dey kol en name.

14Haw dem won tak kol God mak E help dem, wen dem nor biliv am? And haw dem go fit biliv, wen dem neva hear abaut am? Haw dem go tak hear abaut am, if nobodi prish to dem?

15Haw pesin go prish God wod wen God nor send am? As God wod sey, "Pipol wey dey prish di Gud News dey waka wel, bikos na gud tins dem dey bring!"

16Bot nor bi evribodi gri asept di Gud News, ivun profet Isaia sey, "God, enibodi don biliv awa mesage?"

17So, nobodi go fit get fate wen e neva hear di mesage and na tru Kraist wod, wi go fit hear am.

18Bot mak I ask, dem neva hear di mesage bifor? Yes! Dem don hear am, bikos God wod sey, "Dem prish di mesage and dia vois rish evriwer for di wold."

19I dey ask una again, "Izrel pipol nor undastand?" Mosis first tok sey, "I go yuz pipol wey nor bi enitin, so dat una go dey jelos dem. Na pipol wey nor get sense, na dem I go yuz tak mak una ves."

20And profet Isaia ivun get strong heart to tel di pipol sey, "Pipol wey nor luk for mi, na dem si mi. Doz wey nor ask for mi, na dem kon no mi wel-wel."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

21Bot Profet Isaia stil tok abaut Izrel pipol sey, "I don dey kol dis my stuborn pipol,
bot dem nor dey hear wod."

Roman 11

1I dey ask, God don rejet Izrel, en pipol? No! Mi tu, na Izrel pesin, I bi Abraham pikin
wey kom from Benjamin tribe.

2God nor rejet en pipol wey E shuz from di biginin. Dem rite for God wod abaut haw
Elija beg God for Izrel pipol sey,

3"Oga, dem don kil all yor profets. Dem don skata yor alta, na onli mi rimain and dem
dey trai to kil mi tu!”

4Na wish ansa God gi-am? E tel am, "I stil get sevun tazon men wey neva woship
Baal juju at-all.”

5Na so e bi naw tu, som Izrel pipol stil dey woship God bikos of en grace.

6If na by grace God shuz dem, dat min sey, nor bi by pesin pawa: bikos if na by pesin
pawa, den grace nor min enitin again.

7Dis min sey, na onli few pipol for Izrel fit get wetin all of dem dey faind. Di res nor
gri listin to God, bikos of dia stubornes,

8jos as God wod sey, "God mak dem foolish sotey dia eye nor dey si and dia ear nor
dey hear til today.”

9Bot David sey, "Mak di fud wey dem dey chop, kause trobol for dem kon fal laik
stone for dia head and mak God ponish dem.

10"Mak dia eye blind, so dat dem nor go fit si. Mak wahala bend dia bak foreva.”

11I dey ask again, Izrel pipol wey fal nor go get up again? No! Bot bikos of dia sins,
Gentai pipol don get salvashon and dis tin, dey mak Izrel pipol jelos.

12If Izrel pipol sin fit mak Gentai pipol dey save, dat min sey, wen Izrel pipol turn go
mit God, pipol wey go dey save, go plenti wel-wel.

13Naw, I dey tok to una wey bi Gentai pipol and as long as I bi una apostol, I dey hapi
wit di wok wey I dey du,

14so dat my pipol go dey jelos, bikos of wetin God dey du for Gentai pipol. Dis go
mak dem turn from sin kom mit God and E go save dem.

15Bikos wen God rejet Izrel pipol, di hol wold kon get savalshon. Na haw e go kon bi,
wen God asept dem bak? E go giv life to pipol wey won die.

16If dem giv God di first part for bread, den na God get all di bread and if dem giv
God tri root, den di hol tri don bi en own tu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

17Gentai pipol, una bi laik bransh wey dem add join olive tri. Una don tak di place for
som bransh wey God first kut komot. So una dey enjoy di blessins, wey di root dey
giv.

18So mak una nor boast, bot mak una rimemba sey, nor bi una dey mak di root stand,
bot na di root dey sopot una.

19So una go sey, "God break di bransh komot, mak E for fit si place wey E go put us."

20Tru-tru, God break Izrel pipol komot from di tri, bikos dem nor biliv am. Bot una
dey wer una dey, bikos una get fate. So, mak una nor dey boast, insted, mak una dey
fear wetin God fit du.

21If God nor sori for Izrel pipol wey bi di natura bransh, una tink sey E go sori for una
if una sin?

22Naw, una don si haw God dey gud and harsh. Ivun doh E dey ves for doz wey fal, E
stil dey kaind to una. And E go always dey kaind to una, as long as una dey du wetin
E wont. If not, E go rejet una tu.

23If Izrel pipol turn bak kon mit God, E go put dem bak for di tri, bikos E get pawa to
du-am.

24Una wey bi Gentai pipol bi laik olive tri bransh wey dem kut for bush kon go put for
anoda beta olive tri (and e nor sopoz bi laik dat). Na Ju pipol bi di beta olive tri; so e
go eazi for God to join dem bak to di origina tri again.

25My frends, I nor won mak una dey boast abaut unasef. So I go tel una wetin hapun
to Izrel pipol. Som of dem stuborn wel-wel and na so dem go bi ontil di numba of
Gentai pipol wey God wont, don komplit.

26Na so God go save all Izrel pipol jos as en wod sey, "Di pesin wey go save Izrel
pipol go kom from Zion, den, Jacob shildren nor go dey du bad tins again.

27"And na dis go bi my agriment wit dem wen I don forgiv dem dia sins."

28As e bi sey Ju pipol rejet God wod, dem don turn to God enemi, bikos of una wey bi
Gentai pipol. Bot as God wont am, dem bi pipol wey E luv, bikos of dia gran-gran
papa dem.

29God nor dey tak bak wetin e don alredi giv pipol or shange en maind abaut di pipol
wey E don shuz.

30As for una wey bi Gentai pipol, una don disobey God bifor, bot naw, God don sori
for una, bikos Ju pipol nor gri obey am.

31Bikos God don sori for una, E go stil sori for dem tu.

32God trit evribodi as prizinas, bikos wi nor gri du wetin E tel us. Bot E du-am laik
dat, so dat E go fit sori for all of us.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

33Hu fit no haw God big rish? Hu fit no haw God wisdom and undastandin bi? Hu fit esplain why God dey du wetin E dey du!

34Na hu no wetin dey God maind? Hu go fit advise God?

35Wish pesin don boro God somtin kon sey God go pay am bak?

36Bikos na God kreate evritin and na tru am evritin dey. Mak praiz bi en own foreva and eva! Amen.

Roman 12

1My brodas and sistas, God dey gud. So I beg, as una dey alaif, mak una dey offa una bodi giv am as sakrifais. Mak una dey du wetin E tok and wetin go mak bele swit am. Na dis bi di best way to serv God.

2Mak una nor bi laik pipol for di wold, bot mak una alow God shange una maind, den una go no haw to serv God and du tins wey dey mak bele swit am.

3By di grace wey God giv mi, I dey tel all of una, mak una nor tink sey una tu dey important. Insted, mak una yuz gud sense tink and undastand di fate wey God giv una.

4Pesin bodi get difren parts and all di parts get dia own wok.

5Na so e bi wit us. Wi meni, bot wi bi difren parts for Kraist bodi and wi bilong to ish oda.

6Tru God grace, E don giv us difren-difren gift to yuz. If wi dey profesai, mak wi du-am akordin to di fate wey wi get.

7If wi dey serv odas, mak wi serv dem wel. If wi dey tish, mak wi tish wel.

8If wi dey prish, mak wi prish wel. If wi dey giv, mak wi du-am wit beta maind. If wi dey lid odas, mak wi du awa best. If wi dey du gud to odas, mak wi du-am wit hapines.

9Mak wi luv ish oda wel-wel. Mak una hate enitin wey dey bad, bot una must luv enitin wey get trut.

10Mak una luv ish oda laik brodas and sistas and mak una respet oda pipol pas unasef.

11Mak una nor taya, bot wit di Holi Spirit help, mak una serv God wit beta maind.

12Mak una let una hope giv una hapines. Mak una dey patient wen trobol kom and nor stop to pray.

13Mak una giv fud to God pipol wey dey hungri and mak una dey welkom dem for una haus.

14Mak una nor kos pipol wey dey opres una, bot mak una pray mak God bless dem.

15Wen pipol dey hapi, mak una folo dem hapi and wen dem dey krai, mak una folo dem krai tu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

16Mak una trai to bi frend wit evribodi. Mak una nor kari bodi up kon feel sey una wise pas evribodi, insted, mak una dey mak frend wit doz wey nor dey important.

17Mak una nor pay evil for evil, bot mak sure sey wetin una dey du, gud for God and pipol eye

18and mak una trai to liv for peace wit evribodi.

19Mak una nor trai to pay enibodi for di bad tin wey dem du una, bot mak una liv am for God, bikos God wod sey, "Na mi go revenge for una. I go pay dem bak."

20God wod stil sey, "If yor enemi dey hungri, mak yu gi-am fud chop, if en trot dry, mak yu gi-am wota drink, bikos as yu dey du so, na wahala yu dey kari put for en head."

21So, mak una nor let bad tins kontrol una, bot mak una let di gud tins wey una dey du, plenti pas wikednes.

Roman 13

1Mak evribodi obey di pipol wey dey rule dem. Bikos na onli God dey giv autoriti and put pipol for pawa.

2So enibodi wey dey disobey dia rula, dey disobey God and God go ponish am.

3Bikos doz wey dey du gud, nor go get problem wit dia rulas, so dem nor nid to fear. Mak una jos du wetin dey gud and dem go praiz una.

4Bikos all rulas na God savant and na dia duti to help yu. If yu du bad, den mak yu fear, bikos dis rulas get pawa to ponish yu. Dem bi God savants wey dey ponish doz wey du wrong tins.

5Bot yu must obey di rulas, bikos yu no sey naim bi di rite tin to du, nor bi bikos God go ves for yu.

6Yu must stil pay yor tax tu. Di rulas na God savants and na dia wok to kare for all dis mata.

7Mak yu pay evritin wey yu dey hol; weda na tax, respet or onor.

8Mak luv bi di onli tin wey yu dey hol! If yu luv odas, yu don du evritin wey di law tok.

9Di law get difren-difren komand laik, "Nor komit adultri; nor kil pesin; nor tif; nor put eye for anoda man propati." All dis na jos won komand wey sey, "Mak pipol luv odas, jos as dem luv diasef."

10If yu luv pesin, yu nor go du-am bad. So, na luv bi di main tin wey di law dey tok abaut.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11Since una no di taim wey wi dey naw, mak una dey bihav wel, bikos di taim don rish wen una go wak-up from slip. Una no sey di day wey God go giv us salvashon, don near wel-wel pas as e bi wen wi first biliv.

12Nite don nearli finish and day go soon break. So mak wi stop to bihav laik pipol wey dey daknes and mak wi redi to waka for lite.

13So mak wi dey bihav wel as pipol dey du for day taim. Nor go enihaw parti or drink tu mush, den kon dey bihav enihaw. Nor kworel or joj pipol.

14Insted, mak una wear Jisos Kraist laik klot for bodi. Den wi nor go du di tins wey awa bodi won t.

Roman 14

1Mak una dey welkom God pipol. Ivun doh dia fate nor tu strong, mak una nor kos dem, bikos of wetin dem dey tink sey dey gud or bad.

2Som pipol tink sey e dey rite to chop eni fud and odas wey dia fate dey wik, dey chop onli vegetabol.

3Since God dey welkom evribodi, mak una nor kondem odas bikos dem chop or dem nor chop wetin una laik.

4Wish rite yu get to kondem anoda pesin savant? Na onli dia oga fit tok weda dem dey du wel and e must mak sure sey, dem dey du di rite tin.

5Som pipol tink sey won day beta pas anoda and som tink sey, evriday na di same. Bot mak evribodi biliv wetin dem won biliv.

6Enibodi wey tink sey won day beta pas anoda, dey du so to onor God. And enibodi wey chop meat, dey tank God jos laik di pesin wey nor won chop.

7Nobodi dey liv or die for ensef. Weda wi die or wi liv, na God stil get us.

8If wi liv, na God wi dey liv for; if wi die, na God wi stil die for. So, weda wi die or wi liv, na God stil get us.

9Dis na bikos Kraist die and e kom bak to life, so dat e go bi Oga to pipol wey don die and doz wey dey alaif.

10Bot why yu dey kondem oda Kristains? Why yu dey si dem as smol shildren? Di day dey kom wen God go joj all of us.

11God wod sey, "Weda dem laik am or not, evribodi go nil dan for my front kon sey na mi bi God."

12So, all of us go tel God wetin wi du wit awa life.

13So, mak wi nor dey joj won anoda and mak wi nor spoil anoda pesin fate.

14As I don no Kraist, e don mak mi no sey all fud dey klin. Bot if yu tink sey e nor gud mak yu chop som fud, dat nor min sey, e nor gud for anoda pesin.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

15Bikos if di fud wey yu chop mak yor broda or sista ves for yu, den yu nor dey show luv again. So mak yu nor let di kaind fud wey yu dey chop, offend di pesin wey Jisos Kraist die for.

16Nor let pipol kos Jisos Kraist, bikos of di fud wey yu dey chop.

17Bikos God kindom nor bi fud and drink mata, bot na abaut raitiousnes, peace and joy wey di Holi Spirit dey giv pipol.

18If yu serv Kraist laik dis, God go dey hapi wit yu and pipol go respet yu.

19So, mak wi liv for peace, den wi go help ish oda grow as dem dey serv God.

20Nor skata God wok bikos of fud. Evri fud dey okay, bot e nor gud mak yu chop wetin go spoil anoda pesin fate.

21E beta mak yu nor chop meat, drink wine or du enitin wey fit spoil yor brodas fate.

22Enitin wey yu biliv abaut dis mata, mak yu kip am to yorsef and God wey dey hevun, dey si-am. God don bless di pesin wey nor kondem ensef, bikos of wetin e du.

23Bot if yu dey doubt wetin yu chop, den yu dey kondem yorsef and yu no sey dat nor gud, bikos enitin wey yu du against wetin yu biliv, na sin.

Roman 15

1If awa fate dey strong, den mak wi dey patient wit doz wey get wik fate. Mak wi trai to mak dem hapi, insted of awasef.

2Mak wi tink of tins wey gud for dem, den du wetin go mak dem grow.

3Ivun Kraist nor du tins wey go jos mak ensef hapi, bot jos as dem rite for God wod, "Di pesin wey kos yu, don kos mi."

4Bikos evritin wey dem rite from biginin, na to tish, enkorage and giv us hope.

5So, I pray sey, God wey dey giv komfort and patient, go help una liv for peace wit won anoda as una dey folo Jisos Kraist.

6So dat as una dey togeda, una go fit yuz won vois praiz God, wey bi awa Oga Jisos Kraist, Papa.

7So mak una asept won anoda jos as Kraist asept una, so dat God go get all di glori.

8Mak I tel una di trut, Kraist kom as Ju pipol savant to show sey, God don kip di promis wey E mak wit dia gran-gran papa dem. Kraist stil kom,

9so dat Gentai pipol go praiz God sey e dey gud to dem. Jos as God wod sey, "I go tel Gentai pipol abaut Yu and I go sing, dey praiz yor name."

10God wod stil sey, "Gentai pipol! Mak una hapi wit God pipol."

11Dem rite am for God wod sey, "Una wey bi Gentai pipol, mak una praiz God. Mak evribodi praiz am."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

12Profet Isaia sey, "Sombodi dey kom from David famili (Jesse root). E go rule Gentai pipol and dem go biliv am."

13I pray mak God wey dey giv hope, bless una wit joy and peace bikos of una fate. So mak di Holi Spirit pawa ful una bodi wit fate.

14My frends, I dey sure abaut una sey una gud and una no God wel-wel and fit tish won anoda.

15Bot for dis leta, I rite som tins wit boldnes, so dat una go rimemba dem we-wel. God dey gud to mi and

16naim mak am shuz mi to bi Jisos Kraist savant for Gentai pipol and mak I for dey prish di Gud News. Dis tin hapun, so dat di Holi Spirit go mak God dey hapi wit Gentai pipol.

17So I dey boast abaut di tins wey I dey du, bikos of Jisos Kraist.

18Wit beta maind, evritin wey I dey tok abaut, na haw Kraist let mi tok and wok, so dat Gentai pipol go obey am.

19Yes! I go tok haw Kraist tak du meni mirakols and wondas tru di Holi Spirit pawa. I don prish di Gud News from Jerusalem go rish Ilyrikum.

20Bot I laik to prish di Gud News for wer pipol nor no Kraist, so dat I nor go build haus on-top anoda man foundashon,

21jos as God wod sey; "Doz wey dem tel abaut am, go si-am and doz wey neva hear abaut am, dem go undastand."

22My wok neva let mi kom si una.

23Bot naw, nor-tin rimain wey I go du for dis part of di wold again and e don tey wey I dey plan to kom visit una.

24I go plan to stop si una wen I dey go Spain, so dat una go help mi for di joni, afta I don stay wit una for somtaim.

25Bot naw, I dey tak mesage go giv God pipol for Jerusalem,

26bikos God pipol for Masidonia and Akaya giv mi moni mak I giv di poor Kristains for der.

27Dis na wetin dem rili won du. Bikos wen den share di tins wey dem get wit Ju pipol, naim bi sey dem don folo Ju pipol share dia spiritual blessins tu.

28So, afta I don finish dis wok kon dey sure sey di bilivas don get dia blessins for Jerusalem, I go visit una wen I dey go Spain.

29And I no sey wen I kom visit una, I go bring plenti blessins from Kraist kon giv una.

30My brodas and sistas, I dey beg una wit Jisos Kraist and di Holi Spirit luv; mak una help mi pray to God.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

31Mak una pray mak God save mi from pipol wey nor biliv am for Judea and mak di bilivas wey dey Jerusalem, asept wetin I dey prish.

32Mak una pray giv God, so dat I go kom visit una wit hapines.

33So mak God wey dey giv peace, dey wit all of un a. Amen.

Roman 16

1I get beta tins to tok abaut awa sista, Fibi, wey bi lida for di shosh wey dey Senkria.

2Mak una welkom am wit God name as God shildren sopoz du. And mak una giv am enitin wey e nid; bikos e don help mi and oda pipol bifor.

3Mak una salot Prisila and Akwila for mi. Dem bi my co-wokas for awa Oga Jisos Kraist wok,

4dem don ivun risk dia life bikos of mi. So, mi and di hol shosh dey tank dem wel-wel.

5Mak una stil help mi salot di pipol for di shosh wey dey mit for dia haus. Salot Epaenetus, my gud frend (di first pesin to biliv Kraist for Asia).

6Grit Mary wey don wok wel-wel wit una.

7Mak una grit my kozin Andronikus and Junia wey dey prizin wit mi bifor. Di apostols dey respet dem and tu of dem don dey folo God, bifor I ivun no Kraist.

8Grit Ampliatus, wey get fate and e bi my very gud frend.

9Grit Urbanus wey folo us wok. Grit Stachys wey bi my gud frend.

10Mak una grit Apelles for mi, bikos Jisos Kraist don shuz am. Den mak una stil grit Aristobulus famili for mi.

11Mak una grit Herodion my kontriman and Narcissus and en famili wey don biliv God.

12Grit Tryfana and Tryfosa, wey dey du Kraist wok.

13Grit Rufus, di pesin wey di Oga don shuz and en mama wey trit mi laik sey e bi my mama.

14Mak una grit Asynkritus, Flegon, Hermes, Patrobas, Hermas and all di brodas and sistas wey dey wit dem.

15Grit Filologus and Julia, Nereus and en sista, Olympas and all di bilivas wey dey wit dem.

16Mak una salot won anoda wit kiss for jaw. All di shosh wey bi Kraist own, dey grit una.

17Naw, my brodas and sistas, I dey beg una, mak una no di pipol wey dey kause wahala and opoz di tishin wey una don learn from us. Den mak una nor go near dem!

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18Bikos dis kaind pipol nor dey serv awa Oga Jisos Kraist, bot na dia bele dem dey kare for. Wit dia swit and wayo mout, dem go praiz and disiv pipol wey nor wise.

19I dey hapi, bikos evribodi don no haw una dey obey God. Bot I wont mak una dey wise wen e rish mata wey dey gud or bad. Mak una nor du eni bad tin.

20And God wey dey giv peace, go soon distroi Satan for una. Mak awa Oga Jisos Kraist grace dey wit una.

21Timoti, my co-woka; Lucius, Jason and Sosipater my kontriman, all of dem dey grit una.

22Ivun mi, Tertius wey rite dis leta, dey grit una wit Kraist name.

23Gaius, wey dey kare for mi and di shosh, dey grit una. Erastus wey bi di tawn treasura and awa broda Kwatus, dey grit una.

24Mak awa Oga Jisos Kraist grace dey wit una!

25Mak wi praiz God, bikos e don mak una strong tru dis Gud News wey I dey prish abaut en pikin, Jisos Kraist. For meni years naw, dem kip dis mesage for sikrit,

26bot naw, dem don tok am at last. God wey nor dey die, komand en profets mak dem rite abaut di Gud News, so dat pipol for evriwer, go obey am and get fate.

27Naw, bikos of Jisos Kraist, wi fit praiz di onli God wey dey wise foreva! Amen.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Fest Korintians

Fest Korintians 1

1Na Pol, wey God kol to bi Jisos Kraist apostol and Sosthenes, awa broda, na dem rite
dis leta.

2To God holi pipol for di shosh wey dey Korint, wey bi en own bikos of Jisos Kraist
and pipol for evriwer wey dey woship awa Oga Jisos Kraist as dia Oga and Savior.

3Mak grace and peace wey God and Oga Jisos Kraist dey giv, bi una own!

4I dey always tank God bikos of di grace wey E giv una, tru Jisos Kraist.

5Bikos wi dey wit Kraist, God mak us dey rish for evri side, both for wisdom and
undastandin,

6bikos di mesage abaut Kraist dey insaid us,

7so una nor go miss eni gift wey di Holi Spirit dey giv, as una dey wait for di day wen
God go bring awa Oga Jisos Kraist kom bak.

8God go help una rish di end, so dat E nor go si fault for una life for di day wen Jisos
go kom bak.

9God dey fateful, bikos na-im kol una to waka wit en pikin, Jisos Kraist, wey bi awa
Oga.

10My brodas and sistas, I dey beg una wit awa Oga Jisos Kraist name sey, mak una
nor kworel, bot mak una get won maind for evritin wey una dey du.

11Bikos I don hear tru Khloe famili sey, una dey kworel among unasef.

12Wetin I hear bi sey, som of una dey sey, "Na Pol side I dey;" odas sey, "Na Apollos
side I dey;" som stil sey, "Na Pita side I dey" or "Na Kraist side I dey."

13Una hear sey dem divide Kraist? Na Pol dem hang kil for kros? Abi na Pol name
dem tak baptaiz una?

14I tank God sey I nor baptaiz eni of una esept Krispus and Gaius,

15so nobodi go fit sey na my name dem tak baptaiz am.

16(I rimemba sey I stil baptaiz Stephanas famili. Apart from dem, I nor rimemba eni
oda pesin wey I baptaiz.

17Bikos Kraist nor send mi go baptaiz, bot na to prish di gospol and nor bi wit ordinari
wisdom wey go mak di sofa wey Kraist sofa for kros, yeye.

18Di mesage abaut Kraist deat for kros bi laik foolish mata to pipol wey don loss, bot
for wi wey God don save, di mesage na God pawa.

19Bikos God wod sey, "I go distroi di wisdom wey wise pipol feel sey dem get. I go
konfuz doz wey tink sey dem no tu mush."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

20Wetin hapun to di wise pipol? Wetin hapun to doz wey no Mosis law wel-wel? Wetin hapun to doz wey tink sey dem get all di ansa? Abi God nor sey dis wold wisdom, nor min enitin?

21God wise wel-wel, so E nor let pipol for dis wold no-am wit di wisdom wey dem get. Insted, E save onli di pipol wey biliv di foolish mesage wey wi dey prish.

22Ju pipol won si mirakol bifor dem go biliv and Greek pipol, na wisdom dem won hear,

23bot di tru mesage abaut Jisos wey dem kil for kros, naim wi dey prish and di mesage bi laik stone wey Ju pipol kick by mistak kon fal, bot to Gentai pipol, na yeye tin e bi.

24Bot for wi wey God don kol, weda wi bi Ju or Greek; na Kraist bi God pawa and wisdom wey svae us.

25Bikos God foolishnes wise pas all di sense wey humanbin get and God wiknes strong pas all di pawa wey dem get.

26My brodas and sistas, mak una rimemba haw God kol una, nor bi bikos una wise, strong or get moni wel-wel.

27Bot God shuz wetin di wold tink sey dey foolish and wik, so dat wise and strong pipol go shame.

28Wetin di wold tink sey nor gud, naim God shuz; tins wey dem tink sey nor min enitin, na doz tins E mak important.

29God du laik dis, so dat nobodi go fit boast for en front.

30Una don bi Kraist frends bikos of God and na tru Kraist wi get wisdom, gudnes and holines wey kom from God;

31bikos, God wod sey, "Enibodi wey won boast, mak e yuz Kraist tak boast."

Fest Korintians 2

1My brodas and sistas, wen I kom tel una abaut God wod, I nor tok to una wit big-big wod or trai to show sey I get sense.

2Bikos wen I dey wit una, I plan sey, Kraist wey dem kil for kros, na onli en mesage I go tok to una abaut.

3So wen I kom mit una, I dey wik and dey fear.

4Wen I dey tok and prish to una, I nor trai to show sey I get sense, bot I dey du evritin wit God pawa wey di Holi Spirit dey giv,

5so dat una fate go dey for God pawa, nor bi humanbin wisdom.

6Wi dey tok wit wisdom to doz wey rili no God wod, bot nor bi wit dis wold or eni rula wisdom, bikos dia wisdom nor min enitin.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Di tin wey I dey tok abaut, na God sikrit wisdom wey E shuz for us, ivun bifor E kreate di wold.

8No rula for dis wold fit undastand God wisdom, bikos if to sey dem fit, dem for nor nail and kil Kraist wey get glori.

9Bot God wod sey, "No eye don eva si; no ear don hear, ivun pesin maind nor fit tink abaut di tins wey God don priper for pipol wey luv am."

10God show us dis tins tru en Spirit, bikos di Spirit dey faind evritin; ivun di deep tins wey dey God maind.

11Na onli pesin spirit no wetin dey di pesin maind and na onli God Spirit no wetin dey God maind.

12God giv us en Spirit, so wi nor dey tink as dis wold pipol dey tink and naim mak us no di blessins wey God don giv us.

13Evri wod wey wi dey tok, na God Spirit tish us and nor bi human wisdom. And na dis same Spirit dey help us tish spiritual tins to pipol wey get God Spirit.

14So, na onli hu get God Spirit fit unadastand spiritual blessins. Pesin wey nor get God Spirit, nor go fit undastand wetin di Spirit dey tok.

15Pesin wey dey listin to di Spirit fit joj oda pipol, bot nobodi go fit joj dem:

16bikos God wod sey, "Hu fit no wetin God dey tink so dat e go advise am?" Bot wi wey get di Spirit, undastand wetin Kraist dey tish.

Fest Korintians 3

1My brodas and sistas, wen I dey wit una bifor, una dey bihav laik pipol for dis wold. Na dis mak mi nor fit tok to una as pipol wey get God Spirit. Dat taim, una fate for Kraist bi laik smol pikin own.

2So I dey fid una wit milk laik smol pikin and as e bi naw, una neva stil fit chop strong fud,

3bikos una neva get di Spirit since jelosi and kworel stil dey among una. Dis min sey una neva get di Spirit and una stil dey liv laik pipol wey dey di wold.

4Som of una dey sey, "Na Pol I dey folo," odas sey, "Na Apollos bi awa lida." Na pipol wey nor no God dey du laik dat!

5Mi and Apollos na God savant and E yuz us tak prish to una mak una for fit biliv and ish of us dey du di wok wey God sey mak wi du.

6I dey plant di sid and Apollos dey wota dem, bot na God dey mak di sid grow.

7Pesin wey plant and di won wey wota, nor min enitin, bikos na God dey mak di sid grow.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

8Di pesin wey plant di sid and di won wey wota am, na di same wok dem dey du, bot ish pesin go get en pay from God akordin to en wok.

9All of us na co-wokas for God and na una bi God farm and en buildins.

10Na God grace mak mi sabi build wel-wel. I lay foundashon wey anoda pesin build put. Bot mak wi tak kare as wi dey build,

11bikos na Kraist bi di onli foundashon.

12So if enibodi yuz gold, silva, fine stones, wud, or difren grass tak build on-top dis foundashon,

13mak e no sey, God go expoz en wok, bikos E go test am wit fire for Jojment Day. Di fire go test di wok wey evribodi dey du.

14God go riwod us if di fire nor burn wetin wi build.

15Bot if di fire distroi am, wi nor go get enitin. Bot wi go dey save laik pesin wey dem drag komot from insaid fire.

16Una nor no sey una bi God tempol and en Spirit dey insaid una?

17So If enibodi distroi God tempol, God go distroi dat pesin tu, bikos God tempol dey holi and na una bi dat tempol.

18Mak una nor let enibodi disiv una. If enibodi tink sey e get sense for dis life, mak e turn to fool, so dat e go rili get sense.

19Dis wold wisdom, na foolishnes for God front. Bikos God wod sey, "God dey ponish pipol wey tink sey dem wise."

20God no sey na yeye tins wise pipol dey tink,

21so, mak wi stop to dey boast abaut wetin pesin du. Bikos both

22Pol, Apollos, Pita, di wold, life or deat; tins wey dey naw or tins wey go dey tumoro, all of dem na una own.

23So una bi Kraist own and Kraist na God own.

Fest Korintians 4

1Mak una dey tink abaut us as Kraist savant wey God don show en sikrit.

2God wont mak wi dey fateful to am.

3So, e nor konsan mi if yu or eni human kourt dey joj mi. Ivun mi nor fit joj mysef.

4My maind dey klear, bot dat nor min sey I dey inosent. Na onli God go fit joj mi.

5So, mak una nor joj enibodi ontil Kraist go kom bak. E go expoz evritin wey dey daknes and di tins wey dey insaid pesin heart. Dat taim, na God go praiz evribodi akordin to wetin dem du.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

[6]My frends, I don yuz mysef and Apollos as ezampol for una, so dat tru us, una go no wetin e min to obey di law. I nor wont mak una dey sey won of us beta pas di oda pesin.

[7]Wetin mak una tink sey, una beta pas anoda pesin? Nor bi God giv una evritin? So wetin mak una dey boast, wen e bi sey evritin wey una get, na God giv una?

[8]Una don rili get evritin wey una nid! Una don get plenti moni! Una don turn king wit us! Haw I wish sey una rili bi king, so dat wi go dey rule wit una.

[9]Bikos e klear sey, di place wey God giv us wey bi en apostols, na wer wos pas for di wold; wi bi laik prizinas wey dem dey go kil. Angels and dis wold pipol jos dey tak us mak yeye.

[10]Bikos of Kraist, pipol dey si us as fools, bot God don mak us wise. Wi wik and dem hate us, bot dem dey respet una wey dey strong.

[11]Ivun today, wi dey hungri for fud and wota, na onli rag wi get to wear. Dem dey trit us enihaw and wi nor get haus to stay.

[12]Wi dey wok hard bifor wi go fit chop and as pipol dey kos us, na blessin wi dey giv dem bak. Wen wi dey sofa, wi dey-dey patient.

[13]Wen pesin kos us, wi nor dey ansa bak wit kworel. So til today, dem dey si us as dirti for dis wold.

[14]I nor dey rite dis tins mak una for shame, bot na to koret una as shildren wey I luv.

[15]Bikos ivun if ten tazon pipol kon tish una abaut Kraist, na onli won papa una go stil get. Bikos una don turn to my pikin, wen una risiv di mesage abaut Kraist from mi.

[16]So, I dey enkorage una sey, mak una bi laik mi.

[17]Na to enkorage una mak mi send Timoti, my son wey I laik and wey luv Kraist kom mit una. E go tel una haw I dey folo Kraist and di tins wey I dey prish abaut Kraist, for evri shosh.

[18]Som of una don dey kari bodi up, bikos una tink sey I nor go kom bak again.

[19]Bot if God alow mi, I go soon kom mit una. Den I go no if pipol wey dey boast, rili get pawa.

[20]Bikos God kindom mata, nor bi abaut ordinari tok, bot na abaut pawa.

[21]Wish won una wont? Mak I kari cane kom mit una, or mak I kon show una di luv wey di Spirit dey giv pesin?

Fest Korintians 5

[1]I don dey hear bad-bad tins abaut som of una. And una own ivun wos pas wetin doz wey nor no God dey du. Sotey man dey slip wit en papa wife.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

2And shame nor ivun dey kash una! Una sopoz to feel bad kon driv di pesin wey du
dis kaind tin.

3I no sey I nor dey der wit una naw, bot I dey wit una for spirit. And I don alredi joj di
pesin, jos as I go du if I dey der.

4Wen una gada togeda for awa Oga Jisos Kraist name, I dey wit una for spirit and
Kraist pawa dey wit una tu.

5So mak una giv am to Satan mak e ponish am, so dat en sin go komot for en bodi and
Kraist go save am for di last day.

6E nor gud mak una dey boast! Una nor no sey, smol yist wey dem put for bread, na-
im dey mak di hol bread raiz?

7Mak una rimov di old yist, den una go bi laik fresh bread wey nor get yist and dat na
wetin una bi. Bikos awa Passova lamb, na Kraist wey dem don alredi sakrifais.

8So wen wi dey celebrate Passova, mak wi nor du-am wit di old yist wey bi wikednes
and bad bele, bot mak wi du-am wit di fresh bread wey nor get yist, wey bi trut and
beta maind.

9For di leta wey I first rite giv una, I sey mak una nor mak frend wit bad pipol.

10Bot I nor dey tok abaut pipol wey bad, wiked, dey serv juju and get long-trot for dis
wold. If to sey na dem I dey tok abaut, den una nid to komot for dis wold.

11Bot naw, I dey rite to una sey, pipol wey sey dem bi Kristins and dem dey du bad
tins, mak una nor folo dem mak frend. Mak una nor ivun chop wit dat kaind pesin.

12Wetin go mak mi joj pipol wey nor dey di shosh? Nor bi doz wey dey insaid wi
sopoz to joj?

13Na God go joj doz wey dey outsaid, bikos en wod sey, "Mak una driv doz wey dey
du wiked tins among una, komot for di shosh."

Fest Korintians 6

1Wen pesin nor dey agri wit anoda pesin, una dey tak una kase go kourt wer sinas go
joj di mata, abi una dey tak am go mit God pipol?

2Una nor no sey na God pipol go joj di wold? And if na una go joj di wold, una nor fit
setol smol-smol mata among unasef?

3Una nor no sey wi go joj angels? Since na so, den wi sopoz to joj di tins wey dey dis
wold!

4So, na wetin mak us dey tak awa kase go giv joj wey nor no God?

5I dey tok laik dis, so dat una go shame! So una nor get wise pesin among una wey fit
joj bitwin una wey bi Kristens?

6Wetin dey mak una kari unasef go mit joj wey nor no God?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Wen una tak unasef go kourt, dat min sey all of una don lose.

8Insted, una dey play wayo among unasef!

9Una nor no sey wiked pipol nor go enta God kindom? So mak una nor fool unasef! Pipol wey dey slip wit hu dem nor mari, doz wey dey serv juju, men wey dey slip wit oda men,

10tif, long-trot, drunkard, doz wey dey kos pipol and doz wey dey play wayo; non of dem go enta God kindom.

11Na so som of una bi bifor, bot naw, God don wosh una klin tru Jisos Kraist name and en Spirit pawa, don mak una klin for en eye.

12Som of una sey, "Wi fit du enitin wey wi wont." Bot I dey tel una sey nor bi evritin dey gud for us. So I nor go gri mak enitin kontrol mi.

13Una stil dey sey, "Fud dey gud for awa bodi and awa bodi nid fud." Bot I dey tel una, "God go distroi di tu of dem." So mak wi nor yuz awa bodi tak du yeye tins.

14God go raiz us from deat wit di same pawa wey E yuz tak raiz Jisos.

15Una nor no sey una bodi na part for Kraist bodi? So e dey gud mak wi put awa bodi for ashawo wok? God forbid!

16Una nor no sey, pesin wey dey slip enihaw wit oda pipol, don bi part for di pipol bodi?

17So enibodi wey join Kraist, don get won spirit wit am.

18Mak una run liv ashawo life. Evri oda sin wey man dey komit na for outsaid en bodi, bot di pesin wey dey du ashawo, dey sin against en own bodi.

19Abi una nor no sey una bodi na di tempol wer di Holi Spirit dey stay? So, nor bi una get unasef.

20God don pay beta prize for una, so mak una onor am wit una bodi.

Fest Korintians 7

1Naw I go ansa di kweshon wey una ask for una leta. Una ask sey, "E dey gud mak pesin nor mari?”

2Bot mak una nor for dey du ashawo, e beta mak una mari.

3Mak husban and wife du di rite tin wey dem sopoz du for won anoda.

4Nor bi di wife get en own bodi, bot na di husban get am and na so tu di wife get en husban bodi.

5Mak una nor refuse ish oda, esept una agri sey una go dey laik dat for somtaim, so dat una go fit pray. Den Satan nor go fit tempt una, bikos una go fit kontrol una bodi.

6Na advise I dey giv una, nor bi komand.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Haw I wish sey all of una bi laik mi. Bot di gift wey God giv us nor bi di same.

8Dis na di advise wey I go tel di pesin wey neva mari and doz wey dia husban or wife don die; mak una dey as una dey, jos as I bi.

9Bot if dem nor fit kontrol demsef, mak dem mari, bikos e beta mak pesin mari, dan mak e dey tink bad tin for en maind.

10Na doz wey don mari I won giv dis komand to (Nor bi mi, bot na God): Mak wife nor liv en husban.

11Bot if e liv am, mak e nor mari again or mak e go bak go setol wit di man. And mak husban nor liv en wife tu.

12Ivun doh I dey tok on my own, I nor tink sey God go tok enitin difren from wetin I dey tel una abaut marage. Di onli tin wey I fit du na to giv una my advise. If yor wife nor dey folo Kraist, bot e sey e go folo yu stay, mak yu nor driv am.

13If yor husban nor dey folo Kraist, bot e sey e go folo yu stay, mak yu nor run liv am.

14Bikos di husban wey nor biliv, God go save am, bikos of en wife wey biliv and di wife wey nor biliv, God go save am, bikos of en husban wey biliv.

15Bot if di won wey nor biliv komot from di marage, mak e bi laik dat. For dis kaind kase, di broda or sista wey biliv, don dey fri; bikos God wont mak wi enjoy peace.

16Yu wife! Haw yu tak no sey yu nor go fit save yor husaban? Yu husban! Haw yu tak no sey yu nor go fit save yor wife?

17For evri shosh, I dey tel di pipol sey mak dem rimain as dem bi wen Oga Jisos shuz and kol dem to bi en own. Naw, na di same tin I dey tel una so.

18If yu don alredi sekonsaiz, mak yu dey laik dat. If dem neva sekonsaiz yu, mak yu nor sekonsaiz.

19Weda dem sekonsaiz yu or not, nor min enitin. Wetin dey important, na to obey God law.

20So mak una nor trai to shange as una bi wen God shuz una.

21If God kol yu wen yu bi slave, mak yu nor let am wori yu. Bot if yu fit get yor fridom, mak yu get-am.

22Slave wey God shuz mak e folo Jisos, don bikom fri man tru Jisos Kraist. So fri man wey God shuz mak e folo Jisos, don turn to Kraist savant.

23God pay big prize for una. So mak una nor bi slave to eni oda pesin.

24Mak una stay as una bi wen God shuz and kol una.

25Konsanin pipol wey neva mari bifor, I nor get eni komand from Kraist to giv una, bot I go advise una as pesin wey una fit trust, bikos God dey show mi mesi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

[26]Dis taim wey wi dey nor eazi at-all and wetin I tink bi sey, e go gud mak una stay as una bi naw.

[27]If yu don mari, nor liv yor marage. If yu neva mari, mak yu nor wori yorsef abaut am.

[28]If pesin wey neva mari bifor kon mari, e nor sin. Bot, pipol wey don mari go face plenti wahala and I dey trai to help una, so dat una nor go face dat kaind wahala.

[29]My frends, wetin I min bi sey Kraist go soon kom and e nor mata if yu don mari or not.

[30]If yu dey krai or laff; dey buy somtin or yu nor get moni, all na di same tin.

[31]E nor go mak eni difrens ivun if yu get all di tins for dis wold or sey yu laik di wold wel-wel, bikos as wi no, di wold go soon vanish komot.

[32]And I nor wont mak enitin trobol una. Man wey neva mari, mak e dey du tins wey go mak Kraist hapi for am.

[33]Bot man wey don mari get plenti tins to wori abaut. E go must wori abaut tins for dis wold, bikos e go wont mak bele dey swit en wife,

[34]so e go dey tink abaut difren tins. Wuman wey neva mari dey onli tink of haw to mak bele swit Kraist and dia bodi and maind dey pure. Bot wuman wey don mari dey wori abaut dis wold tins, bikos e wont mak bele swit en husban.

[35]Wetin I dey tok na for una own gud, nor bi to mak una slave. I wont help una to dey liv beta life and to luv Kraist pas eni oda tin.

[36]Bot if yu dey engage and yu nor fit kontrol yorsef, den mak yu go mari. Nor tin dey bad for dat won.

[37]Bot e beta, if yu fit kontrol yor bodi sey yu nor won mari naw.

[38]E dey rite and okay to mari, bot e beta sey yu nor mari at-all.

[39]Wife sopoz to stay wit en husban ontil di man die. Den e fit go mari again, bot di new husban must bi pesin wey dey folo Kraist.

[40]Bot I biliv sey, I dey obey God Spirit wen I sey mak di wuman nor mari, so dat e go dey hapi wel-wel.

Fest Korintians 8

[1]For di leta wey una rite, una ask mi abaut juju fud. And all of us no somtin konsanin dis mata. Bot if wetin wi no, dey mak us dey proud, den bikos of luv, wi sopoz help won anoda.

[2]Di man wey tink sey e no som tin, neva stil no as e sopoz no.

[3]Bot God no di pesin wey luv am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4So, ivun if pipol dey offa fud giv juju, all of us no sey di juju dem nor get life, bikos
na onli won God dey.

5Dem dey kol meni tin for hevun and eart, "gods and mastas," bot non of dem rili bi
god or masta.

6Bot wi (wey bi Kristen), na onli won God wi get and naim bi awa Papa. Na-im kreate
evritin and wi dey liv for am. Na Jisos Kraist bi awa onli Oga. Na-im mak evritin and
na tru am wi get life.

7Nor bi evribodi no dis tins. Som pipol don grow wit di biliv sey juju dey alaif. So
wen dem dey chop meat wey dem giv juju, dem go dey fear.

8Bot wi no sey fud nor fit bring us klose to God. Wi nor go lose enitin if wi nor chop
or sey wi gain enitin if wi chop.

9Bot mak una dey kareful, so dat wik pesin among una nor go fal, bikos una don dey
fri to chop enitin.

10Bikos if wik pesin si yu wey no di wod dey chop juju fud, e go fit join yu chop di
fud wey dem sakrifais giv juju.

11Den wetin yu no don distroi pesin wey Kraist die for.

12If yu sin against yor brodas or sistas wey nor get strong heart and fate, yu don sin
against Kraist.

13So, if fud wey I dey chop go wound pesin wey dey folo Kraist, I nor go eva chop
meat again, so dat my brodas and sistas nor go sin.

Fest Korintians 9

1I nor dey fri? I nor bi apostol? Abi I neva si awa Oga Jisos? Nor bi una dey show di
wok wey I don du?

2If I nor bi apostol to oda pipol, at list I bi apostol to una, bikos na una bi di sign wey
show sey I bi Jisos Kraist apostol.

3Wen pipol ask mi kweshon, I dey tel dem sey,

4mi and Banabas fit chop and drink wetin wi laik,

5abi wi nor get rite to mari biliva for Kraist?

6Na onli wi must wok bifor wi go chop?

7E get eni soja man wey dey pay ensef salari? Abi hu plant vegetabol, nor dey chop
for insaid? Or hu dey kip ship nor dey drink from dia milk?

8Una tink sey na onli kommon sense I tak dey tok all dis tins? Abi una don forget sey
di law tok laik dis tu?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9Mosis sey, "Mak una alow anima wey grind korn chop from wetin e dey grind." So, una tink sey na di melu God dey wori for?

10No! Na wi God dey tok abaut. Dem rite all dis tins for di law, so dat evribodi wey wok, go fit chop for havest taim.

11So if wi don plant spiritual sid among una, e go dey tu mush if wi ask for ordinari fud and drink from una?

12If odas dey du laik dis, dat min sey wi ivun get beta rite to du laik dat tu. Bot, wi dey bear evritin, so dat wi nor go kause trobol for Kraist mesage.

13Una nor no sey doz wey dey wok for di Tempol dey chop fud wey pipol bring kon giv God for der? Abi una nor no sey pesin wey dey serv for alta na from der e for dey chop?

14Na so tu God komand sey, doz wey dey prish di gospol, go chop tru di gospol, wey dem dey prish.

15Bot I nor dey yuz all dis rite and I nor dey rite dis tins, so dat pesin go giv mi somtin. E beta mak I die, dan mak enibodi kon mak mi stop to dey tok laik dis.

16Bikos if I dey prish di gospol, I nor get eni reason to boast, bikos I nor fit du eni oda tin dan to dey prish di gospol! Na wahala for mi, if I nor prish di gospol!

17If I prish bikos I wont prish, dem go pay mi, bot ivun if I nor wont prish, di prishin na wetin God send mi kom du.

18Wetin kon bi my gain? Na to prish di gospol witout pay or na to yuz di rite wey I get, bikos I dey prish di gospol?

19I nor bi enibodi savant. Bot I don turn savant to evribodi, so dat I go fit win meni pipol for Kraist.

20Wen I dey wit Ju pipol, I dey liv laik dem, so dat I go win dem for Kraist. Na Mosis law dem dey folo, bot I nor dey folo dat won. Bot I dey liv as di law tok, so dat I go win souls kom mit Kraist.

21And wen I dey wit pipol wey nor dey liv by di law, I nor dey yuz di law for dem, so dat I go fit win dem. Bot dat nor min sey, I go forget God law, bikos na Kraist law dey rule mi.

22Wen I dey wit pipol wey get wik fate, I dey liv as dem dey liv, so dat I go fit win dem. I dey du evritin wey I fit du, so dat I go fit win evribodi wey I fit win, kom mit Kraist.

23Na di gospol mak mi dey du all dis tins, so dat I go fit share for di blessins.

24Una nor no sey, wen pipol dey run, na onli won pesin go win di race and di prize? So mak una run, so dat una go fit win!

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

25Pipol wey dey run, dey train wel-wel, so dat dem go win krawn wey nor dey last, bot wi dey run for krawn wey go last foreva.

26So I nor dey run for nor-tin and I nor dey folo briz fite.

27Insted, I dey kontrol my bodi kon mak am my slave, so dat afta I don prish di Gud News giv odas, God nor go rejet mi.

Fest Korintians 10

1My brodas, I wont mak una rimemba wetin hapun to awa papa dem wey folo Mosis. God kloud protet dem as dem dey waka pas di Red Sea.

2Na der dem for baptize dem wen dem dey folo Mosis wey bi God savant.

3All of dem chop and drink di same spiritual

4bread and milk. Dem drink from di spiritual Rock wey folo dem go and dat Rock, na Jisos Kraist.

5Bot den, God nor dey hapi wit som of dem, so meni of dem kon die for insaid desert.

6Naw, all dis na ezampol for us, so dat wi nor go du bad tins as dem du,

7or woship juju laik som of dem. Jos as God wod sey, "Di pipol sidan to chop and drink, den dem kon start to play."

8Mak wi nor folo ashawo life laik som of dem, wey mak twenti-tiri tazon pipol die for won day.

9So mak wi nor tempt Kraist as som of dem dey du bifor snake kon distroi dem.

10Mak una nor komplain as som of dem dey du bifor distroshon angel kon distroi dem.

11Dem rite dis tins wey hapun to dem to tish us lesson and na ezampol for doz wey go dey wen di wold go end.

12So pesin wey tink sey e stand, mak e tak kare, if not, e go fal.

13E nor get enitin wey dey hapun to una naw, wey neva hapun to odas bifor, bot God dey kip en promis and E nor go alow una pas tru wetin una nor go fit bear.

14So my brodas, mak una run from bad tins.

15I dey tok to pipol wey get sense. Mak una tink abaut wetin I dey tok.

16Wen wi drink from di Lord Supa cup, dat min sey wi dey share from Kraist blood. Wen wi chop from di bread wey wi divide, dat min sey wi dey share from Kraist bodi.

17Bikos wi dey chop from won bread, all of us don bi won bodi, ivun doh wi meni.

18Izrel pipol dey chop juju fud, bot dem stil dey share for Kraist alta.

19I nor dey sey juju fud or di won wey dem sakraifais min enitin.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

20Bot wetin I min bi sey, wetin bad pipol dey sakrifais, na for dimon, nor bi for God.

21Yu nor fit drink from God cup and dimon cup for di same taim.

22Abi wi dey trai to mak Kraist ves? Wi strong pas God?

23Pipol sey, wi fit du evritin. Dat na tru, bot nor bi evritin dey gud. Wi fit du evritin, bot nor bi evritin dey gud for di bodi.

24Mak pesin nor dey tink for ensef alone, bot for oda pipol tu.

25Mak una maind dey okay as una dey chop eni meat wey dem dey sel for market.

26Bikos God wod sey, "Di eart and evritin wey dey insaid, na di Oga own."

27If pesin wey nor no God invait yu kom chop for en haus, mak yu chop wetin e giv yu, nor ask kweshon, bikos of wetin dey yor maind.

28Bot if di pesin tel yu sey, "Dem sakrifais dis fud giv juju," mak yu nor chop am, bikos of di pesin wey tel yu and en konscience.

29I nor min yor konscience, bot di oda pesin own. So bikos of wetin anoda pesin dey tink, I nor go fit du wetin I wont du?

30If I tank God for my fud, wetin go mak enibodi fite mi bikos of di fud wey I tank God for?

31Bot enitin wey una dey du, weda una dey chop or drink, mak una du-am to onor God.

32Liv yor life so dat yu nor go kause trobol for Ju or Greek pipol or for pipol wey dey God shosh.

33Mak una dey du as I dey du; bikos I dey always trai to please evribodi insted of mysef, bikos I wont mak God save dem.

Fest Korintians 11

1Mak una folo mi as I dey folo Kraist.

2I dey praiz una, bikos una always dey du di tins wey I tel una,

3bot I wont mak una undastand sey as Kraist bi evribodi head, na so tu husban bi head for en haus and na God bi Kraist head.

4So eni man wey dey pray or prish God mesage kon kova en head dey woship God, dey disgrace Kraist.

5And eni wuman wey dey pray or prish God mesage and e nor kova en head, dey disgrace en head, wey bi en husban; e for beta sey di wuman shave en head.

6If di wuman nor won kova en hair, den mak e go shave am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Man nor nid to kova en head, bikos e dey show as God glori bi. Bot wuman dey show as man glori bi;

8bikos God nor kreate di man from wuman, bot E kreate di wuman from man.

9God nor kreate man bikos of wuman, bot E kreate wuman, bikos of man.

10Bikos of di angels, di wuman must kova en head to show sey na en husban dey protet am.

11As wi dey serv Kraist, di wuman and di man, dey togeda for Kraist bodi.

12Aldoh God mak wuman from man, bot na wuman dey born evribodi, ivun doh na God kreate evribodi.

13Mak una joj by unasef weda e dey gud for wuman to dey prish God wod wen e nor kova en head.

14Wetin mak pipol for di wold dey sey, na disgrace for man to kari long hair?

15Bot long hair dey mak wuman fine wel-wel. God giv di wuman di long hair, so dat di hair go kova di wuman head.

16Dis na haw dem dey du tins for God shosh, so nobodi go fit folo mi kworel for wetin I dey tok.

17Di way una dey woship God, dey kause wahala pas di gud wey E dey du for una. Bikos of dis, I nor go fit praiz una.

18Bikos I hear sey wen una gada dey woship God for shosh, na so-so kworel una dey kworel and I biliv sey som of wetin I hear, na tru.

19Bikos if una nor kworel, wi nor go no di gud wons among una.

20Wen una dey togeda, nor bi di Lord Supa una dey chop?

21Bot bifor evribodi go rish di mitin, som of una go don start to chop and drink, wen odas dey hungri.

22Una nor get haus wey una go for chop and drink? Abi una hate God shosh? Una won disgrace pipol wey nor get enitin to chop? Wetin I go fit tel una naw? I nor go fit praiz una at-all.

23I don alredi tel una wetin awa Oga Jisos du for di nite wen dem sel am. And na Kraist tok am by ensef. E tak som bread for en hand

24and afta e don tank God, e divide am kon sey, "Dis na my bodi wey I dey giv una. Mak una always dey chop am to rimemba mi."

25Afta dem chop finish, Jisos tak di cup kon sey, "Dis na my blood wey God tak mak new kovenant wit una. Mak una always dey drink am to rimemba mi."

26Jisos min sey, wen una chop di bread kon drink from di cup, una dey tel odas abaut Kraist deat ontil e go kom bak.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

27Bikos of dis, enibodi wey chop di bread or drink di wine enihaw wey e laik, dat pesin don sin against Kraist bodi and en blood.

28So mak evribodi shek ensef, bifor e chop di bread and drink from di cup.

29Bot if una nor undastand sey na una bi Kraist bodi, una don alredi kondem unasef wit di way wey una dey chop and drink from di cup.

30Na dis mak meni of una wey nor wel, wik and som among una don ivun die.

31Bot if wi joj awasef, God nor go ponish us.

32Bot wen God joj and ponish us, E dey du-am, so dat E nor go kondem us wit dis wold.

33My brodas and sistas, mak una dey wait for evribodi, bifor una go start to chop di Lord Supa.

34Bot if enibodi rili dey hungri, mak e chop kom from en haus. Den wen una dey togeda, una nor go kondem unasef. So wen I kom, I go tel una oda tins wey una sopoz no.

Fest Korintians 12

1My frends, una bin ask mi abaut spiritual gifts.

2I won mak una rimemba sey, bifor una bigin folo Kraist; na juju una dey serv.

3Naw, I wont mak una no sey, enibodi wey God Spirit dey lid, go sey, Jisos naim bi Oga and e nor go eva kos am.

4Na meni spiritual gifts God dey giv pipol, bot all of dem na from di same Spirit.

5And wi get difren ways to serv God

6and ish of us dey du difren tins. Bot na di same God dey wok for awa life and E dey help us du evritin.

7Ish of us get difren gift wey di Spirit giv us and wi dey yuz am du gud.

8Som of us dey fit speak wit wisdom and odas wit knowledge, bot na di same Spirit dey giv us all dis gifts.

9To oda pipol, di same Spirit dey giv dem fate or di pawa to heal sik pipol.

10Di Spirit dey giv odas di pawa to du mirakol and e mak som pipol profets and som of us dey fit no wen God Spirit dey among us. Odas dey tok wit difren-difren language and som of us go tel una wetin di tins wey dem dey tok min.

11Bot na di same Spirit dey du all dis tins and e dey shuz di kaind gift wey e wont giv ish pesin.

12Kraist bodi get difren part laik evri oda bodi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

13Som of us na Ju and odas na Gentai. Som of us na slave and odas dey fri. Bot God Spirit baptiaz us kon mak us part for Jisos Kraist bodi. Naw, all of us dey drink from dat same Spirit.

14Nor bi onli won part awa bodi get, bot dem meni.

15If di leg for awa bodi sey, "I nor bi hand, so I nor bi part for di bodi." Nor bi di bodi di leg stil dey?

16And if di ear sey, "I nor bi eye, so I nor bi part for di bodi." Nor bi di bodi di ear stil dey?

17If to sey di hol bodi na eye, wi nor for fit hear enitin and if to sey all di bodi na ear, wi nor for fit smel enitin.

18Bot God don put evri part for awa bodi, jos as E wont am.

19If na onli won part dey di bodi, den di bodi nor go bi as e sopoz bi again.

20Bot as e bi so, na meni parts dey mak won bodi.

21So, di eye nor go fit tel di hand sey, "I nor nid yu" and di head nor go fit tel di leg sey, "I nor nid yu tu."

22So, wi nor go fit du enitin wit awa bodi witout di part wey wi feel sey, e dey wik.

23Di part wey wi tink sey dey important, wi dey trit dem wit respet and di part wey nor rili dey outsaid, wi dey trit dem wel.

24Bot awa bodi nor nid all dis treatment. Bikos na God mak awa bodi, so di part wey wi fit sey nor dey important, dey important wel-wel.

25God du-am laik dis, so dat all di parts for di bodi go dey wok togeda and ish part go dey kare for oda part.

26If won part dey sofa, di oda parts dey sofa tu. Bot if dem praiz won part, di oda parts go dey hapi.

27All of una dey Kraist bodi. And ish of una, na part for di bodi.

28So for di shosh, God first shuz apostols, bifor profets and tishas. E stil shuz som wey dey du mirakol, odas wey dey heal sik pipol, som wey bi lidas and odas wey dey tok wit difren-difren language.

29Nor bi evribodi bi apostol. Nor bi evribodi bi tisha. Nor bi evribodi fit du mirakol.

30Nor bi evribodi fit heal sik pipol. Nor bi evribodi fit tok wetin dis language min.

31Bot I wont mak una ask for di gift wey beta pas, so dat I go show una di way wey beta pas all dis tins.

Fest Korintians 13

1If I dey tok di language wey humanbin and angels dey tok,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

2if I dey profesai and fit undastand evri sikrit and knowledge or if I get fate wey fit
move mountins and I nor luv oda pipol, I go bi nor-tin.

3If I giv pipol evritin wey I get kon sey mak dem burn mi alaif, bot I nor luv odas, I
nor go gain enitin.

4Luv dey kaind and patient, e nor dey jelos or boast

5or dey proud. Luv nor get long-trot or dey ves. E nor dey rimemba di bad tins wey
odas du.

6E nor dey hapi wit wiked pipol, bot e dey hapi wit di trut.

7Luv dey bear evritin and e get fate, hope and patient.

8Luv nor dey fail and e go dey foreva. Pipol nor go profesai foreva and doz wey dey
tok wit difren-difren language, go stop. For dat taim, wi go forget evritin wey wi no.

9Naw, wi nor no evritin and awa profesi nor komplit.

10Bot won day, wetin dey pafet go kom and wetin nor dey pafet, go vanish.

11Wen wi neva no Kraist, wi dey tink and tok laik smol shildren. Bot naw wen wi don
no am, wi nor dey du laik smol shildren again.

12Evritin wey wi dey si naw bi laik ordinari image for mirror; bot for dat taim, wi go
si-am, face to face. Naw wi nor no evritin, bot den wi go no, jos as God rili no us.

13And naw wi get fate, hope and luv. Bot di won wey big pas for di tiri, na luv.

Fest Korintians 14

1Na luv sopoz gaid una. So mak una dey fite to get di gift wey di Holi Spirit dey giv,
especiali di gift to profesai.

2Bikos if una dey tok wit difren-difren language wey odas nor undastand, God go
undastand wetin una dey tok, aldoh no oda pesin go no wetin e min. Tins wey una go
dey tok abaut, na onli di Spirit go fit undastand dem.

3Bot wen una profesai, pipol go undastand una and odas go help una. Dem go get
komfort kon dey okay.

4Pesin wey dey tok wit difren language, dey help ensef. Bot di won wey dey profesai,
dey help di shosh.

5I for laik mak all of una dey tok wit difren language, bot I wont mak una dey
profesai. Bikos profesi go du una more gud, dan sey una dey tok wit difren language
wey pipol nor fit undastand, unles sombodi esplain di minin giv di pipol for di shosh.

6My brodas and sistas, wetin una go gain if wen I kom, I dey tok wit difren language
wey una nor undastand and I nor esplain am? Haw I go fit help una den, unles I tel
una wetin God tel mi or mak una no wetin dem profesai and tish?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7If all muzik instrument get di same sound, haw una go tak no di won wey bi trumpet or harp?

8If trumpet mak sound wey pipol nor undastand, hu go dey redi to go fite war?

9Na so e bi wen una dey tok wit difren-difren language wey pipol nor undastand. If nobodi fit undastand wetin una dey tok abaut, dat min sey na briz una dey folo tok.

10Dis wold get difren language and all of dem dey mak sense.

11Bot if odas nor undastand wetin una tok, den dem go bi laik stranjas to una.

12Na so e bi wit una tu. If una rili wont di gift wey di Spirit dey giv, mak una shuz di won wey di shosh go gain from.

13So wen wi tok wit difren-difren language wey odas nor undastand, mak wi pray mak God giv us di pawa to esplain wetin e min.

14For ezampol, if I pray wit language wey nobodi undastand, my spirit dey pray, bot my maind nor undastand di tins wey I dey pray for.

15So wetin I go du? Bikos e get taim wey I go pray wit my spirit and taim wey I sopoz pray wit my maind. Somtaims, I sopoz sing wit my spirit and oda taim, I go sing wit my maind.

16If som stranjas dey for wer una for dey woship God for spirit and dem nor undastand una, haw dem go tak no wen to sey, "Amen"?

17Una fit rili dey woship God wel-wel, bot nobodi go gain from am, bikos dem nor undastand wetin una dey tok.

18I tank God sey I dey tok wit difren-difren language pas all of una.

19Bot wen I dey shosh, e beta mak I speak faiv beta wods to tish odas, dan to speak ten tazon wods wey pipol nor undastand.

20My brodas and sistas, mak una stop to tink laik smol shildren. Insted mak una dey tink laik mature pipol and inosent laik pikin wey dem jos born.

21God wod sey: "I go yuz stranjas wey dey speak wetin odas nor undastand, tak tok to my pipol. Dem go tok to dem wit stranj language, bot my pipol nor go listin to mi."

22So, language wey odas nor undastand, fit min somtin to pipol wey nor biliv, bot nor bi to pipol wey biliv.

23So if di hol shosh bigin tok wit difren-difren language, den som pipol wey bi unbilivas or doz wey nor undastand kon waka enta di shosh, dem nor go tink sey all of una don dey krase?

24Bot if evribodi dey profesai and unbilivas or pipol wi nor undastand enta di shosh, dem go no sey dem bi sinas and dem go won turn kom mit God, bikos of wetin una dey tok.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

25Den God go tel una di sikrit wey dey dia heart. Den dem go nil dan kon tel God sey, "Wi don rili biliv sey Yu dey wit dis pipol."

26My frends, wen una gada to woship, una must du evritin to help won anoda. Na so e sopoz bi wen sombodi dey tish, sing, profesai, tok wit difren-difren language or dey esplain wetin di pesin tok.

27Wen una dey togeda, mak e nor pas tu or tiri pipol wey go tok wit difren-difren language wey pipol nor undastand. Won pesin go tok, bifor anoda and mak pesin dey, wey go esplain giv odas wetin di pesin dey tok.

28If nobodi dey wey go fit esplain wetin yu dey tok, mak yu nor tok at-all for di mitin, bot yu fit tok am bitwin yu and God.

29Tu or tiri pesin fit profesai and evri oda pesin must listin wel-wel.

30And if won among di pipol wey sidan risiv mesage from God, di pesin wey dey tish must stop mak di pesin for tok.

31Mak di pipol nor tok at once, so dat all of una go learn somtin and una go dey okay.

32Pesin wey bi profet must dey redi to stop, so dat anoda pesin go tok, bikos profet sopoz to fit kontrol en own spirit,

33bikos God wont mak dem du evritin wel. Wen God pipol mit for shosh,

34mak wimen nor dey tok. Mak dem kwayet dey listin, jos as Mosis law tish.

35If dem won no abaut somtin, dem fit ask dia husban wen dem rish haus. Bikos na disgrace for wuman to tok for shosh.

36God mesage nor start wit una and nor bi onli una don hear am.

37If una dey tink of unasef as profet or pesin wey di Spirit dey yuz, den una go no sey I dey rite onli di tins wey God komand mi.

38So mak una nor listin to enibodi wey nor biliv wetin I dey rite.

39My frends, mak una dey trai to profesai and mak una nor stop enibodi wey dey tok wit difren-difren language ivun doh odas nor undastand wetin e dey tok.

40Bot mak una dey du tins as e sopoz to bi.

Fest Korintians 15

1My brodas and sistas, I wont mak una rimemba di gospol wey I prish giv una,

2di won wey una asept and dey stand on. Na dis gospol go save una, if una hol di mesage wey I prish giv una wel-wel, unles una biliv nor strong.

3Bikos na wetin I risiv, naim bi di first important tin wey I giv una; sey Kraist die for awa sins as dem rite for God wod

4and dem bere am, den God raiz-am up afta tiri days as dem rite for God wod.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5Kraist apier to Pita, den to di twef apostols.

6Den e apier to more dan faiv ondred bilivas. Som of dem stil dey alaif, bot som don die.

7Den e apier to James, den to all di apostols.

8Finali, e apier to mi; ivun doh I bi laik pikin wey dem born last.

9Na mi smol pas among di apostols. Bot, I kause meni wahala for God shosh, so dem nor sopoz kol mi apostol.

10Bot God kaind! I bi wetin I bi and God mesi for mi, nor bi yeye tin. I dey wok pas eni oda apostol; aldoh na God grace dey help mi.

11Bot e nor min enitin if I prish or dem prish, as long as all of una biliv di mesage wey wi dey prish.

12Naw, if wi dey prish sey God raiz Jisos from deat, wetin mak som of una dey sey resureshon nor dey?

13If resureshon nor dey, dat min sey Kraist nor raiz-up from grave.

14And if Kraist nor raiz-up, den awa prishin and una fate nor min enitin.

15So, if resureshon nor dey, dat min sey, evritin wey wi don tok abaut God, na lai, bikos wi sey E raiz Jisos from deat wen E nor raiz-am.

16If resureshon nor dey, na-im bi sey Kraist nor raiz-up from deat.

17If God nor raiz Kraist from grave, den una fate dey yuzles and una stil dey insaid una sin.

18And doz wey biliv Kraist bifor dem die, don loss bi dat.

19Bikos if na onli for dis life wi get hope for Kraist, den awa kase wos pas eni oda pesin own for dis wold.

20Bot God don raiz Kraist from deat! And E mak us dey sure sey, oda pipol go raiz-up from deat tu.

21Jos as pipol go die bikos of Adam, na so tu wi go raiz-up kom life, bikos of Kraist.

22Adam bring deat kom mit all of us, bot Kraist bring life kom.

23Bot all of us must wait for awa turn. Na Kraist God first raiz kom life and Kraist go raiz en pipol wen e kom bak.

24Den afta Kraist don distroi all pawas, di wold go end and e go giv di kindom to God wey bi di Papa.

25Kraist go rule ontil e don put all en enemis unda en pawa

26and di last enemi wey e go distroi, na deat.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

27Wen God wod sey, e go put evritin unda en pawa, e nor min sey, God dey among dem. Bikos na God put evritin unda Jisos Kraist pawa.

28And wen evritin don dey unda God pikin pawa, e go kon put ensef unda God wey put evritin unda en pikin pawa. Den God go kon bi evritin to evribodi.

29If resureshon nor dey, wetin mak dem dey baptaiz pipol for kraist?

30And wetin mak us dey risk awa life

31kon dey face deat evriday? Na di pride wey I get for una, bikos of awa Oga Jisos Kraist, naim mak mi dey tok all dis tins.

32If resureshon nor dey, wetin kon bi my gain, afta I don fite wiked anima for Efisos? Na bikos of pride mak mi du-am? If na so, e go gud mak wi dey chop and drink bikos tumoro wi go die.

33Mak una nor let enibodi disiv una, "Bad frends dey spoil gud karata."

34Mak una get sense and stop to dey komit sin. I stil dey sopraiz sey som of una nor no God.

35Som of una dey ask sey, "Haw pipol wey don die go tak kom dis wold bak? Wish kaind bodi dem go get?

36Una bi fool! Wetin pesin plant nor dey grow, unles di sid first die.

37Wetin una plant, na ordinari sid, bot na di ful plant dey grow kom out.

38Dis na bikos God dey giv dem di kaind bodi wey E wont mak di plant get.

39Pipol, animas, birds and fish, na flesh God tak mak all of dem, bot all of dem get difren flesh.

40As evritin for hevun get bodi, na so tu evritin for dis eart get bodi. Bot won bodi difren from di oda wons.

41Di sun nor bi laik di moon; di moon nor bi laik di star and di stars difren from ish oda.

42Na so e go bi afta wi don raiz-up from deat. Dis bodi wey wi get naw, go die, bot di bodi wey wi go tak raiz from deat, go dey foreva.

43Dis awa bodi wey nor fine, dey wik and go rotin, go kon fine, strong and go dey foreva.

44As fisica bodi dey, na so tu spiritual bodi dey. And awa fisica bodi go shange to spiritual bodi.

45Di first man na Adam and God wod sey, "Dis Adam na pesin wey God kreate laik us." Bot Jisos, wey bi di last Adam, na pesin wey dey giv life to pipol."

46Wi si sey di won wey get spiritual bodi nor first kom. E kom afta di won wey get fisica bodi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

47Na sand God tak mak di first man, bot di sekon man kom from hevun.

48Evribodi bodi for eart, bi laik di first man and evribodi bodi for hevun, bi laik di sekon man own.

49Jos as wi bi laik di first man wey kom from eart, wi go bi laik di sekon man wey kom from hevun.

50My frends, I wont mak una no sey awa bodi wey get blood go rotin. Dat min sey dis kaind bodi, nor go fit enta God kindom wey go dey foreva.

51I won tel una won big sikrit: Nor bi all of us go die, bot all of us go shange.

52Bifor wi klose awa eye opun am, e go don hapun. As dem dey blow di last trumpet, all doz wey don die go raiz. All of us go shange, so dat wi nor go die again.

53Awa bodi wey don die and rotin go kon shange to bodi wey nor go eva die or rotin.

54Di bodi wey wi get naw, dey wik and e go die. Bot God go shange am to bodi wey go dey foreva. So wetin dem rite for God wod go kon hapun sey, "Deat nor fit win di fite!

55"Yu deat! Wer yor pawa? Yu deat! Haw yu go tak shaut sey yu win?”

56Na sin dey mak deat win and na di law dey kause sin.

57So, mak wi tank God wey giv us victori tru awa Oga Jisos Kraist.

58So my frends, mak una dey strong and nor let enitin shake una. Mak una always dey du God wok, bikos una no sey, evritin wey una du for God, get gain.

Fest Korintians 16

1Wen una kolet moni from God pipol, I wont mak una du as I tel di pipol wey dey di shosh for Galatia sey mak dem du.

2Evri Sunday, mak ish pesin dey kip som moni for kona from di won wey e don wok, as God help am rish, so dat una nor go nid to kolet moni wen I kom.

3Wen I kom, I go send pipol wey una shuz kon giv dem leta as dem dey kari una gifts go Jerusalem.

4Bot if una sey mak I go tu, den, dem go folo mi go.

5And afta I don finish for Masidonia, I hope to kom si

6and stay wit una for somtaim. May-bi I fit stay til dry season finish, so dat una go fit help mi for eniwer wey I won go.

7If God go let mi, I nor go won bransh si una for smol taim naw, bikos I go laik kom lata, so dat I go fit spend more taim wit una.

8Bot I go stay for Efisos ontil Pentecost go finish,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9bikos plenti wok dey wait for mi for der, ivun doh di shalenge strong wel-wel.

10Wen Timoti kom, mak una nor mak am fear at-all, bikos na God wok wey I dey du, naim e dey du tu.

11So mak evribodi respet am, den mak una send am kom mit mi wit peace, bikos I dey espet am wit di oda brodas.

12I don trai wel-wel mak Apollos for fit folo oda bilivas kom visit una, e nor won kom naw, bot e go kom lata.

13Mak una shine una eye and dey strong for fate and stand wit boldnes.

14For evritin wey una dey du, mak una dey show luv.

15Una no sey na Stefanas and en famili first biliv God for Akaya. Dem don du evritin wey dem fit du for God pipol. My frends, I wont mak una

16dey obey dis lidas and doz wey dey folo una du God wok.

17I dey hapi sey Stefanas, Fortunatus and Akaicus don kom; dem kom represent una

18and dem don let bele swit mi, jos as dem mak bele swit una. E gud mak wi dey tok abaut pipol laik dem.

19Pipol for di shosh wey dey Asia aria dey grit una; Akwila and Prisila wit di shosh pipol wey dey mit for dia haus, dey grit una tu.

20All di brodas sey mak I grit una.

21Na mi Pol, rite dis leta wit my own hand.

22Enibodi wey nor luv Kraist, kos dey en head!

23Mak awa Oga Jisos Kraist grace dey wit una.

24Mak my luv for Jisos Kraist, dey wit all of una tu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Sekon Korintians

Sekon Korintians 1

1Pol, wey bi Jisos Kraist apostol, bikos na so God wont am, naim and Timoti awa broda, rite dis leta go giv God pipol for di shosh wey dey Korint and to all di gud brodas for Akaya.

2Mak God awa Papa and Oga Jisos Kraist giv una grace and peace.

3Mak wi tank God wey bi awa Oga Jisos Kraist Papa, di God wey dey giv mesi and komfort,

4E dey help us wen wi dey trobol, so dat wi go fit help odas tru di help wey E help us.

5Jos as wi sofa wit Kraist, na so tu wi go get help from God tru Kraist.

6If wi sofa, na for una gud and savashon; if wi dey okay, den una go fit bear di kaind sofa wey wi bear.

7So, wi get hope abaut una, bikos wi no sey as una dey folo us sofa, na so una go stil folo us get komfort.

8My brodas and sistas, wi wont mak una no abaut di wahala wey wi face for Asia aria. Di trobol wey wi face, heavi wel-wel and life kon taya us.

9Tru-tru, wi tink sey wi go die. Bot dis hapun so dat wi nor go jos trust awasef, bot wi go trust God wey dey wak pipol from deat.

10E save us from deat and E go diliva us. Wi don put awa hope for en hand sey E go diliva us again.

11As una don join dey pray for us, na so tu God go ansa all di meni prayas wey una dey pray for us, den E go bless us and meni pipol go kon tank am, bikos of wetin E dey du for us.

12Wi dey hapi, bikos wi no sey di way wi dey liv awa life for dis wold and haw wi dey bihav wit una, dey show sey na God send us tru en pawa, nor bi humanbin own.

13Bikos evritin wey I rite, na wetin una go fit read and undastand. Bot I hope sey una go undastand am wel,

14jos as una don undastand us rish and na wi mak una dey proud and na una go mak us proud tu, for di day wey Jisos go kom.

15Na wit dis maind I bi won kom mit una bifor, so dat wi go bless una again.

16Bikos I plan to visit una wen I dey go Masidonia and wen I dey kom bak, so dat una go help mi wen I dey travol go Judea.

17So, wen I dey plan dis tins, I nor tink bifor I du-am? Wen I dey plan, I dey plan bikos of wetin I wont? Or na bikos I redi to sey, "Yes, yes" or "No, no" at wons?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18Bot as God dey fateful, wetin wi dey prish giv una nor bi mak e for bi jos "Yes" or " No.”

19Bikos God Pikin, Jisos Kraist, di Won wey mi, Silvanus and Timoti dey prish giv una, nor bi "Yes" and "No". Bot from biginin, na Jisos bi God "Yes".

20And evritin wey God promis us, na "Yes" tru Jisos Kraist. Dat na why awa "Amen" tru Jisos Kraist dey giv God glori.

21Na God mak wi and una dey sure sey wi dey insaid Kraist. Na God shuz us from odas

22and E don mark us as en own kon put en Spirit for awa heart, so dat wi go dey sure of all di oda tins wey E sey E go giv us.

23Na God bi my witnes, bikos E no my heart! Na bikos I nor won disturb una naim mak mi nor go Korint again.

24Wi nor dey trai to fos una to biliv us; wi no sey una fate strong wel-wel. Bot wi dey wok wit una so dat una go dey hapi wel-wel.

Sekon Korintians 2

1So I sey I nor go kom visit una, so dat una nor go ves again.

2Bikos if I mak una ves, hu go mak mi dey hapi apart from una wey dey ves for mi?

3Na dis mak mi rite dis tin giv una, so dat wen I kom, I nor go kon dey ves for di pipol wey sopoz mak mi hapi, bikos I no sey if I dey hapi, una go dey hapi tu.

4Na pain for my heart I tak rite dis leta giv una, nor bi to mak una ves, bot na to let una no di kaind luv wey I get for una.

5Naw if enibodi don mak pesin ves, nor bi onli mi e mak ves, bot na all of una.(I dey tok laik dis bikos I nor won tu ves for di pesin).

6Di way wey una ponish dis pesin, don rish.

7So mak una forgiv and help am, so dat e nor go luz hope and life nor go taya am.

8So mak una let am no sey una rili luv am.

9I rite dis leta giv una, so dat I go no weda una dey obey wetin I tel una.

10Wen una forgiv pesin for wetin e du, misef go forgiv am. Bikos wen I forgiv (if I rili nid to forgiv), I du-am for Kraist present, bikos of una,

11so dat Satan nor go disiv us, bikos wi no en wayo.

12Wen I go prish di Gud News for Troas, ivun doh Kraist opun door for mi,

13my maind nor res, bikos I nor si awa broda, Titus, for der. So I liv der kon go Masidonia.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14Bot mak wi tank God wey mak us winnas insaid Kraist. Bikos tru us, meni pipol
don no tins abaut Kraist, laik beta perfume wey dey smel for evriwer.

15Bikos wi bi laik swit insent wey Kraist offa giv God wey dey spread among doz
wey dey save and doz wey don lost.

16To doz wey don lost, e bi laik somtin wey dey kil; bot for doz wey Kraist don save,
e bi laik smel wey dey giv life. So, hu go fit handol all dis tins?

17Wi nor bi laik odas wey dey du God wod laik sey na som tin wey dem fit sel; bot
bikos na God sent us kom, wi dey tok di trut for en present, as Kraist savant.

Sekon Korintians 3

1Wi don dey boast abaut awasef again? Wi nor nid una to rite sey, wi dey gud, ivun
doh odas dey wont am laik dat!

2Na una bi di leta wey Kraist rite for awa heart, wey evribodi no and dey read.

3E klear sey na Kraist rite dis leta by ensef kon send am tru us. Nor bi ink dem tak rite
am, bot di God wey dey alaif, naim Spirit dem tak rite am, nor bi for paper, bot na for
awa heart.

4Wi get dis kaind maind for God, bikos of Jisos Kraist.

5Wi nor dey sey wi go fit du all dis tins by awasef, bot na God giv us di pawa wey wi
tak du dem.

6Na God mak us fit du dem, so dat wi go serv di new kovenant; dis nor bi di law wey
dem rite, bot na di won wey konsan God Spirit, bikos di law wey dem rite dey bring
deat, bot di Spirit dey giv life.

7Di ministri wey dem rite for slate bring deat kom and di glori wey folo am, nor let
Izrel pipol fit luk Mosis face. If di glori wey dey Mosis face, fade bikos e dey unda di
law,

8den haw di Spirit ministri wey get glori, go kon bi, since e nor dey fade?

9Bikos if glori dey for di law wey mak God kondem pipol, den di Spirit glori wey dey
giv life, na haw E go beta rish?

10Wetin get glori naw, nor get glori again, bikos di glori wey di Spirit wey dey kom
afta am get, big wel-wel.

11If Mosis face get glori, den haw di glori wey dey di Pesin face wey nor dey die, go
bi?

12Na dis hope wi get, naim dey mak us tok witout fear.

13Wi nor bi laik Mosis wey tak klot kova en face, so dat Izrel pipol nor go si di glori
wey go fade komot.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14Bot dia maind dey klose. And til today, dia maind stil blok wen dem dey read di old kovenant. Dem neva rimov am, bikos na for onli Kraist bodi, dem go fit tak rimov am.

15So til today, enitaim wey dem read wetin Mosis rite, somtin dey kova dia maind,

16bot wen pesin turn kom mit God, dat tin go komot from en life.

17Na God bi di Spirit and eniwer en Spirit dey, pipol go dey fri.

18All of us wey don biliv Kraist, God glori dey show for awa face. So di Spirit dey help us shange, so dat wi go bi laik Kraist.

Sekon Korintians 4

1So as wi get dis ministri, jos as God don show us mesi, awa hope don strong wel-wel.

2Bot wi don stop to dey du wiked tins wey pipol dey hide dey du; wi nor dey du wayo or lai join God wod, bot wit trut wey evribodi fit si, wi dey mak evribodi no for dia maind sey, wetin wi dey du, dey gud for God eye.

3Bot ivun if dem yuz klot tak kova di gospol wey wi dey prish, doz wey don lost, na onli dem nor go si-am,

4bikos doz wey nor biliv, di gods for dis taim don blind dia maind, so dem nor go si lite wey dey dis gospol wey get glori and dis gospol na Kraist wey bi God image.

5Wi nor dey tok abaut awasef, bot wi dey prish sey, na Jisos Kraist bi Oga and wi bi una slave, bikos of am.

6Bikos God wey sey, "Mak lite shine from daknes," Na-im dey shine insaid awa heart, so dat E go giv us di lite wey show us en glori wey dey Kraist face.

7Bot dis beta tin wey God giv us, wi dey kari am for insaid awa bodi wey dey die laik clay pot wey dey break and na God giv us di pawa.

8Wi dey face wahala for difren kona, bot awa bodi nor skata; wi dey konfuz somtaim, bot wi nor dey luz hope,

9pipol dey ponish us, bot God nor let us die; dem dey nak us for groun, bot dem nor fit distroi us.

10As wi dey waka, wi kari Kraist deat for awa bodi, so dat pipol go si Jisos life for awa bodi tu.

11As wi dey alaif, dem always dey won kil us bikos of Jisos Kraist, so dat dem go si Jisos life for awa ordinari bodi.

12Bikos of dis, deat dey wok insaid us, bot life dey wok insaid una.

13Bot as e bi sey wi get di same spirit wey dey giv fate, jos as dem rite sey, "I biliv; naim mak mi dey tok." Derfor wi sef biliv, naim mak us dey tok tu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14Wi du laik dis, bikos wi no sey di Pesin wey raiz-up Jisos, go stil raiz us up wit Jisos
and E go tak wi and una enta en kindom.

15All dis tins na for una gud, so dat God grace wey dey rish meni pipol evriday, go
mak pipol dey tank God more-more and all di glori go bi en own.

16So, mak wi nor luz hope, bikos ivun if awa bodi dey die go smol-smol, di Pesin wey
dey insaid us, dey fresh evriday.

17Bikos di smol trobol wey wi dey face naw, go bring glori wey big wel-wel, wey go
last foreva and wey beta pas enitin for dis wold.

18Wi nor dey luk for wetin eye fit si, bot na wetin eye nor fit si. Bikos wetin eye fit si
nor go last, bot di tins wey eye nor fit si, dey last foreva.

Sekon Korintians 5

1Wi no sey if dis awa haus for eart, wey bi awa bodi skata, God get di won wey wi go
stay, wey e bi sey nor bi humanbin hand build am and e go last foreva for hevun.

2Bikos for dis awa haus for eart, wi dey strogol, bikos wi nor fit wait to wear awa new
bodi for hevun.

3Afta wi don wear awa new bodi for hevun, wi nor go dey naked again.

4Wi dey strogol as wi dey dis awa bodi. Wi dey kari heavi load, bikos wi nor won
rimov di klot wey bi awa bodi, bot wi won wear hevun own join am, so dat life go
swalow dis awa bodi wey fit die.

5Naw, di Pesin wey priper us for dis tins, na God wey giv us di Spirit, so dat wi go
dey sure of all di oda tins wey E get for us.

6So, wi dey always get maind and wi no sey, as long as wi dey alaif for dis eart, wi
nor dey wer God dey,

7bikos wi dey liv awa life wit fate, nor bi wit wetin wi dey si.

8So wi dey always get di maind sey wi go die komot from dis wold, so dat wi go-go
stay wit Jisos Kraist for wer e dey.

9So, weda wi dey alaif or wi don die, wi dey du evritin wey wi fit du to mak Kraist
hapi.

10Bikos all of us must stand for Kraist front and e go joj us akordin to di tins wey wi
du wen wi dey dis eart; weda dem gud or bad.

11So, bikos wi no wetin e min to fear God, naim mak us dey prish and beg pipol. Bot
God no us wel-wel and I hope sey una no us wel-wel for una maind tu.

12Wi nor dey trai to tok mak una for sey wi dey gud, bot wi dey giv una shanse to
boast, so dat una go fit ansa pipol wey dey boast wit wetin eye fit si, bot nor bi wetin
dey dia maind.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

13If wi dey krase, na bikos of God; bot if wi nor dey krase, na bikos of una.

14Bikos na Kraist luv dey kontrol us since wi no sey, Kraist die for evribodi; so evribodi don die.

15And e die for evribodi, so dat evribodi wey dey liv nor go liv for diasef again, bot for di Pesin wey die and wak-up afta tiri days.

16So naw, wi nor dey luk enibodi laik odinari humanbin. Ivun doh wi bin no Kraist laik dat bifor, wi nor no am laik dat again.

17So, if eni man dey insaid Kraist, e don dey new, Kraist don klin di bad tins wey e du bifor and evritin don turn to new won!

18All dis tins dey kom from God wey mak us en frends bikos of Kraist and E stil giv us di ministri wey go mak pipol bi en frend.

19So, bikos of Kraist, God dey turn di wold from en enimi, to en frend. E nor dey kount pipol sins against dem and E don giv us di mesage wey go mak pipol bi en frend.

20Wi dey represent Kraist, so dat God go tok to una, tru us. Wi dey beg una bikos of Kraist sey, "Mak una shange kon bi God frend!”

21Di Won wey nor dey sin, God mak am awa sin, so dat insaid am, wi go kon dey gud for God eye.

Sekon Korintians 6

1Naw, bikos wi bi felow wokas, wi dey beg una mak una nor waste God grace wey una don risiv.

2Bikos E sey, "I hear una for di rite taim and wen di day for Mi to save una rish, I help una." Si, na di rite taim bi dis; na naw bi di day for salvashon!

3Wi nor dey du enitin wey go mak enibodi ves, so dat nobodi go si eni fault for awa wok.

4Bot wi dey show sey wi bi God savant for evritin wey wi dey du. Wi dey sofa wel-wel and face trobol for dis taim; ivun for wiked taims;

5for di taim wey dem dey beat us and put us for prizin; for di taim wey dem dey fite; for wahala taim; for nite wey wi nor fit slip and for hungri taim.

6Wi dey du all dis tins wit awa klin life, di tins wey wi no; di patient wey wi get; di gud wey wi dey du for pipol; di Holi Spirit wey wi get; beta luv wey wi show pipol;

7tru di wod wey wi dey tish wit God pawa; wit wetin wi tak dey difend awa raitiousnes both for awa rite and left hand;

8for di taim wey dem onor or disgrace us; for di taim wen dem tok bad abaut us or praiz us; di taim wey dem du us laik sey wi dey tok lai, bot wi dey tok trut.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9Dat taim, e bi laik sey nobodi no us, bot evribodi no us; e bi laik sey wi dey die, bot wi dey alaif; wi stil dey alaif laik pipol wey dem dey ponish, bot dem nor fit kil us;

10wi dey laik sey wi dey ves, bot wi dey always hapi; wi bi laik poor pipol, bot wi dey mak meni pipol rish; wi bi laik hu nor get enitin, bot wi get evritin.

11So, una wey bi Korint pipol, wi don opun awa heart tel una evritin.

12Wi nor dey hol awa luv from una, bot na una dey hol una luv from us.

13So mak wi mak am equal. I dey tok to una laik sey una bi my shildren, so mak una opun una heart for us tu.

14Mak una nor mak frend wit pipol wey nor biliv, bikos, na wish kaind frend raitiousnes and bad tin won bi, or na wetin lite and daknes get togeda?

15And na wish kaind agriment Kraist and devol get? Wetin konsan pesin wey biliv and pesin wey nor biliv?

16Wish kaind biznes God tempol and juju get? Bikos wi bi God tempol, jos as God sey, "I go stay insaid dem and waka among dem, den, I go bi dia God and dem go bi my pipol."

17Kraist stil sey, "Mak una kom out and seprate unasef from dem," and "Mak una nor tosh enitin wey nor dey klin, den I go welkom una

18kon bi una Papa and una go bi my shildren." Na so God wey get all di pawa, tok.

Sekon Korintians 7

1So, as God don promis us all dis tins, mak wi wosh awasef komot from evritin wey go fit mak awa bodi or awa soul dirti, so dat wi go dey holi as wi dey respet God.

2Mak una alow di gospol enta una heart bikos wi nor du bad to enibodi or fal enibodi biznes or play enibodi wayo.

3I nor dey tok dis won to kondem una, bikos I don tel una bifor sey, una dey awa maind and wi wit una go die and liv togeda wit Kraist.

4For insaid all dis sofa wey wi dey sofa, I stil trust and dey boast wel-wel abaut una, bikos I get maind for una and my hapines ful dey trowey.

5Ivun wen wi enta Masidonia, wi nor res at-all, bot dem trobol us from difren kona; wahala for outsaid, fear for insaid.

6Bot God wey dey help pipol wey nor hapi, naim kon help us wen Titus kom.

7Wi kon dey hapi, nor bi onli sey Titus kom, bot bikos of di advise wey una giv am, bikos e tel us haw una won si mi; haw una dey ves and wori for mi and my hapines kon pas as e bi bifor.

8Bikos ivun if I mak una ves wit my leta, e nor pain mi sey I rite am (ivun doh e pain mi as I no sey e mak una ves, aldoh una vesnashon nor tey).

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9Naw I dey hapi, nor bi bikos una dey ves, bot bikos una vesnashon mak una turn
from sin kom mit God. Na so God plan una vesnashon, so dat bad tins nor go hapun to
una bikos of dis vesnashon wey wi kause for una.

10Bikos wen God mak pipol sori for di sin wey dem komit, dem go turn kom mit am,
den God go save dem and dem nor go rigret again. Bot di vesnashon wey dis wold
dey bring, na deat dey end am.

11Naw, mak una si wetin dis vesnashon wey God plan don du for una: si haw una wok
for God bi naw; si haw una won show sey una hand klin; si as una dey ves bikos of di
bad tin wey hapun; si haw una dey sopraiz; si as una dey won si and wori abaut us; si
haw una redi to ponish enibodi wey du bad! For evritin, una don show sey una hand
klin for dis mata.

12I nor rite dis leta giv una bikos of di pesin wey du bad or di pesin wey dem du di
bad to, bot na to show una haw una won wok for God bikos of us.

13So, Kraist don mak awa maind strong. Ivun as awa heart don strong rish, wi dey
hapi more-more, bikos of Titus wey kom, bikos all of una don let en maind res.

14I don boast gi-am abaut una and una nor let mi shame, bot as evritin wey wi tel una
na tru, na so all di boast wey wi boast abaut una giv Titus, na trut tu.

15And wen e rimemba haw una obey and welkom am wit respet and fear, di luv wey e
get for una, kon strong wel-wel.

16Evritin dey mak mi hapi, bikos di trust wey I trust una, nor dey shake.

Sekon Korintians 8

1Awa brodas and sistas, wi don tel una abaut di grace wey God giv di pipol for di
shosh for Masidonia sey,

2ivun wen dia sofa strong wel-wel; dem stil dey hapi and wen dem nor get moni at-all;
dem stil dey fine moni giv us.

3I bi witnes sey dem dey giv akordin to wetin dem get. Somtaims, dem dey giv pas
wetin dem get. Nobodi dey fos dem to du laik dat, bot dem dey du-am from dia own
maind

4and dem dey beg us mak wi let dem du-am, so dat dem go get di blessin wey dey
folo pipol wey dey giv.

5Dem dey du laik dis, nor bi onli as wi wont am, bot na bikos dem don first giv
demsef to God, den dem kon giv demsef to us as God wont am.

6Naim mak us beg Titus sey, as e don start, e gud mak e finish dis gud wok wey e dey
du, bikos e luv una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Bot as una dey du wel for evritin: for fate; for tok; for wetin una no and as una won du di wok wel, bikos una luv us, mak una mak sure sey una dey du dis gud wit all una heart.

8Nor bi sey I dey komand una, bot I won si weda una luv na ril won laik di oda pipol own.

9Una no di grace wey awa Oga Jisos Kraist get; ivun doh e dey rish, e kon turn poor man bikos of una, so dat tru en porvati, una go dey rish.

10Na wetin I tink for di mata bi dis: Una start wel last year for haw una dey giv and haw una dey wont giv,

11so e beta mak una jos finish wetin una start, so dat di way wey una tak start am, na so tu una go stil tak finish am as una pawa rish.

12Bikos if e rili dey una maind to du-am, enitin wey una giv akordin to wetin una get, God go asept am, bot nor bi wetin una nor get.

13I nor dey tok dis won, so dat wen una don giv oda pipol, dem go kon get and una go kon dey sofa, bot na to mak sure sey tins dey equal.

14As tins bi naw, di moni wey una get go help dem as dem nor get, so dat won day, di moni wey dem go get go stil help una wen una nor get, dat taim evritin go kon dey equal, bikos

15dem rite for God wod sey: "Di pesin wey gada plenti, nor go get plenti and di pesin wey gada smol, go get di won wey go rish am."

16Wi tank God wey giv Titus di kaind maind wey I get to help una.

17Bikos e nor onli gri for wetin wi ask am, bot e dey help una wel-wel and nobodi fos am kom mit una.

18And di broda wey all di shosh dem dey praiz, bikos of haw e dey prish di gospol, wi dey send am folo Titus tu.

19Bikos of di wok wey di broda dey du, di shosh don shuz am as di pesin wey go dey folo us travol as wi dey giv dis gud gift, so dat all di glori go bi God own and dis go show sey wi dey redi to help.

20Wi dey du laik dis, so dat nobodi go komplain as wi dey share dis gift.

21Bikos wi dey trai to du wetin dey rite, nor bi onli for God eye, bot for pipol eye tu.

22So wi dey send awa broda folo dem; awa broda wey wi don test plenti taims kon si sey e get di maind to help and e redi to help naw, bikos e trust una wel-wel.

23Bot for Titus, en na my patina and e dey folo mi wok to help una. As for di oda brodas wey dey folo am, na all di shosh sey mak dem kom mit una, so dat dem go tel una abaut di glori wey dey insaid Kraist.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

24So mak una show dem sey, una luv dem, so dat all di pipol for di shosh go no sey, di way wey wi dey boast abaut una, na tru.

Sekon Korintians 9

1I nor nid to rite to una abaut haw to help God pipol wey dey Jerusalem,

2bikos I no sey una won help dem. I always dey boast giv Masidonia pipol sey, una wey dey Akaya, dey always won help and una don redi to giv moni since last year. And di way wey una dey won help, don mak som of dem won help tu.

3Bot I dey send dis brodas kom mit una to mak sure sey una dey redi; as I don tel dem bifor sey, una don alredi kolet moni. So mak una nor let shame kash mi, as I dey boast abaut una.

4Bot if enibodi for Masidonia folo mi kom mit una, den e si sey una neva redi to giv, shame go kash us, (I nor go tok tu mush) bikos wi trust una.

5Naim mak mi beg dis brodas mak dem go for my front bifor di taim go rish and mak dem help una arange di moni wey una promis, so dat una go du-am wit una maind and nobodi go fos una.

6Na wetin I dey tok bi dis; Pesin wey plant smol, go havest smol, bot di pesin wey plant plenti, go havest plenti.

7Mak ish of una giv as e plan for en maind; nor bi wit rigret or laik sey dem fos am, bikos God luv pesin wey dey giv wit hapines.

8God go provide evritin wey una nid. Den, una go always get evritin wey una nid and di won wey una go fit giv odas.

9Jos as dem rite for God wod, "E don skata for evriwer, e don giv to poor pipol and en raitiousnes, go dey foreva."

10Bikos na God dey giv sid to farma and provide bread wey pipol go chop. Laik dis tu, E go provide and di tins wey una nid, go plenti wel-wel and dem go last foreva.

11E go mak una get enof moni for evritin, so dat evritaim, una go fit dey giv wel-wel and di pipol wey una giv moni, go always dey tank God.

12Bikos dis wok wey una dey du so, nor jos dey help onli God pipol, bot e dey always mak pipol, tank God.

13Bikos of una wok, pipol go praiz God, bikos una dey obey Kraist wod wey una biliv and una dey share evritin wey una get wit gud maind.

14So, bikos of God big grace wey E giv una, pipol dey pray for una wit strong luv.

15Na dis mak us dey tank God for dis gift wey pesin mout nor fit tok.

Sekon Korintians 10

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

[1]Naw mi, Pol (I kwayet wen I dey wit una, bot my mout dey sharp naw wen I don liv una). Kraist wey nor dey kari bodi up, wey dey gentol,

[2]I tak am beg una, so dat wen I kom, I nor nid to tok wit vesnashon abaut pipol wey si us laik yeye pipol (bikos I dey fear sey na so e go bi).

[3]Bikos ivun doh wi dey for dis wold, wi nor dey fite as pipol wont am.

[4]Di tins wey wi tak dey fite, nor bi dis wold own, bot na God mak am strong, so dat wi go fit skata all di strong place wer wiked pipol dey. Wi dey skata trobol;

[5]pipol wey dey kari bodi up; doz wey nor wont mak odas no God and as wi dey du laik dis, pipol dey obey Kraist.

[6]And wen una don show sey una dey fear God, wi go always dey redi to ponish doz wey dey disobey God.

[7]Na onli tins wey eye fit si, naim una no. If enibodi dey sure sey e bilong to Kraist, mak e tink abaut am again: If e bilong to Kraist, den wi na Kraist own tu.

[8]Bikos if I boast smol abaut di autoriti wey Jisos giv us mak wi tak build, insted of to distroi una, I nor go shame to du-am.

[9]I nor wont mak una dey fear, bikos of wetin I rite,

[10]bikos som pipol dey sey, "En letas dey heavi and get pawa wel-wel, bot if yu si-am for groun, e nor get pawa and e nor ivun fit tok wel."

[11]Mak doz pipol no sey, "Wetin wi tok for leta wen wi nor dey wit una, wi dey du-am wen wi dey wit una."

[12]Wi nor go kompare awasef wit doz wey sey dem gud wel-wel or kon put awasef for di same grup. Bot wen dem dey measure and kompare demsef wit demsef, e dey show sey dem nor get sense.

[13]Bot wi nor go boast pas as wi sopoz boast; wi go boast akordin to di wok wey God giv us and una dey insaid dat wok tu.

[14]Wi nor dey du awa wok pas as wi sopoz du-am wen wi dey wit una, bikos na wi bi first to bring Kraist mesage kom mit una.

[15]Wi nor dey boast enihaw abaut di wok wey oda pipol du, bot wi dey hope sey as una fate dey grow wel-wel, awa wok among una go big, jos as God share am giv us,

[16]so dat wi go fit prish di gospol for oda kontris wey far pas una own. So mak wi nor boast abaut di wok wey odas du for oda aria.

[17]Bot pesin wey won boast, mak e boast abaut di wok wey Jisos du.

[18]Bikos nor bi hu praiz ensef dey rite, bot na di pesin wey God decide to praiz.

Sekon Korintians 11

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

[1]For weitn I won tok naw, mak una bear wit mi laik sey I nor get sense!

[2]I dey jelos for una wit God jelosi, bikos I promis sey na won man una go mari. Laik wuman wey nor no man, na so I won giv una to Kraist.

[3]Bot I dey fear sey, jos as di snake disiv Eve wit en wayo, una maind fit spoil komot for di tru and di way wey una dey folo Kraist.

[4]So, if enibodi kon prish anoda kraist wey wi nor prish for una and una risiv anoda spirit wey una nor risiv bifor, or anoda gospol wey una neva hear bifor, dat min sey, una don asept dem wel.

[5]I nor tink sey doz "supa apostol" beta pas mi.

[6]Bot ivun doh I nor no haw to tok, I no book. Tru-tru, wi don let una no dis tins wey hapun.

[7]As I humbol mysef dey du di wok, na sin I komit? I dey du-am, so dat una go fit grow up and wen I prish giv una, I nor kolet moni.

[8]I shit di oda shosh dem, bikos I dey kolet moni from dem, so dat I go dey wok wit una for fri!

[9]Wen I nid enitin for di taim wen I dey wit una, I nor put my load for enibodi head, bikos awa brodas wey Masidonia dey giv mi evritin wey I nid. I nor alow mysef to bi problem for enibodi and I nor go eva du-am.

[10]Tru-tru, as Kraist trut dey insaid mi, nobodi go fit stop mi for di way I dey boast for Akaya.

[11]Why? Na bikos I nor luv una? No! God no sey I luv una!

[12]And I go kontinu to du wetin I dey du, so dat doz apostols nor go get rizin to boast sey, dem dey du di same wok wit us.

[13]Bikos dem bi fake apostols; pipol wey dey lai and pritend laik sey dem bi Jisos Kraist apostols.

[14]E nor sopraiz us, bikos ivun Satan dey pritend sey en na angel wey get lite.

[15]So e nor sopraiz us sey, en savants dey pritend tu laik sey dem bi savant wey dey du wetin gud for God eye. For di end, dem go gain wetin fit di tins wey dem dey du.

[16]I dey tel una again, mak enibodi nor tink sey I bi fool. Bot if una tink so, den mak una asept mi as fool, so dat misef go boast smol.

[17]Wetin I dey boast abaut so, nor bi as Kraist wont mak I boast, insted, I dey tok laik fool.

[18]Since som pipol dey boast laik dis wold pipol, mak mi mysef stil boast.

[19]Una sey una get sense wel-wel, yet una dey yuz hapines asept wetin fool dey tok.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

20Una laik mak pesin turn una to slave; yuz and shit una; tak evritin wey una get, den beat and slap una enihaw.

21(Na shame for mi, bot I must tel una sey awa heart nor strong rish to du una doz kaind tins!) Bot enitin wey enibodi fit boast abaut (I dey tok laik fool naw o-o), misef fit boast abaut dat tin tu.

22Na Hebrew pipol dem bi? Misef na Hebrew pesin tu. Dem bi Izrel pipol? Mi na Izrel pesin tu. Na Abraham bi dia gran papa? Na dat same Abraham bi my gran papa tu.

23Na Kraist savant dem bi? (I don dey tok laik sey I dey krase again!) Misef na Kraist savant wey beta pas dem! I don wok hard pas dem, I don dey prizin plenti taims pas dem, dem don beat mi wel-wel pas dem, I don nearli die plenti taims.

24Na faiv taims Ju pipol don kane mi tati-nain (39) taims.

25Roman pipol don beat mi tiri taims. Dem stone mi wons ontil I nearli die. Ship wey I dey insaid, don spoil for wota tiri taims. I don float wons for wota from mornin go rish di next day.

26I don travol meni taims wey I enta trobol for wota; for tif hand, ivun for my kontri pipol and Gentai pipol hand; both for insaid tawn; for desert and from pipol wey dey pritend sey dem bi awa brodas.

27I don du hard wok; nor slip for meni nites; fud and wota go dey hungri mi; meni taims, I nor get fud to chop. I don dey for kold and I nor get klot to kova bodi.

28Apart from dis tins, my maind dey heavi mi evriday as I dey tink of haw I go tak help all di pipol wey dey God shosh.

29If pesin dey wik, misef dey wik tu. If dem disiv pesin enta sin, e dey pain mi wel-wel.

30If I go must boast, den I go boast abaut di tins wey show sey I dey wik.

31God wey bi awa Oga Jisos Kraist Papa, wey dem go praiz foreva, no sey nor bi lai I dey tok.

32For Damaskus, King Aretas sey mak di govnor put sojas for di tawn gate, so dat dem go arres mi.

33Bot awa pipol for der kon put mi for basket wey dem tie rope put kon drop mi smol-smol from di window and na so I tak eskape from di man hand.

Sekon Korintians 12

1E gud to dey boast, ivun doh gain nor dey insaid. I go stil dey tok abaut di vishon and revelashon wey Jisos Kraist show mi.

2Fortin years ago, I no won man wey bi Kraist savant. Weda na for vishon or fisica, I nor no, bot God no. God kari am go di hevun wey high pas.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

3And I no dis man (bot na onli God no weda e dey for en bodi or for spirit).

4God kari am go paradise and e hear tins wey dey tu holi to tok; tins wey God nor giv humanbin pawa to tok.

5Na dat pesin mak mi dey boast and I nor go boast abaut mysef, esept di tins wey show sey, I nor dey strong.

6Ivun if I won boast, I nor go bi fool, bikos na trut I go stil tok, bot I nor du-am mak enibodi for tink sey na mi no pas, bikos e si and hear mi dey tok

7abaut di beta tins wey I si for vishon. Mak I for nor dey kari bodi up, God put somtin insaid mi, wey bi Satan mesenja, so dat e go dey trobol mi.

8Na tiri taims I ask Kraist sey, mak e tak dis tin komot from my bodi.

9Bot e tel mi, "Di grace wey I giv yu strong rish, bikos my pawa dey show wen yu dey wik." So, I go boast wel-wel abaut haw I nor dey strong, so dat Kraist pawa go dey show for my bodi.

10I dey hapi as I dey wik wit all di kos, trobols, ponishment and wahala wey I dey sofa bikos of Kraist, bikos enitaim wey I dey wik, na dat taim, I dey-dey strong.

11I don turn to fool! Na una fos mi, bikos una sopoz to praiz mi. Ivun if I nor bi enitin, e nor get enitin wey doz una "supa apostols" tak beta pas mi.

12Tru-tru for una present, wi du mirakols and wondas to show sey wi bi apostols tu.

13Bikos di way wey dem trit us wos pas di oda shosh, esept sey I nor dey put my load for una head. Mak una forgiv mi for dis tins wey I du!

14Si, for di ted taim, I don redi to kom visit una and I nor go put my load for una head, bikos na una I wont and nor bi wetin una get. Nor bi pikin sopoz pay for dia papa and mama fud, bot na papa and mama, dey pay for dia pikin fud.

15I go dey hapi to spend all my moni and ivun my life, as long as una soul go dey save. Una luv for mi dey smol, bikos my luv for una plenti?

16Ivun if e bi laik dat, I nor put my load for una head. Bot dem sey, bikos I bi wayo pesin, I dey disiv una!

17I nor play enibodi wayo tru di pesin wen I send kom mit una, abi I dey lai?

18I beg Titus mak e visit una and I send dat broda mak e folo am kom. Dem play una wayo? Nor bi di same maind wi awasef tak folo una? Abi nor bi di same way wi dey bihav?

19May bi una dey tink sey wi dey tok dis tins to difend awasef. No! Wi dey tok to una laik dis as Kraist savant and na God bi awa witnes. Evritin wey wi dey du, na to mak una strong.

20Bikos I dey fear sey wen I kom, I nor go laik wetin I go si and una nor go laik as I go tok. I dey fear sey una go dey kworel, dey jelos ish oda; dey ves; dey tink of onli

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

unasef; dey tok bad abaut ish oda; dey du aproko; dey kari bodi up and dey bihav enihaw.

21I dey fear sey wen I kom again, God go disgrace mi for una front. And I go krai, bikos meni of una stil dey sin. Una neva turn from sin kom mit God; una neva turn komot from di ashowo and yeye life wey una dey liv.

Sekon Korintians 13

1Na di ted taim wey I dey kom visit una bi dis. If dem sey pesin du bad, tu or tiri pipol must sey, na tru, bifor pipol go biliv am.

2Wen I dey wit una for my sekon visit, I tel una dis tins. Ivun doh I nor dey wit una naw, I dey tok am again sey, if I kom again, I nor go sori for enibodi, bot I go ponish am,

3bikos una sey mak I show sey Kraist dey tok tru mi. Kraist nor dey wik to una, bikos e show en pawa among una.

4Tru-tru, bikos e nor show en pawa, na dat mak dem fit nail am for kros, bot e dey alaif naw, bikos of God pawa. Aldoh wi dey wik wit am, bot wi go dey alaif togeda wit am, bikos of God pawa wey wi get.

5Mak una test unasef to no weda una stil dey insaid di fate; e gud mak una shek unasef wel-wel! Una nor no sey Kraist dey insaid una? May bi una don fail di test!

6I hope sey una go no sey wi neva fail di test!

7Wi dey pray to God mak una nor du enitin bad; wi nor dey du-am to show sey wi pas di test, bot mak una for du wetin gud, ivun if e bi laik sey wi fail di test.

8Wi nor go fit du enitin against di trut, bot na di trut go mak us du evritin.

9Bele dey swit us wen eva wi dey wik and una dey strong. And na wetin wi dey pray for bi dis, "Una go get evritin wey una sopoz get."

10Na dis mak mi dey rite all dis tins since I nor dey wit una, so dat wen I kom, I nor go ves for una bikos of di autoriti wey I get and God giv mi dis autoriti to build; nor bi to distroi.

11Finali my brodas and sistas, mak una dey hapi dey du tins as dem sopoz bi. Mak una tak heart, dey grit ish oda and liv togeda for peace and di God wey get luv and peace, go dey wit una.

12Mak una grit ish oda for Kristen way.

13All God pipol for here dey grit una.

14Mak di grace wey awa Oga Jisos Kraist giv us and di luv wey God get for us, plus di Holi Spirit feloship, dey wit una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Galasha

Galasha 1

1Na mi Pol, rite dis leta, (nor bi humanbin mak mi apostol, bot na Jisos Kraist and
God awa Papa wey raiz-am from deat).

2Mi and di brodas wey dey here, dey grit una wey dey Galatia.

3Mak God awa Papa and Oga Jisos Kraist grace and peace, dey wit una.

4Na Jisos die for awa sins, bikos na so God awa Papa wont am.

5Mak all glori bi en own foreva and eva! Amen.

6I sopraiz sey una kwik turn bak from di Pesin wey kol una wit en grace kon bigin
folo oda tishin.

7Nor bi sey anoda gospol rili dey, bot som pipol dey disturb una, bikos dem won
shange wetin wi prish abaut Kraist.

8Bot if wi (or angels wey kom from hevun) tish una difren tins from di won wey wi
prish giv una bifor, mak God distroi us wit fire!

9As I tok bifor, I dey repeat am again, if enibodi dey tish difren tins from di wons wey
wi prish giv una bifor, mak God trow dat pesin for hell!

10Una tink sey, I dey trai to du tins mak pipol for laik mi? Abi I dey du wetin God
wont? Or I dey trai to mak bele swit pipol? If I dey trai to mak bele swit pipol, den I
nor bi Kraist savant again!

11My brodas and sistas, I wont mak una no sey di gospol wey I dey prish, nor bi
humanbin giv mi.

12Bikos I nor get or learn am from enibodi, bot I get-am tru di revelashon wey Kraist
giv mi.

13Una don hear abaut di kaind life wey I dey liv bifor as Ju pesin; haw I trobol di
shosh kon dey trai to distroi am.

14I grow among Ju pipol kon no di religion pas meni of my mates for my kontri and I
no my gran-gran papa dem tradishons.

15Bot God kol mi wit en grace kon seprate mi ivun bifor dem born mi.

16E show mi en pikin, so dat I go fit prish abaut am giv Gentai pipol. I nor go mit
enibodi mak e advise mi

17and I nor go Jerusalem go mit pipol wey bi apostol bifor mi, bot I komot der go
Arabia, den I kon go bak to Damaskus.

18Afta tiri years, I go visit Pita for Jerusalem, so dat e go tel mi wetin I go du and I
stay wit am for fiftin days.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

19Bot I nor go si eni oda apostol apart from James, wey bi Jisos Kraist broda.

20God dey si wetin I dey rite, bikos evritin wey I dey rite to una so, na tru!

21Afta dis, I kon go Syria and Silicia aria.

22Bot di pipol for di shosh wey dey Judea, nor no mi.

23Dem onli dey hear sey, "Di pesin wey dey trobol us bifor, don dey prish di mesage wey e bin dey trai to distroi."

24So dem kon dey praiz God bikos of mi.~

Galasha 2

1Afta fortin years, I kon go bak to Jerusalem wit Banabas and Titus.

2I go der bikos of di revelashon wey I risiv, den I tel dem abaut wetin I dey prish giv Gentai pipol. Bot I tok wit di oga dem, so dat dem go dey sure sey, I dey prish Kraist mesage.

3Titus dey wit mi; ivun doh en na Greek pesin, dem nor sey e must sekonsaiz.

4Dem diskos dis mata, bikos of di fake brodas wit dia wayo, wey dem tak dey spy di fridom wey Kraist giv us, so dat dem go fit mak us dia slave.

5Bot wi nor giv dem shanse, so dat di trut wey dey di gospol, go last for una.

6Bot doz wey tink sey dem bi oga, (wetin dem bi, nor min enitin to mi; bikos God nor dey sopot bad tin); dem wey bi lidas for di shosh nor add enitin to my mesage.

7Bot dem kon si sey na God sey mak I prish en wod to pipol wey dem nor sekonsaiz, jos as E sey mak Pita prish to doz wey dem sekonsaiz,

8(Bikos na tru God pawa Pita tak prish to Ju pipol and na di same pawa I tak dey prish giv Gentai pipol tu),

9so wen James, Pita and Jon wey bi lidas for di shosh, si sey God giv mi grace, dem kon dey sopot mi and Banabas sey, "Mak wi dey prish giv Gentai pipol and doz wey dem sekonsaiz."

10Bot dem sey mak wi always rimemba poor pipol and na wetin ivun dey my maind to du, bi dat.

11Bot wen Pita kom Antiok, I kon shalenge am, bikos wetin e du, nor gud.

12Pita dey chop wit Gentai pipol ontil som pipol wey James send, kom rish der. As Pita si dem, e kon stop to chop wit Gentai pipol, bikos e dey fear di pipol wey kom, since dem biliv sey evribodi must sekonsaiz.

13Oda Ju pipol kon dey pritend laik Pita, sotey Banabas join dem tu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14Bot wen I si sey dem nor dey du wetin dem rite for God wod, I kon tel Pita for dia front, "If yu wey bi Ju, dey du laik Gentai pipol, haw yu wont tak mak Gentai pipol liv laik Ju pipol?”

15Wi bi Ju pipol bikos of haw dem born us and wi nor bi Gentai pipol wey bi sinas.

16Wi no sey nobodi dey fri from God jojment, bikos na so di law tok and pipol go onli dey fri, if dem get fate for Kraist. Since wi don biliv Kraist, wi sopoz to dey du gud tru di fate wey wi get for Kraist and nor bi to dey du wetin di law tok and wi nor go dey fri from jojment, wen wi du onli wetin di law tok.

17Mak wi dey komit sin, as wi dey trai to du gud, bikos wi get fate for Kraist? If na so, dat min sey Kraist don dey sopot sin!

18Naw, if I dey ripair di law wey I don first skata, dat min sey I dey break God law.

19As for di law, I don die to am, so dat I go fit dey alaif wit God.

20I don die wit Kraist for kros, so nor bi mi dey liv again, bot na Kraist dey liv insaid mi. Di life wey I dey liv naw, na bikos of di gud tins wey God pikin du insaid mi, bikos e luv and die for mi.

21I nor go trowey God grace; bikos if na wetin di law tok go mak pesin gud, den Kraist die for nor-tin!

Galasha 3

1Galatia pipol, una nor get sense at-all! Hu turn una to fool naw? Bikos na for una front wi for show sey Jisos Kraist die for kros!

2Na di tin wey I won no from una, bi dis: Una risiv di Spirit, bikos una dey du wetin di law tok or na bikos una biliv wetin wi prish giv una?

3Na so una mumu rish? Tru-tru, una start wit di Holi Spirit, bot naw, una won finish di wok wit human-bin pawa.

4Una sofa dis meni tins for nor-tin? Tru-tru, una rili sofa for nor-tin.

5Wetin mak God giv una di Spirit to du mirakol? Na bikos una du wetin di law tok or bikos una biliv wetin una hear?

6Jos as Abraham biliv God and God kol am raitious man,

7na so tu, doz wey biliv, go bi Abraham shildren.

8Dem rite for God wod bifor sey, "E go asept Gentai pipol, wen dem get fate" and na dis mak am tel Abraham bifor di taim rish sey, "E go bless evribodi, bikos of am.”

9So pipol wey biliv, God go bless dem togeda wit Abraham, bikos dem biliv.

10Pipol wey dey unda di law and dem nor dey du evritin wey di law tok, dey unda kos, bikos dem rite am sey, "E nor go beta for enibodi wey nor dey du evritin wey dey di law.”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11Dis won show sey, nobodi dey gud for God eye, bikos e dey obey di law. So enibodi wey dey raitious, must liv by fate.

12Di law nor dey bring fate, bot di pesin wey dey du wetin di law tok, go liv by wetin e dey du.

13Kraist don save us from di kos wey di law bring, bikos e die for kros for us (jos as dem rite am, "Enibodi wey dem hang for tri, kos dey en head"),

14so tru Kraist, Abraham blessins go kom mit Gentai pipol and wi go risiv di Spirit wey God promis us, tru fate.

15My brodas and sistas, mak I yuz wetin dey hapun evriday for life tak mak ezampol for una: Wen pipol don mak agriment, nobodi go fit trow di agriment for kona or add enitin join am.

16Wi no sey God mak dis promis wit Abraham and en pikin. God wod nor sey, "to di shildren", bot e sey "and to yor pikin," and e min onli won and dat won, na Kraist.

17Na wetin I dey tok bi dis: Di law wey kom afta 430 years, nor get pawa to break di agriment and promis wey God and Abraham don mak bifor.

18Bikos if promis dey kom tru di law, den e nor bi promis again. Bot wi no sey, na tru promis, God tak bless Abraham.

19Na awa sin mak law dey and na so e go bi, ontil di pikin wey God promis, go kom and na tru angels, God tak giv us di law tru en profet.

20Wi no sey pesin wey bi middleman dey stand bitwin tu pipol, bot na onli won God dey.

21So di law dey against God promis? No! Bikos if di law dey giv pesin life, den raitiousnes go must kom tru di law.

22Bot God wod kondem evritin and evribodi unda sin, so dat wi; di pipol wey biliv, go get God promis tru Jisos Kraist.

23Bifor fate kom, wi dey unda di law, bikos di law hol us laik prizinas.

24So na di law bi awa tisha bifor Kraist kom, so dat wi go fit tok sey wi dey raitious tru fate.

25Bot since fate don kom, wi nor dey unda eni tisha again.

26Bikos tru Jisos Kraist, all of us don bikom God shildren by fate.

27Una wey dem don baptaiz insaid Kraist, don wear Kraist for bodi laik klot.

28E nor mata weda una bi Ju or Greek pipol, savant or fri pesin, man or wuman, bikos all of una dey insaid won bodi for Kraist.

29And if e bi sey una bilong to Kraist, den una bi Abraham shildren and pipol wey go inherit wetin God promis.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Galasha 4

1Wetin I min bi sey, di pesin wey inherit en papa propati and e stil bi smol pikin, e nor dey difren from savant, ivun doh na en get evritin.

2Bot e go dey unda hu dey gaid am, ontil di taim wey en papa tok, go rish.

3Na so e bi wit us wen wi smol; wi dey unda di pawa wey dey kontrol dis wold,

4bot wen di rite taim rish, God kon send en pikin wey wuman born unda di law,

5mak e save pipol wey dey unda di law, so dat God go mak us en own shildren kon giv us awa own propati.

6Since wi bi God shildren, E put en Holi Spirit insaid us and naim mak us dey fit kol am, "Abba! Fada!”

7So, una nor bi slave again, bot una don bi God pikin and since una bi God shildren, una go get God propati tu.

8Bifor-bifor, wen una nor no God, una dey du bad-bad tins.

9Bot naw wey una don no am (or abi mak I sey God don no una), why una stil dey folo all dis wik and yeye pawas? Una won bi dia slave again?

10Dat taim, una folo dia tradishon.

11I dey fear sey mak di wok wey I du among una, nor waste.

12My brodas and sistas, I beg, mak una bi laik mi, as I don bi laik una, bikos una nor du mi eni bad tin!

13Bot wen I first prish di gospol giv una, una no sey I wey nor wel,

14ivun doh my siknes na problem to una, una nor laff or driv mi. Insted, una welkom mi laik God angel; laik sey na mi bi Jisos Kraist!

15Naw, na wetin don hapun to una hapines? I no sey, if to sey e dey posibol, una for pul una eye giv mi!

16So, I don bikom una enemi, bikos I dey tel una di trut?

17Di pipol wey won disiv una dey trit una wel, bot dem nor dey du-am wit beta maind; bikos dem wont mak una liv mi kon folo dem.

18Bot e gud mak una dey trit odas wel, so-far na for gud rizin and nor bi onli wen I dey wit una.

19My shildren! Jos laik wuman wey won born, I dey feel pain for una, ontil Kraist pawa go dey insaid una life!

20Haw I wish sey I dey wit una naw, so dat I go no haw to trit una, bikos I dey wori abaut una wel-wel.

21Mak una tel mi, wish of una won dey unda di law? Una nor no wetin di law tok?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

22Dem rite am sey, Abraham get tu boys, won wey di savant wuman born and di oda pikin, na di ril wife born am.

23Di won wey savant born, na ordinari pikin e bi, bot na tru God promis di ril wife tak born.

24Beta sense dey for dis stori, bikos dis tu wimen bi laik tu kovenant. Won na from Mount Sinai wey bi laik di shildren wey Hagar, di savant wuman, born.

25Hagar bi laik Mount Sinai for Arabia kontri and na di same wit Jerusalem wey dey naw, bikos e dey insaid der as slave wit en pikin.

26Bot di Jerusalem wey kom from hevun, dey fri and na-im bi awa mama.

27Bikos dem rite am sey, "Wuman! Yu wey neva born, mak yu shaut dey hapi, bikos yu neva labor laik wuman wey won born. Di wuman wey neva born, get plenti shildren pas di wuman wey get husban."

28Bot my brodas and sistas, una bi shildren wey get promis, jos as Izik bi.

29For dat taim, di won wey dem born for normal way, trobol di won wey dem born wit di Spirit and na so e bi wit una naw.

30Bot wetin dem rite for God wod? "Mak yu driv di savant wuman and en pikin komot, bikos di savant pikin nor go share wit di pikin wey di ril wife born."

31So my brodas and sistas, wi nor bi savant shildren. Na di ril wuman shildren, wi bi.

Galasha 5

1Mak una nor dey kari load for head laik slave again, bot mak una stand strong for groun, bikos Kraist don mak us fri.

2Una dey hear! Mi wey bi Pol dey tel una sey, if dem sekonsaiz una, den Kraist nor min enitin to una again.

3And I dey warn evribodi; enibodi wey gri mak dem sekonsaiz am, must obey evri oda tin wey di law tok.

4Pipol wey wont mak pipol no sey dem dey gud, bikos dem dey kip di law, dem don alredi fal komot from God grace.

5Bikos na tru fate for God Spirit, naim wi hope sey, God go mak us dey gud for en eye.

6For Kraist, e nor mata weda dem sekonsaiz pesin or not; di onli tin wey mata, na fate wey dey wok tru luv.

7Bifor, una dey du wel; bot naw, hu sey mak una nor obey di trut?

8Nor bi God wey kol una sey mak una dey du laik dis!

9Na smol yist dey mak bread raiz!

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

10I get maind sey, God nor go let una listin to anoda pesin. Bot di pesin wey dey konfuz una, go face jojment, no mata hu e bi.

11Naw, my brodas and sistas, if I stil dey prish abaut haw dem go tak sekonsaiz una, why pipol dey trobol mi? If na so, my tishin abaut Kraist kros nor sopoz kause eni trobol.

12I wish sey doz wey dey disturb una go-go sekonsaiz demsef!

13My brodas and sistas, God don kol una mak una dey fri; bot mak una nor yuz di fridom wey God giv una enihaw, insted mak una luv ish oda.

14Bikos if dem add di hol law togeda, dem go kon bi won komandment wey sey, "Mak yu luv yor nebor as yu luv yorsef."

15Bot if una kontinu to kworel among unasef; una go fit wound or kil ish oda by mistak.

16I tel una, mak una let di Spirit direct una life and una nor go du wetin di flesh wont.

17Bikos di tins wey di bodi laik, difren from wetin di Spirit laik and wetin di Spirit wont, nor dey gri wit wetin di flesh wont.

18Bot if una alow di Spirit kontrol una, den una nor dey unda di law again.

19Na di tins wey di flesh dey du bi dis: to slip wit pesin wey yu nor mari; to get bad maind; to opres pipol;

20to dey serv juju; dey du magic; kworel-kworel life; faiti-faiti; jelosi; enihaw vesnashon; long-trot; tins wey dey skata pipol;

21bad bele; kili-kili; to dey drink enihaw and dey du oda tins laik all dis wons. I dey warn una naw as I don warn una bifor sey, pipol wey dey du dis kaind tins, nor go enta God kindom!

22Bot di frut wey di Holi Spirit dey bear insaid us; na luv, joy, peace, patient, kindnes, gudnes, faithfulnes,

23gentolnes and to kontrol awasef. Di law nor dey against all dis tins.

24Pipol wey dey insaid Kraist don kil dia flesh wit all di bad tins wey di flesh dey laik to du.

25If di Holi Spirit dey insaid us, den mak wi dey liv awa life as di Holi Spirit wont.

26Mak wi nor dey kari bodi up and dey du wetin go ves pipol or dey jelos won anoda.

Galasha 6

1My brodas and sistas, if una si pesin dey sin, mak una wey dey spiritual, kol am bak. Bot mak una wosh unasef, so dat una nor go fal insaid temtashon tu.

2Mak una help kari ish oda load and if una du laik dis, una dey obey Kraist.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

3Bikos if enibodi tink sey, en tu big wen e nor bi enitin, e dey disiv ensef.

4Mak evribodi shek ensef, den e go fit tok abaut ensef, insted of am to dey kompare ensef wit anoda pesin.

5Bikos ish pesin go kari en own load by ensef.

6Di pesin wey dem dey tish God wod, must share di gud tins wey e get wit di pesin wey dey tish am.

7Mak una nor let enibodi disiv una. Nobodi go fit disiv God. Enitin wey pesin plant, naim e go reap,

8bikos di pesin wey dey liv akordin to en flesh, go reap bad tins, bot di pesin wey dey liv akordin to God Spirit, go reap life wey nor dey end.

9So mak to du gud, nor taya us, bikos wen taim rish, wi go gain am.

10So enitaim wey wi get shanse, mak wi dey du gud, especiali to pipol wey bi God shildren.

11Mak una si as di wod wey I tak my hand rite giv una, big rish!

12Pipol wey won show sey dem gud, dey trai to fos una to sekonsaiz. Dem dey du so, so dat dem nor go sofa, bikos of Kraist kros.

13Pipol wey sekonsaiz nor dey obey di law, bot dem wont mak una sekonsaiz, so dat dem go fit yuz una tak boast.

14I nor go boast abaut enitin esept for di sofa wey awa Oga Jisos Kraist sofa and bikos of dat sofa, di wold nor min enitin to mi and I don die to di wold tu.

15Weda pesin sekonsaiz or not, e nor min enitin, di onli tin wey mata bi sey, una don turn to new pesin.

16Una wey dey obey dis rule wey I dey giv so, mak peace and mesi dey wit una and all God pipol.

17From naw go, mak nobodi wori mi, bikos I get Jisos Kraist mark for my bodi.

18My brodas and sistas, mak awa Oga Jisos Kraist grace dey wit una spirit. Amen!

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Efisos

Efisos 1

1Dis leta na from Pol, wey bi Jisos Kraist apostol, bikos na so God wont am. I dey rite
to God pipol wey dey for Efisos, di wons wey dey folo Jisos Kraist wit fate.

2Mak di grace and peace wey dey kom from God awa papa and from awa Oga Jisos
Kraist, dey wit una.

3I bless God wey bi awa Oga Jisos Kraist Papa; wey don bless us wit difren spiritual
blessin from hevun, bikos of Kraist.

4Bifor God kreate di wold, E shuz us tru Kraist bikos E luv us, so dat for en front, wi
nor go get eni fault and wi go dey holi.

5Bifor, God don alredi decide tru Jisos Kraist sey, wi go bi en shildren, bikos na so E
wont am.

6So, mak all praiz and glori bi en own, bikos of en fri grace wey E giv us, tru en pikin
wey E luv wel-wel.

7Na tru Kraist blood wi tak get salvashon and na dis blood mak God dey forgiv us
awa sins, bikos en grace big wel-wel.

8Di grace wey E giv us, get plenti wisdom, sense and undastandin.

9E du laik dis wen E show us di sikrit plan wey E get and di gud maind wey E show
evribodi, tru Kraist.

10God go komplit en plan wen di taim don rish, den E go gada evritin wey dey hevun
and eart togeda unda Kraist, wey bi di head.

11All tins dey hapun as God wont am and tru Kraist, E shuz us to bi en own pipol,
bikos na so E plan am from di taim wen E kreate di wold,

12so dat wi wey first biliv Kraist, go dey giv am praiz and glori.

13Since una don hear di trut kon biliv Kraist, God don giv una di Holi Spirit as special
mark to show sey naim get una.

14God deposit dis Holi Spirit for di tins wey wi go inherit, ontil di taim wen E go save
en pipol, so dat all praiz and glori go bi en own.

15So, since I hear abaut una fate for Kraist and haw una luv all God pipol,

16I nor dey stop to tank God for una, wen eva I dey pray.

17I pray mak God, awa Oga Jisos Kraist Papa wey get glori, giv una spiritual wisdom
and revelashon, wey go mak una no am wel-wel.

18Una eye don opun to undastand di grace wey God kol una kom enta and una don si
haw di blessin wey E promis en pipol, plenti rish.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

19Una don si haw en pawa big rish, bikos una biliv am. Dis na di pawa wey dey du big-big tins for us.

20E show dis pawa tru Kraist, wen E raiz-am from deat, kon mak am sidan for en rite hand for hevun;

21di place wey far wel-wel, wey high pas wer wiked pipol dey rule; wey strong pas evri pawa wey dey dis wold; big pas evri name wey dey for dis wold and di wons wey dey kom.

22God put evritin unda Kraist leg, kon mak am head for di shosh and Oga for evritin.

23Na di shosh bi Kraist bodi and naim dey mak evritin for evriwer ful and komplit.

Efisos 2

1Bifor-bifor, na stubornes and sin dey kontrol una life,

2bikos una dey du wetin di wold wont. Una dey obey wiked pawas wey dey rule di air and kontrol stuborn shildren.

3All of us dey liv dis kaind life bifor. Wi dey du difren tins wey awa bodi and maind wont. Dat taim, wi bi shildren wey God won ponish laik oda sinas.

4Bikos God luv us wel-wel, E don show us plenti mesi

5(aldoh sin dey kontrol awa life bifor), E kon giv us life tru Kraist, den E save us wit en grace!

6E raiz us up wit Kraist kon mak us sidan wit am for hevun.

7E du dis, to show evribodi for di wold wey dey kom sey, en grace wey dey show us kaindnes tru Jisos Kraist, big wel-wel.

8God save una wit en grace, bikos una get fate (as una don biliv Kraist), nor bi wit una own pawa, bot na God giv una.

9E nor save una bikos of di wok wey una du, so mak nobodi dey boast.

10God kreate us tru Jisos Kraist as di gud wok wey E don priper dan bifor, so dat wi go dey du as E plan.

11Mak una rimemba sey bifor-bifor, una bi Gentai pipol wey dey du wetin di flesh wont and som pipol dey kol una, "pipol wey dem neva sekonsaiz" laik di way dem dey sekonsaiz humanbin.

12Dat taim, una dey witout di Mezaya and una nor get share for Izrel blessins and since una nor get hope and una dey witout God for dis wold, una kon bi strenja to God kovenant wey E promis Izrel pipol.

13Bot tru Jisos Kraist blood, una wey bin dey far, God don draw una near ensef,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14bikos na Kraist bi awa peace. Na Kraist mak Ju and Gentai pipol bi won. E don
break di wall wey divide and seprate dem as enimis.

15E don kansol Ju pipol law wit all en komand and rules, so dat e go fit mak Ju and
Gentai pipol to bi won wit am and laik dis, peace go dey among dem.

16E yuz di sofa wey e sofa for kros tak end dia kworel kon mak dem won bodi as dem
dey serv God.

17And e prish peace to una wey dey far and near,

18so dat tru am, all of us wit won Spirit, go fit rish wer awa Papa dey for hevun.

19So, una nor go bi strenja and pipol wey nor get share for Izrel blessins again, bot
una go bi God shildren wit all di pipol wey dey en haus.

20Dis na bikos, God don build una on-top di apostols and profets foundashon and na
Jisos Kraist bi di numba won stone wey God tak lay di foundashon.

21Na for insaid Kraist di hol buildin for join togeda, kon grow as won Holi Tempol for
God and

22tru am, God don build una togeda as wer E go dey stay tru di Spirit.

Efisos 3

1Bikos of dis, mi, Pol wey bi prizina for Kraist, bikos of una wey bi Gentai pipol, dey
pray giv God.

2Tru-tru, una don hear sey na God giv mi dis wok tru en grace and na for una own
gud.

3God opun my eye to undastand en sikrit, as I rite to una bifor,

4so dat wen una read am, una go fit undastand di sikrit wey God show mi.

5Di pipol wey dey bifor nor no dis sikrit as God don show en holi apostols and profets
wey dey naw, tru di Holi Spirit.

6So, bikos of di gospol, Gentai pipol don folo Ju pipol get share for God blessin. Dem
don bi membas for Kraist bodi and dem get share for God promis.

7I bi dis gospol savant, bikos of God grace wey E giv mi tru di wok wey en pawa dey
du.

8Na mi smol pas for all God pipol, bot God don giv mi grace to prish di Gud News
giv Gentai pipol and dis grace wey Kraist giv mi, nor dey finish.

9Di grace na to mak evribodi undastand God sikrit plan. Na God kreate evritin and E
hide di plan since e kreate di wold.

10E mak dem undastand, so dat tru di shosh, all di rulas and pawas wey dey hevun go
kon no God komplit wisdom, wey dey show ensef for difren ways.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11Dis hapun akordin to en plan wey go stand foreva and E mak am hapun tru awa Oga Jisos Kraist

12and na bikos Kraist dey fateful, naim mak us get di heart to fit rish wer God dey.

13Na dis mak mi tel una sey, mak una nor fear bikos of di tins wey I dey sofa, bikos na for una own gud.

14Bikos of dis, I dey nil dan for awa Papa front,

15wer all di famili for hevun and eart from get dia names.

16I dey pray sey as en glori big rish, E go mak una strong wel-wel wit pawa tru en Spirit wey bi di ril pesin insaid una.

17So dat Kraist go dey insaid una heart tru fate and wen una don strong wel-wel insaid God luv,

18una go fit join all God pipol undastand haw God luv wide, long, high and deep rish.

19Den una go rili no di luv wey Kraist get, wey big pas evritin wey una go fit undastand and evritin insaid God, go ful una life.

20So, mak all di glori bi God own; di Pesin wey dey du pas di tins wey wi go fit ask or tink, tru en pawa wey dey wok insaid us.

21Mak all glori for Kraist shosh bi en own from generashon to generashon. Amen!

Efisos 4

1Mi wey bi prizina, bikos I dey serv di Oga; I dey beg una mak una dey liv una life as God wont.

2Mak una dey get piti for won anoda wit quietnes, gentolnes and patient, bikos of di luv wey una get.

3Mak una dey du evritin wey una fit du to kip di uniti wey di Spirit dey giv, as una dey liv togeda for peace.

4Na won bodi and Spirit dey, bikos jos as all of una get won hope from God wen E kol una,

5na so tu una get won Oga, won fate, won baptism,

6won God and Papa wey dey above evribodi; dey yuz evribodi and dey insaid evribodi.

7Bot God don giv grace to all of us akordin to haw Kraist gift plenti rish.

8Na dis mak dem sey, "Wen e raiz-up go hevun, E kari meni prizinas wey E fri folo bodi and E giv plenti gift to pipol."

9Na wetin dis wod, "E raiz-up," min? E min sey Kraist first die and dem bere am for di eart.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

10En wey dem bere, naim stil bi di pesin wey raiz-up pas di hevuns, so dat e go komplit evritin.

11Na Kraist mak som of us apostols, profets, evangelist, pastors and tishas.

12Kraist du laik dis to priper us for di ministri wok, wey go mak God shosh grow,

13so dat wi go bi won for di tins wey wi biliv and wey go mak us rili no God Pikin. Den, wi go dey tink laik Kraist.

14So mak wi nor bi laik shildren wey briz dey kari up and dan; shildren wey dey folo yeye tins wey humanbin dey tish and na dis tins dem dey tak disiv pipol.

15Bot, as wi dey du wetin dey gud and koret wit luv, wi go dey grow for evri side kon mit Kraist wey bi di head.

16Na from Kraist di hol bodi dey grow wel and join togeda tru di pawa wey dey sopot am. As ish part dey du en wok, na so di bodi go dey grow insaid God luv.

17So, I dey yuz Kraist pawa tak tel una dis tins sey, mak una nor liv una life laik Gentai pipol wey dey tink onli bad and tins wey nor get sense.

18Dia maind dey for daknes and dem nor get part for di life wey God dey giv, bikos dem stuborn and nor fit undastand.

19Dem dey du wayo, dey giv dia bodi to yeye tins; tins wey nor dey pure and dey wiked.

20Bot wi nor tish una laik dat abaut Kraist.

21If na tru, den una don hear and learn di trut abaut am, jos as di trut dey insaid Kraist.

22Konsanin di kaind life wey una dey liv bifor, wi sey mak una trowey dat bad spirit wey dey mak una du bad-bad tins

23and mak una dey tink beta tins for una maind.

24Den, tru raitiousnes and holines wey di trut dey bring, mak una wear di new man wey God don kreate laik ensef.

25Since una don stop to lai, mak una start to tok trut giv una nebor, bikos all of us na membas for Kraist bodi.

26If una dey ves, mak una nor sin and mak day nor dak stil mit una dey ves.

27Mak una nor giv di devol eni shanse.

28Pesin wey dey tif, mak e nor tif again. Insted, mak e wok hard and du gud wit en own hand, so dat e go fit giv pipol wey nor get.

29Mak una nor alow eni bad wod kom out from una mout, bot mak una wod dey giv poor pipol hope, so dat e go bless pipol wey hear am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

30Mak una nor du wetin go mak di Holi Spirit ves. Bikos na di Holi Spirit bi di mark wey God put for una bodi, so dat for jojment day, E go no doz wey E go save.

31Una must stop to get bad bele, to dey ves, kworel and to dey tok bad-bad wod.

32Mak una dey gud to won anoda; dey sori for pipol and dey forgiv ish oda, jos as God forgiv una tru Kraist.

Efisos 5

1So, mak una dey bihav laik shildren wey God luv wel-wel.

2Mak wi luv won anoda, jos as Kraist luv and sakrifais ensef as ofrin wey get beta smel to God, bikos of us.

3To dey slip wit pesin wey yu nor mari; dey du tins wey nor dey pure and get long-trot; mak una nor alow dis tins dey among una, bikos dem nor gud for God pipol.

4Mak una nor alow yeye and foolish wod kom out from una mout. And mak una nor dey tok enihaw or yuz bad wod, bikos all dis tins nor gud. Insted, mak una dey tank God wit una mout.

5Won tin wey una must no bi sey, pesin wey dey slip wit hu e nor mari, wey nor dey pure or wey get long-trot and dey serv juju, nor go enta Kraist and God kindom.

6Mak una nor let enibodi disiv una wit yeye wod, na dis tins mak God dey ves for doz wey nor dey obey am.

7So mak una nor join dem.

8Bifor-bifor, una dey for daknes, bot naw, una bi lite wey dey shine insaid Kraist. So mak una dey du tins laik shildren wey get lite,

9bikos di frut wey lite get, dey bring gudnes, raitiousnes and trut.

10So, mak una always dey du tins wey go mak God hapi.

11Mak una nor put hand for bad tins, insted, mak una dey expoz dem.

12Shame nor go let wiked pipol tok abaut wetin dem dey du for sikrit.

13Bot evribodi go si evritin wey kom out for lite.

14Bikos na lite dey mak evritin shine kom out and na dis mak dem rite sey: "Wak-up; yu wey dey slip! Mak yu raiz from grave and Kraist go shine for yor life!”

15Mak una dey kareful as una dey liv una life. Mak una nor bi laik pipol wey nor get sense.

16Mak una yuz evri shanse wey una get wel, bikos dis taim wey wi dey so, dey evil and wiked.

17Bikos of dis, mak una get sense to undastand wetin awa Oga wod tok and min.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18Mak una nor dey drink strong drink, bikos e go distroi una. Bot mak una alow God
Spirit fil una maind.

19Mak una dey tok to unasef wit psalms, hymns and spiritual songs. For insaid una
heart, mak una dey praiz God wit hymns and psalms.

20Wit awa Oga Jisos Kraist name, mak una dey tank God awa papa for ish oda.

21Bikos of di respet wey una get for Kraist, mak una dey respet won anoda.

22Una wey bi wife, mak una dey respet una husban, jos as una dey respet Kraist,

23bikos na di husban bi di wife head, jos as Kraist bi head for di shosh and naim en
save di bodi.

24As di shosh dey sumit to Kraist, na so tu, wife sopoz sumit to dia husban for evritin.

25Husban, mak una luv una wife, jos as Kraist luv di shosh kon sakrifais en life for
am,

26so dat e go fit mak am klin, tru baptism and God wod.

27E du laik dis, so dat di shosh go bi laik wife wey fine wel-wel, wey nor get eni stain,
dey du enihaw or get eni oda tin wey fit spoil am.

28Na so tu, husbans sopoz luv dia wife laik dia own bodi. Man wey luv en wife, luv
ensef.

29Nobodi don eva hate e own bodi, bot e dey fid and kare for am, jos as Kraist dey
kare for di shosh,

30bikos wi bi part for en bodi.

31Na bikos of dis, man go liv en papa and mama go join en wife and di tu of dem, go
bi won flesh.

32Dis sikrit wey I dey tel una so big wel-wel, bot na di tin wey dey bitwin Kraist and
di shosh, I dey tok abaut.

33So, ish man sopoz luv en own wife, jos as e luv ensef and evri wife sopoz respet en
husban.

Efisos 6

1Shildren, as una no God, mak una dey hear una papa and mama wod, bikos na wetin
una sopoz du bi dat.

2Mak una respet una papa and mama, bikos na dis bi di first komandment from God
wey get promis.

3So dat e go beta for una and una go get long life.

4Una wey bi papa, mak una nor mak una shildren ves, bot mak una raiz dem to folo di
tishin wey Kraist tish.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5Una wey bi savant, mak una dey obey una masta wit fear, respet and wit klin maind laik sey, na Kraist una dey obey.

6Mak una nor bi laik pipol wey dey du dia wok wen dem si sey, pesin dey luk dem; bikos dem dey fine gud face. Insted, as una bi Kraist savant, mak una dey du wetin God laik from una heart.

7Mak una dey du una wok wit beta maind laik sey, na Kraist una dey du-am for and nor bi humanbin,

8bikos una no sey, ish pesin; weda e bi slave or e dey fri, if e du wetin dey gud, Kraist go riwod am.

9And una wey bi masta, mak una dey trit una savant wel. Mak una nor mak dem fear, bikos both yu and dem get di same masta for hevun and E nor dey favor enibodi enihaw.

10Finali, mak una dey strong wit Kraist mighti pawa.

11Mak una wear komplit soja uniform wey God dey giv, so dat una go fit stand fite di wayo wey devol dey yuz.

12Bikos, wi nor dey fite against humanbin, bot na against di wiked rulas wey dey for dis wold, against evil spirits and pawas wey dey di hevuns.

13Na dis mak mi sey, mak una wear komplit soja uniform wey God dey giv, so dat una go fit stand for groun wen trobol and wahala go kom and wen una don win, una go stil stand wel.

14So, mak una stand wel-wel kon tie trut laik belt roun una waist, den wear bullet proof koat as raitiousnes for una bodi.

15Mak una wear shu for leg wey go show sey, una dey redi to prish di Gud News wey dey giv pipol peace

16and wit all dis, mak una kari fate wey go help una kwensh all di wiked arrows wey Satan dey trow.

17Mak una wear salvashon laik cap for head kon hol di Spirit sword wey bi God wod.

18Wit difren prayas, mak una dey ask God to help una. Mak una always dey pray wit di Spirit and dey shine una eyes wel-wel. Mak una nor giv up, bot mak una kontinu to pray for all God pipol.

19Mak una pray for mi tu sey, mak God giv mi beta wod enitaim wen I opun my mout to tok and mak I fit esplain di sikrit wey dey di gospol.

20I bi God mesenja, ivun doh I dey for prizin naw. Bot mak una pray sey, I go dey tok wit boldnes as I sopoz to tok.

21Tikikus wey bi my special broda and fateful savant for God wok, go tel una evritin, so dat una go no wetin dey hapun to mi for here.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

22Na bikos of dis I send am kom mit una, mak una for no haw tins dey wit us for here
and mak e for fit enkorage una heart.

23I pray sey mak God, awa Papa and Oga Jisos Kraist giv all my felow Kristen brodas
and sistas peace, luv and fate.

24Mak God grace dey wit evribodi wey luv awa Oga Jisos Kraist wit di luv wey nor
dey die.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Filipain

Filipain 1

1Dis leta na from Pol and Timoti, wey bi Jisos Kraist savant. To all God pipol for Filipai, wit dia bishops and lidas.

2Mak God awa papa and Oga Jisos Kraist giv una grace and peace.

3I dey tank my God evritaim I rimemba una.

4Evritaim wen I dey pray for una, I dey du-am wit hapines,

5bikos of haw una dey help mi prish di gospol from di first day wey una hear am kon rish today.

6I dey sure sey, di Pesin wey start dis gud wok for una life, go mak am pafet ontil di day wen Kraist go kom.

7So e dey gud for mi to dey tink abaut una laik dis, bikos una dey my heart. Una don folo mi share from God favor, ivun wen I dey prizin and wen I dey prish di trut abaut di gospol.

8God no sey, bikos of Kraist luv wey dey my heart, I dey miss una wel-wel.

9I pray mak una luv dey strong more-more for God tins wey una learn and mak E help una undastand,

10so dat una go fit shuz wetin beta pas and as una dey du so, una go dey redi for di day wen Kraist go kom.

11Mak di wok wey Kraist du for us and haw to please God, ful una maind. Den all di glori and praiz go bi God own.

12My brodas and sistas, I wont mak una no sey my sofa na to mak di gospol stand.

13Di sojas wey dey gaid di prizin and all di oda pipol don no sey, na bikos of Kraist, I dey prizin

14and bikos of di prizin wey dem put mi so, almost all di brodas and sistas fate for Kraist, don strong wel-wel. And naw, dem don dey prish God wod witout fear.

15Tru-tru, na jelosi and kworel mak som dey prish abaut Kraist, bot odas dey du-am wit beta maind.

16I no sey dis wons na luv mak dem dey du-am, bikos dem no sey I dey here to difend wetin dem dey prish.

17Doz oda wons wey dey prish abaut Kraist dey du so, bikos dem dey tink abaut diasef and bikos of wetin dem go gain. Dem nor dey du tins wit klin maind and dem tink sey dem fit kos more trobol for mi, bikos I dey prizin.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18Bot dat won nor mata to mi. So, weda dem dey pritend or du-am wit klin maind, di mesage abaut Kraist dey kontinu and na dat won dey mak mi hapi. I go kontinu to hapi,

19bikos I no sey na una praya and di help wey Kraist Spirit dey giv, dey save mi.

20Di hope wey I get bi sey, shame nor go eva fit kash mi; my heart go strong wel-wel and as I dey du naw, na so I go always dey du. Evritin for my bodi go praiz Kraist, weda I dey alaif or don die.

21Bikos to mi, to dey dis life, na to liv for Kraist and to die insaid Kraist, na dat won beta pas.

22If I kontinu to dey liv insaid dis bodi, e min sey I go du beta wok, bot I nor no wish won I go laik pas;

23Naw, I no wish won I go shuz, bikos I won go dey wit Kraist and na dat won beta pas.

24Bot e go gud for una as I stil dey for dis bodi.

25I dey sure of dis tins: I no sey I nor go die naw, so dat I go kontinu wit una and as una dey insaid di fate, una life go dey beta more-more.

26So wen I go kom mit una again as una dey serv Kraist, una go get more rizin to dey hapi bikos of mi.

27Mak una life dey show sey una biliv Kraist mesage, so dat weda I kom si una or not, I go dey hear sey una dey strong wit won spirit, won maind and dey fite togeda mak di gospol for stand.

28Mak una nor fear una enimis, bikos dem go soon skata and dat na sign to show sey God go save una.

29God don giv una dis sign, nor bi onli mak una for biliv Kraist, bot mak una for stil sofa for am,

30bikos una dey face di same sofa wey una si mi dey face. And I wont mak una no sey, ivun naw, I stil dey sofa di same tin.

Filipain 2

1Gain dey to serv Kraist? Komfort dey for en luv? Feloship dey bitwin pipol and God Spirit? Una heart gud rish to show pipol mesi?

2Den, mak una let my joy dey komplit, as una dey agri wit ish oda and dey luv and wok togeda wit won maind.

3Mak una nor dey kari bodi up, bot mak una trit ish oda laik unasef. Insted, una dey du wetin una laik, bikos of di tins wey una go gain, so dat una go fit boast.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4Mak una nor dey tink abaut unsef alone and wetin una wont, bot mak una dey tink abaut wetin gud for odas tu.

5Mak una get di same maind wey Kraist get,

6wey bi sey, ivun doh en wit God na di same, e nor boast abaut am.

7Bot e liv evritin wey e get for hevun kon bi laik savant. So e kom dis wold as humanbin.

8E put en bodi dan kon obey God, ontil Ju pipol kil and nail am for kros!

9Bikos of dis, God raiz-am up kon gi-am di name wey big pas evri oda name,

10so dat wen dem kol Jisos name, evribodi and evritin must nil dan, weda dem dey hevun, eart or for unda di eart

11and evri tongue go konfes sey, "Na Jisos Kraist bi di Oga." Den all di glori go bi God own.

12So, my frends wey I luv; pipol wey dey always obey mi, (nor bi onli wen I dey wit una, bot una dey obey wel-wel, ivun wen I nor dey wit una). Mak una kontinu to du God wok wit all una heart, so dat una salvashon go ful wel-wel,

13bikos na God dey wok insaid una, so dat una go fit du gud tins and get di pawa wey go mak una hapi.

14Mak una nor yuz vesnashon tak wok for God,

15so dat una nor go get eni blame and una go dey klin. God Pikin nor get fault; ivun doh una dey liv for di wold wey bad pipol dey, una go dey shine laik stars,

16bikos una get God mesage wey dey giv life. So, di day wen Kraist go kom, I go get rizin to boast sey I nor run dis race or wok for nor-tin.

17Bot ivun if dem tak mi offa sakrifais for una, I go dey hapi,

18so mak una kom folo mi rejoice.

19As Jisos Kraist wont am, I go send Timoti kom mit una, so dat my heart go strong smol, wit di news wey I go hear abaut una.

20Among all di pipol for here, na onli Timoti get di kaind maind wey I get for una and naim dey mak mi tink of una and haw una dey manage.

21Di odas dey bizi wit dia own mata, bot nor bi mata wey konsan Kraist.

22Una no haw mi and Timoti bi, sey as pikin dey wok wit en papa, na so e dey folo mi wok, so dat di gospol go stand.

23I go soon send am kom mit una, so dat una go no haw my kondishon bi.

24Aldoh I biliv Kraist sey, e nor go tey, bifor mi mysef go kom visit una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

25Bot bifor dat taim, I don tink am sey, e gud mak I send Epafroditus kom mit una. En
na my broda, co-woka and soja. Na una mesenja e bi and e dey help mi enitaim wey I
nid enitin.

26Tru-tru, e miss all of una wel-wel and en maind dey wori am, bikos una hear sey e
nor wel.

27E sik wel-wel sotey e nearli die. Bot God get mesi for am; nor bi onli for am, bot for
mi tu, so dat I nor go krai join di won wey I dey so.

28Na dis mak mi won rili send am kom mit una, so dat wen una si-am, una go dey
hapi again and I nor go dey wori abaut una.

29So mak una welkom and respet am as una broda for Kraist wit hapines,

30bikos e nearli die bikos of Kraist. E put en life for danga, so dat e go fit help mi du
wetin una for du, since una nor dey here.

Filipain 3

1Finali, my brodas and sistas, mak una hapi bikos una get Kraist. I dey rite di same tin
giv una again, bikos e go help una.

2Mak una shine una eye, bikos of doz wey dey bihav laik dogs and wiked pipol wey
dey ponish dia bodi!

3Na wi bi di ril sekonsishon; di pipol wey dey woship God tru en Spirit; pipol wey
dey hapi insaid Kraist and wi nor dey put awa hope for wetin pipol dey du.

4Aldoh my own rizin important tu. If enibodi tink sey e get beta rizin to put hope for
wetin humanbin dey du, mi Pol, get pas dem.

5Dem sekonsaiz mi, ate days afta dem born mi. I kom from Izrel, Benjamin tribe and I
bi Hebrew man. I bin dey liv akordin to di law, bikos I bi Farisi.

6Bikos I rili won du God wok, I kon dey kause serious wahala for di pipol wey dey di
shosh. I du evritin jos as di law sey mak wi du, so dat wi go dey gud for God eye. So,
I nor get eni fault.

7Bot all dis tins wey I si as gain, I kon kount dem to bi nor-tin, bikos of Kraist.

8Nor bi onli doz wons, bot naw, I dey luk evritin as nor-tin, wen I kompare am wit
Kraist, my Oga wey I no and I trowey evritin, bikos of am. Tru-tru, I dey luk all doz
tins as yeye, so dat I go fit gain Kraist,

9kon bi won wit am. My raitiousnes nor kom from di law, bot I dey raitious tru my
fate for Kraist. Bikos na tru fate God tak mak us dey raitious wit am.

10Wetin I wont na to no am and di pawa wey wak Kraist from deat; to sofa wetin e
sofa; to bi as e bi wen e die,

11so dat mi tu go stil wak-up from deat, as e wak.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

12Nor bi sey I don get evritin wey I wont or God don mak mi pafet, bot I dey trai mak
I get di prize kon hol am as Jisos Kraist hol mi.

13My brodas and sistas, I nor luk mysef laik sey I don get evritin wey I wont. Bikos I
dey tink of onli won tin wey bi: to forget di tins wey don pas kon dey porshu di wons
wey dey front

14and as I put my maind for dis tins, I dey trai to get di prize wey bi life for hevun;
prize wey mak God kol us tru en pikin, Jisos Kraist.

15So doz of us wey don mature for Kraist, mak wi get dis kaind maind. Bot if una dey
tink difren tins, I biliv sey God go show una di trut.

16So, mak wi kontinu to folo di rules wey wi dey folo.

17My brodas and sistas, mak una dey liv laik mi and dey learn from odas wey dey folo
us as ezampol.

18Bikos l don tel una bifor and I dey tok am again wit tears for my eye sey, di way
meni pipol dey bihav, dey show sey dem bi enimis to Kraist kros.

19Dem go end for hell; na dia bele bi di god wey dem dey serv. Tins wey sopoz mak
dem shame, naim dey mak dem hapi and na onli tins for dis wold dem dey tink abaut.

20Bot wi bilong to hevun and wi dey wait awa Savior wey kom from der, wey bi Oga
Jisos Kraist.

21E go yuz en pawa wey mak am Oga for evritin, tak shange dis awa ordinari bodi and
awa bodi go kon bi laik en own wey get glori.

Filipain 4

1My brodas, sistas and frends wey I luv, I dey hungri to si una, bikos una dey mak mi
proud. My frends wey I luv, mak una stand wel insaid Kraist!

2I dey beg Udia and Sintike mak dem agri togeda insaid Kraist.

3Yes, my gud frends, I stil dey tel una, mak una help dem. Dem trai as dem dey prish
di gospol wit mi, both Klement and my oda co-wokas, wey dia name dey insaid Kraist
Life Book.

4Mak una always dey hapi insaid Kraist. I dey tok again sey, mak una dey hapi!

5Mak evribodi no sey una nor laik wahala, bikos Jisos go soon kom.

6Mak una nor let enitin wori una for maind. Insted, for evri kondishon wey una dey
face, mak una ask God tru praya for evritin wey una nid and mak una always dey tank
am, as una dey pray.

7Den God peace wey pas wetin humanbin fit undastand, go gaid una heart and maind
insaid Kraist.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

8Finali, my brodas and sistas, tins wey bi tru; wey get respet; wey fine; wey pipol dey tok gud abaut; wey gud wel-wel; wey rish to praiz; na dis kaind tins una sopoz to dey tink abaut.

9So enitin wey una learn, hear and si mi dey du, mak una dey du dem tu. And di God wey dey giv us peace, go dey wit una.

10I dey hapi wel-wel insaid Kraist, bikos una don finali show sey, una dey tink abaut haw I dey manage. (I no sey una get mi for maind bifor, bot una nor get shanse to du enitin for mi).

11I nor dey tok dis won bikos I nid enitin, bot na bikos I don learn to dey okay for eni kondishon wey I si mysef.

12E get somtaim wey I nor get and somtaims, I dey get plenti. Bot for evri kondishon, I don learn haw to dey okay; weda my bele ful or I dey hungri; weda I get plenti or I nor get enitin at-all.

13I fit du evritin tru Kraist wey dey giv mi pawa.

14Bot una trai wel-wel as una help mi wen I dey trobol.

15Filipai pipol, una no sey, wen I komot from Masidonia, for di taim wen I jos start to prish di gospol, na una bi di onli shosh wey help mi and na onli una dey folo mi share for my hapines and sofa.

16Bikos ivun for Tesalonika, una stil send tins kom giv mi.

17I nor dey tok dis bikos I wont gift, bot mak una for gain from dis wok wey una dey du.

18Naw, I get evritin wey I nid, bikos Epafroditus don giv mi di tins wey una send. And na dis bi di ofrins wey dey mak bele swit God.

19My God go giv una evritin wey una nid, bikos of en glori and rishis wey dey insaid Jisos Kraist.

20Mak evribodi giv glori to God awa Papa, foreva and eva. Amen.

21Mak una grit God pipol wey dey for Kraist.

22God pipol wey dey here dey grit una tu, especiali doz wons wey kom from Caesar haus.

23Mak awa Oga Jisos Kraist grace dey wit una spirit.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Kolosha

Kolosha 1

1Dis leta na from mi Pol, Jisos Kraist apostol and Timoti my broda, bikos na so God
wont am.

2To all God pipol for Kolosey, wey bi awa brodas and sistas for Kraist. Mak God awa
Papa giv una grace and peace.

3Wi dey always tank God wey bi Jisos Kraist Papa, enitaim wen wi dey pray for una,

4since wi hear abaut haw una biliv Kraist and di luv wey una get for God pipol.

5Wen una first hear abaut di Gud News wey bring trut, una kon get luv and fate for
wetin God priper for una for hevun and na dis gospol

6kom mit una. Dis gospol dey bear frut for di hol wold and since di day wey una hear
am, una don undastand as God grace big rish and e don dey bear frut and grow among
una.

7Awa broda Epafras, wey dey wok for Kraist wit all en maind, ivun doh wi nor dey
der, na-im tish una di gospol

8and e kon tel us abaut di luv wey di Spirit giv una.

9Bikos of dis, wi tu, since wi hear abaut una, wi neva stop to dey pray for una. Wi dey
tel God mak E show una wetin E wont, so dat una go dey wise and undastand God
Spirit,

10den una life go beta jos as Kraist wont. For all di gud tins wey una dey du, mak una
dey bear frut and learn to no God more-more.

11Wi stil dey pray sey una go dey strong wit God pawa wey get glori. Una go show
sey una dey patient and get strong maind for God wok wit hapines.

12Mak una dey tank God, bikos E don mak una share from wetin en pipol get for en
kindom wey dey giv lite.

13E save us from daknes pawa and put us for di kindom wey E giv di pikin wey E luv.

14Dis na di pikin wey pay for us, so dat wi go dey fri and God go forgiv us awa sins.

15God wey wi nor dey si, na Jisos bi en image and for evritin wey E kreate, na Jisos bi
di first.

16Bikos God kreate evritin for hevun and eart tru en pikin; both fisica and spiritual
tins; weda dem get pawa or dey rule for difren-difren place; God kreate dem tru am
and E kreate dem for am.

17Kraist dey bifor evritin and bikos e dey, evritin stil dey wer dem dey.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18Na-im bi head for di bodi wey bi di shosh and from di biginin, na-im bi di firstborn wey raiz-up from grave, so dat e go bi numba won for evritin.

19God dey hapi sey evritin wey dey insaid am, dey insaid en pikin tu

20and tru Kraist blood wey e pour out for us for di kros, God go draw evritin bak to ensef, afta E don mak peace wit tins for hevun and eart.

21Bifor-bifor, bikos of di wiked tins wey una dey du and tink, una dey far from God and una bi en enemi.

22Bot naw, wit en pikin blood, E don draw una klose kom en present, so dat E go mak una en frends wey nor get stain or fault and wey dey holi.

23If tru-tru una get fate and una leg strong for groun, den una go get hope kon hol di gospol wey una hear. Dem don prish dis gospol giv evribodi for di wold and mi, Pol, I don kon bi di gospol savant.

24I dey hapi for di sofa wey I dey sofa for una and for di shosh wey bi Kraist bodi, so I dey tak my bodi komplit wetin rimain for Kraist sofa.

25I bi savant for di shosh, bikos of di wok wey God sey mak I du for una and I dey du-am to komplit God wok.

26So di sikrit wey E hide from awa gran-gran papa dem and evribodi wey dey di wold bifor, E don opun am mak en pipol si.

27God wont mak dem no di rishis wey dey en glori; wey di sikrit get for evribodi and na-im bi Kraist wey dey insaid una. So una get hope sey una go share for God glori.

28As wi dey tel evribodi wetin dem go du, wi dey prish Kraist and tish wit wisdom, so dat wen wi go show una to Kraist, una go don dey pafet.

29So na dis tins I dey strogol and wok for, akordin to en pawa wey dey wok insaid mi.

Kolosha 2

1Pipol for Laodisia and doz wey neva si mi face to face, I wont mak una no haw I dey wok for una rish.

2Wetin I wont bi sey, wen una don rili undastand God sikrit wey dey insaid Jisos Kraist, mak una heart dey strong wit luv, so dat una go get evritin wey una wont.

3Bikos all di wisdom and knowledge wey God get, E hide dem insaid Kraist.

4I dey tok all dis tins, so dat nobodi go dey disiv una wit argument.

5And ivun if I nor dey der wit una, my spirit dey der and I dey hapi sey una maind nor dey shange and una fate for Kraist, stil strong wel-wel.

6So, jos as una asept Jisos Kraist as una Oga, mak una kontinu to liv una life insaid am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Mak una dey strong for groun and dey grow insaid Kraist, so dat una fate go strong as wi dey tish una and una go dey tank God wel-wel.

8Mak una tak kare and nor let enibodi fool una wit wayo tok abaut humanbin wisdom and spiritual pawas wey dey rule di wold, bot mak una dey du as Kraist wont.

9Bikos na Kraist dey show us evritin abaut God.

10And una dey komplit insaid am; bikos na-im bi di head for all di pawas wey dey for hevun and eart.

11Dem sekonsaiz una insaid am. Dis nor bi humanbin sekonsishon, bot na di spirit own, wey Kraist dey du.

12Bikos wen dem baptaiz una, dem bere una wit am and una folo am raiz-up tru di fate wey God pawa dey giv and na dis God raiz-am up.

13And ivun doh una bin don die insaid una sin bikos dem nor sekonsaiz una bodi, God kon mak una dey alaif wit am, bikos E don forgiv una sins.

14E don distroi doz bad-bad tins wey una dey du and wetin dem rite abaut awa debt wey fit kil us, God rimov am kon nail dem for di kros.

15God disgrace wiked and evil rulas for publik, wen E win dem for di kros.

16So mak una nor let enibodi tak fud, drink, parti, new moon or Sabat mata, tak joj una.

17Bikos all dis tins na shadow for di tins wey go kom, bot di ril tin, na Kraist!

18Mak una nor let doz wey dey pritend and woship angels joj una. Dat kaind pesin dey tok enihaw abaut vishon wey e sey e si, bot na yeye tins and sin ful en maind.

19Dat pesin nor dey wit Kraist wey bi di head. Bikos na Kraist join di hol bodi togeda, as dem dey grow insaid God.

20Since una don die wit Kraist and e don fri una from wiked pipol, den why una stil dey bihav as pipol wey nor no God?

21Wen dem sey, mak pipol nor hol, chop or tosh som tins, e nor min enitin.

22All dis tins dey yuzles as pipol dey yuz dem, bikos na humanbin mak all dis rules.

23E bi laik sey dis tins get wisdom, bikos pipol dey woship angels, dey pritend sey dem gud and dey sofa dia bodi; bot dis wisdom nor get value, bikos e nor fit stop pesin mak e nor du di yeye tins wey dey en maind.

Kolosha 3

1So, if God raiz una wit Kraist, den mak una put maind for tins wey dey hevun; di place wer Kraist for sidan for God rite side.

2Mak una dey tink abaut tins for hevun, nor bi tins for dis eart,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

3bikos una don die and una life dey safe wit Kraist for insaid God.

4Wen Kraist (wey bi una life) go kom, una go folo am kom wit glori.

5So mak una kil evri bad karata wey dis wold dey bring: laik to dey slip wit pesin wey una nor mari; dey bihav enihaw; folo dis wold tins; dey du bad tins; long-trot and to serv juju.

6Na dis tins dey mak God ves for doz wey nor dey obey am.

7Na so una dey liv una life bifor wen una bi sinas,

8bot naw, to dey ves enihaw; to get bad maind for pesin; to tak mout spoil pesin and to dey kos pipol, mak una rimov dem from una life.

9Since una don kil una old sef and di tins wey una dey du bifor, mak una nor dey lai giv ish oda.

10Mak una wear di new pesin, so dat una go dey new as una dey learn to no and bi laik di Pesin wey kreate una.

11For hevun, e nor get enitin laik Greek or Ju pesin; pesin wey dem sekonsaiz or not; bush pesin; pipol wey dey chop humanbin; slave or fri pesin, bot na Kraist bi all and e dey insaid all of us.

12So, as pipol wey God don shuz, wey holi and wey E luv wel-wel, mak una kwik dey sori for pipol; dey gentol; nor dey kari bodi up and wear patient laik klot for bodi.

13Mak una dey bear wit ish oda; dey forgiv ish oda; ivun doh una get wahala wit enibodi. Jos as Kraist don forgiv una, mak una forgiv odas tu.

14Wit all dis gud tins, mak una luv won anoda, bikos na luv bi di best tin wey fit hol una togeda.

15Mak Kraist peace dey rule una heart (bikos na tru dis peace, Kraist tak kol una as won bodi) and mak una dey tank God.

16Mak Kraist wod stay insaid una and mak una dey tish ish oda wit wisdom wey go mak una heart strong. Mak una dey sing psalm, hymns and spiritual song and dey du all dis tins to rili tank God from una heart.

17For enitin wey una dey du, weda una dey tok or du oda tins, mak una du-am wit awa Oga Jisos Kraist name and tank God tru am.

18Una wey bi wife, mak una dey du wetin una husban wont, as Kraist pipol sopoz du.

19Una wey bi husban, mak una luv una wife and nor dey wiked to dem.

20Una wey bi pikin, mak una dey obey una papa and mama for evritin, (dey du evritin wey una papa and mama tok), bikos na wetin Kraist laik bi dat.

21Una wey bi papa, mak una nor du wetin go mak una shildren ves, so dat life nor go taya dem.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

22Una wey bi savants, mak una obey una mastas (dey du wetin dem tok) for evritin
and nor bi onli wen dem dey luk una. Mak una nor dey du laik pipol wey wont mak
dem praiz dem, bot mak una dey obey wit beta maind, bikos una dey fear God.

23Enitin wey una dey du, mak una du-am wit all una bodi, laik sey una dey du-am for
Kraist and nor bi for pipol,

24bikos una no sey God go giv una di gift wey E promis en pipol.

25Pesin wey du bad, God go pay am bak for wetin e du, bikos God dey joj evribodi
akordin to wetin dem du, since E nor dey sopot enibodi enihaw.

Kolosha 4

1Una wey bi masta, mak una trit una savants wel and nor shit dem, bikos una no sey,
unasef get masta for hevun.

2Mak una dey serious for una praya. Mak una dey shine una eye as una dey tank God
wen una dey pray.

3Laik dis tu, mak una dey pray for us, so dat God go giv us beta shanse to tok abaut
Kraist sikrit, wey I dey prish abaut.

4Mak una pray mak I tok wel, so dat pipol go undastand mi.

5Mak una dey wise as una dey tok wit pipol wey nor dey folo Kraist. Mak una yuz
evri shanse wey una get wel.

6Mak all of una wod dey gud and swit laik wetin dem put sugar, so dat una go no haw
to ansa evribodi.

7Tikikus, my broda wey I luv and awa Oga savant; wey dey wok wel-wel laik mi, go
tel una evritin wey dey hapun to mi.

8Na bikos of dis I send am kom mit una, so dat una go no haw tins bi for us and mak e
for giv una heart.

9Onesimus, di broda wey dey wit us, wey wi luv wel-wel, wey bi won of una, I dey
send am folo Tikikus. Dem go tel una evritin wey dey hapun for here.

10Aristakus, wey folo mi dey prizin dey grit una and Mark wey bi Banabas kozin
(wey wi bin tel una sey, if e kom mit una, mak una welkom am) dey grit una tu.

11Jisos wey dem stil dey kol Justus, dey grit una. Ju pipol wey bi Kristen and dey folo
mi du God wok, na onli dem dey help mi.

12Epafras, wey bi won of una and Kraist savant, dey grit una. E dey pray wel-wel for
una, so dat una leg go strong for groun and una go grow as una dey learn di tins wey
God wont.

13Bikos I bi witnes sey, e don wok wel-wel for una and doz wey dey Laodisia and
Hierapolis.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

[14]Awa frend Luke, wey wi luv wel-wel, wey bi doktor and Demas, dey grit una tu.

[15]Mak una tel di brodas and sistas wey dey Laodisia, wit Nimfa and di shosh wey dey gada for en haus sey, I grit dem.

[16]And afta una don read dis leta, mak una let di shosh wey dey Laodisia read am tu. Den mak una stil read di leta wey I rite giv dem.

[17]Mak una tel Arkipus sey, mak e finish di wok wey Kraist gi-am.

[18]Mi Pol, dey rite dis gritin wit my own hand. Mak una rimemba di chains wey dem tak tie mi and mak God grace dey wit una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Fest Tesalonika

Fest Tesalonika 1

1Na Pol, Silas and Timoti rite dis leta go giv God and Jisos Kraist pipol wey dey di shosh for Tesalonika. Mak God grace and peace dey wit una.

2Wen eva wi dey pray, wi dey always tank God for all of una.

3Wi rimemba di wok wey una don du tru fate and as una dey bear bikos of di hope wey una get abaut awa Oga Jisos Kraist.

4Awa brodas and sistas wey God luv, wi no sey God don shuz una as en own.

5Nor bi onli tru ordinari wod wi tak prish di gospol giv una, bot na wit di Holi Spirit pawa and wi show sey, evritin wey e tok, na tru. Una no haw wi dey liv and help una.

6So, una kon bigin du as wi and Kraist dey du; ivun doh una sofa wel-wel, una risiv di mesage wit joy wey di Holi Spirit dey giv.

7So una bi ezampol to all di pipol wey biliv Jisos for both Masidonia and Akaya.

8Bikos nor bi onli sey di mesage abaut Kraist don rish evriwer for Masidonia and Akaya, bot dem don hear di news abaut una fate for evriwer. So wi nor ivun nid to tok abaut una again.

9Pipol dey tok abaut haw una welkom us and liv di juju wey una dey serv bifor kon folo di tru God wey get life.

10And una dey wait en pikin wey dey kom from hevun. En pikin, Jisos wey E wak from deat and na-im go save us from God vesnashon wey dey kom.

Fest Tesalonika 2

1Awa brodas and sistas, una no sey awa visit nor dey yuzles.

2Bifor wi kom mit una for Tesalonika, dem sofa and trit us enihaw for Filipai and meni pipol nor wont mak wi tok, bot awa God giv us pawa to prish en Gud News.

3Bikos wetin wi dey prish nor bi wit mistak, dirti maind or wayo,

4bot na God shuz us to prish di gospol and na so wi dey prish am. Wi nor dey du-am mak pipol for praiz us, bot mak God wey dey si awa heart, praiz us by ensef.

5Wi nor eva trai to win una wit swit wods, as una no. And God na awa witnes sey wi nor dey pritend to bi una frends bikos of una moni.

6Wi nor eva sey mak pipol praiz us; weda na una or odas.

7Wen wi dey wit una, wi dey gentol laik as mama dey kare for en pikin, ivun doh wi for fit kolet moni from una since wi bi Kraist apostols.

8Bikos wi luv una, wi dey hapi as wi dey share God wod and awa own life wit una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9Bot brodas and sistas, wi hope sey una rimemba as wi dey wok for both day and nite,
so dat as wi dey prish di gospol, wi nor go bi problem to una.

10As wi dey liv wit una wey biliv Kraist, una and God na awa witnes sey, wi dey holi
and dey du gud tins for God eye witout fault.

11As unasef no, wi dey trit una as papa dey trit en shildren.

12Wi dey advise, beg and tok to una sey, una must liv una life as God wont, bikos na-
im kol una enta en own kindom and glori.

13Wi stil dey tank God evritaim, bikos wen una asept God mesage wey una hear from
us, una nor asept am laik sey na humanbin mesage, bot una asept am as God mesage
and tru-tru na God mesage e bi and God dey wok insaid una wey don biliv.

14My brodas and sistas, na di same tin hapun to God shosh for Judea and una wey
biliv Kraist for der don stil sofa pain from una kontri men wey bi Ju pipol.

15Di same Ju pipol wey dey ponish us, na dem stil kil awa Oga Jisos Kraist and di
profets. Dem dey wiked to evribodi and nor dey du wetin God wont.

16Dem ivun trai to stop us, so dat wi nor go prish di mesage wey go giv salvashon to
Gentai pipol. As dem dey du so, dia sins dey plenti more-more. Bot naw, God
vesnashon wit ponishment dey kom mit dem.

17My brodas and sistas, afta wi liv una (ivun doh wi stil dey tink abaut una), wi kon
dey trai to mak sure sey wi si una again bikos of di luv wey wi get for una.

18Wi bin won kom si una (mi, Pol don trai to kom meni taims), bot Satan spoil awa
plan.

19Nor bi una bi awa hope, joy and krawn wey wi go tak boast giv Jisos wen E kom?
Yes! Na una!

20Bikos na una bi awa joy and glori!

Fest Tesalonika 3

1Wen wi nor fit bear am again, wi kon sey wi go stay for Atens by awasef.

2So wi kon send Timoti, awa broda wey dey folo us du God wok sey, mak e kom
enkorage una konsanin una fate,

3so dat nobodi among una go dey fear, bikos of all dis sofa. Unasef no sey all wetin
dey hapun, na as God plan am.

4Wen wi dey wit una, wi dey tel una bifor di taim rish sey, wi go sofa wel-wel and e
don dey hapun as una dey si-am.

5So wen I nor fit bear again, I send pesin mak e help mi shek haw una fate bi, bikos I
dey fear sey devol wey dey tempt pipol, don tempt una and all di wok wey wi du
among una, don dey yuzles.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

6Bot naw, Timoti don kom mit us afta e si una and e tel us di Gud News abaut di fate and luv wey una get. E stil tel us sey, una dey always rimemba and dey hungri to si us, jos as wisef dey hungri to si una.

7So, awa brodas and sistas, for all awa trobol and sofa, awa heart dey strong abaut una, bikos of una fate.

8Naw, wi dey alaif again, bikos una stand wel for Kraist

9and wi dey tank God for una. Wi dey tank am for di joy wey wi get for en present bikos of una.

10Wi dey pray wit all awa maind for day and nite sey, mak God let us si una again kon let una no evritin wey una sopoz no abaut una fate.

11Mak God awa papa and Oga Jisos priper road for us, so dat wi go si una again.

12Mak Kraist mak una luv for ish oda and for evribodi, grow more-more and big, jos as awa luv for una bi,

13so dat una heart go dey strong for holines. And for di taim wey Kraist go kom wit en pipol, una go dey witout fault for God present.

Fest Tesalonika 4

1Finali, my brodas and sistas, wi dey ask and beg una bikos of Kraist sey, as una don hear from us abaut haw una sopoz liv as God wont (as una dey du naw), mak una kontinu to dey liv laik dat.

2Una no di komands wey wi giv una tru Kraist.

3Na wetin God wont bi dis: mak una dey holi; komot hand for bad tins; nor slip wit hu nor bi yor wife or husban.

4Una wey bi man, mak una dey liv wit una wife for holines and wit respet,

5nor bi to dey folo hu yu nor mari, jos as Gentai pipol wey nor no God dey du.

6Mak nobodi shit en Kristen broda or mak am ves, bikos na God go fite for di pesin wey yu shit and wi don tel una bifor and wi stil dey warn una sey, God go rili ponish pipol wey dey du laik dat.

7Bikos God nor kol us to liv yeye life, bot na to liv holi life.

8So, enibodi wey rejet wetin wi tok; nor bi humanbin autoriti e rejet, bot na God wey giv una en Holi Spirit.

9No nid to rite giv una abaut luv for una felow Kristens, bikos God ensef don tish una abaut haw una sopoz luv ish oda.

10And una rili dey show luv to di Kristen brodas and sistas for Masidonia. My brodas and sistas, wi dey beg una sey, mak una kontinu to dey du laik dat.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11Mak una dey du wel, so dat una go liv kwayet life and dey maind una own biznes;
dey wok wit una hand as wi komand una bifor.

12Laik dis, doz sinas go dey respet una and una go get evritin wey una nid.

13Awa brodas and sistas, wi wont mak una no di trut abaut doz pipol wey don die, so
dat una nor go dey sad laik pipol wey nor get hope.

14Since wi biliv sey Jisos die and e wak-up; na so tu wi biliv sey, doz wey bi Kristens
bifor dem die, God go raiz dem up.

15Bikos wetin wi dey tish una naw, na wetin Kraist tish sey: wi wey dey alaif wen
Jisos go kom, nor go folo am go kon liv doz wey don die bikos, all of us go-go wit
am.

16God big angel go shaut dey komand as Kraist dey kom dan from hevun; di angel
vois go dey loud wit God trumpet and doz wey bi Kristens bifor dem die, go first go
up.

17God go kari wi wey rimain for dis wold go mit dem for skai, den all of us go-go mit
Kraist for hevun.

18So mak una dey enkorage ish oda wit all dis wod.

Fest Tesalonika 5

1Brodas and sistas, konsanin di taim and season wen dis tins go hapun, wi nor nid to
rite enitin giv una.

2Bikos una rili no sey, di day wen Kraist go kom, e go bi laik wen tif dey kom for
nite.

3Wen pipol dey sey, "Evritin dey okay and peaceful," na dat taim wahala wey go
skata evriwer go kom and e go bi laik di pain wey wuman dey face wen e won born
and nobodi go eskape from am.

4Bot una wey bi awa brodas and sistas, mak una komot from daknes, so dat, dat day
nor go kom mit una as tif dey kom wen nobodi dey espet,

5bikos all of una na lite shildren. Wi nor bi nite or daknes shildren,

6so mak wi nor dey slip as odas dey du, bot mak wi shine awa eye wel-wel.

7Na for nite pipol dey slip and dey drink enihaw.

8Bot since wi bilong to lite, mak wi dey kwayet, yuz fate and luv tak protet awa chest,
den wear di hope wey wi get, laik cap for head.

9Bikos God nor shuz us to sofa en vesnashon, bot to get salvashon tru awa Oga Jisos
Kraist

10wey die for us, so dat weda wi dey alaif or wi don die wen e kom, wi go stay togeda
wit am for hevun.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11So mak una dey enkorage and help ish oda, jos as una dey du naw.

12Naw wi dey beg una, awa brodas and sistas, mak una dey respet doz wey dey wok, gaid and tel una wetin to du abaut dis mata wey konsan Kraist.

13Bikos of di wok wey dem dey du, mak una luv and respet dem wel-wel.

14Wi dey beg una, awa brodas and sistas, mak una tel pipol wey dey bihav enihaw sey, wetin dem dey du nor gud, den mak una help doz wey dey wik, bot mak una dey patient wit evribodi.

15Mak una dey sure sey nobodi pay bad for bad, bot for evritaim, mak una always dey du gud for ish oda and for evribodi.

16Mak una dey hapi evritaim.

17Mak una dey pray evritaim.

18Mak una dey tank God for evritin, bikos na so God wont sey mak una wey dey insaid Kraist dey du.

19Mak una nor driv God Spirit komot for una life.

20Mak una nor tak God wod wey pesin tok as yeye tin.

21Mak una test evritin kon dey du wetin gud.

22Mak una nor put hand for wiked and evil tins.

23Mak God wey dey giv peace, help una to dey holi go rish di end, so dat for di day wen Kraist go kom, una spirit, soul and maind go dey witout fault.

24Di Pesin wey kol una to du en wok dey fateful.

25My brodas and sistas, mak una pray for us.

26Mak una grit all di brodas and sistas as God wont am.

27I komand una wit Jisos name sey, mak una read dis leta giv all di brodas and sistas wey biliv.

28Mak awa Oga Jisos Kraist grace dey wit una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Sekon Tesalonika

Sekon Tesalonika 1

1Na Pol, Silas and Timoti rite dis leta go giv God and Jisos Kraist pipol wey dey di shosh for Tesalonika.

2Mak grace and peace wey God awa papa and Oga Jisos Kraist dey giv, dey wit una.

3Wi get beta rizin to dey tank God evritaim for una, bikos una fate dey grow more-more and di luv wey una get for ish oda, dey grow tu.

4So, bikos of una fate and haw una dey bear wahala and sofa, wi dey yuz una boast to all di pipol for God shosh.

5Dis na sign sey God dey giv koret jojment. E wont mak una dey gud to inherit en kindom and na bikos of dis kindom, una dey sofa so.

6E gud as God dey ponish di pipol wey dey trobol una.

7And una wey dey sofa so, God go giv wi and una res wen Kraist go kom from hevun wit en mighti angels.

8Den Kraist go yuz fire wey nor dey kwensh tak ponish doz wey nor no God and wey nor dey obey wetin wi dey prish abaut am.

9God go distroi dem and dia ponishment nor go eva end. Wen Kraist go kom risiv glori from di pipol wey e shuz,

10e go driv sinas komot from en present, en pawa and en glori. Dat day, evribodi wey biliv, go praiz am and tru-tru, una biliv evritin wey wi tel una.

11Na dis mak us dey always pray for una sey, as God kol una, E go mak una dey gud and evri gud tin wey una wont, go hapun to una tru en pawa, so dat una wok wey una dey du wit fate, go komplit.

12So, bikos of una, pipol go dey praiz awa Oga Jisos Kraist and akordin to awa God and Oga Jisos Kraist grace, unasef go dey risiv en blessin.

Sekon Tesalonika 2

1Naw my brodas and sistas, for di taim wen Jisos go kom and wen God go gada us go mit am, wi won tel una sey,

2mak fear nor dey una maind or spirit; ivun doh wi tel or rite giv una sey Kraist go soon kom.

3Mak nobodi disiv una. Bikos dat day nor go kom ontil trobol go first kom and tru-tru, di pesin wey God go distroi, go kom out.

4E go opoz and kari ensef pas God and oda tins wey pipol dey woship. E go ivun sidan for God tempol dey tok sey e bi God.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5Una rimemba sey wen I dey wit una bifor, I tel una all dis tins.

6And una no wetin dey stop am, bikos e go onli kom out wen en taim don rish.

7Dis wikednes don alredi dey wok for sikrit and dem go dey sikrit ontil di pesin, wey bi di Holi Spirit wey dey hol dem, go komot for road.

8Den evribodi go no hu dis wiked man bi and God go distroi am wit briz from Kraist mout kon bere am wit di glori wey dey kom.

9Di wiked man go kom wit Satan pawa and e go du difren mirakols and wondas.

10E go yuz wayo disiv doz wey go perish, bikos dem nor won luv and respet di trut wey for save dem.

11So God go mak dem disiv dis pipol wel-wel and dem go biliv dia lai-lai.

12Den God go distroi dem, bikos dem enjoy sin insted of di trut.

13Bot my brodas and sistas wey God luv, wi dey always tank God for una evritaim, bikos God don shuz una from di biginin sey, E go save una wit di Holi Spirit pawa wey go mak una dey holi, since una get fate and trut.

14E kol una enta en salvashon tru awa mesage, so dat una go fit get share for Kraist glori.

15So, my brodas and sistas, mak una stand wel for groun kon hol wetin wi tish una tait; weda na tru di wods wey wi tok or letas wey wi rite.

16Naw I dey pray sey, God wey luv and giv us beta komfort tru en grace and hope,

17go enkorage and giv una pawa for all di gud wok wey una dey du or di wods wey una dey tok.

Sekon Tesalonika 3

1Finali, my brodas and sistas, mak una pray for us, so dat Kraist mesage go kontinu to spread kon get glori jos as e rili get among una.

2Mak God diliva us from wiked and evil pipol, bikos nor bi evribodi get fate.

3Bot Kraist dey kip en promis and E go mak una strong.

4Wi get maind sey Kraist go help una and una go du all di tins wey wi tel una.

5I pray mak God gaid una heart to undastand en luv more-more, so dat una go get Kraist patient.

6My brodas and sistas, wi dey komand una wit awa Oga Jisos Kraist name sey, mak una nor folo bilivas wey dey du enihaw and nor dey du as wi tel dem.

7Una no sey una sopoz to dey imitate us, bikos wi nor bihav enihaw wen wi dey wit una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

8Wi nor chop enibodi fud wey wi nor pay for. Insted, wi dey strogol and wok hard for day and nite, so dat wi nor go bi wahala to una.

9Nor bi sey wi nor get rite to ask una, bot wi won yuz awasef as ezampol for una,

10bikos ivun wen wi dey wit una, wi tel una sey, "Pesin wey nor redi to wok, mak e nor chop."

11Wi hear sey som pipol among una dey liv enihaw and dem nor dey maind dia biznes, insted dem dey put eye for anoda pesin tin.

12Wi dey komand and enkorage dis kaind pipol wit awa Oga Jisos Kraist name sey, mak dem du dia wok wel, so dat dem go fit fid demsef.

13My brodas and sistas, mak e nor taya una to du gud.

14Bot if enibodi nor obey awa mesage tru dis leta, mak una luk dat kaind pesin wel-wel and mak nobodi folo am waka or du enitin togeda, so dat shame go kash am.

15Mak una nor si-am as enemi, bot mak una koret am as una broda.

16Naw, mak Kraist wey dey giv peace, giv una en peace evritaim and mak di peace dey wit una always.

17Na mi Pol dey rite and grit una wit my own hand, jos as I dey du for evri leta wey I don send kom mit una.

18Mak awa Oga Jisos Kraist grace dey wit all of una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Fest Timoti

Fest Timoti 1

1Pol wey bi Jisos Kraist apostol tru God awa Savior komand, na-im rite dis leta and na
Jisos Kraist bi di hope wey wi get:

2To Timoti, my own pikin for di fate. Mak favor, mesi and peace wey dey kom from
God awa papa and Jisos Kraist awa Oga, dey wit yu.

3As I tel yu wen I dey go Masidonia, mak yu koret doz pipol for Efisos wey nor dey
tish di trut.

4Nor let dem waste oda pipol taim wit dia yeye tok, insted of God wod wey dey mak
pesin fate strong.

5Bot di rizin why I dey giv dis komand, na bikos I luv dem from my heart wit beta
maind and fate.

6Som disobey dis komand kon dey tok tins wey nor mak sense.

7Dem wont tish pipol di law, bot dem nor undastand wetin dem dey tok, ivun doh dem
dey tok wit strong heart.

8Bot wi no sey di law dey gud wen pipol dey obey am.

9God nor giv di law, bikos of gud pipol, bot na for pipol wey dey disobey and du
enihaw. Dis kaind pipol dey laik to sin and nor dey fear God. Dem nor dey holi or get
respet for enitin and dem fit kil dia papa, mama or enibodi.

10Di law na for pipol wey dey slip wit hu dem nor mari; man wey dey slip wit man;
wuman wey dey slip wit wuman; pesin wey dey sel pipol as slave; lai-lai pipol; doz
wey dey promis and den nor fit du-am or enibodi wey nor dey obey di rite tishins

11wey dey dis beta gospol, wey awa blessed God sey mak I dey prish.

12I tank Kraist awa Oga, wey giv mi pawa to du en wok. Ivun doh I dey tok bad abaut
am and dey opres en pipol bifor,

13e si mi as gud pesin kon shuz mi to serv am. Bot God sori for mi, bikos den I nor no
wetin I dey du and I nor biliv en gospol.

14Bot God grace big wel-wel wit fate and luv wey dey for Jisos Kraist.

15Dis na tru wod and e gud for evribodi to asept and biliv am sey: "Jisos Kraist kom
dis wold kon save sinas" and na mi wos pas.

16Bot God sori for mi, so dat Kraist go yuz mi as beta ezampol to show sey, e dey
patient wit ivun di pesin wey sin pas. Den odas go no sey, demsef go fit biliv am kon
get life wey nor dey end.

17Mak all di onor and glori bi God own foreva and eva! Na-im bi di King wey nor dey
die, di Won wey nobodi dey si and na onli en bi God. Amen!

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18Timoti my pikin, na as dem tok for di wod wey dem profesai abaut yu bifor, na-im
mak mi giv yu dis komands. So mak dis wods mak yu strong as yu dey fite for Kraist.

19Hol yor fate for Kraist wel and mak yor maind dey klear. Bikos som pipol nor dey
yuz gud maind and bikos of dat, dia fate don skata.

20Himenaeus and Alexander na ezampol of doz kaind pipol. I don giv dem to Satan,
so dat dem go stop to dey tok enihaw abaut God.

Fest Timoti 2

1First of all, I tel una mak una dey pray, ask and tank God for evribodi.

2Mak una pray for kings and doz wey dey rule, so dat wi go fit liv for peace, get beta
karata and gud life wit fear for God.

3Dis kaind tin gud and na wetin God awa Savior dey laik,

4bikos E wont mak evribodi dey save and undastand di trut.

5Bikos na onli won God dey and na Jisos Kraist wey kom as humanbin, bi di pesin
wey dey bring God and humanbin togeda.

6E die so dat evribodi go dey fri. Na dis mesage God go giv di wold, wen di taim don
rish.

7Na dis tins mak God shuz mi as prisha, apostol and tisha to Gentai pipol, so dat I go
prish fate and wetin bi trut (na tru wod I dey tel una so, I nor dey lai).

8So, I wont mak evribodi dey pray for evriwer, dey raiz dia holi hand witout
vesnashon or kowrel.

9I wont mak wimen dey dress wel wit sef kontrol. Nor mak yeye hair style; nor wear
tu mush gold or stones and klot wey dear wel-wel.

10Insted, mak dem get gud karata as wimen wey dey fear God, sopoz bi.

11Mak wimen dey kwayet and listin wel as dem dey learn.

12I nor alow wuman tish or giv dem authoti ova men. Mak dem kwayet dey listin,

13bikos na Adam God first kreate, nor bi Eve.

14And nor bi Adam, Satan disiv. Satan disiv di wuman and na so sin tak kom dis
wold.

15Bot God go save di wuman wen e won born, so-far e kontinu to get fate, luv, holines
and dey kontrol ensef.

Fest Timoti 3

1Dis na tru wod: If eni man laik to bi lida, na beta wok e wont.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

[2]Leada for shosh must bi pesin wey nor get fault; wey get onli won wife; fit kontrol ensef; get sense and respet; dey welkom pipol and e bi gud tisha.

[3]Mak e nor bi drunkard or pesin wey laik to fite; bot e must dey gentol. Mak e nor bi pesin wey laik to kowrel or luv moni.

[4]E must bi pesin wey dey manage en own haus wel and dey mak en shildren obey and respet am.

[5]If pesin nor fit manage en own haus, na haw e go tak manage God shosh?

[6]Hu won bi lida must bi pesin wey get strong fate, bikos if e nor strong for fate, e go start to kari bodi up, den Satan go ponish am.

[7]Pipol wey nor dey di shosh must dey tok wel abaut di pesin wey bi lida, so dat dem nor go disgrace and mak am fal enta devol trap.

[8]Laik dis tu, dikins must bi pipol wey get gud karata; nor bi pipol wey dey play wayo; dey drink enihaw or luv moni.

[9]Dem must bi pipol wey get maind and dey prish di trut abaut di fate wey God don show us.

[10]Bifor dem go shuz dikins, mak dem test dem wel-wel. If dem pas di test, den dem fit serv as dikins.

[11]Laik dis tu, dia wives must get gud karata, nor bi wives wey dey lai or gossip, bot dem must fit dey kontrol diasef and dey honest for evritin.

[12]Dikin must dey fateful to en wife and must fit kontrol en shildren and evritin for en haus.

[13]Doz wey don serv wel as dikins, pipol go respet dem wel-wel and di fate wey dem get for Kraist, go dey strong.

[14]I dey rite all dis komand to una naw, ivun doh I dey hope to kom si una soon,

[15]so dat if I nor kwik kom, una go no haw pipol sopoz bihav for God shosh, wey bi di tru pillar and foundashon.

[16]Wi no sey God ways dey great wel-wel: Kraist kom as humanbin; di Spirit show sey e dey fri; angels si-am wen e kom prish among Gentai pipol; pipol biliv am for di wold and God kari am go hevun wit glori.

Fest Timoti 4

[1]Di Spirit tok sey for di last days, som pipol go liv di fate kon dey biliv lai-lai spirits and folo wetin dimons dey tish.

[2]Dis pipol dey lai and na wayo dem sabi du and dia maind don skata.

[3]Dem dey tish sey, e nor gud to mari or chop som kaind fud. Bot na God kreate dis fud and E sey pipol wey biliv di trut fit chop am afta dem don tank am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4Bikos evritin wey God kreate, dey gud and wi nor sopoz rejet eni fud, so-far wi don tank God for am,

5bikos God wod and praya don mak am klin.

6If yu giv all dis komands to di brodas and sistas, yu go bi gud savant for Kraist, bikos yu don fid yorsef wit God wod, wey bi di spiritual fud and naim bi di gud tishin wey yu dey folo.

7Bot mak una rejet lai-lai and yeye stori. Insted mak una dey train unasef wit beta wods from God.

8Fisica tranin dey gud, bot na to no God gud pas, bikos yu go get riwod for dis life and di won wey dey kom.

9Dis na tru wod and e gud mak evribodi asept am wit beta maind.

10Na dis mak wi dey wok hard and dey strogol, bikos awa hope dey wit God wey dey alaif and E dey save evribodi, especiali doz wey biliv am.

11Mak yu tish di pipol dis tins and mak sure sey, dem du dem.

12Nor let enibodi opres yu bikos of yor age; bot mak yu show ezampol to doz wey biliv tru yor wod, karata, luv, fate and as yu gud rish.

13Ontil I kom bak, mak yu dey read God Wod for shosh, dey enkorage di bilivas and tish dem.

14Nor stop to dey yuz di spiritual gift wey yu get; bikos yu get am tru profesi, wen eldas put hand for yor head dey pray.

15Mak yu dey learn dis tins; dey du-am wit all yor maind, so dat pipol go si as yu dey progress.

16Mak yu wosh as yu dey liv yor life and di tins wey yu dey tish. Get patient, bikos if yu dey du laik dis, yu go save yorsef and doz wey dey listin to yu.

Fest Timoti 5

1Mak yu nor tok enihaw to pesin wey old pas yu, bot dey tok to am wit respet laik sey yu dey tok to yor papa. Tok to young men as yu go tak tok to yor broda.

2Mak yu trit wimen wey old pas yu laik sey dem bi yor mama and wimen wey yu senior, mak yu trit dem wit gud maind laik sey dem bi yor sistas.

3Respet and kare for wimen wey dia husban don die.

4Bot if di wuman get shildren or grand-shildren, di first tin wey dem go du for dia famili, na to show sey dem dey fear God, as dem dey kare for dia papa and mama. Dis na wetin dey mak bele swit God.

5Naw, wuman wey en husban don die and e rili dey alone for dis wold, dey trust God. E dey pray for nite and day sey mak God help am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

6Bot if e jos dey enjoy ensef enihaw for dis wold, dat min sey en spirit don die, ivun doh e stil dey alaif.

7Mak yu always dey giv dis komand so dat dem nor go get fault.

8Bot if enibodi nor fit kare for en pipol, especiali en famili membas, e don denai di fate bi dat and e wos pas sina.

9Wuman wey don pas sisti years and e dey fateful to en husban bi for di man die, mak una put am join doz wey di shosh dey help.

10Evribodi go no am for di gud wok wey e dey du sey: e don train shildren; dey welkom stranjas; dey serv God pipol; dey help doz wey nor get and e dey du difren gud wok.

11Bot young wuman wey en husban jos die, mak una nor put am join doz wey di shosh dey help, bikos wen dem dey hungri to mari again, dem go fit liv Kraist kon bigin sin.

12So God go joj dem, bikos dem don break dia promis.

13For di same taim, dem go dey lazi, dey waka from haus to haus, dey du aproko and tok enihaw.

14So I wont mak di young wimen mari; born shildren; dey gaid dia haus, so dat enemis nor go get shanse to akuiz dem.

15Bikos som pipol don alredi dey folo Satan.

16If enibodi wey biliv get relashons wey en husban don die, mak e help dem. Mak e nor wori di shosh abaut dem, so dat dem go fit help di oda wimen wey dia husban don die.

17Doz wey dey lid wel, mak dem pay dem wel, especiali doz wey dey wok and tish wel-wel, so dat di gospol go stand.

18Bikos God wod sey, "Anima wey dey havest korn, mak una nor tie en mout." Enibodi wey dey wok, sopoz get en pay.

19Mak yu nor asept eni wods wey dem tok against eni lida, unles tu or tiri pipol bear witnes sey na tru.

20Doz wey dey sin, mak yu koret dem for evribodi front, so dat e go bi warnin to odas.

21For God, Jisos Kraist and di angels wey dey wit us, I dey enkorage yu mak yu obey all di komands witout wayo.

22Mak yu nor huri to mak pesin lida and nor rush put hand for en head, so dat yu nor go kari anoda pesin sin for yor head. Mak yu kip yorsef pure.

23Nor dey drink onli wota, bot mak yu stil drink smol wine bikos of yor bele wey dey mak yu sik enihaw.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

24Rimemba sey som pipol dey sin mak evribodi si-am and dis dey joj dem. Bot e get
som wey yu nor go no dia sins naw, bot leta, e go kom out for publik.

25Laik dis tu, pipol dey si di gud wok wey odas dey du and won day, di gud wok wey
dem du for sikrit, go kom out for publik.

Fest Timoti 6

1Una wey bi savants, mak una dey respet una masta, so dat nobodi go tok bad abaut
God and wetin wi dey tish.

2Mak una nor disobey una masta, bikos dem bi bilivas. Bot mak una serv and luv dem
wel, bikos di mastas wey una dey serv, na Kristen dem bi. Timoti, mak yu tish dis tins
and dey enkorage evribodi to obey am.

3If enibodi dey tish wetin nor koret and nor agri wit awa Oga Jisos Kraist tishin and as
God wont mak wi dey liv awa life,

4dat pesin dey proud and na onli to dey argue and kworel, e no. Dis kaind tin nor gud,
bikos jelosi, kworel, lai-lai, to dey suspect odas enihaw

5and wahala, naim e dey kause. Dia maind don spoil and dem nor no di trut again,
bikos dem tink sey dem fit yuz God wok tak mak moni.

6To liv as God wont and dey hapi wit wetin E giv yu, dey bring beta riwod.

7Bikos wi nor bring enitin kom dis wold and tru-tru, wi nor go tak won singol tin
komot from dis wold afta wi don die.

8Bot if wi get fud to chop and klot to wear, mak dem rish us.

9Pipol wey won get moni by fos, dey fal enta temtashon and dem dey get trot for yeye
tins wey go distroi and put dem for wahala.

10Pesin wey luv moni, go get wahala, wiked and evil tins. Bikos som pipol won get
moni by fos, dem don fal komot from di fate kon wound demsef enihaw.

11Bot yu wey dey serv God, mak yu nor put hand for all dat kaind tin. Insted, mak yu
dey strogol to du wetin dey rite and gud; dey kip yor promis, dey luv, get patient and
dey gentol.

12Mak yu fite di fite wey dey mak fate strong and hol di life wey nor dey end, wey go
mak pipol praiz God, bikos na dis mak am kol yu.

13Bifor God wey dey giv life to all tins and Jisos Kraist wey tok wel for Pontius Pilate
front, I dey tel yu from my heart sey,

14mak yu obey dia komands witout fault or blame, ontil awa Oga Jisos Kraist go kom.

15Bikos wen di taim don rish, Kraist go kom from hevun wit God mighti pawa: Na
God bi di King for all kings and Oga of all oga.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

16Dis God nor fit die and E dey stay for lite wey nobodi dey fit waka near. Lite wey humanbin neva fit si. Mak all onor and pawa bi en own foreva and eva. Amen!

17Mak yu giv dis komand to rish pipol. Tel dem sey, mak dem nor dey kari bodi up kon dey trust dia moni wey nor get value and mak dem dey trust God wey dey giv us evritin wey wi nid to tak enjoy dis life.

18Tel dem sey, mak dem yuz dia moni tak du gud. Mak dem dey du plenti gud woks kon dey giv doz wey nor get and mak dem always dey redi to share wit odas.

19If dem dey du laik dis, dem go dey yuz dia moni and propati tak lay gud foundashon for dia future, so dat dem go get life wey nor dey end.

20Timoti, mak yu gaid wetin God giv yu wel-wel. Nor put yor mout for yeye tins or mata wey pipol wey nor no God dey tok and du, bikos dem dey opoz yu wit wetin dem feel sey dem no.

21Som pipol don fal komot from di fate, bikos dem dey listin to pipol wey dey du doz bad tins. Mak God grace dey wit all of una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Sekon Timoti

Sekon Timoti 1

1Na Pol, Jisos Kraist apostol rite dis leta, bikos na so God wont am, so dat I go prish
abaut di life wey God promis us tru Kraist.

2To Timoti, my pikin wey I luv. Mak grace, mesi and peace dey wit yu from God awa
Papa and awa Oga Jisos Kraist.

3Eni taim I rimemba yu for my praya, weda na for nite or day taim, I dey always tank
God wey I dey serv wit beta maind, jos as my gran-gran papa dem serv am.

4Wen I rimemba as yu tak krai, e dey hungri mi to kom si yu, so dat joy go ful my
maind.

5I always dey rimemba di fate wey yu first get from yor gran mama, Lois and from
yor mama, Eunice. I dey sure sey e dey insaid yu.

6Na dis mak mi dey rimaind yu sey, mak yu dey yuz God gift wey yu get wel and yu
risiv dis gift afta I lay hand for yor head.

7Bikos God nor giv us di spirit wey go mak us fear, bot di spirit wey E giv us, get
pawa, luv and sef-kontrol.

8So mak yu dey proud to tok abaut Kraist or abaut mi wey dey prizin bikos of am and
mak yu yuz di pawa wey God giv yu, tak folo mi sofa for dis gospol.

9Bikos God save and kol us to liv holi life. E du laik dis, nor bi sey wi deserve am
bikos of wetin wi du, bot na so E plan am ivun bifor di wold start, so dat wi go no en
grace tru Jisos Kraist.

10Bot naw, E don bring all dis plan out wen awa Oga Jisos Kraist kom dis wold. E
distroi deat pawa kon bring life wey nor dey end tru di gospol.

11Na dis gospol mak God shuz mi as prisha, apostol and tisha.

12And naim mak mi dey sofa wetin I dey sofa so. Bot I nor dey shame, bikos I no di
Pesin wey I dey serv and I dey sure sey, E go gaid di tin wey I gi-am hol, ontil di day
wey Kraist go kom.

13Mak yu kontinu wit di wod wey I tel yu kon dey du-am wit di fate and luv wey dey
insaid Kraist.

14Mak yu gaid di gud tins wey God giv yu tru di Holi Spirit wey dey insaid us.

15Yu no sey evribodi for Asia, Figelus and Hermogenes aria, don run liv mi.

16Mak God show en mesi to Onesiforus famili, bikos e dey always mak mi hapi and e
nor dey shame sey I dey prizin.

17Wen e kom Rome, e faind mi for evriwer ontil e si mi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18For di day wen Kraist go kom, mak e show am en mesi! And yu no haw e help mi
wen I dey Efisos.

Sekon Timoti 2

1So yu, my pikin, mak yu dey strong for di grace wey Kraist dey giv.

2Di tins wey yu hear mi tok for pipol present, mak yu tish oda pipol wey yu trust sey
dem dey redi to tish odas.

3Mak yu dey redi to sofa as mi and odas dey sofa, so dat yu go bi gud soja for Kraist.

4Nor-tin konsan sojas wit tins wey ordinari pipol dey du; if not, e nor go du wetin en
oga wont.

5Bikos enibodi wey dey run race, nor go fit win unles e folo di rule wey dey di game.

6Farma wey wok wel-wel, naim sopoz get di first share for di havest.

7Mak yu tink abaut wetin I dey tok so and Kraist go help yu to undastand evritin.

8Rimemba Jisos Kraist wey kom from David famili; di pesin wey God raiz from deat;
bikos na so e bi for di mesage wey I dey prish

9and na dis Gud News mak mi dey sofa, so-tey, dem kon put mi for prizin laik tif; bot
dem nor fit put God wod for prizin!

10So I dey redi to bear di sofa, as long as e go save doz wey God don shuz insaid
Kraist, wit glori wey go dey foreva and eva.

11Dis wod na tru: If wi die wit am, wi go liv wit am tu.

12If wi bear wit am, den wi go reign wit am tu and if wi sey wi nor no am, en tu go
sey, e nor no us.

13Weda wi get fate for am or not, Kraist go stil bi hu e bi and e nor go shange.

14Mak yu rimaind evribodi abaut dis tins, den mak yu komand dem for God present
sey, mak dem nor dey argue abaut wods, bikos doz kaind tins nor dey gud and e fit
konfuz doz wey dey listin.

15Mak yu du evritin wey yu fit du, so dat God go si yu as beta pesin. Dey du yor wok
wel as pesin wey nor dey shame, bot dey redi to esplain God wod wey bi trut.

16Mak yu nor put mout for yeye tok, bikos pipol wey dey du doz tins, dey far from
God.

17Dia wod dey spread laik diziz and na dis tin hapun to Himenaeus and Filetus.

18Dem liv di trut kon dey sey resurreshon don hapun alredi and laik dis, dem don mak
som pipol fal from di fate.

19Bot God strong foundashon stil stand and dem rite put sey, "God no en pipol" and
"Evribodi wey bi Kraist own, must stop to du evil."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

20Wen yu go rish man haus, nor bi onli gold and silva tins dey der, bot tins wey dem yuz wud and clay tak mak stil dey der tu and som dey mak di haus fine and odas nor gud at-all.

21So if yu kip yorsef witout fault, yu go bi beta pesin wey Kraist fit yuz as e dey du en gud wok.

22Mak yu run from doz tins wey dey hungri young pipol to du, so dat yu go please God foreva. Den yu go fit luv and stay for peace wit odas wey dey serv God wit klin heart.

23I dey tel yu again sey, mak yu nor put mout for yeye wod, bikos yu no sey dis kaind tin dey kause kworel.

24Pesin wey bi Kraist savant nor dey kworel, insted e must dey gud wit evribodi, must sabi tish wel-wel and get patient wit stuborn pipol.

25E must dey gentol as e dey koret pipol wey dey opoz en prishin. May bi God go let dem turn from sin kom mit am, so dat dem go no di trut.

26Den dia sense go koret and dem nor go fal enta devol trap again. Bikos devol don kash dem put insaid en trap bifor and den dem dey du enitin wey e wont.

Sekon Timoti 3

1Mak yu undastand sey, for di last days bifor dis wold go end, tins go hard wel-wel.

2Pipol go dey tink of diasef alone; dey laik moni; dey boast; dey kari bodi up; dey tok bad abaut God; dey disobey dia papa and mama and dem nor dey tank ivun pipol wey du gud for dem.

3Dem nor get luv or forgivenes; dem go dey gossip odas and nor fit kontrol diasef. Dem go dey wiked and hate wetin gud.

4Dem go betray dia frends; dey du tins bifor dem tink; dey feel sey dem dey important and dem go luv enjoyment pas God.

5If yu luk dem wel-wel, dem bi laik God pipol, bot dem don rejet God pawa. So mak yu run from dis kaind pipol.

6Bikos na dis pipol dey hide enta pipol haus kon slip wit wimen wey nor get sense; wey dey sin wel-wel and wetin dey swit dis wimen to du, na-im dey kontrol dem.

7Doz kaind wimen dey trai to learn, bot dem nor dey fit no di trut.

8Jos as Jannes and Jambres opoz Mosis; na so tu, dis pipol wey dia maind blok and nor get fate, dey opoz di trut.

9Bot dem nor go du-am tey, bikos evribodi go si haw dem foolish rish, jos as e hapun to Jannes and Jambres.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

10Bot yu don no my tishins; di way I dey liv my life and why I dey du wetin I dey du:
my fate, patient, luv and as I dey bear.

11Yu no di wahala and sofa wey hapun to mi for Antiok, Ikonium and for Lystra. I
bear all dis wahala and Kraist save mi from dem.

12Tru-tru, enibodi wey won liv di kaind life wey God wont insaid Kraist, mak e no
sey e must sofa.

13Bot wiked and evil pipol nor go prospa. Dem go disiv odas and dem go disiv diasef
tu.

14Bot mak yu kontinu to du wetin yu learn. Yu no sey dis tins na tru and yu trust doz
wey tish yu.

15Dem don tish yu God wod since yu bi smol pikin and yu don get savashon to risiv di
wisdom wey dey kom tru Kraist, wey yu trust.

16Evri wod wey dey Bibol, kom from God and dem dey gud to tish us di trut and to no
di tins wey dey wrong for awa life. God wod dey koret us wen wi dey wrong and e
dey tish us to du gud tins,

17so dat as wi dey du God wok, wi go fit du-am wel and wi go get evritin wey wi nid
to tak du gud tins.

Sekon Timoti 4

1I dey tel yu wetin to du for God and Jisos Kraist present. Wen Kraist go apier to mak
en kindom stand, e go joj pipol wey dey alaif and doz wey don die.

2Mak yu dey prish God wod and dey redi, weda di taim dey okay or not. Mak yu yuz
patient tak koret and enkorage yor pipol wit beta tishin.

3Bikos taim dey kom wen pipol nor go won hear gud and beta tishin again. Insted,
dem go dey folo wetin dey hungri dem to du kon dey faind tisha wey go tish dem
wetin dem won hear.

4Dem go rejet di trut and luv lai-lai stori.

5Bot mak yu kontrol yorsef for evritin. Nor fear to sofa for Kraist. Dey du God wok
and dey tel odas abaut di Gud News.

6For mi, I don alredi yuz my life as ofrin for God wok, bikos di taim wey I go die, don
near.

7I don fite di gud fite for di fate wey I get; I don run di race finish; I don du wetin I
promis sey I go du.

8Naw, di prize for raitiousnes dey wait mi and na God wey dey joj rite go giv mi dis
prize for di day wen Kraist go kom. Di prize nor bi for mi alone, bot na for evribodi
wey dey wait for Kraist to kom bak.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9Mak yu trai yor best to kom si mi soon.

10Bikos Demas luv dis wold tins, e kon run liv mi go Tesalonika. Krescens don go Galatia and Titus go Dalmatia.

11Na onli Luke dey wit mi. Mak yu kari Mark folo bodi wen yu dey kom, bikos e go fit help mi for di ministri wok.

12I send Tikikus go Efisos.

13Wen yu dey kom, bring di klot wey I liv wit Karpus for Troas. Mak yu bring my books, especiali my papers.

14Alexander wey dey du iron wok, wiked mi wel-wel, bot Kraist go joj am for wetin e du.

15Mak yu dey kareful wit am, bikos e fite against evritin wey wi tok.

16Di first taim wen dem kari mi go kourt, evribodi abandon mi and all of dem run liv mi. Mak God nor joj dem bikos of wetin dem du!

17Bot God dey for my side and E giv mi pawa, so dat tru mi, Gentai pipol go hear di Gud News and Kraist don save mi from lion mout!

18And Kraist go stil save mi from evri evil plan ontil e tak mi enta en kindom. Mak glori bi en own foreva and eva. Amen!

19Mak yu help mi grit Priska, Akwila and Onesiforus famili.

20Erastus dey for Korint and bikos Trofimus wey nor wel, I kon liv am for Miletus.

21Mak yu trai kom bifor kold season go rish. Eubulus, Pudens, Linus, Klaudia and all di brodas and sistas dey grit yu.

22Mak Kraist dey wit yor spirit. Mak God grace and favor dey wit yu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Titos

Titos 1

[1]Na Pol, wey bi Jisos Kraist apostol and God savant rite dis leta to help pipol wey God don shuz, so dat dia fate go strong kon no di trut wey go help dem liv di kaind life wey God wont.

[2]Di trut dey giv dem di maind sey dem get life wey nor dey end and na God wey nor fit lai promis dem dis life ivun bifor E kreate di wold.

[3]As di taim don rish, E don giv us en mesage tru di wod wey wi dey prish giv evribodi and na God awa Savior giv mi pawa to du dis wok.

[4]I dey rite to Titus, my own pikin for fate. Mak grace and peace wey dey kom from God awa Papa and from awa Savior Jisos Kraist, dey wit yu.

[5]Titus! Na dis mesage mak mi liv yu for Krete, so dat yu go kontinu awa wok for der and pick new lidas for ish tawn, jos as I komand yu.

[6]Enibodi wey won bi elda must dey gud. E must get onli won wife and en shildren must bi bilivas, dey gentol and dey respet demsef.

[7]Mak pesin wey bi lida nor get fault, bikos na God wok e dey du. Mak e nor dey kari bodi up; dey kwik ves or drink enihaw; dey laik to beat pipol or luv moni.

[8]Insted mak e dey welkom stranjas for en haus; luv wetin dey gud and e must get sense; mak e nor dey put hand for bad tin; e must dey holi and fit kontrol ensef.

[9]E must biliv di mesage abaut God wey e dey tish, so dat e go fit tel pipol di trut and koret doz wey dey opoz am.

[10]Meni pipol nor won du wetin God tok, insted, dem dey tok enihaw, dey disiv pipol and folo Ju pipol law wey sey, evribodi must sekonsaiz.

[11]So wi must stop dem, bikos dem dey tish pipol tins wey go mak pipol komot from di trut and dem dey du laik dis, bikos of di moni wey dem go get.

[12]Ivun won of dia own profets sey, "Krete pipol dey always tok lai, dem bi wiked animas and lazi pipol wey get long-trot."

[13]Wetin di profet tok, na tru. So bikos of dis, mak yu stop dem, so dat di bilivas go strong for fate.

[14]Mak dem stop to listin to Ju pipol lai-lai stori and nor dey bihav laik doz wey nor biliv.

[15]Evritin dey pure to doz wey dia heart dey pure. Bot nor-tin dey pure to doz wey bad tins ful dia maind.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

16Dis kaind pipol dey sey dem no God, bot di way wey dem dey liv dia life, show sey dem nor no am, bikos dem get bad maind, dey disobey God and dem nor eva dey laik beta tin.~

Titos 2

1Bot for yu Titus, yu must tish pipol haw to bihav wel.

2Mak yu tish old men sey, mak dem nor dey bihav enihaw, so dat pipol go respet dem and mak dem dey kontrol demsef; get fate; dey show luv and dey patient.

3Mak yu tish old wimen sey, mak dem liv life wey go mak God hapi. Mak dem nor tok bad abaut pipol; nor dey drink enihaw, insted mak dem tish oda wimen wetin dey gud.

4So, mak di old wimen train and tish di young wons haw dem go tak luv dia husban and shildren;

5to dey knotrol diasef; get pure maind; dey du dia haus wok wel; dey kare for pipol; dey du as dia husban wont, so dat pipol nor go tok enihaw abaut God wod wey wi dey prish so.

6Mak yu tish young men to dey liv dia life wit beta sense

7and mak yu yorsef bi gud ezampol to dem. Mak evritin wey yu dey du, show sey wetin yu dey tish, na trut.

8Mak yu prish di trut, so dat pipol nor go get rizin to tok against yu. Den doz wey dey opoz yu, go shame and dem nor go get wod to tok abaut us.

9Una wey bi savant, mak una dey du evritin wey una oga wont and wen una oga tok to una, mak una nor dey ansa am enihaw.

10Mak una nor dey tif, insted mak una dey show sey una get fate, so dat evritin wey una dey du, go bring praiz to God awa Savior.

11Bikos God grace wey bring salvashon, don kom out mak evribodi si-am.

12Di grace dey tish us sey, mak wi nor liv laik pipol wey nor no God or dey bihav enihaw. So mak wi dey kontrol awasef; dey du gud and folo God for dis taim wey wi dey so,

13bikos wi dey wait for di day wen God sey Kraist, wey bi awa Almighti God and Savior, go kom.

14E die for us, so dat e go fri and klin us from wikednes kon turn us to en own pipol wey laik to du gud tins.

15Mak yu tish dem dis tins and koret dem wit boldnes. So, mak yu nor let enibodi trit yu laik smol pikin.

Titos 3

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

[1]Mak yu rimaind di bilivas sey, mak dem respet doz wey dey rule dem. Dem must obey and dey redi to du gud.

[2]Mak dem nor eva tok bad abaut enibodi, insted mak dem dey liv for peace, dey gentol and dey bihav wel to evribodi.

[3]Bifor naw, wi dey bihav laik fool; wi nor dey obey; wi dey disiv pipol; wi bi savant to tins wey dey swit us; wi dey du bad tins and dey jelos odas; pipol hate us and wi hate dem tu.

[4]Bot wen God awa Savior show us di kiandnes and luv wey E get for us,

[5]E kon save us. Nor bi bikos wi du gud, bot na bikos of en mesi. E forgiv awa sins and E mak us new shildren kon giv us new life tru di Holi Spirit.

[6]God giv us dis Spirit for fri tru Jisos Kraist wey bi awa Savior.

[7]Since Kraist grace don mak us klin for God eye, wi don bi pipol wey dey wait for di life wey nor go end and wi dey sure sey, wi go get am.

[8]Dis wod wey I dey tok so na trut and I wont mak yu mak sure sey evribodi wey trust God dey du gud. Dis tishin dey gud and e go help evribodi.

[9]Nor put mout for wod wey nor mak sense: laik mata wey konsan hu born hu and kworel or fite abaut Ju pipol law. All dis tin dey yuzles and dem nor min enitin.

[10]If enibodi dey won kause kworel for di shosh and yu don warn am rish tu taims and e nor gri shange, den mak yu driv am.

[11]Bikos dat kaind pesin don turn from di trut and en own sin go kondem am.

[12]If I send Artemas or Tikikus kom mit yu, mak yu trai kom mit mi for Nikopolis, bikos I don diside sey, na der I go stay ontil kold season go end.

[13]Mak yu du evritin wey yu fit du to help Zenas, wey bi lawya and Apollos for dia joni and mak sure sey dem get evritin wey dem nid.

[14]Laik dis tu, awa pipol go learn haw to du gud and help pipol wey rili nid help. And as dem dey du laik dis, dem nor go liv yuzles life.

[15]Evribodi wey dey wit mi dey grit yu! Mak yu grit all di pipol wey luv us. Mak God grace dey wit all of una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Filimon

Filimon 1

1Na Pol, wey bi prizina bikos of Jisos Kraist and awa broda Timoti rite dis leta to Filemon, awa dear broda and co-woka.

2And to Afia awa sista, Arkippus awa felow soja and di shosh wey dey mit for en haus.

3Mak God and awa Oga Jisos Kraist giv una grace and peace.

4Evritaim wey I rimemba yu for my prayas, I dey tank my God,

5bikos I don hear abaut di fate and luv wey yu get for awa Oga Jisos Kraist and all God pipol,

6so I dey pray sey di fate wey yu get go mak yu undastand all di blessins wey bi yor own insaid Kraist.

7I get joy and my heart dey strong bikos of yor luv and tru yu, all God pipol heart don strong tu.

8Since I get strong biliv for Kraist sey, I fit tel yu mak yu du wetin dey rite,

9mi, Pol, wey bi old man and prizina bikos of Kraist, won advise yu wit luv.

10I beg, mak yu dey kaind to Onesimus, wey bi my pikin for God wok and e dey prizin wit mi.

11Bifor, e nor dey yuzful to yu, bot naw, e dey yuzful to mi and yu.

12I dey send am kom bak kom mit yu (ivun-doh I luv am wel-wel).

13If to sey yu dey here, I for wont mak e help mi as I stil dey prizin bikos of di gospol wok.

14Bot I nor won du enitin wey yu nor go laik, so dat di gud wey yu du, nor go bi by fos, bot e go kom from yor maind.

15May bi na bikos of dis mak am nor dey wit yu since, bot naw, e go dey wit yu foreva.

16Nor bi as slave, bot as broda wey wi luv, bikos e don big pas slave. E don bikom awa broda naw, bikos God don shange am.

17So, if yu si mi as yor broda and patina, mak yu asept am as yu go tak asept mi.

18If e tif or hol yu enitin bifor, mak yu tel mi and I go pay.

19Na mi Pol tak my hand rite dis leta sey, I go pay bak, bot I fit stil sey, yu yorsef dey hol mi.

20So my broda, mak yu du dis tin for mi bikos of Kraist, so dat bele go swit mi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

21 I dey sure sey yu go du wetin I ask yu, so I dey rite giv yu, bikos I no sey yu go du
pas wetin I ask.

22 So, mak yu priper wer I go stay, bikos I no sey yor prayas go mak dem fri mi kom
mit yu soon.

23 Epafras, wey dey prizin wit mi, bikos of Jisos Kraist, dey grit yu.

24 Mark, Aristakus, Demas and Luke, wey bi my co-wokas, dey grit yu tu.

25 Mak awa Oga Jisos Kraist grace dey wit yor spirit.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Hibru

Hibru 1

1Bifor-bifor, God tok to awa gran-gran papa dem for meni ways, tru di profets,

2bot naw, E dey tok to us tru en pikin wey get evritin and na tru am, E kreate di wold.

3Na dis pikin bi God image and e dey show God glori. Naim dey kip evritin wey dey dis wold wit en pawa. Afta e don die mak God for forgiv evribodi dia sins, e kon go sidan for God rite side for hevun.

4E big pas di angels, jos as di name wey God gi-am big pas angels own tu.

5Na wish angel God tel sey, "Yu bi my pikin, today I don bikom yor Papa"? Or as E tok for anoda place sey, "I go bi yor Papa and yu go bi my pikin?”

6Bot wen God won send en first born enta dis wold, E sey: "Mak all my angels woship am.”

7God tok abaut di angels sey, "I mak my angels and my savants spirit to dey burn laik fire,”

8bot konsanin en pikin, E sey, "Yu bi God! Yor kindom go dey foreva and eva and yu go rule yor pipol wit autoriti.

9"Yu luv to du gud and yu hate wikednes. So God, wey bi yor God don anoint yu wit oil wey dey bring joy and E mak yu dey above yor mates.”

10E stil tel di pikin sey, "For di biginin, na God kreate di eart and na wit en hand E tak mak di hevuns.

11"Dem go skata, bot God go dey foreva. All of dem go grow kon old laik klot

12and laik klot and koat, God go fold and shange dem, bot God nor dey shange and en life nor go eva end.”

13Na wish angel God tel, "Sidan for my rite hand ontil I go put all yor enemis unda yor leg"?

14All di angels na savants and na dem God send go prish for pipol wey go get salvashon.

Hibru 2

1Mak wi listin to wetin wi don hear, so dat wi nor go fal komot from di rite road.

2Bikos di mesage wey God tok tru en angels, na trut and enibodi wey disobey di law, God go ponish am.

3Wetin mak us sey wi go dey fri if wi nor listin to dis koret salvashon mesage? Na God first tok am and pipol wey hear am kon show us sey na trut.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4God yuz signs, mirakols and wetin di Holi Spirit du, tak show sey, dia wods na tru.

5God nor sey mak en angels kontrol di wold wey dey kom and wey wi dey tok abaut so.

6Insted, David tok for God wod sey: "Wetin humanbin bi wey mak Yu dey kare for am and hu bi yor pikin wey Yu dey kare for laik dis?

7"Aldoh Yu mak angels high pas am smol. Bot Yu kon gi-am onor and glori.

8"Yu don put evritin unda am sey mak e kontrol dem. Wen God sey na evritin E put unda am, E min sey na evritin and nor-tin rimain." And naw, wi neva si all dis tins dey hapun,

9bot wi si Jisos wey angels big pas smol, bot e nor tu tey bifor God gi-am glori and onor, bikos e sofa and die for evribodi, jos as God plan am.

10Dis na tru, bikos na from am and tru am evritin tak kom dis life, so dat salvashon go dey koret tru en sofa and e go kari meni pipol enta en glori.

11Tru-tru, Jisos mak pipol dey holi, so en and di pipol wey e mak holi, na God kreate dem. Na dis mak am nor dey shame to kol dem en brodas and sistas.

12Jisos tel God sey, "I go anounce yor name among pipol wey biliv and I go praiz Yu for dia present.

13Kraist stil sey, "I go trust my God; both mi and di shildren wey E giv mi."

14So as di shildren get flesh and blood, en tu get flesh and blood laik dem, so dat tru deat, e go fit distroi Satan wey get pawa to kil

15and e go fri pipol wey deat don hol.

16Jisos dey konsan abaut Abraham shildren and nor bi onli di angels.

17So God mak Kraist laik us wey bi en brodas and sistas. Laik dis, Kraist go sori for us kon bi awa gud High Prist. And bikos Kraist dey konsan abaut God mata, e sakrifais ensef to rimov awa sins.

18Bikos Jisos sofa and devol tempt am, e don get pawa to save pipol wey devol dey tempt.

Hibru 3

1My brodas and sistas wey God shuz, mak una tink abaut dis Jisos wey God send kom and na-im bi di High Prist wey wi biliv.

2E obey God wey shuz am as High Prist, jos as Mosis obey God.

3Jos as dem dey praiz pesin wey build fine haus, pas di haus wey e build, na so tu Jisos glori beta pas Mosis own wel-wel!

4Na pesin build evri haus, bot di pesin wey build evritin, na God.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5Tru-tru, Mosis rili obey God as savant and e tok abaut somtins wey God go tok abaut leta.

6Bot as God Pikin, Jisos dey fateful for God haus. So wi tu go get share for di haus, if wi biliv and get kofident for awa hope wey dey insaid Kraist.

7As di Holi Spirit tok, "If una hear God vois today, mak una listin to am!

8"Mak una nor get strong heart for am, bikos na so Izrel pipol du wen God test dem for widanes.

9"Na for di widanes una papa for test and trai mi for forti years, ivun doh dem si di mirakols wey I du.

10"I ves wel-wel for dat generashon, so I kon tel dem, 'Una heart nor dey wit mi and una nor gri obey wetin I tok.

11'So, una nor go eva get res.'"

12Mak una mak sure sey non of una get bad maind wey go mak una nor biliv, so dat una nor go turn against God wey nor dey die.

13Bot mak una dey enkorage won anoda evriday, so dat non of una go get bad maind, bikos of sin.

14Bikos wi go bi Jisos Kraist frend, if wi hol awa fate strong go rish end.

15Bot as dem rite am, "I wish sey una go du wetin e tok, so dat una nor go get strong heart laik Izrel pipol wen dem dey widanes."

16Na hu bi di pipol wey nor listin to God, ivun doh dem hear en vois? Nor bi pipol wey Mosis lid kom out from Egypt?

17Na hu mak God ves wel-wel for forti years? Nor bi doz sinas wey dia deat bodi skata for widanes?

18Na hu God swear for sey, dem nor go eva get res of maind, nor bi doz wey disobey am?

19So for dat taim, doz pipol nor enta di land wey God promis dem, bikos dem nor biliv am.

Hibru 4

1Ivun doh God promis us res, e gud mak wi dey kareful, so dat som of us nor go miss di promis.

2Bikos dem prish God wod giv us, jos as dem prish am giv dem tu. Bot dem nor tak am serious, bikos wen dem hear am, dem nor gri biliv am.

3Na onli wi wey biliv go fit enta di place wer God res dey, bikos God sey, "I ves kon swear for dem, so 'Dem nor go eva enta my place wer res dey!'"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4Wi no sey God redi and dey wait, bikos Bibol sey, "Afta God don kreate evritin finish, E kon res for di sevunt day."

5E stil sey, "Dem nor go eva enta my place wer res dey!"

6God promis sey wi go enta di place wer en res dey, yet doz wey first hear di mesage, nor enta, bikos dem disobey am.

7Bot God don plan anoda taim wen wi go enta en res and dat taim, "Na today", bikos E don tok am for en wod bifor tru David.

8Bikos if to sey Joshua giv dem res of maind, God for nor tok abaut anoda day.

9So, di ril "Sabat Day" res, stil dey kom for God pipol.

10Bikos pesin wey enta God res, don res from all en wok, jos as God res from en own wok tu.

11So mak wi trai wel-wel, so dat wi go enta dat place wer res dey and non of us go fal laik di odas wey nor obey.

12God wod dey alaif, e get pawa and e sharp pas knife wey get tu mout. Di wod dey divide pesin soul from en spirit and e dey divide bone from bone; bikos God no wetin wi dey tink for awa maind.

13Nor-tin wey God kreate fit hide from am and evritin dey naked to God, bikos wi go must tel am haw wi liv awa life.

14Jisos wey bi God Pikin, na-im bi awa High Prist wey don go hevun. Mak wi hol am tait and always dey biliv am.

15Dis awa High Prist undastand us wen wi dey wik, bikos all dis temtashon wey wi dey face so, e face dem tu, bot e nor sin.

16Mak wi nor fear to enta wer God throne dey: di place wer grace dey, so dat wi go get mesi and God grace go help us wen wi nid help.

Hibru 5

1Na God dey shuz High Prist wey go represent pipol for en present. Di prist dey offa both gift and sakrifais for dia sins.

2Di High Prist fit sori for doz wey sin, bikos dem nor no wetin dem sopoz no, since en ensef dey sin tu.

3Bikos of dis, e dey offa sakrifais for en sin and di pipol own.

4Nobodi dey fit bi High Prist wit en pawa bikos e wont mak pipol onor am, bot na onli doz wey God kol to bi prist, jos as E kol Aaron.

5Kraist nor praiz ensef wen e bikom High Prist, bot na God praiz am wen E sey, "Yu bi my Pikin! Today, I don bikom yor Papa."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

6God stil sey, "Yu bi prist foreva as Melkizedek bi."

7Wen Jisos stil dey dis eart, e pray and krai to God wey go save am from deat. God hear en prayas, bikos e obey God for evritin.

8Ivun doh e bi God Pikin, na tru all di tins wey e sofa, e tak learn haw to obey.

9Wen God don mak Kraist pafet finish, e kon save evribodi wey obey am.

10God mak Kraist to bi High Prist laik Melkizedek.

11Wi get meni tins to tok, bot dem nor eazi to esplain, bikos una nor dey gri obey.

12E don tey wen una bi Kristen, so by naw, una sopoz to dey tish odas. Insted, una stil wont mak pesin kom tish una di first tin wey dey God wod. Una stil dey drink milk, insted of una to dey chop solid fud.

13Enibodi wey stil dey drink milk, bi laik smol pikin wey nor no gud from bad.

14Bot solid fud na for mature pipol and dem get beta sense to no wetin dey gud and bad.

Hibru 6

1E don rish wen wi go stop to learn onli di first tins wey Kraist tel us, so mak wi dey grow kon no Kraist more-more. Wi nor nid to stil dey tish una abaut tins wey dey kause deat; why wi must biliv God;

2wetin baptism min; to put hand for pipol head; to wak pipol from deat and abaut God final jojment.

3As God dey help us, na new-new tins wi go dey tish una abaut di fate.

4Wen pesin don first no di trut; taste God gift from hevun; no di Holi Spirit;

5don taste God gud wok and di beta wey dey kom,

6den e kon start to sin, dat pesin nor go fit turn from sin kom mit God, since e don kil God Pikin for di sekond taim and disgrace am for publik.

7Wen rain don sock groun and e bear beta fruts for di farma, dat min sey God don bless di man.

8Bot if na so-so shuku-shuku and grass di groun dey bear, dat min sey e dey yuzles. So God go kos and distroi am wit fire.

9Bot as for una wey bi my frends, ivun doh wi dey tok to una laik dis, wi no sey dis tins nor go hapun to una, bikos una don undastand God salvashon.

10God nor dey sopot pipol enihaw. E go rimemba haw una help en pipol bifor-bifor and haw una stil dey help dem naw. Una bi God pipol and E nor go forget di luv wey una show en shildren.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11As una stil dey dis wold, wi wont mak una kontinu to luv won anoda, so dat wetin
una dey hope for, go kom.

12So mak eni of una nor taya, bot mak una dey patient and biliv, so dat una go gain
God promis.

13Nobodi big pas God, bikos God swear wit en name wen E promis Abraham sey,

14"Na mi bi Oga, I go bless yu wel-wel and yor shildren go plenti."

15Bikos Abraham get patient, God kon gi-am wetin E promis am.

16Wen pipol won setol mata, dem dey swear wit pesin wey big pas dem and di
agriment wey dem mak, dey end di mata.

17So wen God won show en pipol sey E nor go break en promis, E kon swear wit
ensef.

18God nor dey lai! So di promis wey E mak and ensef wey E tak swear, na tu tins wey
nor go shange. Since wi don run go mit God mak E gaid us, e gud mak awa maind
strong, so dat wi nor go fear as wi biliv en promis.

19Dis hope strong for awa heart laik ship wey dem tie mak e nor for move, bikos di
hope wey wi get dey kam-kpe and strong gidigba. Di promis go tak us pas di kurtain
for hevun, ontil wi rish wer God dey;

20di place wer Jisos don enta for us and don bikom High Prist foreva, jos as
Melkizedek bi.

Hibru 7

1Melkizedek wey bi "Salem king" and "God prist", na-im bless Abraham, afta
Abraham don win di kings for war.

2So Abraham kon gi-am won from evri ten tin wey e bring kom bak from war.
Melkizedek min, "King wey dey du wetin dey rite" and Salem min, "Peace."

3E nor get papa or mama, e nor get stori at-all, en days nor get wer e for start or wer e
go end, bot e bi laik Man Pikin and e bi prist foreva.

4Bot si haw e big rish, bikos Abraham (awa gran papa wey evribodi no) gi-am won
out of evri ten tins wey e bring from war.

5Levi shildren wey bi prists, get pawa akordin to di law, to kolet won out of evri ten
tins from dia own pipol, ivun doh di pipol demsef, na Abraham shildren tu.

6Bot Melkizedek wey nor ivun relate to Levi pipol, stil kolet won out of evri ten tins
from Abraham, den e kon bless Abraham wey God don promis.

7Tru-tru, wi no sey pesin wey bless pesin, na-im big pas di pesin wey e bless.

8Evri prists dey kolet won out of evri ten tins wey pipol bring, bot dem nor dey stay
for di wold foreva, exept Melkizedek, bikos God wod tish us sey, e dey alaif.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9Levi shildren dey kolet won out of evri ten tins from pipol, bot naw, wi go fit sey, wen Abraham giv won out of evri ten to Melkizedek, Levi pay tu,

10bikos dat taim wen Abraham giv won out of evri ten tins wey e bring from war to Melkizedek, dem neva born Levi, bot Levi dey insaid am.

11Ivun doh Mosis law sey prist must kom from Levi famili, dat kaind prist nor fit mak pesin dey pafet. So anoda prist laik Melkizedek must kom and e nor bi laik prist wey kom from Aaron famili.

12Since dem don shange di rule to selet prist, di law must shange tu.

13Di pesin wey wi dey tok abaut, na awa Oga wey kom from di tribe wer nobodi don eva serv as prist for alta bifor.

14Evribodi no sey na from Juda tribe, Jisos from kom and Mosis law nor sey mak prist kom from dat tribe.

15Dis mata klear wel-wel afta God selet anoda prist laik Melkizedek.

16E nor selet dat pesin bikos of en gran-gran papa dem, bot na bikos en life nor go eva end.

17God wod sey: "Yu bi prist foreva, jos as Melkizedek bi."

18Bikos of dis, God put di old law for kona, since e dey wik and yuzles,

19bikos di law nor fit mak enitin dey pafet. Bot naw, wi get beta hope wey go draw us near God.

20God ensef mak promis wen E shuz dis prist, wey bi Jisos. E nor mak dis kaind promis wen E shuz di oda prists,

21bot Jisos kon bi prist wen God sey, "I don swear and I nor go shange my maind sey yu go bi prist foreva."

22Bikos God swear laik dis, Jisos don mak us dey sure of di new kovenant wey beta pas.

23Meni prists don dey bifor and all of dem die,

24bot Jisos nor go eva die. So, e go bi prist foreva.

25So, di pipol wey Jisos tak go mit God, e go save dem for foreva and eva, bikos e dey alaif to pray for dem.

26Na Jisos bi di High Prist wey wi nid. E nor dey du bad tin; e dey holi; nor dey mak mistak and e nor bi laik wi, wey bi sinas. God praiz am pas evritin wey dey hevun

27and e beta pas eni oda high prists. Jisos nor nid to offa sakrifais evriday, laik di oda prists wey dey offa for dia own sins and for di pipol own. Bikos na wons and for all e sakrifais ensef for evribodi, wen e die for di kros.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

28Mosis law shuz humanbin wey get wiknes as High Prist, bot God promis wey kom
afta di law, shuz di pikin and na-im bi di koret Prist foreva.

Hibru 8

1Wetin I min bi sey: Wi get High Prist wey sidan for God rite hand side for hevun.

2Na-im bi di prist wey dey di Holi Tempol wey God build and na der dem for dey
woship am.

3Since all High Prist must offa gifts and sakrifais to God, Kraist tu must offa somtin.

4If to sey e dey dis wold, e nor for bi prist at-all, since na tru Mosis law dem tak dey
shuz prist wey go offa sakrifais.

5Di prist wok for di Tempol bi laik wetin dey hapun for hevun. Bikos wen Mosis dey
won build God haus, God tel am: "Mak sure sey evritin bi laik di design wey I show
yu on-top di mountin."

6Bot Kraist ministri big and beta pas dia own and na di new kovenant (wey bi di new
agriment) beta pas. Bikos na tru God promis dis kovenant tak kom, so Kraist don bi di
middo-man bitwin wi and God.

7If to sey di first kovenant gud wel-wel, den wi nor for nid anoda won.

8Bot God si fault for insaid, so E kon sey, "Di day wey I go mak new agriment wit
Izrel and Juda haus, dey kom.

9"E nor go bi laik di kovenant wey I mak wit dia gran-gran papa dem wen I tak dem
komot from Egypt, bikos dem break dat kovenant and I kon turn against dem."

10Bot naw, "Dis na my new kovenant (wey bi di new agriment): Di taim dey kom wen
I go put my laws for dia mout and rite am for dia heart. I go bi dia God and dem go bi
my pipol.

11"Dem nor nid to tish won anoda abaut mi wey bi dia God, bikos all of dem, both
smol and big, go no mi.

12"I go forgiv dem for all di wiked tins wey dem don du and I nor go rimemba dia sins
again."

13Wen God tok abaut di new kovenant, E min sey di first won nor mata again. And
enitin wey don old and nor get yuz again, go soon disapier.

Hibru 9

1Di first kovenant show how pipol go woship God for dis wold.

2Di tent get tu rooms. Di first won wer lantan-stand dey, "Na di Holi Place." Won
tabol and di bread wey dem offa giv God, dey der tu.

3Anoda room wey dem rite, "Holi of Holis", dey for di kurtain bak.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4Di gold alta wer dem dey burn insent and di kovenant box wey dem kova wit gold, dey der tu. Di gold jug wey dem put manna, Aaron rod wey grow leaf and di flat stone wey dem rite di law put, dey insaid dis box.

5God angels wey kova di place wer God dey show mesi and forgiv sins, dey on-top dis box. Bot dis nor bi di taim for mi to esplain all dis tins giv una.

6Wen all dis tins don redi, di prists dey enta di first room evriday go du dia wok.

7Bot na onli di High Prist dey enta di Holi Place wons a year. For der, e go first offa blood for en sins, bifor e go offa for di pipol own, bikos dem nor no wetin dem sopoz to no.

8Di Holi Spirit kon esplain sey, "Di way to rish di Holi Place neva opun as long as di old tent stil dey."

9Dis na sign mak wi for fit undastand sey: Di gifts and sakrifais wey di prists dey offa for God pipol, nor fit mak dia maind klin.

10To chop, drink and to du seremoni tak klin pesin bodi, na-im konsan dem. All dis won na rule for dis wold, ontil di taim wen God go bring di new law.

11So Kraist don bi High Prist for di gud tins wey don kom. E don enta di Holi Place for hevun wey dey pafet. Nor bi humanbin mak di place and e nor dey among tins wey God kreate for dis wold.

12Na wons Jisos enta di place wey holi pas. E nor enta wit goat or ram blood, bot na wit en own blood, so e don save us foreva and eva.

13If goat or ram blood and ashes fit klin pesin akordin to di old tradishon,

14wot of Kraist blood wey klin us from deat so dat wi go fit woship God? Dis na di Kraist wey offa ensef to God as di rite sakrifais for awa sins and e du-am wit di Holi Spirit pawa.

15Na dis mak am bi middo-man for di new kovenant, so dat pipol wey e kol go fit risiv di inheritance wey go dey foreva. E promis us dis inheritance, wen e die to fri us from di bad-bad tins wey wi don du, wen di first kovenant stil dey.

16Dis kaind agriment bi laik pesin wil. Di pesin must die first, bifor dem go fit yuz di wil.

17Bikos pesin wil nor dey min enitin wen e stil dey alaif; e onli dey yuzful wen di pesin don die.

18Na dis mak di first kovenant nor get pawa to save pipol, unles dem sakrifais blood.

19Wen Mosis read all di komands giv Izrel pipol, e tak goat and ram blood wit wota and soap, kon sprinkle di blood on-top di law book and all di pipol bodi, den e kon sey,

20"Na dis bi di blood for di kovenant wey God komand sey una must obey."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

21Mosis stil sprinkle di blood for di tent and all di plate wey dem dey yuz tak woship
God.

22Tru-tru, akordin to di law, na almost evritin blood dey mak klin and if dem neva
pour blood, God nor go forgiv dem dia sins.

23Na dis mak dem dey klin di holi place for dis eart wit anima blood, bikos e bi laik di
won for hevun. Bot di tins wey dey for hevun, nid sakrifais wey beta pas dat won.

24Kraist nor enta di holi place wey humanbin build laik di origina tent for hevun, bot
na hevun e enta and naw, e stand for God front for awa sake.

25Kraist nor nid to offa ensef evri year laik di high prists dey du for di Tempol wit
anima blood,

26bikos if na so, Kraist for dey kom die for us evri year since di taim wey God kreate
di wold. Bot nor bi so! E die wons and for all, so dat awa sins go-go foreva.

27Bikos God tok sey, na onli wons man go die and afta dat, jojment go kom,

28na so tu Kraist die wons, as sakrifais to forgiv pipol foreva and naw, e go bring
salvashon to doz wey dey wait for am.

Hibru 10

1Mosis law bi laik shadow wey dey show gud tins wey dey kom. Di shadow nor bi di
tins, bikos di sikrifais wey dem dey offa evri year nor fit forgiv pipol dia sins.

2If pipol wey dey woship God don fri from dia sins, dem nor for dey offa sakrifais
again.

3Doz sakrifais dey rimaind pipol of dia sins evri year,

4since bull and goat blood nor fit rili klin pesin from all en sins.

5So wen Kraist won kom dis wold, e tel God, "Nor bi sakrifais and ofrin Yu wont,
bikos Yu don priper my bodi as ofrin,

6since Yu nor laik anima blood as ofrin for sins again.

7"Den I sey, 'Na mi bi dis, God na wetin Yu wont I kom du, jos as yor wod tok abaut
mi for Mosis law.'"

8Kraist first sey, "Yu nor wont anima or sin ofrin, (ivun wen dem dey offa am akordin
to di law)".

9Den e tok again sey, "Na mi bi dis, God na wetin Yu wont I kom du." So God rimov
di first sakrifais, so dat E go fit bring di new won, wey bi Kraist.

10Bikos Jisos du wetin God wont, all of us don dey holi tru di sakrifais wey e yuz en
bodi mak for us.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11Bifor-bifor, di prist dey serv evriday and dey offa di same sakrifais wey nor fit rimov sin.

12Bot naw, Kraist offa onli won sakrifais for sin wons and for all, den e kon go sidan for God rite hand,

13wer e dey wait ontil God go put en enemis unda en leg.

14Na wit won sakrifais e tak klin pipol from dia sins and dem don dey klin foreva.

15Di Holi Spirit dey bear witnes abaut dis tins sey,

16"Dis na di kovenant wey I go mak wit una and afta dat taim,

17e kon sey, 'I nor go rimemba dia sins and stubornes again.'"

18Wen God don forgiv sins, e get eni nid to offa sakrifais again?

19So my brodas and sistas, wi biliv sey wi go enta God Holi Tempol tru Jisos Kraist blood,

20bikos e giv us dis new life and e go tak us pas di kurtain wey bi en bodi.

21And wi get won High Prist wey dey kare for God Tempol.

22So mak wi draw near God wit beta heart and strong fate, bikos God don wosh awa heart and bodi wit klin wota.

23So mak wi hol di hope wey wi get strong wel-wel, bikos God wey promis us dey always kip en promis.

24Mak wi always dey tink of haw wi go enkorage, luv and du gud for won anoda.

25Mak wi nor stop to dey mit and feloship togeda, as som pipol dey du, bot mak wi enkorage won anoda more-more, since wi no sey, "Di Day wen Kraist go kom," don near.

26If wi kontinu to sin afta God don show us di trut, e nor get eni oda sakrifais wey go fit forgiv us awa sins again.

27Bot wetin wi go dey fear for na di Jojment Day wey dey kom and hell fire wey go distroi doz wey bi God enemis.

28Wen tu or tiri pipol bi witnes sey sombodi rejet Mosis law, dem go kil-am witout sey dem sori for am.

29If pipol wey nor dey obey Man Pikin; dey tak di kovenant blood mak yeye and dey kos di Spirit wey bring grace, na haw dia own ponishment go big rish?

30Bikos God sey, "I go revenge, I go pay dem bak" and en wod stil sey, "God go joj en pipol."

31Na big wahala if pesin fal enta God ponishment!

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

32Bot mak una rimemba haw tins bi wit una bifor, haw una dey sofa afta una don risiv God lite, yet una nor alow di sofa shange una maind.

33Dat taim, som pipol kos and sofa una and for oda taims, una dey help odas wey dey sofa laik una tu.

34Tru-tru, una sofa laik oda prizinas and una dey hapi wen dem sieze all una propati, bikos una no sey una get beta tin wey go last foreva.

35So mak una always dey strong, bikos una go get beta riwod.

36Una nid to dey patient, so dat una go fit du wetin God wont and den, una go risiv en promis.

37Bikos God wod sey: "E nor go tey again bifor di Pesin wey dey plan to kom, go kom.

38"My raitious pipol go liv and biliv, bot if enibodi turn bak, I nor go dey hapi wit am."

39Wi nor dey among pipol wey go turn bak kon perish, bot wi get fate wey go save us foreva.

Hibru 11

1Fate na wen wi dey sure sey wetin wi dey hope for go hapun and wi sure sey, di tins wey wi neva si, go kom.

2Na fate awa gran-gran papa dem tak du tins wey mak God praiz dem.

3Na tru fate wi tak undastand sey, God kreate evritin wit en wod. So di tins wey wi dey si so, na God mak dem from wetin dem nor dey si.

4Na fate mak Abel giv God sakrifais wey beta pas Kain own and na tru dis fate Abel tak no sey God asept en ofrin, bikos God rili asept am. Ivun doh Abel don die, en blood stil dey tok for am, bikos of en fate.

5Na fate nor let Enok die, bot God kari am tak and nobodi si-am. God wod sey, bifor God kari am, Enok don mak bele swit God.

6Nobodi fit mak bele swit God witout fate, bikos enibodi wey dey kom mit am, must biliv sey, E dey alaif and E dey riwod pipol wey dey faind am si.

7Na fate mak Noah build ark afta God warn am abaut wetin go hapun. E obey wetin God tok and na di ark save en and en famili. Na di same fate Noah tak kondem di wold, kon inherit di raitiousnes wey dey kom.

8Na fate mak Abraham obey, wen God kol am mak e liv en haus, travol go anoda land wey God promis am, ivun doh e nor no wer e dey go.

9Na fate mak am stay as stranja for di land wey God promis am. Na insaid canopi en, Izik and Jacob wey go inherit di same promis, stay.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

10Abraham du laik dis, bikos e dey wait for di tawn wey God ensef go build, wit strong foundashon.

11Na fate mak Abraham born, ivun doh Sarah don tu old to get bele and Abraham don old tu, bot e no sey di Pesin wey promis am pikin, na Pesin wey e fit trust.

12So from dis won man wey en bodi don die finish, shildren wey plenti rish stars for skai and sand for wotasaid kon ful evriwer.

13All of dem fate stil strong wen dem die and dem nor get di tins wey God promis dem, bot dem si and welkom di tins from far and dem gri sey, dem diasef na strenja for dis wold.

14Pipol wey tok laik dis, show evribodi sey dem dey espet dia own kontri.

15Infact, if to-sey dem dey tink of di kontri wer dem from kom, dem for get maind to go bak.

16Bot as tins bi so, dem dey espet kontri wey beta pas dia own and e dey kom from hevun. Naim mak God nor shame wen dem dey kol am dia God, bikos E don build big tawn for dem.

17Na fate mak Abraham offa Izik wen God dey test am. Ivun doh na God gi-am di pikin, e stil redi to giv di onli pikin wey e get, bak to God.

18God tel am bifor sey, "Tru Izik, yor famili go meni wel-wel."

19Dis na bikos Abraham biliv sey, ivun if Izik die, God go raiz-am from deat and tru-tru Abraham rili kolet Izik bak from deat.

20Na fate mak Izik bless Jacob and Esau abaut dia future.

21Bifor Jacob die, na fate e tak bless Josef shildren and woship God as e res on-top en wokin stick.

22Wen Josef life don dey end, na fate e tak tok abaut di long travol wey Izrel pipol go-go and e tel dem wetin dem go du wit en bones.

23Na fate mak Mosis papa and mama hide am wen dem born am, bikos dem si sey di pikin fine and dem nor fear to disobey wetin di king komand.

24Wen Mosis kon grow up, na fate mak am nor gri mak dem kol am Fero dota pikin.

25Insted of am to enjoy tins wey go mak am sin, e kon shuz to sofa wit God shildren.

26E feel sey e beta mak dem laff am, bikos of di Mezaya wey dey kom, insted of mak e dey enjoy di fain-fain tins for Egypt. E du laik dis, bikos e put en eye for God riwod.

27Na di same fate mak Mosis komot from Egypt and e nor fear di king vesnashon, bikos e get hope for God wey ordinari eye nor fit si.

28Na fate mak Mosis du di Passova and pour blood for pipol door-mot, so dat God angel wey dey kil all di first born for Egypt, nor go tosh dem.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

29Na fate mak Izrel pipol kros di Red Sea laik sey na dry land, bot wen Egypt pipol
trai am, di wota swalow all of dem.

30Na fate mak Jeriko wall fal afta Izrel pipol don mash roun am for sevun days.

31Na fate mak Rahab, wey bi ashawo, eskape wen God distroi pipol wey nor obey am,
bikos e welkom di pipol wey kom spy.

32Wetin I go tok again? I nor get taim to tok abaut Gideon, Barak, Samson and di
profets,

33na fate dem tak win kindoms; du wetin gud for God eye; kon get di tins wey God
promis dem; klose lion mout;

34kwensh fire wey dey burn wel-wel and eskape wen dem won kil dem wit sword.
God turn dia wiknes to pawa. Dem strong wel-wel for war front and sojas from oda
kontris, dey run from dem.

35Som wimen wey dia pipol don die, na fate mak dem risiv dem bak, alaif. Som pipol
rejet fridom kon die for sofa, so dat dem go fit wak-up from deat and enta life wey
beta pas dis won.

36Pipol laff som; flog som; chain som and put odas for prizin.

37Dem stone som; yuz saw kut som into tu; tak sword kil som; som dey hide waka
insaid goat and ship skin wey dem wear and dem nor get enitin; dem sofa som and trit
odas enihaw.

38(Dis wold nor gud rish for dem); dem jos dey waka abaut for desert, on-top
mountins, insaid rock and holes.

39God praiz all of dem for dia fate, yet dem nor stil get wetin God promis.

40Bikos God plan sey, witout us, dem nor go fit get di tins wey E promis dem.

Hibru 12

1Since wi get meni witnes wey soroun us, e gud mak wi drop evri load and sin wey
dey mak us fal, so dat wi go yuz awa maind liv di life wey God wont.

2Mak wi dey luk Jisos Kraist wey giv us awa fate and e go help us kip am. Bikos of di
joy wey Jisos dey espet, e sofa for kros and nor maind di shame wey folo am. Bot
naw, e don sidan for di rite hand side for God throne.

3If una dey tink of haw Jisos sofa for wiked pipol hand and haw dem hate am, una
maind go strong for fate.

4As una dey strogol mak una nor for sin, una strogol neva rish to kil una, as Kraist die.

5Abi una don forget di advise wey God tel una as en shildren? "My pikin, mak yu
listin wel-wel wen God dey koret yu and nor ves wen God ponish yu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

6"Bikos na di pesin wey God luv, na-im E dey koret and E dey ponish all di shildren wey bi en own."

7So mak una bear as una dey sofa, since e bi sey na una Papa dey ponish una; dat won go show sey God dey trit una laik en shildren. Abi e get pikin wey en papa nor dey ponish?

8Bot if God nor ponish yu as e dey ponish all en shildren, dat min sey yu nor bi beta pikin and yu nor get papa.

9If awa papa for eart ponish us and wi dey respet dem, e nor gud mak God ponish us, so dat awa life go beta?

10Awa papa dey ponish us for dis wold as e gud for dia eye, bot God dey ponish us for awa own gud, so dat wi go folo am share en holines.

11No ponishment dey swit pesin wen dem dey ponish am, bikos e dey pain. Bot di pesin wey God ponish, go get life wey nor dey end.

12So una hands and knees wey don taya, mak una mak dem strong.

13And mak una waka for strate road, so dat una leg wey don taya, go strong.

14Mak una trai to liv for peace wit evribodi and dey holi, bikos enibodi wey nor dey holi, nor go si God.

15Mak una mak sure sey nobodi turn bak from God grace and mak nobodi get bad bele and kause trobol wey go mak pipol sin.

16Mak una mak sure sey nobodi dey du bad tins or nor dey fear God, jos laik Esau wey sel en rite as first born, bikos of fud.

17Una no haw e trai to get-am bak leta, bot e nor fit, ivun doh e beg and krai giv en papa.

18Una don rish Mount Sinai, wer God for tok to Izrel pipol. For der, fire burn, daknes dey der and storm and

19trumpet kon dey mak nois. Izrel pipol hear God vois, so dem beg am mak E stop,

20bikos dem nor fit bear en komand wey sey, "Mak una kil eni anima wey tosh di mountin."

21Wetin hapun dey mak pesin fear, so Mosis kon sey, "I dey fear and dey shake."

22Insted, una don kom Mount Zion; di tawn wer God dey stay; di Jerusalem for hevun wer tazon angels dey. Una don enta di assembli,

23di place wer all di first born gada and dis na di pipol wey God rite dia name for hevun. Una don kom mit God wey go joj evribodi and na-im dey mak pipol pafet.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

24Una don kom mit Jisos, di pesin wey God yuz tak start di new kovenant wit en pipol
and una don kom mit di blood wey dem spray and dis blood dey tok beta wod wey pas
Abel own.

25Mak sure sey una dey obey di Pesin wey dey tok to una! Bikos if Izrel pipol, wey
nor gri hear dia oga Mosis wod for eart nor eskape, haw wi go fit eskape, if wi nor gri
hear di Pesin wey dey tok to us from hevun?

26For dat taim, en vois dey shake di eart, bot naw, E don promis sey, "Nor bi onli dis
eart I go shake, bot I go shake di hevuns tu."

27Dis min sey di tins for eart go shake komot and na onli di tins wey God nor won
shake, go rimain.

28Since wi don risiv di kindom wey dem nor fit skata, mak wi tank and woship God
wit respet and fear. Mak wi gi-am di kaind woship wey go mak bele swit am.

29Bikos awa God na big and strong fire wey dey distroi tins.

Hibru 13

1Mak una dey luv ish oda laik Kristen brodas and sistas.

2Mak una always dey welkom strenja for una haus, bikos laik dis, som pipol don
welkom angel enta dia haus and dem nor no.

3Mak una rimemba doz wey dey prizin, laik sey unasef dey der wit dem and mak una
rimemba doz wey dey sofa, laik sey una dey sofa laik dem.

4Mak evribodi respet marage: una must mak sure sey una nor slip wit hu nor bi una
husban or wife, bikos God go joj pipol wey dey slip wit hu dem nor mari and pipol
wey don mari, wey dey slip wit oda pipol.

5Mak una nor luv moni and mak wetin una get rish una, bikos God sey, "I nor go eva
liv or abandon yu."

6So mak wi get maind wey go mak us fit sey, "Na God bi my helpa, so wi nor go fear.
Wetin humanbin go fit du us?"

7Mak una rimemba una lidas wey tish una God wod; mak una tink abaut di kaind life
wey dem dey liv, den mak una folo dia fate.

8Jisos Kraist na di same yestiday, today and foreva, e nor dey shange!

9Mak una nor let difren-difren prishin wey una nor no turn una head. Una spiritual
pawa dey kom from God grace, nor bi from fud wey dem sakrifais, bikos di sakrifais
nor fit help pipol wey dey du-am.

10Wi get alta wer di wokas for di tabanakol nor fit chop from.

11Di High Prist dey kari anima blood enta di Holi Place as ofrin for sins, bot di anima
bodi, na outsaid di camp dem for dey burn am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

12Diafor, Jisos tak en own blood mak sakrifais, so dat en pipol go dey holi. So, Jisos Kraist kon sofa outsaid di camp tu.

13Wi must go mit am for outsaid di camp kon share di shame wit am.

14Bikos for here, wi nor get eni tawn wey go last, bot wi dey wait di tawn wey go kom.

15Tru Kraist, mak wi kontinu to dey giv God praiz as awa sakrifais. So, mak wetin dey kom out from awa mout bi, "Na Jisos, bi Oga."

16Mak una nor forget to du gud and to share wetin una get wit ish oda, bikos doz kaind sakrifais, dey mak bele swit God.

17Mak una obey una lidas and du evritin wey dem tok, bikos na dem dey kare for una soul and dem go ansa God wen E ask dem haw dem du dia wok. Mak una let dem du-am wit hapines, nor bi wit komplain, bikos una nor go get eni beta tin from am.

18Mak una pray for us, bikos wi dey sure sey awa maind klin and wi won liv awa life for di koret way.

19I beg, mak una pray wel-wel, so dat dem go fri mi and I go fit kom mit una soon.

20God wey get peace, di Pesin wey yuz di evalastin kovenant blood bring awa Oga Jisos Kraist kom bak from deat; awa Oga wey dey luk di ship,

21mak E giv una evritin wey una nid to du wetin E wont. Enitin wey gud for en eye, mak E du-am insaid us tru Jisos Kraist. Mak all glori bi Jisos Kraist own foreva and eva. Amen!

22My brodas and sistas, I dey beg una, mak una get patient and listin to di advise wey dey dis my leta, bikos wetin I rite, nor long.

23Mak una no sey dem don riliz awa broda Timoti from prizin. If e kwik kom, e go folo mi kom si una.

24Mak una grit all una lidas and all God pipol. God pipol for Itali dey grit una.

25Mak God grace dey wit all of una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

James

James 1

1Mi James, wey bi God and Jisos Kraist savant, dey grit una wey bi di twef tribes wey
dey for evriwer for di wold.

2My brodas and sistas, mak una dey hapi wen una dey face temtashon,

3bikos una no sey, if una win di temtashon, una patient go strong.

4And mak una let patient du en wok, so dat una go dey pafet and komplit, den una go
gain evritin.

5Bot if enibodi nid wisdom, mak e ask God wey dey giv am to evribodi. E nor go sey,
"No," bot E go giv yu.

6Di pesin wey dey ask, must get fate and mak en maind nor shake, bikos enibodi wey
en maind dey shake, bi laik riva wey strong briz dey blow up and dan.

7Mak dat pesin nor tink sey e go risiv enitin from God,

8bikos e get doubol maind and e nor dey stabol for enitin wey e dey du.

9Eni biliva wey poor, mak e hapi, bikos God don lift am up.

10Bot pesin wey get moni, mak e nor proud, bikos e go soon perish laik flawa wey dey
for bush.

11As sun dey dry grass and flawa and dia beauti dey die foreva, na so rish pesin go
dry, as e dey porshu and luv moni.

12Di pesin wey fit bear wen problem kom mit am, mak e hapi, bikos e don show sey
en fate strong and e go get di krawn wey get life, wey God don promis sey E go giv
pipol wey luv am.

13Mak nobodi tok wen temtashon kom mit am sey, "God dey test mi," bikos nor-tin fit
tempt God and God ensef, nor dey tempt enibodi.

14Bot temtashon dey kom mit pesin wey get bad tins for maind.

15Wen di bad tins wey e won du, don mature, e go mak am sin and wen sin don grow
wel-wel, e go kause deat.

16My brodas and sistas, mak nor-tin disiv una,

17bikos evri beta and pafet gift dey kom from God. E dey kom dan from di Papa wey
kreate lite and E nor dey shange.

18As God wont am, E kon born us wit di tru mesage, so dat wi go bi first among all
wetin E kreate.

19My brodas and sistas, mak una undastand dis tins: Mak una dey listin wel-wel and
nor dey kwik tok or ves.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

[20]Humanbin vesnashon nor dey mak pipol liv di life wey God wont.

[21]So mak una rimov una hand from evri dirti and wiked tins kon put una bodi dan to asept God wod wey dem don plant insaid una, bikos e get pawa to save una soul.

[22]Mak una nor dey disiv unasef as una dey hear God wod, bot mak sure sey una dey du wetin en wod tok.

[23]Pesin wey hear God wod and e nor dey du wetin e tok, bi laik pesin wey dey luk en face for mirror.

[24]Wen di pesin luk ensef finish kon komot go out, e go kwik-kwik forget haw en face bi.

[25]Bot di pesin wey dey luk God pafet law wey dey fri pipol, dey du wetin di wod tok and e nor dey listin and forget, God go bless am for evritin wey e dey du.

[26]If enibodi tink sey en dey folo wetin wi dey tish and e nor fit kontrol en mout, dat pesin dey disiv ensef and en religion nor min enitin.

[27]Bot beta religion wey nor get stain for God eye, naim bi dis: to kare for shildren wey nor get papa and mama and wimen wey dey sofa, bikos dia husban don die. So, mak una kip unasef, so dat dis wold nor go stain una.

James 2

[1]My brodas and sistas, since una get fate for awa Oga Jisos Kraist, mak una nor dey du parsha.

[2]If pesin wear gold ring and fine klot enta una shosh and poor pesin wit dirti klot enta tu

[3]and una respet di won wey wear fine klot, kon tel am, "Sidan for beta place," bot una tel di poor pesin, "Stand der," or "Sidan for groun":

[4]Dat min sey una dey du parsha and kondem pipol from una maind.

[5]My brodas and sistas, mak una listin! God nor shuz poor pipol for dis wold sey, mak dem rish for fate and inherit di kindom wey E promis sey E go giv doz wey luv am?

[6]Bot una nor dey respet poor pipol! Nor bi rish pipol dey opres and drag una go kourt?

[7]Or dem nor dey tok bad abaut Jisos name wey una biliv?

[8]Bot if una du wetin dem rite for God wod, "Mak yu luv yor nebor as yu luv yorsef," una don du gud bi dat.

[9]Bot if una du parsha, una dey komit sin and di law don kondem una as pipol wey nor dey du wetin dey di law.

[10]Di pesin wey dey du evritin wey dey di law and e break won, don break all of dem bi dat.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11Bikos di same God wey sey, "Nor slip wit hu yu nor mari," naim stil sey, "Nor kil enibodi." If yu nor slip wit hu yu nor mari, bot yu kil pesin, yu don break di law bi dat.

12Mak una tok and du laik pipol wey dem go joj wit di law wey go fri pipol.

13Jojment nor get mesi for enibodi wey nor dey mesi for odas, bikos mesi beta pas jojment.

14My brodas and sistas, wetin dey gud if pesin sey e get fate, bot e nor dey du enitin? Dat kaind fate go fit save am?

15If won broda or sista nor get klot to wear or fud to chop

16and won of una tel am, "Mak peace dey wit yu; mak kold nor kash yu and mak yu go chop beleful, bot yu nor gi-am wetin di bodi wont, na wish kiand gud bi dat?”

17Na so fate bi tu, if yor fate nor dey produce beta result, e go die and dey yuzles.

18If enibodi sey,"I get fate and yu get wok." I go sey, "Mak yu show mi yor fate wey nor get wok and I go show yu my fate tru my wok.”

19Yu biliv sey na onli won gud God dey. Dimons biliv so tu and fear dey kash dem wel-wel.

20Foolish man! Yu wont mak I show yu sey fate wey nor get wok dey yuzles?

21Wen awa papa Abraham put en pikin Izik for di alta, wetin e du dey gud for God eye?

22Yu nor si sey en fate and wok dey togeda and na en wok mak en fate pafet?

23And wetin dem rite for God wod kon hapun, "Abraham biliv wetin God tok and dat won mak am gud for God eye and God kol am en frend.”

24So, pesin wok dey mak am gud tu, nor bi onli en fate.

25Nor bi so e bi for Rahab, wey bi ashawo, wen e welkom di mesenjas, kon show dem anoda road wey dem go pas run?

26Bodi wey nor get spirit don die, na so tu, fate wey nor get wok, don die.

James 3

1My brodas and sistas, evribodi nor go fit bi tisha, bikos yu no sey wi wey dey tish, na awa jojment go big pas,

2bikos wi dey mak meni mistak. If pesin nor dey mak mistak for wetin e dey tok, dat min sey e dey pafet and e go fit kontrol en bodi.

3If wi tie rope for horse mout mak e for obey us, dat min sey wi dey kontrol en bodi.

4Luk ship for wota: E big wel-wel and na strong briz dey fit push am, bot na won smol wheel di pilot dey yuz tak kontrol am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5Na so di tongue bi tu: naim smol pas for di bodi, bot di tins wey e fit du big wel-wel.
Mak una tink haw smol fire fit burn big fores rish groun.

6Di tongue na fire! Na der bad tins ful pas for pesin bodi. E dey spoil di hol bodi and
kause fire for pesin life and dis kaind fire dey kom from hell.

7Humanbin dey fit kontrol bird, anima wey dey krip for groun and anima wey dey
stay for wota.

8Bot nobodi don eva fit kontrol en tongue wel. Di tongue na bad tin wey nor dey stay
won place, bikos e get poison wey fit kil pesin.

9Na di tongue wi tak dey praiz awa papa and Oga Jisos Kraist and naim wi stil dey
yuz tak kos pipol wey God kreate laik ensef.

10My brodas and sistas, na di same tongue wi dey yuz tak praiz and kos pipol. Bot e
nor sopoz bi laik dat.

11Spring wey dey kom out from groun, nor dey bring out fresh and bita wota from di
same place, abi e dey du so?

12My brodas and sistas, fig tri go fit bear olive, abi vine fit bear fig? So tu, spring wey
dey bring out salt wota, nor go fit bring fresh wota at-all.

13Hu get sense among una? Di way di pesin dey bihav go show di gentolnes wey
wisdom dey bring.

14Bot if jelosi and selfishnes dey en maind, mak e nor boast and lai against di trut.

15Dat kaind wisdom nor kom from God, bot e kom from dis eart wey wiked wel-wel.

16Bikos wer jelosi and selfishnes dey, wahala and bad tins wey pipol dey du, dey der
tu.

17Bot God wisdom dey pure; e get peace; dey gentol; dey asept pipol and gud frut and
mesi ful am; e nor dey du wayo or pritend.

18Pipol wey nor laik trobol, dey plant frut wey dey bring raitiousnes.

James 4

1Wetin dey mak una kworel and fite? Nor bi di tins wey dey hungri una to du?

2Yu wont somtin, bot yu nor get-am; yu dey kil, dey wont wetin oda pipol get and yu
nor dey fit get-am; so yu go kon dey kworel and fite. Yu nor get, bikos yu nor ask
God mak E giv yu.

3Wen yu ask for somtin, yu nor risiv am, bikos yu nor ask wel and yu won tak am du
wetin yu laik.

4Una wey dey du bad tins for dis wold, una nor no sey to bi dis wold frend, min sey
una bi God enimi? So enibodi wey gri sey en and dis wold na frend, don mak ensef
God enimi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5Abi yu tink sey God nor min wetin E tok wen E sey, "Di Spirit wey I put insaid una dey jelos wel-wel"?

6Bot E giv us plenti grace. Na dis mak God wod sey, "God dey against pesin wey dey kari bodi up, bot E dey giv grace to pipol wey dey put dia bodi dan."

7So, mak yu giv yorsef to God. Bot rejet di devol and e go run komot from wer yu dey.

8Draw near God and E go draw near yu. Una wey bi sina, mak una wosh una hand and una wey get doubol maind, mak una heart dey klin.

9Mak una krai and mak sorrow dey una heart, den una go show sey una nor dey hapi.

10If una put una bodi dan for God, E go kari una go up.

11My brodas and sistas, mak una nor tok bad abaut ish oda. Enibodi wey tok bad or joj en broda or sista for Kraist, e dey tok bad abaut di law and e dey joj di law. Bot if una joj di law, naim bi sey una nor dey obey di law, bot una don bikom di law joj bi dat.

12Na onli won Pesin giv di law and na-im bi joj. Na-im dey save and distroi. Yu wey dey joj yor nebor, na hu yu ivun tink sey yu bi?

13Luk, yu wey dey sey, "Today or tumoro, wi go-go dis or dat tawn go stay der for won year and du biznes, kon get gain."

14Bot yu nor no tumoro. Wetin yor life bi laik? Yu bi laik smoke wey dey kom out from fire. Pipol go si-am, den smol taim e go vanish.

15Insted, yu sopoz to sey, "If God wont, wi go dey alaif and wi go du dis or dat tin."

16Bot as e bi so, yu dey boast dey kari bodi up. All dat kaind boastin nor gud.

17So enibodi wey no wetin gud and e nor du-am, don komit sin bi dat. James

James 5

1Yu wey get moni, mak yu listin! Krai mak dem hear yor vois, bikos of di bad tins wey go hapun to yu.

2Yor moni don rotin and ants don chop yor klot.

3Yor gold and silva don rust, dia ashes go tok against yu and chop yor flesh laik fire. For di last days, yu don gada moni and fine tins for yorsef!

4Si, di moni wey yu nor gri pay di wokas wey dey wok for yor farm, dey krai against yu and di pipol wey dey gada wetin yu plant, dia krai don rish God ear.

5Yu dey liv life wey yu dey enjoy and yu dey enjoy for dis eart. Yu don mak yorsef fat, dey wait for di day wey dem go kil yu.

6Yu don kondem and kil pipol wey nor du bad, bikos dem nor fit stop yu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7My brodas and sistas, mak una get patient til Kraist go kom bak. Tink haw farma dey
wait for wetin e plant ontil e grow kon bring fud wey dear and e dey wait wit patient
for am, ontil di first and di last rain go fal put.

8So, mak una get patient tu and mak una heart strong, bikos di taim wen Kraist go
kom bak, don near.

9My brodas and sistas, mak una nor dey komplain abaut ish oda, so dat dem nor go joj
una, bikos God wey bi di joj, stand near di gate.

10Di profets wey God send kom tok to una, mak una yuz dem as ezampol to bear sofa
and get patient.

11Mak una tink of haw wi dey luk pipol wey get patient sey, God don bless dem. Una
don hear of haw Job get patient and haw God bless am lata. God get mesi and E dey
sori for pesin wel-wel.

12My brodas and sistas, mak una rimemba dis komand pas oda wons; mak una nor
swear, weda wit hevun or eart or eni oda tin. Bot mak una let una "Yes" bi yes, and
una "No" bi no, so dat una nor go fal enta God jojment.

13If enibodi dey sofa among una, mak e pray. If enibodi dey hapi among una, mak e
sing dey praiz God.

14If eni of una nor wel, mak e kol di eldas for di shosh, mak dem pray and yuz oil
anoint am for Jisos name.

15Di praya wey dem tak fate pray go save di pesin wey nor wel and God go mak am
wel. And if e komit eni sin, God go forgiv am.

16So mak una konfes una sin to ish oda. Mak una pray for ish oda, so dat God go heal
una. Di praya wey pesin wey gud for God eye tak all en maind pray, dey wok wel-
wel.

17Elija na humanbin laik us and e pray wit all en maind mak rain nor fal, tru-tru, for
tiri and half years, rain nor fal for dat place at-all.

18Den e pray again and di skai kon bring rain and evritin wey dem plant, kon grow.

19My brodas and sistas, if eni of una waka komot from di trut and pesin bring am kom
bak,

20mak yu no sey, di pesin wey bring yu wey bi sina kom bak from di bad way, don
save yor soul from deat and e don mak Kraist forgiv yu all yor sins.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Fest Pita

Fest Pita 1

1Na mi Pita wey bi Jisos Kraist apostol rite dis leta to di stranjas for Pontus, Galatia, Kapadosia, Asia aria and Bitinia wey God shuz sey,

2mak dem dey holi tru en Spirit. Mak una dey obey Kraist for evritin and en blood go klin una. Mak grace and peace bi una own!

3Wi tank God wey bi awa Oga Jisos Kraist Papa, for di mesi wey E dey show us. God giv us new life tru Jisos Kraist wey E wak from deat and naim bi di Pesin wey giv us hope.

4Dem born us put for inheritance wey nor dey spoil, dirti or fade. God kip di inheritance for hevun for us

5and en pawa dey protet am tru fate and wi dey wait for di salvashon wey go kom for di taim wen di wold go end.

6Aldoh una go sofa smol, bot dis joy go bring hapines for una.

7Dis kaind sofa go show sey una fate na ril won. Gold wey go spoil won day, dem stil dey test am for fire, tokles of una fate wey get value pas gold and e go bring praiz, glori and onor wen Jisos Kraist go kom.

8Aldoh una neva si-am, bot una luv am. Una nor dey si-am naw, bot una biliv am, una get hapines and glori wey una nor go fit esplain.

9Una stil get wetin mak una fate strong and na dis bi di salvashon wey una soul get.

10For dis salvashon mata, di profets wey tok bifor abaut di grace wey go kom, trai wel-wel weda dem fit no wetin e min, bot dem nor fit.

11Dem won no di taim and di pesin wey God Spirit dey tok abaut. God don tok bifor abaut di sofa wey E sey Kraist must sofa and di glori wey e go get.

12Dem show sey nor bi demsef dem dey wok for, bot na for una, bikos una hear dis mata from di apostols tru di Holi Spirit pawa wey kom from hevun. Ivun angels dey wish sey dem no dis tins.

13So, mak una always dey redi for ashon. Mak una shine una eye and put hope for di grace wey Jisos Kraist go bring.

14Laik shildren wey dey obey, mak una stop di bad tins wey una dey du wen una neva no di trut.

15Bot for evritin wey una dey du, mak una dey holi laik di Pesin wey kol una,

16bikos God wod sey, "Mak una dey holi, bikos I dey Holi."

17Since una dey kol God wey dey joj evribodi akordin to wetin e du, "Papa", mak una liv una life wit respet for am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18Una no sey, God fri una from di empti life wey una kolet from una gran-gran papa dem and E nor buy una wit somtin wey fit spoil laik silva or gold,

19bot na wit Kraist blood, God lamb wey nor get eni mark or stain.

20God shuz am bifor E kreate dis wold, bot na for dis last days E show am to una.

21Tru am, una biliv God wey raiz-am from deat kon giv am glori. So, una fate and hope dey for God hand.

22Una don klin una soul wit di trut wey una dey obey and as brodas and sistas, mak una luv ish oda wel-wel.

23God nor save una wit humanbin bodi wey fit die, bot na tru en wod wey get life and dey foreva.

24"Humanbin bi laik grass and wetin mak am fine, bi laik flawa; di grass go dry and di flawa go die,

25bot God wod go last foreva." And na dis wod bi di Gud News wey dem prish giv una.

Fest Pita 2

1Mak una stop to du bad tin; dey disiv pipol, pritend; dey jelos and tok bad abaut pipol.

2Bot mak una dey hungri for spiritual milk laik pikin wey dem jos born, so dat una fate go strong wel-wel

3and una go no haw God salvashon gud rish.

4Una don kom mit Kraist, wey bi di stone wey dey alaif. Pipol rejet am, bot God shuz am and e dey important for God eye.

5So unasef tu, don bi stone wey dey alaif and God dey build una as en spiritual haus, so dat una go bi prist wey dey holi and una go offa spiritual sakrifais wey E go asept tru Jisos Kraist.

6God wod sey, "Naw, I don lay won stone for Zion; di main stone wey I shuz; no moni fit buy am and enibodi wey biliv am, nor go shame."

7So, una wey biliv don no en value, bot for di pipol and buildas wey nor biliv, dat Stone don kon bi di main stone.

8Na-im bi di rock wey dey fal pipol, bikos dem nor fit jump am pas. As dem nor biliv God wod, dem bigin fal, bikos na so E plan sey e go bi.

9Bot God don shuz una to bi en prist and holi pipol, so dat una go prish di Gud News, bikos E kol una from daknes kon enta en brite lite.

10Bifor-bifor, una nor bi God pipol, bot naw, una don bi en pipol. Dat taim, God nor get mesi for una, bot naw, una don get en mesi.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11My frends, I dey beg una, since una bi strenjas for dis wold, mak una nor folo di tins
wey pipol laik to du, bikos dem dey distroi pesin soul.

12So mak una dey liv wel among pipol wey nor bi Kristen, so dat wen dem sey una du
bad, dem go si di gud tins wey una dey du and dem go praiz God wen E won joj di
wold.

13Mak una dey obey una lidas bikos of Kraist. Weda dem bi kings wey get pawa

14or govnors wey God shuz sey, mak dem ponish pipol wey du bad and praiz doz wey
du gud.

15Bikos God wont sey, wetin una dey du, go mak di pipol wey nor get sense shut-up
dia mout.

16Mak una liv as fri pipol and nor yuz una fridom as eskuze to du bad tins, bot mak
una yuz am wel as God savant.

17Mak una respet evribodi. Luv dis awa famili wey biliv Kraist. Mak una fear God
and respet di king.

18Una wey bi slave, mak una dey obey una oga, both di wons wey gud or gentol and
doz wey nor gud.

19If enibodi bear pain bikos of God and dey sofa for wetin e nor du, God go favor am.

20Bot why pipol go praiz yu wen dem ponish yu, bikos of wetin yu du and yu bear
am? Bot if yu sofa bikos yu du gud, God go favor yu,

21bikos na wetin E kol yu to du, bi dat. Kraist sofa as ezampol wey una go folo

22and e nor komit eni sin or lai.

23Wen dem kos am, e nor ansa bak; wen e sofa, e nor treaten sey e go pay dem bak,
bot e put ensef for God hand wey nor dey joj kase wit parsha.

24E kari awa sin for kros, so dat wi go stop to sin and dey du gud for God eye. "Na di
wound wey dem wound am, naim mak us wel."

25Bifor-bifor, una waka komot for di rite road laik ship wey lost, bot naw, una don
turn bak go mit di Shepad and Pesin wey dey gaid una soul.

Fest Pita 3

1Mak una wey bi wife, dey obey una husban. Ivun doh dem nor dey du wetin dem rite
for God wod, di way una dey bihav, fit mak dem shange,

2wen dem si una gud karata and haw una life pure rish.

3Mak una beauti nor bi di won wey pipol dey onli si laik: to dey plait hair; dey wear
gold or fine klot.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

4Insted mak e show sey Kraist dey insaid una and una don get gentol and kwayet spirit wey God go value.

5Di wimen for olden days dey holi, bikos dem put dia hope for God hand and dem respet dia husban.

6As Sarah obey Abraham kon kol am, "My oga," una go bi God pikin, if una dey du wetin gud.

7Husbans, mak una dey trit una wife wit soft hand, bikos una no sey dem nor strong rish una; mak una respet dem as pipol wey get God grace and life. If una dey du laik dis, nor-tin go blok una prayas.

8So, mak una liv for peace togeda, dey sori for ish oda; luv won anoda and nor dey kari bodi up.

9Mak una nor tak bad pay di bad wey pesin du una, insted, mak una bless odas, bikos God kol una to bless pipol.

10God wod sey, “enibodi wey won enjoy gud life, must kontrol en mout; mak e nor dey tok bad-bad tins or lai.

11E must turn from di wikednes wey e dey du, kon start to du gud and mak e liv for peace wit evribodi.

12God dey si di pipol wey dey du gud and en ear dey opun to hear dia prayas. Bot E dey against pipol wey dey du bad.”

13Hu go fit du yu bad tin, if yu dey du gud?

14Bot if yu sofa bikos yu dey du gud, mak yu nor fear doz wiked pipol, bikos God don bless yu bi dat.

15For una heart, mak una mak Kraist una Oga and mak una redi to ansa enibodi wey ask una abaut di hope wey una get.

16Bot mak una du-am wit gentolnes and respet, dey mak sure sey una maind klin, so dat pipol wey dey tok bad abaut di gud tins wey una dey du for Kraist, go shame for di bad wey dem dey tok.

17E beta to sofa for wetin gud, dan for bad won if na so God wont am.

18Bikos of sin, Kraist sofa. En wey nor du bad, sofa for doz wey du bad, so dat e go kari us go mit God. And wen dem kil-am, e wak-up as spirit.

19As spirit, e kon go prish giv wiked pipol spirits wey dey prizin,

20bikos dem nor du wetin God tok. God get patient for dem wen Noah dey build di ark, bot na onli di ate pipol wey dey insaid di ark save from di wota.

21Dis show haw baptism go save us, nor bi jos to wosh dirti komot for pesin bodi, bot na to show sey wi get gud maind for God tru di way wey Jisos Kraist tak raiz-up

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

22go hevun kon go sidan for God rite hand, wer e dey rule di angels and doz wey get pawa.

Fest Pita 4

1Since Kraist don sofa for us, mak wi du laik am, bikos di pesin wey sofa for us nor get enitin to du wit sin again,

2bikos e don du wetin God wont and nor bi wetin pipol wont.

3Di taim wey una dey bihav laik unbilivas, don pas. Dat taim una liv bad life; dey du bad tins; dey drink; dey du enihaw and serv juju.

4Naw, doz unbilivas dey sopraiz and kos una, bikos una nor dey folo dem du bad and wiked tins again.

5For di day wen Kraist go joj pipol wey dey alaif and doz wey don die, e go ponish dem.

6Na dis mak Kraist prish di gospol for doz wey don die, so dat ivun doh e go joj dem as humanbin, dem go liv foreva as spirit tru God jojment.

7Di taim wen evritin go end don near. So mak una dey kontrol unasef and shine una eye wen una dey pray.

8As una dey du so, mak una luv for ish oda dey strong, bikos luv dey kova plenti sins.

9Mak una welkom pipol for una haus witout komplain.

10God don giv evribodi en own gift, so mak una yuz di gift tak help ish oda as gud savant wey get God grace.

11Pesin wey dey prish; mak e prish God wod wel. Pesin wey dey help odas, mak e du-am wit di pawa wey God gi-am, so dat for evritin, God go get glori tru Jisos Kraist. Mak all glori and pawa bi Kraist own foreva and eva. Amen!

12My frends, mak una nor sopraiz sey una dey pas tru trobol laik pesin wey fire dey burn, bikos tins wey go mak una fear, go must hapun.

13Insted, mak una dey hapi as una dey sofa for Kraist, so dat wen God go show una en glori, bele go swit una.

14If dem kos una bikos of Kraist, God don bless una bi dat, bikos God Spirit wey get glori, res on-top una life.

15Bot mak eni of una nor sofa, bikos e kil, tif or kause trobol.

16Bot if yu sofa bikos yu bi Kristen, mak yu nor shame, bot dey praiz God, bikos yu dey ansa Jisos name.

17Di taim for jojment don rish and e go start wit God pipol. And if e start wit us, wetin go hapun to pipol wey nor dey obey God?

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18“If e go hard for God pipol to dey save, den e nor go eazi for doz wey nor dey fear God.”

19So if yu dey sofa as God wont am, mak yu trust God wey kreate yu and E nor go eva fail yu.

Fest Pita 5

1Mi wey bi una felow elda, wey si haw Kraist sofa and go share for God glori wey go soon kom, dey beg di eldas among una sey:

2Mak una kare for di ship wey God giv una hol, jos as shepad dey kare for dia ship. Mak e nor bi laik sey dem fos una du-am, bot na as God wont am. Una nor dey du-am bikos of moni, bot na bikos una won du-am.

3And mak una nor dey opres God pipol wey dey unda una, insted mak una bi ezampol to dem.

4So wen di big shepad, Jisos Kraist go kom, e go giv una krawn wey en glori nor go eva fade.

5For di same way, mak una wey young put bodi dan for di eldas. Mak una nor dey kari bodi up for ish oda, bikos God dey opoz proud pipol, bot E dey favor doz wey dey humbol.

6Mak una put una bodi for groun bikos of God and wen di rite taim rish, E go kari una up.

7Mak una kari all una trobol giv God, bikos E kare for una.

8Mak una shine una eye wel-wel, bikos devol wey bi una enimi, bi laik hungri lion wey dey shaut and dey faind hu e go chop.

9Mak una nor gi-am shanse, bot mak una fate strong, bikos una no sey na di same tin una brodas and sistas for evriwer for dis wold, dey sofa.

10Afta una don sofa smol, God wey kol una wit en grace enta en glori for Kraist, go mak una komplit, una leg go strong and una go get pawa.

11Mak all pawa bi God own foreva and eva. Amen!

12I tel my dear broda Silas sey, mak e help mi rite dis smol leta, so dat una heart go strong and mak e tel una sey, all wetin dey hapun to una, na as God wont am. So mak una stand strong wit en pawa.

13God pipol for di shosh wey dey Babylon dey grit una and Mark, my pikin, dey grit una tu.

14Mak una salot ish oda wit Jisos Kraist luv. Mak peace dey wit all of una wey dey insaid Kraist.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Sekon Pita

Sekon Pita 1

1Na mi Pita wey bi Jisos Kraist savant and apostol, rite dis leta to di pipol wey get di same fate wey wi get. God giv una dis fate, bikos of en raitiousnes wey kom tru awa Oga and Savior, Jisos Kraist.

2Mak God giv una beta peace and grace as una dey grow for en wod and insaid Jisos, wey bi awa Oga!

3I pray mak God pawa giv us evritin wey wi nid, so dat wi go fit liv di kaind life wey E wont, as wi don no di trut abaut Jisos wey kol us wit en glori and gudnes.

4Laik dis tu, wi don get beta promis and bikos of dat, wi go get God karata wey go fri us from di bad tins wey dey for dis wold.

5So, mak una trai to mak una fate strong and no God wod. As una dey no God wod more-more,

6una go fit kontrol unasef; get patient; dey liv holi life

7and luv una brodas and sistas witout parsha.

8Bikos if una rili get dis tins, dem go dey grow insaid una, so una nor go dey yuzles, bot una go bear gud fruts as una dey trai to no Kraist more-more.

9Bot di pesin wey nor get dis tins, dey blind. Dis show sey, e nor dey si far and e don forget sey God don forgiv am en sins.

10So my brodas and sistas, mak una du evritin to show sey, God kol and shuz una. As una dey du so, una nor go eva fal insaid sin.

11Di door to enta awa Oga and Savior Jisos Kraist kindom, wey nor go eva end, go opun wide for una.

12I go dey rimaind una dis tins evritaim, ivun doh I no sey una no dem and naw, una leg don strong for di trut wey una biliv.

13As long as I dey alaif, I luk am sey e gud mak I dey rimaind una,

14as I no sey di taim wey I go die don near, bikos awa Oga Jisos Kraist don show am to mi.

15I go trai du evritin wey I fit du, so dat afta I don go, una go fit tok abaut dis tins.

16Bikos, wi nor yuz awa brain tak tel una lai-lai stori abaut Kraist pawa and haw E go kom bak.

17God giv am onor and glori wen di vois sey, "Dis na my Pikin wey I luv and e dey mak bele swit mi."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18Wen dis vois tok from hevun, wi awasef hear am, bikos wi dey wit am on-top di mountin.

19Afta dat won, wi biliv wetin di profets prish. Una go du wel if una hear and folo di lite wey dey shine for daknes and wen day break, di star wey dey kom for mornin, go shine for una heart.

20Di won wey important pas bi sey, una no dis tins: e nor get enitin wey di profets tok for God wod wey jos kom out from dia own maind,

21bikos no profesi don eva kom out from humanbin maind. Insted, na di Holi Spirit dey kontrol di pipol wey dey tok God wod.~

Sekon Pita 2

1As fake profets dey among di pipol bifor, na so fake tishas go dey among una tu. Dis fake tishas go tish lai-lai tins wey fit distroi pesin and dem go sey dem nor no di Masta. Laik dis, dem go distroi demsef.

2Meni pipol go folo dem liv dia yeye life. Pipol go tok bad abaut di trut, bikos of dis fake tishas

3and dem go disiv una wit dia wayo. God don kondem dem tey-tey and Kraist wey go distroi dem, nor dey slip.

4God nor sori for di angels wey sin, E trow dem for hell and tie dem for daknes ontil di day wen E go joj di wold.

5God nor sori for di wold wey dey bifor and E distroi am wit wota, bot save Noah wey prish mak pipol du wetin gud for God eye and di sevun pipol wey dey wit am.

6E stil turn Sodom and Gomora to ashes wen E distroi dem, den E yuz dem as ezampol for di pipol wey dey liv bad life,

7bot E save Lot wey nor laik wiked pipol life,

8(bikos di taim wey Lot dey dat tawn, e ves for di bad tins wey di pipol dey du).

9If God du all dis tins, den E no haw to save en pipol from trobol kon tie wiked pipol kip, so dat E go ponish dem wen E go joj di wold.

10Dis na di pipol wey dey du wetin dia bodi wont and dem nor dey respet pipol wey get autoriti. Dem nor dey fear; dem dey kari bodi up, dey tok bad abaut tins wey God kreate for hevun,

11ivun angels wey get pawa pas dem, nor dey tok abaut dis tins for God present.

12Bot dis men bi laik anima wey nor dey tink, animas wey pipol fit kil enihaw. Dem jos dey du as dem laik, pipol wey dey tok enihaw; na distroshon go end dia life.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

13Dem go sofa for dis tins wey dem dey du, bikos dem feel sey dem fit du enitin wey dia bodi wont for day taim and wen eva dem folo una chop, dem dey kause trobol among una.

14Wetin dem laik pas, na to slip wit hu dem nor mari; dem nor dey taya to sin and dem dey draw doz wey dia fate nor strong, folo bodi. Dem don train dia maind to get long-trot and God don kos dem.

15Since dem komot from di rite way, dem don miss road, bikos dem dey folo Balaam, Beor pikin, wey luv bad tins!

16As God dey koret Balaam for en sin (donkey wey nor sopoz tok kon tok to di profet, so dat e go stop di bad tins wey e dey du).

17Dis pipol bi laik spring wey nor get wota, dem bi laik kloud wey briz dey blow enihaw and na dem God dey kip di place wey dak pas, dey wait.

18Dem dey yuz dia big-big grama wey nor min enitin, tak disiv pipol wey jos dey won komot hand for bad tins.

19Ivun doh dis fake tishas dey promis dis pipol sey, dem go dey fri, di fake tisha na slave dem bi to sin. Bikos pesin na slave to enitin wey masta am.

20Afta dem don fri from sin tru awa Oga and Savior Jisos Kraist and dem kon let sin masta dem again, dia kondishon for di end, go wos pas as e bi bifor.

21Bikos e for beta sey, dem nor no God at-all, dan sey afta dem don no am, dem kon turn bak from di komandment wey God giv dem.

22Na dem bi ezampol for dis wod wey pipol tok, "Dog dey go bak go chop en vomit," and "Pig wey dem don wosh en bodi, go stil go laidan for portor-portor."

Sekon Pita 3

1My frends, dis na di sekon leta wey I dey rite to una, so dat una go dey tink abaut di tins wey I tel una.

2I wont mak una rimemba all di wod wey di profets tok bifor and di komandment wey awa Oga and Savior giv us tru di apostols.

3Afta dis, mak una undastand sey: for di last days, yeye pipol go kom and dem go dey du bad tins wey dey hungri dem.

4Dem go sey, "I tink sey Jisos promis sey E go kom bak? Awa gran-gran papa dem don die since, bot evritin stil bi as dem bi since God kreate di wold."

5Dem don forget sey, na wit wod God tak kreate di hevun bifor E kreate di eart from wota and na wit wota, E tak mak dis wold.

6And na wit di same wota, E tak distroi di eart wey dey bifor.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Na di same wod God tak kip dis hevun and eart dey wait for fire wey go kom. E kip
dem dey wait Jojment day. Di day wen E go distroi di pipol wey nor dey fear am.

8Naw, my frends, mak una nor let dis tin pas una, bikos won day bi laik won tazon
years for God eye and won tazon years bi laik won day.

9Nor bi sey God nor fit du wetin E promis as som pipol dey tink, bot E dey patient
dey wait for una, bikos E nor wont mak enibodi die trowey, bot E wont mak evribodi
turn from sin kom mit am.

10Di day wen God go kom, go bi laik wen tif dey kom for nite. Wen E kom, di hevun
go disapier wit loud nois and di stars for up go melt, di hol eart and evritin wey dey
insaid, go vanish.

11Since evritin go melt laik dis, wish kaind pipol wi sopoz to bi? E gud mak wi dey liv
awa life for holines and dey du wetin God wont.

12Since wi dey wait for di day wey Kraist go kom, mak wi dey du wetin wi fit du to
mak Kraist kwik kom. Bikos for dat day, evritin wey dey for hevun go burn kon skata
and di stars, go melt.

13Bot as God promis, wi dey wait for di new hevun and eart, di place wer raitiousnes
dey.

14So, my frends, as una dey wait for dis tins, mak una du wetin una fit du, so dat una
go get peace and una go dey witout stain or fault, wen una go enta en kindom.

15God dey wait wit patient, so dat una go turn from sin kom mit am, jos as awa broda
Pol rite giv una akordin to di wisdom wey God gi-am.

16E tok abaut dis tins for all en letas. Aldoh somtins for di letas dey hard to undastand
and doz wey nor no di trut or dey stabol, don turn dem to wetin go kil dem. Na so dem
tak distroi all di oda part for God wod tu.

17So, my frends, as una don no wetin go hapun, mak una shine una eye, so dat una nor
go miss di way and fal from di trut wey una get, bikos na so pipol wey nor serious,
dey du.

18Bot mak una grow insaid di grace wey awa Oga and Savior, Jisos Kraist giv una, so
dat una go no am more-more. Mak glori bi en own, naw and foreva! Amen.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Fest Jon

Fest Jon 1

1Di tin wey dey from di biginin, wey wi don hear and si wit awa eye; wey awa hand
don tosh (tins wey konsan di wod wey dey giv life

2and dis life kom out and wi don si-am. Na dis tins wi dey tok abaut. Wi dey tel una
abaut di life wey nor dey end, wey dey wit di Papa for hevun and E don show-am to
us.

3Na wetin wi don si and hear, wi dey tel una, so dat una go fit bi awa frend, jos as wi
bi frend wit di Papa and en Pikin.)

4Na dis mak us dey rite dis leta, so dat awa joy go ful wel-wel.

5Na di mesage wey wi hear from am, naim wi dey tel una so: Na God bi lite and
daknes nor dey insaid am at-all.

6If wi sey wi bi en frend and wi stil dey insaid daknes, wi dey lai and trut nor dey awa
mout.

7Bot if wi dey insaid di lite as en ensef dey insaid lite, all of us go bi en frend and
Jisos wey bi en pikin, go yuz en blood tak wosh all awa sins komot.

8If wi sey wi nor get sin, wi dey disiv awasef and di trut nor dey insaid us.

9Bot if wi konfes awa sin to am, e go forgiv us kon wosh evritin wey nor gud for God
eye komot from awa life, bikos Kraist dey always du wetin e sey e go du, since e dey
raitious.

10If wi sey wi nor dey sin, dat min sey, God dey lai and di trut nor dey insaid us.

Fest Jon 2

1(My shildren, I dey rite abaut dis mata, so dat una nor go dey sin.) Bot if enibodi sin,
wi get pesin wey dey beg di Papa for us, dat pesin, na Jisos Kraist wey dey raitious

2and na en ensef bi di sakrifais wey God nid to forgiv us awa sins. Nor bi onli awa sin,
bot di sin wey di hol wold dey komit.

3Wen wi du wetin God sey mak wi du, den wi go dey sure sey wi no am.

4Di pesin wey sey, "I no God and e nor dey du wetin God tok, dat pesin dey lai and di
trut nor dey insaid am.

5Bot enibodi wey du wetin dem rite for God wod, tru-tru, God wod rili dey insaid am.
Na dis go mak us no sey wi dey insaid God.

6Di pesin wey sey en wit God dey togeda foreva, dat pesin sopoz liv en life as Kraist
liv en own.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7Una wey bi my frends, I nor dey rite new komandment giv una, na di old won wey
una get from di biginin, I stil dey rite and una don hear dem bifor.

8Bot dis new komandment wey I dey rite giv una so, naim bi di trut wey dey show
insaid Kraist and insaid una, bikos daknes don pas and di ril lite don dey shine.

9Pesin wey sey e dey insaid di lite, bot e stil hate en broda or sista for Kraist, dat pesin
stil dey insaid daknes.

10Pesin wey luv en broda or sista for Kraist, dey liv insaid di lite and nor-tin go mak
am fal.

11Bot di won wey hate en broda or sista for Kraist, dey for daknes and e nor no wer e
dey go, bikos daknes don blind en eye.

12My shildren, I dey rite giv una sey God don forgiv una sins, bikos of Jisos name.

13I dey rite giv una wey bi papa, bikos una no di pesin wey dey alaif since God kreate
di wold. I dey rite giv una wey bi young pipol, bikos una don win Satan.

14I don rite giv una, my shildren, bikos una don no God. I don rite giv una wey bi
papa, bikos una don no di pesin wey dey alaif since God kreate di wold. I don rite giv
una young pipol, bikos una dey strong and God wod dey insaid una, as una don win
Satan.

15Mak una nor luv dis wold or di tins wey dey insaid am. If enibodi luv dis wold, di
Papa luv nor dey insaid am,

16bikos evritin wey dey insaid di wold (tins wey humanbin bodi wont, tins wey dey
hungri pesin to get and to dey kari bodi up), nor kom from di Papa, bot na dis wold
dem from kom.

17And dis wold don dey fade wit di tins wey pipol wont, bot di pesin wey dey du
wetin God wont, go dey foreva.

18My shildren, di wold don dey end and jos as una hear sey, anti-kraist dey kom, mak
una no sey meni anti-kraist don alredi kom. And dis show us sey di wold go soon end.

19Na from us dis pipol from komot, bot dem nor rili dey God famili bifor, bikos if to
sey dem dey, dem for stay wit us. Bot dem liv us, so dat evribodi go no sey dem nor bi
awa own.

20Bot di pesin wey dey holi, don anoint una and all of una no sey na tru.

21I nor rite giv una, bikos una nor no di trut, bot na bikos una no Kraist and di trut dey
stay insaid am.

22Na hu dey lai? Na di pesin wey sey Jisos nor bi di Mezaya! Di pesin wey rejet di
Papa and en Pikin, na Kraist enimi.

23Enibodi wey rejet di Pikin, nor get di Papa. Bot if pesin asept di Pikin, e don asept
di Papa tu.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

24As for una, wetin una don hear from di biginin, mak una let am stay insaid una. If wetin una hear from di biginin stay insaid una, una go stay insaid di Pikin and en Papa.

25Dis na di promis wey Kraist ensef promis us sey, di life wey e go giv, nor go eva end.

26Na dis tins I dey rite giv una abaut pipol wey dey trai to disiv una.

27As for una, di Holi Spirit wey Kraist giv una, dey stay insaid una, so una nor nid enibodi to tish una again. Evritin wey di Holi Spirit dey tish, na tru and lai nor dey insaid. Jos as e don tish una, mak una stay insaid am.

28Naw my shildren, mak una stay insaid am, so dat wen E kom, awa heart go dey strong wel-wel and shame nor go mak us run from wer E dey.

29If una no sey E dey raitious, den una go no sey, doz wey dey du wetin God wont, na en shildren dem bi.

Fest Jon 3

1Mak una si di kaind luv wey awa God get for us. And naw, pipol dey kol us God shildren and tru-tru, na God shildren wi bi. Di wold nor no us, bikos dem nor no am.

2My frends, wi bi God shildren naw and wi neva no as wi go bi wen Kraist go kom bak. Bot wi no sey wi go bi laik am, bikos wi go si-am jos as E bi.

3And evribodi wey get dis hope for Kraist, dey mak ensef pure, jos as Jisos dey pure.

4Evribodi wey dey laik to sin, nor dey obey God law and to sin, na to disobey God law.

5And una no sey God send Jisos kom, mak e for kari sin komot and no sin dey insaid Kraist.

6Enibodi wey dey stay insaid am nor dey laik to sin, bot pesin wey dey komit sin, neva si or no am.

7So my shildren, mak una nor let enibodi disiv una: If pesin dey du wetin gud for God eye, dat show sey dat pesin dey gud, jos as Kraist dey gud for God eye.

8Bot pesin wey dey laik to sin, na devol pikin, bikos devol dey sin from di biginin. Na dis won mak God Pikin kom dis wold, so dat e go skata all di wok wey devol dey du.

9Pesin wey bi God pikin, nor dey laik to sin, bikos God sid dey insaid am.

10Na laik dis una go tak no God and devol shildren. Pesin wey nor dey du wetin gud for God eye and wey nor luv en broda or sista for Kraist, nor bi God pikin.

11Dis na di Gud News wey una don hear from di biginin sey, mak wi luv ish oda as awasef.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

12Nor bi laik Kain wey bi devol pikin, wey kil en broda. And wetin mak am kil-am? Na bikos God nor asept en ofrin as E asept Abel own.

13So my broda and sista, mak una nor sopraiz sey dis wold pipol hate una.

14Wi no sey wi don kros from deat enta life, bikos wi dey luv and kare for awa brodas and sistas for Kraist.

15Pesin wey hate en broda or sista for Kraist, fit kil pesin and di life wey nor go end, nor dey insaid am.

16Dis na wetin mak us no wetin luv bi: Jisos Kraist die for us, so wi sopoz sakrifais awa life for awa felow Kristen brodas and sistas.

17Bot pesin wey get enof tins and e nor sori for en broda or sista for Kraist wey nor get at-all, na haw God luv go tak dey insaid am?

18My shildren, mak wi nor dey luv wit onli wod for mout, bot mak wetin wi dey du, show sey wi rili luv ish oda.

19Wetin wi dey du go show sey wi dey liv for di trut, so wi go dey bold wen wi stand for God front.

20So, ivun if awa maind kondem us, wi no sey God big pas awa maind and E no evritin.

21My frends, if awa maind nor kondem us, awa heart go strong for God present

22and enitin wey wi ask from am, E go giv us, bikos wi dey du wetin E wont and na dis tins dey mak bele swit am.

23Na wetin E komand bi dis, "Mak wi biliv en pikin Jisos Kraist name and mak wi luv ish oda, ivun as E don komand us."

24So enibodi wey du all wetin God tok, dey insaid am and God dey insaid dat pesin tu. Wi no sey E dey insaid us, bikos di Spirit wey E giv us, dey stay insaid us.

Fest Jon 4

1My frends, mak una nor biliv evribodi wey sey na God Spirit dey tok tru am. Una must test am to no weda na God Spirit e rili get. Bikos meni fake profets dey for dis wold.

2Dis na haw una go tak no God Spirit: If pesin biliv sey na Jisos bi di Mezaya, wey kom as humanbin, dat pesin get God Spirit.

3Bot evribodi wey nor gri sey Jisos na Oga, dat pesin spirit nor kom from God. Dat na di anti-kraist spirit wey una hear sey dey kom and e don alredi dey dis wold.

4My shildren, una kom from God and una don get victori ova doz pipol, bikos di pesin wey dey insaid una, big pas di pesin wey dey di wold.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

5Dem kom from dis wold: so dem dey tink laik pipol for di wold and di pipol wey dey
di wold, dey listin to dem.

6Wi kom from God and di pesin wey no God dey listin to us, bot pesin wey nor no
God, nor dey agri wit us. Dis na haw wi tak dey no di tru Spirit and di spirit wey dey
disiv pipol.

7My frends, mak wi luv won anoda, bikos luv kom from God and enibodi wey luv
odas, na God pikin and e no God,

8bot pesin wey nor luv en broda nor no God, bikos God na luv.

9Dis na haw God luv dey show for awa life: God send en onli Pikin wey e born, mak e
kom dis wold, so dat tru am, wi go get life wey nor dey end.

10Na dis bi luv: nor bi sey wi first luv God, bot na-im first luv us wen E send en Pikin
kom die for us as sakrifais wey mak am forgiv us awa sins.

11My frends, if God luv us laik dis, den wi must luv ish oda.

12Nobodi don eva si God bifor. If wi luv ish oda, God dey insaid us and en luv dey
pafet insaid us.

13God don giv us en Spirit to show sey wi dey insaid am and e dey insaid us.

14Wi don si wit awa eye sey, di Papa send en Pikin to bi Savior for di wold.

15If enibodi sey Jisos na God Pikin, dat show sey, God dey insaid am and e dey insaid
God tu.

16Wi no and biliv sey, God luv us and en luv dey insaid us.

17And as wi dey stay insaid God, awa luv dey grow more-more. So wi nor go fear for
jojment day, bot wi go face God wit konfident, bikos wi liv laik Jisos Kraist wen wi
dey di wold.

18Dis kaind luv nor get fear, bikos beta luv dey driv fear komot from pesin heart. If wi
dey fear bikos wi nor wont mak God ponish us, dat show sey wi neva rili no haw en
luv bi.

19Bikos God first luv us, naim mak us dey fit luv ish oda.

20If sombodi sey, "I luv God" and e hate en Kristen broda, e dey lai, bikos pesin wey
nor luv en Kristen broda wey e dey si, haw e wont tak luv God wey e nor dey si?

21God don komand us sey: "If enibodi luv mi, mak e luv en broda and sista for Kraist
tu."

Fest Jon 5

1Enibodi wey biliv sey na Jisos bi Kraist, don bi God pikin and enibodi wey luv di
Papa, luv di pikin wey E born.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

2Wi go no sey wi luv God shildren, wen wi luv God and obey en komandment.

3To luv God, na to kip en komandment and en komandment nor dey hard.

4Enibodi wey bi God pikin, don win di wold and na awa fate bi di pawa wey win di wold.

5Pesin wey biliv sey Jisos Kraist na God Pikin, don win di wold.

6Na Jisos Kraist kom dis wold wit wota and blood. Nor bi onli wit wota, bot na wit di wota and di blood. And God Spirit bear witnes sey dis na tru, bikos na God Spirit bi di trut.

7Wi get tiri witnes to show sey wetin wi dey tok, na tru and dem bi:

8God Spirit, di wota and di blood and dis tiri witnes dey tok di same tin.

9If wi gri sey wetin humanbin tok na tru, den wetin God tok abaut en pikin, naim big pas.

10(Di pesin wey biliv God Pikin, go no insaid ensef sey, dis tin na tru, bot pesin wey nor biliv God, dey sey God dey lai, bikos e nor biliv wetin God tok abaut en Pikin).

11Dis na wetin God tok: God don giv us life wey nor dey end and dis life dey insaid en Pikin.

12Enibodi wey get di Pikin, get di life wey nor go end, bot doz wey nor no God Pikin, go die.

13I don rite all dis tins giv una wey biliv God Pikin, so dat una go no sey una get life wey nor go end.

14Na dis tins dey mak awa maind strong enitaim wey wi kom mit God: bikos if wi ask am for enitin wey dey gud for en eye, E go giv us.

15And if wi no sey E dey hear us, den wi biliv sey wi go get di tins wey wi ask from am.

16If enibodi si en broda or sista for Kraist dey komit sin wey nor go kil-am, mak e ask God and God go giv life to dat pesin. E get di kaind sin wey dey kause deat and I nor sey mak una pray mak God forgiv di pesin wey dey komit dat sin.

17Evritin wey nor gud for God eye, na sin, bot e get di sins wey nor dey kause deat.

18Wi no sey enibodi wey bi God pikin, nor dey laik to sin, bot God dey kip en pikin, so dat devol nor go fit tosh am.

19Wi no sey wi bi God shildren and dis wold wey wi dey so, na wiked pipol dey rule am.

20Wi no sey God Pikin don kom and e don giv us sense to no di trut abaut God. And wi dey insaid en Pikin, Jisos Kraist. Na-im bi di ril God and na-im bi di life wey nor go end.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

21 So my shildren, mak una mak sure sey una nor get enitin to du wit oda gods.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Sekon Jon

Sekon Jon 1

1Mi wey bi elda dey rite dis leta to di wuman wey God shuz, wit en shildren wey I luv
insaid di trut (nor bi onli mi, bot na evribodi wey no di trut).

2Bikos di trut dey insaid us, e go stay insaid us foreva.

3Mak God, awa Papa and Jisos Kraist, en pikin wey dey insaid trut and luv, giv us
grace, mesi and peace.

4I dey hapi wel-wel, wen I si sey som for yor shildren dey liv akordin to di trut, jos as
di Papa komand us.

5I dey rite to rimaind una sey, mak una luv won anoda. Dis nor bi new komandment,
bot na di won wey dey from di biginin.

6(Na wetin luv min bi dis: mak wi dey du wetin God wont.) Na di komandment bi dis
and jos as wi hear am from di biginin; na so wi sopoz to folo am.

7Bikos pipol wey dey disiv odas, don enta di wold; dem nor gri sey Jisos Kraist don
kom dis wold as humanbin bifor. Dis kaind pipol dey disiv odas and na anti-kraist
dem bi!

8Mak una shine una eye, so dat di wok wey wi du among una, nor go loss, bot insted,
wi go get komplit riwod.

9Pesin wey nor dey folo wetin Kraist tish, bot dey faind oda yeye tishas, nor no God.
Bot pesin wey dey obey dis tishin, get both di Papa and en Pikin.

10If enibodi kom mit una and e nor asept wetin wi dey tish, mak una nor welkom or
risiv am as una broda.

11Bot pesin wey risiv am, go dey folo am du di wiked tins wey e dey du.

12Ivun doh I get meni oda tins wey I won tel una, I nor won tak paper and biro rite
dem, bot I hope sey I go kom visit una and I go tok to una face-to-face, so dat awa
hapines go ful.

13Una sista shildren wey God don shuz, dey grit una.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Ted Jon

Ted Jon 1

1Mi wey bi elda dey rite dis leta to Gaius, my broda wey I luv wel-wel.

2My frend, I dey pray sey mak evritin dey gud for yu and mak yor bodi wel, jos as yor soul wel tu.

3I hapi wel-wel wen awa brodas kom tok abaut haw yu dey always liv for di trut.

4Wetin mak mi hapi wel-wel na wen I hear sey my shildren dey liv akordin to di trut.

5My frend, di tins wey yu dey du for awa brodas wey yu nor ivun no, gud wel-wel.

6Dem don ivun tok abaut yor luv for insaid di shosh wer God pipol gada. E go gud sey wen dem kom yor side, mak yu help dem, so dat bele go swit God as dem dey kontinu dia joni.

7Dem start dia joni bikos of "Kraist name" and dem nor gri tak enitin from pipol wey nor bi Kristen.

8So wi sopoz to help doz pipol, so dat wi go bi dia co-woka wey go mak di trut stand.

9I bin rite leta to di shosh pipol, bot Diotrephes, wey dey kari bodi up sey na-im bi dia lida, nor gri welkom us.

10So, wen I kom, I go tel evribodi wetin e du; tins wey wi nor du and e sey wi du-am. Ivun doh e dey tok bad abaut us, dat won nor du for am; nor bi onli sey e nor dey welkom awa brodas, bot e dey mak odas nor welkom dem tu and e dey driv dem komot from di shosh.

11My frend, mak yu nor folo bad tin, bot du wetin dey gud. Di pesin wey dey du gud, na God own and di pesin wey dey du wetin bad, neva no God.

12Pipol don tok abaut Demetrius, bikos e dey du gud and ivun di trut wey e no, show sey e gud. Wi sef dey tok abaut haw e gud and yu no sey wetin wi dey tok, na tru.

13I get meni tins wey I won tel yu, bot I nor won rite dem wit biro and paper.

14I dey hope sey I go soon si yu and wi go tok face-to-face.

15Mak peace dey wit yu. Awa frends for here dey salot yu tu. Mak yu grit all awa frends wey dey der.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Jude

Jude 1

1Dis leta na from Jude, Jisos Kraist savant and James broda. To di pipol wey God don kol, wey Papa God luv don wrap laik klot for Jisos Kraist bodi.

2Mak mesi, peace and luv dey wit una!

3My frends, ivun doh e don dey hungri mi since to rite giv una abaut di salvashon wey wi dey share togeda, naw e strong wel-wel for my maind to rite, so dat una maind go dey strong. So una go fit stand fite for wetin wi biliv; di tins wey God don giv en pipol and nor-tin go fit shange am.

4Som pipol don hide join una and God don mark dem for distroshon. So I won tel una abaut dis tins sey, dis pipol nor dey fear God. Dem don dey yuz God grace as eskuze to dey du bad-bad tins. Dis pipol nor gri asept Kraist as dia Masta and Oga.

5So I won rimaind una ivun doh una don alredi no dis tins. Afta God don first save Izrel pipol from Egypt, e kon distroi doz wey nor biliv am.

6And I stil dey rimaind una abaut di angels wey nor stay for wer God put dem, bot kon komot for wer dem sopoz dey. God don chain dem tie for daknes ontil wen E go joj di wold.

7Mak una yuz Sodom and Gomora and di tawns wey dey near dem, as exampol. God ponish dem wit fire wey nor dey end, bikos both men and wimen dey slip wit ish oda enihaw, dem ivun dey slip wit animas and dem dey du oda wiked tins wey dey dia maind.

8Laik dis tu, dis men wey sey dem dey dream, dey liv bad life, dem nor dey obey God autoriti and dem ivun dey kos angels wey get glori.

9Bot wen Michael, di big angel dey kworel wit devol bikos of Mosis bodi, e nor kos am, bot insted, e sey, "Na God go joj yu!”

10Bot dis pipol nor undastand wetin dem dey tok and dis na wetin dem sopoz to undastand witout sey pesin tish dem. As animas nor dey tink bifor dem du tins, na so dis pipol dey bihav.

11Kos dey dia head! Bikos dem dey bihav laik Kain and bikos of long-trot, dem dey du di mistak wey Balaam du. So dem go must die laik Kora, wey disobey God.

12Wen dis pipol dey folo una chop di feloship fud wey God don bless, dem bi laik shuku-shuku for una bodi. Dem bi laik shepad wey nor dey shame, wey kare for onli ensef. Dem bi laik kloud wey jos dey blow, bot rain nor dey fal. Dem bi laik tri wey nor get fruts and God don root dem komot from groun.

13Dem bi laik wave for sea wey dey foam kom out. Dem bi laik star wey nor dey stay won place and God don kip di place wey deep pas for daknes, dey wait dem.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14Enok wey bi di numba sevun pesin afta Adam, profesai abaut dis pipol. E sey, "Listin! Di Oga dey kom wit en holi pipol wey nobodi fit kount and

15e dey kom joj evribodi, so dat pipol go no di bad tins wey dem dey du and di wiked wods wey sinas don tok against God.

16Dis pipol dey komplain waka and dey faind fault. Dem dey go eni wer wey dia bodi kari dem go and dem dey boast. Dem dey tok wetin pipol laik to hear, so dat odas go praiz dem.

17Bot my frends wey I luv, mak una rimemba wetin awa Oga Jisos apostols tel una.

18Dem sey, "For di taim wen dis wold won end, som pipol go dey laff una and di tins wey God hate wey dey hungri dem to du, naim go dey push dem."

19Dis kaind pipol dey divide God pipol; dem laik dis wold tins and dem nor get God Spirit.

20My frends, mak una dey build unasef up wit fate wey holi wel-wel and dey pray wit di Holi Spirit.

21Mak una kip unasef insaid God luv as una dey wait for awa Oga Jisos Kraist, wey go bring life wey nor go end.

22And mak wi help doz wey dia fate dey shake.

23Mak una help odas mak dem nor enta hell fire, so dat una go fit save dem and as una dey help odas, mak una dey fear God kon hate di tins wey go mak una sin.

24Naw, mak all glori bi God own, bikos E nor let una fal and E go bring una kom en present wit beta joy and witout fault.

25Mak all glori, majesti, pawa and autoriti, bi God own, naw and foreva tru Kraist wey bi awa Oga. Amen!

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Revelashon

Revelashon 1

1Dis vishon na from Kraist and na God sey mak e show en savants wetin go soon hapun. E mak am klear tru di angel wey E send kom mit Jon

2and Jon bear witnes for evritin wey e si. Dis na wetin Jon tok konsanin God wod and abaut Jisos Kraist.

3Di pesin wey go read dis profesi giv pipol, God go bless am. God go bless doz wey dey listin and du wetin dem rite for di profesi, bikos di taim don near.

4Na Jon rite dis leta go giv di sevun shosh dem wey dey Asia aria. Mak grace and peace dey wit una from di Pesin wey dey since, wey dey naw and wey go stil kom. From di sevun spirits wey dey en throne front

5and from Jisos Kraist, di witnes wey dey tok trut; di firstborn among doz wey God raiz from deat and naim bi di King of all kings. Kraist wey luv and fri us from awa sins wit en own blood;

6di won wey giv us beta kindom kon mak us prist wey go dey serv God, en Papa, mak glori and pawa bi en own foreva and eva! Amen.

7(Mak una luk! E dey kom bak insaid di kloud and evri eye go si-am. Ivun doz wey shuk am and all di tribes wey dey dis eart, go krai bikos of am. Dis tins go rili hapun! Amen.)

8God sey, "Na mi bi di Alfa and Omega, di Won wey dey since, wey dey naw and wey go stil kom, na mi bi di Almighti God!

9Mi, Jon, I bi una broda and I dey folo una share from di trobol bikos of di kindom and dey bear di sofa wey dey insaid Jisos. Dem porshu mi go Patmos Island, bikos I dey prish God wod and tok abaut Jisos Kraist.

10On Sunday, God Spirit kon dey kontrol mi and from my bak, I kon hear won loud vois laik trumpet dey sey,

11"Mak yu rite evritin wey yu dey si insaid dis book, den send dem go mit di pipol wey dey di sevun shosh dem wey dey for Efisos, Smirna, Pergamum, Tiatira, Sardis, Filadelfia and Laodisia."

12Wen I turn mak I si di pesin wey dey tok to mi, I kon si sevun lampstands wey dem tak gold mak.

13And di pesin wey stand for di lampstand senta, bi laik Man Pikin. E wear long dress wit gold belt for en waist.

14En head and hair white laik wool, dem ivun white rish snow and en eyes red laik fire wey dey burn wel-wel.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

15En legs bi laik bronze wey dem polish for fire and en vois bi laik di nois wey sea dey mak.

16E hol sevun stars for en rite hand and sword wey get tu sharp side, dey kom out from en mout. En face dey shine laik sun.

17Wen I si-am, I fal near en leg laik sey I don die. Bot E tosh mi wit en rite hand, kon sey: "Nor fear! Na mi bi di First and di Last,

18di Won wey dey alaif! I die bifor, bot naw, I dey alaif foreva and eva. Deat and grave key dey my hand.

19"So mak yu rite wetin yu si: both doz wey go hapun naw and di wons wey go hapun leta.

20"Di sevun stars wey yu si for my rite hand, na dia sikrit bi dis: Di stars na di angels for di sevun shosh dem and di sevun lampstands, na di sevun shosh."

Revelashon 2

1"Mak yu rite di tins wey I won tel yu naw, go giv di angel for di shosh wey dey Efisos: 'Di Pesin wey hol di sevun stars for en rite hand and dey waka roun di sevun lampstands, dey tel di pipol for di shosh sey:

2'I no yor wok. I don si evritin wey yu du and ivun as yu dey wait wit patient. I no sey yu nor laik wiked pipol. Yu don test pipol wey sey dem bi apostols, bot dem nor bi, bikos yu si sey, dem dey lai.

3'I stil no sey yu don bear meni tins bikos of my name and stil, yu neva taya.

4'Bot dis na wetin I get against yu: di way yu luv mi naw, nor strong rish as e bi bifor!

5'So, mak yu rimemba wer yu from fal and turn from sin kom mit God, den bigin du di tins wey yu first dey du. If yu nor gri turn from sin kom mit God, I go rimov yor lampstand from wer e dey.

6'Bot all dis tins dey hapun mak e for beta for yu, bikos yu hate di tins wey Nikolaitan pipol dey du and I hate doz tins tu.

7'Pesin wey get ear, mak e hear wetin di Spirit dey tel di pipol for di shosh. Enibodi wey fit bear rish di end, I go alow am chop from di tri for God Paradise and dis tri dey giv life.'"

8"Mak yu rite di tins wey I won tel yu naw, go giv di angel for di shosh wey dey Smirna: 'Dis mesage na from di Pesin wey bi di First and di Last, di Won wey die kon kom bak to life.

9'I no di sofa wey yu sofa and haw yu nor get moni, bot yu get enof moni. I stil no di bad tins wey dem tok abaut yu. Dem sey dem bi Ju pipol, bot dem nor bi Ju, bikos dia sinagog, na Satan own.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

10'Mak yu nor fear di tins wey yu go soon sofa. Devol go trow som of una insaid prizin, so dat e go test una. Yu go sofa for ten days. Bot mak yu nor liv mi, ivun if e min sey yu go die. Bikos I go giv yu di krawn wey bi life.

11'Pesin wey get ear, mak e hear wetin di Spirit dey tel di pipol for di shosh. Enibodi wey fit bear rish di end, di sekon deat nor go kil-am."‘

12"Mak yu rite di tins wey I won tel yu naw, go giv di angel for di shosh wey dey Pergamum: 'Dis na di mesage from di Pesin wey hol di sword wey get tu sharp side.

13'I no sey yu dey stay for wer Satan throne dey. Bot yu stil hol my name strong wel-wel and yu nor denai mi ivun wen dem kil my savant Antipas, for wer Satan dey stay.

14'Bot dis na wetin I get against yu: Yu get som pipol wey dey folo wetin Balaam dey tish and na Balaam tel Balak sey mak e kause wahala for Izrel pipol. Na-im mak dem sin wen e sey mak dem chop juju fud kon slip wit hu nor bi dia husban or wife.

15'Laik dis tu, som pipol among una dey folo wetin Nikolaitan pipol dey tish.

16'So, mak yu turn from sin kom mit God! If not, I go kwik-kwik kom fite yu wit di sword wey dey my mout.

17'Pesin wey get ear, mak e hear wetin di Spirit dey tel di pipol for di shosh. Enibodi wey fit bear rish di end, I go gi-am som manna wey dem hide for hevun. I go giv am white stone and for dat stone, dem go rite new name put and nobodi go fit undastand am, esept di pesin wey I giv di stone."‘

18"Mak yu rite di tins wey I won tel yu naw, go giv di angel for di shosh wey dey Tiatira: 'Dis mesage na from God Pikin wey en eye red laik fire wey dey burn wel-wel and en legs bi laik bronze wey dem polish:

19'I no all di tins wey yu dey du. I don si yor luv, yor fate, yor wok and as yu dey wait wit patient. And I si as yu dey du wel for all dis tins.

20'Bot dis na wetin I get against yu: Yu alow dat wuman, Jezebel, mak e dey du wetin e laik. Dat wuman wey kol ensef profet and di tins wey e dey tish dey mak my savants sin, bikos dem dey slip wit hu nor bi dia husban or wife and dem dey chop juju fud.

21'I don giv am taim mak e turn from sin kom mit God, bot e nor gri stop to slip wit doz wey nor bi en husban.

22'Si! I go trow am put for bed wer e go sofa and doz wey dey sin wit am, go sofa wel-wel, unles dem turn from sin kom mit God.

23'I go kil all en shildren, den all di shosh pipol go no sey I no wetin dey for pipol maind and heart. I go riwod evribodi akordin to wetin e du.

24'Bot una wey dey Tiatira, wey nor dey folo wetin Jezebel dey tish (wey neva learn di tins wey dem dey kol "Satan deep sikrit"), I dey tel una dis tins naw, bot I nor go ask una for enitin again.

25'Mak una hol wetin una get ontil I kom.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

26'Enibodi wey fit bear and obey mi rish di end, I go giv am autoriti ova all di nashons.

27'E go rule di nashons wit iron kon break dem to pisis laik pot.

28'E go get di same autoriti wey I get from my papa and I go stil gi-am di star wey dey shine for mornin.

29Pesin wey get ear, mak e hear wetin di Spirit dey tel di pipol for di shosh.

Revelashon 3

1"Mak yu rite di tins wey I won tel yu naw, go giv di angel for di shosh wey dey Sardis: 'Di Pesin wey hol God sevun spirits and di sevun stars: I no wetin yu dey du; for pipol eye, yu dey alaif, bot tru-tru, yu don die.

2'So mak yu raiz-up kon giv pawa to di rimainin tins wey don nearli die, bikos yor wok nor dey gud for God eye.

3'Mak yu rimemba wetin yu don hear and risiv and mak yu obey dem kon turn from sin kom mit God. If yu nor shine yor eye wel, I go kom laik tif and yu nor go no di taim wen I go kom.

4'Bot yu get som pipol for Sardis wey neva stain dia klot, dem go wear white klot folo mi waka, bikos dem deserve am.

5'Enibodi wey fit bear rish di end, go wear white klot laik dem and I nor go rimov en name from my Life Book, bot I go tok abaut am for my Papa and en angels front.

6'Pesin wey get ear, mak e hear wetin di Spirit dey tel di pipol for di shosh.'"

7"Mak yu rite di tins wey I won tel yu naw, go giv di angel for di shosh wey dey Filadelfia: 'Di Pesin wey dey holi and tru, wey hol David key; wen dis pesin opun door, nobodi go fit klose am and wen e klose door, nobodi go fit opun am.

8'I no evritin wey yu dey du. (Si, I don opun door for yu wey nobodi go fit klose.) I no sey yu nor tu get pawa, bot yu don obey my wod and yu nor denai mi at-all.

9'Listin! Doz pipol from Satan sinagog wey lai sey dem bi Ju, I go mak dem bow for yor front, den dem go no sey I rili luv yu.

10'Bikos yu don obey my komandment wey bi to get patient, I go protet yu wen I won test evribodi for dis wold.

11'I go soon kom. Mak yu hol wetin yu get wel-wel, so dat nobodi go tak yor krawn from yu .

12'Enibodi wey fit bear rish di end, I go mak am pillar for my Papa Tempol and e nor go eva komot from der. I go rite my Papa name; David tawn; di new Jerusalem wey dey kom from hevun and my own new name, put for en bodi.

13'Enibodi wey get ear, mak e hear wetin di Spirit dey tel di pipol for di shosh.'"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14"Mak yu rite di tins wey I won tel yu naw, go giv di angel for di shosh wey dey
Laodisia: 'Dis mesage na from di Pesin wey bi di Amen; di witnes wey dey obey God
komandment since E kreate di wold.

15'I no evritin wey yu du. Yu nor dey hot or kold. I wish sey yu hot or kold!

16'Bot since yu jos dey warm and yu nor hot or kold, I go vomit yu komot from my
mout!

17'Bikos yu dey sey, "I get plenti moni and I nor nid enitin!" Bot yu nor no sey yor
kondishon bad wel-wel, yu dey sofa; yu poor, blind and naked.

18'So I advise yu sey mak yu buy gold; gold wey dem don polish wit fire. Den yu go
get plenti moni. Mak yu stil buy white klot from mi kon wear am, so dat dem nor go si
yor nakednes again, den buy medicine put for yor eye, so dat yu go fit si.

19'I dey koret and ponish enibodi wey I luv. So mak yu dey serious kon turn from sin
kom mit God!

20'Listin! I stand for di door dey nok! If enibodi hear my vois, kon opun di door, I go
enta go mit am, kon folo am chop and e go chop wit mi tu.

21'Bikos I bear rish di end kon folo my Papa sidan for en throne, enibodi wey fit bear
rish di end, go folo mi sidan for my throne tu.

22'Pesin wey get ear, mak e hear wetin di Spirit dey tel di pipol for di shosh.'"

Revelashon 4

1Afta all dis tins, I luk up kon si won door wey opun for hevun! Den di vois wey I
first hear kon tok to mi laik loud trumpet dey sey: "Mak yu kom up, so dat I go show
yu wetin go hapun afta dis tins."

2So for di vishon, I si won throne for hevun wey pesin sidan put!

3Di pesin wey sidan for di throne bi laik jasper and carnelian stone. Rainbow dey roun
di throne and e bi laik sey dem mak am wit emerald stone.

4Twenti-for oda thrones dey roun di first throne and twenti-for eldas sidan put for di
thrones. Dem wear white klot and gold krawn dey dia head.

5Lite dey shine kom out from di throne and thunda dey mak nois from am tu. For di
throne front, sevun tosh wey get fire dey burn for der. Dis na God sevun spirit.

6Di throne front dey shine laik mirror and e bi laik kristal. For senta and aroun di
throne, for kreatures wey get eye ful bodi, dey for der tu.

7Di first won bi laik lion, di sekon won bi laik melu, di ted won get humanbin face
and di fort won bi laik eagle.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

8Ish for di for kreatures get sis feda and eye ful di fedas. Dem nor dey eva res for nite or day and dem dey always sey: “Holi! Holi! Holi! Na-im bi di God wey dey mighti. Di Pesin wey dey since, wey dey naw and wey go soon kom.”

9Weneva di for kreatures dey tank, praiz and onor di Pesin wey sidan for di throne wey dey alaif foreva and eva,

10di twenti-for eldas go bow woship di Pesin wey dey liv foreva and eva. Dem go rimov dia krawn put for en throne front kon sey,

11"Awa Oga and God! Yu dey wordi to risiv glori, onor and pawa, bikos na yu kreate evritin as yu wont."

Revelashon 5

1Den I si sey di Pesin wey sidan for di throne, hol won book for en rite hand. Dem rite somtin put for di front and bak kon lock-am wit sevun keys.

2Den I si won strong angel dey shaut wit loud vois sey: "Na hu dey holi rish to break di keys and opun dis book?”

3Bot nobodi for hevun, eart or unda eart fit opun di book or luk insaid.

4So I start to krai, bikos nobodi dey holi rish to opun di book or luk insaid.

5Den won of di eldas kon tel mi, "Mak yu nor krai again! Luk, di lion for Juda tribe, wey kom from David famili, don win. So e go opun di book and break di sevun keys.

6Den I si won Lamb wey bi laik sey dem don kil-am, bot e stand for di throne senta wit di for kreatures and di twenti-for eldas. E get sevun horns and sevun eyes wey bi God sevun spirit, wey E send enta di eart.

7Den e waka go kolet di book from di Pesin wey sidan for di throne.

8And wen e tak di book, di for kreatures and di twenti-for eldas fal for di Lamb front. Ish of dem hol harp and basin wey insent ful. Dis insent na God pipol prayas.

9Dem kon dey sing new song sey: “Yu holi rish to tak di book kon opun di keys, bikos dem kil yu and na yor blood save all God pipol from evri tribe, language, grup and kontri.

10Yu don shuz dem as kings and prists wey go serv God and dem go rule for di eart.’’

11As I dey luk, I kon hear meni tazon angels vois as dem stand roun di throne, di for kreatures and di eldas.

12All of dem kon dey sing wit loud vois sey: Di Lamb wey dem kil, mak glori, pawa, propati, wisdom and onor, bi en own!

13Den I hear evritin wey God kreate for hevun, eart, unda eart, sea and evritin wey dey insaid dem dey sing sey: "Mak praiz, onor, glori and pawa to rule, bi di Pesin wey sidan for di throne and di Lamb own, foreva and eva!”

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14And di for kreatures kon sey, "Amen!" Den di eldas fal face groun kon start to woship God.

Revelashon 6

1As I dey luk, di Lamb kon opun won for di sevun keys and I hear won for di for kreatures dey shaut laik thunda sey, "Mak yu kom!”

2So I luk kon si won white horse dey kom! Di pesin wey dey ride am hol bow and e wear krawn for en head. E go fite and win meni war and na champion e bi.

3Wen di Lamb opun di sekon key, I kon hear di sekon kreature dey sey, "Mak yu kom!”

4Den anoda red horse kom out. Dem giv di pesin wey dey ride am, big sword and pawa to tak rimov peace from dis eart. So pipol kon dey fite and kil ish oda for evriwer.

5Den wen di Lamb opun di ted won, I hear di ted kreature dey sey, "Mak yu kom!" So I luk and I si won blak horse dey kom! Di pesin wey dey ride am hol rula for en hand.

6Den I hear won vois among di for kreatures dey sey, "Dem dey sel sis pound for barley and won bread for onli won penni and mak yu nor spoil di olive oil and wine.”

7Wen di Lamb opun di fort key, I hear di fort kreature dey sey, "Mak yu kom!”

8So I luk kon si won horse wey en color bi laik grin wey don dey fade! Di pesin wey dey ride am, na Deat dem dey kol am and en frend na di Grave. Wen dem divide di eart into for, dem giv di tu of dem pawa ova won part, so dat dem go kil pipol wit dia sword, wit honga, diziz and wit wiked animas.

9Wen di Lamb opun di fift key, pipol wey dem don kil bikos of God wod and wetin dem dey tok abaut Kraist, I si dia soul for unda di alta.

10Dem dey krai wit loud vois sey, "Oga wey get pawa, haw long e go tak bifor yu go joj doz wey dey liv for dis eart? Mak yu ponish dem, bikos na dem kil us!”

11Den dem giv ish of dem long white klot kon sey, mak una res smol ontil di oda savants and una brodas for Kraist wey wiked pipol go kil, don komplit.

12Den di Lamb opun di sist key and big eartquake kon hapun. Di sun kon dak laik blak klot and di moon kon dey red laik blood.

13Di stars for skai fal kom groun laik di way fig tri frut wey ripe, dey fal wen strong briz dey blow.

14Di skai kon dey fold laik paper and evri mountin and island move komot from wer dem dey bifor.

15Den evribodi, bot di kings for di eart, di rulas, offisas, doz wey get moni, doz wey get pawa and evri slave and fri pesin kon hide demsef for holes and among di mountins.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

16Dem kon dey krai giv di mountin and di rock sey, "Mak yu fal on-top us and hide us
from di Pesin wey sidan for di throne and mak yu hide us from di Lamb vesnashon."

17Bikos di day to ponish dem, don kom and nobodi go sovaiv am.

Revelashon 7

1Den, I si for angels stand for di for kona for di eart and dem hol di for briz, so dat e
nor go blow for di eart, di sea or for eni tri.

2Den I si anoda angel dey kom dan from di east. E kari God key, den e kon shaut giv
doz for angels wey dem don giv pawa to ponish land and sea sey,

3"Mak una wait! Mak una nor ponish di land, sea or di tris, ontil wi don put God mark
for en savants forehead."

4Den I hear di numba wey dem put God mark for dia forehead. Dem bi 144,000 from
all di tribes for Izrel:

5Dem mark 12,000 from Juda tribe,

12,000 from Ruben tribe,

12,000 from Gad tribe.

6And from Asher tribe, na 12,000 dem mark,

12,000 from Naftali tribe,

12,000 from Manasseh tribe,

712,000 from Simeon tribe,

12,000 from Levi tribe,

12,000 from Isakar tribe,

812,000 from Zebulun tribe,

12,000 from Josef tribe and 12,000 from Benjamin tribe.

9Afta all dis tins, I luk up kon si crowd wey nobodi fit kount. Dem kom from difren
tribe, kontri, grup, language and dem stand for di throne and di Lamb front. Dem wear
white klot kon hol palm tri bransh for hand

10dey shaut sey, "Awa God wey sidan for di throne and di Lamb, na yu get pawa to
save pipol!"

11And all di angel stand roun di throne, di eldas and di for kreatures. Dem fal face
groun kon bigin woship God.

12Dem kon dey sey, "Mak praiz, glori, wisdom, tanks, onor, autoriti and pawa bi awa
God own foreva and eva. Amen!"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

13Den won for di eldas kon ask mi sey, "Dis pipol wey wear long white klot so, wer dem from kom?”

14I kon ansa, "My oga, na yu no di ansa." Den e sey, "Dis pipol die bikos of Kraist. Dem don yuz di Lamb blood tak wosh dia klot, naim mak am white laik dat!

15"Dis na why dem stand for God throne front kon dey serv am for en Tempol, both for nite and day taim.

16"Hungri nor go eva kash dem again. Dem go always get wota to drink; sun nor go eva beat dem again.

17"Bikos di Lamb for di throne, go bi dia Shepad. E go tak dem go drink from di riva wey dey giv life. And evri tears wey dey dia eyes, God go klin am komot."

Revelashon 8

1Wen di Lamb opun di sevunt key, evriwer for hevun kon kwayet for laik tati minutes.

2Den I si sevun angels wey stand for God front and E giv dem sevun trumpets.

3Den anoda angel hol gold pan for hand kon stand near di alta. And God sey mak e mix meni insent join God pipol prayas and e go bi ofrin bifor di gold alta.

4Di smoke from di insent, plus God pipol prayas kon dey go up go mit God from di angel hand.

5Di angel tak di basin wey dem dey burn insent put kon pack fire ful am from di alta, den e trow am kom di eart and thunda wit strong lite and heavi eartquake kon hapun.

6Di sevun angels wey hol di sevun trumpets dey redi to blow dem.

7Di first angel blow en own and dem kon trow stone wit fire wey mix wit blood kom di eart. So if dem divide di eart into tiri, won part burn finish. And if dem divide di tris wey dey di eart into tiri, won part wit all di grin grass, burn finish tu.

8Den di sekon angel blow en trumpet and dem trow mountins wey fire dey, enta di sea. If dem divide di sea into tiri, won part kon turn to blood.

9And wen dem divide evritin wey get life for di sea into tiri, won part die finish. Den wen dem divide all di ships for di wold into tiri, won part burn finish tu.

10Den di ted angel blow en trumpet and won big star from di skai fal kom from hevun laik tosh wey dey bring fire. Wen dem divide evritin for di riva into tiri, e fal for won part.

11Di star name na "Bitanes." So if dem divide di wota into tiri, won part bita and di wota kon kil pipol wey drink from am.

12Den di fort angel blow en trumpet and wen dem divide di sun, moon and stars into tiri, dem fal for won part and di part kon dak. So if dem divide day and nite into tiri,

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

won part for di day nor get sun again and won part for di nite, moon and star nor kon dey shine again.

13Den I luk and I hear won eagle dey shaut as e dey flai for skai, "E go bad wel-wel! E go bad wel-wel! E go bad wel-wel for pipol wey dey dis eart, bikos of wetin go hapun wen di last tiri angels go blow dia trumpets."

Revelashon 9

1Den di fift angel blow en trumpet and I si won star wey fal from hevun kom eart and dem giv am di key wey e go yuz tak opun di pit.

2Wen e opun am, smoke kom out laik fire kon turn di sun and briz to daknes.

3From insaid di smoke, grasshoppas bigin enta di eart and dem giv dem pawa laik skorpion own.

4Di angel tel dem, "Mak una nor distroi di grass, plants and tris, bot distroi onli di pipol wey God mark nor dey dia forehead."

5E stil tel dem, "Nor kil di pipol wey get God mark for dia forehead, bot mak una sofa dem for faiv monts wit pain wey bi laik skorpion own.

6For dat taim, pipol go luk for deat, bot dem nor go si-am. Dem go won die, bot deat go run from dem.

7Di grasshoppas bi laik horse wey dey redi for war. Wetin dey dia head, bi laik gold krawn and dia face bi laik humanbin own.

8Dia hair bi laik wimen hair and dia tit bi laik lion own.

9Wetin dem wear bi laik bulletproof wey dem mak wit iron and dia feda dey mak nois laik horse wey dey go fite.

10Dia tail dey bite laik skorpion own and di angel giv dem pawa to sofa pipol for faiv monts.

11Na dia king bi di angel wey kom from di pit and en name for Hebrew, na Abaddon and for Greek, na Apollion (pesin wey dey distroi).

12Di first wahala don pas, bot tu oda won stil dey kom.

13Den di sist angel blow en trumpet and I hear won vois dey tok from di for horns wey dey di gold alta for God front.

14Di vois kon tel di angels wey hol di trumpets sey, "Mak yu riliz di for angels wey dem tie for Riva Euphrates!"

15If dem divide di pipol for dis eart into tiri, dem riliz di angels wey dem don priper for dis hour, day, mont and year, sey mak dem go kil won part finish.

16I hear as dia sojas meni rish and dem meni rish tu ondred tazon.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

17For my vishon, I stil si meni horse and doz wey dey ride dem: And di bullet proof wey dis pipol wear, red laik fire kon get dak blue and yellow color. Di horse dem head bi laik lion own and fire, smoke and sulphur, dey kom out from dia mout.

18If dem divide di pipol for dis eart into tiri, di diziz wey bi laik fire, smoke and sulphur wey dey kom out from dia mout, kil won part finish.

19Di horse dem pawa dey for dia mout and tail. Dia tail mout bi laik snake own and dem get pawa to wound and kil pipol.

20Bot di pipol wey dis tins nor kil, nor stil gri turn kom mit God wey go save dem. Dem kontinu to serv dimon and juju wey dem mak wit gold, silva, bronze, stone and wud. Dis juju nor dey si, hear or waka.

21And insted of dem to turn kom mit God, dem stil dey kil pipol; du majik; dey slip wit hu nor bi dia husban or wife and stil dey tif.

Revelashon 10

1Den I si anoda angel wey get pawa dey kom dan from hevun insaid kloud and rainbow dey on-top en head. En face dey shine laik sun and en leg bi laik big fire.

2E hol won smol book wey opun for en hand and e stand wit en rite leg on-top sea kon put en left leg for land.

3Den e shaut wit loud vois laik lion own and sevun thundas ansa am.

4I dey redi to rite wen di sevun thundas dey tok, bot I hear won vois from hevun dey sey, "Enitin wey di sevun thundas tok, mak yu kip am as sikrit and nor rite dem at-all."

5Den di angel wey stand for di sea and land, raiz en rite hand go hevun.

6E swear wit di Pesin name wey go dey foreva and eva. Na dis Pesin kreate di hevun, di eart, di sea and evritin wey dey insaid dem, den di angel kon sey, "Taim go soon rish!"

7Wen di sevunt angel go blow en trumpet, God sikrit plan wey nobodi undastand, go kom out. E go hapun jos as E tel di profets, wey bi en savants.

8Den di vois from hevun tel mi again, "Di angel wey stand for wota and land, mak yu go tak di book wey dey en hand."

9So I go mit di angel sey mak e giv mi di book, bot e sey, "Tak am mak yu chop am." E stil sey, "As yu dey chop am, e go swit laik honey for yor mout, bot wen yu swalow am, e go mak yor bele bita."

10So, I tak di book from di angel hand kon chop am. Tru-tru wen I dey chop am, e swit laik honey for my mout, bot wen I swalow am, e kon bita for my bele.

11Den di angel tel mi, "Yu go stil profesai abaut meni pipol, kontri, language and kings."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Revelashon 11

1Den, dem giv mi won rula wey bi laik wokin stik kon tel mi sey, "Get up mak yu measure God Tempol, di alta and di pipol wey dey woship for der.

2Bot nor measure di tempol varanda, bikos God don giv am to Gentai pipol and dem go mash am for forti-tu monts.

3I go giv my tu witnes autoriti to profesai for 1,260 days and na sack klot dem go wear. ’’

4Na dem bi di tu olive tri and di tu lampstand wey stand bifor di Oga wey get di eart.

5If enibodi dey plan bad for dem, fire go kom out from dia mout kon burn dia enimi finish. And if eni man dey plan bad for dem, na so tu E go tak die.

6Dis tu men get di pawa to klose di skai, so dat rain nor go fal as dem dey profesai. Dem stil get di pawa to turn wota to blood and to kause bad tins to hapun for di eart.

7And wen dem don tok finish, di beast wey kom out from di pit go folo dem fite kon win and kil dem.

8Dia dead bodi go dey for di main strit for Jerusalem wey pipol dey kol "Sodom" and "Egypt" and dis na di tawn wer dem for nail Kraist for kros.

9And for tiri and haf days, all di pipol, tribes, language and nashons go dey luk dia dead bodi. Dem nor go alow enibodi bere dem.

10Sinas go dey hapi bikos of dem and dem go dey giv gift to ish-oda to celebrate di tu profet deat, bikos di profets trobol dem wel-wel.

11Afta di tiri and haf days, God go breat life enta dia bodi and dem go wak-up! Fear go kash all doz wey dey luk dem.

12Den won loud vois from hevun go tel di tu profet, "Mak una kom up!" And dem go-go hevun insaid kloud as dia enemis go dey luk dem.

13For dat same taim, beta eartquake go hapun and if dem divide di tawn into ten, won part go distroi finish. Sevun tazon pipol go die for di eartquake and evri oda pesin go fear kon bigin tank God wey dey hevun.

14Di sekon deat don pas, bot si, di ted won go soon kom.

15Di sevunt angel blow en trumpet and won loud vois kon shaut from hevun: "All di kindom for di wold don bi God and Kraist own. E go rule foreva and eva.”

16Di twenti-for eldas wey sidan for di throne bifor God, go fal face groun kon woship God.

17And dem go sey, "Awa Oga God wey dey mighti, wi dey tank yu. Di won wey dey since and wey go always dey, bikos naw, yu don show yor pawa kon start to rule.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

18"Di nashons dey ves, bot di taim wey yu go ponish dem, don rish. And na naw yu go joj doz wey don die kon riwod yor savants, di profets, doz wey dey gud and evribodi wey dey fear yor name, both smol and big. Dis na di taim to distroi doz wey dey kause wahala for di eart."

19Den for hevun, God Tempol kon opun and en kovenant ark dey insaid di tempol. Thunda kon dey mak nois and spark, den strong eartquake hapun and big-big ice-blok kon dey fal.

Revelashon 12

1Den won big sign kon apier for hevun: I si won wuman wey tak sun tie en bodi laik klot, di moon dey unda en leg and won krawn wit twef stars, dey for en head.

2Di wuman get bele and e dey krai wel-wel, bikos e won born naw.

3Den I si anoda sign for hevun: I si won big red dragon wit sevun heads and ten horns and sevun krawns, dey di heads.

4If dem divide di skai into tiri, di dragon tail swip won part komot kon trow dem kom di eart. E stand for di wuman front as e won born and e dey wait to kil di pikin wey di wuman won born.

5Di wuman born boy wey go rule di wold wit strong hand. Bot dem tak di pikin kon go giv am to God for en throne.

6So di wuman run enta di widanes, di place wer God don priper to kare for am for 1,260 days.

7Den big fite kon hapun for hevun. Michael and en angels kon fite againts di dragon and en angels.

8Michael and en angels win di fite, so dem kon porshu di dargon and en angels komot from hevun by fos.

9Dis dragon na di old snake wey bi di devol or Satan, wey dey disiv di wold. Dem trow am kom dan from hevun wit en angels.

10Den I hear won loud vois for hevun dey sey, "Salvashon, pawa, autoriti wey Kraist get and God kindom, don kom at last. Bikos di pesin wey dey akuiz awa brodas and sistas evriday, God don trow am kom dan.

11"God pipol don win Satan wit di Lamb blood and wit di wod wey dem tok abaut Kraist. Dem nor tu kare for dia laifs, so dem ivun dey redi to die.

12"So, hevuns mak yu hapi! Bot wahala go hapun for di eart and sea, bikos di devol don kom mit una wit strong vesnashon and en taim tu short."

13Wen di dragon no sey dem don trow am go di eart, e porshu di wuman wey born di boy.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14Bot dem giv di wuman tu feda laik eagle own, so dat e go flai go di place wer dem
priper for am for widanes. For der, dem go kare for am kon protet am from di dragon
for tiri and haf years.

15Den di dragon trai to kil di wuman wit plenti wota wey e spit kom out from en
mout.

16Bot di eart help di wuman bikos e swalow di wota wey kom out from di dragon
mout.

17Di dragon dey ves for di wuman, so e kon diside to fite all di shildren wey di
wuman born, dat is, evribodi wey kip God komandment and biliv Jisos Kraist.

18Den di dragon stand near di sea.

Revelashon 13

1Den I si won beast dey kom out from di sea. E get ten horns, sevun head and ten
krawns dey en horns. For en head, name wey dey kos God, naim dem rite put.

2Di beast wey I si, bi laik leopard, bot en leg bi laik bear leg and en mout bi laik lion
own. Di dragon kon gi-am pawa, en throne and strong autoriti to rule.

3Won for di beast head bi laik wetin dem wound wel-wel, bot di wound don go. Di
hol wold dey sopraiz kon dey folo di beast.

4Dem dey woship di dragon, bikos na-im giv di beast pawa to tak rule. Dem dey
woship di beast sey, "Hu bi laik di beast? Na hu fit folo am fite?”

5Dem giv di beast mout wey dey tok bad-bad wods. Di beast dey kos God and e rule
for forti-tu monts.

6So di beast opun en mout dey kos God, en name, wer E dey stay and doz wey dey
hevun.

7Satan gi-am pawa to fite wit God pipol and to win dem. E stil gi-am autoriti to rule
evri tribe, grup, language and kontris.

8Evritin for dis eart go woship am, ivun doz wey dia name nor dey for God Lamb
book wey dey giv life.

9If enibodi get ear, mak e hear!

10Enibodi wey dem sopoz to kash, dem go kash am. Enibodi wey sword go kil, dem
go kil-am wit sword. So, God pipol must bear wel-wel and get fate.

11Den I si anoda beast dey kom out from groun. E get tu horns laik smol ship own, bot
e dey tok laik dragon.

12E kolet all di pawa wey dey mak di eart and evribodi woship di first beast (wey en
big wound don go).

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

13E dey du big mirakols and e ivun dey send fire kom dan from hevun for di pipol front.

14E disiv di pipol for dis eart wit di mirakols wey e dey du for di beast front and e tel di pipol sey, mak dem mak won image for di beast (wey wound bifor, bot stil dey alaif).

15Di sekon beast stil get pawa to giv life to di first beast image, so dat e go fit tok and kil doz wey nor gri woship di first beast image.

16E stil sey, mak evribodi, weda smol or big, rish or poor, fri pesin or slave, kolet di beast mark for dia rite hand or forehead

17and mak nobodi buy or sel enitin, unles e get di beast mark, numba or name for en bodi.

18Dis won nid wisdom; mak di pesin wey fit undastand kount di beast numba: bikos na humanbin numba e bi and di numba na sis ondred and sisti sis (666).

Revelashon 14

1Den I si di Lamb stand on-top Mount Zion wit 144,000 pipol. Dem rite en name wit en Papa name for dia forehead.

2And I hear won loud vois from hevun laik wave for sea or thunda for skai. I hear anoda sound laik harp wey dem dey play.

3Dem kon dey sing new song for di throne, di for kreatures and di eldas front. Nobodi fit learn di song, esept di 144,000 pipol wey God save from eart.

4Dis wons nor spoil demsef wit wimen, bikos dem bi virgin. Na dem dey folo di Lamb wen e dey go eniwer. God save dem as humanbin, so dat dem go bi di first frut wey en and di Lamb plok.

5Lai-lai nor dey dia mout and dem nor get eni fault.

6Den I si anoda angel dey flai for skai and e kari di Gud News wey go dey foreva dey kom prish giv di pipol for dis eart, kontris, tribes, language and grups.

7Di angel kon shaut: "Mak una dey fear and giv God glori, bikos di taim wey E go joj di wold, don rish. And mak una woship di Pesin wey mak hevun, eart, sea and wer wota from dey flow!”

8Anoda angel folo di first won kon sey: "E don fal! Babylon don fal! Babylon wey mak all di kontris drink di wine wey mak dem dey slip wit hu dem nor mari.”

9Di ted angel kon folo di first tu, dey shaut: "If enibodi woship di beast and en image kon kolet di mark for en forehead or hand,

10e go drink from God vesnashon wey dey insaid en ponishment cup. God go ponish am wit fire and sulphur for en holi angels and Lamb front.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

11"Di smoke from dis sofa go dey go up foreva and eva. Doz wey dey woship di beast, en image and doz wey kolet di mark, nor go res for day or nite.”

12Dis min sey, God pipol go bear wel-wel, bikos dem dey obey en komandment and get fate for Kraist.

13Den I hear won vois from hevun dey sey, "Mak yu rite dis tins; God don bless pipol wey biliv and obey Kraist bifor dem die!" Di Spirit sey, "Blessin go rili folo dis pipol and dem go res from dia hard wok, bikos of di gud wey dem du.”

14Den I luk kon si won white kloud and di pesin wey sidan on-top, bi laik Man Pikin! E wear gold krawn for head kon hol sharp knife for hand.

15Den anoda angel kom out from di tempol kon tel di won wey sidan on-top di kloud, "Mak yu start to havest wit yor knife, bikos na di koret taim bi dis and di fruts for eart don ripe!”

16So di pesin wey sidan on-top di kloud, tak en knife klear di eart kon havest evritin wey dey insaid.

17Den anoda angel kom out from di tempol for hevun wit sharp knife for en hand.

18Anoda angel stil kom out from di alta and e get pawa to kontrol di fire. Di angel kol di won wey hol di sharp knife kon tel am, "Mak yu yuz yor sharp knife gada di grapes for di vine for eart, bikos dem don ripe rish to plok.”

19So di angel klear di eart wit en knife, gada di grapes from di vine kon trow dem put for wer dem go press dem and dis na God serious vesnashon.

20Den, dem press di grapes for outsaid di tawn and blood rush kom out from di place wer dem dey press dem. Di blood high rish faiv fit and e neali rush rish tu ondred miles.

Revelashon 15

1Den I si anoda big sign for hevun wey nobodi go fit undastand: sevun angels wey hol di sevun last wahala and na dis wons go komplit God vesnashon.

2I kon si anoda tin wey bi laik riva wey dem mix wit fire and I stil si di pipol wey konka di beast, en image and di numba for en name. Dem stand near di riva kon hol harp wey God giv dem.

3Dem dey sing Mosis wey bi God savant and di Lamb song sey: "God wey dey mighti, si as di tins wey Yu dey du dey big and wondaful! Yu wey bi king for all nashons. Yu nor dey du parsha and evritin wey yu dey du, na tru.

4"Na hu nor go fear and praiz yor name? Bikos na onli yu dey holi. Pipol from evriwer go kom woship yu, bikos dem dey si di gud tins wey yu dey du.”

5Afta all dis, I kon si di tempol for hevun opun and di kovenant tent dey insaid.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

6Den di sevun angels wey hol di sevun last wahala kon kom out from di tempol and dem wear klin klot wey dey shine wel-wel, kon tie gold belt for dia chest.

7Den won from di for kreatures kon giv di sevun angels sevun gold basin wey ful wit God wey go liv foreva and eva, vesnashon.

8Den, smoke kon ful di tempol wit God glori and pawa. And nobodi fit enta ontil di sevun wahala wey di angels bring, don komplit.

Revelashon 16

1Den I hear won loud vois dey tok to di angels from di tempol sey: "Di sevun basins wey God vesnashon dey, mak una go pour dem for di eart."

2So di first angel pour wetin dey en basin put for di eart. Den di pipol wey get di beast mark and doz wey dey woship en image, sore wey dey pain wel-wel kon ful dia bodi.

3Di sekon angel pour wetin dey en basin put for di sea. Den di sea turn to blood and evritin wey dey insaid, kon die.

4Di ted angel pour wetin dey en basin put for riva. Di riva and di spring wota kon turn to blood.

5Den I hear di angel wey get pawa ova di wota dey sey: "Di Pesin wey dey since, wey dey naw, di Holi Won, na yu dey gud, bikos yu don joj wel.

6"Bikos dis pipol kil yor pipol and profets, so yu don giv dem blood mak dem drink, bikos na wetin gud for dem bi dat!"

7Den I hear won vois from di alta sey, "Yes, Oga God, yu wey get all pawa, yor jojment na tru and dem koret!"

8Den di fort angel pour wetin dey en basin put for di sun and di sun kon dey shine wit heat wey bi laik fire,

9den di heat kon dey burn pipol, yet dem stil dey kos God wey get pawa to stop dis sofa and dem nor gri turn from sin kom mit God or gi-am all di glori.

10Den di fift angel pour wetin dey en basin put for di beast throne, at wons, daknes kova di beast kindom and di pain kon dey mak dem bite dia tongue.

11Dem stil dey kos God wey dey hevun, bikos of di sofa and di sore wey ful dia bodi, bot dem nor stil gri turn from sin kom mit God.

12Den di sist angel pour wetin dey en basin put for Riva Euphrates. Di riva kon dry, so dat road go dey for di kings wey dey kom from east.

13Den, I si tiri evil spirit wey resembol frog dey kom out from di dragon, di beast and di fake profets mout.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

14Na dem bi dimon spirit wey dey du mirakol. Na dem dey go gada all di kings wey
dey for di wold, so dat dem go fite di fite wey go hapun for di day wey God Almighti
go joj di wold.

15“Luk! I go kom laik tif! God don bless di pesin wey go shine en eye and wear en
klot, so dat e nor go naked waka.”

16Di dimon spirit gada di kings and dia sojas for di place wey Hebrew pipol dey kol,
"Armageddon.”

17Finali, di sevunt angel kon pour wetin dey insaid en basin put for di air. Den won
loud vois tok from di throne insaid di tempol sey, "Dem don du-am finish!”

18Den thunda lite laik lion vois kon dey mak nois and strong eartquake kon hapun.
Dis kaind eartquake neva hapun since wen God kreate di wold.

19Den di big tawn divide into tiri and di nashons kon fal rish groun. So God rimemba
Babylon wey big wel-wel and E gi-am di cup wey ful wit en vesnashon wine.

20All di island and mountins skata finish.

21Ice-blok wey heavi rish ondred pounds kon dey fal from hevun on-top pipol, bot
dem stil dey kos God, bikos of dia sofa.

Revelashon 17

1Den won from di sevun angel wey hol di sevun basin tel mi, "Kom mak I go show yu
haw God go kondem and ponish dat ashawo wey sidan on-top plenti wota.

2Di kings for eart dey slip wit am and en sin don shark dis wold pipol laik wine.”

3So for di vishon, di angel kari mi go widanes and for der, I kon si won wuman sidan
on-top won red beast and wetin dem rite for en bodi, na to kos God. Di beast get
sevun heads and ten horns.

4Di wuman wear purpol and red klot kon wear gold for neck. E wear stones and beads
wey dear. E hol won gold cup for hand and na yeye tins wit sins ful insaid.

5Dem rite won sikrit name for en forehead wey bi: "Babylon wey big wel-wel, ashawo
pipol and yeye tins mama.”

6God pipol wey dem kil and doz wey prish abaut Kraist, I si di wuman wen e dey
drink dia blood and di blood dey shark am laik wine. I sopraiz wel-wel wen I si di
wuman.

7Bot di angel tel mi, "Why yu dey sopraiz laik dis? I go tel yu di sikrit plan wey di
wuman and di beast wey kari am, get. Dis na di beast wey get sevun heads and ten
horns.

8"Di beast wey yu si, dey bifor, bot e nor dey again and e go soon raiz kom from di pit
kon start to distroi. Den doz pipol for eart wey dia name nor dey for di Life Book, go
fear di beast.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9"(Na onli pipol wey get wisdom go undastand dis tin.) Di sevun head na sevun mountin wey di wuman sidan put and dem stil bi sevun kings.

10"Faiv don fal, won dey rule naw and won go stil kom, bot e nor go rule tey.

11"Di beast wey dey bifor and nor dey again, en ensef na di numba ate beast, bot na stil won for di sevun and dem go distroi am.

12"Di ten horns wey yu si, na ten kings wey neva get kindom yet, bot dem go giv dem autoriti to folo di beast rule as kings for won hour.

13"Di kings get di same maind and na di same tin dem wont. And dem go giv di beast dia pawa and autoriti.

14"Dem go folo di Lamb fite war, bot di Lamb go win dem, bikos na en bi Oga for all ogas, King for all kings and pipol wey dey folo di Lamb, na doz wey e kol, shuz and save."

15Den di angel kon tel mi, "Di wota wey yu si, wey di ashawo sidan on-top, na meni pipol, tribe, kontri and language.

16"Di ten horns wey yu si and di beast, go hate di ashawo kon kolet all wetin e get, den e go dey naked. Dem go chop en bodi kon burn am wit fire.

17"Bikos God don put am for dia maind sey dem go du wetin E wont and dem go yuz won maind tak giv dia pawas to di beast, ontil God wod go komplit.

18"And di wuman wey yu si, na Babylon, di big tawn wey get pawa to rule all di kings for di wold."

Revelashon 18

1Afta all dis tins, I stil si anoda angel wey get beta autoriti, dey kom dan from hevun and di way e brite rish, kon mak di eart dey shine.

2E shaut wit loud vois sey: "E don fal! E don fal! Babylon wey big wel-wel don fal! E don bikom di place wer dimons, evil spirits, bird and anima wey pipol hate, dey stay.

3Bikos en sin bi laik drink wey dey shark pesin and na-im mak dem dey slip wit hu dem nor mari. Na dis mak am fal and all di kings for dis eart don slip wit am and meni tradas don get plenti moni, bikos of di yeye life wey e dey liv.

4Den I hear anoda vois from hevun sey, "My pipol, mak una kom out from am, so dat una nor go folo am komit sin kon sofa di same ponishment.

5Bikos en sins don high rish hevun and God go rimemba dem.

6Mak yu pay am as e tak pay odas; pay am doubol for wetin e du. For di wine cup wey e mix, mak yu mix doubol for am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

7As e kari ensef up, dey enjoy yeye life, na so di sofa and sadnes wey yu go gi-am, go plenti rish, bikos e tok for en maind sey, "I dey rule laik queen, my husban neva die and I nor go eva si sadnes again!”

8Bikos of dis, na won day God go ponish am for all en sin wit diziz, mournin, honga and dem go burn am wit fire, bikos na Oga God wey go joj am, get all di pawa!

9Den di kings for dis wold wey folo am komit sin and enjoy yeye life, go krai kon shaut for am wen dem si di smoke from di fire wey dey burn am.

10Bikos di kings nor won join am sofa, dem go stand far dey sey, "E bad wel-wel! Babylon, di big tawn wey get pawa! E bad wel-wel for yu! Na for onli won hour God tak distroi yu finish!”

11Den doz wey dey sel tins go krai and mourn for am, bikos nobodi go buy dia tins again.

12Tins laik gold, silva, stone wey dear, beads, fine linen, purpol klot, silk material, red klot and difren tins wey dem tak wud wey dear, bronze, iron and marbol mak.

13Cinnamon, spices, insent, pomade wey dey sent wel, frankincense, wine, olive oil, flawa wey dem tak dey mak bread, melu, ship, war horse, slaves and humanbin soul.

14(Di ripe frut wey dey hungri yu wel-wel to enjoy and di tins wey dey swit yu, don liv yu and yu nor go eva si dem again!)

15Doz wey dey sel and get moni from am, go stand far, bikos dem nor won join am sofa and dem go krai and mourn for am.

16Dem go sey, "E bad wel-wel! Babylon, di big tawn wey wear fine linen, purpol and red klot, plus gold, stone wey dear and beads! E bad wel-wel for yu!

17"Bikos na onli won hour God tak distroi dis big tawn finish!" And evri ship, dia captain and passenga, plus evribodi wey dey wok for sea, go stand far,

18kon bigin shaut wen dem si di smoke from di fire wey dey burn di tawn dey sey, "Hu get pawa rish dis big tawn, Babylon?”

19Den dem go pack dust for dia head kon dey krai and mourn, "E bad wel-wel! Babylon, di big tawn and wer all doz wey get ship for sea dey from get moni, bikos na onli won hour God tak distroi am!" E bad wel-wel for yu!

20Evribodi wey dey hevun, God pipol, di apostols and profets, mak una hapi bikos God don joj and kondem am bikos of una!

21Den won angel wey get pawa, pick won big stone, trow am insaid sea kon sey, "Na so dem go tak trowey Babylon di big tawn wit fos enta sea!

22"So, di pipol wey dey play harp, sing muzik, blow flute and trumpet, dem nor go eva hear dia sound from yu again. Doz wey get handwork and biznes pipol, dem nor go eva si dem insaid yu agian. Pipol wey dey grind tins, dem nor go eva hear dia nois insaid yu again.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

23"Ivun lantan lite nor go eva shine insaid yu again! Dem nor go eva hear sey man and wuman dey mari insaid yu again. Na yor tradas get pawa pas for dis wold, bikos yu tak yor majik disiv all di oda kontris!

24"God pipol, di profets and doz wey yu kil for dis wold, God don si dia blood insaid yu."

Revelashon 19

1Afta dis tins, I hear wetin bi laik meni pipol vois for hevun dey sey, "Halleluya! Mak salvashon, glori and pawa bi awa God own,

2bikos en jojment dey tru and koret. E don ponish dat ashawo wey spoil di wold wit en sins, as e dey slip wit hu e nor mari and God don revenge am for Kraist savants wey e kil!”

3Den di pipol shaut again, "Halleluya! Di smoke from di fire wey burn am go dey go up foreva and eva!”

4Di twenti-for eldas and di for kreatures kon bow and woship God wey sidan for di throne sey, "Amen! Halleluya!”

5Den won vois tok from di throne sey: "Wi wey bi God savant, mak wi praiz am! All of una wey dey fear am, both smol and big, mak una praiz am!”

6Den I hear meni pipol vois wey bi laik riva and thunda nois dey shaut: "Halleluya! Na awa Oga God wey get all pawa dey rule!

7"Mak wi hapi wel-wel kon gi-am glori, bikos di Lamb marage don rish and di pesin wey E won mari, don redi tu.”

8Dem alow am wear klin linen wey dey shine, (Dis linen min di gud tins wey God pipol du).

9Den di angel tel mi, "Rite dis tin wey I won tok naw: 'God don bless pipol wey en invait kom chop for di Lamb marage!'" E stil tel mi sey, "Dis na God tru wod.”

10So, I kon bow mak I for woship di angel, bot e sey, "Nor du dis tin! I bi savant and broda laik yu wey hol di trut abaut Jisos wel. Mak yu woship onli God, bikos na di profesi spirit bi di tru wod abaut Kraist.”

11Den I si hevun opun and won white horse dey kom out! Dem dey kol di Pesin wey dey ride di horse, "Fatefulnes and Trut." E dey joj wit out parsha or wayo ivun as E dey go fite war.

12En eyes bi laik fire wey dey burn wel-wel and meni krawns dey en head. Di name wey dem rite for en head, nobodi no am, esept en ensef.

13E wear klot wey dem soak insaid blood and di name wey dem dey kol am, na God Wod.

14Di sojas wey dey hevun, wear white linen kon enta white horse dey folo am.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

15Won sharp sword dey kom out from en mout and e go tak am distroi all di kontris. E
go rule dem wit strong hand and E go mash di grapes wey dey bring wine wit strong
vesnashon, bikos na God get all di pawa.

16For en klot and lap, wetin dem rite put na: "King and Oga wey big pas."

17Den I si won angel stand for di sun and e shaut giv all di bird for skai sey: "Mak una
kom, mak una gada roun kom chop for God parti.

18"Mak una kom chop kings, offisas, sojas, dia horse, di drivas and all humanbin
flesh: weda dem dey fri or dem bi slave, big or smol pipol, mak una kom chop
beleful!"

19Den I si di beast, di kings wey dey di wold, dia sojas, as all of dem gada to fite di
Pesin wey dey ride di horse and en sojas.

20So dem seize di beast and di fake profets wey dey help am du mirakols to disiv
pipol wey kolet di beast mark and woship en image. Den dem trow dem tu insaid di
fire wey sulphur dey and di fire burn dem alaif.

21Dem tak di sword wey dey kom out from di Pesin wey dey ride di horse mout, tak
kil di odas and birds kon chop dia bodi til di birds beleful.

Revelashon 20

1Den I si won angel dey kom dan from hevun, e hol di pit key and won big chain.

2E seize di dragon, dat old snake wey bi Satan di devol and dem don tie am der for
laik won tazon years.

3Den di angel trow am put for di pit kon lock di door wit key, so dat e nor go fit disiv
pipol ontil di won tazon years don komplit. (Afta dis tins, dem must fri am for short
taim.)

4Den I si thrones and pipol wey God don giv autoriti to joj, sidan on-top di thrones.
Doz wey dem kut dia head komot bikos of di trut abaut Kraist and God wod, I stil si
dem tu. Dis wons nor woship di beast or en image and dem nor gri mak dem put en
mark for dia forehead or hand. Dem raiz-up kom life kon rule wit Kraist for won
tazon years.

5(Bot di res pipol wey don die nor go liv again, ontil di won tazon years don komplit.)
Dis na di first resurreshon.

6God don bless di holi pipol wey join for di first resurreshon! And dis pipol nor go die
again, bot dem go bi God and Kraist prists and dem go rule wit am for won tazon
years.

7Wen di won tazon years don finish, God go fri Satan from en prizin

8and e go-go disiv pipol for di wold; e go bring Gog and Magog togeda kon fite di
war and dem go meni laik san-san for sea.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9Dem go waka roun di wold and wer God pipol dey stay and di tawn wey evribodi luv, fire go kom dan from hevun kon burn am finish.

10Den, dem go trow di devol wey disiv pipol insaid God fire. Den di beast and en fake profets go sofa both day and nite foreva and eva.

11Den I si won big white throne and di Pesin wey sidan put. Eart and hevun run komot from en present and dem nor si wer to hide put.

12And I si di pipol wey don die, both big and smol, as dem stand for di throne front. Dem opun plenti books and den kon opun anoda book wey bi di Life Book. And dem joj doz wey don die akordin to wetin dem rite for di books sey dem du.

13And doz wey don die insaid sea kon kom out. Deat and grave riliz di wons wey dey insaid dem and God joj dem akordin to wetin dem du.

14Den dem trow deat and grave insaid di fire. Dis fire na di sekon deat.

15Enibodi wey dem nor si en name insaid di Life Book, dem go trowey am insaid di big fire.

Revelashon 21

1Den I si new hevun and new eart. Di first hevun and eart nor dey again and di sea vanish.

2And I si di holi tawn, di new Jerusalem, dey kom dan from hevun from God and dem dress am laik wuman wey won go mit en husban.

3And I hear won loud vois from di throne dey sey: "Mak yu luk! God haus don dey wit humanbins naw. E go stay wit dem and dem go bi en pipol. God ensef go dey wit dem.

4"E go klin evri tears from dia eye and deat nor go dey again. To dey mourn, krai and pain nor go dey again, bikos di tins wey dey bifor, don vanish."

5And di Pesin wey sidan for di throne kon sey: "mak yu luk! I dey mak evritin new!" Den E kon tel mi, "Mak yu rite all dis tins, bikos dis wod na wod wey pipol fit trust and na tru."

6E stil tel mi, "God don du-am finish! Na mi bi di Alfa and Omega, di startin and di endin. Enibodi wey hungri for wota, I go giv am spring wota wey dey giv life and e nor go pay.

7"Di pesin wey win, go inherit dis tins. I go bi en God and e go bi my pikin.

8"Bot for pipol wey fear nor dey let dem du wetin gud; doz wey nor biliv mi, doz wey nor dey obey mi; doz wey kil odas; pipol wey dey slip wit hu dem nor mari; doz wey dey du majik; pipol wey dey serv juju and evribodi wey dey tok lai, na insaid di fire and sulphur dem go-go. And na dat bi di sekon deat."

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

9Den won for di sevun angel wey bin hol di sevun basin wey di sevun last ponishment ful, waka kon tel mi sey, "Mak yu kom, so dat I go show yu di wuman wey won mari; di Lamb wife!”

10So for di vishon, di angel kari mi go won big fine mountin and e show mi di holi tawn, di new Jerusalem as e dey kom out from hevun from God.

11Di tawn get God glori and di way e dey shine, bi laik stone wey dear; laik jasper stone wey dey shine.

12E get big wall wey high wit twef gate and dem rite di twef tribes for Izrel put.

13Tiri gate dey for di east side, tiri dey for di nort, tiri dey for di sout and tiri dey for di west side.

14Di tawn wall get twef foundashon and dem rite di Lamb twef apostol name put for di twef foundashon.

15Di angel wey tok to mi, hol rula for hand wey e go tak measure di tawn, en foundashon stone and di wall.

16Dem build di tawn laik square and as e long rish, na so e stil wide rish tu. E measure di tawn wit di rula and na won tazon for hundren miles e bi (as e long rish, na so e stil wide and high rish, all of dem dey equal).

17E stil measure di wall and na won ondred and forti-for cubit e bi and na as humanbin dey measure, naim di angel tak measure.

18Na jasper dem tak mak di tawn wall and na pure gold wey klear laik glass, dem tak mak di tawn ensef.

19Dem tak difren stone wey dear tak design di wall. Di first foundashon stone wey dem yuz na jasper, den safire, agate, emerald,

20onyx, karnelian, krisolite, beryl, topaz, krisoprase, jacint and ametist.

21Di twef gate for di tawn na twef stones wey dear. Dem mak ish gate wit won stone! Na pure gold wey klear laik glass dem tak mak di tawn main road.

22I nor si eni tempol for di tawn, bikos Oga God, di won wey get all pawa and di Lamb, na dem bi di tempol.

23Di tawn nor nid sun or moon to shine, bikos God glori dey shine put and na di Lamb bi en lite.

24Na di tawn lite go show pipol road and di kings wey dey for di wold go bring evritin wey dem get kom insaid.

25Dem nor go eva klose di gate for day (and nite nor go dey der).

26Dem go tak evritin wey di nashons get enta di tawn.

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

27Bot no dirti or yeye tin go eva enta di tawn. Pesin wey dey du bad or dey lai, nor go eva enta der, bot na onli doz wey dem rite dia name for di Lamb Life Book, go enta.

Revelashon 22

1Den di angel show mi di riva wey dey giv life. Di riva klear laik kristal and e dey pour kom from God and di Lamb throne.

2E dey rush pas di tawn main road. For ish side for di riva, di tri wey dey giv life dey bear twef frut and e dey bear won evri mont. Di leaf for di tri na to heal evri nashon for di wold.

3Enitin wey God don swear for, go vanish. God and di Lamb throne go dey for dat tawn and en savants go woship am for der foreva.

4Dem go si en face and en name go dey dia forehead.

5Nite nor go dey again and dem nor nid lantan or sun lite, bikos God go bi dia lite and dem go rule foreva and eva wit am.

6Den di angel tel mi, "Pipol fit trust dis wod bikos na tru. God wey bi di profets spirit Oga, don send en angels kon show en savants wetin go soon hapun."

7(Si! I go soon kom! God don bless di pesin wey go obey di profesi wey dey dis book.)

8Na mi, Jon, hear and si dis tins. Wen I hear and si dem, I bow for groun to woship di angel wey dey show mi dis tins.

9Bot e tel mi, "Nor du laik dat! I bi savant laik yu, laik yor brodas di profets and doz wey go obey di wods wey dey dis book. So mak wi woship onli God!"

10Den e tel mi, "Nor klose di wods wey dey dis book, bikos di taim don near.

11"Mak di pesin wey dey du bad, kontinu to dey du bad and doz wey get dirti life must kontinu to liv laik dat. Di pesin wey dey du wetin gud for God eye, mak e kontinu to du-am and di wons wey dey holi, must kontinu to dey holi."

12"(Si! I go soon kom and my riwod dey wit mi. I go pay evribodi akordin to wetin dem don du!

13"Na mi bi di Alfa and Omega, di first and di last, di startin and di endin!)14"God don bless doz wey wosh dia klot klin, so dem go get autoriti to chop from di tri wey dey giv life and dem go fit pas di gate enta di tawn.

15"Pipol wey dey du laik dogs, doz wey dey du majik and kil odas; doz wey dey serv juju and dey laik to lai, all of dem nor go enta di tawn.

16"Mi, wey bi Kraist, I don send my angel mak e kom tel di pipol for di shosh di trut abaut dis tins. I kom from David famili and na mi bi di brite Star wey dey shine for mornin!"

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

17Di Spirit and di Bride sey, "Kom!" Mak di pesin wey hear sey, "Kom!" And enibodi wey wota dey hungri, mak e kom; and di pesin wey wont di wota wey dey giv life, mak e drink from am fri of charge.

18I dey warn evribodi wey dey read di profesi wey dem rite for dis book: If enibodi add join wetin dey dis book, di wahala wey dey dis book, God go add am join en life.

19And if enibodi rimov eni wod from dis profesi book, wetin sopoz bi en own for di tri wey dey giv life and for di holi tawn wey dem diskribe for dis book, God go tak am from am.

20Di Pesin wey dey tok dis tins, no sey dis tins na tru. Jisos Kraist sey "Tru-tru, I go soon kom!" Amen! Oga Jisos, mak yu kom!

21Mak Oga Jisos Kraist grace dey wit all of una. Amen

© 2020, Wycliffe Bible Translators, Inc.
in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee

Esclarecimento

Trata-se de iniciativa particular, com os seguintes objetivos: (i) colaborar para divulgação dos diversos textos bíblicos disponíveis, e, (ii) facilitar o acesso a esses textos, inclusive por meio de download.

Todo esforço em tornar a Palavra de Deus acessível a todos, em quaisquer localidades e falantes das mais diversas línguas, precisa ser um objetivo de todos os que são guiados pelo Espírito Santo. Ele inspirou o profeta Jeremias a dizer "não ensinará jamais cada um ao seu próximo, nem cada um ao seu irmão, dizendo: Conhece ao SENHOR, porque todos me conhecerão, desde o menor até ao maior deles, diz o SENHOR" (Jer. 31:34).

Jesus, também, falou assim: "e será pregado este evangelho do reino por todo o mundo, para testemunho a todas as nações" (Mat. 24:14).

Muitas organizações foram constituídas com o propósito de fazer a Bíblia disponível nas diversas línguas. Não é uma tarefa simples. Anos de trabalho, dedicação e entrega são necessários para esta tão extraordinária missão.

O texto deste trabalho está disponível na internet, em páginas eletrônicas de organizações que produzem ou divulgam bíblias, sem acréscimos de notas ou comentários. Assim, reconhecendo e respeitando os direitos que possuem sobre seus trabalhos, incumbe a todos os que amam a Palavra de Deus, o esforço em contribuir para amplificar sua divulgação.

Se possível, faça download do texto, para que sejamos, também, guardiões da Bíblia, e, com isso, preservando-a para as futuras gerações.

Divulga a Palavra de Deus, ela mostra o Caminho e permite a todos, que se conheça Sua vontade, em todos os lugares e épocas.

Marcel da Glória Pereira

2021, Vitória/ES - Brasil

Capa: Floresta em Região Tropical. Trata-se de imagem disponibilizada na internet, dentre as que não informam haver restrição ao uso.